# Ирæф

IV

2009



# Ирæф

**ЛИТЕРАТУРОН-АЙЙЕВАДОН ЖУРНАЛ**

**IV**
**2009**

**ЖУРНАЛ АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТТИ**



г.ДЗÆУÆГИГЪÆУ

# ИРÆФ

№ 4, 2009

Литературон-аййевадон журнал

# ИРАФ

№ 4, 2009

Ежеквартальный
литературно-художественный журнал.
Издается с 1991 г.

Учредитель: Комитет РСО-А. по печати
и делам издательств.



Сæйраг редактор - Малити Васо

Редколлеги:
Бабочити Руслан
Джиккайти Шамил,
Колити Витали (бæрнон секретарь),
Скъодтати Эльбрус,
Тетцойти Таймураз,
Хæмицати Тамарæ



Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пер. Соляный, 9.
Телефоны: 53-28-21, 53-14-32



Сдано в набор 7. 06. 2009 г., подписано в печать 27. 09. 2009 г.
Формат 60х80 1/16. Печать офсетная. Усл. печ. л. 19.

ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
362015 РСО-А., г. Владикавказ, пр. Коста, 11



© Ираф, 4, 2009 г.

## ТЕТЦОЙТИ Таймураз



* * *

Ци кæнон ма дæуæн ирад уайдзæф?
Дæубæл ма нур мæнæй нæра гъаст? –
Кæрæдзебæл тохун ка райдайдзæй,
они хузæн кæд æй нæ рахаст.

Кæд цæрис лæги хæдздзæ хæдзари,
еу-цуппар сувæллони кæд ес,
уæд мæнбæл ходæзмола ци 'ндзари,
ци кæнуй дæ таведзæ фæдес.

Дæ цибæл исæндиуд цæмæдес æй,
ма æсхъиугæ хæтуй мæ фæдбæл...
Табу дин! – Дæхе мæмæ ма 'вдесæ,
ма арази фуддæр мæлæтбæл.

Царди мин берæ адтæй фудголтæ, -
сæ фуддæр æнгъæлинæ – хæзгол.

Нæ дардтон лæхъуæнæй дæр хæзголтæ, -
Нур дæр мин æй фудголти фудгол.

Мæ дуйне æцæг уарзтæй райзолтæ 'й.
ма фæцæй æнæнеций сæлхæр:
Мæнæн йе ку феста 'рмæст хæзголтæ, -
уарздзæнæн мæ уарзони уæд дæр.

Ку скæнай ми хæзгол, мæн æрсæтгæй,
уæд фæттæрсæ: уæ еци хæзгол
æцæг мат ниввæрдзæй дæ рæу фæткæн,
дæ лæгæн бакъуæрдзæй æцæг гол.

Цæмæн ма дин кæнон ирад уайдзæф?
Æлгъистау ма цæмæн нæра гъаст?..
Кæрæдзебæл тохун ка райдайдзæй,
они хузæн кæд æй нæ рахаст...
*1986 декабри 5 бон*

## ДÆ ЦÆСТИТÆ

Мæн дæ 'мбаргæ цæститæмæ
алкæддæр фæндуй кæсун:
Хуæдæфсæрмæ рæсти тæмæн
æрмæст онæй фæххæссун.

Сау æрфгути цийни фергъувд,
сæ фæззуст æма фæттар,
сæ тæрегъæд зини ергъæв
дæ зæрдæмæ нæ 'нцæ дуар.

Дæ тъæфæлттæ фуд кæнунцæ,
ма исун сæмæ теххатт:
дæ цæститæ ми 'хгæнунцæ
фудæнæнау хаттæйхатт.

Фæлмæн билти сагъæссадæ,
сæ мæтъæл æма сæ гъар,

сæ нилхъивд дæр, сæ раба дæр
дæ зæрдæмæ нæ 'нцæ дуар.

Дæ лигъз дзурди адгин азæлд,
карздæр сойми ма азар,
карздæр ралгъист, гъиги лазæ
дæ зæрдæмæ нæ 'нцæ дуар.

Мæ цæститæмæ бакæсæ:
æз сауæнгæ оми дæн
фуридзагæй дæ сагъæсæй.
Ку гъæр дæн, ку ба – нидæн.

Бæлвурдæй си фæууиндзæнæ
мæ сугъдæг уарзт, мæ рохс бæлд,
дæхуæдæг дæр си зиндзæнæ, -
æрамбæлæ мæ росбæл.

Æрбамбæлæ фæлмæн росæй,
туппуз билтæй дæр фæууæд!
Де 'нæвнæлд уод ци кæдзос æй! –
Дзæгæргути тæрфæ уæд!

Мæ ниллæгмæ хунд мæститæ,
ма мæ цийни хæрди дуа:
цъухи дзурд нæ, фал цæститæ
мæнæн æнцæ зæрди дуар.
*1987 январи 22 бон*

* * *

Нæ гъæунги æрдæмæ къæрæзти
хуæдæнвæрстæ цъæх цæстæ бæлæстæ
сæ сæнторс дзæгæрæггин къалеутæ
хæдзæрттæмæ медæмæ гъарунцæ.
Гъæу фестадæй æнцад рæсугъдадæ,
гъæу кæнуй сæрзелагæ мудадæ,
раст цума уалдзигон рæсугъд цъеутæ, -
дзæгæргутæ сæхуæдтæ зарунцæ.

Уарзт базмалдæй дæ хæццæ фæмбалдæй,
уарзт райхалдæй, зæрди ку ракалдæй,
куд деденæг – хори фæлмæн гъæрæй.
Зæрдæ дæр, æрдзæ дæр цийни зарæй
Ку байдзагæй отæ æхсицгонæй:
дæ арази кæсуй дæ цæсгонæй.
Дæ цæстити, æдта, куд тайун?
Фæндæуй мæ мæн ба ирайун.
*1986 июни 9 бон*

* * *

Кодтай æфсæрми дæ фидæй, -
мæ къох нæ райстай фæндарастæн.
Дæ сау дзигкоти дæргъ бидæй
Сæрфтай дæ ростæ, тургъæй кастæ.

Æза дæ фиди фудæнæн
сумах æрдæмæ нæ бакастæн.
Райсгæй мæ гъигæ стур нифсæн,
мæ зин фæндагбæл рацæйраст дæн.

Нæ дæ ба'фхуардтон, мæ рæсугъд,
Æнеу фидиумæ ци бæллах йес?
Кæнуй нæ хецæн æрмæст тугъд,
Йеу ба скæнидзæнæй нæ уæлахез!
*1941 августи 17 бон*

## ФИДИБÆСТИ УАРЗТ

Мæ цард æма мæ зарти сауæдонæ,
ирд бон мæнæн дæ тафс æма тæмæн.
Кæсуй, мадау, арв мæнмæ ауæрдонæй,
орс хонх, фидау, бæрзондмæ хонуй мæн.

Уæлфахс нæзий мемкъайæн корæг дæн.
Не 'схъиугæ дон мæ уайгæ сувæллон æй.
Лигъз цъæх будур мæ кусти хъал йесбон æй,
цъæх арвгæрон – ме 'сони игуæрдæн.
Уони йеумæ гъе уотæ зæрдтагонæй

фе 'лвасинæ гъæбесмæ, æхсицгонæй
нилвасинæ мæ реумæ иуæндæг. –

Се 'ной фунук – мæ зунд æма ме 'фсарæ,
ревæд, ревæд – мæ зæрдæ – мæ дзиуарæ,
хуртæмæ гæлст кæсалгæ – мæхуæдæг.
*1986 октябри 25 бон*

## ЭПИГРАММИТÆ

* * *

Уарзон ун дæр, изæд ун дæр
æгæрдæр адтæй дæ бон.
Уони исун æнæ зундæй
Нæ бахуæстæй дæ цæсгон. –
Æнæ уарзтæй æвæсмардмæ
лæгмæ 'рцудтæ йеумæ цардмæ.
Фал ин исдæ 'рмæст сæрбонс...
О, ци фонс исдæ, ци фонс!
*1986 мартъий 1 бон*

## *Еу поэти поэмæ бакæсгæй*

Кæсæ 'й сæрæй бунмæ, кенæ – æ кæронæй:
зундæй нæ рауадæй æнхæст.
Фал ку фæззундцох уа кæсæг, уæд, ка 'й зонуй,
уæд æй балæдæрдзæй æрмæст.

* * *

- Лимæнбæл куд нæ скудтæ, лимæн?
Куд нæбал банимадтай цæраги?
- Рамардæй хъæбæр раги мæнæн, -
Æз ибæл фæккудтæн хъæбæр раги.
*1986 январи 4 бон*

## ФÆНДУРДЗÆГЪДÆГ

Кадæр цæгъдуй æ фæндурæй,
гъазт искодта гъæунгæй,

фе 'лвасинæ гъæбесмæ, æхсицгонæй
нилвасинæ мæ реумæ иуæндæг. –

Се 'ной фунук – мæ зунд æма ме 'фсарæ,
ревæд, ревæд – мæ зæрдæ – мæ дзиуарæ,
хуртæмæ гæлст кæсалгæ – мæхуæдæг.
*1986 октябри 25 бон*

## ЭПИГРАММИТÆ

* * *

Уарзон ун дæр, изæд ун дæр
æгæрдæр адтæй дæ бон.
Уони исун æнæ зундæй
Нæ бахуæстæй дæ цæсгон. –
Æнæ уарзтæй æвæсмардмæ
лæгмæ 'рцудтæ йеумæ цардмæ.
Фал ин исдæ 'рмæст сæрбонс...
О, ци фонс исдæ, ци фонс!
*1986 мартъий 1 бон*

## *Еу поэти поэмæ бакæсгæй*

Кæсæ 'й сæрæй бунмæ, кенæ – æ кæронæй:
зундæй нæ рауадæй æнхæст.
Фал ку фæззундцох уа кæсæг, уæд, ка 'й зонуй,
уæд æй балæдæрдзæй æрмæст.

* * *

- Лимæнбæл куд нæ скудтæ, лимæн?
Куд нæбал банимадтай цæраги?
- Рамардæй хъæбæр раги мæнæн, -
Æз ибæл фæккудтæн хъæбæр раги.
*1986 январи 4 бон*

## ФÆНДУРДЗÆГЪДÆГ

Кадæр цæгъдуй æ фæндурæй,
гъазт искодта гъæунгæй,

мæ зæрдæ ба ниммæгур æй,
æй мæ зæрдæ ба унгæг.

* * *

Æрмæйрохсæй æрбабонмæ
æр-мæ ахæссуй æрхун, -
Неке хонуй æ уарзон мæн,
ма гъе уой туххæй кæун.

* * *

Дæргъвæтийнæ бонæй-бонмæ
амонд хезун мæтъæлæй, -
Йеу мæйрохси мæ цæсгонмæ
неке кастæй цибæлæй.

* * *

Ку нæ фæдтæн сæ фудгонддæр
Нæ рæсугъддæр кизгуттæн,
хъодикондау уæд хумгонди
гæлст деденæгау куд дæн?

* * *

Кусти ку дæн æцæг берæгъ,
Сатана æма цъæх арт,
цæмæн фæдтæн уæд фæлери
нæ уосгортæй фуридæрд.

* * *

Мæн æрцæгъдбæл нæ дзæбæхтæй
Ка нæ, ка нæ æнвæрса! –
Ка не 'ркæнуй æнгулдзæхтæ,
ка нæ никкæнуй фæрсаг!

* * *

Сосæг уарзт дæр ма ра 'ргом уй
зæрди азæлгæ зæлтæй.
Фал куд неке ниддæлгоммæ 'й
мæ зæрдæбæл æ зæрдæй!

* * *

Ку нæ зонун азун кæнун,
ку нæ зонун фæлмæн ба,
æз адæми уарзун кæнун, -
Куд неке уарзуй мæн ба?
*1986 августи 1 бон*

САБАЙТИ Сулейман

# ГЕЦФÆРСÆГ



Саухал еу уалдзигон ирд сæумæ, æхе загъдау, æ еунæг гæбæр сæгъæ хозунмæ ку раскъардта, уæд фе`мбалдæй æ дууæ синхоней хæццæ. Руслан – келан кодтонцæ, уæдта син уотæ зæгъуй: «Сумах дæр сæгъты дарæтæ, фал уонæй нæхемæ сау фустæ дзæвгарæ хаирдæр æнцæ, сæ`хсир дæр æма сæ фанс дæр сæгъи аргъ æнцæ».

– Рæститæ дзорис, Саухал, фал сæ кæми балхæдæуа?

– Уой ба ци хонетæ? Уæлæ Æссон гъæу Буани аслæндæр аргъæй уойбæрцæ дæр балхæнæ. Нуртæккæ сæ зайун афонæй, æма медæ фус ка балхæна, йе уæд дæр лæвар есуй.

Еци фæндбæл æртæмæй раунафæ кодтонцæ Буан рабабæрæг кæнун. Сæ хæдзæрттæмæ бауадæнцæ æма, ци æхцай мортæ æмбурæни дардтонцæ, уони хæццæ фæннæхстæр æнцæ. Рæфти балæудтæнцæ Буани, рафæрститæ кодтонцæ кедæрти. Уæйгæнгутæ бæргæ адтæй, фал фустæ гъæуæй дзæвгарæ идарддæр хонхи фæхстæбæл хизтæнцæ, æма син неке исарази æй уордæмæ цæунмæ. Багъудæй сæ изæри уæнгæ бахезун. Изæрæй, фиййау фустæ ку æрæскъардта, уæд си Саухали æмбæлттæ фæйнæ зайуйнаг фуси ралхæдтонцæ. Саухалмæ ба уойбæрцæ æхца некæд адтæй. Нур дæр йе`хцатæ фус балхæнуни фагæ не`ссæнцæ,

фал си уæддæр еу далис балхæдта. Цалдæнгæ фустæ æлхæдтонцæ, уæдмæ изæрмелтæ кæнун райдæдта. Æрмæстдæр уæд æрлæдæрдтæнцæ, æхсæвигон син цæугæ ке æрцæудзæнæй, уой. Цæун ба сæ гъудæй инсæй километрей бæрцæ.. Фиццаг уæгъдæ будури, уой фæсте ба тар гъæди астæу фæндагбæл. Еци рæстæги ба берæгътæ арæх адтæнцæ æма син тæссаг адтæй, уæлдайдæр ба фусти хæццæ. Еу загъдæй, сæ нифс нæ бахастонцæ æхсæвигон цæунмæ. Фустæн, сæ хæццæ ци бæттæнтæ рахастонцæ, уонæй сæ хъуртæ бабастонцæ, бæттæнти кæрæнттæбæл ба сæхуæттæ хуæстæнцæ æма гъæуи астæу еу минкъийгомау фæзæгондмæ сæхе баластонцæ. Хуцау хуарз æма си фæйнæгæй конд даргъ бадæн разиндтæй. Гъæуи фустæ сæумæй уордæмæ æмбурд кæниуонцæ æма`й, æвæццæгæн, фиййау æхецæн исаразта. Бадæнбæл сæхе æруагътонцæ æма æнгъæл кастæнцæ, кæд сæ есге баиуазæг кæнидæ, уомæ. Еу усмæ ку рабадтæнцæ, æма сæ гъудигæнæг дæр ку нæ фæцæй, уæдта Саухал фæггæпп ласта æ бадæнæй æма дзоруй йе`мбæлттæмæ: «Цалдæнгæмæ ма еугай адæймæгтæ æндегкæй æзмæлунцæ, уæдмæ уартæ гъæунги фæйнæ тегъемæ бацæуетæ æма кæбæлдæр æмбæлайтæ, уонæн бакой кæнетæ, нæ хæццæ дæсни гоцфæрсæг ес æма кæд есге естæй туххæй фæрсуйнаг æй, уæд табуафси, зæгъгæ». Фиццаг ин нæ арази кодтонцæ, уæдта фондæргæнæн нæбал адтæй æма, Саухал куд фæдзахста, уотæ бакодтонцæ. Хумæтæг адæнæй сæмæ æ гъос неке æрдардта, фал гъæуи гъæздугдæр лæг Омар, æ фусти дзогæ дууæ сæдемæй фулдæр кæмæн адтæнцæ, ихуæрститæ дæр ка дардта, йе сæ сæргъи æрбалæудтæй. Фусун бакæнетæ, зæгъгæ, сæ сæхемæ æрбахъæртун кодта. Сæ фустæ син искъæти фарсмæ каутæй къумгонди бакæнун кодта, сæхе ба син æ даргъ еууæладзугон хæдзари уæттæй еуемæ бахудта. Урухгомау уат, æвæццæгæн, иуазгутæн арæзт адтæй. Æ дууæ фарсемæ æвæрд адтæй гъæдин хуссæнтæ, астæуæй – устургомау тумбул фингæ, æ фæрстæмæ фæйнæгутæй конд фондз къелай æвæрд, уой бакомкоммæ ба – согтæй артгæнæн пец.

Хæдзари æндæргъцæ дзатмабæл æгæр берæ силгоймæгтæ æмалдæнцæ, æма иуазгутæ деси бафтудæнцæ, цæй туххæй æрæмбурд æнцæ, зæгъгæ, фал бафæрсун ба нæ бандиудтонцæ. Омар си еуомæн æссонау цидæртæ радзурдта. Уайтагъддæр силгоймаг æрбадавта устур гъæдин тæбæгъи идзаг фиди кæрститæ,

къæхигæнæ дзол, цæнхæ, къумæл æма сæ фингæбæл æрæвардта. Фусун иуазгутæн фингæмæ райамудта, æхсæвæр искæнетæ, зæгъгæ, æма сæ сæхе бæрагæ ниууагъта. Сæ мийнасæ ку фæййевгъудæй, уæдта Омар æрбацудæй сæ размæ æма сæ бафарста, сумахæй дæсни гецфæрсæг ка уи æй, зæгъгæ. Саухал исистадæй, а къохтæ хæрдмæ исиста ковæгау æма загъта: «Хуцауи лæварæй еци дæсниеуæг мæнмæ хъæртуй»...

– Ме`фсийнæ хæстбойнон æй, – загъта Омар. Аци æхсæвæ ин гъæуама сувæллон райгура, цорибадæг уоститæ æ рази лæуунцæ цæттæй. Мæн фæндуй, ка ин райгурдзæнæй, уой базонун.

Саухал инши Аллах, зæгъгæ, бакодта, уæдта таби ракурдта. Пецмæ бацудæй æма си æртæ æвзалуй къæртти райста уордæмæ. Стъолæбæл æй æрæвардта. Бисмилла, зæгъгæ, загъта æма æхе меднимæр цидæртæ дзурдта, æвзалутæмæ кæсгæй ниссабур æй. Æ цонг стъолæбæл æрæвардта æма æ къох тæрнихмæ исбуцæу кодта. Фестадæй, дзатмамæ рацудæй, еу минути бæрцæ расабур æй, уæдта æрбаздахтæй уатмæ. Æвзалутæмæ æркæститæ кодта, цидæртæ бадугъдугъ кодта æма дзатмамæ рауадæй, уæдта æваст фæеффæстæмæй.

Тобæ – тобæ, æстъафирилла, зæгъгæ, бакодта. Ауæхæн дессаг нæма фæууидтон. Æндæмæ рацæун æма – биццеу, модæгмæ æрбацæун æма -кизгæ... Хуцау, куд растдæр æма хиирдæр уодзæнæй, уой исагкаг кæнæ а – хæдзарæн. Омармæ йе`гъон раздахта æма ин зæрдæ байвардта: тухсгæ ма кæнæ æнгъиддæр, тæккæ саумæ дæ кувд кæнун багъæудзæнæй цийнаг гъудтæги тухæй, зæгъгæ. Омар, кæд бæлвурд дзуапп нæ райста, уæддæр нецибал исдзурдта. Еума хуссæн æрбадавун кодта сæйгæйнæгтæн, иуæзгутæн хуæрзфунтæ кæнетæ, зæгъгæ, æма райдæй. Саухали æмбæлттæ нидæнæй худтæнцæ, æндæмæ куд нæ райгъустайдæ сæ униер, уотæ.

– Куд бæндиудтæй уойбæрцæ мæнгæдтæ дзорун, зæгъгæ, й рафарстонцæ.

– Мадта æндегкæй ку байзадайанæ, уæд хуæздæр адтайдæ?.. Кизгæй – биццеуæй есге игурдзæнæй.

Бонивайæнти уæнгæ фæффунæй кодтонцæ, уæдта сæмæ Омар фæззиндтæй игъæлдзæгæй. Биццеу райгурдæй, – загъта, – мæ хæдзарæн бундар уодзæнæй. Райарфæ ин кодтонцæ, уотемæй фе`ндæдуар æй. Минкъий усми фæсте бабæй фæстæмæ фе`здахтæй æма Саухалмæ дзоруй: «Кизгæ дæр ма райгурдæй.

Раст мин ке бафарстай, уой туххæй дин фус мæнæй. Нур ба кувд кæнун гъæуй, устур кувд», зæгъгæ, дæр ма бафтудта æма сæ еци фæдбæл фæуугъта.

– Иуазгутæ фе`згули æнцæ, сæ дарæстæ кудддæр ракодтонцæ, цæунæрвонгæй, уотæ дуармæ æртæ силгоймаги раййафтонцæ, сæ дæлуагисти соргонд цæхгун цигъдтитæ уорс хæцъелти тугъдæй. Се`ртей дæр бæргæ нæ фæндадтæй расабур ун, тæрсгæ кодтонцæ, адæн ку æрæмбурд уонцæ æма сæ есге ку бафæсмæра, уомæй. Æрмæст цигъдтитæн рауæнæй рауæнти сæ кæрæнттæ зиндтæнцæ æма сæмæ Саухал рахицæ кодта. Йе мбæлттæ фендæдуар æнцæ, йе ба стъоли фарсмæ æрбадтæй æма син еугайæй, цæбæлти фарстонцæ, уонæбæл уæлæнгай зæрдæвæрæн дзубандитæ ракодта. Тургъæмæ ку рацудæй, уæдта ма`й дууæ силгоймаги хизтонцæ бафæрсун æнгъæлдзауæй æма уонæй ба хатир ракурдта, Хуцау мин еу бон фулдæр фæрсуни барæ нæ дæдтуй, табу ин уæд, зæгъгæ, æ къохтæ ковæгау хæрдмæ исиста.

Омар сæ зæрдиуагæй урæдта, кувдмæ басабур уотæ, зæгъгæ, фал имæ рæуæнттæ, æфсæнттæй нæбал байгъустонцæ. Уæдмæ фиййау дæр фæззиндтæй. Æ хецау ин еу фус æ хъурбæл бæттæн бастæй ракæнун кодта æма бæттæн Саухали къохти басагъта, дæ фæрсæггаг, зæгъгæ. Иуазгутæ фусунтæн райарфæ кодтонцæ æма сæ фусти бæттæнтæбæл рахуæстæнцæ, фал етæ сæ фæсте цæун нæ кумдтонцæ. Уæд Саухал йе`мбæлттæмæ фæйнæ цигъди æма æ фусти бæттæнтæ февардта, æхуæдæг ба дæргъ уес райста æма сæ фæстегæй æрцъинккитæ кодта. Фустæ, бæттæнтæ сæ цирдæмæ ивазтонцæ, еци æрдæмæ уайун фæййагайдтонцæ. Уотемæйти, куд фæззæгъунцæ, «ерахмухтæй» исæмбалдæнцæ сæ хæдзæрттæбæл.

Еци цау кæдæй æрцудæй, уæдæй берæ æнзтæ æма дæнттæ райевгъудæй, фал æй нур дæр ма гъæугкæгтæ æримисунцæ.

## ГУРДЗИАГ СИАХС

Гурдзиаг лæхъуæн Шамил седзæрæй исирæзтæй. Анз ибæл ку рацудæй, уæд æ мадæ рамардæй æма`й гъомбæл кодтонцæ синхонти æригон уоститæ кезугай. Æ фидæ Гиго, анзи кæндитæ æ биййойнагæн конд ку фæцæй, уæд дугкаг уосæ æрхудта, фал ин уомæй ба цæуæт нæбал исæнтæстæй. Фиди уосæ, цума ин Шамили

бæлахæй цæуæт нæ адтæй, уойау æй нæ бауарзта. Сувæллон минкъий ести æнæзæрдæмæ цæугæ миуæ ку ракæнидæ, уæд ибæл нæмунæй нæ аурста. Синхонтæ æма ин Гиго дæр бауайдзæф кæниуонцæ, седзæр биццеуи æгæр ма 'фхуæрæ, зæгъгæ, фал «дзæбодури гъоси уадæ», æ кæнон нæ уагъта. Къостай загъдау «йæ рард дæр ысхуыстæй, йæ рæвдыд дæр – над». Гъæр кæун дæр æй нæ уагъта æма авари еу къуми æ цæстисугтæй æхе фехснидæ æнæстуфæй. Сувæллонбæл дæс анзи ку исæнхæст æй, уæд æ фидæ Гиго, æхе хузæн мæгурæй ка цардæй, уæхæн къуари хæццæ Америкæмæ рандæй æхца бакосуни фæндæй æма ци бацæй, йе дæр нæбал исбæрæг æй. Адæн гъос-гъосай дзурдтонцæ, ци науи цудæнцæ, йе дæлдон фæцæй æма еугур бæлццæттæ дæр бастъалдæнцæ, зæгъгæ. Фиди уосæ ма анз бахизта Гигой, уæдта хæдзари мулкæй цидæриддæр иссердта, уони хæццæ ниффардæг æй æ цæгатмæ. Шамили æ тæрегъæддагмæ гæсгæ сæ идард хæстæг, гъæдæй дæсни кустгæнæг Шакро æхемæ райста анхосгæнæгæй. Æхе хæдзари ин еу авар барæвдзæ кодта æма уоми цардæй. Æнæзийнадæ æмбаргæ лæппо уайтагъддæр æ ахургæнæги фæнзун райдæдта. Хатгай ци дзаумау искæнидæ: сувæллони гъазæнтæ, къела æма æндæртæ, уонæбæл Шакро дæр ма æхсицгон деси бацæуидæ, æгайти ма мин мæ ацъагъуæ идардæр ка рахæсса, уæхæн уодзæнæй, зæгъгæ. Шакро ин æ кустити рацæуидæ, фал æй борæ косун ба нæ уагъта. Æ фулдæр рæстæг [illegible] хæццæ гъазгæй. Гъæбесæй хуæцун, [illegible] æхсун цæугæдони еу билæй инней уæнгæ, [illegible] иста.

[illegible] дæр гъæуагæ нæ уагъта. [illegible] цудæй, уотæ Шамил æ берæ зинтæ [illegible] цудæй, æ цæсгонбæл еудадзугдæр ци [illegible] бадтæй, йе фесавдæй, йе`уæнгтæ райвазта. Гъæдæй алли кусти дзаумæуттæ аразунмæ дæр æ тæлæнтæ хаста. Шакро ин арæхсгай зиндæр кæнæн куститæ бафæдзæхсидæ, æма æ дæсниадæ фулдæр кæнгæ цудæй. Æрмæст уæхæн куститæ хуæнхаг минкъий гъæуи ефстагмæ уидæ, æма сæ мизд æдухст царди фæрæзнæн бийнонтæн нæ фагæ кодта. Уомæ гæсгæ ба еу сæрди райдайæни, меттæ хуæнхти бæрзæндтæбæл дзæвгарæ ку ратадæнцæ, уæд Шакро фондз лæгей хæццæ Къæрæугоми æфцæгбæл æрбахизтæй Дигоргоммæ хæдзæрттæ аразунмæ ихуæрсти бацæуни фæндæй. Кæстæреуæг кæнæгæн сæ хæццæ

рахудтонцæ æхсæрдæсанздзуд Шамили дæр. Кустагор æрзилдæнцæ устурдæр гъæутæбæл, фал зæрдæмæ цæугæ пайдайаг кустбæл не`сцурæвæрæ æнцæ. Хуæнхаг гъæути цæргутæ хæдзæрттæ амадтонцæ дор æма къирæй, сæ сæртæ ба адтæнцæ тъæпæн уæлиндзитæ. Кæмæндæрти дуæрттæ æмæ къæрæзгитæ ракодтонцæ, ома, сæхецæн хуæрди фагæ ракустонцæ, уæдта будури гъæутæмæ рафтудæнцæ. Сæ нивæн еци рæстæги хуæнхтæй будури гъæутæмæ ледзæг бийнонтæ арæх адтæнцæ.

Ци гъæумæ бафтудæнцæ, йе дæр æрæги фæззиндтæй, хонгæ дæр æй искодтонцæ Нæуæггъæу. Хæдзарæ кæнун ке гъудæй, уæхæнттæ дæр си разиндтæй еу къуар æма сæ етæ ихуæрстонцæ. Ихуæрсæгкаги миздæн æхцайæй ка нæ хъæрттæй, етæ ба син фистонцæ нартихуар æма фустæй. Аразгутæ уæлдай разæнгарддæрæй истонцæ нартихуар. Еци тиллæги муггаг хуæнхаг зæнхити нæ задæй, уæдта сæмæ зæнхитæ дæр уойбæрцæ кæми адтæй æма`й алкæддæр будури гъæутæй ластонцæ. Æртæ анзи ку бакустонцæ, уæд сæбæл æхцайæй неци уотæ берæ бафтудæй, фал фустæ æма нартихуарæй ба дзæвгарæ бамбурд кодтонцæ. Сæхемæ цæуни фæндæ искодтонцæ, æрмæст ци æфцæги унгæг, тæссаг къахнадбæл æрбахизтæнцæ Дигоргоммæ, уобæлти еунæг адæймагæн дæр зинтæй цæуæн адтæй. Унафæ рахастонцæ, цæмæй алкедæр æ фусти аргъæй дууæ гали балхæна, уонæн ба, нартихуар ласунæн ка бæзза, уæхæн уæрдун искæна æма уотемæй Арви комбæл цæудзинан, зæгъгæ. Æртæ мæйемæ аразгутæ сæхе барæвдзæ кодтонцæ фæндагмæ æма сæ гъæуи цæргутæ рафæндараст кодтонцæ.. Нæуæг раледзгутæ къелатæ, стъолтæ, скъаптæ æма берæ æндæр гъуддæгтæй гъæуагæ æвзурстонцæ æма уони курдийадæмæ гæсгæ Шамил байзадæй. Шакро нæ арази кодта æ расабур унбæл, фал ин гъæугкæгтæ дзурд ку равардтонцæ, мæхуæттæй анзи фæсте сауæнгæ Арви коми уæнгæ бахъæртун кæндзинан, уордæгæй ба æхуæдæг ердзæнæй æ хæдзарæ, зæгъгæ, уæдта исарази æй. Æ медзæрдæ ба расагъæс кодта: уæди уæнгæ ба мæхуæдæг дæр бабæй ардæмæ æрбацæуæдзæнæн, зæгъгæ.

Адæймаг арæх хуарз фæндитæ бæргæ бакæнуй, фал сæ царди рауадзунмæ ба ин фадуат нæбал фæууй. Шакро æма Шамили фæндитæбæл дæр еци цау æрцудæй. Анз дæр æнхæст нæ рацудæй, уæдта революци низмалдæй, уой фæсте ба медбæсти тугъд райдæдта æма фæндæгтæбæл æд мулк нæ, фал ревæд лæгæн дæр цæун истæссаг æй. Шамил фиццаг рæстæгути æнкъард кодта, фал ин

уæдмæ фæззиндтæй æхе кари æмбæлттæ. Сæ хæццæй, цит, рахониуонцæ киндзæхсæвæртæ, кувдтитæмæ æма уæд байгъæлдзæг уидæ. Айдагъ æхуæдæг нæ, фал ма адæмæн дæр игъæлдзæги хуасæн бæзтæй æ дæсни кавд æма зартæй. Дигоронау хуарз дзорун райдæдта. Æ зартæн дæр дзурдтæ æма музыкæ æхе æргъудигонд уиуонцæ. Уомæй ба зари фиццаг рæнгъæ гурдзйагау райдаидæ. Еу зар си нур дæр ма адæн æримисунцæ:

*Дигор гого ламазийа*[1],
*Ой ри-ра, уæй ри-ра*
*Ме`нкъай унбæл арази æй,*
*Ой ри-ра, уæй ри-ра.*

*Сау рæсугъди раскъæфдзæнæн*
*Ой ри-ра, уæй ри-ра.*
*Цъæх бæхбæл æй æрхæсдзæнæн,*
*Ой ри-ра, уæй ри-ра.*

*Уодзæнæй мин хуарз æфсийнæ,*
*Ой ри-ра, уæй ри-ра.*
*Дардзæнæн æй куд æхсийнæ,*
*Ой ри-ра, уæй ри-ра.*

Заргæ ку кæнидæ, уæд йе`нгаст исаразидæ, сау дарґъ дууæ биди дзигкотæ ка дардта, уой æрдæмæ. Адæн ин йе`нгаст æрæстæфтæнцæ. Лæдæрдтæнцæ, цæй туххæй уидæ еци`нгаст, уой дæр. Кизги зæрдæмæ дæр цудæй урухгомау иуонтæ, асæй рæстæмбес, къæбæлдзуг сæр гурдзйаг лæхъуæн. Æрмæст имæ гъазти медæгæ дæр æргон бакæсун некæд æндиудта, аййевæй ба еу цалдæр хатти æнæ бакæсгæ æхецæн амал нæ ирдта. Шамилæн йе`мбæлттæ бакой кæниуонцæ, цæй, æма дин Мæрини раскъæфæн, зæгъгæ, фал син бауайдзæф кæнидæ, уарзон кизгæ æскъæфгæ нæй, коргæ æй, зæгъгæ. Хебæраги ку райзайидæ, уæд сагъæсти амæттаг бауидæ. Гурдзимæ`й фæххонуни фæндæй ку барвета æ мийнæвæрттæ, уæд ин ке не`сарази уодзæнæнцæ Маринæ æма æ бийнонтæ, уой лæдæрдтæй. Берæ фæссагъæс кæнуни фæсте æрцудæй уæхæн гъудимæ: «Гурдзий цæмæй хуæздæр уодзæнæй мæ цард аци гъæуæй. Ами мин ес хæлæрттæ, адæн мæ нимайунцæ сæхеуони хузæн, Мæрини ку ракорон, уæдта мин си хæстæгутæ

---

[1]*Дигорон кизгæ рæсугъд æй.*

дæр уодзæнæй. Кæми райгурдтæн, уоми ба мин тогæй хæстæг Шакройæй уæлдай ку некебал ес æма`й рæстæгæй-рæстæгмæ, цит, рабæрæг кæндзæнæн. Мæ цард исаразунæн ами æрцæрунæй хуæздæр амал нæййес. Æрмæст мæ гъæуй хуарз хæдзарæ искæнун. Æнæхæдзарæ уосгорæн æ кизгæ неке ратдзæнæй...» Шамил тарстæй Шакрой зæрдихудтæй æма имæ æ гъудитæ пломбунæг ниффинста, фал æй кæмæй æма кутемæй рарвистайдæ, уой ба нæ зудта. Кæддæр фегъуста, Дзæуæгигъæуæй Тифлисмæ пъисмотæ æрветæн ес, зæгъгæ, æма`й уордæмæ исхъæртун кодта. Тифлисмæ ка цудæй еу уæхæн æнæзонгæ гурдзийагмæй равардта, нæхца дæр ма ин бафиста, фал дзуапп ба нæ райста дууæ мæйемæ дæр. Раздæрау катай æма æнкъард кæнун райдæдта. Еу уалдзигон изæри æй æ зæрдæмæ хæстæгдæр æмбæлттæ ку бафарстонцæ, цæбæл уотæ тухсис, зæгъæ, уæд син раргон кодта æ сагъæстæ æма унæфтæ. Етæ дæр ин кезугай æ къох райстонцæ, раин арфæ кодтонцæ, сæ гъæубæл син ке æнвæрсуй, æма си æрцæруни фæндæ ке искодта, уой туххæй, зæрдæ ин байвардтонцæ, хæдзарæ ку кæна, уæд фенхус кæнунæй. Дугкаг бон ин унафæгæнæг хестæртæ æнæ уæлдай дзубандийæй зæнхи хай рахецæн кодтонцæ гъæуи уæллаг кæронæй. Нур еци рауæн гъæугæрон нæбал æй, фал æ астæу иссæй. Еци рæстæги си æдеугурæй æдтæй сæдæ хæдзаремæ хæстæг, уой фæсте æнзти ба нийвулдæй хуæнхтæй æма æндæр рауæнтæй æрбаледзæг цæргутæй.

Шамил аразæн æрмæг ласунмæ байхуæрста фондз лæги æд галуæрдунтæ, æртæ лæги ба, къохæй хуæздæр ка арæхстæй, уæхæн анхосгæнгутæ æхецæн. Барвæндонæй анхосгæнæг фæсевæд ба алли бон дæр дæсей уæнгæ исхъæртиуонцæ. Куст райдæдта майи фиццаг бæнтти æма анзмæ хæдзарæ исцæттæй. Айдагъ хæдзарæ нæ, фалæ устур тургъи даргъгомау хасбахъ дæр искодта. Æ еу æрдæг сарайæн, гъæунгæрдæмæ кæронæй ба – æ фустæн искъæт æма истойнæ. Фустæ ба имæ бамбурд æй дæвгарæ. Уæйæ дæр си бæргæ æрбакæнидæ, фал имæ дæсей бæрцæ ма æризадæй. Уæди уæнгæ Шамил фатери цардæй. Куддæр нæхе хæдзарæмæ æрбайивта æ цæрæнуат, уæдта иснифс кодта æ уарзон кизгæ Мæрини фидæ Гæбулимæ миййнæвæрттæ барветунмæ. Фидæ нæ арази кодта. Дууæ хатти миййнæвæртти рарветидæ æнæ арæзий дзуаппи хæццæ. Йе`мбæлттæ Шамилæн бабæй бакой кодтонцæ, æскъæфгæ`й ракæнæн, зæгъгæ. Æхуæдæг дæр уæхæн фæндæмæ æрцудæй, æрмæст Мæринæ уобæл ку исарази уа, уæд.

Маринæ дæр хебæраги æ уати ку райзаидæ, уæд кæунæй æхе бафсадидæ. Æ зæрдихатт ин зудта Шамили хуæздæр лимæнтæй еу Азори бийнойнаг Саукизгæ. Етæ хæстæг цардæнцæ Гæбулимæ æма дууæ уарзонемæн фембæлд исаразтонцæ сæхе хæдзари. Цуппаремæй дæр еу уатмæ бацудæнцæ, игъæлдзæг дзубандитæ ракодтонцæ, уæдта фусунтæ изæргъудтæ кæнуни ræуонæй кезугайæй фендæдуар æнцæ. Шамил, цæмæй райдæдтайдæ æ дзубанди, уобæл нæ цурæвæрæ кодта. Æвеппайди йе`нгасти фæцæнцæ Мæрини цæститæ æма`й рафарста:

– Дæ цæститæ сурхгомау ку дарунцæ, нæфæразгæ ести кæнис?

– Незæй мæмæ бæргæ неци лазæ ес.

– Мадта уæд кæугæ кодтай, фал цæбæл?

– Цума`й дуба нæ зонис?

– Зонун æй, фал нур ци киндæуа, дæ фидæ мæ мийнæвæртти ку нецæмæ даруй, уæд?.. Мæ лимæнтæ мин дæ æскъæфун кæнунцæ, фал дæу æвæндонæй уæхæн гъуддаг нæ бакæндзæнæн.

– Мæ фидæ кадгин лæг æй, фал хецмæрезгомау æй, æхецæн лихстæ кæнун уарзуй. Еума хатт æрбарветæ дæ мийнæвæрттæ æма ци æнгъæл, уомæ гæсгæ ба æз дæр арази уодзæнæн дæу унафæбæл!

– Хуарз, еума хатт бафæлвардзæнæн лигъзæй, хæларæй гъуддаг исаразунбæл. Уобæл фæххецæн æй сæ цубур фембæлд. Мæринæ сæхемæ ку рандæй, уæд Шамил Азорæн радзурдта сæ бадзубандий хабæрттæ æма ин рафæдзахста, цæмæй Гæбулийæн ести хузи балæдæрун кæна, сабати бабæй имæ мийнæвæрттæ ке барветдзæнæн, уой. Азор раст еци изæр Гæбулимæ бауадæй хирх корæг, синхонтæмæ себури ræуаги, зæгъгæ, куд фæззæгъунцæ уойау. Хирх ку райста, уæд уотæ бакодта:

– Гæбули, Хуцауи хатир бакæнæ, фал Мæрини мæ мадæй райгургæ хуæри хузæн нимайун, хæстæг дæр нин ку æнхасетæ æма дæ уомæ гæсгæ фæрсун æндеун. Шамили дæхецæн сйахсæн цæмæннæ агкаг кæнис? Æгъдаугин, æмбаргæ æма кустуарзон лæхъуæн ку æй. Мæнмæ гæсгæ, дæ кизги зæрдæмæ дæр цæуй. Аци бон авдисæр æй, сабати бабæй дæмæ æ мийнæвæрттæ зиндзæнæнцæ, æма син сæ амонд ку нæ къулумпи кæнисæ, уæд мæнмæ хуæздæр кæсуй. Гурдзимæ дæр ку нæбал цæуй, хæдзарæ дæр ами ку искодта æма дин фуртеуæг кæндзæнæй...

– Хуцау ди исарази уæд, Азор. Мах айдагъ уотид хæстæг не`нхасæн. Дæ фидæ Хъансауи хæццæ, ци мæрдти бæсти æй, уоми

рохс дзенети уæд æ бадæн, сувæллæнттæй ба æ рамæлæти уæнгæ æртинсæй анзи фулдæр æнсувæрти хузæнæй фæццардан хæларæй, некæд ни неке зæрдихуд æрхаста. Зонун æй, дæу зæрдæ дæр мин лæгъуз ке нæ бауарздзæнæй, уой... Æз дæр зин балæдæрæн нæ дæн. Аци дуйнебæл мин еунæг кизгæ ес цæуæти номбæл æма мæ фæндæ адтæй нæхердигон зонгæ бийнонти хæццæ бахæстæг кæнун... Нивтæ æма амæндтæ не скæнæг Хуцауæй аразгæ æнцæ, Табу ин уæд. Æвæццæгæн мин гурдзйаг сиахс исагкаг кодта æма нæдæр Хуцау, нæдæр ба мæ кизги фæндони сæрти рахезун мæ бон нæй. Æрбарветæд æ мийнæвæрттæ... Æрмæст дæхуæдæг раздæр фæззиндзæнæ, иуазгути æрбацудмæ еститæ барæвдзæ кæнун гъæудзæнæй.

Йе дин мæн бæгъдауонд, гъæстагæй нæ рарветдзинан «иуазгути», зæгъгæ, ин дзуапп равардта Азор. Хирх сæхемæ фæууагъта æма йеци фæдбæл исмедæг æй Шамилмæ.

Шамил цидæртæ архайдта æ фусти истойни, фал Азори ку рауидта, уæдта æ косун фæууагъта æма`й æваст рафарста:

– Гъи, ци хабар исхастай?

– Раст дæу куддæриддæр фæндуй, уæхæн хуарз хабар. Гæбули исарази æй дæ мийнæвæрттæ барветунбæл. Куд æй балæдæрдтæн, уотемæй арази æй æ кизгæ дæр дæу амæдтаг бакæнунбæл.

Шамилæй не`руагæс кодта Азор æцгутæ дзоруй æви гириз кæнуй, фал ин æ рохс цæсгон æма æрттевгæ цæститæмæ ку фе`нгаст æй, уæдта æ сагойнæ фæггæлста æма`й æ хъури ракодта. Абонæй фæстæмæ, – загъта, – дæу нимайдзæнæнæн, куд еу мадæй райгургæ æнсувæр, уотæ. Кæд дæ бафæндæуа, уæд мин къохбæлхуæцæг дæр ду уодзæнæ.

Хуцаубони изæрæй Шамили мийнæвæрттæ, гъæуи дзурддзæугæдæр æртæ лæги, сæ хестæр Шакрой æрдхуард Хадзисмел, Гæбулий тургъи дуарбæл сæ фарни къах байвардтонцæ. Се`рбацуд син хизтонцæ мугкаги хестæртæ дууæ лæги, Гæбули æма йе`нгарæ, æ синхон Гадзибе. Иуазгутæмæ рауадæй Азор, сæ къохтæ син райста æма сæ бахудта, фусунтæ ци уолæфæн авари бадтæнцæ, уордæмæ. Кæддæр, Шамил син ци даргъгомау стъол æма къелатæ искодта, уонæбæл рабадтæнцæ стъоли фæрстæмæ. Фусунтæн сæ аразий дзуапп цæттæ адтæй мийнæвæртти æрбацудмæ, фал ма уæддæр дзубандитæ радаргъ æнцæ. Уогæ сæ гъуддаги фæдбæл берæ дзорун нæ багъудæй.

Кæрæдземæн медгъæуи хабæрттæ конд ку фæцæнцæ, уæд дзурди барæ райста Хадзисмел. Æримиста гурдзйаг аразгутæ сæ гъæуи цалемæн хуарз цæрæн хæдзари искодтонцæ, раппæлттæй Шамили дæсниадæй хæдзари гъæугæ дзаумаутæ кæнунмæ, æ сабур зунд æма адæмæн цæстуарзондзийнадæй. Кæд ин ами тогæй хæстæг неке ес, -загъта Хадзисмел, – уæддæр йе`нгæртти хæццæ æнсувæри цард кæнуй. Гъæуи дæр ин аргъ кæнунцæ адæн, гъæугкагбæл æй нимайунцæ. Гъулæггагæн, дуйне ниххæлхъойтæ æй, æндæр æ хæстæг, ме`рдхуард Шакро дæр ами адтайдæ. Сæхемæ ку нæхстæр кодтонцæ, уæд Шамили мæнбæл фæдзахста, де`нгас имæ мæ бæсти дардзæнæ, зæгъгæ, æма уой нифсæй æрбацудан мийнæвар дæр. Махмæ гæсгæ нæ фæррæдуйдзинайтæ, нæ курдиадæбæл ку исарази уайтæ, уæд. Мæринæ дæр æмбаргæ, æгъдаугин æма кустуарзон кизгæ æй. Еци дууæ æвзонг уоди сæ цард ку байеу кæнонцæ, уæд сойнæ – муди къоси хузæн бийнонтæ исуодзæнæнцæ.

Еу усмæ неке неци исдзурдта. Хæдзари биндзи зарун райгъустæй. Фусунти хестæр Азнаур æ къела базмæлун кодта, Гæбулий æрдæмæ бакастæй, æ цубур уорс рехæ æ къохæй æрдаудта, уæдта йе`ргон раздахта Хадзисмелмæ.

Хуцауæй ди баруагæс уæд, Хадзисмел, гурдзий бæстæ мæнæн æнæзонгæ нæй.

Инсæйанзигкон лæппойæй си фондз анземæ хæстæг æрдаудтон Тифлисмæ фæндæгтæ аразæн кустити. Еуемæй, гъæздуг бæстæ æй, ци хузи рæзæ æма пайда кæрдæгути мугкаг си нæ зайуй, уæхæн дуйнебæл зин иссерæн æй. Уæлдай хъæбæрдæр ба мæ зæрдæмæ фæццудæнцæ сæ сæнæфсерæ æма цайгæрдæгутæ. Уонæй аллихузти ниуæзтитæ кæнунцæ æма си берæ пайда есунцæ, иннемæй ба, мæгур дæр æнцæ, нартихуар сæмæ ке нæ зайуй, уой бæлахæй. Еу загъдæй, уоми дæр мах хузæн гъæздугутæ æма мæгуртæ берæ ес. Сæ адæни хатт дæр махмæ æнгæс æй. Иуазæгбæл – æхцул, фал махæй берæ хецмæрездæр æнцæ, кæрæдзебæл хуæздæр хуæцунцæ. Сæ еци уæлбекъондзийнадæ мæ зæрдæмæ нæ фæццудæй, фал сæмæ хуарз адæймæгтæ дæр берæ ес, мæнæ дæ хæлар Шакрой хузæнттæ. Нæ сиахс фæуунмæ ка турнуй, йе дæр мæмæ уой хузæн кæсуй, лæгигъæдтæй дæр æнхæстæй, нæ гъæугкаг исуни фæндæ ке искодта, йе дæр ни иронх нæй. Хатир бакæнетæ, æгæр идæрдтæбæл ке дзорун, уой туххæй, фал цубурæй ба æмбурд

мугкагæй дæр нæ унаффæ æй уæ курдиадæбæл исарази ун æма хæирдæр бони ка бафедудта, уомæн æмбал мах дæр не`сфæлдесæг Хуцау фæккæнæд. Федаугутæ еугурæй дæр исистадæнцæ, арфитæ кæнгæй, кæрæдзей къохтæ райстонцæ.

Зелæнгæнгутæ син, Азори амундмæ гæсгæ, уайтагъддæр се стъол хуæрдæ æма ниуæзтæй рарæвдзæ кодтонцæ. Æгъдаумæ гæсгæ хестæри бунат байахæста Гадзибе, æ рахез фарсмæ – Азнаур, æ галеу фарсмæ -Хадзисмел, иннетæ ба хестæргай рабадтæнцæ. Гадзибе, уæхæн цийнаг гъуддæгти фæдбæл бабадти хестæрæн уогæй, берæ стъолтæ ниууазал кодта. Нур дæр æртæ кувди ку ракодта, Хуцау, Уасгерги æма гъуддаги хайирдзийнади туххæй, уæд дзурди барæ равардта фиццаг Азнаурæн, уой фæсте ба Хадзисмелæн, уæдта еу гагидауæ иннемæй зæрдесгæдæрæй рауадзидæ. Дзæвгарæ рæстæг игъæлдзæг бадт ку фæккодтонцæ, уæд Хадзисмел йе`ргон раздахта Гæбулимæ.

– Хатир бакæнæ, фал ма киндзæ хонуни гъуддаг аци фæдбæл ку исбæлвурд кæнйанæ, уотæ мæмæ хуæздæр кæсуй.

– Нæ зонун, сумах кæдмæ æмгъуд кæнетæ, уой. Мæнæн ба хатирæй фæууæд ме`ргон дзуапп, фал мæ еунæг кизгæн æ еци бони гъуддæгтæ рагæй цæттæй лæуунцæ.

– Мадта нин Шамил дæр, къуæре æмгъудмæ дæр цæттæ дæн, зæгъгæ, фæдзахста. Куд кæсун, уотемæй еу мæйæ фагæ уодзæнæй рæстæг киндзæхсæвæр искæнунмæ.

– Сумах ци унафæ рахæссайтæ, уобæл мах дæр арази уодзинан. Æрмæст нин рагацау къохбæлхуæцæг фегъосун кæнæд уæ хабар. Царди медæгæ ци нæ фæууй, миййаг, естæмæ гæсгæ æмгъуд æййивд ку æрцæуа.

– Къохбæлхуæцæг ка уодзæнæй, йе мæнæ нур дæр нæ сæргъи зелæнтæ кæнуй. Дæ синхон, дæ хæстæг Азорæй зæгъун. Æ тогæй хæстæг хуæрæн еума хатт адæни рази хуæрæ разæгъунмæ арази æй.

Азор дуари рази лæудтæй æма хестæртæмæ лæмбунæг игъуста. Гæбули имæ йе`ргон разилдта, æ медбилтæ баходгæй æй рафарста:

– Азор, еци хабар æцæг æй?

– Æцæг, Гæбули... Мæ хуæрæ æма мæ лимæнæн мæ зæрдæ зæгъуй нивæ – амонд æма син уомæ гæсгæ фе`нхус кæнунбæл исарази дæн.

– Уæлдай æхцæуæндæр мин фæцæй еци хабар,

æхцæуæндзийнæдтæ дин Хуцау исагкаг кæнæд, дæ цæрæнбон берæ!

Финги хестæр, цума Гæбулий арфитæ хизта, уоййау Азори цæрæнбони туххæй гагидауæ рауагъта. Кувдтитæ радаргъ æнцæ сауæнгæ фæсæмбесæхсæвæмæ. Уой фæсте ба федаугутæ, поэти загъдау, зæрдигъæлдзæгæй сæ хæдзæрттæмæ фæххæлеу æнцæ.

Мæйи фæсте, раст киндзæ хонуни рæстæг, дессаги сатæг бон искодта. Арвбæл ци мегъти гæппæлтæ батугуртæ æнцæ, уони æскъудти астæутæй хор æ сугъзæрийнæ сундакъи хæлттæ зæнхи уæнгæ æлвиста. Хуæнхтæ æрдигæй ци ефстаг фæлмæн дунгæ рагъазидæ, йе зæрдæн æхцæуæндзийнадæ лæвардта. Рæфтæмæ хæстæг Нæуæггъæу æд цъелæ-мелæ низмалдæй. Дæллаг синхи Гæбулий, уæллаг синхи ба Шамили тургъитæй фæндури зæлланг муртæ æма азæлгæ зартæ сæхемæ адæни худтонцæ. Хестæртæн сæ дзæвгарæ фулдæр цудæнцæ Гæбулимæ, кæстæрти фулдæр хай ба æмбурд кодтонцæ Шамили хæдзарæмæ.

Киндзæхсæвæр дууæрдигæй дæр рауадæй тъайлæгтæ хуарз. Адæн сæ Нæуæггъæумæ кæдæй ледзун райдæдтонцæ, уæдæй рацудæй фонди анзи, фал син уæхæн цийнæдзийнадæ ба фиццаг хатт адтæй æма сæ рæути идæуг исуолæфтæнцæ. Хор куддæр фæххонæ йе 'ксæвхуссæнмæ æд оу тогъæ рацавта, уотæ киндзæ æ уæрæсни хæдзари æхе авари къуми ислæуун кодтонцæ æма имæ кæсунæй не 'фсастæнцæ. Æ цори ци рæсугъд кизгутти къуар адтæй, уонæй хецæн дардта дигорон киндзи дарæстæй. Алке дæр имæ рæуæнттæ – æфсæнттæй уадæй кæсунмæ, фал сæ йе 'мбал кизгуттæ фендæдуар кæниуонцæ. Хизесæн дугкаг бон æма фæстедзаути исцудмæ дæр ма фæсевæдæй беретæ бамбурд æнцæ Шамили тургъи. Изæрдарти уæнгæ сæхе кафун æма зарунæй бафсастонцæ. Берæ рæстæгути син имисуйнагæй байзадæй Шамил æма Мæрини киндзæхсæвæр.

## КУ УА

Мухар æ мадæ æма æ фидæн еунæг сувæллон адтæй. Кæд мæгургомау цардæнцæ, уæддæр æй, сæ равгæ куд амудта, уотæ имонауæй гъомбæл кодтонцæ. Зумæг ин уазалтæй тарстæнцæ, сæрдæ ба – хори тæвдæй, æма фулдæр сæ хæдзари æрвиста æ рæстæг. Сауæнгæ æ лæхъуæни карæмæ ку исхъæрттæй, уæддæр æй уæззау, саукуст кæнун нæ уагътонцæ. Раст зæгъгæй, хæдзари

куститæ: сог ниффадун, дзæхæрамæ зелун, фонс багъуд кæнун ба исæнхæст кодта. Уогæ сæмæ фонси номæй æдеугурæй адтæй еунæг гъог æма æртæ сæгъи. Сæ гъог нæуæг уæс ку низзаидæ, уæд дугæрдуг ба еу-дууæ дæркъей хæццæ æрбауæйæ кæниуонцæ, сæ аргъæй хумæтæги дарæстæ, цигъæуæгтæ ралхæниуонцæ, æртигкаг дæркъæ ба алкæддæр нæуæг анзмæ нивондконд уидæ. Хæрæг дæр дардтонцæ, фал ибæл косгæ ба фидæ Годзо æхуæдæг кодта. Уой фæрци зумæгмæ хуасæ æма сог дæр æрцæттæ кæнидæ. Фиддæлти фолгъистау сæ дзæхæра дæр хæрæгæй хумæ кодта. Уæддæр Годзо боз адтæй æ цардæй. Есге æй ку рафæрсидæ, куд айтæ, зæгъгæ, уæд ин дзуапп раддидæ: «Хуцауæн табу, æстонг не`взарæн, бæгънæг дæр нæ ан, незæй дæр – цох, хъæлти ба неййафæн...». Годзо æма æ бийнойнаг Сарæ æрмæстдæр бæлдтæнцæ сæ еунæги цийнæдзийнади фæууиндмæ, киндзæ æрхонунмæ, фал цард æхе фæндæнттæ кæнуй. Цæмæйдæрти фæндаги хузæн дæр æй: кæми – даргъ, кæми – цубур, кæми – хард, кæми ба – урдуг. Адæймаг си æ къах кæми бакъуæрдзæнæй æма исистун нæбал бафæраздзæнæй, уомæн неке неци зонуй. Годзо æма Сарæ дæр æй нæ зудтонцæ, сæ царди фæндаг ке æрбацубур уодзæнæй, сæ бæллæнтæ исæнхæст кæнун син ке нæбал бантæсдзæнæй, уой. Мухарбæл æстдæс анзи ку исæнхæст æй, уæд еци анзи зуймон уазалти Годзо рæугути незæй фæссæйгæй, æма ин гъæуи дохдири бон дæр нæбал иссæй исдзæбæх кæнун. Мæйæй фулдæр нæ расадæй, уæдта æ рохс дуйнейæй рахецæн æй. Сарæ дæр æ хæдзардар фæллонгун лæги зйанбæл æртæ анзи дæргъи æ цæстисугтæй æхе фе`хснадта, уæдта зæрди нези хæццæ байевгъудæй йе`носон дуйнемæ. Мухар æризадæй еунæг æма мæгурæй. Сæ фонс хиститæн багъудæнцæ, сæ гъог дæр ма Сари зйани рæстæг хускъæ разиндтæй æма`й анзи хистæн нивгарстонцæ. Мулкæн ма имæ æризадæй еунæг хæрæг, фал æ хецау кустахур нæ адтæй, æма уой дæр рауæйæ кодта. Уотемæй, куд фæззæгъунцæ, турхъæ – мурхъитæй æ бонтæ æрвиста. Хæстæгутæ, синхонтæ имæ æ тæрегъæддагмæ гæсгæ естæмæйти фæккæсиуонцæ, дзурдтонцæ ин уосæ ракорæ, уæддæр дин дæ хæдзарæ æфснайæг -къæбæргæнæг уодзæнæй , зæгъгæ. Авд æма инсæй анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд æхуæдæг дæр гъигæ кæнун райдæдта еунæгæй цардæй, уосæ корун фæндæ искодта. Æ зæрдæ ци кизгæмæ фе`хсаидæ, уонæй еу цалдæремæ мийнæвар барветидæ, фал ин нæдæр кизгæ, нæдæр ба кизги бийнонтæ аразий

дзуапп лæвардтонцæ æ мæгурдзийнадæ æма магосамæ гæсгæ. Медгъæу æ гъуддагæй ку неци уадæй, уæд ин кадæр байамудта Хъармани гъæуи цæрæг хæдзари рабадæг кизгæ. Уонæмæ мийнæвар барветуни туххæй æхе кæмæдæр бахатидæ, етæ сæ къох ракъуæриуонцæ, неци си рауайдзæнæй, æма байраги дзæгъæл хъйамæт цæмæн кæнæн, зæгъгæ.

Еу уæхæни Мухар фе`мбалдæй йе`нгарæ, æхе хузæн седзæрæй ка байзадæй æ хуæри хæццæ, уæхæн лæхъуæн Гигобæл. Уомæн дæр уосæ корун афонæ адтæй, æ хуæрæ дæр киндздзон кизги карæмæ исхъæрдтæй, фал сæ амæндтæ ба нæма иссердтонцæ. Раст зæгъгæй, етæ Мухарæй рæвдзæдæр цардæнцæ. Сæ фидæй мулкæн, анзи хиститæн ке исхарз кодтонцæ, уомæй уæлдай ма байзадæй æд уæс гъог, æртæ фуси æма, уæди рæстæги домæнтæмæ гæсгæ, æнайепп хæдзарæ. Бунæй æрдæгпъадвал, æ еу æмбес цæлгæнæн, уой сæрмæ ба син фæйнæ уати. Кизгæ Гуза хæдзари кустæгутæ æнхæст кодта, фал уиндæй ба неци уотæ хиццаг адтæй уосгортæн. Айдагъ æ рæсуди хузæн бæзгин билтæмæ бахæстгæй дæр лæхъуæнтæ сæхе иннердæмæ кæсæг искæниуонцæ. Гиго ба Мухарæй минкъийдæр нæ уарзта дзæгъæл бадæ æма ести харæй раниуазун. Уой бæлахæй ин æ кизгæ неке лæвардта.

Гъæбæр бæх гъæбæр бæхбæл æхе хафуй. Фæллимæн æнцæ Мухар æма Гиго дæр. Сæ фе`мбæлд дууемæн дæр æхцæуæн адтæй.

– О, æз ба дæу хузæн æмбал агорæг ку рауадтæн, зæгъгæ, бацийнæ кодта Гиго.

– Ци хабар æй, еци æхсицгæ дæ цæмæн багъудтæн?

– Хуарз хабар, хъæбæр хуарз хабар, мæ лимæн! Уæртæ нæ тукани исхезæн къæпхæнтæ бамбудæнцæ æма айсонгкæй уони барæвдзитæ кодтон. Æ хецау мин миздæн уруссаг арахъæй еу авгæ æма бæгæний авгæ балæвар кодта, фал сæ еунæгæй куд раниуазтайнæ. Цæуæн нæхемæ тагъддæр, зæкъуцгæн дæр Гуза ести амал кæндзæнæй. Мухар баходæзмолæ кодта, уотемæй æнæсдзоргæй рараст æй æ лимæни фæсте. Гуза син дзæхæрайæй цъæх гъæдиндзи сифтæ æма бодæнтæ æрбадавта, сæумон æхсири кондæй ингин цигъд æма кæрдзин стъолбæл гъæдин тæбæгъти æрæвардта, нæ си феронх æнцæ дон æма цæнхæ дæр, уæдта сæ сæхе бæрагæ ниууагъта. Дууæ къуприйæн цанæбæрæг ниуазуйнаг адтæй еунæг авгæ. Уайтагъддæр æй раевдæлон кодтонцæ, фал

син уæддæр арахъ сæ зæрдити дуæрттæ байгон кодта. Дзубандитæ син райеудагъ æй. Кæрæдземæн фæккодтонцæ, ка си кæмæ барвиста æ мийнæвæрттæ æма син ци дзуапп равардтонцæ, уони хабæрттæ.

– Æнæ бийнойнаг æмбал зин цæрæн æй, – загъта Гиго, – фал ци амалæй ке ракурдæуа, уой ба мæ сæр нæ ахæссуй.

– Дæуæн неций, гъудгæнæг дæ ес, дæ хæдзари кустæгутæ æнхæстгæнæг – дæ хуæрæ, фал æз ба еунæгæй ку уотæхсун, зæгъгæ, багузавæ кодта Мухар, дæлийау арф зæрди бунтæй нийнæфгæй. Еци дзубандитæ кæнгæй æ зæрди æрбафтудæй Хъармайнаг рабадæг кизгæ æма æваст уотæ фæккодта: «Уой бæсти дæ хуæри мæнæн радтæ, æз ба дин уартæ Хъармайнаг гъæздуг хæдзари кизгæ ракордзæнæн».

– Гъо, мæн хезуй «гъæздуг хæдзари» кизгæ. Ду бал уой мæн амæдтаг бакæнæ, уой фæсте ба мæ хуæрæ дæу фæуувæд, – дзуапп равардта Гиго.

– Йе дин мæн бæгъдауонд. Æрмæст, æз ци зæгъон, уобæл байархайæ.

– Зæгъай дæ зæгъуйнаг.

– Дæ мади æрвадтæлтæй Муссæмæ ес саргъи бæх, æндæмæ радавæн цохъа æд æвзестæ бæрцитæ, бухайраг уæлдзарходæ æма салин цулухътæ. Иуæнгтæй дæр раст дæхе æнгæстæ даруй. Еу загъдæй, ци дин ранимадтон, етæ дæу агкаг уодзæнæнцæ, æма сæ ракорæ еунæг бон æмгъудæй. Цæй туххæй сæ корис, уой дæр ин балæдæрун кæнæ. Уарзгæ дæ нæ кæнуй, фал дин сæ кæд радта. Æз дæр мæхе исараздзæнæн есгети фæрци, бæх дæр ракордзæнæн мæ синхонæй æма Хуцаубони сæумæй балæудзинан Хъармани.

– Нæ гъуддагæй ести рауайа, уобæл не`ууæндун, фал байархайдзæнæн.

– Медæгмæ нæ ку бахононцæ, уæд сйахсæн æхе куд даргæй, уой зонис, фиццаг хатт дин нæй. Арахъ ниуазун æма уæлдай дзорæ кæнунæй дæр дæхебæл фæххуæцæ, багæдзæ кæнæ еу бон.

Хуцаубони сугъдæг цъæх сгæллади хузæн арвмæ хор дзæвгарæ ку истулдæй, уæд дууæ бæхгини æрфестæг æнцæ Хъармани гъæуи тæгкæ бæрзонддæр хæдзари колдуармæ. Дуарæй еуварсдæр бæхбæттæнбæл идæнттæ ку бабастонцæ, уæд сæмæ ракастæй бæрзондгомау хъаболгун иуонтæ рацæргæ лæг. Æвæсмард, хуæрзарæзт лæхъуæнтæн сæ къохтæ райста æма сæ медæгмæ бахудта. Ци уатмæ бацудæнцæ, йе адтæй урух,

хуæрзæфснайд. Фарсбæл федаргонд устур, цæхæртæ калгæ горцъебæл ауигъд адтæнцæ рагон дамбаца æма хъæма, сæ астæу – хъримаг, уони сæрмæ ба саги сиутæ. Сегас дæр адтæнцæ æвзестæй цалцæггонд. Уати астæуæй устур тумбул стъоли фæрстæмæ къæлæтгин къелатæ æвæрд. Еци къелатæмæ фусун райамудта иуазгутæн, уæхе æруадзетæ, зæгъгæ, æма æхуæдæг сæ еуебæл исбадтæй. Мухар æ бакомкоммæ къела байахæста.Гиго ба дуари рази сйахси лæуд искодта, æ сæр бунмæ æруагъта, уотемæй. Фæлтæрдгун фусун Хъамболатæн зин балæдæрæн н1 адтæй , иуазгутæ æ кизги туххæй ке æрбацудæнцæ, йе. Уосгор си кæци адтæй, уомæ аййевæй бакастæй æма æ зæрдæмæ фæццудæй. Уæдмæ дуарæй æрбахизтæй æ уиндмæ гæсгæ еу æвддæс анздзуд лæппо, иуазгути къохтæ райста, уæдта ин Хъамболат рафæдзахста: уæртæ нæхе Хъасболат æма мæнæ Дзадтемæ бадзорæ, иуазгутæ нæмæ ес æма тагъд ардæмæ рацæуæнтæ, зæгъгæ. Лæппо ку фендæдуар æй, уæдта Мухармæ йе`ргон баздахта: «Хатир бакæнетæ, фал уин уе`рбацуди сæр балæдæрдтæн. Биццеути кæмæ фервистон, етæ мæнæ мæ фæрстæмæ цæрунцæ, Хъасболат ме`нсувæр æй, Дзадте ба -мæ хуæрæ синхон. Нуртæккæ ами уодзæнæнцæ æма уони цори уæ хабæрттæ ракæндзæнæ».

Æцæгæйдæр, æртæ минути дæр нæ рацудæй, уæдта дуарæй æрбахизтæнцæ Хъамболатæн æхе æнгарæмæ хæстæг дууæ лæги, лæппо дæр сæ фæсте. Иуазгути къохтæ райстонцæ æма уæгъдæ къелатæбæл сæхе æруагътонцæ. Лæппо, сйахси лæуд ка кодта, уой æ хæццæ рахудта тургъæмæ.

Мухар дзорунмæ дæсни адтæй. Цийфæнди мæнгæттæ дæр æцæги хузæн радзорунмæ ин æ раз неке райстайдæ. Нур дæр æ мæлгъæвзаг райхалдта. Хатир бакæнетæ, – загъта, – мæ боц хестæртæ. Мах ан Лескени гъæуæй амондагор, мæнæ саги фесинтæбæл амади хузæн ци лæхъуæн фæййидтайтæ, уомæн. Седзæрæй байзадæй æ хуæри хæццæ, фал сæ фиди фарнæ мæрдтæмæ нæ рауагътонцæ, цæрæг хæдзарæ æнцæ. Æ хуæрæ курдуати бадуй. Сæ фидæ, рохс дзенети бадæд, уой фæдзæхстмæ гæсгæ раздæр лæхъуæнæн бийнонти гъудтаг бакæнонцæ, уæдта кизгæ дæр æ амондбæл æмбæлдзæнæй. Сæ мади`рвадæ Муссæ бонгин æма кадгин лæг æй. Ардæмæ мæ ку æрвиста, уæд мин уотæ загъта: «Хъамболат æмбаргæ, кадгин лæгбæл нимад æй айдагъ Хъармани нæ, фал ма Иристони берæ гъæути дæр. Æз дæр æй

хуарз адæймæгти фæрци хабарæй зонун. Мæхуæдæг фæццудайнæ мийнæвар, фал уотæ идардмæ цæунмæ раздæрау мæ нифс нæбал хæссун мæ карæ æма æнæнездзийнадæмæ гæсгæ. Дæубæл нур дæс æма инсæй анзи цæуй. Ци гъуддаги фæдбæл цæуис, уобæл дин исдзоруни барæ ес, æма дæ балæдæрдзæнæнцæ...»

Мухар ма цидæр зæгъунмæ гъавта, фал æй Хъасболат бакъулумпи кодта.

– Ци радзурдтай, уой мах, Мусси загъдау, балæдæрдтан. Æрмæст дин нæ бон нæй бафедауни уагбæл аразий дзуапп радтун, ænæ хæдзарæ фæууингæй æма бæргутæ бæлвурддæр базонгæй.

– Фарнæ дæмæ бадзорæд, Хъасболат. Рæститæ дзорис, мæ хуарз хестæр. Æрмæст, уосгорæн сæле-уæлетæ хæдзарæ ку уа, ертæ къамбеци, дууæ гали æд уæрдун, саргъи бæх имæ ку уа, листфонс æма хæдзарон мæргътæ ку дара, уæд уомæн кизгæ раттунбæл бафедаун цæмæннæ æнгъезуй. Махмæ хæтуй уæхæн æгъдау. Раздæр бал кизги бийнонти хæццæ сосæг федуд бакæнунцæ, уой фæсте ба хæдзарæ дæр фæууинунцæ, бæргутæ дæр базонунцæ æма Хуцауи размæ сæ дзурд исæнхæст кæнунцæ.

– Уæхæн цаутæ махмæ дæр фæууй, – æ дзурд бафтудта Дзадте. Хъамболат, дæумæ ба куд кæсуй еци гъуддаг?

Хъамболат æ гъос дардта дзубандитæмæ, фал сæйрагдæр ба æ меднимæр уæхæн гъудити бацудæй: «Мæ кизгæбæл цæуй дæс æма инсæй анзи фулдæр. Æ берæ коргутæ æндæр рауæнти сæ амæндтæ иссердтонцæ, дууæ анзи ба нæ дуарбæл мийнæвар нæбал æрбахизтæй. Нур ма ани æнæ аразий дзуаппи хæццæ ку рарветон, æма мин Гуассæ æ тъæрæбæл бадгæй ку æрзæронд уа, уæд ма имæ ка бабæлдзæнæй?..»

Дзадтей фарст ин æваст фенцондæр кодта æ медкатай. Сумах дууæ ци унафæ рахæссайтæ, – загъта, – уобæл æз дæр арази.

Хъасболат фиццаг хатт фегъуста йе`нсувæрæй уæхæн дзурдтæ. Некæд ин равардта унафæ рахæссуни барæ, фæрсгæ дæр æй некæд нецæбæл бакодта. Æ зæрдæмæ кæми уосгор нæ бацæуидæ, кæми ба мийнæвæртти дзубандитæ æма син æхуæдæг цæхгæр дзуапп радтидæ. Нур уотæ цæмæн «æрфæлмæн» æй йе`нсувæр, уой балæдæрттæй, фал уæддæр уæздангомæй загъта: «Мæнмæ гæсгæ, нæ кадгин иуазæги фæндонбæл исарази ун æнгъезуй.»

– Æз дæр, – загъта Дзадте, – уотæ гъуди кæнун.

– Сумах куд зæгъетæ, уобæл арази дæн, зæгъгæ, бакодта

Хъамболат дæр.

Мухар æ фур цийнæй ци ракодтайдæ, уой нæбал зудта, исистадæй, æ реуи дзиппæй уорс къимбуси тугъдæй цидæр æрттевагæ æхца исиста, стъолæбæл æй æрæвардта. Мæнæ аци сугъзæрийнæ сом, -загъта, – æз рахастон федауæгкаги туххæй нисайнагæн. Æмбал кæмæн нæйес, йеци еунæг Хуцау нин нæ бафедуд, амондгундæр бони бийнонти гъуддаг ка бакодта, уомæн æмбал фæккæнæд. Еци сом æ фидæ берæ æнзти римæхстæй фæддардта, мæлæти къахбæл ку ниллæудтæй, уæдта`й æ фуртæн балæвар кодта. Дæу туххæй ибæл фæййаурстон, есге хæццæ бахæстæг кæнун фæндæ ку искæнай, уæд æй федауæгкагæн ниууадздзæнæ, зæгъгæ, ма бафæдзахста. Нур ин æ фиди фæдзæхст исæнхæст кæнуни фадуат фæцæй. Зудта æй, Гиго ин æ хуæрæ ке нæ ратдзæнæй, ку нæ бафедауонцæ, уæд.

Фусунтæ нæ хизтонцæ уæхæн зинаргъ лæвар æма еу усмæ сах кæсгæ райзадæнцæ. Уæди рæстæги уæхæн сомæй саргъи бæх æд рæвдзæ балхæнæн адтæй. Фестадæнцæ æртемæй дæр æма кезугай сæ къохтæ балæвардтонцæ мийнæвармæ бафедуди фæдбæл.

Хъамболат мийнæвæрттæн аразий дзуапп ку нæ радтидæ, уæддæр сæ æнæ хуарз фæххинцгæ некæд рауагъта, уæлдайдæр ба æндæр гъæутæй æрбацæугути. Иуазгути мæтæ имæ уотæ нæ гъардта, фал ин цæмæй æхе хуарзи кой ракæнонцæ, уомæ гæсгæ. Хаттæй-хатт косарт дæр уосгорæн ракæнун кæнидæ, æ лæгигъæдтæ ин бæлвурддæр базонуни туххæй. Æ фурт Хъасай æ фиди æнæ зæгъгæй дæр зудта, ци кæнгæ ин æй, уой. Куддæр уосгори хæццæ рацудæй тургъæмæ, уотæ еу уæр райахæста, хæдзарæмæ бадзурдта: Гуассæ, табæгътæ æма æвгæрдæн кард радавæ, зæгъгæ. Дуарæй рахизтæй фидæмæ æнгæстæ – бæрзондгомау силгоймаг, хъазар хъумацæй конд пъолци къæхти къелти уæнгæ хъæрттæй, æ астæу ба ин æвзестæ камари балваста. Гъæдин устур тæбæгътæ стъолæбæл ку æрæвардта, уæд имæ Хъасай дзоруй: «Базонгæ уо нæ иуазæги хæццæ», æхуæдæг ба æ медбилти ходæзмолæ кодта. Гиго æ къох цохъай кæронæй расæрфта. Кæрæдзей къохтæ райстонцæ, æфсæрмитæ кæнгæй, сæ нæмттæ загътонцæ, аййевæй бакæститæ кодтонцæ кæрæдземæ æма уобæл фæййевгъудæй сæ базонгæ. Хъасай æвгæрдæн кард Гигой къохи фæссагъта, уæри сарай ниллæг стъолæбæл февардта, æ къæхтæбæл ин æрхуæстæй. Гиго ралæдæрдтæй, ци кæнгæ ин

адтæй, уой. Синхи зйани æма цийни дæр алкæддæр косарткæнгути хæццæ уидæ. Хъйамæт бакæнун имæ нæ цæуидæ, фал уой фæсте зæппæнкæнгутæн ниуæзтæ æма мийнасæ ке уидæ, уомæ гæсгæ хуарз арæхстæй еци гъуддæгутæмæ. Нур дæр цурд февналдта. Уæр равгарста æма`й уайтагъддæр рагъуд кодта. Хъасай банвæрстæй йе`внæлдтитæбæл, уой фæсте си раппæлдтæй æ фидæн дæр.

Цалдæнгæмæ хестæртæ унæфтæ хастонцæ, уæдмæ сæ мийнасæ цæттæ адтæй. Гуассæ æма æ мадæ Гуæсæхан син стъол рарæвдзæ кодтонцæ, Хъасай ба син урдугистæгæй ислæудтæй. Сæ кувдтитæ æма игъæлдзæг дзубандитæ изæрмæ хастæги уæнгæ рахаста. Фусунтæ Мухарæн балæдæрун кодтонцæ, иннæ хуцаубони сæмæ хæдзарæ уинунмæ есгетæ ке зиндзæнæй, уой дæр.

Гиго, Хъасболати фурт Бæзæрхуги хæццæ æндæр уати бадтæй æма катай кодта, цæбæл рахецæн уодзæнæй гъуддаг, уой бæрæг нæ зудта. Раздæр фестадæй финги цорæй, тургъи хизта æ мийнæвари. Мухар игъæлдзæг хузæй ку рацудæй, уæд ралæдæрдтæй, хуарз дзуапп ке райста, уой. Хестæртæ тургъæй идарддæр сæ фæсте нæ рацудæнцæ, кæстæртæ ба сæ рафæндараст кодтонцæ гъæуунги. Дзæвгарæ райдард æнцæ фусунтæй. Фæндагбæл Гигойæн æ мийнæвар ракодта хабæрттæ. Йе дæр ин раппæлттæй æхецæй, къумæлæй уæлдай неци баниуазтон, зæгъгæ. «Мадта уæд, – загъта Мухар, – нæ дууйебæл дæр æнхузæн мæгурбон æрбакодта. Æз дæр исрæуонæ кодтон мæ игæр мæ тухсун кæнуй, зæгъгæ, æма къумæл фæнниуазтон. Неци кæнуй, арахъ ма иссердзинан, фал нæ гъуддагæй ба неци рауадайдæ, ниуæзтæбæл ку нæ багæдзæ кодтайанæ, уæд».

Изæр æ бартæ дæдтун райдæдта æхсæвæмæ, мæйæ нæма искастæй, раталингитæ æй. Раст еци афони Мусси колдуармæ æрхизтæнцæ сæ бæхтæй. Гигобæл муггаги лæгтæ сæ къохтæ раги ракъуæрдтонцæ, фал ибæл æ мади`рвадæ ба æ хуæст некæд исуагъта, йе`нгæс имæ дардта, кæми лигъзæй, кæми ба урунгæй ин бауайдзæф кæнидæ æ ниуæзтæ æма магосадзийнади фæдбæл. Нур дæр æй хизта зæрдæхсайгæй. Сæ таус син ку райгъуста, уæд сæмæ рауадæй. Гиго бæхи гъуд кæнунбæл фæцæй, Мухар ба ин лæмбунæг ракодта, куд сæ исиуазæг кодтонцæ æма ци дзуаппи хæццæ æрбаздахтæнцæ, уони. Мусси зæрдæ еци хабæрттæмæ барохс æй, фал тарстæй, хæдзарæ уинунмæ ка æрбацæуа, етæ гъуддаг ку фехалонцæ, уомæй. Æ хуæрифуртмæ нæдæр галтæ æд уæрдун адтæй, нæдæр саргъи бæх, нæдæр ба къамбецтæ.

Хæдзарæмæ сæ дууей дæр бахудта, æхсæвæр искæнетæ æма раунафæ кæнæн, зæгъгæ. Фусунтæн се`хсæвæр цæттæ адтæй, æма син æфсийнæ сæ размæ идзаг фингæ æрæвардта. Муссæ ракувта гъуддаги хайири туххæй. Æртемæй дæр раниуазтонцæ еци кувди фæдбæл, уæдта син иской кодта, цæмæй тарстæй, уой.

– Хæдзарæ уотæ хиццаг нæй, ци гъæздуг мулкитæ ранимадтай, етæ дæр си нæййес...

– Уомæй ба æз дæр тæрсун, зæгъгæ, бакодта Мухар, фал ести æргъуди кæнун гъæуй.

– Гъома, куд ести?..

– Куд ку зæгъай, уæдта дуæ къамбеци дæмæ ес, фал ма дугæрдуг дæр сæ хæццæ уогæй ба сæ æртебæл банимайæн ес æма дæ бæхи хæццæ, еу бон истойни ку балæууонцæ, уæд син неци уодзæнæй. Мах син кæрдæг сæ фагæ æрласдзинан. Дæ уæрдун дæр тургъæмæ базелдзинан, галтæ ба хезуни æнцæ, зæгъгæ, рарæуонæ кæндзинан. Сæхе фондз фусебæл дæр синхонти уонтæ бафтаудзинан, кæркитæ æма гогузтæй ба Гузай фæрци тургъæ идзаг æй.

– Уæ Хуцау дин ма уа, Мухар, уойбæрцæ мæнгæдтæ кæцæй æргъуди кодтай?..

– Мийнæвар мæ ку æрвистай, уæдæй нурмæ.

– Мæнгæдтæ дзорун æма сайун ходуйнаг æй, фал ма ци гæнæн ес?.. Уæ тæрегъæдтæ æма уæ барæ дæр уæхе уæнтæ. Æрмæст иуазгутæн еу уæр равгæрддзинайтæ. Къеретæ æма ниуæзтæ уин мæнæ не`фсийнæ барæвдзæ кæндзæнæй. Еу-дууæ æмбаргæ лæппой дæр ма æрбахонетæ æмбалæн, уæхуæдтæ ба ниуæзтæй уæхе багъæуай кæнетæ.

Хуцаубони рæфтæмæ хæстæг Хъасай æма Бæзæрхуг бæхтæбæл æрбацудæнцæ. Хæдзарæ сæ зæрдæмæ нæ фæццудæй, фал фонс æма мæргътæ, тургъæ æма дзæхæра хуæрз гъудгондæй ку фæууидтонцæ, уæдта нецибал исдзурдтонцæ. Бæзæрхуг ма Мухари рафарста, сæле уæлетæ хæдзарæ загътай æма кæми`й йе?

– Æз «ку уа» загътон, уæд цæмæй сæле-уæлетæ нæй, сæрæй æма бунæй дæр си цæрæн ес. Бийнонтæ ку баберæ уонцæ, уæдта ма ин æ фарсмæ бафтаун æнгъездзæнæй. Фусунтæ иуазгутæмæ хуарз бакастæнцæ хуæрдæ, ниуæзтæй æма сæ уотемæй рафæндараст кодтонцæ. Сæхемæ Хъамболатæн радзурдтонцæ, ци фæууидтонцæ, уони. Нæ си феронх æй, хæдзарæ зæронд æма минкъийгомау ке æй, йе дæр. Хъамболат æ къох ракъуæрдта.

- Махæн дæр, – загъта, – нæ кизгæ еугурон нæугутæй нæбал ...й. Хуарз æма сæмæ фонс ке ес, хæдзари туххæй ба уин раст ...агъта Мухар. Багъæуаги сæмæ мах дæр фæккæсдзинан æ ф...ууустурдæр кæнунмæ, нурба бал сæ фагæ æй.

– Киндзæ хонуни бонæн æртæ мæйæй фулдæр не`сæмгъуд кодтонцæ. Хъамболатетæ рагæй цæттæ адтæнцæ, Гиго дæр цалдæр ...изи уосгорæй ку фæххаттæй, уæд цидæр лæвæрттæ бамбурд кодта. Муссæ ма сæбæл, æхецæн æрæги ци бухар ходæ балхæдта, уой Хъамболатæн бафтудта, æ фурт Мухар дæр къохбæлхуæцæги лæварæн æвзестæ къохдарæн зинаргъ муцъай хæццæ балхæдта киндзæн. Киндзгъонтæ сæумæй рандæнцæ, изæрæй ба киндзæ ...рбахъæртун кодтонцæ. Гъазтизæрмæ дзæвгарæ адæн æрæмбурд ...ій, уæлдайдæр ба фæсевæдæй. Дугкаг бон дæр фæндури цагъд ...ма фæсевæди зарун зæллаг муртæй нæ банцадæй Гигой тургъæ. Мухар æхецæй æппæлдтæй.

Мæнæн, – загъта, – уосæ ракорун фий расæрфунæй зиндæр нæй.

– Уæд дæхецæн цæмæннæ корис? – рафарста æй лæхъуæнтæй кадæр.

– Лæги хузæн лæг фиццагдæр æ хуарз æмбали гъуддаг бакæнуй, уой фæсте ба æхе амонд дæр байагоруй.

– Æртæ къамбецемæй фулдæр Гигомæ ес, зæгъгæ, цæмæннæ загътай, мийнæвар кæмæ адтæ, уонæн? Уæд дин тагъддæр исарази адтайуонцæ сæ кизгæ радтунбæл.

– Мæхуæдæг дæр уобæл ба расагъæс кодтон. Фиццаг авд къамбеци загъуйнаг адтæн, фал мæбæл ку нæ бауæндонцæ, уомæй тарстæн æма сæ æртæ къамбецебæл ниууагътон. Уæдта «ес» нæ загътон, фал «ку уа».

Мухар еци изæр хебæраги фембалдæй Гузай хæццæ. Балæдæрун ин кодта, ци зæрдиуаг имæ даруй, уой. Гузай зæрдæмæ бæргæ нæ цудæй Мухар, арæх ке ниуазта, уомæ гæсгæ, фал зудта, хуæздæр корæг æй нæбал фæуудзæнæй æма аразий дзуапп равардта. Къуæрей фæсте ба Мухар кедæр бæхуæрдун баевтигъта æма æхсæвигон Гузай æрхъæртун кодта, æхе загъдау, æ фæрнуг ревæд хæдзарæмæ. Сæумæй синхонтæ Гузай тургъи зелæнтæ кæнгæй ку æрæстæфтæнцæ, уæд Мухармæ баурдуг æнцæ.

– Йе дин циуавæр миутæ æнцæ, киндзæхсæвæр цæмæннæ искодтай?

– Уæй, уæ хъалæн уайтæ... Киндзæхсæвæр кæнун хуарзæй, æрмæст æй цæмæй искæнай, йе ку уа, уæд, зæгъгæ, син дзуапп радтидæ.

Лæг хуарз уа, лæгъуз уа, уæддæр уæлиуон царди æнæ ести таус ниууадзгæй мæрдтæмæ нæ цæуй. Мухарæй дæр байзадæнцæ еци дзурдтæ. Æ гъæугкæгтæ естæй фæдбæл дзоргæй, арæх уотæ бакæнунцæ, Мухари загъдау «ку уа», зæгъгæ, æма байдзулунцæ.

ХЪОДЗАТЫ Ӕхсар



# МӔ УДМӔ БУЦ МИТӔ НӔ ХАУЫ

* * *

*Хуыцау ныр дæр фæлдисы.*
*Ангел Силезиус*

Адамы нын Хуыцау
кæддæрау ма фæлдисы,
йæ зæрдæ йыл фыдау
фæриссы.

Йæ куыстæй нæу разы:
нæ фæрæстмæ йæ фæллой
æмæ тыхсы, тыхсы,
æмæ йын нæй æрæнцой.

Æниу куыд уа æдыхст,
куыд байрайа нæ Кæнæг? —
Ныууадздзæни йæ куыст, —
Адам куы суа æххæст лæг.
*2005*

## УÆЗДÆТТÆ 'МÆ ФÆСДЗÆУИНТÆ
*(Нервалæй)*

Лæгтæ, гуыппырсартæ, сæ уындæй ради цæст,
Уæздан, æгъдауылмард, æддаг бакастæй — богътæ.
Æрмарæхст, удвидар, уæлахиздзаутæ тохты,
Æлвæст хæххон сагау, æппæтæй дæр — æххæст.

Ныр уыдон не скæнæг куы райгас кæнид исдуг,
Сæ зæйц, сæ кæстæртыл, ай-гъай, кæниккой дис:
Куыдзæмгад, фидиссаг, фыдæлтæй сæм цы ис?
Мигъ бады се уæнджы, сты дзиглотимæ иу туг.

Зæгъиккой хистæртæ, кæй баййæфтой æлгъыст:
Уыди нæ цагъартæн нæ чызджытæй хæзгултæ,
Æмæ нын рацыди бындарты 'фсон фыдгултæ,
Фыдмод — нæ ныхыфыст, фыдæлты фарн — зынгхуыст.

* * *

*Алæгæн*

Кæмæдæрты — уæладзгуытæ-галуантæ,
кæмæдæрты — сызгъæринтæ, милуантæ.
Цы и дæумæ та? У сыгъдæг дæ арм.
Дæумæ та ис æхсар æмæ æфсарм,
æппæт хæрзтæн сæ ахадгæдæр — фарн.

## АРТЪАУЫЗЫ ТЫХХÆЙ

Беслæны фæстæ аныгуылди уарзт,
арт ахуыссыд.
Беслæны фæстæ райхалут йæ баст
Артъауызæн.

* * *

Ныууагътон æз æвдай азы мæ фæстæ,
Иттæг бузныг дæ лæварæй, Хуыцау.
Мæ «рухс фидæн» мæм бахудти йæ цæстæй,
йæ сау цæст мæм æрныкъуылдта чызгау.

* * *

Нæ дæн æххуыскурæг, нæ дæн,
мæ удмæ буц митæ нæ хауы.
Мæнузæгъæг нæ хъæуы мæн:
æз никæй дæн. Æрмæст Хуыцауы.

Нæ хæссын иу удмæ дæр фау.
Мæнæн мæ ныхыфысты — амынд:
кæд дæ «мæн у» зæгъа Хуыцау,
уæд уый — дæ амонд.
*2003*

## УДАИСТ

Мæ монц — æрра, гадзрахатæй мын ацахсы
мæ зонды рохтæ, абады йыл сонтæй
æмæ тъæбæртт — æмдзæхгæр тигътыл, ададжы,
æмбойны скæны сау цагъар мæ зондæй.

Æмæ та къодах — зауувты 'мæ раууаты —
йæ цæфты рыстæй сæрра вæййы рафт-бафты.

Мæ зонд мæ монцы рахоны æнæхъола,
æмæ — фæсмон, фыдæнхъæл æмæ какола.

Æмæ та уд фæхты хостау ныддæрæхсæн,
ысвæййы цард фыдæхсæвты фыддæр æхсæв.
Æртæфсынц мыл мæ хъæдгæмттæ, мæ рыстытæ,
зæйтау мæ удыл рацæуынц æлгъыстытæ.

Æз, аллайаг, æрбæллын уæд мæ мæлæтмæ,
фæхæссын та мæ судзæгтæ мæ лæгæтмæ
æмæ сæ уым къуыригæйттæ кæугæ-ниугæ
куыдзау ысдæрын — бандидзой мæлдзой уæнгтæ,
мæхимæ та æрбаниуы мæ Кæнинаг.
*2002*

## КЛОД ЭСТЕБАНЫ МОТИВТÆ

* * *

Мæ донхæрис, изæрмилтæй та бонмæ
фæкæндзыстæм хъæбыс-хъæбыс фынæй.
Куы нын уа ихæн — байсдзынæн дæ уатмæ,
нымайдзыстæм дæ хионыл, цæвиттон,
дæ уидæгтæ кæрæдзиуыл тыхсдзысты.
Сынты балтæй ныссау уыдзæни дыргъдон.

* * *

Æрхуымæй баззад дойнаг дурыл туг,
ныхъхъæбæр и, ныххус йæ уæлæ рис.
Ныр фæззæджы æппæт уарынтæ сиу кæн
æмæ сæ раздах ацырдæм,
уæддæр æй
зынтæй ныхсиккой — нал ыссæудзæн дурæн
йæ сау тугæрхæм, дардзæни бæрæг.
Куыд ма хъаздзæни хуры тын йæ уæлæ?

* * *

О, ацы гæлæбу...
Æрдзæ азы размæ йæ федтон
мæ уæдыккон фыны.
*2008.11.12*

## ЧАБÆЙЫ САУ ДУР

*(Бунинæй)*

Уый дур уа æви Сфæлдисæджы арфæ?
Уыди кæддæрты митсæр хохæй урсдæр,
Æнæзгъæ рухсæй йемыдзаг — уæларвæй
Æрхастæуыд хæзнадурты рæсугъддæр.

Джибрил-зæд æй æдзард ызмисы ссардта
Æрвон лæвар пехуымпар Ибрахимæн.
Æргъæу уаты æрцард æмæ æрцардта
Тæригъæдджынты, сайдта сæ йæхимæ.

Æнус æнусы ивта, æмæ удтæ
Бæсты кæрæттæй ивылдысты ардæм.
Лæгъстæтæ 'мæ цæссыгтæ 'мæ табутæ —
Æфтыдтой йыл сæ сыгъдæг æууæнк адæм.
Фæлтæрты хъыг, уыраугæ маст, уæззау рис
Йæхимæ иста Дур æмæ ныссау ис.

*2008.14.12*

* * *

Мæ удаист хъæр уазал комы айзæлыд,
фæтахти фатау, талынг къуымты азылд,
æмæ цы уыдис, авд ахæмы баци.
Ныццин кодтон, æвирхъау ныфс мæ бацыд:
æнхъæлдтон, ком ныррухс кæндзæн цъæхснаг зæл.

...Тыхтæ-фыдтæй цъæлтæй, цæнкуылтæй азæлд
æрбазылди мæхимæ æмæ бастъæлд.

*2009.21.04*

* * *

Идейæтæ — хæрх,
идейæтæ фаг ис.
Йæхицæн дзы зæхх

ахъаздæрæн равзары
фаджыс.

## ДЕМОКРАТИ

Ды топджын дæ, стæй ноджы демæ кард и, —
дæтты дын бар нæ паддзах Демократи.

* * *

Бон ацыди, адард,
йæ фæдджи ма — хохыл, мæ цæст æй
нæ уадзы. Æрзындис æрвбæстæй
чызг-ыстъалы, мадард.

## ЦЪЫФДЗАСТЫ

*(Вариант)*

Цъыфдзаст. Æмбыд фæткъуы. Хæфс — йе рагъыл.
Цырддзастæй
фæлгæсы алырдæм: дзæнæты дуне, офф!
Цымæ хъæзуат хæсты нæ Зæххы къори байста
уымæ йыл райгондæй бæхбадт кæны Адольф[1].
*2008*

* * *

Сæтæлæг... Æрхуымæй кæсын,
хæлæггæнгæ, уарзгæ, йæ фæстæ:
куы фæразин ме 'ккой хæссын
æз уыйау мæ цæрæн, мæ бæстæ...
*2007.10.02*

## КОММУНИЗМЫ ÆНДÆРГ

Нæ размæ бадт йæ гамхуды. Уыдта нæ.
Йæхицæн та цæстæй нæ уыди хай.
Хуыдтам-иу æй нæ уды бонтæ, н' амонд,
йæ фенынмæ нæ быцъынæг тыдтам

---

[1] *Адольф Гитлер.*

æмæ цыдыстæм цинифтыгъдæй размæ,
цыдыстæм азтæ, не стыр ныфс нæ хаста…
Уæд дын æм иу хатт баввахс ыстæм — федта
хъæддæгты æрдонг, иблисы цот, маммтæ
æмæ йæ уд йæ къæхты бынæй ауад
æмæ лыгъд радта. Хауæггаг фæци.
Æндæрг дзы рауад. Ларрæйау дунетыл
æдзæрæгæй-æмæлæгæй хæты…
*18.07.07*

## ÆХСЫНÆН

*О цветок, примером взявший солнце!*
*М. Павликовска-Ясножевска*

Кæнын дыл дис. Кæсынтыл дæм фæдæн.
Дæ чъилæй арвмæ мин-мин аппы худы.
О, зонд-зонæн у де 'рхъуыды лæгæн:
уындæй уа, кондæй — бафæзмыдтай хуры.

Дæ уидæгты хъæддаг улæфтæй зæнг
фæрæдæнг и, цæрдуд цырагъ ысдардта.
Рæдауæй бонмæ бафтыдтай дæ «зынг» —
о, хурмæзилæг йе 'цæг куыст ыссардта.

Мæ хуымы паддзах, обауæй зыны
дæ дидинхауты артæнгæс коронæ.
Кæсы дæм хур сæууон арвы кæронæй —
дæ сусæг уарзон. Цинтæ дыл кæны.
*2009.12.04*

## ФÆЗЗЫГОН ЗАРÆГ

Гæрæм фæззæг, гæрæм...
Æд уæргътæ та æрфардæг.
Йæ фæрцы та цæрæм —
нæ дарæг у, нæ зарæг.

Фæндтæ, фынтæ нывæнд,
æндæр цы домыс махæй!..

Йæ фидыц сафы хъæд,
уый бавдæлон и маргъæй.

Кæнæм дын, фæззæг, кад.
Фæлæ у зæхх фæллад, —
цы йæ марыс фæздæгæй?
Æрхастай йын бæркад, —
ныууагътай йæ бæгънæгæй.
*2005*

## ЗЫМÆГОН ХУРХÆТÆН

Судзины бынау ныкъкъаннæг и бон,
бавдæлон тавсæй, йæ рухс ма — мæнгæфсон.
Ацыд мæ цæугæ цард, фестади Знон.
Нал цæуы риуы (цы кæнон, куыд уон?)
удæн йæ утæхсæн, удæн йæ фæсмон.
Судзинау сфæлахс и смæллæг и бон,
мæ 'ндах æнарæхстæй ласын йæ быны,
ласын, æвзарын мæ тыхтæ, мæ бон —
рухсы цъæх гæппæлтæ хъавгæ рæхсон...
Цины фæг урс тæпп мæм нолау фæзыны.
*2008.21.12*

* * *

*(Хьюго Левенстернæй)*

Уæрæсейыл уæлахизгæнæн нæй:
Тыхгæнæг дзы ныммæлдзæни сыдæй.
*2005*

## ХÆДЗÆРТТÆ-РÆДЗÆГЪДТÆ

*(Альфонсинæ Сторнийæ)*

Къуымтæ, рæбынтæ,
систы 'фсон къæй-цæндтæ —
цыппæрдигъон æддæгуæлæ хæдзæрттæ,
рæнхъæвæрдæй дзæнхъадурты рæдзæгъдтæ,
цæргæ дæр дзы — цыппæрдигъæттæ — удтæ,

цыппæрдигъон — сæ цæсгæмттæ, сæ худт дæр.
Æркалди знон æнæбары мæ цæссыг
цыппæрдигъон,
æмæ фæдæн къæмдзæстыг.

## БЕСЛÆН. 2004

Лæппын æнус нын азылди нæ лæппынтыл,
нæ ныфсытæ нын срæдывта сæ рæбынтыл.
*2004*

## ЗÆХХЫ БИЧЪЫ ТЫХХÆЙ

Зæхх йæхæдæг бикъ у, мах та уымæ
бичъы босæй баст ыстæм æнусмæ.
*2003*

## ДЕНДЖЫЗ

Ам æвзары алчи дæр йæ тых —
уылæн калы уылæныл йæ пырх.

Уылæны тыхтæрæнты фæтæр! —
сурыл дзы нæ аззайы фæд дæр.

Ацы тох кæмæн æрхæссы цин?
Малæн йе 'нцой чи халы, цы зин?

Оххай-гъе, цæмæй фæрсыс, бецау?
Царды фæтк — ызмæлд æмæ быцæу.

Цард нæ суры, ахсы нæ мæлæт.
У нæ сæр нæ кой æмæ нæ мæт.

Арфмæ ма дзур, ма дзы агур дзуапп,
Арвмæ, Арвмæ — алцæмæн йæ апп.
*2006*

* * *

Фыццаджы-фыццаг фестдзынæн ælыг,
ыстæй мæ рыг ыскæлдзæни, мæ рыг.
Мæхи цæссыгæй арæзтон мæсыг,
мæсыг мæхицæн... Ма-иу кæнут хъыг.

## ВАРИАЦИ ЛЕОН де ГРЕЙФФЫ ТЕМÆЙÆН

Уыдис уый иунæг исдуг, иу:
мæ уд дзы баззадис æнусмæ.
Ныр нал ис ирвæзæнтæ — ниу,
мæнæйуый, тайдзынæ йæ рухсмæ.

Æрмæстдæр иунæг исдуг — уарзт
ыссыгъд æваст æмæ æнусмæ...
Кæрдæгхуыз, уалдзæгау, йæ каст,
фæлурс, сæузæринау, йæ рустæ.

«О, уый мын бауарзæд дæ цæст,
æрмæстдæр иунæг хатт, цы зæд дæ,
дæ былтыл андзæвон æрмæст», —
куырдтон дзы, кодтон ын лæгъстæтæ.

...Æрцыд, — о, диссæгтæ! — мæ фæнд,
æмæ фæдæн дзыхъмард йæ зынгæй.
Фæлæ мæ раздæхта мæ зæд
мæрдтæй — Цыкурайы фæрдыгæй.

О, Исдуг, иу Исдуг — зæрин...
Йæ фæрцы, — цас фарн æм и, цас тых! -
æз цардæн бамбæрстон йæ «хин»:
æнцайы ацы дуне уарзтыл.
*2009.10.04*

## ФРАНСИС ЖАММÆ ГÆСГÆ

*Мæнæй ды дард дæ, Францы поэт Жамм,*
*нæ рыстытæ фæйнæ дуджы фыстам.*
*фæлæ цы давынц Афон æмæ Дуг? —*
*Ды — ме 'фсымæр. Æмзæрдæ стæм, æмтуг,*

Мæ Ныхыфыст-иу амыдта мæнæн:
бынтæ фæкæн. О, бирæ бынтæ скæн!
Æмæ фæкодтон сусæгæй бынтæ,
мæ бынтæ та — Сæнттæ æмæ Фынтæ.

Сты удыхостæ — уыдонæй цæрын.
Фæлæ бынхор дæн, ауæрдæнтæ — нæй!
Æмæ куы бауон иуафон хæрзбын,
хæрзбонтæ уæд, цæй лæг ма и мæнæй?
Мæ «гонтæ» — «дзаг», мæ рæбынтæ — гаффутт,
мæ хъус æрцахсы сусу-бусу, худт…
Æнæмæтæй (дæ риуы нæй фыдæх)
сæнтты бæстæй зæдты бæстæм фæтæх!
*2009.05.01*

## ПОЭТ, МЫДАДЗЫН ЦЫРАГЪ, ЗЫНГГУР ГÆЛÆБУТÆ ÆМÆ ХУР

*(Балладæ,)*

Къæсæргæрон Хур-уазæг лæууыд,
урс æнгуылдзтæй бакодта уæздан хост.
Уæууа, уатæй дзуапдæттæг нæ уыд,
æмæ Хур фæджих и: циу, цы аххос?

Хур нын не 'взаг не 'мбары: зæгъид, —
Хуры 'взаг тынтæй нывæст у, рухсæй.

Скатай Хур, фырадæргæй ныйирд:
къæс лæууы æрвдзæф уæйыгау хъусæй…

Цардис ам зæронд поэт Астан —
уыд хæрз иунæг, бархи уд, æрвдзæрæг,
бонзонгæ, æнæхин гуырд, уæздан,
мæргътæн, сырдтæн, адæмæн хæрзгæнæг.

Малусæг, джыджынатæ, хæрис,
сауцъиуты, ныгъуылиты хъæлæстæ —
систы-иу йæ цин æмæ йæ дис,
ради, буц уыд алкæмæн йæ хæрзтæй.

Уд — нæрæмон, монцифтыгъд æдзух,
стæхы арвмæ Хурты Хурæй раздæр:
урс тынты дзыхъхъынног дуне тух —
уый сæ сæр йæ куыстæгтæн, сæ уаздæр!

Бонвæндагыл, дард ма уыди Хур,
ссыгъд йæ уаты бур цырагъ — зæринтын:
йæ-мардзæ, гæлæбутæ зынггур
бæйдыдтой сæ тæнбазыртæ тилын!

Размæ, размæ, рухс дзæнæтмæ тагъд! —
систы дуне тарф фынæйæ райхъал,
бур цырагъмæ ерысæй — сæ тахт,
уый — сæ монц, сæ удыхос... сæ адзал.

О, сæ зæрдæ мæйдары фæцъæх
æмæ систы рухсимæ æмудтæ
стыр поэт, гæлæбутæ-гæбултæ —
ахæм у сæ æрдзы уаг, сæ уæх.

...Къæсæргæрон Хур лæууы тыхстæй,
урс æнгуылдзтæй бакæны уæздан хост, —
уазал къæсы удызмæлæг нæй,
æмæ Хур фæджих и: циу, цы аххос?

Уатмæ бакаст арæхсгæ 'мæ федта:
астæрдыл гæлæбутæ — зынггур
арыдтытæй; разагъды поэт та —
йе стъолыл гæххæтт-рæдзæгъдтæ-йедтæ —

мардæй бады се ‘хсæн, æмæ Хур
гом цæстытæ ауыдта сæумæйæ.
Кастысты кæрæдзимæ сæццæйæ
мард поэт,
мыдадзын цырагъ,
Хур.
*2009. 21. 03*

ИКЪАТИ Авдул

# *РАДЗУРДТӔ*



## КЪУРЦДЗӔВӔН

- Ӕгас нæмæ рафестæг уо! – Тузар, радиой нидæн гъæлæси уæгмæ æ лæмбунæг гъосдард фескъунгæй, къелайæй фæссæррæт пæстæ æма æ фæтæнтæ цъæх трусикки комбæл хæрдмæ исхуæстæй.

- Иуазæгуати нæмæ еске рафестæг æй? – Даухан æ рæхæссун фæуyагъта æма æ фийии кæронбæл ауигъд кæсæнцæстити тумбул æвгити сæрти фæййирд æй Тузармæ. – Дæ бæгънæг зæнгитæбæл ести искъуæрæ. Атемæйти дæ ка æрбаййафа, е нæбæл æмбесæндтæ æримисдзæй.

- Не ‘мбесæндти карæ фæсхонх ранигулдæй, - Тузар æ мæлдзой усхъитæбæл уæгъдæ гæлст даргъдус хæдонæ æ фуцъулуз реугудурмæ æнгом балваста æма, къæразæй тургъæмæ рауозгалгæй, æ къох, æнæнвæрсонау, уæлдæфи æррæтигъта: – Ке багъудан, ка нæмæ цæуй?

- Мадта уотæ æхсицгон кæбæл ниттабедзæ дæ? – Даухан æ судзийни архайд фетингдæр кодта. – Дæ медбунатæй уæрццау ку фесхъиудтæ.

- Экономикон къурцдзæвæн мин æ агъазиау аркъауæй мæ лæбæзти науæртæ æвеппайди фелхъивта, - Тузар æ уорс бецъотæ нихунбæл бацибæл æй.

- Къурцдзæвæн мондаг ма ан? – Даухан æ къахи скъелтæй нийнæфтæй.

- Уомæй ба ибилисти бафæрсæ, - Тузар радиомæ амонуй. – Фæсарæнти нез Уæрæсемæ дæр æрбасмуста. Фал, дан, мацæмæй тæрсетæ… Нæ паддзахадæмæ, дан, уой фагæ тухтæ разиндзæй. Кæд, дан, нæ адæми фулдæр хай æгустæй райзайдзæй, уæддæр, дан, син ести хуасæ ердзинан.

- Æцæгтæ дзорис, æви?.. – Даухан Тузармæ уозгалуй. – Æз си, аци зæнхæбæл ци нæма бавзурстан, уæхæнæй неци уинун. Æгуститæ нæмæ хъæрæу биндзитæй арæхдæр ку иссæнцæ, уæд дæ деси сæр цæбæл æй?

- Ци еугай заводтæ, фабриктæ ма нæмæ æзмалдæй, уони колдуæрттæ нихгæнунæй дæр тæссаг æй, - Тузар, радиойæй ци хабæрттæ базудта, уони къæртгай æфтауй. – Уой бæрцæ косæг тухтæ ци фæеууодзæнцæ? Ка сæ дардзæй?

- Цалдæргай æнзтæ кустмондагæй ка цæрддзо кæнуй, етæ ба кутемæй æфсадунцæ сæ губунтæ? – Даухан æ билæ искъуæрдта. – Æстонг анзæй нæ Хуцау бахезæд, уæдта алке æнæ ирисхъæ нæ`й.

- Айдагъ ирисхъæй, цума, бери фагæ нæ уодзинан, уотæ дæмæ нæ кæсуй? – Тузари æрфгутæ къумæлхий радардтонцæ.

- Адæми кой кæнис, æви?..

- Мах ба еци адæмæй нæбал ан?

- Гъо, еу уæлдæфæй уолæфæн. Уонæн сæ рæугутæ ку бампулонцæ, уæд еци игъæндæнæй мах дæр еуварс нæ райзайдзинан.

- Фæсарæйнаг къурцдзæвæн, дан, æмбони нæ фендæкъæс уодзæй, - Тузар æ нарæг даргъ æнгулдзитæбæл рахуæцуй æма кезугай сæ къурцгъæр райгъусуй. – Цалдæр анзи æнгъудæй нæмæ рагоц кодта, уой дæхемæ бафинсæ.

- Мæ хæрæг ратæра… - Даухан æнæбари байдзулдæй. – Нурмæ дæр хъалти æмрæнгъæ нæ лæудтæн. Уæдта, æнгъæлис, ци бацардан, уомæй ма фулдæр бакайуйнаг дæ?

- Айдагъ нæ дзæхæрадонæй дæр нæхе фæддардзинан… Мæ незти баркъи хъæбæр идард фентъохдзæн, - Тузар æ нарæг хъур исивазта. – Нæ фиддæлтæ зæнхи сойнæй ку тæлфтæнцæ, уæд мах уони фæдонтæ нæбал ан?

- Æз дæр мæ маргъи куст нæуæгæй æ къæхтæбæл æрæвæрдзæн, - Даухан фæццурд æй. – Æйкитæ æма карки фид нæ фингæбæл æгæр дæр ма исфедаудзæнцæ.

- Цæнхæ æма дзоли фагæ ба нæ пенсий мортæ кæд исуонцæ, - Тузар сагъæси бацудæй. – Аллихузон хуастæ ба ма уæд цæмæй æлхæндзинан?..

- Цидæр пакетти кой ку фæккæнунцæ? – Даухан æхе фæззилдта Тузармæ. – Уонæмæ нæ не 'рух раздахун багъæудзæй.

- Æндæр гæнæн нæййес, - Тузар Даухани уæлгъос фæхъхъел æй. – Мæ хæлаф мин кæдмæ рæвдауйнаг дæ?

- Цалдæр сунккей фæсте дæхе уæд, - Даухани æнгулдзити архайд фæццурддæр æй. – Гъа, ирайгæ си уо… Æййевæн хæлафи мадзал дæр дин куд нæ гъæуй?..

- Мæ фагæ бал æй, кæд дин уосгор лæхъуæн нæ дæн, - Тузар, æ нæуæг рæхæст хæлаф цурдгомау æхебæл искъуæргæй, æ ронбаст кæронмæ балваста.

- Дæ ахсæн дæ астæуи стæгбæл ку бамбалдæй, - Даухан Тузари фæсонтæ фæлмæн бансуфта. – Æцæг кафæги гурæ дæбæл [illegible]

- Мадта мæ дæхе хузæн æнæ тæли боцикъа æнгъæлис? – Тузари [illegible] дæндæгутæ фæззихъир æнцæ.

- Хуарз нæ ги бийнойнаги бакаст бæркадгин фæууй, - Даухан æ хъуыр æ Тузари æхсæн [illegible], æма, дзуапп æнгъæлдзауæй, цæлдæрау лæууй.

- Гъома, æнгъæлис, хуарз уасæнгæ ба… - Тузар ма цидæр æнгъуйнаг адтæй, фал æ гæмæх сæр уæззау батилдта. – Уæддæр аци къурцдзæвæн… Мæ зæрди ауиндзæнтæ мин никкалдта.

- Æгирид дæр си мацæмæй тæрсæ, - Даухан нифситæ æвæруй Тузарæн. – Е ци 'й, уой зонун дæ фæндуй?

- Бæргæ, - Тузар æнæгъæнæй дæр гъостæ фестадæй.

- Е ба æй, цæмæй мах никки æновуддæр уæн кæрæдзебæл, уомæн æнæнгъæлти рахуæцæн.

- Нурмæ ба кæмæй фуддæр адтан?

- Некæмæй. Къурцдзæвæни фæззиндмæ ба нæ еу иннемæн уодзæй агъазиаудæр фæххуæцæн. Нæ зунди мухцур бунтон исеу уодзæй. Æма нин уæд фæсарæйнаг къурцдзæвæн нæ, фал Мамайи æфсæдти бон дæр неци бауодзæй. Фегъустай?

- Дæуæй - мæнгæ, Хуцауæй – æцæг.

- Мæ мард мадистæн…

- Ду еци къурцдзæвæнмæ куд уæлæнгай цæстæй кæсис, уотæ уолдзæн æй ма 'нгъæлæ. Æ уедæгтæ, дан, маргæйдзаг æнцæ. Нокæвбæл æма нецæбæл ауæрдуй. Уæдта, дан, си гъама – гъоматæй нæ фæйййервæздзæнæ. Æ фæстаг цæбæл ниллух уодзæй, уой ба, дан, нерæнгæ неке ма зонуй.

- Арв куд нæруй, уотæ нæ цæвуй, - Даухан æ амонæн æнгулдзæ æ къæдзæ фиййи буни æвзедæгау батилдта. – Еугай гæрæхтæй ка фæттæрса, уæхæн адæми муггагбæл не скъобалæ 'й.

- Æ хæлаур ин федар бундор æрæвардта, - Тузар æ гъудий ханхæй нæ хезуй. – Æ тунтæ идæрдтæбæл низзилдæнцæ.

- Циуавæри хæлаур? – Даухан Тузари æнхæст нæ лæдæруй.

- И цъæхæй зæгъун, - Тузар, æхца нимайæгау, е 'нгулдзитæ кæрæдзебæл хафуй.

- Доллæрæй?.. Дæлзæнхæ ку фæууидæ! – Даухан æ хæмпос къалостæй пъоли фæйнæг æрхуаста. – Уой нин ка бавзарун кодта, е фудфæндæгтæбæл æ рондз рæдзæгъдгæй фæххелæд!

- Нæхе æхцабæл гъæдини ном исбадтæй, - Тузар стъоли кæронæй фелваста гъæдиндзити цопалæгонд. – Аци содзагæ халæн дæр базари нæхе сомтæй нæ, фал доллæртæй аргъгонд цæуй… Алци дæр доллæрти тæразæбæл æвæрун райдæдтан.

-Уой ба мин амонун нæ гъæуй, - Даухан Тузари гъудити фарс рахуæстæй. – Кæддæр еци доллæр нæ соммæ бунæй хердмæ кастæй, нур ба ймæ Уазай цъонггæй фæлгæсуй… Æлдари бунат æрахæста…

- Цалинмæ еци цъæх гъомурунæй фæйййервæзæн, уæдмæ ни неци рауайдзæй, - Тузар æ медбунат искатай æй. – Æз ин æ бицъинæг бæргæ исрæдовинæ… Æз си фунукдон бæргæ райаразинæ…

- Цæбæл де стгутæ телис? – Даухан Тузари цонг райахæста. – Дæу хузæнттæ уомæ нимади дæр нæ 'нцæ. Æ нихмæ еугай-дугаййæй зин хуæцæн иссæй. Æрсабур уо. Æ сæрбонсбæл ин аци 'рдæмæ ка 'рбахуæстæй, уонæй кæд еске фæссæрæндæр уидæ.

- Гъо, нæ мæтæй сæ хуссæг дæр нæбал ахæссуй, - Тузар фæззуст ласта. – Æ рæдудбæл си ескæд еске басастæй? Ескæд си еске æфхуæрд баййафта? Сæ ацъагъуæ – метин мæсгутæ аразун. Нифситæ æвæрунмæ – тъайлаг дæснитæ. Атемæйти искунæг унæй дæр тæссаг æй… Æма нæбæл и сау халон æ базуртæ фæндон ку æрæвæра, уæд бунискъуд нæ кæнæн?

- Дæхе гъезæмарæй ку нæ марисæ, - Даухан баурдуг æй Тузармæ. – Нæ кæддæри еумæйаг Цæдеси фехæлдбæл дæр дæ

нервтæ бахуардтай, æма си зæрди незæй æндæр ести рамулдтай? Нур дæр – гъе уотæ.

- Рæдуис, нур бунтон уотæ нæ 'й, - Тузар нæ сæттуй. – Нур къурцдзæвæни бахаудтан, гу-у-ук, къурцдзæвæни!

- Гъома ин ци мæ бон æй? – Даухан æ къохтæ фæйнердæмæ фæххаста. – Фудгин æз дæн?..

- Æ раседгутæ идарди бадунцæ, фал а нæхеуонтæ уотæ гумудза цæмæ 'нцæ? – Тузар æ тумбул къохæй стъол æрхуаста. – Сæ тенкатæ ци мурхунцæ, æви сæ æндзуг æрахæста? Еци къурцдзæвæни нæ арæнтæбæл цæмæ æрбауагътонцæ?! Æмгъæлæсæй син бæрзонд къæлæттинтæ ка балæвар кодта, еци коммæгæс адæми гъезæмари цæмæ багæлстонцæ?!

- Дæ пластинкæ баййевун афони нæма 'й? – Даухан, Тузари фæуууадзгæй, дуармæ фæннæхстæр æй. – Мæ гъостæбæл, цума, кедæр къахдзæф рауадæй…

- Æмбæлуй уæмæ? – тæрвазæбæл, æд цумæдан æма сувæллон, æрбафæццудта Зæринæ.

- Кæцæй фæддæ? – Даухани цæститæ дони разилдæнцæ.

- Мæ райгурæн уæзæгмæ мин фæндаг амонун гъæуй? – Зæринæ ку [illegible] кæнгуй, ку – æ фиди.

- Дæ фæууиндмæ рагæй бæлдтæн… Мæ фуни дæр ма дæ [illegible], - Даухан, Зæринæ æма Тузари цийнæгæнгæй фæуууадзгæй, [illegible] архайуй. – Рацæуай нанай гæбомæ… Мæ [illegible], мæ зæрбатук…

- [illegible]? – Тузар æ къохтæ Даухани гъæбесмæ куд байвæрта, уотæ сувæллони кæун райгъустæй. – Гъо, гъо… Ма ми тæрсæ…

- Даргъ надбæл бафæлладæй, æма æ кеми нæ 'й, - Зæринæ сувæллони æхемæ райста, æма 'й хуссæни, фæлмæн гъæццоли буни, рæниурста. – Булла-булла, дæгетæ… Уайтагъд æрбафунæй уй… Æнцон дарæн мин æй.

- Е дæр хуарз, фал дæ махæрдæмæ и кæеци изæд исардудта? – Даухан æ кизги уиндæй нæбал æфсæдуй. – Кæмæ си баковæн, ке ном си иссерæн?

- Раст гъе, исардудтонцæ мæ, - Зæринæ æ сæр æруагъта.

- Ести фидбилиз?.. – Тузари цæстингас фæббæгъет æй.

- Ма нæбал æй римæхсæ, - Даухан Зæрини фæлмæн уадæлттæбæл æ арми тъæпæнтæ фæррæсагъта.

- Римæхстагæй си неци ес, - Зæрини зæрдæ исхъурмæ 'й. – Рахецæн ан…

- Мæнæ цитæ игъосун?! – Даухан æ сæри фæрстæ нилхъивта.

– Ахмæт дæ æ уодæй фулдæр ку уарзта, уæ дзурд уæ кæрæдзебæл ку бадтæй, уæ цард муди къосау ку тулдæй, уæд уæбæл ци бæллах ырцудæй?

- Ахмæтæй ба уой æнгъæл н'адтæн, - арф нийнæфтæй Тузар.

- Æхе фудæй си неци ес, - Зæринæ æ цæстисугтæ сæрфуй. – Мæн фудæй дæр – уотæ.

- Мадта уе 'хсæн ка бабурдæй?! – Даухани цъæхахст гъæр ниййазæлдæй. – Ке мæкъустæг бахсинон?!

- Мæхуæдæг дæр ин неци лæдæрун.

- Гæр, дæ сæр дæ уæле нæбал æй?

- Æ кустæй фæххауæггаг уогæй, æ мæститæ арахъæй есунбæл багъомпал æй… Ихæсти буни ранигъулдан..

- Дæхе бон уой дарун нæбал иссæй? Зиндзийнæдтæн бухсагæ ку дæ.

- Бæргæ, фал мах кустуат дæр ку фехалдæй, уæд хæлеу гъæлæсæй райзадтæн. Ести бунат иссерунбæл ма райархайдтон, фал алли рауæнæй дæр сунтæхъелæй фæффæстæмæ уинæ. Мах, дан, нæхе косгути сæ хæдзæрттæмæ ку 'рветæн, уæд ма, дан, нæ ду ба цирдæмæ багъудтæ.

- Сæйраг сахари косæн бунæттæ нæбал ес?

- Ес, фал си æз æма Ахмæти хузæнттæ нимади дæр нæ 'нцæ. Цæйбæрцæ æгуст адæм си фæззиндтæй, уой ку зониайтæ. Аци æнæхаири финансон къурцдзæвæн нæ гъе уæхæн уавæри багæлста.

- Дæхе гъостæй игъосис?! – Тузар Дауханбæл фæтъттъæлланг ласта. – Ду ба мæ сæнттæ рæдзæгъдун æнгъалдтай! Еци къурцдзæвæни æстъалд дæхе цæститæй уинис?!

- Æ фиццаг уайæнтæ мæ къæси равзурстæнцæ… - Даухан æ тæрегъæд цæстингас Зæринæй нæбал есуй. – Ахмæти ба уæ фатери ниууагътай?

- Циуавæри фатер? – Зæринæ æ мади фарстайæн фарстайæй дзуапп дæттуй. – Аллихузон уæззау хъалонтæ цæмæй исæхгæдтайнæ, уомæн нæмæ цъасæ капекк нæбал байзадæй, æма нин уæййаг фæцæй.

- Мадта сиахс кæми фæуүй? Дæ хæццæ 'й рахудтайсæ, - Даухан уатбæл рафæлгæстæй. – Уой фагæ бунат ма нæмæ разиндтайдæ.

- Æ кой искæнун дæр мæ нæ бауагъта. Ходуйнаг, дан, æй,.. Æма ку æ хæстæгутæмæ бахуайуй, ку – æ зонгитæмæ. Æ дуар ин ка байгон кæнуй, уонæмæ æхсæвеуатæй байзайуй… Æной ба ма

арахъи æвдулд нæлгоймагæй ка ци аразуй? Мæн дин æд сугъзæринтти баркъий хæццæ дæр нæбал гъæуй…

- Уотæ си истухстæ?

- Мабал мæ фæрсæ…

- Уинис?! Игъосис?! – Тузар бабæй Даухани уæлгъос фæхъхъел æй. – Еугæр еци къурцдзæвæн æвзонг бийнонтæмæ бавналдта, уæд æхсæнади къахист фæккиудтæй! Уой зонæ, æма нæ ке ниппапулæнттæ кæндзæй!..

- Дæ гъæрзунæй нæма бафæлладтæ?! – Даухани маст бунтон райрадæй Тузармæ. – Лæг дæ, хæдзардар лæг, æма и къурцдзæвæнæн ести æримисæ!..

- Еци сувæллон æнæ уорсагæй ци фæуууодзæй? – Тузар, хуссæнмæ райамонгæй, цæхгæр фæззилдта æ гъуди. – Æхсир æй гъæудзæй? Æнæ уомæй ба куд? Ести мадзал ин гъæуй…

- Ести нæ, фал гъоги мадзал! – Даухан фæйййарæхстæй. – [illegible] синхи, дан, кадæр æ доцгæ гъогæй исгъигæ 'й…

- Аци [illegible] имæ фæууайун! – Тузар æрбабæлццон æй. – [illegible]. Ци къурцдзæвæнмæ бахаудтан, уой [illegible], [illegible] иръзгæ уодæн батæрегъæд [illegible]…

- [illegible] – Даухан, Тузарæн фæндараст [illegible], [illegible] – Мах ба, цæуæнай, нæ [illegible], нæ [illegible] æркæсæн… Нæхуæдтæ [illegible], уæд нин, мæ мард мадистæн, фæрсæй ба неке [illegible]…

## БÆРГÆ

- Исæфун… - Руслан, цума æ нарæг усхъитæн фертæсунæй тæрсуй, уоййау сæ кæрæдземæ нилхъевуй.

- Æз ба ма уæд ци зæгъон? – Лаврент æ листæг зæнгитæбæл дзоццæги 'рбадтæй.

- Ду æхсист дæ, - æ бауæри диз-дизмæ истæлфуй Руслан.

- Мæн уайæнти рауайæ, уæдта дæмæ æркæсдзæн, - æ уазал æнгулдзитæ æуууæрдуй Лаврент. – Ду ма мæ рази цъæхулахуар дæ…

- Дæхе ахургонд нæ дæн? – Руслан ниддудæгътæ 'й.

- Нуртæкки дæ тъæпп зæнхæбæл исæмбæлдзæй, - Лаврент æ ревæд цæстингас исдардта Русланмæ. – Мæ фарсмæ æртъæпæн уо… Атемæй æнцондæр æй…

- Карк таунæги бадæгауæй ци пайда ес? – Руслан Лаврентмæ æмвæзадæмæ тухмадзæлттæй æртулдæй. – Никки ма уæхæн ауун бунат равзурстай, æма…

- Нæ рауæн – нæ уавæри æнгæс. – Лаврентий реугудур æ хъонгити фæттасæнтæбæл ниддæлгоммæ 'й. – Аци хузæнттæй кумæ цæуйнаг дæ?

- Мæ зæрдæ исхæссуй, - Руслан æ тули дадзинттæ е 'нгулдзути тумбул зилдæй сгаруй. - Аци хатт ма ку фæйййервæзон, уæд...

- Уæд ци? - Лаврент æнæбари байдзулдæй. - Æз уотæ цал хатти загътон, уал уодгоймаги нæ рæнгъити нæййес... Æ райдайун æнцон æй, æ ниууадзун - зинтæй...

- Уой зонгæй мæ аци миуæбæл цæмæ бафтудтай? - Руслан кæунгъæлæсæй дзоруй. - Дæ дзенет ауæхæн гъезæмæрттæ худтай?

- Мах къабази, зин нæ бавзаргæй, æнцон нæййес, - Лаврент Руслани мæкъурбæл æ уесæмгæс цонг райауигъта. – Ахæстдони уал анзи æрхафгæй мин, æнгъæлис, пакъу баз уидæ?.. Бабухстæн си, æма нур исуолæфтæн… Къахæй сæрмæ – мæхе барæ.

-Ду дæхе барæ бæргæ дæ, фал æз куд кæнон? – Руслан искатай æй. – Ме 'уæнгтæ мæ коммæ нæбал кæсунцæ, мæ сæр мæбæл зелуй...

- Гæдзæ, гæдзæ æма гæдзæ… - Лаврент æлхий æрфугæй, риндзæбæл бадæгау, нади фæззелæнмæ ниффуркъа æй. – Бафæразæ ма… Дæумæ гæсгæ, мæнæй неци ресуй?

- Дæхе мæнбæл барис? – Руслан тута бæласи буни æрхъан æй.

- Куд дин амудтон, уотæ исуолæфисæ… Дæ гъудитæ еуварсмæ сорæ, - Лаврент Руслани уадæлттæбæл балæудтæй. – Дæхе æрлæдæрæ…

- Мæ-æ-лун… - Руслан æ гæндзæхтæ телуй.

- Мæлунæн ма æвгъау дæ… - Лаврент æ ронбастæй водки авгæ фелваста æма ин æ ком Руслани гъæлæси фæтътъунста. – Гъауай… Фагæ дин æй…

- Мæрдти бæстæй мæ раздахтай, - Руслан, æ кеми`рцæугæй, æ цæститæй ракастæй. - Нурмæ ба дæ къохтæ баст адтæнцæ? Æной мæ де 'нсувæр ку фæххонис… Ци мæбæл æй римахстай?

- Дæубæл ци баримæхсон, е мæ фарси тæнæгæй фемæхсæд, - Лаврентæн, Руслани`нæуæг райгурд" уингæй, зингæ фенцондæр æй. – И тухгиндæр хуасæ нæмæ, зæгъун, кæд афонæбæл

исæмбæлидæ, фал… Цидæр æрæгæмæ зиннунцæ…

- Мæнæн дæр ма си еу хъуртт фæууадзæ, - Руслан, Лаврент водки авгæ цъирунбæл байеудагъ угæй, æхе раргъувта.

- Гъа… Дæумæ си фулдæр бахъæрттæй, - Лаврент, æ уæлдай Русланмæ дæтгæй, æ ивад билтæ растардта.

- Дессæгтæ… - Руслан авгæн æ буни гъæр иссæун кодта æма, бабуз къанауæй билæмæ батæхæгау, æ цъахи базуртæ ниттилдта. – Мæ бон ма цæрун æй…

- Мæн тог дæр базмалдæй, - Лаврент æрбадæ – исистæй нæбæл æфсæдуй. – Уинис?..

- Хуцауæн табу, - Руслан æ нарæг зекъæ исивазта. – Æ къох нæбæл нæма ракъуæрдта.

- Уой ба, æз дин ку н 'адтайнæ, уæд фæууидтайсæ, - Лаврент Руслани нихъхъури кодта. – Хуарз æма ревæдæй нæ рацудтæн… Седзæрæй райзадайнæ… Кафун дæмæ нæ цæуй?

- Кутемæй æй базудтай? – Руслан æнгулдзæхти уолæнти бахаудтæй.

- Осса… - Лаврент Руслани алфæмбулай зелæнтæ нивæндуй.

- Мæ хъуæццæ искалдæй, - Руслани хæстуолæфт цæуй.

- Мæнæн дæр, - Лаврент æ хеди 'ртæхтæ тæрнихæй зæнхæмæ æрлæмаруй.

- Æнæхурæй фæнтобан унæн берæ нæ гъæуй, - Руслан бæласи [illegible] æ фæсонтæ бауагъта.

- Медта сценæбæл уой бæрцæ рæстæг куд фæффæразунцæ?.. Никки ма сæ къахи фийтæбæл… - Лаврент бæласи уæлзæнхæ ставддæр уедагæбæл æрбадтæй.

- Алци дæр ахурæй æй, - Руслан Лавренти уæраг æ къалоси циргъæй бансуфта. – Ду ба куд зæгъис?

- Еци зундгин гъуди ма кæмæйдæрти фегъустон, - Лаврент цидæр ахсгиаг фарстабæл æ меднимæр ке тухсуй, е бæрæг æй æ нидæн æма ивазгæ дзуаппæй. – Мæн пайдайæн си неци ес.

- Уæд цæмæннæ? – Руслан æ хинцфарст багæлста.

- Уомæн, æма мæ ахури æнзтæ раги банигæдтон, - райгъустæй Лавренти фæлмаст гъæлæсиуаг.

- Де 'взаг ранихъуардтай? – Руслан цæмæдесæй фæрсуй. – Ауæхæн мæтъæлæй дæ некæд фæууидтон.

- Мæ ресагæдæр сункъæмæ мин бавналдтай, - нийнæфтæй Лаврент.

- Хæстæг дæмæ ку нæ бацудтæн, уæд цæмæ саис? – Руслан

Лаврენти дæлгоммæ гурусхитæ сорунбæл архайуй. – Ме 'нгулдзæй Дзæбæл ку нæ бамбалдтæн, уæд дæ сункъи ристæн æз ци фудгин дæн?

- Ду си кæдзос дæ, - Лаврент æ сæр телуй. – Фудгин æз дæн… Мæхуæдæг… Мæ ахур æрдæгбæл ку нæ ниууагътайнæ, уæд абони Немманай дæсниади хецау уинæ… Ме 'мкурсонтæмæ бакæсæ – Ахцагæнæн бунæтти парахатæй бадунцæ, сæ буни – фæсарæйнаг хуæдтолгитæ, агъазиау хæдзæртти сæмæ бæркад – парахат, сæ къумтæ сабийти цъæхахстгъæрæй – æмидзаг… Æз ба ци дæн?.. Ке гъæун?.. Саст къуæцæл мæ номбæл ку некæми ес, уæд мæ фæсте ци гъæуама байзайа?.. Ахæстдони уазал фæрстæбæл мæ къохфинститæ?.. Æндæр мæмæ раппæлуйнагæй неци æртумбул уой. Уотемæйти мæ царди фæззæгмæ фæххелун…

- Дæ фæдонти цæсти куд уæлиау æвæрд дæ, е ба дæмæ неци кæсуй? – Руслан фæццурд æй Лавренти лæкъун имисуйнæгтæй фелвасунмæ. – Дæ алли исдзурдмæ дæр гæппæрвонгæй ку лæуунцæ, уæд уой нецæбæл нимаис? Сæ ниййергутæй сæмæ ду хæстæгдæр дæ. Дæу фулдæр уарзунцæ æма нимайунцæ… Мæхуæдæг дин – хуæрзæвдесæн. Мæ седзæргæс мади кæугæй ниууадзун мæ бон æй, дæу зæрдихудти бацæуни бæсти ба мæлæтбæл дæр – арази.

- Уомæй ба ди уæлдай боз дæн, - Лаврентæн, цума ймæ сау мегъти ауунæй хори цъиртт багъардта, уоййау, æ бауæр баризтæй. – Гъулæг мин е æй, нæ рæнгъитæ кунæг кæнун ке райдæдтонцæ… Нæ уæлмæрдтæ мæ лимæнтæй байдзаг æй. Еу си иннемæй – кæстæрдæр.

- Зудикъа ун нæ гъæуй, - Руслан æ цонги фæттасæнмæ амонуй. – Ардæмæ си фагæй фулдæр ку бауадзай, уæд зæрдæ дæр дорæй конд нæ 'й.

- Дæхуæдæг ба еци ханхæ некæд фехалдтай? – Лаврент фæрсæгау кæсуй Русланмæ. – Уорсхалатгинти æнхус дæ некæд багъудæй?

- Къурцдзæвæни бахаугæй мин фегæр уй, æндæр дæ амундтитæй еуварсмæ нæ хезун, - Руслан æ хевæндæ миутæбæл басастæй.

- Цорк мизихъаг лухи медæг ку ниххæссуй, уæд æй цæмæй исгæлдзунцæ?.. Иннæ цоркæй, гултумуз, - Лаврент æ зундгин гъудийæй æхемæ ниццæй.

- Еци`иннæ цорк" дæмæ ку нæ уа, уæдта? – Руслан Лаврентиˋзæронд" дзубандитæмæ æррæхцуй.

- Уæдта си æфтауæнгъæдæбæл бадун нæ гъæуй, фал æй рагацау дæхемæ дарæ, - Лаврент, Руслани хуссæг ке райахæссуй, уой бафеппайгæй, фæгъгъæр ласта:

- Фегъустай!

- Мæнæ нур куд, уотæ? – Руслан фестъæлфтæй.

- Бунтон уотæ ба – нæ-æ-æ… - Лаврент гъæунги фæззелæнмæ уозгалуй. – Ауæхæн цау мæбæл фиццаг хатт æрцудæй… Айфонмæ гандзайæй æрæздæхун æмбалдæй. Гъе нур ди баруагæс æй, нæ зилди амалгъондæри дууæ фуртей нæхе ‘рдæмæ æрбасайун ке гъæуй, е? Æхца сæмæ – хопъалæмæ, алкæмæ си – æхе хуæдтолгæ… Фервистай сæ, æма уайтагъд дæ гъуддаг – цæттæ.

- Гъи, етæ дин сæ уæлдæр скъола уадзунцæ? – Русланæн, е студенти бонтæ æрбаймисгæй, æ цæститæ дони разилдæнцæ. – Кунæг нæ… Уæхæн фидæ син ес…

- Сæ зин – мæ къæппæгмæ æрбахаун. – Лаврент æ реугудур бахуаста. – Уой фæсте ба а-лæппой дзæмбути æрбунæттон уодзæнцæ. Самур куйтау, мæ фæсте зелдзæнцæ… Ка си ци ном хæссуй, е дæр си æрбайрох уодзæй… Ду дæр ма, киунгутæ дæхе уодæй фулдæр уарзгæй, мæ къанцци ку ‘рбадтæ, уæд еци дууæ ‘неунæри дæуæй æндондæр æнцæ?.. Э-э-э, мæ хуаллагæй еу хатт ка исæхуадæ, уомæн фæггалеу унæй мабал тæрсæ… Естæмæй рæдуйун?

- Фæссайдтай мæ…

- Цæмæй?

- Уотæ мин нæ дзурдтай, еу хатт си рафæлварæ, æма, дан, дæ æрдæмæ ку нæ фæццæуа, уæд цийфæнди фæуyo?

- Нур дæр дæбæл æз нæ хуæцун… Кумæдæриддæр дæ фæндуй – фæндараст…

- Денгизи бунæй уотæ æнцонтæй нæбал фелвæсдзæнæ. Бæргæ ма мæ æрфæндуй мæ кæддæри тæлтæг бонтæмæ раздæхун, фал мæ æппунæдзох мæ къæхтæ дæумæ хæссунцæ, дæу мæ фарсмæ ку нæ уинон, уæд уæнгмард дæн, æнæ нифс.

- Мæ кæстæр æнсувæрæн дæ хумæтæги равзурстон?.. Мах еу тог, еу æстæг иссан, кæрæдзебæл ставд цæггин рæхисæй баст æрцудан, нæ фæххецæнæн, кæд фæрсæй дзæнгæда цæгъдунцæ, уæддæр неке неци мадзал иссердзæй.

- Еске унаффитæмæ игъосæг нæ дæн, фал мæ кæстæр хуæрæмæ ба æргом бакæсун мæ бон нæбал æй… Бунæттон газзети ин æ уацгъуди ку бакастæн, уæд зæнхи скъуди ниххаунмæ æрцудтæн.

- Газзеттæ дæр ма кæсис? Ха-ха-ха… Уæхæн рæстæгисафæн миутæй æз раги райдард дæн.

- Æз дæр – уотæ, фал еци газзет ба æрæги мæ уати стъолбæл байййафтон. Еу уацгъудий кæрони си мæ хуæри ном ку рауидтон, уæд ма ин ци æнæ кæсгæ адтæй…

- Уагæр цитæ финста?

- Ма мæ фæрсæ… - Руслани зæрдæ рахъурмæ 'й. – Цæветтонгæ, ци адтæн æма цæмæ æрхаудтæн, уони си, айдæнæмæ кæсæгау, фæууидтон. Ескæд мæхе ке 'рлæдæрдзæн, уобæл мууæндуй…

- Рæдуйуй… - Лаврент, гъæунги фæззелæни зонгæ хуæдтолгæ рауингæй, тъæбæрттæй фæлледзуй. – Руслан, нæ дохтуртæ исхъæрттæнцæ!..

- ??? – Руслан, æ хулуй цæстингас Лавренти 'рдæмæ ниддаргæй, кæдæй-уæдæй байдзулдæй…

- Гъа, еу – дæуæн, иннæ – мæхецæн, - Лаврент игъæлдзæгæй фæффæстæмæ 'й.

- Цæй æрæгмæ цудæнцæ? – Руслан æ хай æ хъури буни раниурста.

- Сурхпъагонгинтæ син сæ къæдзелæбæл ниццæггаг æнцæ, - Лаврент æ дусгæрон истулдта. – Цалинмæ си æхца æрдугътонцæ, уæдмæ сæ къæлæт лæудæй фæддардтонцæ… Еци хабæрттæ махмæ нæ хаунцæ… Цæй, фæййагайдтан… Хуцау æй æвдадзи хуасæ фæккæнæд…

- Абонæй идарддæр мæ куд некæдбал багъæуа, уæхæн амонд мæ уæд, - Руслан Лавренти хуæдфæсте судзийни листæг кæрон æ тогдадзини фæтътъунста.

- Бæргæ… - Лаврент, æ ревæд шприц идардмæ низзуввут ласгæй, цъæх кæрдæгбæл радæргъæмæ 'й. – Фал ма уæд ауæхæн кайф кæд кæми æрахæсдзæнæ?

- Уæллæгъи, некæми… - Руслан Лавренти фарсмæ æрфæлдæхтæй. – Пуф-ф-ф, ци 'нцон мин фæцæй…

## ЕУМÆЙАГ ЛÆВАР

«…Зæй уæ фæласа, нæ тæрхоны лæгтæ, иу ма уæ фезмæлæд искуы лæгау!.. Искæй зæрдæ уæ дзыназгæ нырризæд, искæмæ бахъарæд адæмы хъыг…» - бæрзонд бæласæбæл рæстæгмæ ауигъд репродукторæй цалдæрæймаг усмæй ци зар игъустæй, уомæн æ уæззау цæхъалтæ æваст фескъудæнцæ, æма мегъæйдзаг

арви бунмæ сунтæхъелæй лæууæг адæм сагъæсхузæй æнгъæлдзауи каст кæнунцæ, уæзласæн хуæдтолги игон гуфи ци лæгти къуар батумугъ æй, уонæмæ.

-Къоста е 'мдогонтæн цæмæй тарстæй, етæ нæбæл абони, ех уарæгау, æгъзæлунцæ, - райгъустæй кедæр инæфт.

-Раст адтæй Хетæги-фурт, нæ цард ке ниффæркитæ 'й, уоми нæ фиййаутæ 'нцæ фудгин... Етæ нæ куйгæлдзæн билæмæ 'здахунцæ, мах ба, гулу фустау, нæ цуди уаг не 'халæн, не 'хсæн еу фæдесон нæма разиндтæй, - загъта дуккаг.

-Цума нæбæл пъæззу æрбадтæй, уоййау, нæ хурфитæмæ игъосунæй æндæр нецæмæбал арæхсæн. Атемæйти нæ исон ци бауодзæй, магъа... - æ уæззау мæти уаргъæй æ фарсмæ лæугутæн хай февардта иннæ.

-Мæнæ хуарз адæм, - хуæдтолги гуфи æвæрд микрофонмæ хæсдзæфдæр балæудтæй Азæмæт æма, æ фæйнæ фарсемæ Кермен æма Викторæн райамонгæй, æ цæстингас рахаста митинги архайгутæбæл, - сумах не 'ртемæн бафæдзахстайтæ, цæмæй нæ еумæйаг гъомурунæй фæййервæзæн, цæмæй, нæ дæрзæг, нæ дарæг, нæ уорамæг къохтæ нæ гаффот дзиппити тъунстæй, аци æгъдау бæстихайи фæсколдуар хæлеугъæлæсæй ма райзайæн. Уæ фæндонмæ гæсгæ нæмæ райгурдæй еу унаффæ, кæци гъæумукъ минутæй лæууй бунтон идард. Æ бундор ба æй нæ царди сæйрагдæр закъон, еумæйагæй æмгъæлæсæй ке ниффедар кодтан, æци сугъдзæринæ Конституци! Гъе, уой амундмæ гæсгæ уодзæнæй нæ абони æмбурд дæр! Уæ гъудитæ зæгъуни агъоммæ уин игъустгонд уæд, телоуинунадæй иуазгутæ ке хезæн! Уомæ гæсгæ ба уи корун, цæмæй уæ плакаттæ æма лозунгтæ бæрзонддæр дарайтæ, идардмæ дæр куд зиннонцæ, уæхæн æмвæзадæбæл! Нур ба дзурди барæ коруй... коруй... Табуафси, ке фæндуй фиццаг ун!

-Дессаг мæмæ кæсетæ! – Кермен, Азæмæти лихстæмæ еу дæр æ бунатæй ку нæ фенкъустæй, уæд нæбал фæллæудтæй. – Фæскъумти нæ, фал ауæхæн рауæн гъæуй нæ ресагæ фарстатæ урзгай æвзарун. Зонун æй, алкæмæн дæр уи æ зæгъуйнæгти баркъи рæдовунмæ æрцудæй! Уæд уи цæмæннæ неке исхезуй нæ размæ?! Æви ескæмæй, кенæ естæмæй тæрсетæ?!

-Æдас уотæ! – Виктор Кермени хъури фæббадтæй. – Демократи нин кæд берæ зиндзийнæдтæ æрхаста, уæддæр нин еу хуарз ба æ зæрдæ базагъта – ци дæ фæндуй, уой æргомæй дзорæ! Махæй еу дæр нæ паддзахади исконди нихмæ нæ 'й! Æ хъибиллæбæл –

...разиᴉ!.. Фал си нæ зæрдæмæ ци хецæн фæззилдтитæ нæ цæуй, уони туххæй ба дзорун фæразæ! Неке дæ бафхуæрдзæй! Æргом гъудитæ нивæндæ исонмæ дæр!..

-Æнæуæгтæ раст! – адæми 'хсæнæй райгъустæй лæпполæги ...васт исдзурд æма, микрофонмæ тагъдгомау исгæпп ласгæй, Виктори усхъæ бансуфта. – Æцæгдзийнæдтæ дзорис, Виктор! Адæймаги зæгъуйнаг къæппæги ке нæбал геуй, е устур лæвар æй. Фал, мæнæ хуарз адæм, гъудитæ нивæндуни фæсте ести хуарздзийнадæ ку нæ фæууинай, уæд е ба хуннуй дзæнгæда цæгъдун! Нæ митинги архайгутæй мæн ка нæ зонуй, уæхæн зинтæй разиндзæй. Мадта æрæги, устур хатир уи корун, бийнойнаги гъуддаг ке бакодтон, уомæн дæр уи беретæ хуæрзæвдесæн адтæй, зæрдтагон гагидæуттæ фæууагътайтæ, уæларвон тухтæбæл мæ фæдзахстайтæ!.. Идарддæр ба? Цæрæн ихуæрст фатери… Мæхе къæс исаразунмæ иснет кодтон, фал æгустæй ку райзайон, уæд дууæ æвзонг æнкъаййи ци гъæуама фæууонцæ?! Æз, ци кустуати исгъомбæл дæн, уой гъæбесæй ампъез дæр некумæ ракæндзæн! Кæд мæ марунцæ, уæд мин мæ гурæ аци тургъæй рахæссæнтæ!..

-Нæ боц хестæри мах уæнгæ исæргъувайтæ! – Азæмæт æ къох æрдардта, хуæдтолги гуфæмæ исхезунбæл ци рацæргæ нæлгоймаг исцибæл æй, уомæ. – Гъе, уотæ… Ами дæ…

-Ами рагæй дæн! – боц хестæр кустуати бæстихæйттæмæ амонуй. – Фæллойни ветерани уæнгæ си æрхафтон. Фатер дæр мин ардигæй равардтонцæ. Берæ кæстæрти си мæ дæсниадæбæл бафтудтон… Нур дæр ма неке фæсте байзайдзæн. Мæ размæ æвæрд ихæстæ, куд раздæр æнзти, уотæ нур дæр афонæбæл æма хуæрзгъæдæй лухгонд цæунцæ… Мæ хæдзарæ раги байагурдтайнæ, фал еуемæй мæ уедæгтæ ами 'нцæ, уонæй фæххецæн уогæй, берæ нæбал ратухсдзæн, иннемæй ба мæ къæси, мæхецæй æндæр, æхца бакосæг нæййес. Ес, Хуцауи фæрци, фал се 'уæнгти тухæ кумæ исаразонцæ, уæхæн бунат си еу дæр нæ еруй… Ци цард нин адтæй æма йбæл цæрун куд нæ базудтан! Нæ кустуати хецау Ермакмæ ку байгъосай, уæдта царв æма муди æвдулæн! Æ фиййи буни цитæ цæуй, уонæн ба сæ сæрти фæлгæсуй, некæцæй имæ зиннунцæ!..

-Уомæн æма æхуæдæг неци гъæуагæ 'й! – ниййазæлдæй æмбурди æхсæнæй. – Не 'мрæнгъæ æрлæууа, кæддæра æ фæрсаги муртæ усхъуммæ нæ фездухсиуонцæ!

-Уæхæнттæ не 'мрæнгъæ ке нæбал лæуунцæ, нецитæ уогæй

уæлæрвти ке тæхунцæ, мах ба син еци 'рдæмæ урух фæндæгтæ ке нийтигътан, ауæхæн æгудзæг къанцци дæр уомæн равзурстан, -боц хестæр, æ уорс бецъотæ радаугæй, арф нийнæфтæй. – Еци Ермак ами цæмæннæ 'й?! Æ косгутæмæ байгъосун æ сæрмæ нæ хæссуй?! Уæд ма е цæй хецау æй?..

-Худтан æй, фал нин нæ бакумдта, - Азæмæт нифсæрмдзаст æй. – Æз, дан, мæ рæстæг цъæхуæли не 'сафун. Уæддæр, дан, мæ фæндон нæ баййевдзæн…

-Æхе мин нæ зонун æнгъæлуй?! – фæззуст ласта боц хестæр. – Дууæ гъудиади кæрæдзей фæсте зæгъун ку нæ зонуй, уæд куд бандиудта уотæ! Еци бунат кутемæйти байахæста, уой нæма феронх дæн! Эх-х-х… И æнæхаири райарæзти æнæнгъæлти уолæн берæ тæнæг сæртæн фæббæзтæй! Уонæй сæ еу – Ермак! Уой цъаммар миутæ нæ нимайдзæн, фал æ дæлгоммæ гъудийæй ке неци рауайдзæй, уой ба уин игъосун кæнун, мæнæ хъонцгæнæг адæм! Мах фендæдуар уогæй, айбæрцæ бунтæбæл æрбада, уомæн уæн нæййос! Кустон æма косдзæн мæ ахур бунати! Е ба уин мæ радзубандий сæйрагдæр…

-Мæнмæ дæр байгъосетæ! – микрофонмæ, æ базуртæ фæйнердæмæ нийвазгæй, иуонгрæуæгæй истахтæй æвзонг силгоймаг. – Абони нæ оггъуд догæбæл цийфæнди æставд цæстисуг ку кæнæн, уæддæр ин раздахæн нæбал ес! Дзенети уавæртæ си едтæй, æнгъæл, ка дæруй, оцæ дæр бунтон раст нæ 'нцæ. Уомæн æма уæд дæр не 'хсæнади цард гъолон дардта! Еци дзаманæн, æнæмæнгæ, гъудæй, адæми хъисмæт рæуæгдæрæн ци сфæлдиста, уони æрбайесун. Еугæр си фенæхай ан, уæдта нæ гъæуй нæуæг уавæрти домæнтæн аккаг дзуапп дæттун!..

-Дæлтæ-уæлтæ дзубандитæй исгъигæ ан! – æмбурди 'хсæнæй райгъустæй кедæр бæзгин уайдзæф. – Ци зæгъуйнаг дæ, уой – æргомæй!

-Некæмæй неци дарун! – цъæхснаг гъæлæсиуаг нæуæгæй фæкъкъæрт æй. – Ермакки хузæнттæн се 'скъелтæ некæд æстардтон! Уомæ гæсгæ ба уин комкоммæ зæгъун: мæн разæй бал Ермак æгустæй æрбадæд, уæдта æз дæр – арази! Мæ сабийтæ æнæ рæвдауæндонæ уой фудæй райзадæнцæ! Мæ мизди морти æмбес мин хуæрзæрæги е æркъуæрдта! Мæн хузæн хæдзардар силгоймаг нур ба хæбæццæй райзайа?! Мæ цæуæт мин адæми тонхи Ермак рауадзуйнаг æй?! Æндæр нез мæ ку нæ уидæ!.. Æз ардæмæ дæлтæ-уæлтæ лæхорунмæ не сбурдтæн, фал мæ зæрди риститæ

дзорунмæ! Е еу… Иннемæй ба, зæгъайтæ, мæнæ хуарз адæм, иргъти догъуадæй уæ ахсæнтæ нæ бахаудтæнцæ?! Цийфæнди листæг гъуддаг исаразунбæл дæр æхцай цъæпæратæ нæ бакалдæуй?! Ке къох файйамонуй, уони кой кæнун, мæнæ мах хуæнттæн ба коммуналон ихæстæ нихгæнун дæр сæ бон нæ бауй, æма кæмæн æ гази хæтæли пъæсту ратъунсунцæ, кæмæн æ электрон рохси телтæ гæллеуæй фæууадзунцæ, ка ба ни ниуазуни донæй фенæхай уй! Æнæ 'хцайæй неци гæнæн ес! Уæхæн увæрти æгустæй райзайуни бæсти – мæлæт хуæздæр!..

-Ке ма фæндуй?.. –Азæмæт, дæргъвæтин къохæмдзæгъди æрнидæн бахезгæй, хуæдтолги гуфæмæ исхезæни рæнгъæлæудмæ фенгас æй. – Уалей фагæ рæстæг ба нин нæбал ес… Ермакмæ цæун дæр ма нæ гъæуй… Разæй ка лæууй, уомæн ма дзурди барæ, иннетæй ба устур хатир корун…

-Нерæнгæ кæмæ байгъустайтæ, уони гъудити хæццæ æз дæр арази дæн, - æ дууæ къохи, гъæлæсгæнæгау, исдардта рæстæмбес кари бæзæрхуг нæлгоймаг. – Фал нæ абони гъезæмæртти ратæдзæн кæцæй фегурдæй, уой ба еу дæр нæ фæннисан кодта. Æз дæр уин мæхе иссирд нæуæг стъалумæ нæ байамондзæн, ме 'лхъивд гъудитæ ба уин зæгъдзæн. Нæ кæддæри кадгин цæдес нин ка фехалдта? Нæ рагон знæгтæ. Æнæ еу топпи гæрах райгъусгæй. Нæ раздæри коммунистти къохæй. Æма, еу æмбæрзти буни сæ дзурд кæрæдзебæл кæмæн бадтæй, еу нисанмæ æмусхъæ ка цудæй, биндзæ ратæхун ке сæрти не 'ндиудта, еци адæмæй абони кадæртæ 'змæнтæг иссæнцæ… Се 'дули миутæй æфсæрми дæр нæ кæнунцæ, ходуйнаг сæмæ нецибал кæсуй… Цъифдзастмæ кæсæгау нæмæ бæгъеттæй лæуунцæ! Нæ рæнгъитæ фехалунæн сæмæ фагæ фæрæзнитæ æнтъохунцæ алли 'рдигæй!..

-Фунтæ дзорис, æви?.. – плакат`Косæг адæмæн – куст!" ка нихъхъел кодта, е уæлæмæ фæрсуй бæзæрхуг нæлгоймаги. – Етæ сæхе сæртæй архайунцæ! Сæхе сæртæй – сæхе пайдайæн!

-Райеуварс уай! – къæсхуртæ арæзт нæлгоймаг, бæзæрхуги æ цонгæй еуварсмæ рахонгæй, микрофонмæ баурдуг æй. – Мæтæгæнæг ма нæбæл ка 'й?! Ке ма гъæуæн?! Каст нæхемæ 'й! Нæ фарста абони ку нæ ралух кæнæн, уæд нин исон зиндæр уодзæй! Сумах куд æнгъæл айтæ? Дзиллон информаций фæрæзнитæ увæри æцæгдзийнадæ æвдесунцæ? Уæдмæ уæ ревæд губунтæбæл фæххуæцетæ! Мах, дан, тухгин ан, мах, дан, ирæзти фæндагбæл лæууæн! Уотемæй ба 'й уæхуæдтæ уинетæ, ци

уæрмæмæ ниххаудтан, уой! Колхозтæ, совхозтæ еугай адæймæгти бацæнцæ, косæг си нæбал ес, уомæн æма лæвар æ хед калун неке фæндуй! Заводтæ, фабриктæн дæр сæ тохонатæ хæлаури туни амæттаг бацæнцæ! Азæмæти дæр телеуинунадæ расайдта! Мæ сæр уин къуæрдмæ дæттун, неке нæмæ си æрбацæуудзæй! Уомæн æма æцæгдзийнадæ неке гъæуй!.. Мæнмæ ма берæ зæгъуйнæгтæ ес, фал, Азæмæт, сумах ци дзуапп рахæсдзинайтæ, уомæ æнгъæлдзауæй кæсдзинан тæккæ аци рауæн! Æнæ еу фæццохæй!..

-Мадта мах фæццæуæн, - Азæмæт, Кермен æма Виктор Ермакки косæн уати 'рдæмæ фæффецаунцæ.

-Уасгергий иуазæг уотæ!.. – митинги архайгути мийнæвæрттæ ку райдард æнцæ, уæд ма сæбæл кедæр æвастгъæр исæмбалдæй…

-Ами ма дæ? – Азæмæт Ермакки тæрвазæбæл æ къах баиста, Кермен æма Виктор – æ хуæдфæсте.

-Æз - гъо! – Ермак схъæлæй кæсуй е 'нæхунд иуазгутæмæ. – Фал сумах ци фæууйнаг айтæ, уой ба Хуцауæй æндæр неке зонуй… Æрбадетæ…

-Нæ еумæйаг æмбурди домæнтæмæ байгъосæ, - Азæмæт, алке ин æ къохи ку æрахæста, уæд цурд-цурдæй фæййагайдта.

-Уæрæмæ, - Ермак ибæл æ дзæмбу ракъуæрдта. – Алци дæр мин зундгонд æй.

-Нæ 'хсæнмæ ку нæ рацудтæ, уæд кутемæй?

-Уой бафонун дæр ма дæ æрфæндадтæй? Æгæр берæ цидæртæ дæ нæ 'ргъудæй?

-Æз ди неци корун. Æрмæст мин нæ еумæйаг фарстайæн бæлвурд дзуапп радтæ.

-Цалдæр боней размæ 'й нæ фегъустайтæ? Нур дæр уин гъе уæхæн дзуапп дæттун. Æз мæ дзурдæн кæддæриддæр хецау дæн. Мæ рахаст унаффи сæрти ке некæд рахизтæн, е ди феронх æй?

-Дæхе æгæр зундгин не 'нгъæлис?! – Азæмæт, æ бунатæй шампайнаги æхгæнæнау фесхъеугæй, райрадæй. – Уæхæн бартæ дин ка равардта?!

-Æндеугæ ба куд бакодтай?! – Кермен æ къæхтæ пъолбæл æрхуаста. – Мах аци рауæн дæндагфехсуд ку бацан, уæд нæ фæснадмæ, зæронд бугътау, цæмæ сæрфис?

-Дæ мæститæ исесунмæ дин фадуат фæцæй? – Виктор тургъæ 'рдæмæ амонуй. – Уоми нæмæ мæтъæлæй ци адæм æнгъæл кæсуй, уони фонси æргъау æнгъæлис?! Етæ дæмæ ку фæкъкъæртт уонцæ,

уæд мисти цъасæ туманæй агордзæнæ!

-Азæмæти дзурдæн ма, куд æзмæнтгути къуари сæрбонс, цидæр уæзæ ес, фал, Кермен æма Виктор, сумах ба, къибилай фарсбæл къостæ æрауиндзæгау, цæбæл исбиттир айтæ? – Ермак, ю галстуки æлхъивдбæл рахуæцгæй, æ реуи ‘дзаг исуолæфтæй.

-Ду æзмæнтгутæбæл ке нимаис?! – Азæмæт баурдуг æй Ермакмæ. – Æзмæнтæг ду дæ! Кæуйнаг уавæрмæ дæу фудæй æрхаудтан! Кермен æма Виктори æфхуæрунмæ дæр дæ неци гъуддаг ес! Етæ дæр, мæнау, хумæтæг косгути номæй дæумæ сервист лæгтæ ‘нцæ! Æви нин нæ билтæбæл дæр къуматæ æрауиндзуйнаг дæ?!

-Уæ тингун цæбæл æй? – Ермак, æскъæппæги бахауæгау, искатай æй. – Уæхе уездондæрæй дарун уæ бон нæ ‘й?.. Уæд мæмæ æндæр хатт æрбацотæ.

-Никки ма фæрсун æндеуис?! – Кермен æ тумбул къох Ермакмæ телуй. – Нæ фарста гъæуама аци бон ниллух уа! Кенæ - гъо, кенæ – нæ!

-Сæ дууемæй – еу! – Виктор Кермени усхъити сæрти æвзедуй Ермакмæ. – Идарддæр ба ‘й фæууиндзæнæ!

-Тæрсун мæ кæнтæ? – Ермак ку Керменмæ ниндзаст уй, ку – Виктормæ.

-Ка фæттæрса, уæхæни бакаст дин нæййес, фал, дæ нури ханхæ ку нæ баййевай, уæдта дæ фæстаг зантъæй идзаг уодзæй! – Азæмæт Кермен æма Виктори разæй фæхъхъел æй.

-Агъазиау тургъи, саударæн митинги архайæгау, сæргубурæй ка лæууй, уонæмæ къæразæй уæддæр ракæсæ! – Кермен æ сæр телуй. – Уони цæрун нæ гъæуй?! Æви сæ, хæрæг ехбæл лæууæгау, фæууадзуйнаг дæ?

-Еумæйаг æмбурди син ку балæдæрун кодтон. – Ермак æ фæлмæнбун къелабæл æхе рауагъта. – Алке дæр си курдиадæ ниффинсæд, æма син нæ синхон кустуати нæуæг бунæттæй зæрдæ æвæрун.

-Еци кустуат æ хецауи рагæй ку бацæй, æзмæлæг си ку нæбал ес, уæд дæ адæми цæмæ саис?! – Азæмæт æ бæзгин æрфгути бунæй ниууозгалдта Ермакмæ. – Æхе къохæй дæмæ курдиадæ ка ниффинса, е æцæг гъæла уодзæй!

-Дæу фæндуй, цæмæй дин нæ фæддумд уæлдзæнти рауайа. – Виктор æ ревæд дзиппæ бахуаста. – Цæмæй дæ улупайæй маци фæгъгъæуа. Æма уæд мах ба нæ бийнонтæ кæдзос уæлдæфæй

дардзинан?

-Уой бæрцæ адæм ку фендæдуар кæнай, уæд си, æнгъæлис, иронхи райзайуйнаг дæ? – Кермен æ амонæн æнгулдзæ телуй Ермакмæ. – Рæдуис… Æд цæппæртæ дæ ранихъуæрдзæнцæ!

-Нæ коллективæн идарддæр куст уодзæй, æви нæ! – Азæмæт, талф-тулфæй Ермакки 'рдæмæ фæннæхстæр уогæй, стъоли кæрон æррæтигъта. – Зæгъæ 'й!..

-Мæнæ дин коллективи цубургонди номхигъд, - Ермак гæгъæдити папкæ даруй Азæмæтмæ. – Хаст имæ æрцудæнцæ, нæ кустуати есбонæн пайда ци цехтæ нæбал æнцæ, уони иуæнгтæ.

-Дæ еци номхигъдбæл мæ куйтæ фæммезæнтæ! – Азæмæт бунтон исирадæй. – Уомæй æндæр кæд нецæмæ арæхсис, уæд дæ бунатæй исистæ!

-Уæ нихтæ ми ци ниссагътайтæ?! – Ермак æхе нæбал бауорæдта. – Айдагъ мах нæ бахаудтан еци къурцдзæвæни. Сауæнгæ фæсарæнти дæр дзилли нæтун игъусуй.

-Дæ алли дзубандий ба фæсарæнтæ ци фæтътъунсис?! – Азæмæт æ [illegible] 'дзаг фæгъгъæр ласта. – Дæ еци фæсарæнтæй [illegible] ан! Цъæх дæндаг си расайдтан!

-Нæ [illegible] хиццигæй циййес, етæ – уони фæрци, - Ермак [illegible] æ сæр. – Уæ ахсæнти нæ тайунцæ?

-Нæ ахсæнти ци тадæй, уомæй раги фенæхай ан! Еци [illegible] фæсарæнтæ фæнзунбæл ку исбæндæн дæ, уæд райдæдтонцæ нæ гъæзæмæрттæ! – Азæмæт иситинг æй, Ермакки уæлгъос балæугæй, уæлдæф гæбæтхуайæ кæнуй. – Дæу хузæн цъасæ сæртæ се 'рух æнæгъæнæй еци 'рдæмæ ке разилдтонцæ, уæлдæр бунæттæ син байхæсгæнæг адæми феронх уогæй, сæхецæй мæнгæ хуæрзгæнгутæ ку райаразтонцæ, нæ гириззаги хабæрттæ дæр уæд фегурдæнцæ!

-Тиливизормæ тæрегъæдгæнгæй ци мæгуртæмæ кæсианæ, уонæй нæхуæдтæ фæууайæгойдæр ан! – Кермен æ хæлафи комбæл исхуæстæй. – Тагъд ни æцæг фахъæратæ рауайдзæй!

-Кустмондаг фахъæра ке нецæбæл æма некæбæл ауæрдуй, е дæр ди иронх ма уæд, Азæмæт, - Виктор бабæй тургъæмæ райамудта. – Кæстæртæ си берæ ес. Нур бал æнгъæлдзауи лæуд кæнунцæ. Сæ каст мах рацудмæ 'й. Ци дзуапп сæмæ рахæссæн, уомæ гæсгæ уодзæй сæ идарддæри архайд!

-Игъосис, Ермак, еци адæми хъисмæт дæуæй аразгæ 'й! – Азæмæт идæрдтæбæл рахуæсти идонæ æхе 'рдæмæ æрбалваста.

Абони косгутæй исон давгутæ, стъегъгутæ ку рауайа, ахæстдæнтти ку фæммедæг уонцæ, уæд фудтигæнæг ду уодзæнæ, æлгъиститæй дин уæгъдæ нæ уадздзæнцæ!

-Æлгъиститæй рамæлгæ неке ма фæууидтон, - Ермак æ тункъур бæрзæй ранихта. – Неци син мæ бон æй.

-Куд загътай?! – Азæмæт фæкъкъех æй.

-Ци срæдудтæ?.. – Кермени хъур фæрразмæ 'й.

-Еу хатт ма 'й зæгъай… - Виктор цъунддзастæй лæууй.

-Уæ цуди сæр уин лæдæрун, фал си æндæр фæззелæн нæййес. Цæугитæ, æма син гъе уотæ фегъосун кæнтæ, - Ермак æ тамакубæл æнæмæтæй зинг бафтудта. – Ами ма айтæ?

-Тæргæ нæ кæнис?! – Азæмæт цæхгæр фæззилдæй. – Барæнай… Бунтон уотæ ба нæ уодзæй…

-Сæ тухгиндæрти си равзарæ! – Кермен Азæмæти фæсте фæгъгъæр ласта.

-Ци 'римистайтæ? – Ермак цавд дорау лæууй.

-Уой ба нуртæкки фæууиндзæнæ! – Виктор æ астæутæбæл æрхуæстæй. – Нæ хъиамæтæй дæмæ ци бахъæрттæй, етæ дин фагæ фæууæнтæ! Еугæр нæбæл гадзирахатæй рацæунмæ гъавис, уæдта мах дæр фиди фурттæ хуннæн, æма нæхе сæрбæл исдзорун базондзинан! Уотæ нæ 'й, Кермен?

-Косæг лæги нихмæ зин лæууæн æй! Ду ба нæ хæццæ тохи бацудтæ. Æма дæ сæргъæн, æнæрцæф миутæй ци рамулдтай, уобæл амæй фæстæмæ федар хуæцæ!.. – Кермен ма цидæр зæгъуйнаг адтæй, фал Ермакки косæн уат тарстхуз адæмæй ку райдзаг æй, уæд фенцадæй.

-Ци уæ зæрди ес?.. – Ермак, айки хъозгæй исуасæгау, фæрсуй.

-Дæу зæрди махæн ци адтæй, мах зæрдити дæр уомæй уæлдай неци ес! – Азæмæт лæборгути астæуæй размæ рахизтæй. – Ермак!.. Нæ тог нин бацъирдтай! Нæ кæддæри уæйуг кустуат æ фæстæгутæбæл æрбадтæй! Уавæр бараст кæнунмæ нæ арæхсис! Никки ма дæ мах рантъирун æрфæндадтæй?! Биццеутæ, фæллæборетæ!..

-Кумæ мæ хæссетæ?.. – Ермаккæн, æд къæлæтгин æй бæрзонд исесгæй, æ кæундзила фемæхстæй.

-Агъазиау кустуати фæллойнæгæнгути кумæ æрветуйнаг адтæ, раст еци рауæнмæ! – Азæмæт гъæрæй дзуапп дæттуй Ермаккæн. – Æгустæй райзайун ци адæ кæнуй, уой нæ фæрци гъæуама бавзарай!.. Биццеутæ, куддæриддæр æй исæргъувтайтæ, раст гъе

уотемæй ин æ бийнонти дуар бахуайетæ… Мæнæ уин нæ еумæйаг лæвар æма си ирайгæ уотæ, зæгъгæ, син зæгъетæ!..

## ДУ ÆМА ÆЗ

Арви æгæрон æвæрæнтæ басгарæ, идæрдтæбæл фæззелæ, зæнхи цъарæ усхъунмæ исфæлдахæ, уæддæр си дæуæн æмбал нæййес æма нæ уодзæй.

### *Хуæрзбон…*

-Æндæр зунд дæмæ нæма фæззиндтæй?

-Мæ гъуди нæ бæззуй?

-Уæддæр…

-Мæ хъибиллæ уодзæнæ.

-Магъа… магъа…

-Мæ зæрди дин – сæрмагонд бунат. Некæд дæ рагæлдздзæн. Дæ цæрийæй цæрдзæн.

-Айдагъ дæхо мæти цæмæ бацудтæ? Æнæ дæуæй мæ комидзаг исонидæ уодзæй, уой нæ зонис?

-Дæ сорæт ми рангъулдзæй…

-Сонд…

-Арæх дæмæ уайдзæн.

-Æмбæрстæ уогæй æййафдæр нæ уидæ? Дæ тухæбæл тухæ æфтуйдзæй. Нæ уарзти уодæгтæ парахатдæрæй ирæздзæнцæ…

-Нурмæ мин ци лæгтæдти бацудтæ, етæ дæр кæбæлти ‘нцæ… Мæ къæхтæбæл дæу фæрци ислæудтæн… Адæми рæнгъæмæ дæу фæрци рацудтæн… Мæ меддуйне дæу фæрци исгъæздуг æй.

-Дæхебæл фенвæрстæ? Унаффæгъон исдæ?

-Алцæмæн дæр – æ афонæ.

-Раст дæ, фал, уæддæр… Зин æй æнæ дæу… Мæ зæрди кæун дæмæ не ‘гъусуй? Уал анзи дæбæл, ниййерæг мадау, мæ базуртæ халеуæй ку фæддардтон, цæсти гагуйау дæ ку фæгъгъæуай кодтон, уæд мин мæ нæтун не стæфис?

-Хуцауистæн, лæдæрун дæ. Æз дæр хиццагдæр увæри нæ дæн. Мæ дондзаст цæститæ мин нæ уинис?

-Кæуйнаг – де ‘знæгтæ… Дæу ба ма рахуæцунтæ, рацæрунтæ гъæуй. Дæ равзурст фæндаг цæстисугæй ма идайæ… Кенæ ба – хæкъурццæй никко! Мæ фæсауæн кæуни бæсти – мæ цори! Никки хуæздæр – еумæ ракæун.

-Цийни цæстисугтæй сæ баййевон?

-Уотæ ми исгъигæ дæ?

-Мæ бауæр ку нирриздæй… Куд бандиудтай?..

-Мæ катаййæй… Æндæр ци дзорон? Дæу бауорамунæн æндæр ци 'римисон? Уотæ ма 'нгъæл уо, æма дин дæ фæндæгтæ æхгæнун…

-Мадта мæ рауадзæ.

-???

-Мæргътæ дæр ма сæ къалеуæй фæйнердæмæ ку фæттæхунцæ.

-Ду уонæмæ нæ хауис. Æз дæ мæ цæгиндзæн равзурстон…

-Уæд та мæ ходæ ами уадзинæ?

-Дæ ходæ фæрнæй дарæ… Æнæ уомæй нæлгоймаг нæ федауй. Дæ ходæн кадæгæнæг ку уай, уæд мæн намус дæр нæ фæккеудзæй.

-Уой ба ди арæх фегъосинæ… Дæ амундтитæ мæ дадзинтти 'нцæ.

-Гъуди ма сæ кæнис?

-Мæ нифси дæгъæлæн уони ку равзурстон, мæ хиццаг къахдзæфтæ уонæбæл ку барун.

-Къахдзæфтæ… Дæ бæгънæгкъах фиццаг ампъезтæ нур дæр ма мæ реубæл æнцæ, уой зонис?

-Фидиуæзæгæн иронхгæнæн нæййес. Еске бæсти нæ дзорун, фал мæнмæ ба уæлиау æвæрд дæ. Хъазибеги хонхæй – бæрзонддæр.

-Мадта мæ сæрти цæмæ хезис?

-Дæ сæрти – некæддæр… Цæун дæ гъæбесæй.

-Кумæ?

-Царди гулфæнмæ.

-Мæ фиццаг бæлæу дæ, æма дин тæрсун.

-Æдас уо. Мæ базуртæ хуæрззилд баййафтонцæ. Дæ коми комидзагæй бахсистæнцæ.

-Ауæхæн уæззау бонмæ нæ бæлдтæн…

-Мæ астæутæбæл мин дæ ронæ ку бастай, уæд ци 'нгъæл адтæ?

-Дæ рагъомбæл ун – уоди хуасæ… Фал уотæ тагъд?..

-Рæстæг догъон бæхау ледзуй.

-Раст дæ… Æзини биццеу æрбалæг æй. Дессæгтæ…

-Мацæбæл тухсæ.

-Кæми цæрдзæнæ?

-Арв æма зæнхи ‘хсæн.

-Уæддæр?

-Сахари.

-Мæн уобæл æййевис? Дæхе къохтæй мæ къумти ци берæ алцитæ низдухтай, уони ба кæмæн уадзис?

-Ес си уæхæнттæ. Фæрнæй син изайæнтæ.

-Рæвдаун сæ базондзæнцæ?

-Ду ами нæ дæ? Дæ цæстингас сæмæ дардзæнæ. Ихалун си маци бауадзæ.

-Миййаг, ку нæ байгъосонцæ…

-Дæумæ? Уайтагъд дæ уæлгъос балæудзæн. Еумæ сæ раст миуæбæл æррæсадздзинан.

-Миййаг, ду еуварс ку райзайай… Фарсти ку не ‘рцæуай, етæ сæ кæнон ку бакæнонцæ, уæд æз ци фæуууодзæн?

-Магъа, куд дин зæгъон?

-Ӕрволлау уо… Еске къæхти бунмæ ку бахауон, уæд дин зиндæр уодзæй.

-Дæу уæззау уавæри фæуууинуни бæсти мæ неци гъæуй.

-Дæ бæлццони уаргъ æргъæвстай?

-Мæ уаст – [illegible]

-Уотæ [illegible] дæ нæ зонун… Мæ сунти сæрбæл дæуæй ку хуæстæн, уæд дæбæл нур ци ‘рцудæй?

-Растæг мæ æ бæндæнæй æхемæ ивазуй.

-Дæу мæнæй ка ратона, уомæн æ бицъинæг исрæдовдзæн.

-Мæхуæдæг дин – æнхусгæнæг.

-Нæ дæ лæдæрун… Еуемæй – мæ фарс дæ, иннемæй – мæ нихмæ.

-Ка?.. Ӕз?.. Дæу нихмæ?.. Уæд зæнхи скъуди ниххауон…

-Мæ курдиадæ исæнхæст кæнæ – байзайæ… Цубур æнгъудмæ нæ цæуис… Имисдзæнæ мæ…

-Гъай-гъай… Ӕнæ уотæ ин уæн нæййес. Дæу æной мин кæд зин уодзæй, уæддæр мæ цæун гъæуй…

-Фæууæд уотæ… Мæ бæлццон дæ, æма хуæрзтæбæл æмбæлæг уо… Фал ди корун, цæмæй мæ æндæр бундорбæл ма байййевай, абони мæ ци зæрдæй уарзис, еци зæрдæй мæ куд уарзай.

-Ард дин хуæрун.

-Фæндараст.

-Хуæрзбон…

*ФУН*

-Нæ дин дзурдтон?.. Ду ба мæбæл не 'ууæндтæ?..

-Гъома?

-Цæмæй тарстæн, е мæ æрæргъавта... Нур ба ма ци мæ бон æй?..

-Де 'нкъард цæстингас...

-Мадта кæмæ идзулон?

-Аци хузæнттæй дæ некæд фæууидтон.

-Æнæ дæуæй зин æй... Мæ зæрди гæбар-губур не 'гъосис?

-Игъосун... Дæ гъенцъун – мæ гъенцъун.

-Дæ фæууиндмæ бæлгæй батадтæн... Ме 'нкъард бонтæй багъигæ дæн... Ду ба ми дæхе рартастай... Ме 'нгæрон нæбал æфсæрис...

-Æз æма ду еу хъуæл ан, уарзти арти дууæ содзгæ æхседарфи...

-Зæрдкъахæн таус...

-Мæ мард фæууинæ...

-Тобæ, тобæ... Цъæх æлгъистæй идард ледзун...

-Мæхе кой кæнун.

-Дæ фæкъкъухци мин æрвдзæфау ке 'й, уой нæ лæдæрис? Ду мæнæн ку нæбал уай, уæд æз уæлæбæл мард дæн...

-Дæу кæбæл баййевон, уæхæн нæбал рантæсдзæй...

-Ци нæ фæуууй... Мæ бунат æндæр ку 'рахæсса...

-Рæдуис.

-Гъо, мадта, нурмæ кæми дæ?.. Рауайунтæ мæ равги ке нæ 'нцæ, уой нæ зонис?

-Зонун, зонун... Фал де 'нафони фæззинд...

-Мæ фæлмæн хъури буни æгънæгау ке фæддардтон, уомæ бæлгæй...

-Æз дæр дæбæл арæх рафæрсун.

-Еске дзубандити сойнæ нæййес... Æцæгдзийнадæй идард фæуунцæ.

-Хатир... Мæ сæр ранихунмæ дæр мæ нæ райевдæлуй...

-Уæхæн бæрнон бунати лæуд дæ?

-Дæ фæрци... Ду мæ ци ханхæбæл нирræсагътай, уомæй нæ куун.

-Уæд дин неци 'й... Уæд ди боз дæн... Мæ уазал реуи мин гъар бауагътай... Дæ фарсмæ е ба дин куд бауй?

-Мæ цардæмбал... Раиста?

-Æнцад уо… Уадзæ, æма хусса… Æвæдзи, бони 'ндæргъци бафæлладæй…

-Сæумæй изæрмæ кинау зелуй. Æ уозæлдæй нæ къæс тæлфуй. Къæбæрдæттон æма цийной æй. Еске барæвдаун ин – уоди хуасæ.

-Æгайти-ма силæстæгæй фæррæстмæ дæ. Еци 'рдигæй ка фæккеуй, уой цард зиндонæмæ рахезуй… Бæдæлттæй ба куд айтæ?

-Биццеу æма кизгæ… Дугай фурттæ син…

-Æгъа… Бабай ном хæссун райдæдтай? Хаир сахатти. Дæ фæдонтæ исберæ уæнтæ.

-Айдагъ мæнбæл сæ ма финсæ. Дæуæй дæр сæмæ хъæртуй. Дæ тог, де стæг, дæ къабазæ 'нцæ...

-Байрæзæнтæ, фал мин ду хецондæр дæ. Ду мæ комкоммæ уедæгтæй рантæстæ.

-Æрмæстдæр æз?..

-Иннетæ дæр ми иронх нæ 'нцæ… Сæхе фæндон уæнтæ.

-Цидæр уæлдзæнæй сæ имисис?..

-Æ[illegible] мæ бафхуардтонцæ.

-Æ ба куд? Нæ оумæйаг авдæнæмæ уотæ æндиуд [illegible]?

-Гæдирæхтти [illegible] ранихъуардтон… Нæ мæбæл [illegible]… Мæ [illegible]унмæ си еу дæр фæстæмæ нæ [illegible]…

-Ма ка… Æз [illegible] уотæй дæр æвфхуæрун нæ баууадздзæн.

-Кутомæй?.. Ци хуæи ма?..

-Уой ба уæдæр амондзæй. Æз æма ду нæхе ци гъуддагмæ фæлдахæн, е æнæ 'ууилдæй нæ байзайдзæй.

-Зинтæй…

-Ниуадзай дæ цæстисуг æгъзалун… Мæ уолæфт исунгæг æй.

-Мæ фур хъалæй нæ кæун…

-Некæмæй цауддæр дæ. Дæ кадæ, дæ намусмæ – берæ хицæгæнгутæ.

-Еци бæрцбарæнтæ хеди бунти ниффардæг æнцæ.

-Де 'уæнгтæ бунтон ку 'ргæлстай… Гъæдæг фæллæууæ…

-Зæгъунæн æнцон æй.

-Дæхе хузæнттæмæ рафæлгæсæ.

-Ес нæ зилди мæнæй фуддæртæ… Сæ уодтæ бартхотуг æнцæ… Дзилагæ си нæбал байзадæй… Уони бафæнзон?

-Етæ мæ рæстæги дæр хæмпæл дардтонцæ… Къахи

фындтæмæ бæлгæй, сæ гъæлгъæлагитæ раги байсустæнцæ. Ду си адæрд дæ...

-Еуварсæй уотæ зиннун... Мæ хурфæ мин ку фæууинисæ. Мæ маст уорамун нæбал фæразун. Дæумæ дæр уомæ гæсгæ фæззиндтæн. Кæд не 'мбалдæй, уæд мин – хатир...

-Хатиртæ гъæуама æз дæуæй корон...

-Гъо, ду дæр си æвуд нæ дæ... Номбæл сæрбонс разиндтæ...

-Е ба куд лæдæргæ 'й?

-Ме 'фхуæргутæн сæ билтæ афонæбæл ку бакъуæрдтайсæ, уæд аци 'мпулдæй дæ уæлгъос нæ лæууинæ.

-Етæ – уоми, æз – ами...

-Еци`уомитæ" æма`амитæн" сæ сусу-бусутæн кæрон ку нæбал уидæ, уæд æз ба сæ аууæнтти дæу агурдтон.

-Сæ гъуди син некæд фегъустон.

-Гæр, хестæри ном нæ хæссис?

-Хæссун, фал... Нури кæстæртæ хеваст æнцæ...

-Кайфæнди уæнтæ, мæнмæ ба сæ дæ сæрти неци гъуддаг адтæй. Уомæн, æма мæбæл си, дæуау, неке хъиамæт ес, неке уозæлд.

-Бæргæ уотæ 'й, фал...

-Фал син æгæр бухсагæ, æгæр фæлмæн, æгæр тæрегъæдгæнагæ дæ. Æма, уинис, ци бамурхтæнцæ?

-Ескæд дæумæ бавналун бандеудзæнцæ, уой æнгъæл н 'адтæн. Æз цийфæнди ку фæууон, уæддæр ду ба нæ еумæйаг астъонæ дæ...

-Нуриккон афонæ феронх уо... Сумах нæбал дæн... Нæбал, уæллæгъи-биллæгъи...

-Еци хабар ку фегъустон, уæд цавд дорау райзадтæн... Бæргæ ма райархайдтон дæ багъæуайбæл, фал мæ дзиппæ не схуæстæй... Мæгургомау разиндтæн... Æма кадæр мæ разæй фæцæй...

-Уæддæр дæу имисгæй цардтæн æма цæрдзæн.

-Æз дæр – уотæ... Фидиуæзæг мин адтæ æма уодзæнæ...

-Æндæр нæ бон неци 'й?..

-Рæстæг – тæрхони лæг.

-Гъо, цалх, дан, дæндаггай зелуй...

-Æнгъæлдзауи бæх дæр, дан, нæ фæллайуй...

-Æмбесæндтæбæл ку бацæфстан...

-Хестæрти фæнзгæй, кæд нæ уасæ иссерианæ...

-Мæ цуди сæр нæ фæггуз æй.

-Æуyæндæ мæбæл…
-Æуyæндун… Хуæрзфунтæ…

## ХАТИРГОР

-Мæнæ ма ке уинун!.. Гъæунги цæмæ лæууис? Тагъддæр – мæ гъæбесмæ! Мæ зекъи буни дæхе раниуæрдæ!

-Нæ дæмæ æндеун… Мæ зæрдæ мæ дæумæ ивазуй, мæ къæхтæбæл ба – къудуpæнттæ баст…

-Сæ хуасæ мæнмæ ‘й… Рацо, рацо мæхемæ. Мæ коми тулфæ де стæгмагъзи бауадзæ…

-Зонун, мæ фæууиндæ дин æхцæуæн æй, фал… Дæ уазал тæфмæ барезун…

-Мæ уæлнихти ке фæххастон, ислæг унмæ кæмæ бæлдтæн, уой фагæ листитæ ма иссердзæн… Дæу батавунгъон ма исуодзæн. Игъосис мæ?..

-Бæргæ дæ игъосун, бæргæ дæ лæдæрун…

-Мадта, хъæдори мехау, ци схъел дæ?.. Æндзуг дæ æрæхсста? Дæ къæпæт æрфгути бунæй мæмæ уæхæн æнкъард цæститæй цæмæн кæсис?

-Нæ ади фембæлдмæ рагæй бæлдтæн, мæ били цъæрттæ ймæ рагæй хуæрдтæн… Атæ зин мин уодзæй, уой ба не ‘нгъалдтон…

-Мæ фæууиндæ дин зин æй? Спис… Уæхæнæй дæ нæ зонун.

-Масти уæлæнтæ мæ хурфи ирайунцæ… Дæ арæнтæй ци ацæгæлон гъæлæсиуæг райгъусуй, е мин мæ базуртæ æркъуæруй.

-Мæнæн æцæгæлон нæбал æй. Æ дзæмбутæ мæбæл æрæввардта… Уæддæр мин ду хецондæр дæ… Бæргæ, атæ ку нæ рауадайдæ…

-Хъисмæт гиаур æй… Кæсгон къах кæд кæбæл багæлдздзæй, уомæн базонæн нæйес.

-Дæхе æвуд хонис? Мæ хъисмæти дæу байвæрд дæр ес. Куйгæлдзæн билæмæ мæ ку хастонцæ, сæ къæхтæй мæбæл ку рахуæстæнцæ, уæд кæми адтæ?

-Мæ фуни дин æй нæ загътон? Уæдта æз мæхе нæ раст кæнун… Фудгин дæн… Дæ рази сæргубурæй дæр уомæн лæуун, мæ зæнгитæ уомæн фæттасунцæ, мæ масти къубулойнæ уомæн рæдовуй…

-Дæхе мабал æфхуæрæ… Ке бæллах мæбæл ес, уонæмæ хуæздæр зунд æрцæуæд… Фал мæ рæзти сæрбæрзондæй ку рафецаунцæ, сæхе, цума неци ‘рцудæй, уотæ ке дарунцæ, бустæги гъулæг мин е æй… Дæуау мæмæ си уездонæй неке ма раздахта е ‘рух…

-Кæд ди æфсæрмиаг æнцæ?

-Æфсæрми си раздæр гъудæй… Се 'хсæнæй мæмæ еу игъосæг нæ фæцæй. Мæ дзиназун сæмæ ходæгау кастæй. Сæхе фæндæ ратардтонцæ. Æз сæмæ игон зæрдæ дардтон, етæ ба мæбæл исфарс æнцæ… Дæу сосæггай мин мæ бæрзæй æрхуастонцæ… Æхцатæбæл мæ баййивтонцæ.

-Мабал тъифсæ… Ци 'рцудæй, уомæн раздахæн нæбал ес… Фал, игъосис, цийфæнди мулк дæр æз æма дæу нæ рахецæн кæндзæй… Зæрди æцæг уарзтæн æнæфехæлгæ цæлхдор нерæнгæ неке ма æримиста…

-Мæ нифс дæр уомæн нæ сæттуй… Мæ цæугæ мæсуг дæр дæ уомæн хонун. Дæ мадæ, дæ фидæмæ дæр райдайæни еци гъуди бæргæ адтæй…

-Дæумæ цæугæй сæмæ фездахтæн…

-Куд æнцæ?.. Ардигæй мин уордæмæ ниууайун дæр бæргæ æмбæлуй, фал кутемæй?.. Мæ астъонæй ампъез ракæнунгъон нæ дæн. Хуцауæй мин уотæ дзурд æй, гæнæн нæййес…

-Лæдæрун дæ… Фагæ хуæрзтæ син фæддæ… Дзенети дæ имисунцæ…

-Дæу ниййергути хузæн а-зæнхæбæл нæбал уодзæй. Мæ кадæ æма намус уони уæззау зундæй исирæзтæнцæ. Сæ фæрци царди адæ базудтон… Нур ба мæ муди къос фæффæлдæхт æй… Етæ ма мин ку уиуонцæ…

-Мæнæй дæр бæргæ нæ адагътонцæ…

-Сæ фæстаг фæндарасти дæ уидтон… Мæ арæнтæ хъонцгæнæг адæмæй – æмидзаг, æз ба уæддæр дæумæ кастæн, дæуæн тарстæн… Дæ зæрди ауиндзгутæй ке кудтæ, уой мæрддзогæнттæ дæр æрæстæфтæнцæ, æма дин дæ богъ-богъæй хай истонцæ…

-Ниййерæгæй исревæд ун – зинти зиндæр… Цума ма мин уæлæбæл æнцæ, уоййау сæ дзилли 'хсæн фæййагорун, уони æнгæс иссерунбæл искатай ун…

-Дæхецæй сæ фулдæр уарзтай… Дæ зæрдæ син игон дардтай… Де 'мдзогæнæг уомæн æнцæ.

-Уони фæсте ма мин ду байзадтæ… Мæ ниййергути бундор… Мæ фидиуæзæг… Не 'хсæн сау тикис февзурдзæй, уой æнгъæл некæд адтæн…

-Æз дæр хуæздæрмæ бæргæ бæлдтæн. Ци цæуæт исхастон, уони бæдæлттæ рæвдаунмæ мæхе бæргæ цæттæ кодтон, фал…

-Еугурæй еу æмбæрзти буни нæ байзайунцæ. Еци дзаман райевгъудæй. Æндæр догæ ралæудтæй.

-Зонун æй… Алли фæлтæр дæр æхе ирисхъи фæффицуй, æхе минеугутæй фæттæлфуй… Мæ гъар гъæбесæй ке рарвистон, етæ лигъз нæдтæбæл цæуæнтæ, фал, дæхе загъдау, æцæгæлонæн ба æвгъау адтæн. Еу уи уæддæр мæ тæрвазæбæл ку байзадайдæ…

-Дæ бæстихæйттæбæл ме 'рмдзæф нæ ниууагътон?

-Æрмдзæф уодгоймаг нæ 'й… Æ тæфмæ ин ке басмотун, æндæр си хъип-сун нæ райгъусуй. Мæн ба дзорæг æмбал гъæуй, æ уозæлд кæмæн æнкъарон, æ ходун кæмæн игъосон, уæхæн.

-Æвæгæсæг, миййаг, ку нæ дæ.

-Мæ мастбæл мин цæнхæ ку нæ радзæгъдисæ… Гъо, æндæртæ мæмæ бацардæй. Гъæстаг си нæ дæн… Фал уони уедæгтæ идарди 'нцæ, ду ба мæ æрфитæй рантæстæ, дæ рахуæцæнтæ мæнæй райстай.

-Æз ди берæ цæмæйдæрти фæххайгин дæн…

-Хъалар дин уæнтæ… Дæ къахи скъелтæй ку суолæфтæ?..

-Дæ колдуарæй дзæгæрæги тæф ракалдæй.

-Дæ фиди арæзт баулæстæ райгъал æнцæ… Рацо, æркæсæ æнама.

-Нæ æрвдонæ дæр ма 'нæ бунати 'й?

-Æ бунати бæргæ 'й, фал исрæвæд æй. Дæ мадæ 'й уæхæн уавæрмæ некæд æруагътайдæ. Маргъ имæ берæ уидæ…

-Фонс дæр уарзта.

-Æмхузонæй адæмæ зилдайтæ. Сæумæраги уин уæ мадæ нæуæгдугъд æхсир ку февæридæ, уæд уин æз ба уæ финкæйдзаг фийти бунтæбæл ходинæ… Нур ба скъæт дæр цуппæркъахугæй искæдзос æй… Рацæуай, дæхе цæститæй мæ фæууинæ… Ме 'хсæни кæрæнттæбæл раздæрау æрзелæ… Замманай пурса си е 'рæзт исгæлста. Гъæнцъутæ берæ ку уарзтай.

-Уарзтон æма уарзун… Ме 'рцуди сæр æндæр æй… Зæгъун дæр дин æй не 'ндеун. Ку нæ мæ балæдæрай…

-Зæгъæ дæ зæгъуйнаг… Донласт хулуййæй нæбал тæрсуй. Фæразон дæн.

-Ка дæ бафхуардта, уони номæй хатир корæг дæн.

-Уони номæй?..

-Æз дæр се 'мрæнгъæ, уотемæй…

-Ду уони æмрæнгъæ?.. Цитæ дзорис? Ду мæнæн сæрмагонд тæразæ ласис, е ди феронх æй?

-Мæхе номæй – устур хатир.

-Аци хатт дæр бабæй дæ лæгигъæдæ равдистай. И уæззаудæр уаргъ дæхемæ райстай. Фæууæд уотæ… Ме 'рдигæй уин - хатиргонд. Куцлуи, хонхи æма будури изæдти иуазæг уотæ. Æрмæст хаттæй-хатт мæн дæр æримисиайтæ.

-Федарæй дин дзурд дæттун…

-Гъе, мадта, мабал лæуæ… Рæститæбæл æмбæлæг уо… Цо, цо…

-Фæрнæй изайæ…

## ХЪАЛОНТÆ

- Æ гъунтъуз мизд есунæн си алке æхе фæххуæцæнтæ имисуй! Хуммæтæг адæм æфсойни буни ке нæтунцæ, е ба сæмæ нимади дæр нæ`й! - Гайоз æ дусгæрæнттæ арф батулдта. - Аци фембæлди уоз гъæуи нæлгоймæгти номæй архайун, æма уин федарæй зæгъун, хъалонтæй сæ сæртæ исæргъувун ке нæбал фæразунцæ! Сæ сагъæс исони бонбæл нæ`й, фал нуртæкки, аци фæдбæл ци ранихъуæронбæл! Федæни мæтæ си некæмæ ес, уомæн æма сæ развæндаг цæлхдортæй байдзаг æй! Алке æхе ревæд гоми фæрстæ хуайæг иссæй! Адæм нæмæ цæруй, фал си дзилли, æхсæнади тæф ба нæбал игъусуй! Кæдмæ атæ уйнаг æй?!

- Æз ба нæ силгоймæгти, нæ кæстæрти сæрбæлхуæцæг дæн, - Заремæ, Гайоз цалдæрæймаг хатт æ зæгъуйнæгтæ искалгæй, мæтъæлæй бадуй. - Гайоз æнæуæгтæ раст æй. Нæлгоймагæн, дан, æ хæдзарæ - дуйне, силгоймаги дуйне ба, дан æ хæдзарæ. Махæн куд киндæ уа, нæ сæри хецæуттæ сæ бийнонти рæвдаунгъон ку нæбал æнцæ, уæд?! Хæдзардар æгустæй райзайгæй ма еци къæс ке багъудæй, æ тохонайæй ма ин хъуæцæ ка исуадздзæй, æ сувæллæнттæбæл ма ин ка бауозæлдзæй?

- Бийнонтæ дарун ка нæ фæразта, еци нæлгоймаг раздæр æгадæ адтæй. Нур ба нæ кæцифæнди гъæунгбæл рафæлгæсæ, æма си ходгинтæй æндæр неке фæууиндзæнæ, - Гайоз æ пурхæ калунæй ке æрфæлладæй, е бæрæг æй æ нидæн гъæлæси уагæй. - Кустмондагæй, сæумæй изæрмæ къуæрттæгай лæуунцæ, сæ хъалонтæй фæййервæзунæн неци амал ергæй, сæ маст «нанай цæстисугæй» есунцæ…

- Еци сайтани хуаллагæй идæрдти ка лигъдæй, етæ`й нур ба сæ мади дзедзейау цъирунцæ, - Гайози гъудитæ фæууодгиндæр кодта Заремæ. - Мадта ци фæууонцæ? Сæ зæрди рист цæмæй нихгæнонцæ? Бæргæ, нæ еумæйаг хæдзарадæ ку нæ фехалдайдæ.

Бæргæ, нæ зилди ести кустуат ку уидæ… Уæд нæ лæгтæй еу дæр æ къохтæ æ гаффот дзиппити тъунстæй нæ даридæ, æнæ дæститæй нæ хæтидæ… Силгоймæгтæ дæр сæ уæззау уаргъæй фæййервæзиуонцæ. Атемæй ба мах бон дæр ци`й?.. Æ сæри хецаумæ ни уайдзæфи хузи ка бауозгалуй, е масти аги равзуруй, æ цæстисуги æхе исæртайуй. Никки ма аци æнæхаири хъалонтæ. Се`римисæг дæлзæнхæ фæууа...

- Бундормæ æфтуйæггаг нæ цæуй, уой зонгæй ма нин нæ хъалонти федтонтæ дæр уæлæмæ æнтъирунцæ! - Гайоз фæтъътъæлланг ласта. - Æхца дæмæ ес, нæййес - уæддæр бафедæ! Еунæг дæр неци, давунбæл нæ ардаунцæ… Æма кæцæй ци рахæссай, е дæр ку нæбал ес!.. Гъо, ес ма уæхæн ефстаг бунæттæ, фал уони горентæ ба бæрзонд æнцæ, сæ гъæуайгæнгутæ - дамбацагинтæ.

- Уæхæн уавæрмæ æрхаунæй Хуцау бахезæд, - Заремæ æ гопгæнæни кæрæнттæ æнгондæр балваста, - фал нæ гъæуи, хъалонти азарæй, фæтæген цирагъи рохсмæ ка рахизтæй, сæ гази пецтæ фонтъохгæй, согæй æндзарун ка райдæдта, дондзæуæн кетæлæ æхуæдæг æрлух ласгæй, ахъæдæ æд къибилатæ æ уолиттæбæл ка æрæвардта, уæхæнттæ дæр фæззиндтæй.

- Нæ фидæлти къанцмæ фæттулæн! - Гайози ræугути циййес уæнгау уолæнæй фегурдæй. - Уомæй тъайлагдæр ма ци уа?..

- Еци гъæрæнгитæ рагæй игъосун, - Геуæрги, æ зекъæмæ будзаугонд арми тъæпæн æ финсæн стъолмæ æруадзгæй, ку Гайозмæ бакæсуй, ку - Заремæмæ. - Алке уавæр дæр уи мæ фондз фонгулдæй хузæн зонун. Дуккаг хатт мæ æхецæн раздзæуæгæй ка равзурста, еци гъæуæн æ цæргутæ нæ, фал ма, æ миститæ цæмæй тæлфунцæ, уони дæр æрнимайдзæн.

- Не`хсæн, миййаг, не сгъомбæл дæ? - Гайоз Геуæргий итинг цæстингас райахæста. - Амонун дин неци гъæуй.

- Уомæ гæсгæ ба, еуемæй раст айтæ, иннемæй ба - рæдуетæ, - Гайоз æма Заремæй æ косæн уати ци фегъуста, уони къæдзелæ балхий кодта Геуæрги. - Гъарæнгæ ма нæ ку уидæ, уæд алцæмæй дæр - исæфт… Раст богъ-богъæй никко.

- Ду ба си хиццагæй ци уинис? - Зареми къæбот Геуæргий æрдæмæ фæззилдæй. - Æви нæ хъæрæутæбæл нимаис? Æви аци хузæнттæй уой бæрцæ хъалонтæ федун æнцон æй?

- Нæ суйни сæрбæл цæмæй æрхуæцæн, уæхæнæй нæмæ, гъай-гъай, неци ес, - Геуæрги ниссагъæси`й. - Уæдта адæми цæстæ

цидæриддæр уинагæ ке`й, уой дæр лæдæрун, фал...

- Ци ниссабур дæ? Зæгъæ`й! - Геуæргий дæлгоммæ гъудитæ Гайози зæрдæмæ нæ цæунцæ.

- Мæ хъури ци фæббадтæ? - Геуæрги Гайозмæ уозгалуй. - Ду ку дзурдтай, уæд дæмæ лæмбунæг не`гъустон? Ме суолæфт мин фердæгбæл ци раскъафтай?

- Гъо, гъо, Геуæрги, æстуф дæр ни нæбал исхаудзæй, - Заремæ Гайози цонг бунмæ ивазуй.

- Фал, зæгъун, фудгин нæхуæдтæ ан, - Геуæргий усхъитæ уæлæуæз истулдæнцæ. - Кæд цийфæнди хъалонти буни ан, уæддæр нæхе фуд æй.

- Уомæй ба раст дæ, - Гайоз æ бæзгин билæ искъуæрдта. - Раст дæ, уомæн, æма адæм сæхуæдтæ ци æмвæзадæбæл фæуунцæ, сæ равзурст лæгтæ дæр - гъе уони æмгæлдза. Нæ гъæлæстæ сæбæл нæхуæдтæ нæ лæвардтан?

- Нæ мæ балæдæрдтæ, - Геуæрги исистадæй. - Ци`рдæмæ бабæй ниххуастай? Дæ уод, дæ цæстæ - уæлдæр хецауади фудкой.

- Мадта нæ цард усхъуммæ æхе гъæдæй фæффæлдæхтæй? - Гайоз сæттун нæ комуй. - Ескети фæнзунбæл ка исбæндæн уй, ескети зундбæл стонг систау ка ниндзæвуй, уонæй маци хуарзмæ æнгъæлдзау уо. Уомæн æма дин дæ рист некæд балæдæрдзæнцæ, сæ рæдудæн ба кæддæриддæр сæ рæуонæ - се`взаги кæронбæл.

- Идардмæ, сагойнæй уæлдæф цъæстæгæнæгау, ма`взедæн, фал, зæгъун, нæхемæ листæгдæр æркæсæн, - Геуæрги фæлмæнæй архайуй Гайози гъæугæ надмæ раздахунбæл. - Нæ равгитæ æма фадуæттæ куд домунцæ, алке е`уæнгтæ уотæ райвазæд.

- Æнгом баст иуæнгтæн дæр ивазæн ес? - Заремæ æхе нæбал бауорæдта. - Еци иуæнгтæ сæхе фæндон ку нæ уонцæ, уæд æмпулгæ ке кæнунцæ, уой нæ зонис? Гæр, ахургонд лæг ку дæ...

- Дæуæй дæр ма гъе уой хистон! - Зареми рæхустмæ Геуæргий гъæлæси уаг фетингдæр æй. - Ка уин ци бадардта? Еу топпихуасæй уæ ка исефтигъта?!

- Гъо, гъо... - Гайоз æ къохтæ исдардта.

- Нæбал... - Заремæ Гайози бафæнзта.

- Гъе, уотæ, - Геуæрги æрæллау æй. - Æз уæмæ æнхусмæ фæдздзурдтон, сумах ба мин мæ сæри мæгъзтæ цæрвцæгъдæни хуайунбæл исбиттир айтæ.

- Мæнæй цидæриддæр исхаудтæй, уæдта ма мæ медæг ци байзадæй, уони адæм цъухæй-цъухмæ есунцæ, - Гайоз æ раздæри

æндиуд цæстингас римæхсуй. - Уотæ ма`нгъæлæ, æма айдагъ мæнæй цæунцæ.

- Æз ба ма уæд ци зæгъон? - Заремæ æ къæлæт æрфгутæ ранихта.

- Фудгин нæхуæдтæ ан, - Геуæрги, Гайоз æма Зареми сунтæхъелæй рауингæй, нæуæгæй æ гъуди рафæнзта. - Фæрсæй нæмæ неке коми тулфæ æрбагулф кæндзæй. Алци дæр нæхемæ кæсуй... Зæгъай, Гайоз, дæуæн хæдзарæ ка исаразта?

- Мæнæ мæхуæдæг. Мæ дуæ къохемæй.

- Де`ртæ фурти ба, мадта, ци бони хуарзмæ кæсунцæ? Гъо, дипломтæ райстонцæ, æфсади рæнгъити се`хæс бафистонцæ, идарддæр ба? Уони аккаг куст некæми ес? Фæйнæ цъаси нимпъозæнтæ, уæдта си алкæмæн - æ лæгигъæдæ æма æ зунд... Нæ зæнхитæ седзæрæй ку геунцæ. Еу гæппæл си райсæнтæ æма си гæнгæлий муггаг уæддæр байтауæнтæ...

- Естæбæл ниххуæст ун сæхе дæр бæргæ фæндуй, фал нуртæкки доги æнæ`хцайæй неци бакæндзæнæ. Зæнхи гæбазæн айдагъ бол æма къæпейæй неке бон неци бауодзæй, техникæ си гъæуй, гъæуцæнтæ... Æз ба улупайæй кæдзос дæн, кæцæй сæмæ ци рæуа? Никки ма аци хъалонтæ...

- Адæймаг мадæлæн конд æй. Нури догæмæ тузмæг цæстæй кæсуйнæ гъæуй. Цийфæнди ку фæууа, уæддæр нин æгæрон бартæ дæттуй. Ести мурхун ку фæндуй, е рæуондзауæг некæддæр уодзæй. Уæлдайдæр ба - нæлæстæг. Еу дæсниадæй иннемæ дæхе æнтъохтæ цо, æма си ескæцибæл федар æрхуæцæ.

- Сæ дипломтæ сæ разæй фæуунцæ. Мах, дан, уалгай æнзтæ нæ сæртæ цæбæл фæххуастан?

- Æгуст дипломгинтæ нæмæ тухуаст берæ иссæй. Етæ кæрæдзей ку фæнзонцæ, æхцагин бунæттæ ку домонцæ, уæд си ци рауайдзæй? Инæлари пъагæнттæ æрауиндзуни агъоммæ бал фестæг æфсæддонæй райархайун фæгъгъæуй. Мадта, цæттæй некæми неци ес... Гайоз, айдагъ дæу фуртти кой нæ кæнун, фал нæ гъæуи нæлгоймæгтæмæ дæр хауй мæ уайдзæф. Сæ хурфитæмæ игъосуни бæсти лæгдзийнадæ ку равдесиуонцæ, уæд сæ бийнонтæбæл дæр хор бакæсидæ.

- Раст дæ, - Гайоз æ сæр æруагъта. - Цийфæнди къухцибæл дæр, адæймаг уатон сæйгæ ку нæ уа, уæд фæуууæлахез ун æмбæлуй. Мах нæлгоймæгтæ ба - еу иннемæй къæдзæхдæр, къохгиндæр.

- Заремæ, - Гайоз æ хæццæ исарази уогæй, Геуæрги силгоймаги`рдæмæ нифсгиндæрæй кæсуй. - Мæ тергадитæ естæййаг æнцæ?

- Мæ зæрдæмæ цæунцæ, æрмæст...

- Етæ силгоймæгтæ, кæстæртæмæ дæр хаунцæ.

- Æрмæст, зæгъун, кутемæй?

- Гъе уобæл ба нæ гъæуй лæмбунæгдæр æрдзорун. Нæ алли цæрæг дæр гъæуама ести кустбæл хуæст уа, ести пайда хæсса айдагъ æхецæн нæ, фал еугуремæн дæр. Æндæр гæнæн нæййес, æндæр мадзал нæ уинун. Кæд сумахмæ нæ еумæйаг æндзугæн хуæздæр хуасæ ес, уæд уæмæ игъосун...

- Куст - царди бундор, - æрæгиаути исфæразта Гайоз. - Фæндгæ нæ куд кæнуй, уогæ дæр уотæ ку уидæ, уæд ма махæй хъалдæр кæми уодзæй?

- Сугъзæрийнæ гъудитæ, - Заремæ æ арми тъæпæнтæ сгаруй. - Мæ къохтæ ма бæркæдтæ ку фæууиниуонцæ, уæд уин идзаг фингæ - мæнбæл!..

- Нæ æмархайдæн мæмæ ес сæрмагонд программæ! - Геуæрги гæгъæдити папкæ бæрзонд исиста. - Алли къахдзæф дæр лæдæрдгонд цæуй аци рауæн! Кæрæй-кæронмæ си финсун, къурцдзæвæнæй кутемæй фенкъусун æмбæлуй æма цæмæ æрцæудзинан, уони!.. Æнцон нæ уодзæй... Æнæ зин бавзаргæй фæндон цард ке нæ фæууиндзинан, уой дæр уин зæгъун!

- Фæндон гъуддæгтæ нæбал домун, фал ма нæ къæхтæбæл ести хузи ку ислæууианæ, - Заремæ бампулдæй.

- Ислæудзинан! - Геуæрги иситинг æй. - Хæрдæ кæми фæууй, уоми урдугæн æнæ уæн нæййес! Сумах мæ программæ бакæсетæ, кæддæра еу цъухæй не сдзорианæ!

- Ке нæма бавзурстан, уæхæнæй имæ ци бахастай? - фæрсуй Гайоз.

- Ес си нæуæг фæззелæнтæ! - æ мæкъур ранихта Геуæрги. - Фал сæ сæйрагдæр рахуæцæн ба æй фæллойнæ! Нæ будуртæ, нæ фермитæ, нæ цехтæй гъæуама адæми унæр райгъуса! Е нæ къохи ку бафтуйа, уæд нæхе дарунгъон исуодзинан, нæуæг закъонæн æ фæсонтæ æрхуайдзинан!..

- И кæци закъонæй зæгъис? - Заремæй, Геуæргий исфунхмæ ледзинæг фæккæсгæй, æнай-æнойти исхаудтæй. - Уони нимайунæй зæрдцъæх ку расайдтан...

- Нæхе евгед нæ ци закъон ниууагъта, уомæй! - Геуæргий

иситинг нæ минæг кæнуй. - Амæй фæстæмæ нæхе барæ ан! Æнхусгор цæун нæ некæци`рдæмæ гъæуй! Косæ æма дæхе дарæ!

- Бунревæдмæ ку`рхаудтан, уæдта, дан, уæхе барæ уотæ! - Гайоз райрадæй. - Е ба дин закъони рæвдзæ... Хъалонти хæццæ баст ма уа?

- Ма тухсæ, Гайоз, - Геуæргий лигъзвасæ фемæхстæй. - Мæнмæ ци пълантæ ес, етæ нин нæ фæндаг ирдæй дардзæнцæ. Етæ дуйней рохсмæ ку рагæлау ласонцæ, уæд нæмæ алли къумтæй уинунмæ цæудзæнцæ, алке дæр мах бафæнзунбæл архайдзæй. Цубур дзубандийæй, хецæн паддзахадау тæлфдзинан! Унаффитæ æма уагæвæрдтæ нæхе къохтæй игурдзæнцæ! Нæ царди мухцурæн хецау - нæхуæдтæ!

- Унаффитæ æма уагæвæрдтæ гъæуагæ ан? - Гайоз къæразæ`рдæмæ нидздзангъир æй.

- Зундгин разамонæг уонæй райдайуй, - Геуæрги нидæн гъæлæси уагмæ рахизтæй. - Етæ исунцæ æ идонæ. Размæ уони фæрци рацæуй.

- Кутомæй? - Гайоз кæрззилд фæккодта.

- Гъе дин æцæг лæги фарст, - Геуæрги Гайози реу бахуаста. - Дæттун дин дзуапп. Нæ адæм ци хъалонтæ федунцæ, уонæбæл ма еу цалдæр бангъохдзинан...

- Æллах! - Гайоз фостъæлфтæй. - Хъа-лон-тæ?!

- Нæ адæм уони тæссæй ку нæ базмæлонцæ, уæд сæбæл гъæуæзу ниббадздзæнæй, - Геуæрги æхе хæстæгдæр баиста Гайозмæ. - Кусти уæлгъос æрлæугæй сæ æнцонтæй феддзæнцæ. Еци гъуддаги ба мæ ахсгиагдæр цæгиндзитæ - уæ дууæ.

- Мæнæй - фудевгед, - Гайоз æ къæхтæ фæссагъта.

- Неци хузи, - Зæринæ Гайози усхъæмæ æнгомдæр бабадтæй.

- Хъалонтæ, æрмæстдæр хъалонти фæрци фæййервæздзæй нæ гъæу! - Геуæрги, нурмæ ци гъуди фæррæвдудта, уой дууердæмæ уозуй. - Алке хæдзари дæр ес тикис, куй... Уонæбæл хъалон багæлдздзинан... Кæркитæ, уасæнгитæбæл дæр - уотæ. Бæлæстæ, къотæртæ дæр ни иронх нæ уодзæнцæ... Æхсæни цæгиндзитæ, хæдзари къæпхæнтæ... Э-э-э, хъалони æвзагæй ке растæрай, уæхæнттæ нæмæ - къобалæмæ!..

- Марун мæ кæнис?! - Гайоз æ гæндзæхтæ æрцагъта.

- Мæн дæр ма цæрун фæндуй, - Зареми сæр фæрсмæ æркъолæ`й.

- Дууемæй дæр уæ мæхемæ райсдзæн! - Геуæрги æ дзорæг

æмбæлтти æхе`рдæмæ æртасунбæл архайуй. - Гайоз, ду уодзæнæ мæ хуæдæййевæг, Заремæ, ду ба - мæ сæйраг нимайæг!.. Ци ниссабур айтæ?.. Алкæмæн дæр уи æ мæйи мизд уæлиаумæ исесдзæн!..

- Уæд æмбæлуй, - Гайоз æ дусгæрæнттæбæл бунмæ æрхуæстæй.

- Арази… - Заремæ æ медбунат æркафта.

- Мадта фæййагайдтан, æма нæ идарддæри æмархайдæн, гъома, зæгъун, хъалонти нимæдзæн, номхигъд æрцъинкк ласæн, - Геуæрги гъæгъæдий кæдзос сифæмæ æ финсæн сеси биринкъæ игъæлдзæгæй ниддардта…

## ДУУÆ СЕДЗÆРИ

-Æнцад бадун куд нæ зонис… - Мисост, Тæрхъани дзæхæрамæ бауингæй, æ уайдзæфи къаццеу бантъухта кауи сæрти.

-Магоса – мæгури хуасæ, - Тæрхъан æ хъæзин ходи бунти рауозгалдта Мисостмæ æма, æ архайд фæууадзгæй, æ сунтæ исæргъувта. – Æрæгиау багъар æнцæ.

-Мадта мæн ба æргубур кæнун нæ уадзунцæ, - Мисост æ хæлафи уæгъдæбаст ронæбæл исхуæстæй. – Мæ цулухъти ма туххæй ниббурун.

-Хускъæ астæугинæй дæ базудтон.

-Цитæ лæхорис?

-Лæхоргæ нæ, фал рæститæ дзорун.

-Мадта мæ лæхъуæнæй дæр атæ уæзбун адтæн?

-Уæд дæр неци, æма нур дæр.

-Уобæл ба иннети рафæрсæ.

-Ме ‘нæзунд Тæрхъан. Кæд кæми фæхъхъирди дæ?

-Еунæг гъазтизæр дæр ку некæд райевгъаудтон, уæд цитæ имисис?

-Гъо, кафунмæ дæ неке рамулдтайдæ. Æндæр ма естæмæ арæхстæ?

-Æма дæмæ е неци кæсуй? Мæнæй еу изæрмæ ци хед рацæуидæ, уобæл къада куройни фидтæ къуæре фæззилдайуонцæ.

-Дæхе уомæй æппæлис?

-Мæ азæлгæ гъæлæси уаг ба мин некæд фегъустай?

-Зæрди бунтæй зарисæ. Сцени артист ди рауадайдæ.

-Еу фæххуæцæг мæбæл ку фæцайдæ, уæд – æгæр еуи хузæн!

-Неке фуд дин æй. Дæ губуни уацайраг ку нæ иссайсæ, де

'взонг бонтæ кедæрти къумти ци хуæздæр рахуæрон æма раниуазонбæл ку нæ бакайдтайсæ, уæд ди ести лæг æрсалдайдæ.

-Фæндур ди феронх æй?

-Æз дæр дин уой кой кæнун. Дæ фæндурдзагъд ку дони билæй райгъусидæ, ку – бæласи аууонæй, ку – нæ коми сатæгдæр бунæттæй.

-Уомити ци фезонæг бахуардтон, уони ма бæргæ æримисун. Раст мæ били дæнттæ фемæхсунцæ… Исхъурмæ ун…

-Зæронд хъæдори мехау уоми ци схъел дæ? – Тæрхъан, Мисост бабæй æ имисуйнæгти уолæнти ке бахаудтæй, уой балæдæргæй ин æрбахезæнмæ райамудта. – Медæмæ рацо.

-Кæд дæ, зæгъун, мæнмæ нæ евдæлуй, - Мисост мур-мур гæнгæ Тæрхъани уæлгъос балæудтæй. – Татхатæн къахис?.. Гъæугæ гъуддаг æримистай.

-Мæн æримист бæргæ нæ 'й, - Тæрхъан æ бели фий фæлмæн мæри раниурста.

-Мадта?

-Æрдзæ уотæ домуй… Уинис, сау мæрæ æ фæтæн реуæй куд уолæфуй, æ коми тулфæ куд нивæндуй? Æхемæ нæмæ седуй. Рацотæ, зæгъуй, мæ кортæ, мæ бæмпæг гъæбесмæ мин ести гагатæ æргæвдзæтæ, æма уæ мæ лæвæрттæй бафсадон.

-Æфсæ губунæн аргъ нæййес.

-Дæ къæсса равард æй?

-Ка мин ци 'рцæттæ кодта? Мæ къелдзо ма, дзенети фæббада, мæ фæрсмæ ку уидæ… Еунæгæй ба халонæн дæр зин цæрæн æй.

-Æз ба еунæгæй нæ райзадтæн? Мæн къæбæргæнæг ба дæу къелдзой фæсте нæ фæннæхстæр æй?

-Нæ дууæ дæр – седзæртæ.

-Уæддæр мин мæ гъæрзун ескæд фегъустай?

-Ду ду дæ, æз ба… Адæмæн сæ бакаст куд фæйнæхузон æй, сæ амæндтæ дæр – гъе уотæ.

-Амонд уæларвæй не 'рхауй, фал тохи будури райгуруй. Гæр, гъе уой некæд фегъустай?

-Æз ма уой дæр фегъустон, æма, дан, адæймагæн æ райгурцæй æ хъисмæт æ тæрнихбæл финст фæууй. Уомæй, дан, ин рахезæн некæци 'рдæмæ ес. Цийфæнди уайæнти ку уайай, уæддæр хъисмæтæй некумæ фæлледздзæнæ.

-Хъисмæтæй хе римæхсун нæ гъæуй, фал ин æ идонæбæл гъæуама федар хуæцай. Цæмæй дæ тæнти ма фæххæсса…

Цæмæй, æрмахур бæхау, дæ коммæ кæса æма си боз уай.

-Нæхемæ хумæтæг дзубандитæй ба куд лæдæргæ дæ?

-Вазуггинæй си неци ес. Уæртæ кæркдони алфамбулаймæ бакæсай. Ци си уинис?

-Гогузтæ, бабузтæ – берæ, кæркитæ – никки фулдæр.

-Да-а-алæ æхсæни кæрон дæр уинис?

-Уинун. Фусти тумбул къуар си зиннуй.

-Мадта мæ доцгæ гъог æма хъунадзин ба айсоми æргъаумæ раскъардтон... Мæ зæнхи гæбазæ дæр æнæ гъудгондæй некæд байзадæй.

-Хуцаумæ дæр гъолон миутæ берæ ес, - Мисост арф нийнæфтæй. – Æз ин алли бадти дæр табугæнгæй æ ном ку иссерун, мæхе йбæл ку бафæдзæхсун, æ кадгин ниуазæнæй тинкк ку нæбал ниууадзун, уæд си æнæ 'ргъудийæй цæмæ изайун, еу хатт мæмæ æ медбилти цæмæннæ баходуй, е'нхуси хаййæй мæ еуварси цæмæ уадзуй?

-Э-э-э, Мисостджан, - Тæрхъан Мисостмæ æвзедуй. – Бæргæ базæронд дæ, фал дæ сæр ба еци ревæдæй байзадæй... Не Сфæлдесæги дзæгъæли хумæтæги æфхуæрис. Царди ауæдзæмæ æхе ка гæлдзуй, уони иронхуати некæд уадзуй, æдзох сæ уæлгъос лæугæй сæмæ æ усхъæ даруй. Æдулитæ æма магосатæн ба ци æ бон æй? Сæ бæсти æхе байефтиндза?

-Е дин, гъе! – Мисост цæхгæр фæззилдæй. – Æдулити нимæдзæмæ бахаудтæн?.. Дзæбæхæй изайæ!

-Барæнай. – Тæрхъан Мисости цонг райахæста. – Æз дæ зундцох ку нæ хонун... Сæри уорсагæй дæмæ бæргæ неци лазæ ес, фал... Цæуæн бал медæмæ, æма рæфтад бахуæрæн...

-Гъе дин мæ зæрдæмæ цæуй, - Мисост æрæллау æй æма, Тæрхъани æмусхъæ къæпхæнтæбæл исхезгæй, уати кæдзосдзийнадæбæл ниддес æй. – Мадта мæнмæ ба, дæ къах æдасæй кæми æрæвæрай, уæхæн стъæлфæ не 'ссердзæнæ.

-Уомæй дæр бабæй дæхе æппæлис? – Тæрхъан Мисости фæлмæнбун къелабæл æрбадун кодта æма ин æ фиййи буни рæуæг æртикъахуг фингæ фæррæсагъта. – Кæдзос æнæнези рахуæцæн æй... Мæ фонси бунтæ дæр ма цъилинæй ку ниссæрфун, уæд мæ уод дарун мæ бон нæбал æй? Мæ фазæбæл бургæй дæр мæхе æнæ гъудгондæй нæ ниууадздзæн. Еске мæбæл бахода? Æз уотитæ ахур нæ дæн.

-Мæнæ ци берæ алцитæ уинун, - Мисост, Тæрхъан ин æ размæ

æ циййес – биййесæй замманай æвæрæнтæ æрцурхгæй, æ дустæ арф батулдта. – Мæнмæ ба, мистæ æ хъæстæмæ ци рауадза, уæхæнæй дæр неци ес.

-Гъе ма дæ къох æрхæссæ, - Тæрхъан Мисости комкоммæ æ уæзæ æруагъта. – Зин нæ бавзаргæй бæркад æнгæрон не 'фсæруй… Гъа, фæйнитæ раниуазæн.

-Арахъ дæр дарис? – Мисост Тæрхъани къохмæ фæллæбурдта æма идзаг агувзæбæл æрхуæстæй.

-Нур седзæрæй райзадтæн, зæгъгæ, уæд гъæуама мæ хурфæмæ нийгъосон? Цард цæрунмæ æй… Еуæй-еу фæззелæнти си`нанай цæстисуг" дæр бабæззуй. Мæхе уагъд арахъ æй. Фæууинай си… Гъа, Устур Хуцауæн табу уæд, - Тæрхъан æ агувзæй исахуста.

-Гурдзиаг ниуæзт æй ку ракодтай.

-Мæнмæ ма берæ гъуддæгтæ æнгъæл кæсуй.

-Æз си сæребарæ дæн… Фæ 'й ниуазун æд бунтæй… Ух-х-х!.. Ци гъигкаг ба 'й, ци!

-Дууæ хатти 'й раскъардтон.

-Нæ дæмæ цудæй!

-Баппæгъи дон хуæздæр æй?

-Тупури хуасæ… Уæддæр мин, минкъий раздæр мæ æдулити нæмигъдмæ ке нæ бахастай, е æхцæуæн æй. Фал ма дæ`фал" ци æмонуй, уой ку фæгъустайнæ.

-Раниуазæ, рахуæрæ, уæдта дин æй зæгъдзæн… Нæкæси, æстæй фагæ понси осис?

-Цалдæр боной хахъ мин исуй… Уобæл ке фæххуæст дæн, уомæй дæр – боз. Некæд некæми бакосгæй мæмæ æгæр дæр ма æрхаудтæй.

-Æ фæффулдæр ун дæ нæ фæндуй?

-Ес гæнæнтæ, фал ми æгæр берæ æхца агорунцæ.

-Бакосæ, æма син сæ билтæ райсæрдæ.

-Ахур цæбæл нæ дæн, уой кой ди ку не 'гъосинæ.

-Мадта æцæг седзæри ном хæссун æнцондæр æй? Мæнау еститæ 'змæлæ æма дæмæ уа.

-Дæу раййафун? Зинтæй. Уæхæн бунтæ мæ фуни дæр нæ фæууиндзæн.

-Æз дæр сæбæл æмбони не 'рбадтæн. Пахсайæй сæ не 'рбахафтон… Мæнæ аци дирзæг дууæ къохи уинис? Æдухст уони фæрци дæн, мæ ервæзунгæнгутæ етæ 'нцæ.

-Мæнæн дæр ма нерæнгæ мæхебæл æнцæ.

-Бæргæ 'нцæ, фал...

-Уæддæр бабæй – "фал". Циуавæри"фал" адтæй е? Де 'взагбæл дин бунмæ ку ниххуæцуй, исæзмæлун æй ку нæбал бауадзуй.

-Хъæртдзинан еци"фал"-мæ дæр, - загъта Тæрхъан æма, игъазиау бор голлаги æйкитæ, цихт, хъаймагъæй идзаг баллон, хускъæ фиди кæрдехтæ, картофи, гъæдиндзи фæйнæ къибилай æрцурхгæй, æ медбилти байдзулдæй. – Дæ листæг хъур мæмæ кауи сæрти ку 'рбайвазтай, уæд дæ, æнгъæлис нæ балæдæрдтæн?.. Хæссæ аци голлагæ, æма æ медæг цийййес, етæ дин хæлар уæнтæ. Æрмæст дин, игъосис, арахъ ба дæ хæццæ еунæг хупп дæр нæ дæттун. Цæмæннæ, уой дæхуæдæг лæдæрис.

-Гъо, гъо... Дæ хæццæ арази. Ревæдæй мæ некæд рарвистай, æма дин мæ бæсти Хуцау арфæгæнæг фæууæд... Фал дæмæ абони ба дууæ фæндоней хæццæ æрбацудтæн.

-Игъосун.

-Не 'мгъæуккæгтæ нæ дууæ седзæри нæ хонунцæ?

-Уотæ 'й.

-Гъема, зæгъун, æз мæ фадуæттæ ку 'рбауæйæ кæнинæ. Ци 'хца райсон, уонæй ба дæ бундорбæл ести цех ку байгон кæнианæ.

-Дæхуæдæг ба ци фæуусдзæнæ? Дæ нивæрзæн кумæ фæххæссуйнаг дæ?

-Еу æмбæрзти буни уаййанæ.

-Дæ фун дæ фæссайдта... Еумæйаг сонгун дзиккайæй, дан, хецæн сорсерæ - адгиндæр... Мæ хæрæг ма бæхæй баййевдзæн, æма уæд мæ гъуддæгтæ никки фæххуæздæр уодзæнцæ.

-Берæ мин фæццæрай! Æз еци бæхбæл саргъ никвæрдзæн, сæумæй изæрмæ гъæунгти разел-базел кæндзæн, ду ба нæ еумæйаг хæдзарадæн разамунд дæтдзæнæ.

-Бæх сæндтадæн не 'лхæнуйнаг дæн, фал саугустæн...

-Мадта, зæгъис, мæ къæс æнæ уæйгондæй байзадæй?

-Фæрнæй си цæрæ.

-Мæ фиццаг фæндони халæ не 'схаудтæй. Дуккаги ма дин зæгъон?

-Зæгъай, кæд ибæл æхца нæ федис, - Тæрхъан, æ лимæни зæрдихудтæй тæрсгæй, лæмбунæг нийгъуста.

-Ци доги цæрæн, уой æстæфис! - Мисост ивазгæ гъæлæси уагæй æ гъудитæ нивæндуй. – Дæ фезмæлдмæ кæсгæй, беретæн зундамонæгæн бæззис. Дæ алли фæззилд дæр – бунати, дæ алли къахдзæф дæр – гъунтъуз, гъома, пайдайаг. Царв æма муди

æвдулис.

-Хуæрзимисæ уай, муди биндзитæ дæр мæмæ хæсдзæф рæстæги фæззиндзæй. Сæ бунæттæ рагацау цæттæ ‘нцæ.

-Æз ба цæбæл дзорун? Размæ уинагæ дæ, федæнбæл гъудигæнагæ. Дæ сомæй туман райаразунмæ – кæсгон дæснийæй уайæгойдæр.

-Æз ци дæн, уой амонун мин нæ гъæуй. Дæ зæгъуйнаг исрæдовæ!

-Гъема, зæгъун, дæу хузæн бæркадкъох адæймæгтæ сæхецæй фуцъулуздæртæн лæггадгæнæгæй арæх ниллæуунцæ.

-Ме ‘нхуси хай ескæд ескæмæй баримахстон? Уой фудæй мæмæ ескæд ести бамбудæй? Дæ зæрдæ – де ‘вдесæн.

-Мади бæдолау мæбæл уодис... Кæми балæуун, уоми дæу staунæй ку нæ фæллайун, уæд мæмæ дæ мæстгун цæстингас ци низдухтай?

-Дессаг мæмæ кæсис.

-Ма дæмæ кæсæд дессаг. Мæнæн æмцеггæнæгæй ку ниллæууай, достæ дæбæл уæд кæндзæнцæ, дæ кадæ уæлæрвтæмæ уæд истохдзæй.

-Æмцеггæнæгæй?

-Гъо, спонсорæй! Е ба дин мæ дуккаг фæндон.

-Зæгъун, æз дин æмцеггæнæг исдæн, уæд ду ба ци мурхæг уодзæнæ?

-Æз ба, ци бæх балхæнай, уобæл дин федеуæг уодзæн. Гъома, ци тиллæг, ци бæркæдтæ дæмæ уа, уони хабар дзиллæмæ хæсдзæн. Æлхæнгути дæбæл æнседдзæн!

-Æгъа! – Тæрхъан æ бунатæй фæссæррæт ласта. – Ду ба æцæг зунди къубус ку дæ!.. Дæ дуккаг фæндон дæр фæггуз æй, фал...

-Еци «фал» ди нæма феронх æй? Ку си багъигæ дæн...

-Дæ "гъигитæ" ба дин æз фæссордзæн! – Тæрхъан цурд-цурдæй фæуyайуй, æ фæсте дуар игонæй райзайгæй, цæлгæнæни кæронæй игъусуй:

- Неке ймæ кæсуй? Æмцеггæнæг æй æргъудæй! Е ‘нгулдзæ дони нæ ратолгæй, гъæуама хани цард кæна! Æз дин дæ ахур фехалдзæн!

-Тæрхъан, кæмæ æвзедис?! – Мисост æ лæвæртти голлагæбæл исхуæстæй. – Кæд æз ести фудгин дæн, уæд фæлледзун!

-Аци хатт ба ми уотемæй нæбал райервæздзæнæ! – Тæрхъан,

циргъфий бел, сагойнæ, цæвæг æма æхснеуæнбæл тумбул хуæст кæнгæй, уайтагъд фæффæстæмæ 'й. – Æмцеггæнæг агорис?!

-Арази дæ?

-Арази дæр уотид нæ, фал æнхæрсæггаги хæццæ! Гъа, дæу уæнтæ!

-Дæ косæнгæрзтæ мæн аккаг нæ 'нцæ... Нæ сæбæл бæзондзæн... Ести фидбилизи мæ багæлдздзæнцæ... Æма уæд дууæ содзæремæй æцæг седзæрæй нæ райзайдзæнæ?

-Ду мæнæн мæ гъостæ ма 'хснæ, фал дæ магосай роли гъазун фæронх уо! Æрдзæ райгъал æй, æма де 'уæнгтæ райвазæ! Цалинмæ ди æцæг фахъæра нæма рауадæй, уæдмæ дæхебæл исхуæцæ! Дæ синхонти бафæнзæ! Дæ æндзуг астæумагъз базмæлæд!

-Сансала бахуардтай? – Мисост, Тæрхъан ин æ мийданæнтæ æ дæлмус тъунсгæй, игон гъæлæсæй лæуууй.

-Дæ голлаги комбæл хуæцæ! – Тæрхъан Мисости рагъмæ исæргъувта æ лæвæрттæ. – Цо, æма дæ æндæкъæс куд некæдбал фæууинон, уобæл байархайæ! Дæ дзæхæрамæ базелæ, тауйнæгтæ, аразуйнæгтæ ба дин – мæнбæл!

## САУ ÆМБУД

-Хуарз хецау алцæмæ дæр къæрцгъос лæууй, - Хъаурбег æ пихсил дзиккотæ фæрсмæ радаудта. – Кæмæйдæрти гъæуама дзæвгарæ идарддæр уина, фулдæр зона.

-Сæрбонс рæдуд ку 'руадзуй, уæд иннети æмархайд дæр къухци кæнуй, - Морис æ тамакубæл зинг бафтудта. – Æллæх... Хатир, Дзамболат, дæ косæн уати хъуæцæ исуагътон, æма...

-Кæд дин ести пайда хæссуй, уæд æй думæ, - Дзамболат æ къох ракъуæрдта. – Электроцинкки тохона дæр фестæ...

-Тамаку дæр зæран берæ хæссуй, фал æй ка исахуста, е ба 'й æ мади дзедзейау дæйуй, - Хъаурбег, Мориси фарсæй фæггæпп ласгæй, идæрддзæф æрбабадтæй. – Кунцау æй ци рауолæфис?!

-Гъа, фæййервæзæ, - Морис къæрази игонгæнæнбæл рахуæстæй. – Дæхуæдæг æй, цума, некæд думдтай.

-Думдтон, фал – нæбал, - Хъаурбег Мориси тамакумæ амонуй. – Еци хъилмай уацарæй куд раздæр фæййервæзай, уотæ дæ фехсуд уодæн – æнцондæр. Никки ма, нæ доги æргътæ хинцгæй, де 'нцъулдтæ кисæн дæр – æнхус.

-Экономистæй макæми ниллæууай? – Морис æ медбилти бахудтæй. – Æви дохтур исдæ?.. Æма уæд нурмæ кæми адтæ?

Кæд уотæ алци зонæг дæ, уæд и дукъахуг берæгъи не 'хсæнмæ цæмæ æрбауагътай?

-Дзамболати сæрти некæд рахизтæн, - Хъаурбег Мориси зæрдтагон уайдзæфтæмæ æхебæл фенвæрсæгау æй.

-Магъа, ка мин æй байамудта, е си зæнхон изæд исаразта, - Дзамболат, æ гæмæх сæр ранихгæй, арф нийнæфтæй. – Уой сайтан адтæн, æма…

-Хецау гъæуама сайтани роли дæр гъаза. Мадта? – Хъаурбег Дзамболати хъури фæббадтæй. – Алкæбæл ке 'ууæндис, алке дæхебæл ке барис, уомæй ци рамулдтай?

-Ме 'нæнездзийнадæй агъазиау хъуæл ке фесафтон, æндæр молгæ ба – неци, - Дзамболат æ тæнтæ балваста. – Мæ худтитæ нур дæр ма ресунцæ.

-Æгæр федар дæр ма разиндтæ, - Мориси нарæг хъур фæрразмæ 'й. – Дæ бунати ин æз фиди фурт фæууинун кодтайнæ! Æ цъæх цæститæ ин ракъахтайнæ!

-Силистæгмæ къох исесун ходуйнаг æй, - нидæнгомау райгъустæй Дзамболати уорс бецъоти бунæй. – Æндæра…

-Е силистæг нæ, фал зæнхи æрфити хумæгæнæг адтæй! – Хъаурбеги маст райрадæй. – Ходгæ хæран ке фæххонунцæ, гъе, уæхæн!

-Æ дæндæгтæ æппунæдзох зихъирæй ке дардта, сайди дæр уомæн бахаудтæн, - Дзамболат æ гъæлæси уаг не 'халуй. – Ацал-ауал анзей æндæргъци уæхæн маргæйдзаг хелагæбæл некæд исæмбалдтæн.

-Æ миутæ ин ку 'рæстæфтæ, уæд æй æндæдуармæ цæмæннæ фентъухтай? – Морис æ бунатæй фæууæлæ 'й. – Ци гæнæг адтæй, уой дин цал æма цал хатти загътон?

-Кæд, зæгъун, æхе æрлæдæридæ, еумæйаг уолæни аккаг исуидæ…

-Фулдæр бартæ дæр ин уомæ гæсгæ равардтай?

-Кæд, зæгъун, куст хуæздæр базонидæ, естæбæлти исахур уидæ…

-Дæ фæрци цæбæлдæрти ку фæццалх æй, бунтон ба æ къуди уæд исхъел æй, æхе цидæр æнгъæлун райдæдта. Æма дæхе цæститæй фæууидтай.

-Дзамболат, - Хъаурбег, дзубандимæ лæмбунæг игъосгæй, æхе нæбал бауорæдта, - дæхуæдæг – де 'вдесæн, Людæ лæмæгъ косæг адтæй? Кенæ ба Сослан, Ацæмæз… Еци ходгæ знаги азарæй нæ

фæххауæггаг æнцæ?

-Алке дæр си æ бунати федар бæргæ бадтæй, фал æнæ уæлдай исхъиппæй сæ сæртæ фæйнæ рауæнемæ фæххастонцæ, - æ пъæртт багæлста Морис. – Уомæй ба мæнæ мæн рафæрсетæ. Еци силæ робас син сæ нæдтæ аллихузон цæлхдортæй æхгæнунмæ ку байевдалдæй, неци уогæй, си æхе уæлиаудæр æвæрун ку райдæдта, уæд етæ дæр кезугай фæллигъдæнцæ.

-Еу æмбуд картоф, дан, æнæгъæнæ кæрæ бастъалдта, - Хъаурбег æрмæтъæл æй. – Мах дæр еци уæрми халæ ранихъуæрунмæ берæ нæбал гъудæй.

-Фæсарæйнаг духий тæф нивæндгæй, æ хурфæ ба сау æмбуд разиндтæй. – Дзамболат æ тумбул къохтæ, сор къубæрттæ нæмæгау, кæрæдзебæл æрхуаста. – Æнæ лихъæгондæй ми ке райервазтæй, уобæл цийнæ кæнæд...

-Цийнаг бонтæ махбæл ралæудтæй! – Морис æ медбунат искафта. – Кæд бабæй кæрæдзей æрлæдæрианæ.

-Уогæ ба ци цъаммар разиндтæй! – Хъаурбег, Мориси тæлтæг æзмæлд бафеппайгæй, е 'уæнгтæбæл фæндон исхуæстæй. – Нæ еумæйаг таунæг нин цалдæр дехи никкæнунмæ куд дæсни разиндтæй!

-Еу бийнонтау цардан, нæ дзурд кæрæдзебæл бадтæй, - Морис æ цæнгтæ телун фæууагъта. – Еци нецæййаг нæбæл ку бафтудæй, нæ рæнгъити æхе еу минкъий ку 'рлæдæрдтæй, уæдта е 'знаггади мухцур фемæхстæй, æма ма дæ гъæуй – нæ!

-Хуæртæ æма æнсувæртау ка тæлфтæй, сæ лимæн архайдмæ æнæкæрон хицæгæнгутæ кæмæн адтæй, уони усхъуммæ исæздухта. Дам-думтæ иситинг æнцæ. Еу инней фæууиндæй тæрсун райдæдта. – Хъаурбег е 'рух Морисмæ фæззилдта. – Мах ба кæрæдзебæл цал хатти исахъилдта? Кæрæдзей æфцæкъуатæ рарæдовунмæ цал хатти æрлæудтан турæй-турмæ? Феронх ди æй? Ци ниссабур дæ?

-Æ илгъаг миутæ ин мæ фæстаг исуолæфти уæнгæ дæр мæ зæрдæбæл дардзæн. – Морис ниссагъæси 'й. – Фал нæбæл слестгæнгути ку рансидта, гъæмпи халæ ба æ къахи буни уæд нæбал састæй.

- Фæрсæй ин нифсæвæргутæ фæззиндтæй, æма æ базуртæ исиста.

-Фæрсæй, зæгъис? Нæхе уæнттæй ба си маке бауадзæ... Дзамболат берæ лæггæдти кæмæн бацудæй, уонæй ин æ нихмæ

финст хахурти буни сæ къохтæ, цæмæдæр æнгъæлдзауæй, уайтагъд нæ байвæриуонцæ?

-И сау хелагæ уони дæр æхе геппи æрæвардта, æ хихи-хухутæй сæ æхе 'рдæмæ æривазта. Еу мади зæнæгау фæкъкъуар æнцæ. Сæ цубур зунд цидæриддæр ахæста, уони лæмарунбæл нæбал аурстонцæ. Сæ раздзæуæгæн гулу фустау иссæнцæ, ку æрæхснирсидæ, уæд имæ æд къохмæрзæнтæ æз фæрраздæруонæй фæггæпп ласиуонцæ.

-Уомæн æма син хуæздæр, æхцагиндæр бунæттæй нифс байвардта. Æз, дан, Дзамболати къæлæтгини ку 'рбадон, уæд иннети фæссордзæн, сумах ба, дан, уони косæн уæттæмæ базардзинайтæ.

-Дзамболати буни арт рагæй æндзарста… Æ рамæлæтмæ дæр ма ин бæлдтæй.

-Кæми балæууидæ, уоми Дзамболатбæл лæпъæда калунæй не 'фсастæй. Еци дзæнгæдайæй ин ку неци уадæй, уæдта хахуртæ финсунмæ баурдуг æй. Кумæ нæ гъудæй, уони уæнгити дæр ма æ коми тулфæ барветидæ. Ци къум, ци къæразæ нæ басгарста, æхецæн фæххуæцæг агоргæй, кæмæ нæ бауаста, уæхæн бунати лæгтæ си берæ нæ феронх æй.

-Дзамболати ихæстæ æнхæстгæнæгæй ку ракустай, уæд дин цитæ фæууинун кодта, уони кой ба цæмæннæ ракæнис? – Хъаурбег фæрсуй Мориси.

-Еци хъахбай силæй мæ фуни дæр ма фестъæлфун, - Морис æхебæл дзиуæрттæ æфтауй. – Æ дунгæйдзаг къудур ин бæргæ æрхуастайнæ, фал нецæй туххæй ахæстдонæмæ мæхе къахæй куд бацудайнæ? Бухстæн ин, е ба æндагъдæй æндагъддæр кодта.

-Æз, дан, Мориси хузæн хецæуттæн æлдарæн ку бæззун, уæд, дан, уой загъдмæ цæмæ гъæуама игъосон? Æнæфсар дзурдтæ дæр арæх исгæлдзидæ. Морис, некæд дæ ралгъиста?

-Хъаурбег, уæхæн нецæййаги æлгъистæй æз некæд тæрсун, уомæн æма ин сæ не Сфæлдесæг æхе рагъмæ багæлдздзæй. Бунтон имæ, мæн æной æмбурд ку райаразта, æхе сæйраг унаффæгæнæгæй æвдесун ку фæййагайдта, мæн æной ихæстæ иуарунбæл ку исцибæл æй, уæд рафунхтæн.

-Слестгæнгути æрмдзæф, дан, мæ пайдайæн æй. Дзамболат, дан, æ бунатæй еуварсгонд æрцудæй æма, дан, æ бæсти ка байзадæй, гъома, ду, Морис, уой разамунд дæр пакъуй уæзæ нæ ласуй.

-Игъосис, Дзамболат, ду сæйгæдонмæ ке бахаудтæ, уой нæ

зудта, æма ймæ, цума дæ хæдзарон ахæстæй дардтонцæ, уотæ кастæй. Тагъд, дан, дæ гъæуама ахæстдонæмæ рарветонцæ. Хор ибæл бакастæй… Ду уой ку фæууидтайсæ!.. Ду уой сау цæсгонмæ ку бакастайсæ!..

-Сау æмбудæн æ уинд дæр неци æма æхуæдæг дæр, - ıерæгиаути райгъустæй Дзамболати уæзбун гъæлæси уаг. – Уой мæнæн ка бавзарун кодта, уомæн ба… Угæ фудгин мæхуæдæг дæн. Еци хæмпæлгæрдæг афонæбæл бундзарæй ку исрæдувтайнæ, уæд уæхæн гъезæмæртти дæр нæ бахаудтайнæ.

-Слестгæнгутæ дин дæ архайдмæ ку неци фау иссирдтонцæ, уæд дæмæ æ курдиадæ, хæлæф цъинккитæй, æхуæдæг ку балæвардта, - Хъаурбег, Мориси цалдæрæймаг тамакуй исасугъдмæ фенгас угæй, фæтътъæлланг ласта: - Дзамболат, ести ин зæгъай!..

-Æхе барæ 'й уадзæ, кæд æ масти дзæкъолæ фæррæуæгдæр уидæ, - Дзамболат æ косæн стъоли уæлгъос ислæудтæй. – Мадта нин, зæгъетæ, нур фенцондæр æй? Нæхе æрлæдæрдтан?

-Тарст къæбулатау сæ къæдзилттæ римæхстæй ка фæххаста, сæ ефтиндзæги фæд-фæд ка фæддунд æй, уонæй нæ зæгъун, фал дин иннетæ ба дæ фæззиндмæ бони рохсмæ бæллæгау кастæнцæ, - Морис тæрвазæмæ амонуй. -Фарни къах нæмæ æрбайвæрæ æма абонæй фæстæмæ уæхæн сау æмбудбæл куд некæдбал исцурæвæрæ уай, уæхæн амонд дæу дæр æма мах дæр уæд!

-Амменæ, Хуцау! – Хъаурбеги арми тъæпæнтæ, уæларвмæ ковæгау, фæхъхъел æнцæ.

-Кæд уæ уотæ æрфæндадтæй, уæд нæ коллективи иуæнгти раздæрау æрбамбурд кæнтæ, æма уæларвон тухтæбæл нæхе бафæдзæхсæн, - кæдæй-уæдæй Дзамболат æ медбилти бахудтæй. – Еци сау æмбуди тæфæй ке нæбал уолæфдзинан, уой туххæй æртæ къерей исковæн… Æ раздæри бунатæй ку фæлледзæг æй, уæд куд гъæрæй кувдтонцæ, гъе уотæ!..

ХИДИРТИ Рамазан

# 1952 АНЗ. ЛЕСКЕНИ КОЛХОЗОНТИ ЕУ ÆМБУРД

*Ерун си мæ рохсаггаг хъиамæтгун мадæ Зурмæхани рохс ном.*

Дессаг куд нæй, еуæй-еу сахат – æгас æноси, еуæй-еу цау ба – æнæгъæнæ царди дæргъцæн ниууй… Мæнæн дæр, мæ цæрæгæ-цæрæнбонти ци бавзурстон, ци фæууидтон, уонæй беретæ мæ зæрди цæрунцæ æма цæрдзæнæнцæ сауæнгæ мæ мæлæти бонмæ...

Цудæнцæ æнзтæ æма нæ мадæ æнхæст кодта, куд æ бон адтæй, уотемæй, нæ фидæ Батæрбек е 'сæвди надбæл ку нæхстæр кодта, уæд ин æ зæнæги туххæй цидæр ниффæдзахста, уони.

Нæ мадæ æйдагъ хуæруйнаггæнæгæй нæ куста колхози бригади, фал, æ уодбæл нæ ауæрдгæй, бригади ци колхозонтæ куста, уони хæццæ е дæр æнхи хæйттæ райсидæ. Мах дæр, сæрдигон каникулти рæстæги, æ фарсмæ æрлæууианæ æма еци хæйтти куст æ хæццæ кодтан, уой туххæн, æма нæ мадæ уотæ æнгъæлæ кодта, куд фулдæр бакосон, трудодентæ искæнон, уотæ, æнгъæлæ, фулдæр тиллæг райсдзæн колхозæй. Уотемæй, дан, кæдимайди ба мæ сувæллæнттæ хуæрдæй æгудзæг нæ бавзариуонцæ.

Нæ мадæ нæ кустбæл ке аразта, уой туххæй æрхæсдзæн еу дæнцæ. Мах адтан цуппар æнсувæри 'ма, нæ хестæр Мæхæмæтæй ба нæ кæстæр Ехиай уæнгæ, еугурæй дæр колхози бакустан почтальонтæй. Царди медæгæ ни ка куд раустур уидæ, уотæ ба æ кæстæрмæ еци куст радтидæ. 'Ма нин еци кустбæл колхози правлени алли мæйæн дæр нимадта 25 косгæбони.

Мах нæхе некæд ластан колхози куститæй: будурти гæсæй, хæйттæ æхсæдунæй, постхæссæгæй – газеттæ, пъисмотæ иуарæгæй. Æз ци рæстæги кустон постхæссæгæй, еци рæстæги Лескени почти сæргъи лæудтæй нæхе гъæукказ Надгерити Нох, рохсаг уæд. Е нимад адтæй гъæуи курхон лæгбæл. Кусти –

къаурæгин æма ездон. Æ къохи бакустон æртæ анзи 'ма 'й дæн къæбæр арази, е мæнæн æнæгъæугæй уайдзæф нæ кусти туххæй некæд бакодта, уарзгæ ба мæ хъæбæр кодта, уомæ гæсгæ 'й æз дæр берæ уарзтон æма ин аргъ кодтон, цæмæй мæбæл æ зæрдæ ма фæххудтайдæ, куд æ къохи косæг, уотæ.

Нох рацудæй горæти мæрддзогойни хæццæ, мах мади зианмæ. Нæ дигорон зиани тургъи æгъдæуттæмæ гæсгæ, адæм се 'гъдау ку бакодтонцæ марди здæхæй, уæдта Нох æхе æрбайста, зиани тургъи ци хестæр гъæуккæгтæ бадтæй, уонæмæ. Æз лæудтæн уонæмæ хæстæг – ме 'нсувæртæ Мæхæмæт æма Ехиай хæццæ мæрдадзи. Махбæл е 'нгæс ку радардта, уæд мах уæнгæ æрбацудæй æвгъдаумæ гæсгæ нин ратæфирфæс кодта, рохсаг уæд уæ мадæ, зæгъгæ, уæдта фæстæмæ æхе хестæрти размæ байста.

Мах сæмæ хæстæг ке лæудтан, уомæ гæсгæ Нох сæ хæццæ куд дзубанди кодта, уой дзæбæх игъустан.

- Аци æнсувæрти хуарз зонун, - загъта Нох, - цуппаремæй дæр сæ еу инней æййевгæй хестæргай бакустонцæ постхæссæгæй. Раст зæгъгæй си мæнмæ кустонцæ Рамазан æма Джамал, æма си æз алкæддæр уинæ арази, уой туххæн, æма уони кусти туххæй мæнмæ гъаст некæд неке æрбахаста. Дессаг ба е адтæй, 'ма мæмæ еу хатт колхози сæрдар телефонæй æрдзурдта, 'ма мин загъта, ес дзоргутæ, Рамазан постхæссæгæй куд нæбал коса, уотæ, зæгъгæ, гъома, дан, кæрæдзей и 'нсувæртæ æййевунцæ, цума, дан, уонæн конд æй аци куст, уотæ. Æз имæ лæмбунæг фегъустон, уæдта ин дзуапп цубурæй равардтон. Дæхе æздæх дæр кæнис уæдта кедæрти фæндон дæр зæгъис, фал, цалдæнги æз ами косон, уæдмæ ба аци биццеу косдзæнæй постиуарæгæй, уой туххæн, æма Рамазани кустæй рагъаст кæнун раст неци хузи æй, растауйнагæй фæстæмæ имæ неци ес 'ма уомæн цох гæнæн некуд ес, зæгъгæ. Раст зæгъгæй, еци адæбæл биццеуи кой нæбал æрцудæй.

Нох уæди уæнгæ мæнæн еци хабар некæд ракодта, фал, махбæл уæззау бон уогæй, мæрдадзи лæугæй, мæхе гъостæй фегъустон еци хабар. Зиангун адæймаг ба алцидæр гъудигæнагæ 'й, кæд уонæбæл нæ фæууй еци рæстæги, уæддæр.

1937-аг анзæй 1952 анзи уæнгæ рацудæй 15 анзи 'ма нæ мадæ еци дзамани, æхсæвæ бон нæ зæгъгæй, æ сувæллæнтти гъуддаг кæнгæй, некæд иронх кодта нæ фидæ Батæрбеги. Цалдæнги, дан, гæнæн уа, уæдмæ дин цийфæнди зин ку уа, уæддæр си сæ ахурæй-скъолайæй маке рахецæн кænæ. Æма еци уосиат, догъи уайгæй,

æнхæст дæр кодта. Фал 15 анзи минкъий рæстæг н' æнцæ 'ма нæ мадæ бонæй-бонмæ æнæхъаурæдæргæнгæ цудæй, æ незтæ ба фулдæрæй-фулдæр гæнгæ цудæнцæ. Дохтирти къамисти рацæугæй ин лæвæрд æрцудæй 2-аг группи инвалид.

Аци дзубанди – финст уой туххæй кæнун, æма еци 15 анзей рæстæги мах бийнонтæ æхсæвæй-бонæй кустан колхози будурти - постхæссæгæй ба нартихуари, мæнæуи, картофи хæйттæ гъуд кæнуни уæнгæ. Фал, Лескени скъола ни ка куд каст фæууидæ, уотæ е ба, изолдæр æ ахури гъуддаг кæнгæ, уæлдæр скъолатæ каст фæууидæ 'ма косун райдаидæ есгæми: нæ хестæр æнсувæр Мæхæмæт райдæдта косун бухгалтерæй Чиколай гъæуи сæри поселокки; нæ хестæр хуæрæ Тæйбæт фæцæй нæхе горæти désинститут 'ма Чиколай астæуккаг скъолай райдæдта уруссаг æвзаг æма ирон æвзагбæл ахургæнæгæй косун; мæхуæдæг г. Нальчиги пединститут каст фæддæн æма ахургæнæгæй райдæдтон косун Толдзгуни 7-анзон скъолай ахургæнæгæй; нæ кæстæр æнсувæр Ехйа ба устур æнтæстгунæй 2-аг курси ахур кодта Мæскуй МГУ-и; нæ кæстæр хуæрæ уæд ахур кодта нæхе Лескени скъолай 7-аг къласи.

Нæ хестæртæй ци загъд байзадæй, цард цæуй æма фарнæ хæссуй, зæгъгæ, е раст загъд æй. Нæ мадæ 37-аг анзæй ба 52-аг анзи уæнгæ ци зинтæ фæууидта, уонæбæл хебæраги, еунæгæй уогæй, сагъæсти ку бацæуидæ, арф гъудити ку ранигъулидæ, уæд æхецæн ба æ сагъæсти фæсте уотæ зæгъидæ: «Хуцауæй сæдæ мин хатти арази. Ӕгайти ма мæ догъи хъиамæттæ бунати æнцæ. Ӕгайти ма мæ сувæллæнттæ куд кусти, уотæ ахури дæр раст нæдтæбæл æрлæудтæнцæ. Ӕгайти ма, Хуцауи фæрци, сæ фиди фæдзæхст, уосиат царди медæгæ æнхæстгонд цæуй».

Махмæ кæсгæй, æ зæнæги гъудтæгтæмæ æ зæрдæ рохсгæнгæй, æ берæ хъиамæттæбæл фæсмон нæ кодта. Ӕз, уæлдæр куд загътон, уотæ еци рæстæги кустон Толдзгуни авданзон скъолай ахургæнæгæй. Уæди рæстæги автобустæ нæ адтæй æма нæ хаттæй нæдæр нæхе горæтæй, нæдæр ба Нальчигæй. Уомæ гæсгæ ба къуæре бакосинæ скъолай, уæдта сабати ба фулдæр хæттити цудтæн фестæгæй. Еуæй-еу хатт ба мæ фæндагбæл ци машинттæ цæугæ феййафиуонцæ, етæ Лескени уæнгæ æрласиуонцæ. Нæ мадæ еци рæстæги нæ кæстæр хуæрæ Таисси хæццæ еунæгæй цардæй 'ма мæ ку рауинидæ, уæд æ цийнæн кæрон нæбал уидæ. Нæ царди бæнттæ, æнзтæ, евгъуд рæстæг имисгæй, не 'золдæр царди гъуддæгтæбæл унæфтæ, сагъæстæ гæнгæй,

кæрæдзебæл цийнæгæнгæй, мæ цубур рæстæг куд фæййевгъуидæ, уой лæдæргæ дæр нæ бакæнинæ, уотемæй фæстæмæ Толдзгунмæ мæ кустмæ рараст уинæ.

Цудæй 1952 анз, сентябри мæйæ, рæстæг сæрдæй фæззæгмæ æхе рахатта. Еу уæхæни сабати бони нæхемæ æрцудтæн. Тургъæмæ ку бахизтæн, уæд мæмæ нидæн гъæлæсæй нæ мадæ куд кудтæй, е мæ гъостæбæл рауадæй. Æз медæгмæ – хæдзарæмæ ку бацудтæн, уæд мæ мæ хъиамæтгун мадæ ку рауидта, уæд æ кæун фæууагъта, æ цæстисугтæ расæрфта, нидæн ходæзмолæ бакодта æма мæбæл иннæ хæттитау, куд дæ биццеу, зæгъгæ, цийнæ кæнун райдæдта. Æз дæр ин дзуапп равардтон, дзæбæх дæн, зæгъгæ. Уой усмæ неци исдзурдта, уæдта 'й бафарстон, Зурмæхан, ай разæй ци сабати æрцудтæн, уоми дæ игъæлдзæгæй ку æрæййафтон, уæд аци бон ба уотæ хъæбæр цæбæл хъурмæ кæнис, зæгъгæ. Æ царди медæгæ еу бон ка нæ бауолæфтæй, дзæбæхдзийнадæй ка неци фæууидта, е нæуæгæй рахъурмæ 'й, æ билæ исдардта æма мин кæунгъæлæстæй загъта: «Биццеу, куд нæ хъурмæ кæнон! Уæ фиди уин е 'сæвди надбæл ку фæлластонцæ, уæдæй ардæмæ дзурд – Сибир ци 'й, уой базудтон, 'ма еци дзурдæй мæ фуни дæр тæрсун байдæдтон. Нур мæбæл, биццеу, хабар исæмбалдæй, колхози ка нæ косуй, 'ма абони уæнгæ цæй бæрцæ æнгъезуй, уой бæрцæ колхозон трудодентæ ка нæ бакуста, уони дан Сибирмæ æрветунцæ, зæгъгæ. 'Ма хабар куд æй, уотемæй мах дæр еци списгути финст ан!»

Мæнæн мæ сæри гъунтæ хъел ислæудтæнцæ, еу рæстæг сах кæсгæ, æнцад лæугæ байзадтæн мæ бунати. Æппун фæстаг ба нæ мади бафарстон, аци хабар ду кæмæй фегъустай, зæгъгæ. Æма мин уæдта загъта: «Æзинæ изæр нæ синхи лæгтæ нæхе Дзаболаети рази бадтæнцæ 'ма уонæй. Сумах дæр, дан, еци списгути финст айтæ, зæгъгæ, мин балæдæрун кодтонцæ.»

Æз нæ мадæн зæрдитæ æвæргæй, алли хузи дзубандитæ кæнгæй, еци гъуддаг раст нæ уодзæй мах туххæй, зæгъгæ, æ гъенцъун æма хъурмæй æрсабур æй еу рæстæги фæсте.

Бонæ изæрæрдæмæ фæххæстæгдæр æй æма нæ мадæн загътон: «Цæуон, донгонæрдæмæ бакæсон æма мæхе фæссатæгдæр кæнон».

Нæ мадæ байдзулдæй 'ма мин загъта: «Цо, цо, биццеу, дæ дзубандити фæсте мин фенцондæр æй æма дæ гъуддаг кæнæ».

Æз гъæунгмæ рахизтæн æма мæ цуд æцæгæй дæр донгон

æрдæмæ исаразтон. Кæд мæ мадæн уотæ загътон, цæуон донгонæрдæмæ æма мæхе фæссатæгдæр кæнон, зæгъгæ, уæддæр мæ гъæунгмæ рацуд ба адтæй, мæ мадæй ци хабæрттæ фегъустон, уонæбæл ескети бафæрсун æма гъуддæгтæ хуæздæр базонуни туххæй.

Сагъæстæ æма гъудитæ кæнгæй, донгони билæмæ ку бахъæрттæн, уæд дæлбилæй мæхе кари фæсевæд исхизтæнцæ, сæхе ку фæссатæгдæртæ кодтонцæ, уæд, æма, кæрæдземæн салам радтгæй, дзубандити бацудан... Æз мæ дзубандий æргом бафарстон, иннæ къуæрей, дан, гъæуæмбурд униау æй колхозонтæн, æма уи, зæгъун, ка ци зонуй еци хабарæн.

Мæн фарстабæл еугурæй дæр балæдæрун кодтонцæ, уотæ ке 'й хабар, уой, 'ма Уæдати Исæ Алуми фурт æма Æлбегти Морат Дудари фурт ба ма бафтудтонцæ, иннæ къуæре кæци бон кæнунмæ гъавунцæ еци колхозонти æмбурд, уой.

Нæ дзубандитæ фæууогæй, кæрæдземæн «хуæрзбон» зæгъгæй, æз дæр мæхе ниртадтон, мæ бауæр исуолæфтæй, æма мæ хæдзарæмæ мæ мади размæ фæстæмæ æрбаздахтæн.

Гъæугкаг хæдзарæ куд фæууй, уотæ – фонсæй дæр, маргъæй дæр нæ 'æргъуддæгтæ бакодтан, берæ алли хузи таурæхътæ-хабæрттæ ма фæккодтан æма ни алке бауолæфунмæ æ хуссæни æхе бацъонæ кодта æрбони, сæуми уæнгæ.

Кæд ма мæхе мæ хуссæни æруагътон, уæддæр мæбæл хуссæг нæ цæфстæй. Арф сагъæсти, гъудити ранигъулдтæн, иннæ къуæре колхозонти æмбурд уодзæнæй, мах фарстамæ дæр кæсдзæнæнцæ, æма цæбæл ниллух уодзæнæй нæ гъуддаг, зæгъгæ.

Уонæбæл сагъæстæ гæнгæй, мæхецæн загътон, мæ лимæнтæй мæнæй хуæздæр ка зонуй закъæнттæ, уонæн нæ хабæрттæ æркæндзæн – колхози куд кустан, нур, ахур исгæнгæй, кæмити косæн, - 'ма мин етæ ци баунаффæ кæнонцæ, уомæ гæсгæ ба изолдæр мæ гъуддаг кæндзæнæн, зæгъгæ.

Цард куд дессаг конд æй! Хуцауи размæ адæм игурунцæ аци дуйнемæ æмхузæнæй. Фал цард ку раеудагъ уй, уæдта еуетæ хуарз, адгин цардæй фæстæмæ неци бавзарунцæ, иннетæ ба, хуарз ка рарветуй сæ цард, уонæй нецæмæй фуддæр, дæлдæр фæуунцæ, уæддæр берæ зинтæ æма фудæбæнттæ фæууинунцæ, бавзарунцæ.

Еци фарстатæбæл арф сагъæстæ гæнгæй, хуссæг дæр æ гъуддаг кæнгæй, æрæгиау фунæй бадæн мæ хуссæни.

Ку æрсæумæ 'й, уæд мæ мадæн зæрдитæ байвардтон колхози

æмбурди туххæй, æма раст дæн Толдзгунмæ ме 'скъолай кустмæ.

Мæнæй хуæздæр закъæнттæ ка зудта, мæ еци лимæнтæ 'ма æрдхуæрдти фæууингæй, уонæн мæ гъуддæгтæ æрдзоргæй, етæ мæнæн æмхузонæй балæдæрун кодтонцæ уой, æма списгутæмæ раст хаст ке нæ æрцудан. Сумах, дан, гъæуама æфхуæргæ дæр ма бакæнонцæ, зæгъгæ, мин нифситæ райвардтонцæ. Мæн фæндæ адтæй, еци колхозонти æмбурди куд адтайнæ, е, фал, скъолай ке кустон, уомæ гæсгæ ба мæ гъудæй мæхе скъолай директорæй ракорун. Еци рæстæги скъолай сæргъи лæудтæй толдзгуйнаг Будайти Виктор. Кæд гъæуи еу курхон лæг адтæй, уæд е адтæй Виктор, устур ахургонд æма кусти хъæбæр хъаурæгин косæг.

Гъенур исон уодзæй Лескени еци колхозонти æмбурд, зæгъгæ, уæд Викторæн сæрæй бунмæ мæ дзубанди æркодтон æма ин загътон, цæмæй мæ исуæгъдæ кæна, æма мæ рауадза еци æмбурдмæ, уой.

Виктор мин мæ дзубандитæмæ хъæбæр лæмбунæг фегъосгæй, æппун фæстаг загъта: «Рамазан, уæгъдæ дæ кæнун. Исон фæууо еци æмбурди, æрмæст дæ æз ке исуæгъдæ кодтон, е ба неке гъæуй, уотемæй уæ гъуддæгтæ уæхе зæрди фæндон уæнтæ!»

Еци бон æз нæхемæ æрцудтæн æма нæ мадæн балæдæрун кодтон, исон колхозонти æмбурди ке уодзæнæн, уой.

Еци хабар нæ мадæн хъæбæр æхцæуæн ке адтæй, е æ цæсгонбæл фæббæрæг æй, байдзулдæй, фал дзоргæ ба неци искодтон. Иннæ бон адтæй æцæг рæсугъд фæззигон хор бон, æма сæумæй нæ мади хæццæ нæхе рæвдзæ кæнун райдæдтан æмбурдмæ. Нæ мадæн, надбæл цæугæй æмбурдмæ, загътон: «Дæ зæрдæ дзæбæх, федар уадзæ. Дзурди барæ дин ку радтонцæ, уæд мацæмæй тæрсæ æма макæмæй æфсæрми кæнæ: дзорæ æндон, æндиудæй. Цалдæнги дæ бон адтæй, уæдмæ дæ сувæллæнтти хæццæ куд фæккустай, уой син, куд дæ бон уа, уотæ балæдæрун кæндзæнæ.»

Колхози правлений хæдзари хæццæ си адтæй даргъ саратæ. Уоми раздæр бон райдайæнæй кæронмæ æвæрд æрцудæй даргъ къелатæ 'ма колхозонтæ куд цæугæ цудæнцæ, уотæ еци къелатæбæл бадгæ цудæнцæ. Мах дæр æмбурди тургъæмæ бацудæн æма, бадæнтæй уæгъдæ ка адтæй, уонæй еуебæл мæ мадæ æхе æруагъта. Æз ба, мæхе хузæн æнгæрттæй уоми ке ниййафтон, уони хæццæ дзубандити бацудтæн. Рама цудайдæ, æвæдзи, еу сахатти бæрцæ, уæдта айдагъ саратæ нæ, фал ма

тургъæ дæр байдзаг æй гъæуи адæмтæй æма колхозонтæй.

Адæм фарстонцæ кæрæдзей, æмбурд цæмæннæ райдайуй, гъæуи къахбæл истæг кадæр ес, етæ ами ку æнцæ, зæгъгæ. Æмбурд ба уой туххæй игонгонд нæ цудæй, æма райони прокурор - Митдзити Тазæрети хизтонцæ. Уалинмæ адæм базгули æнцæ æма етæ ци 'рдæмæ се 'рух рахаттонцæ, æз дæр еци 'рдæмæ мæхе кæсун искодтон. Фæууидтон, адæм ке хизтонцæ, еци лæг, æ хæццæ ма еу къуар лæги, уотемæй ке фæззиндтæнцæ, уой. Æз нæ зудтон æма нæ фæсмардтон уæдмæ нæ райони прокурори æма, мæ фарсмæ ка лæудтæй, уони бафарстон, анæй ба Митдзий фурт кæци æй, зæгъгæ, 'ма мин æй уæдта етæ байамудтонцæ.

Æмбурд байгон кодта колхози сæрдар. Балæдæрун кодта, бони фæтки ци еунæг фарста ес, гъома, колхози косун ке бон æй, фал си нæ косуй, уонæмæ æркæсун 'ма син агкаг аргъ искæнун, зæгъгæ. Еци фарстабæл исгъæлæс кæнгæй, æмбурд изолдæр æ куст хаста. Мæнæн мæ царди медæгæ берæ æмбурдти уогæ рауадæй, фал еци æмбурд ба абони уæнгæ дæр ма мæ зæрдæбæл ку æрлæууй, мæ цæститæбæл ку рагъазуй, уæд деси бацæуун.

Ке фудгин кæниуонцæ, колхози нæ косис, зæгъгæ, уомæн дзурди барæ ку раттиуонцæ, уæд уомæ дæр, уæдта е ку фæууидæ дзурд, æма паддзахади æрдæги закъæнттæ ке къохи адтæнцæ, е ку райдайидæ дзорун, уæд уомæ дæр уотæ игъустонцæ æрцæуæг адæм – колхозонтæ, 'ма, æвæдзи, биндзæ ку ратахтайдæ, уæддæр бæрæг адтайдæ е стуф. Раст зæгъгæй, уæд еу рагæпп кæнидæ еуей сæрбæл, уæдта иннæ рагæпп кæнидæ инней сæрбæл, 'ма уæхæнтти ба, æмбурд ка хаста, етæ басабур кæниуонцæ.

Æмбурд цудæй 'ма æз ахид бакæсинæ мæ мади æрдæмæ, æма 'й уидтон, бæрæг адтæй æ цæсгонбæл, куд катай кодта, дзæгъæл ракæсæ-бакæсæ куд кодта, уæд еу æрдæмæ, уæдта иннердæмæ. Æ цæсгон ба мæмæ кастæй, куд фæууй, уомæй иваддæр. Бæргæ мæ фæндæ адтæй æ размæ бацæуун, æ фарсмæ исбадун 'ма ин зæрдитæ байвæрун, фал æй мæхецæн нæ аккаг кодтон, мæ бацуд ескæмæти раст ку нæ фæккæса, зæгъгæ. Нур, берæ æнзти фæсте, еци бон мæ зæрди ку æрифтуйуй, уæд мæхецæй арази нæ фæуун: æз, ескæмæ ести раст нæ фæккæсдзæнæй, уонæбæл цæмæн гъуди кодтон, æ зин сахатти мæ хъазар мади уæлгъос цæмæннæ лæудтæн?!

Мæ мадæ еци рæстæги ци уавæри адтæй, уобæл алкедæр ку расагъæс кодтайдæ, уой бунати æхе ку ниввардтайдæ, уæд æ

ырдæмæ хуæздæр бацудайдæ, æма 'й хуæздæр бапæдæрдтайдæ. Æ уод раст уогæй, дзигкой хæлттæ будурти пихситæбæл изайгæй, æ бон цалдæнги адтæй, уæдмæ æ сувæллæнтти хæццæ косгæй, нур ба хизта æ кезу, æ рæстæг, кæд ибой исистун кæндзæнæнцæ æ уарзон хæдзарæй, æ гъæуæй æма цума ахæст силгоймаг æй, уотæ еци æмбурди колхозонтæ æма, закъони мийнæвæрттæй си ци адæм адтæй, уони размæ дзуапп гъæуама радта, Лескени гъæуи, колхози ма уадзгæ 'й æви æд бийнонтæ Сибирмæ æрветгæ 'нцæ, зæгъгæ, уобæл. Уæхæн рауæн, уæхæн уавæри еци фарстабæл исдзуапп кæнунмæ гъудæй хъæбæр федар, хъаурæгин адæймаг 'ма мæн мадæ ба, уæхæн федар, хъаурæгин нæ уогæй, раздæр æ зæрдæ æгудзæг кæнун райдæдта.

Рæстæг рацудæй, æма мах кезу дæр æрхъæрттæй. Нæ мадæ фестадæй æма райони прокурор, а ба ка 'й, кæмæй æй, зæгъгæ, ку бафарста, уæд колхози сæрдар ба, цæмæй никки уазалдæр цæстæй ракастайдæ закъони лæг мæ мадæмæ, уомæ гæсгæ ин æй байамудта мæнæ аци хузи: «Е ба æй æзнаги – «враг народи» уосæ, Æгъузарти Цæраййи, - Америкæмæ ка рандæй, уой хуæрæ», - зæгъгæ.

Митдзий фурт еу рæстæг неци исдзурдта, уæдта мæ мади бафарста, радзорай, колхози уи цæмæннæ неке косуй, зæгъгæ.

Фал еци рæстæги е 'ндæргъцæ исистадæй нæ мугкаги хестæр лæг – Хидирти Дзабола, æхе æмбурди адæммæ рахатта, хатир си ракурдта, прокурори æрдæмæ æхе бахатта æма уомæн загъта: «Хъæбæр устур хатир ди конун, æма мин еу дзурди барæ радтæ, еу фарста мæ фæндуй радтун колхози сæрдармæ æма мин гъеууой исагкаг кæнæ», - зæгъгæ. Прокурор, æ хæццæ исарази уогæй, Дзабола æхе колхози сæрдармæ бахатгæй æй бафарста: «Корун ди, колхози сæрдар, ами ци адæм ес, уони рази мин дзуапп радтæ, мах кæмæй ан, нæ мугкаг кæмæй æй, уобæл?»

Еу рæстæги колхози сæрдар неци дзурдта, 'ма 'й уæдта Дзабола, æмбурди ци адæм адтæй, етæ 'й куд игъустайуонцæ, уотæ гъæрдæрæй бафарста нæуæгæй:

- Мæнæ æмбурди ци хъиамæтгун адæм бадуй, уони номæй дæ дуккаг хатт фæрсун: «Мах кæмæй ан? Нæ мугкаг кæмæй æй?»

Еу рæстæги фæсте колхози сæрдар загъта: «Сумах ба – Хидиртæй.» «Мадта нæ æндæр мугкæгти хæццæ цæмæн хæлæмулæ кæнис – 'ма нæ уонæй цæмæн хонис?» Дугкаг гъуддагæй ба загъта Дзабола: «Абони аци æмбурди дзубанди цæуй, Лескени колхози ка нæ косуй æма цæмæннæ косунцæ, уобæл. Дæу

дзубандитæмæ гæсгæ ба уотæ уайуй, цума не 'мбурди фæтки кæсæн, ка 'й æзнаг, ка 'й «враг народа» æма немуци хæццæ ка рандæ 'й гъæуæй, уонæбæл. Æма дин, куд Хидиртæй лæг, уотæ зæгъун: ци дзоруйнаг уай, æма 'й кæми дзорай, уобæл лæмбунæг расагъæс кæнисæ раздæр.

Лескени гъæуи Хидиртæ ке цæруй, уой еугур цæргутæ дæр зонунцæ. 'Ма Хидирти туххæй ку дзорай, уæд нæ дæ сæрмæ хæссæ, нæ мугкаг кæмæй æй, уомæй нæ хонæ. Кенæ ба еу уæхæни дæхе бæллахæй, гъуддаг уотæ æнæраст хæсгæй, уæхæн масти бахаудзæнæ, æма дæ фæсмон дæ сæри гъунтæй фулдæр фæуууодзæнæй!»

Дзабола ма еу хатт адæм æма прокурорæй хатир ракоргæй, фæстæмæ æ бунати æхе æруагъта.

Адæм имæ игъустонцæ сах, лæмбунæг æма ин алке, æ бунати бадгæй, зæрдтагон арфитæ кодта.

Æз, куд Хидиртæй, уотæ ма мæ фæндуй Дзаболай туххæй еу загъд кæнун. Еци рæстæги Дзабола адтæй нæ мугкаги хестæртæй еу. Гъæуи нимад цудæй курхон лæгбæл. Ка 'й зудта, уонæй имæ бæрæтæ цудæнцæ фастмæ, царди медæгæ баунаффæ кæнунмæ æлли хузи фарстати туххæй. Адтæй имæ дзурди хъаурæ. Зудта нæ дигорон æгъдæуттæ хуарз. Нæ дигорон æгъдæуттæмæ гæсгæ, дууæ мугкагой æхсæн бугъзур гъуддаг ку рауаидæ, уæд уони бафодаун, ниллигъз кæнунмæ агориуонцæ Хидирти Дзаболай. Гъе, уæхæнæй зудтонцæ Дзаболай, айдагъ Лескени гъæуи нæ, фалæ æгас райони, Дигоргомти 'й ка фæсмардта, етæ еугурæй дæр. Уомæ гæсгæ ба ин аргъ кодтонцæ, æ кадæ ба адтæй устур.

Дзабола хуарз зудта, нæ рагон фиддæлтæй ци хуарз гъуддæгтæ æма æгъдæуттæ æрæййафта, уони æма сæ махæн ба амудта. Царди медæгæ ни еске ескæми ку рæдуидæ, уæд нин æй æргомæй зæгъидæ, лæдæрун нин æй кодта. Уомæ гæсгæ ба си мах, нæ муггаги кæстæртæ, адтан арази æма сæрбæрзонд.

Дзабола колхози сæрдари хæццæ дзубандигонд ку фæцæй, уæд прокурор – Митдзий фурт нæ мадæн загъта: гъенур ба, зæгъгæ, дæумæ игъосæн, колхози уи цæмæннæ неке косуй, уой нин балæдæрун кæнай. Æз еци рæстæги кастæн мæ мадæмæ æма, æвæдзи, Дзаболамæ, колхози сæрдари хæццæ 'ймæ ци дзубанди рауадæй, уобæл сагъæсгæнгæй, мастгæнгæй – минутæй-минутмæ мæ мадæн æ цæсгон ивадæй-иваддæр гæнгæ цудæй æма, æ зæрдæ байгудзæг уогæй, æ фæсте ци рæнгъæ бадтæй, уонæбæл

уæлгоммæ рахаудтæй. Ке рази æрхаудтæй, етæ 'й райахæстонцæ ма ин ка сурх æстъолæбæл ци графийни дон адтæй, уой цурд æрбадавгæй, дон дардта, ка ба уæлдæф æ къохтæй дууердæмæ сатæг кодта, кæд ин еу минкъий фенцондæр уидæ, зæгъгæ.

Æз бæргæ æ сæргъи лæудтæн, «Зурмæхан, Зурмæхан» кодтон, фал ин уомæй уæлдай æнцон неци кодта.

Ци хузи уавæри адтан мæ мадæ дæр уæдта æз дæр, уой, уоми ци хуарз адæм адтæй, етæ, нæ уæззау гъуддагмæ кæсгæй, уидтонцæ.

Уалинмæ Зурмæханæн фенцондæр æй, æхе æрлæдæрдтæй æма æмбурд æ куст изолдæр хæссун райдæдта. Нæ мади бон æмбурди радзорун ке нæбал иссайдæ, уой еугурæй дæр уидтонцæ, уомæ гæсгæ, æмбурд ка хаста, етæ бафарстонцæ, кæд ма еске ес еци хæдзарæй, уæд, дан, уой зæгъуни барæ ес. Æма уæд æз мæ къох исдардтон, æз зæгъдзæнæн, зæгъгæ.

Прокурор мæн бафарста: «Ду ба еци хæдзарæн ка дæ?» Æз ба дзуапп равардтон, мæнæ, ка байгудзæг æй, уой фурт, зæгъгæ. Мадта дæмæ игъосæн, зæгъгæ, мин дзурди барæ равардта. Æз ци уавæри адтайнæ, уой, æвæдзи, аци финст кæсæг, хуарз лæдæруй. Гъе, уотемæй сауæнгæ æмбурди размæ рацудтæн. Хатир си ракурдтон, æма син загътон: «Колхози ни ке неке косуй æма цæмæннæ неке косуй, уой туххæй зæгъунмæ гъавун æма аци æмбурди мæн ка нæ фæсмæруй, уæхæн, æвæдзи, еу дæр нæ уодзæй, уомæ гæсгæ ба уи корун: мæ дзубанди раст кæмæ нæ фæккæса æма, растæй ци нæ зæгъон, уой мин ами закъони рази æргом зæгъдзинайтæ.» Прокурормæ мæхе базелгæй, мæ дзубанди изолдæр кодтон: «Мах нæ мади хæццæ, кæдмæ нæ равгæ адтæй, уæдмæ æхсæвæй-бонæй колхози кустан.

Нæ мадæ ци бригади куста пъовæрæй – уоми еци кусти æной ма райсидæ, куд иннæ косгутæ, уотæ гъудкæнуйнаг зæнхи хæйттæ: нартихуари, картофи, мæнæуи æма мах, æ сувæллæнттæ, скъолай каникулти уогæй, æ хæццæ кустан, кæд, фулдæр трудæдентæ бакосгæй, тиллæг дæр фулдæр райсианæ, зæгъгæ.

Нæ хестæр æнсувæр, скъолай каникулти уогæй, косидæ хигъдхæссæгæй – учетчикæй. Мæхæмæт Лескени скъола каст ку фæцæй, уæд фæцæй еци рæстæги бухгалтерти техникум æма абони косуй, Чиколай гъæуи сæри ци поселок ес – гъæдфадæн завод, уоми бухгалтерæй.

Мæ хуæрæ Тæйбæт, цалдæнги Лескени скъолай ахур кодта,

уæдмæ, æ бон цæйбæрцæ адтæй, уойбæрцæ куста колхози – æ мади фарсмæ æрлæууидæ 'ма уотемæй.

Лескени скъола каст ку фæцæй, уæдта бацудæй нæхе горæти педагогон институтмæ. Уой ку фæцæй каст, уæдта 'й Чиколай фиццаг скъоламæ æрæрвистонцæ ахургæнæгæй 'ма уоми райдæдта косун.

-Царди медæгæ æ нивæ - амонд иссергæй, æрцудæй лæгмæ Тауасити Мухарбекмæ æма изолдæр косуй ахургæнæгæй Чиколай скъолай.

Мæхуæдæг – Рамазан, скъолай ахургæнгæй, кустон постхæссæгæй Лескени почти. Скъолай мæ уроктæ ку искæнинæ, уæд мæ киунугути сумкæ радтинæ нæ кæстæр æнсувæр Ехиамæ æма, ræфтад дæр не 'скæнинæ, уотемæй фæтъæбæртт кæнинæ почтæмæ æма газеттæ, пъисмотæ, телеграммитæ мæ сумки дæр нæ цæуиуонцæ, уотемæй, нур Лескени клуб кæми æй, уомæй уæлæмæ, гъæуи æмбеси, иурстон колхозонтæн. Еци куст кæнгæй мæбæл фулдæр хæттити æрталингæ уидæ, сæрди тæвди, зумæги уазали – фулдæр хæттити – æнæхуæргæй, хъæбæр бафæллаинæ, уотемæй мæ хæдзарæмæ æрæздæхинæ. Мæнæн мæ еци хъиамæтбæл - 25 косгæбонбæл колхози правлени цидæртæ фиста, - фулдæр хæттити есгæ дæр неци ракæнианæ.

Æз дæр, куд ме 'нсувæр Мæхæмæт æма мæ хуæрæ Тæйбæт – фæдддæн каст Лескени скъола æма бацудтæн г. Нальчиги педагогон институтмæ, 'ма 'й каст фæууогæй, абони ба косун Толдзгуни скъолай ахургæнæгæй. Зæгъун ма мæ фæндуй уой, æма абони дæр скъолай косгæй мæхе нæ еуварс кæнун Толдзгуни колхози куститæй. Райком, райисполкоми хецауадæй загъд ку фæуун, фæккæсетæ колхозонтæмæ фæззигон куститæмæ, зæгъгæ, уæд скъоладзаути хæццæ, куд ахургæнæг, фæййанхос кæнæн, куд картоф къахун æма уой æфснайунбæл, уотæ нартихуар æфснайуни æма никки уæхæн кустити дæр.

Куд «районный лектор», уотæ фæуун колхозти, бабæрæг кæнун бригæдти косгути – колхозонти 'ма син, мæ равгæ куд фæууй, уотæ сæ рæфтон уолæфтити бакæсун «беседитæ», лекцитæ.

Уой уæлæнхасæн ма мæбæл райони фæскомцæдеси косгутæ байхæс кодтонцæ Толдзгуни фæскомцæдеси организаций пропагандистæй косун, 'ма еци куст дæр хæссун, айдагъ райкоми секретартæ нæ, фал обком комсомоли секретарти зæрдæмæ дæр нæ куст цæуй, уотемæй.

Мæнæй кæстæр Ехиа цалдæнги нæхе гъæуи скъолай ахур кодта, уæдмæ куста, куд æ хестæр æнсувæртæ, уотæ,

[illegible]ссæгæй. Иурста колхози колхозонтæн газеттæ, журналтæ, [illegible]мотæ, телеграммитæ. Е дæр æ уроктæ ку искæнидæ, уæд [illegible] уидæ почтæмæ æма æнæ рæфтадæй, кæми – уазали, кæми – [illegible]ди, кæми – уаруни, кæми – хори, изæри талинги уæнгæ, цид, [illegible] куст кодта æнæкъулумпийæй. Ку æрцæуидæ æ хæдзарæмæ, [illegible]дта цирагъи рохсмæ фæлладæй æ уроктæ ахур кæнун райдаидæ [illegible] бонмæ. Зумæги бæнтти 'й е 'нгæртти хæццæ гъазунмæ дæр [illegible] овдæлидæ. 'Ма берæ æнзти фæсте æ биццеуи бæнттæ имисгæй [illegible] адæмæн поэт ку иссæй, уæд ниффинста мæнæ ауæхæн [illegible]дзæвгæ…

ÆРХÆН

Минкъий уогæй, тугъди бæнтти,
Мæ рагъæй ласинæ сог.
Бæгъæнвадæй нæ тар гъæдти
Седзæрау уинæ æстонг.

Салд къотæрбæл тæхгæцъеутæ
Бадиуонцæ мæ уæлгъос;
Къахцонæгътæбæл биццеутæ
Гуриуонцæ мæ фалдзос.

Фæндæ уидæ мæ сæ хæццæ
И бæрзонд къолтæй гурун,
Фал нæ уидæ мин уой бæрцæ
Евдæлон рæстæг æппун.

Минкъий уогæй, тугъди бæнтти,
Ке нæ байдзулдтæн ме 'фсес,
Уомæ гæсгæ син ме 'рхæнти
Иронхгæнæн некæд ес!

Æз прокурормæ мæхе бахатгæй, изолдæр Ехйай дзубанди кодтон: «Ехйа Лескени скъолай уотæ хуарз ахур кодта, æма æ разæй оунæг ахурдзау дæр нæ лæудтæй, хестæр кълæсти ма ахур кодта, уотемæй æ кой нæ райони скъолати æхсæн райгъустæй, уой туххæн, æма райони скъолати æхсæн ци олимпиадитæ уидæ ахури 'здæхæй аллихузи предметтæбæл, уоми алкæддæр Ехйа ахæссидæ фиццаг

бунæттæ. Уомæ гæсгæ ба ин райони ахургæнгутæ æ кой ракæниуонцæ скъоладзаутæн æма æ кой игъустæй æгас райони дæр.

Скъола каст фæцæй фарæ æма бацудæй Мæскуй Паддзахадон Университетмæ. Уордæмæ фарæ мах республикæн исагкаг кодтонцæ дууæ бунати – æма нæ республикæй еци дууæ бунатемæ фæлварæнтæ лæвардтонцæ 75 ахурдзауи 'ма уоми дæр фиццаг бунат ниййахæсгæй, абони Мæскуй Ломоносови номбæл университети 2-г курси кадæ-радæй ахур кæнуй. Æ хузæ кади фæйнæгæй нæ хезуй».

Нæ мади туххæй ба загътон: «Уой кой ба кæнгæ дæр нæ кæнун, уой туххæн, æма æ цæргæ бæнтти æхсæвæй-бонæй догъи фæууадæй колхози фæккосгæй, уæззау незтæ райста – дохтирти къамис æй 2-аг группи инвалидбæл банимадта. Æ фулдæр рæстæг уати хъанæй æрветуй. Абони бон дæхе цæститæй фæууидтай, куд рахъан æй, уой. Циуавæр куст ма агоргæ 'й уæд уомæй?!

Æз, ме 'ргом дæумæ уомæй хатун, 'ма нæ мадæ уæхæн уавæрти угæй, нæ кæстæр хуæрæ скъолай æвдæймаг къласмæ цæуй 'ма ин е, сæйгæ адæймаги ци фæгъгъæуй, уони, сувæллони бон куд æй, уотæ кæнуй».

Мæ дзуаппи дзубанди фæууогæй, мæхе æмбурди адæнмæ рахаттон 'ма уонæн ба загътон: «Мах хæдзари фæндаг царди медæгæ хуарз зонетæ. Мæ дзубандий медæгæ кæд есгæми раст нæ загътон, кæд ести баримахстон, уæд уи корун, æма мин æмбурди номæй мæ рæдудтитæ еске бафеппайæд æма бауайдзæф кæнæд».

Адæни хор-хор æма стуф уæд - еу æрдигæй, уæдта – иннæ æрдигæй райгъусидæ. Усми фæсте æмбурди астæуæй е 'ндæргъцæ фестадæй еу лæг, е ба разиндтæй æ кари лæг, æ дуйней, æ цæргæ бæнтти колхози ка куста, еци Сагети Чеу-Чеу. Æмбурди номæй Митдзий-фуртмæ æхе бахатгæй, загъта: «Æз Хидирти Зурмæхани хæдзарæ хуарз зонун, Зурмæхан, æ сувæллæнтти хæццæ, кæдмæ æ бон адтæй, уæдмæ фæккуста колхози. Æ уодбæл нæ ауæрдгæй, сувæллæнтти дæр раст надбæл æвардта. Зурмæханæн æ зæнæг æ фæрстæмæ лæудтæнцæ, колхози будурти картоф, нартихуари хæйттæбæл æ хæццæ кустонцæ.

Зурмæхани сувæллæнттæ постхæссæги уæззау, идзаг дзæкъæлтти берæ фæххастонцæ гъæуи колхозонтæн газеттæ, журналтæ, пъисмотæ æма телеграммитæ. Зурмæхан æ сувæллæнтти, ка си куд фæууидæ Лескени скъола, уотæ фæснад ниллæуун нæ бауадзидæ, уотемæй ба син уæлдæр скъолатæ фæуун

кænидæ æма си алке дæр, паддзахадæ æй кумæ рарветидæ, уоми ройдайидæ æнтæстгинæй косун.

Зурмæханæн, гъæуи, колхози будурти, уæззау куститæ фæккæнгæй, уæззау незтæ райсгæй, æ бон нецибал æй нур ба. Æхе ин гъæуй гъуд - æхемæ ин гъæуй кæсун.

Абони Зурмæхани хæдзари фарста аци æмбурди æвæрд ке 'й, уобæл еугурæй дæр дес кæнæн – кæрæдзей фæрсæн.

Рамазан æ радзубандий еунæг рауæн дæр рæдуд нæ загъта, хъæбæр раст, рæсугъд æрдзурдта, æма æз æмбурди номæй корун, цæмæй аци æнæраст гъуддагмæ каст æрцæуа, гъолон списгутæй æ ном ист æрцæуа. Уоми 'й аци бони фæтки списгути ка ниффинсун кодта, уонæн ба аци æмбурди рæсугъд адæм, колхозонти номæй устур уайдзæфгонд æрцæуæд.»

- Зурмæхан, - зæгъгæ, загъта идарддæр Чеу-Чеу, - мæнæ дин аци рæсугъд адæми номæй зæгъун – дæуæн, дæ сувæллæнттæн аци бон уотæ устур маст ке бæлахæй конд æрцудæй, уонæн ба Хуцау ма ниххатир кæнæд. Ходуйнаг син фæууæд, - зæгъгæ, æ дзубанди фæцæй Чеу-Чеу.

Митдзий фурт Чеу-Чеуæн загъта, дæу дзубандийæн дæр уæдта, дан, Хидирти хæдзари номæй ци лæхъуæн-лæппо радзурдта, уомæн дæр минкъий фæстæдæр ратдзæнæн дзуапп, зæгъгæ, æма, еци дзоргæй, æхе бахатта колхози сæрдармæ, 'ма 'й бафарста: «Ду лæмбунæг игъустай Сагети Чеу-Чеу æма Хидирти Рамазанмæ. Етæ раст радзурдтонцæ æви нæ?» Еци фарстабæл, колхози сæрдар неци дзурдта. 'Ма 'й уæдта Митдзий фурт гъæрдæрæй бафарста: «Мæ фарстабæл мин исдзуапп кæнуйнаг дæ æви нæ?»

Гæнæн ин ку нæбал адтæй, уæд колхози сæрдар загъта:

- Чеу-Чеу дæр, Рамазан дæр раст радзурдтонцæ. Фал мæн дæр барæ нæбал адтæй. Аци списгутæ еунæг æз нæ кодтон, 'ма ке хæццæ конд цудæнцæ, етæ мæ фæррæдуйун кодтонцæ.

Митдзий фурт колхози сæрдарæй æ фарстабæл дзуапп ку райста, уæдта æмбурди адæммæ æхе рахатта: «Нурба Чеу-Чеу æма Рамазани радзубандити туххæй сумахæн дзуапп кæнун: Хидирти Зурмæхани хæдзарæ аци æмбурди списгутæмæ раст хаст не 'рцудæй. Етæ, сæ бон куд адтæй, уотæ фæккустонцæ. Сувæллæнттæ ба сæ мади фæрци уæлдæр скъолатæ каст фæцæнцæ æма паддзахади номæй, кæдзосзæрдæй фæйнæ рауæнеми косунцæ. Æз аци хуарз адæми номæй арфæ кæнун сæ еци хъиамæтгун, незгун мадæн, æгайти ма сæ уæхæн раст

нæдтæбæл æривардта æнæнез кæнæд» - зæгъгæ, стъолæй æрбайста гæгъæди æма Хидирти Зурмæхани ном адæми æмбурди рази списгутæй райхалдта. Æмбурди ци колхозонтæ адтæй, етæ ин устур арфитæ ракодтонцæ.

Æмбурд изолдæр æ куст кодта, 'ма, раст зæгъун гъæуй, разиндтæй уæхæн хæдзæрттæ æма колхозонтæ дæр, кæцитæн закъон æрдæги карз уайдзæфтæ конд æрцудæй, колхози ке нæ косунцæ, уой туххæй. Митдзий фурт, куд закъонæй – лæг, уотæ балæдæрун кодта, изолдæр еци адæм се 'ргом колхози кууститæмæ ку нæ рахатонцæ, уæд иннæ ауæхæн æмбурди уони туххæй æндæр хузи ке уодзæй дзубанди, уой.

Уойадæбæл æмбурд æ куст фæцæй. Адæм сæ хæдзæрттæмæ хæлеу кæнун райдæдтонцæ. Æз мæ мади размæ бацудтæн. Ку мæмæ байдзулдæй, уæд æй бафарстон, куд дæ, Зурмæхан, зæгъгæ, æма мин мæ мади бæсти нæ синхи уоститæ загътонцæ: «Дæ зæрдæ ймæ мабал дзорæд, еци дзæбæхæй цæуй. Мах, куд еу синхæй, еумæ цæудзинан нæхемæ» - зæгъгæ.

Æз ма ме 'нгæртти хæццæ еу минкъий радзебæл дæн, уæдта «хуæрзбон» зæгъгæй, нæхемæ рараст дæн, - мæ мадæмæ ма мæ зæрдæ ке дзурдта, уой туххæй – хъæбæрдæр.

Нæхемæ ку бацудтæн, уæд нæ мадæ тургъи къелабæл бадтæй 'ма бæрæг адтæй, мæ кæстæр хуæрæ Таиси хæццæ колхози æмбурди хабæрттæ ке кодтонцæ, е.

Мæн ку рауидта нæ мадæ, уæд фæлмæнходæ бакодта æма мин загъта, æз аци бон æмбурди цæмæйти тарстæн, уонæй, Хуцауи фæрци, фæййервазтан, зæгъгæ. Хъæбæрдæр ба арфæ кæнун Чеу-Чеуæн уæдта дæуæн, æмбурди уотæ рæсугъд ке æрдзурдтайтæ, уой туххæй, зæгъгæ.

Уотæ дзоргæй ба гъæунги дуари гъæр фæццудæй, æма тургъæмæ æрбахизтæнцæ нæхе Дзабола, Æршити Хасан æма Сагети Чеу-Чеу. Етæ æррæстæ Зурмæхани размæ исцудæнцæ, баймæ идзулдæнцæ æма 'й бафарстонцæ: «Гъæйдæ, нецима дин фенцондæр æй?»

Зурмæхан син хъæбæр райарфитæ кодта. Етæ дæр ма еу минкъий рæстæг нæ хæццæ басабур æнцæ, уæдта «хуæрзбон» зæгъгæй, рацудæнцæ тургъæй æма си алке æ хæдзарæмæ рараст æй.

Мах нæхуæдтæ хæдзари æризайгæй, нæ мади къохи ци адтæй хуæрдæй, уонæй изæрхуар искæнгæй, берæ ма фæдздзурдтан, колхозонти æмбурд куд рацудæй, уобæл, 'ма нин уæдта нæ мадæ

загъта, æхсæвæй дзæвгарæ исцудæй æма, гъæйдитæ, мах ба бауолæфæн, зæгъгæ.

Нæ хуссæнти нæхе æруадзгæй, хуссæг мæ нæ ахæсгæй, и æмбурди фæдбæл сагъæстæ гæнгæй, устур гъудити ранигъулдтæн: «Дуйней адæмти цард уотæ гъолон, фæйнæхузти конд цæмæн æй? Ка – хъал, ка – мæгур, ка – æ уæлдай хъиамæтти хæццæ – паддзахадæ æрдæги æфхуæрд, æнæнивæ, иннæ ба, æ къох уазал дони дæр нæ ниттолуй, уотемæй ба æ райгурцæй æ рамæлæти уæнгæ хъал цард фæккæнуй.»

Еци фарстатæн дзуапп нæ ергæй, арф гъудитæ кæрæдзей æййевгæй, мæ хуссæни тарф фунæй бадæн.

Сæумæй раги æригъал дæн. Ку фестадтæн, уæд мæ мадæ æма мæ кæстæр хуæрæн «хуæрзбон» зæгъгæй, Толдзгуни скъоламæ мæ кустмæ ранæхстæр дæн.

Еци бон, мæ уроктæ конд ку фæдтæн, уæдта мæ скъолай директор бафарста, Рамазан, уроктæ дæмæ нæбал ес, зæгъгæ. Уæд ин дзуапп равардтон, нæбал, зæгъгæ, ма мин уæдта загъта:

- Мадта мæ еу минкъий гъæуис, - æма мæ разæй тургъæмæ рахезгæй, æз дæр æ фæсте рацудтæн. Адтæй райдзаст, рæсугъд хор бон æма, тургъи стурдæр ци бæласæ адтæй, уой бунмæ, сатæгмæ нæхе байстан. Директор загъта, мæ зæрдæ – уæ хæццæ, мæ зæрдæ дзоруй уæ хæдзари туххæй, æмбурди уин ци унаффæ рахастонцæ, зæгъгæ.

Æз ин сæрæй бунмæ æрдзурдтон, æмбурд куд рацудæй, уой хабæрттæ. Мæ директор – Будайти Виктор хуарз лæг адтæй, 'ма, нæ гъуддаг æмбурди уотæ хуарз лухгонд ке æрцудæй, е ин хъæбæр æхцæуæн адтæй. Берæ æндæр фарстатæбæл дæр ма сатæг бæласи буни фæдздзубандитæ кодтан, æвæдзи, ма изолдæр дæр дзурдтаййанæ, фал уалинмæ дзæнгæрæги гъæр райгъустæй æма мин уæдта загъта: «Хъæбæр дзæбæх мин балæдæрун кодтай, куд рауадæй уæ гъуддаг. Мæнæн дæр е æхцауæн æй. Нур ба ма мæхемæ дæр урок ес æма цæуæн», - зæгъгæ, уотемæй дууемæй дæр скъолай хæдзарæмæ æрцудан.

Уæлдæр куд финстон, уотæ ма скъолай ахургæнæгæй косгæй, Толдзгуни колхози фæскомцæдеси организаций хастон политкружок дæр. Куд пропагандист, мæйæ сæмæ дууæ хатти кодтон занятитæ. Еци рæстæги си секретарæй куста Будайти Амурхан, старостæй ба Тагъати Сергей. Уони хæццæ æз мæ куст хастон рæсугъд æма къæбæр хуарз. Абони етæ æгас нæбал æнцæ æма рохсаг уæнтæ.

Райком комсомоли графикмæ гæсгæ нæ кæронбæттæн – «итоговый заняти» дæр хуарз конд æрцудæй. Адтæй нæмæ райком комсомолæй Дзуццати Алибек æма нæ заняти ку фæцæй, уæдта нæ хузæ, кадæр адтан, етæ еумæ исистан.

Алибек ма мин загъта: «Обком комсомоли уодзæй рæхги пропагандистти курситæ. Нæ райони куд хуæздæр пропагандист, уотæ еци курсити радзорун гъæудзæй, анзи медæгæ дæ куст куд хастай, уобæл,» - зæгъгæ. Æз ин хуарз, зæгъгæ, загътон æма 'й рафæндараст кодтон Чиколамæ.

Ралæудтæнцæ еци курситæ æма, нæ райони номæй, политкружоки куст куд цудæй, уобæл радзоргæй, нæ ахурти гъуддаг изолдæр кодтан.

Еу бон кæми адтæй, уоми фæстаг лекцимæ æрбацудæй Тотойти Виктор, экономикон наукити кандидат, 30-аг æнзти куста нæхе горæти наркомземæй 50-маг æнзти ба ЦИАССР-и Сæйраг Совети сæргълæууæгæй. Кæрæдземæн салам радтгæй, ку исбадтан, уæдта æ медбилти бахудтæй æма бафарста, старостæй группи ка уодзæнæй, зæгъгæ. Е ку фестадæй, уæдта, уомæй журнал ракоргæй, нин загъта: «Мæнбæл аци бон уæ курсити хецау байхæс кодта, исбæрæг, дан, кæндзæнæ, дæ лекций ка уа æма ка нæ, уони, зæгъгæ, æма ин зæрдæ байвардтон. Адæймаг дзурд ку радта, уæдта æ дзурдæн гъæуама æцæг уа», - æма журнал æхемæ æрбайсгæй, сæрæй бунмæ бæрæг кæнун райдæдта мугкæгтæ. Мæн уæнгæ ку æрхъæрттæй æма мин мæ мугкаг æма ном ку загъта, уæдта æз дæр, куд иннетæ, уотæ фестадтæн. Еу рæстæг мæмæ Тотой фурт цидæр цибæл каст кодта. Уæдта мæ бафарста: «Горæти цæрис æви гъæуи?» Æз ин загътон, гъæуи, зæгъгæ. «Кæци гъæуи?» Загътон – Лескени.

Æппун фæстаг ба мæ бафарста: «Дæ фиди ном ба куд хуннуй?» - зæгъгæ, æма ин загътон: «Батæрбек». Еу усмæ, мæнмæ фарста нæбæл радтгæй, æррæстæ кастæй.

Мах уидтан, Тотой фурт цæбæлдæр устур сагъæсти ке бацудæй, уой æма мæ фæрстæмæ ка бадтæй, етæ уæд уомæ се 'нгæс рахатиуонцæ уæдта – мæнмæ. Уотемæй, цæйбæрцæ рацудайдæ, уæдта мин загъта, исбадæ, зæгъгæ, æма изолдæр к' адтæй æма ка нæ адтæй, уони исбæрæг кæнгæй, махæн Тотой фурт æ лекци кæсун райдæдта. Еу фондз минутти ма ку гъудæй æ лекци фæуунмæ, уотемæй ба нин загъта: «Хидирти Рамазан ма фæллæудзæнæй ами, иннети ба цæуни барæ ес!»

Æз еунæгæй ку байзадтæн, уæд мæмæ æ медбилтæ байдзулдæй æма загъта, рацо мæхе размæ, зæгъгæ, æма мæ æ фарсмæ стъоли уæлгъос исбадун кодта. Изолдæр ба нæмæ рауадæй уæхæн дзубанди:

- Æз аци бон æнгъæл нæ адтæн, Батæрбеги фурти фæууиндзæнæн, уой. Ку дæ базудтон, уæдта, хъæбæр устур сагъæсти ранигъулгæй, Батæрбеги сорæт мæ цæститæбæл рагъазта. Нурба мæ фæндуй, Батæрбеги ку ниййахæстонцæ, уæд ци хузи рацудæй уæ царди фæндаг изолдæр, уони базонун.

Æз ин, куд зудтон, уотæ æрдзурдтон, Батæрбеги ниййахæсти фæсте нæ цихузи фефхуардтонцæ, уой. Нæ хæдзарæн ма æ фæрстæ байзадæнцæ, æндæра къоппай уæнгæ нæмæ цидæр адтæй, уони «паддзахадæ» фæлласта. Нæ мадæ нин æ бæзгин сасуг пъолбæл нийтауидæ æма еумæ еци сасугбæл ниххуссианæ.

Зин мин е кæнуй, æма ма нæмæ абони дæр паддзахадæ уазал цæстæй ке кæсуй, зæгъгæ, ин дзурдтон нæ мæгурбæнттæ. 'Ма ин дæнцæн ба æрхастон, мæйи размæ 1952 анзи рухæни мæйи Лескени колхозонти æмбурди нæ фарста, мах раст уогæй, колхози уи неке косуй, зæгъгæ, æвæрд куд адтæй, уой. Æма уоми куд æрдзурдтон мæхуæдæг, ка ни кæми косуй, уæлдæр скъолатæ фæууогæй, - æмбурд адæм мах фарс æрдзоргæй, райони прокурор мах куд исраст кодта, уой.

Æ фарстабæл ин мæ бон куд адтæй, уотæ ку исдзуапп кодтон, уæдта мин Тотой фурт загъта:

- Æз дæмæ хъæбæр лæмбунæг игъустон, æма базудтон, Батæрбек ахæст ку æрцудæй, уæд ци царди фæндæгтæбæл фæццудайтæ, уой, ци уæззау зинтæ фæууидтайтæ, уони. Абони дæр ма уæмæ паддзахадæ циуавæр цæстæй кæсуй, уобæл ба мæ фæрсун дæр нæ гъæуй. Гъенур ба мæмæ ду дæр байгъосæ, дæ фиди хæццæ куд базонгæ дæн, куд цардан æма кæрæдзей куд нимадтан, уомæ.

Батæрбек хъаурæгин лæг адтæй. Лескени æ гъæубæсти 360 га дзæхæрадонæ ку искодта, уæд æ кой айдагъ Лескени æма Ирæфи райони нæ, фал æгас республики – Иристони дæр райгъустæй. Æз ба еци рæстæги кустон нæхе горæти наркомзей, æма Батæрбек Мичуринмæ æрветгæ ку иссæй æма имæ наркоземмæ уæдта Обком партимæ ку фæдздзурдтонцæ, уæд уонæми базудтан, бафæсмардтан кæрæдзей, 'ма еци бæнттæй аци бонмæ мæ зæрдæй некæд хецæн кæнуй. Мичуринæй ку

исæздахтæй, уæдта 'й наркомземмæ искодтонцæ æма нин уоми еумæ косгæ рауадæй. Æвзонг уогæй, æрдзæй ин Хуцау устур лæвар радтгæй, æппун фæстаг, Мичуринмæ уæлдæр ахурдзийнадæ райсгæй, рапарахат кодта нæ республики - Иристони колхозтæ æма совхозти рæзбунтæ æма халсарти куст.

Мæскумæ – ВДНХ-мæ цæугæ ку иссæй, уæд ин фæндараст загътан, устур уæлахезти хæццæ нæмæ фæстæмæ исæздæхæ, зæгъгæ, ин Хуцауæй курдтан.

Æз цæмæй зудтон уой, æма ма 'й фæстаг хатт уинун!

Тотой фуртмæ кастæн æма уидтон, æ фур зинæй æ бон фæндон дзорун куд нæ адтæй, уой. Æз дæр, уомæ кæсгæй, мæхе кеми нæбал адтæн.

Тотой фурт дæр æ дзубанди фæцæй æма, еу рæстæгути неци дзоргæй, нæ дууæ дæр арф сагъæсти ранигъулгæй, æнцад бадтан.

Æрæгиаути ба Тотой фурт загъта: «Хуцау си ма сарази уæд, уæхæн исуйнаг берæ гъуддæгтæ ма кæмæн бантæстайдæ, уæхæн адæмтæ ка исафун кодта», - æма е 'ндæргъцæ фестгæй, идарддæр дзурдта, гъæйдæ, Рамазан, фагæ уæнтæ нæ дзубандитæ, зæгъгæ.

Дууемæй дæр гъæунгмæ къæпхæнтæмæ рахизтан, æма мин уæдта загъта: «Еу гъуддаг мæ зæрди ес, 'ма мин мæ зæрдихудт ма æрхæссæ», - зæгъгæ, 'ма уотæ дзоргæ-дзоргæй ба æ костюми дзиппæмæ равналдта, æ кисæ исиста, 'ма 'й абони хузæн гъуди кæнун, фæндзгай сомтæ фондз гæгъæдий исиста, уæдта мæмæ уотæ бакодта: «Зонун æй, æнæ æхца ами ке нæ дæ, уой, фал дæ фиди хæццæ уотæ адгинæй ке цардтæн, уомæ гæсгæ ба мæ зæрдибунæй уотæ фæндуй, 'ма мæнæ аци каппегкитæй мæн номæй еу рæфтад искæнæ!»

Æз ин фиццаг хатт нæ арази кодтон, æма мин уæдта нæуæгæй загъта: «Корун ди, Рамазан, 'ма мин мæ зæрдихудт ма æрхæссæ», - 'ма сæ уæдта райстон.

«Хуæрзбонтæ» кæрæдземæн зæгъгæй, æз рараст дæн. Ленини памятники размæ ку нихъхъæрттæн, уæдта фæстæмæ ракастæн. Тотой фурти хæццæ ци къæпхæнтæбæл лæудтæн, уоми ма лæудтæй æма мæ фæсте кастæй. Æз деси бацудтæн, цæй бæрцæ кæсуй мæ фæсте, зæгъгæ. Изолдæр мæ цæуни гъуддаг кодтон, æма тукан «Детский мири» дæллæй уæди рæстæги ци хуæрæндонæ адтæй, уордæмæ бацудтæн.

Рæфтад кæнгæй ми еунæг минут дæр нæ цох кодтонцæ Тотой фурти дзубандитæ æма, къæпхæнтæбæл куд лæудтæй, мæ фæсте

куд кастæй, е.

Еци бонæй аци бонмæ берæ æнзтæ рацудæй æма æз абони утæ фæгъгъуди кæнун: æвæдзи мæн фæсте кæсгæй, арф гъудити ранигъулгæй, æхе нимæр сагъæстæ кодта, ци берæ хуарз адæмтæ рæстбæл фесавдæй, 'ма етæ еу бон Хуцауæй дардтонцæ 'ма 'й бафистонцæ, фал ци гæнæг адтæнцæ еци рæстбæл исæфт адæни ниййергутæ, хуæртæ, æнсувæртæ, зæнæг æма сæ царди æмбæлттæ? Цæмæн уæхæн уæззау царди фæндæгтæбæл рацудæнцæ, паддзахади нихмæ ку некæми тох кодтонцæ, уотемæй сæргубур æма уонтæбæрзондæй цæмæн хаттæнцæ адæни астæу?

Æз аци финст райдæдтон, Лескени колхози колхозонти æмбурдæй æма 'й фæууодзæнæн, Тотой фурти хæццæ куд фембæлдтæн горæти, пропагандистти курсити, æма мин, мæ фиди хуарз зонгæй, уой хабæрттæ куд фæккодта, уомæй.

Кæд финсгæ берæ гæгъæдитæ никкодтон, уæддæр аци радзубандитæ æрцудæнцæ еу бонбæл, колхозонти æмбурди.

Æма гъе уæхæн бæнттæ ба нæ фиди ниййахæстæй ба е 'срасти уæнгæ, нæ раст уодтæн неци зонгæй, алли бон дæр æвзурстан, уæд нæ еуей туххæй, уæдта – не 'нней.

Æллæх, æллæх! Уогæ ба ци берæ адæмтæ æрцудæнцæ æфхуæрд. Айдагъ мæн фиди гъуддаг нæ, фал мингай, миллионгай раст лæгтæ рæстбæл фесавдæнцæ.

'Ма цæмæ утæ æнæраст æй дуйней сконд?

Растдзийнадæ кæми æма кæмæй агоргæ фæууа уæд? Уомæ гæсгæ мæ уæддæр фæндуй еу загъд кæнун.

Æуузндун, ке ралæудзæнæй уæхæн рæстæг, æма улææбæл, аци дуйнебæл ци адæмтæ цæруй, етæ иссердзæнæнцæ рæстдзийнадæ æма колхози колхозонти æмбурдти уæдта иннæ уæхæн фарстати гъуддæгти, раст адæмтæн сæ зæрдитæ æгудзæг, дзæгъæл нæбал кæндзæнцæ, дæлгоммæ-уæлгоммæ нæбал хъан кæндзæнцæ æвудæй, куд мæн мадæ, утæ, фал уарзондзинадæ рапарахат уодзæнæй адæмти æхсæн, уотемæй кæрæдзей цæрайæй цæрун райдайдзæнæнцæ.

*Лескени гъæу,*
*17.02-17.10.2008 анз.*

# СКЪОДТАТИ ЭЛЬБРУС –
# 50 АНЗИ!



* * *

Ӕрцъинг 'ма æддорæ
Цирен, æрсæцæвгæй,
Бафтудæй, е 'ссори
Цæфстгъон идзæгънæбæл, -
Уодзæй нæмæ арт!

Зинтæ 'ма æнцонти
Тунтæ, фæннидзæвгæй,
Ӕрбайгъал кодтонцæ
Тарф фунæй æмдзæвгæ, -
Схордæр æй мæ цард!..

* * *

Дæуæн ковун, мæ кæсæг,
Лæгæрдгæй тæссарти.
Еунæг ду мин дæ æцæг
Хуарз æмбал мæ царди.

Еунæг дæу скæнун кæун
Мæ хъурмæй ме 'нкъарди.
Æрмæст дæу ма фæгъгъæун
Къулухæй, фæснади.

Кæбæл æууæндгæ 'й, уой мин
Æвдесуй и рæнгъæ.
Мæ зинæй кæнун дин зин, -
Маст сæттуй цирæгътæ.

Еунæг ду кæнис зæрдрохс
Мæ цийнæй кæронмæ.

Арв дæ сæрмæ уæд кæдзос,
Æносон – дæ бонтæ!

Дæуæн цæрун, мæ кæсæг,
Æфхуæргæй хе зæрдæ.
Еунæг ду мин дæ хæссæг
Дæ медуод мæ фæндæ…

* * *

Æрцо 'ма æркæсæ, ме 'мзæнхон, - кæми дæ?
Ци 'рцудæй, - сау Зæнхæн цæуй æ нæтун.
Кæддæр мин мæ Мадæ ци Хорæй зæгъидæ, -
Райгурцæй нурмæти уой агор хæтун.

Авдæнæй рахезгæй, тæли уомæн райстон,
Цæмæй ин æ хурфи ниввæрон хор-дзалх,
Зела е уой хæццæ, ирдгæнгæ гъæубæстæ,
Рохсгæнгæ дзилли цард Хуæдзелгæ Цирагъ.

Зæнхæбæл цæй Хор ес, Арвæй ба 'й ка 'рессæй?
Цæмæн мæ расайдтай, æна, уотæ карз?!
Рохс сайди æфсæрмæй дæхе кæд не 'вдеси?!
Еу хатт ма фæззиннæ, - гъæуй мæ агъаз…

Ме 'ссонти гæмæх сæр цæвунцæ дунгитæ,
Æд тæли къахкъуæргæ ледзун хурæбæл.
Бæлæстæ, къотæртæ – устуртæ, мингийтæ:
«Уæртæ, дан!» - сæ сифтæ хуайунцæ мæнбæл.

Райгурцæй нурмæти зелун ревæд тæли, -
Хори Цалх не 'ссердтон, Мади дæр – нæбал!..
Дæлвæзтæ цæхæртæ калуй сурх уæгъæли,
Калуй Хор уæларвæй адæмбæл æ хъал…

* * *

Ку нæбал дин базудтон
Æдзæмæй дæ рандæ.
Дæ бæсти мин «хуæрзæбон»
Разагъта и уадæ.
На, дзурдтай мæмæ кæугæй:
«Цæмæй дин не сбæзтæн?!»
Ку нæбал зиндтæ, - æз æй
Æрмæст уæд фегъустон.

Нур еци фарст асдзæгъдуй
Бауæри æноси.
Уарзти гъарæнгæн цæгъдуй
Дудзийæй мæ гъости.

Ма мæ фæрсæ, - нæй мæ бон
Лæдæрун мæ уагæ…
Изолмæ дин фæффистон
Тæрегъæд мæ фагæ.

* * *

Дæу ку базудтон, - мæхе
Уæд бунтон феронх дæн.

Сифæбæл ци æртæх е, -
Æвдесæн ме 'ронхæн.

Къохи райсæн ке нæййе, -
Е гъузуй зæрдæмæ.
Кæрдæгбæл ци тунæ е, -
Е – дæ каст ме 'рдæмæ.

Цъæх арвбæл ци мæйæ е, -
Е ду дæ мæ царди.
Æнæ дæуæй мин нæййе
Ервæзæн мæйдарти.

* * *

Ду ку рандæ уай, - рохс цард
Уæд мæнæн сæнадæ 'й.
Фæссагелæ 'й нур нæ над,
Фал цæугæ нæма дæ.

На, æрдзи нæййес рæстæг
Цазæдæр де 'нкъардæй.
Æрхæстæг æй мæ фæззæг
Мæнæн дæр, еу загъдæй.

Æрбадумдта 'ма сифæй
Ирд æртæх ку 'рхаудтæй.
Расатæг æй 'ма нивæн
Æ уолæн ку 'рбадтæй.

Æрбамегъæ 'й, - кæрдæгæй
Туни рохс райсавдæй.
Æнæ мæйи æрдæгæй
Æвуд арв райзадæй.

Карни тавс кæнуй кунæг,
Æвзедуй амондмæ.
Дæ фæсонти сæлфунæг
Нигъгъардта мæн уодмæ...

Кæми ма е, кæ, уалдзæг
Рæсугъддæр де 'дзулдæй?!
Ниви уолæнтæ æцæг
Мæ уодбæл райвулдæй.

Дæ бауæри ци хор е, -
Тар кæнуй иннети:
Дуйнебæл 'ма ци рохс е,
Ци гъар е дуйнети...

* * *

Гъæдæ рæхцуй. Бæлæсти
Цъеумаргъ кæнуй игъал.
Дабонæй хонсарвæхстæ
Сцъæх æнцæ 'ма исхъал...

Фемпъохунцæ и мегътæ
Фæсхонхмæ цъæх - сирдтæй.
Фегон унцæ и тегътæ,
Гъæубæстæ ниййирд æй.

Гъар рохсæн ниггæнæнтæ
Уæлдæфи нæбал е.
Райзон æнцæ арæнтæ,
Райтигъддæр æй дуйне.

Хестæртæн – ист сæ ходтæ, -
Корунцæ «хорæфсес!»
Гъар рæстæг цæрǽгуодтæн
Калун кæнуй сæ фест.

Зарунцæ зæрбатгутæ,
Уалдзæг цæстæ стæфуй.
Рæудунгæ æ фадгутæй
Гъæунгитæ сæрфуй...

* * *

Дæ уод мæ уодмæ никкæуæд,
Бауæр бауæрбæл «ниссæлæд»,



Эльбрус æ бинойнаг Фатимæ æма сæ кизгутти хæццæ.

Дæ рос мæ росбæл нидзæвæд,
Мæ рохс дæ рохси никкæлæд!

Мæн дæ, - зæгъун дин, - ду мæн дæ!
Дæу дæн, - зæгъис мин ду, - дæу дæн!
Нæбал мæ фæндуй лæдæрун!

Дæхе ма давæ ми, - мæлун…
Нæбал дæ фæндуй лæдæрд ун,
Арви дæлбазур æвæрд ун…

* * *

Уалдзæг растадæй 'ма аргъау
Фестадæй нæ будур.
Тундзуй хезнæмæ гъæуæргъау,
Садзуй хуймон дзубур.

Уалдзæг растадæй 'ма цæрдхуз
Фестадæй гъæди арф.
Къотæр, бæласæ – кæрдæгхуз,
Цъæх цадæ 'ма цъæх арв!
Уалдзæг растадæй 'ма дæнттæ
Сцурд æнцæ и рæгътæй.
Байдзулдæй хор æма гъæдтæ
Сзардтонцæ сæ мæргътæй.

Уалдзæг растадæй 'ма биндзæ
Биндзи уодæй гъазуй.
Хæстæг сирæзгæй, ба синдзæ
Деденæги уарзуй.

Уалдзæг ситинг æй, - зæрбатуг
Зæрбатуги соруй.
Хæдонæ – сау 'ма уорс галстуг, -
Бæдæйнаг, уосгор æй!..

Уалдзæг растадæй 'ма тæмæс
Фестадæй и дуйне,

'Ма си цума фусун дæн æз,
Уотæ 'ммæ кæсуй, гъе!..

* * *

Мæ бæститæн не 'халун сæ хийнæ,
Кæрæдзей, зонун æй, куд гъæуæн!
Дæ тунтæй саразтон сугъзæрийнæ
Ковæндонæ, корунмæ дæуæн…

Мæ уодæй гъудæй мин рагæй гъазун, -
Фудæнæн сæмбал ун мæ фудтæн,
Фæккуддæр дæн, кæдæй додгæ уарзун, -
На, нæннæ, - мæ кеми æрцудтæн!

Дæ сах каст бухсун, гъо, нæ фæразун,
Фал е 'нæсугъд æ сугъдæй - зиндæр.
Мæ зинтæй ци цийнæ исаразун,
Ци ма уа гъеууомæй адгиндæр.

* * *

Не Сфæлдесæг дуйнетæ нæ евуй,
Еу хатт уони скодта е фур аййев!

Хуцауи 'ркаст нæ цæстæй æрттевуй, -
Уой ан æма уомæй ан æнаййепп.

Е нæ скодта цæрæг дуйней хецау,
Рæсугъд, фæлсугъд, зундгин æма тухгин.
Зæнхæн нæхе бангъалдтан æ Хуцау, -
Цæрæн, цæуæн, хæтæн ибæл, - уæд нин!

Фал ку кæнæн къæхти буни нæ зæнхæ, -
Е ба уодзæй не 'сæфт æма фудæнхæ…

* * *

Мет уаруй 'ма уаруй
Игон арви дуарæй.
Зæрбатуг нæ заруй
Хæдзарæн æ царæй.

Мет уаруй, 'мæ уаруй,
Арв даруй раздарæн,
Мет уаруй, иуаруй
Уорс тъæфил лæварæн.

Мет уаруй 'ма уаруй,
Лæдзæгæй æй барæн.
Нидæнæй уод заруй:
«Зумæгæй ци дарæн?..»

## ЗÆРОНД

Ци хъал айтæ, цурд биццеутæ,
Разæй ма йæй уæ исон!
Сумах кари тæхгæцъеутæ
Сæ къæдзилттæй ахæстон.

Цæмæн ма бæззуй хъæбургъæ?!
Æрзæронд æй уæ дарæг…
Итуд мæнæуæн нæ тургъи
Æ гъæуайгæс – иуарæг…

Будургъæ дæн, фур гæллеутæ,
Лæдзæгæй мæ рагъ нæмун, -
Æндеунцæ нур и цъеутæ
Мæ хъинтæбæл кувд кæнун…

* * *

Дæу раскъардта и фæсгъæумæ
Æнæдзоргити мæ Уарзт, -
Æрмæмæ 'здахтæй фæстæмæ
Æ фуддæр æмбес – æ маст.

Æ дуккаг æмбес – æ цийнæ –
Ду де скъелтæбæл райстай,
Æ зинг калгæ, æ зæрийнæ,
Уой нæдтæбæл фæххуастай.

Ду рандæ дæ уотæ æваст, -
Рохс байдаугæ мæ уодæй.

Дууæ зæрдей Еугæнæг Уарзт
Дууæ зæрдемæй конд æй.

О фæххаттæ «дæхе хайбæл»,
Фал цалинмæ æз мæ маст
Реуи хастон, æрхун кайгæ,
Уæдмæ ма тæлфтæй си Уарзт.

Лигъз кæнуй рæстæг никъæттæ, -
Нур бунтон фесавдæй Уарзт.
Гъеуæддæр мин хуæздæр адтæй
Æ «нæййе»-й бæсти æ маст…

* * *

Æзнæт думгæ ма цъæх фæзти
Тæккæ 'зинæ дæр гъазта.
Æгæрон цард хæрдти хæссун
Уад-æмуаг лæг фæразта.

Бон исцазæ 'й, - æрвхуз мегъæ
Мæтъæл æрхун нур хæссуй.
Игъанст хор ма гъæуи тегъæ
Туххæй-фудти ахæссуй.

Цард равдиста æ фæсонтæ,
Мæн сорæт дæр си стæлфуй,
'Ма 'й мæ цæстæ, куд исондæр,
Уотæ зиндæр æстæфуй.
Цард цæуй идуйгæ мегъи,
Хор сор цар ма ефхæссуй.
Уæгæ дунгæ мæ уорс рехи
Ескæд-бонмæ æрхуссуй…

## ГОЦГÆНАГÆ МАРГЪ

Æрбатахтæй гъæддон цъеу
Мæ къæразгæбæл.
Дæубæл, дан, тухсун, биццеу, -
Нæфæразгæ дæ.

Ærбабадтæй мæ фалдзос
И тæрвазæбæл,
Æ къахæй ракъуæргæй къос, -
Къæтæр басæ си!

Рамин зардта цъепп-цъеппæй
Цæстæмæ зартæ,
Гъеуæдта ми къуæдеппæй
Фæстæмæ тахтæй.

Кæбæлти 'рбафтудæй, уой
Ку нæбал ирдта,
Кæмæ истагъд æй гæппой, -
Ку мæ баирдта.

Дзæхст-дзæхстæй æхе хуаста
И цъæх авгæбæл, -
Ка 'й æнгъæлдта, ке уарзта
Уæхæн равгæбæл?!

Уæгъдебарæ цард хаста,
Æхе тагæбæл...
Фал иннети нæ уагъта
Сæхе уагæбæл.

Мæ цард мин сзилдта кинау, -
Раминхъазар æй.
Дæ дуйней дæр, о фæлтау,
Маци бавзарæ!

Куд ма мæ гъæуис, оххай,
Къуæрезарæгæн.
Нæ дæ уорамун, тæхæ,
Сæребарæ дæ!

## СÆРДТОН ЕХ

Мæлæн æнхъуæти, - лæгун арт!
А-сæрдæ ци адтæй?!

Мегъти листæни уарунгарк
Таунæги ниббадтæй.

Арви ниццорк æй ток-рунбар,
Ниййахæвдæг-куддæр.
Рæстæг ниндзуг æй 'ма ниттар,
Не 'гъусуй хъипп-сун дæр.

Куддæр æ пакъу руни-гарк
Базмæлун кодта, - 'вваст
Скалдæй цирен 'ма гупп-гæрах
Дуйне фестадæй, раст.

Зинг-цорк раскъудта арв дууех, -
Фæркитæ фæххаудтæй.
Æйкити æстæвдæнтæй ех
Еу усмæ фæххаудтæй…

* * *

Фес нæ угæй ма бухсæн
Зонгæ уаги харз.
Фес фесафгæй ба стухсæн
Æдæуагæ карз.

Ахур зин – архъан, - уæги
Сабургай дæмуй.
Фæсæнцон зин ба лæги
Еугур хъан кæнуй.

Ци нивгун æй, - мæ фæсте
Кæмæн зардзæнæ…
Ци мæгур уодзæнæй е, -
Ке фæууадздзæнæ…

* * *

Мæнæ уалдзæг – цъæхфазæ,
Æрвирд æма хоруорс.

Уæд та дæ зар нийвазæ
Рæсугъд æма кæдзос!

Æндæр ци ма 'й нæ хъаурæ,
Хуæздæр ци ма 'й нæ бон!
Нæбал цæуй мæ барæ
Мæ уодбæл дæр фæндон.

Æртиккаг минанзони
Аци фиццаг æнос
Уалхъос цæвуй æмбони,
Цæсгонбæл уадзгæ нос.

Е 'нгулдзвæдтæ – хелæгтæ,
Ростæбæл – сæ пæс-пæс.
Гъæла кæнунцæ лæгтæ,
Силтæ ба – уæрæдæс.

Куд нæй, куд нæй æгадæ
Стонг хъæстæбæл бурун?!
Æз дæр, уæууæй, нæ мадæ,
Урдугмæ фæггурун!
Зарун, кæун, - кæузаргæ,
Фæразун дес кæнун,
Зиндзардæй ба æндзаргæ
Ме 'сон бонбæл цæун.

Уалдзæг. Арвбæл – лæдæртæ,
И 'хсæвтæ – мæйкъæлос.
Нæхецæй гъæладæртæ
Кæнунцæ мах къæлос…

* * *

Фæззигон - æн' идзаст,
Уазал бон, дунгæхаст.
Амонд ни нирримахста æ каст.
Дуаригон, - фæндараст…
Уомæл уат, мæтъæл маст, -
Е ба дин мæхуæдæг – зæрдæсаст…

Тар мæ фæрсти хезуй,
Зин мæ уоди ресуй,
Салд сифтæр бæласæбæл резуй…
Къалеуæн иснез уй,
Зæнхæ ба 'й нæ есуй,
Нæ зонун разæй æй ци хезуй…

## УОДХАРÆ

Æцæг, лæгæн, дан, е 'цæг æмбæлттæ
Исбæрæг унцæ æ тухсти уаги.
Æнæхъаурæ дæн, - дзорун сонт сæнттæ,
Ма мæ ниууадзæ мæхе бæраги.

Мама мин кæнтæ дууæ кæрдзини,
Куд мæ иснихуй мæ масти 'рфуг дæр.
Мæ цæститæ мин ду æхгæндзæнæ,
Никкалгæй сæбæл дæ цæстисугтæ.

И дууæ дуйней хецæнтæгæнæг
Марди сигит дæр ду æвгæндзæнæ,
Цирти фезмæлдзæй мæ кири фæйнæг,
Мæ хурфи ма уæд нигъгъæр кæндзæнæн.

Цæун фæстагмæ хуæздæр лæдæргæ, -
А дуйней Цæрун – мæ Еунæг Амонд, -
Раматохкæндзæн, зæронддæргæнгæй
Хъазардæргæнæг Царди сæраппонд.

Мæ дæлфæдтæмæ бадуй уодесæг,
Мæ нивæрзæнмæ 'й мама æруадзæ…
Рохсæй тæрсуй 'ма цирагъ æресæ,
Мæ сæрæрдигæй дæхе æруадзæ.

Хъаурæ цъирунцæ мæ фæстаг сæнттæ,
Ма мæ фæуугъуагътæ, - ци хъæбæр тæрсун…
Раминкоретæ, - ме 'цæг æмбæлттæ, -
Куд нæ лæдæрон, - ке ун æртæсун…

* * *

Гъæдæ – цидæр рохснæг, хæстæг, - æ фур цийнæй
Цæстæ десæ-месæй уомæ ниссæуццæ 'й.
Фæззæг – гъолон-молон, талгъæр, сугъзæрийнæ,
Цъæх-бор сурхи хæуццæ – сифтæ æмхæуццæй.

Мегъуафт хизи бунмæ уоми æмдзæрийнæ
Æнцад ку кæнунцæ къотæр, бæласæй.
Уони исит тунтæй тавуй хорзæрийнæ,
Уони фæлмæн урзæй думгæ ку фасуй.

Уоми даххæ-духхæй, заргæй цъухæй-цъухмæ,
Æрæг-и-фæззæги мæргътæ игъæлдзæг.
Æ къах нæ фæллух æй, - кæрддзухæй-кæрддзухмæ,
Рæуæг – и цъæрæхснæг, æ уод – къæбæлдзуг…

Гъæдæ гъолон-молон, талгъæр, сугъзæрийнæ,
Ездон уолæфунцæ къотæр, бæласæй.
Уони исит тунтæй тавуй хорзæрийнæ,
Уони фæлмæн урзæй думгæ ку фасуй…

МАЛИТИ Геуæрги

# ПАТРИОТКÆ, КЕНÆ ЛОНДОН АЛЁНИ ЦÆСТИНГАСÆЙ

Нигулæн бæститæ берæ уæрæсейаг лæхъуæнтæ æма кизгутти сайунцæ сæхемæ. Дзурд «фæсарæн» син сæ сæримагъзи æвзурун кæнуй берæ æхца, æнæмæтæ æма хъал царди æнкъарæнтæ. Фулдæретæмæ ес уæхæн гъуди, ома, мах кæми нæ ан, уоми алли рауæн дæр хуарз æй, зæгъгæ. Цума æцæгдзийнадæй ба куд æй?

Официалон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ Великобританий нуртæккæ цæруй цуппар милиуан фæсарæйнаг «адæймаг-аууоней» бæрцæ. «Адæймаг-аууон» хонунцæ, Англиси закъонмæ гæсгæ цæруни барæ кæмæн нæййес, гæгъæдитæ кæмæ нæййес, уони. Æбарæ цæрæг, ами ци къулумпидзийнæдтæбæл къуæруй æ къах, уони сæйрагдæртæй æнцæ, æппунæдзохдæр кустагор рацо-бацо кæнун, æмбæлгæ уавæртæ кæми уа, уæхæн цæрæн бунат ссерун, нигки ба, цæмæй асландæр уа, æма æндæр цæлхдортæ. Æцæгдзийнадæй ба Англиси æбарæ цæргути нимæдзæ дзæвгарæ фулдæр æй.

2008 анзи сæрди Лондони сæйраг фæзи арæзт æрцудæй æбарæ цæргути митинг. Уордæмæ æрæмбурд æнцæ алли бæститæй рацæугæ адæм - еу 500 мин адæймагемæй фулдæр. Се 'гасей дæр ардæмæ æрбацæун кодта еунæг нисан, - неке си фæндадтæй æ райгурæн бæстæмæ фæстæмæ здæхун. Уонæй, Англиси ка анзи бæрцæ рацардæй æма æ визæ фæцæй, ка авд, ка ба дæс анзи. Еци адæммæ æппундæр неци бартæ ес. Ес сæмæ æрмæстдæр тасдзийнадæ – тæрсунцæ, ку сæ фендæдуар кæнонцæ бæстæй, уомæ гæсгæ ба сæхе римæхсунцæ паддзахадон оргæнтæй.

Нæ цæститæбæл рауайун кæнæн, æцæгæлон бæсти дæс, дууадæс анзи ка цæруй, уæхæн адæймаги. Нæдæр ин ес æхе уæзæг, еугæндзон куст, нæдæр ба имæ хъарæ æма фæндон ес фæстæмæ æ райгурæн бæстæмæ раздæхунмæ. Рæстæг алцидæр ихалгæ цæуй, сауæнгæ ма æ бийнонтæмæ уарзондзийнадæ дæр.

Æ бийнонти хæццæ æ цард раги нийхалдæй, гæнæн ес æма 'й æ сувæллæнттæ фæсмæргæ дæр мабал бакæнонцæ. Куд фæстæмæ ами цардбæл исахур æй, æхе британнаг æнгъæлун райдæдта. Фал е æхемæ уотæ кæсуй. Нигки фулдæр ба æ тасдзийнадæ.

Куд æма ци мадзалæй рахъæрта еци цуппæрдæс анземæ æма æппунфæстаг райса, уал анзи ке фудæй гъезæмарæ кæнуй æма кæмæ бæллуй, еци паспорт. Англисаг закъонмæ гæсгæ адæймаг æ территорибæл цуппæрдæс анзи ку фæццæра, уæд нимад æрцæуй бæсти æнхæстбарæ цæрæгбæл. Уал анзи ба тæрсгæ-резгæй, æхе римæхсгæй, рахауæ-бахауæ кæнуй Англиси алли къумти. Берети бон нæ бауй еци зинбæнттæн ниууодæнсун, æрсæттунцæ æма фæстæмæ раздæхунцæ, ардæмæ фæстæмæ ке некæдбал æрбаздæхдзæнцæ, уой лæдæргæй.

Митинг арæзт æрцудæй, Итали æма Испаний хецауадæ сæ æбарæ цæргутæн цæруни барæ ку равардтонцæ, уæд еци бæсти æбарæ цæргутæн лæвæрд æрцудæй цидæр бартæ, сæйрагдæр ба косуни барæ. Англиси хецауади номæй Лондони мэр æргомæй балæдæрун кодта митинги архайгутæн, уæхæн домæнтæбæл ке некæд исарази уодзæнæй, уомæн æма уæд сæ бæстæмæ ниххæррæт кæндзæнцæ алли рауæнтæй æма сæ цард еугур æмæнтъери исуодзæнæй, зæгъгæ. Уой хигъд си загъд æрцудæй, æбарæ цæрæги пъæлицæмæ ка радта, е райсдзæнæй æнхæрсæггаг 1000 фунти. Еци рахаст никки цæуйнагдæр уавæрмæ æртардта æбарæ цæргути. Адтæй уæхæн рæстæг æма прибалтийаг республикитæй Англиси ка цардæй, уонæй беретæ, цæмæй сæ материалон уавæр фæххуæздæр кодтайуонцæ, уой туххæн пъæлицæмæ бадзориуонцæ æма син фегъосун кæниуонцæ, - еци рауæн æма еци рауæн цæруй уæрæсейаг, белорусаг, кенæ украинаг æбарæ цæрæг, зæгъгæ. Етæ сæ уодхæссæг уинунцæ, мæнгæ паспортти хæццæ ка цæруй Англиси уонæй, кæд син сæ сæхуæдтæ уæйæ кæнунцæ, уæддæр. Кизгуттæбæл некæд ардудтонцæ, фал лæхъуæнти хæццæ синхонти цардæй ба сæ уодхæссæг уидтонцæ. Мæ зæрдæбæл æрлæудтæй еу хабар. Прибалтикæйæгтæ æртхъерæн кодтонцæ уæрæсейаг лæхъуæнмæ, æ миздæй син ку нæ дех кæна бæрæг-бæлвурд хай, уæд æй пъæлици къохмæ ке ратдзæнæнцæ,уой туххæн. Се 'ртхъерæнтæн кæрон æрцудæй, ку рабæрæг æй æма е æ мизди хай æрмæстдæр британнæгтæн ке феддзæнæй, уæд. Мæгур адæймаги алли хузи дæр сæ бæстæй

фондæдуар кæндзæнцæ, литвайаг, кенæ латвиагæн ба раарфæ кæндзæнцæ, федгæ ба ин уæддæр неци бакæндзæнцæ. Раздæри Сонотон Цæдеси республикитæй рацæугæ адæмтæ еци хузи пайдай куистбæл куд фæххуæст æнцæ, англисæгтæ сæхуæдтæ уотæ нæ ницæ. Англисæгтæ бухсон цæстæй кæсунцæ æндæр бæститæй ербацæугæ адæмтæмæ, фал уони бухсондзийнадæн дæр кæрон ерцæуй.

Гъуддаг уой медæги æй æма визити уагæвæрд æйййивд ку ерцудæй, уæд раздæр сæ цард гъæздуг æма æнæзмæнст кæмæн адтæй, еци Англиси фудраконддзийнæдти нимæдзæ цæхгæр фæббæрзонддæр æй. Исарæх æнцæ тукæнттæй товартæ давун, гъæунгти æнæфсарæ æвзагæй дзорун, ихуæрсгæ фатерти ниуæзтгун хилтæ æма æндæр æнаггаг миутæ. Бустæги рапарахат уой мæнгæ паспорттæ аразун, банкти хигъдтитæ игон кæнун æма си æнæзакъонæй пайда кæнун.

Нигки ба ма Румыни Евроцæдесмæ ист ку æрцудæй, уæдта Лондони гъæунгти фезмæлæн нæбал адтæй цигайнæгтæй, кæцитæ уæйæ кодтонцæ æрхи къохдарæнтæ æма гъоси цæгтæ, цума сугъзæрийнæ адтæнцæ, уæхæн аргъбæл, рагацау сæ исæрттевунгæнгæй, хаттæнцæ корегай.

Зæгъæн, Италий мингай цигайнæгтæн сæ къохвæдтæ исиста пъæлицæ, уомæн æма етæ горæтгæрæнтти ихæлд хæдзаруæтти ку æрбунæттон æнцæ, уæд дзæвгарæ фæййарæхдæр æнцæ лæгмæрдтитæ, сабур цæрæг адæми æргомæй æстъигъдтитæ.

Цигайнæгти хæццæ еци гъуддæгути ерис кæнун сæ бон æй æрмæстдæр африкаг бæститæй лигъд адæмæн. Еунæг анзи дæргъи æз мæхуæдæг цалдæр хатти æвдесæн адтæн, сауцъарæ адæм сабур цæрæг адæймагбæл сæхе ку никкалионцæ æма ин æ циййес туххæй ку байсионцæ, уомæн. Сæ æдзæсгондзийнадæн æма дирзæгдзийнадæн арæнтæ нæййес.

Фæстаг хатт уæхæн цау æрцудææй, еу æстæн хатт ци интернет-кафемæ бауаинæ, уоми. Æхсæз фудгæнæги æд кæрдтæ кафемæ фæммедæг æнцæ æма медæгæй дуар сæхгæдтонцæ. Дууемæй кассирмæ тæрхæги сæрти багæппитæ кодтонцæ æма си æхца æрдомдтонцæ: «Æхца, æхца», зæгъгæ. Иннетæ ба кафей уæвæг адæмæй домун райдæдтонцæ сæ дзиппити циййес æма æхца. Адæм æндæмæ рацæуæн дуармæ рагулф кодтонцæ, фал син фудгæнгутæ сæ раз байахæстонцæ.

Адæм схъæлæба æнцæ. Мæнæн мæ хæццæ адтæнцæ еу лæги

бæрнон гæгъæдитæ æма син неци хузи адтæй фæццидæргæнæн. Æндæмæ бæргæ ратомар кодтон, фал ми фиццаг хаттæн неци рауадæй æма пъолбæл равзурсттæн. Фæстæмæ ку рауæлæ дæн, уæд бафæлвардтон нæуæгæй ратомар кæнун æма сæбæл мæ тухæ мæ бонæй мæхе ниццавтон. Уотемæй равзурсттæн æндегæй.

Лондони ес, сауцъарæ адæмихатти нимæдзæ фулдæр кæми æй. уæхæн цæрæн кварталтæ. Уомити изæригæнтти цæун, нигки ба ма цæрун тæссаг гъуддаг æй. Æрмæстдæр сæ хеуонтæн лæдæрд æй сæ дзурдиздæх, сæ гъудикæнунадæ, сæхе дарун, сæ уæледарæси дард. Мадта бустæги хуарз нæ уодзæй æ гъуддаг, æнæргъудити дзурд «негр», зæгъгæ, ка сдзора, уомæн дæр.

Еу украинаг куд дзурдта, уотемæй изæригон сæхемæ здахтæй æма радзæгъæл æй. Æвеппайди имæ кæцæйдæр фæскъумæй рагæппитæ кодтонцæ цалдæр сауцъарæ адæймаги, æма си æрдомдтонцæ, кæрдтæй имæ æвзедгæй, æ дзиппити ци ес, уони.

Украинагæн æ хæццæ адтæй дууæ паспорти, сæ еу æцæг, иннæ ба - литовæгтæй æрæги ке балхæдта, уæхæн. Сауæнгæ ма ин æ къурткæ дæр байстонцæ. Ке зæгъун æй гъæуй, пъæлицæмæ æ бон багъаст кæнун н' адтæй. Дугкаг бон ба бацудæй украинаг минæварадæмæ æ гæгъæдитæ нæуæгæй саразуни туххæн.

Нæтуй нигулæйнаг Европæ æнæхонгæ иуазгутæй. Еци демократийæй уолæфунгъон нæбал æй. Адæм ами сæ кæрæдземæй бафæлладæнцæ. Æхсæнадæ кæрæдземæ кæсуй æнæвуинон цæстæй. Еу адæмихатт æ уодхæссæг уинуй иннемæй: саутæ – уорсцæсгомгинтæй, етæ сауцъарæ адæмæй. Фиццаг бакастæй уотæ хъæбæр нæ зиннуй, фал æ тæфæ ба зелдох кæнуй уæлдæфи. Сæ амондæн хумæтæг англисæгтæ еци æмæнтъерийæй еуварс æнцæ.

Еци-еу рæстæг англисаг телеуинунадæй арæх февдесунцæ, Уæрæсей нихмæ арæзт ка 'й, уæхæн равдиститæ. Куд алкæд, уотæ сæ алли фуди-мели гъуддæгти дæр Нигулæн Европæ фудгин кæнуй Уæрæсей. Телеамонгутæ æма журналисттæ æвдесунцæ Уæрæсейæн æрмæстдæр æ еувæрсуг хай, сæрмагондæй ба фудракæндтæ, мæгурдзийнадæ, æгустадæ. Æргомæй ходунцæ хъахбай силгоймæгтæй славайнаг адæмихаттæй ка 'й, уонæбæл, уæдта цифæндиййæй дæр англисаг, кенæ американ лæгмæ æрцæунмæ æ мондæгтæ ка хæссуй, уонæбæл.

Уогæ британаг политиктæн лæмбунæгдæр æркæсун дæр

..мбæлуй сæхе фæсдзæгатмæ дæр. Сæхе бæсти цитæ цæуй, уой ..кæци къæлæти ес байвæрæн. Статистикон бæрæггæнæнтæмæ ..сгæ англисаг кизгуттæ ихæлд цард кæнун райдайунцæ дууадæсанздзудæй, е æй, Европи бæстити æхсæн рабаргæй, тæккæ ..ригондæр карæ. Сæ изæйрон клубтæн сæ фулдæр æнцæ, ..уорамæн кæмæн нæййес, уæхæн адæми ихæлддæнттæ. Парахат ..и æй гæртан есунадæ, фудракæндти нимæдзæ дæр си бæрзонд ..й. Фулдæр хатт хилти фæммард унцæ 15-20 анздзуд фæсевæд. Гъулæггаг æй, фал рæуæг æма уæззау наркотиктæ уæйгонд цæунцæ берæ лондойнаг клубтæ æма кварталти. Уогæ еци æппæрцæг фæззиндтитæ нæ урамунцæ адæми. Ций фæндуййæй дæр архайунцæ Англисмæ æрбафтуйунбæл æма си ести мадзалæй æрбунæттон унбæл, уомæн æма ами фулдæр федунцæ.

Æхца ба иронх кæнун кæнуй райгурæн бæстæ. Ами пайда кæнунцæ аллихузи мадзæлттæй. Зæгъæн, англисаги хæццæ кæнгæ бийнойнаг исуæвун, кенæ политикон римæхсæн бунат райсун. Адтæй уæхæн цаутæ дæр æма адæймаг æхе кенæ «цæцæйнаг», кенæ «белорусаг» исхонидæ æма уотемæй курдиадæ бадæдтидæ англисаг минæварадæмæ, цæмæй син уоми цæруни барæ лæвæрд æрцæуа, уой туххæй. Англисаг бартæ гъæуайгæнæг оргæнти гъудимæ гæсгæ еци республикити цæргути бартæ ист цæунцæ.

Англисаг гражданин исуæвунæн ма ес еума мадзал дæр – хуарз адвокат байхуæрсун. Зæгъæн, «белорусагæн» е слæудзæнæй 7-10 мин фунтебæл. Уотемæй, гæнæн ес, æма дæ банимайонцæ политикон лигъдонбæл, æма дин кæд бундорон цæрæги бартæ æнхæстæй нæ радтонцæ, уæддæр дæ цард берæ æнцондæр фæуูодзæнæй.

Никки зæрдæдаргæдæр æй «цæцæйнаг» вариант. Фал дæ уобæл ба багъæудзæнæй дууæ хатти фулдæр бафедун. Æз мæхуæдæг фæсмардтон цалдæр уæрæсейаги, кæцитæ цæцæнæй дæр н' адтæнцæ, фал адвокатти фæрци тæрхонгæнæги баууæндун кодтонцæ, уордигæй ке æнцæ, уобæл. Уонæй сæ еуемæн æ гъолæ бустæги сах рабадтæй, багъудæй æй æрмæстдæр æртæ мини æма æрдæг (англисаг æхцайæй) бафедун.

Гъуддаг лухгонд ку æрцæуй, уæд ин паддзахадæ радтуй цæрæн бунат, уæдта пайда кæнуй аллихузон лæггæдтæй. Радтунцæ ин кенæ фатер, кенæ ба хæдзарæ, куд цæра, уомæ гæсгæ, ома, бийнойнаг, сувæллæнттæ. Адтæй уæхæн цау дæр, еу уæхæн «цæцæйнагæн» лæвардтонцæ, дууæ уати кæми адтæй, уæхæн

фатер, фал æйе нæ бакумдта, уойхигъд ма си æрагурдта нигки урухдæр фатер горæти бæрæгастæу. Дессаг ба е адтæй æма е къохи бафтудæй гъуддаг рамболун.

Цæгат Кавказæй си ци силгоймæгтæ цæруй, етæ куд зæгъунцæ, уотемæй ами гъæуй Уæрæсей нихмæ, куд æнгъезуй, уотæ фулдæр дзорун фудæрдæмæ, тæрхонгæнгути гъæуама бауæндун кæнай, уæрæсейæгтæ сирдтæ ке æнцæ, адæмæн косуни æма мизд есуни барæ ке нæ дæдтунцæ, уобæл. Куд фулдæр æнкъарæнтæ равдесай æма цъифкалæнтæ ракæнай Уæрæсей нихмæ, уотæ дæ дзубанди арфдæр багъардзæй тæрхонгæнгутæмæ, уотæ æнцондæрæй рамболдзæнæ гъуддаг æма фегъосдзæнæ тæрхонгæнæги загъд: «Абонæй фæстæмæ ду дæ англисаг гражданин».

Нæ зонун, мæ еу зонгæ силгоймаг цæстæмæ миутæ кодта æви зæрдибунæй дзурдта, тæрхон ин ку кодтонцæ, уæд, фал е æ къох исиста æ райгурæн бæстæбæл, æ адæмбæл æхцай фæдбæл. Нуртæккæ ин Лондони ес фатер, куст, хуæзгол. Фиццаг бакастæй æ цард цума æ къанцци сбадтæй. Фал æ медзæрди ба гъæрзуй, æ зæрдæ 'й арæхæй-арæхдæр фехсилкъæ кæнуй фæстаг рæстæг.

Мæнгæ бийнойнаги хæццæ баеу ун техникон æгъдауæй зин нæй. Æ аргъ 3-5 мин фунти. Æрмæстдæр дæ гъæуй лæмбунæгдæр æркæсун, уруссаг газетти ци игъосуйнæгтæ фæууй, уонæмæ.

Азэрбайджанаг Гасан нерæнги æртæ анзи фæццардæй литвайаг силгоймаги хæццæ. Дууæ анзи ма ин байзадæй, цæмæй исуа Литвай æнхæстбарæ цæрæг. Алцæмæй дæр кастæй æ кæнгæ уосæмæ, æ кизгæмæ æма ин æ мадæмæ дæр, фиста син сæ хæдзари лæггæдтæбæл дæр. Сутки дæргъи куста 16 сахатти, æ кæнгæ бийнойнагмæ фæстæмæ хъипп-сипп скæнун дæр не 'ндиудта. Уотемæй æ силгоймаг, 120 килограммей уæзæн, Гасанæн æ тог бацъирдта. Ами растдæр уодзæй нæхемæ æмбесонд æримисун: «Цонæгъи бадун уарзи, уæд æй ласун дæр фæразæ». Уотемæй пайда кодтонцæ кæрæдземæй, алкедæр си арт æндзарста æхе гули буни. Силгоймаг æхецæй боз адтæй, уæхæн коммæгæс косагæ хайуанбæл ке фæххуæст æй, уомæй. Гасан ба бухстæй æма гъуди кодта, - мæнæ ма минкъий, уæдта Литвай æнхæстбарæ цæрæг исуодзæн, паспорт райсдзæн æма мæ бийнонтæ Азербайджанæй ардæмæ сласдзæнæн, амæн ба ци зæгъгæ уа, уой зæгъдзæн, зæгъгæ.

Славайнаг силгоймæгтæмæ уæлдай хъæбæрдæр сæхе

рæсунцæ пакистайнаг, албайнаг, ирайнаг, афгайнаг æма индиаг нæлгоймæгтæ. Уруссаг дзубанди ку фегъосунцæ, уæд се 'хæсбæл нимайунцæ, аллихузи рæууæнттæй дæр кизгæмæ бацæуун æма æ хæццæ базонгæ ун. Мах кизгутти хæццæ ку фембæлунцæ се 'нцигинтæ, уæд сæ сæрбæл куройнæ разелуй, сæ алливарс робаси рæуолæ-базелæ кæнун райдайунцæ, думун син кæнунцæ гашиш, зинаргъ хуæдтолги сæ сбадун кæнунйæ, кенæ ба сæ сæхемæ цæрунмæ фæххонунцæ, фатери мизд си нæ агоргæй. Цума кæцæй фовзурунцæ уæхæн «зæрдхæлар» «тæукел» нæлгоймæгтæ? Цума цæмæн исæнхусгæнæг унцæ æрмæстдæр уруссаг кизгуттæн? Сæхеуонтæн цæмæннæ кæнунцæ еци лæггæдтæ? Сæ дзуапп æй хумæтæг. Фæндуй, дан, нæ, цæмæй славайнаг æбарæ кизгæ тагъддæр фæццæфса ами царди уавæртæбæл, цæмæй мамæлай къæбæрæй ма цæра.

Бафеппайун æмбæлуй, берæ кизгуттæ уайтæккидæр исарази унцæ скæсæйнаг нæлгоймæгти хæццæ цæрунбæл, уомæн æма уонæмæ ес британаг паспорттæ. Уонæн цифæнди фæсарæйнаг дæр миллионер æй, уомæ гæсгæ ба æ хæццæ сарази унцæ «хæлар» рахастдзийнæдтæ дарунбæл. Уой ба нæ фæллæдæрунцæ æма еци фæсарæйнæгтæ сæхуæдтæ дæр æндæр кæцæйдæртæй ке 'нцæ, лигъдонтæ, æма син нифситæ æвæрунæй æндæр сæ бон ке неций, уомæн æма сæхуæдтæ дæр цæрунцæ пособитæй, цæрунцæ ихæлд цардæй. Æрмæстдæр стæнтæмæ разиннуй кæрæдземæ уарзти æнкъарæнтæ. Сæ фулдæр хай ба сайди бунати байзайунцæ, сæ рæузунди фудæй. Сæ сæр уой некæд ахæста æма еци «зæрдхæлар» лæхъуæнтæн сæ зæрди æндæр цидæр гъуддæгтæ ес, тикис мистæй гъазæгау си ке гъазунцæ.

Кизгуттæ сæ еци «уарзондзийнади» хабæрттæ нæ фæрримæхсунцæ, æрмæстдæр сæ фæккæнунцæ нæлгоймæгти фуд. Æрхæсдзинан еу дæнцæг.

Украинаг кизгæ цардæй е 'мзæнхони хæццæ, фал æй ниууагъта, албайнагбæл ку сæмбалдæй, уæд. Албайнаг æй худта Лондони тæккæ рæсугъддæр рауæнтæмæ, байхуæрста зинаргъ фатер. Дууæ къуæрей фæсте ба 'й ниууагъта, иссизæрдцъæхæй, фатерихуæрсæггаг дæр нæ бафиста, уотемæй æхе райста. Дессаг мæмæ кæсунцæ еци рахастдзийнæдтæ.

Цума ци ес еумæйагæй, зæгъæн, уруссаг кизгæ æма пакистайнагæн, кенæ литоваг æма африкагæн? Æндæр културæ, æндæр æвзаг. Æ тоги кæмæн ци уа, уой зинтæй гæлдзуй.

Зæгъæн, францизаг, кенæ италийæгтæ гъуди дæр нæ кæнунцæ славайнаг кизгутти, уæдта сæ силгоймæгтæмæ дæр араббæгти, кенæ африкæгти мæтæ нæййес. Мадта уæд мах силгоймæгтæ уонæмæ уотæ тулаваст цæмæн æнцæ?

Аци фарстайæн ес уæхæн дзуапп.

Ардæмæ ка æрбацæуй, уонæмæ ес цалдæр нисани. Фиццагидæр куст иссерун. Ами бафеппайун гъæуй уой æма æрбацæуæг силгоймæгтæн æрмæстдæр сæ 10 процентемæ ес косуни æма уотемæй мизд есуни нисан. Дугкаг нисан æцæгæйдæр ахсгиаг æй. Байархайун гъæуй, ка дæ дара, уæхæн нæлгоймагбæл æрхуæцун. Гæнæн ку уа, уæд англисаг, фал бал фиццаг рæстæгути араббаг, кенæ африкаг дæр цæуй, æрмæстдæр æ дзиппæ ревæд ма уæд! Кæци адæмихаттæй æй, е сæйраг нæй. Уой фæсте ба дæ цæстæ дарæ æма агорæ нигки гъæздугдæр лæг, ку нæ бабæй фæббæзза е, уæдта æртиккаг.

Лæгмæ æрцæун æма сувæллон исæнтæсун кæнун ба æй тæккæ хуæздæр мадзал. Берæ дæнцæгтæ ес æрхæссæн, зæгъæн уруссаг, украинаг, кенæ белоруссаг кизгуттæ куддæр англиси æнхæстбарæ цæргутæ исиуонцæ, уотæ тæрхондонмæ бадæдтионцæ сæ гъаст, цæмæй æ лæги хæццæ байуаронцæ æма сæ есбон дууæ хайиигонд æрцæуа.

Берæ англисаг лæхъуæнтæ уой балæдæрдтæнцæ æма сæ цард ноцидæр хузи баеу кæндзæнæнцæ уруссаг, кенæ æндæр славайнаг кизги хæццæ.

Ес ма æндæр гъуддаг дæр. Е æй британæгти рахаст, уруссаг æвзагбæл ка дзоруй, еци кизгуттæмæ.

Англисаг компанити уруссагау ка дзоруй, уони кустмæ нæ есунцæ. Уомæн гъæуй кусти дæсниадæ, тæрхонгонд дин ке некæд адтæй, уой туххæн гæгъæди, гъæуама æнхæстæй зонай англисагау, нигги ба ма æнæгъæнæ документти цъæпæра. Уæрæсейæй рацæугæ кизгуттæ æма лæхъуæнтæмæ фагæ фæрæзнитæ ке нæ фæууй, уомæ гæсгæ сарази унцæ цифæнди кустбæл дæр. Уомæй пайда кæнунцæ фулдæр кустдæтгутæ. Урусæй рацæугæ лæхъуæнти кустмæ есгæ дæр нæ кæнунцæ, фал уойхигъд нæ кизгутти ба уайтагъддæр раскъæфунцæ,бунæттæ дæр сæмæ разиннуй, уæлдайдæр ба 25 анземæй дæлæмæ кæбæл цæуй, уæхæнтти. Сæйрагдæр куст фæййагорунцæ ресторанти, тукæнтти, æндæр хуæрæндæнттæ æма ниуазæндæнтти.

Зæгъæн, уруссаг, кенæ украинаг кизгæ бацæуй уагдонæмæ

кустагор. Æ фиццаг бакастæй дæр бæрæг фæууй, аци кизгæ цифæнди кустбæл дæр ке исарази уодзæнæй, е, æрмæстдæр æй ести ракæнæнтæ. Никки ба ма студенткæ ку уа, уæдта ин къуæре 30 сахатемæй фулдæр косуни барæ нæййес.

Кæд хецауи хæццæ кæрæдзей «балæдæронцæ», уæд æ бон уодзæнæй 40-50 сахати косун дæр къуæрей медæги. Фиццагидæр уой бакæнунцæ кустдæттæгмæ. Фиццаг фарста фæууй, кæцæй æрбацудæй æма имæ ци визæ ес? Æма кустдæттæг куддæр дзурд «уæрæсе» фегъосуй, уотæ æ дзубандий уагæ фендæрхузон уй. Зæрдитæ æвæрун ин райдайуй берæ миздæй, æ гъуддаг ин рæстмæ ке ниллух кæндзæнæй, уобæл æй бауæндун кæнуй. Кизгæмæ уотæ фæккæсуй, мæнæ æ цард нæуæгæй райдæдта, зæгъгæ. Уой ба нæ фæллæдæруй, ами дин лæвар ке неке неци скæндзæнæй, уой. Идарддæр гъуддæгутæ цæун райдайунцæ еци-еу уагбæл.

Фиццаг рæстæг кустдæттæг ести рæууонæй кизги сбадун кæнуй ке хуæдтолги æма 'й баласуй, уой фæсте æй рахонуй Лондони цæмæдессаг рауæнтæ фæууинунмæ, кенæ изæйрон кафæн рауæнтæмæ. Еу æртæ боней фæсте ба архайун райдайуй, цæмæй си æхецæн хуæзгол сараза, уобæл.

Гæнæн ес æма ма ин уæхæн хуæзголтæ ниггидæр уа еу цалдæр. Берæ кизгуттæ исарази унцæ фæсарæйнæгти хæццæ хæстæг бастдзийнадæ дарунбæл, уотæ фенгъæлунцæ æма сæ еци биологон хæстæгдзийнадæ фæстæдæр федардæргæнгæ цæудзæнæй, зæгъгæ. Уомæй хъæбæр рæдуйунцæ.

Аци рæнгъитæ ка кæса, е ка 'й зонуй, æма æ медбилти байдзула, кенæ ба еци кизгутти фарс рахуæца, ома сæ æхца косун фæндуй, зæгъгæ. Кустдæттæги хæццæ хæстæг рахастдзийнæдтæ берæ нæ хæссунцæ. Куддæр еци уагдонæмæ æндæр, рæсугъддæр, хуæрзконддæр кизгæ æрбацæуа кустагор, уотæ сæ кой дæр нæбал уодзæй. Æппундæр ма гурусхæ кæнтæ,кустдæттæг алли мадзæлттæй дæр ке баархайдзæнæй раззаги æ кустæй исуæгъдæ кæнунбæл, уобæл.

Кизгæ хецауи хæццæ хуæзгол унбæл ку не саразиуй, уæд æ кустæй дæр фæццохуй, æ мизд дæр нæбал райсуй.

Хецау ин æргомæй балæдæрун кæндзæй, æ ихæстæ æнхæст кæнун æ бон ке нæй, уой, ба ин феддзæй 20-30 фунти æма сæребарæ уой. Уомæ гæсгæ косгутæ сæ бунæттæй уайтæккæдæр фесхъиунцæ.

Уæрæсейаг студенткæ Кембриджи фæлабулай ферми бакуста ахсæз мæйи. Ци фургуст кодта, уобæл ин фиста 300 фунти алли

мæйæ дæр, æрмæстдæр уомæн, æма й нæ бафæндадтæй 50 анзи кæбæл цудæй, уæхæн фермери хуæзгол ун.

Еци ферми ма кустонцæ студенттæ-кизгуттæ Уæрæсейæй, Белорусийæй, Польшæй. Æма æ хæццæ хуæзгол унбæл арази ка адтæй, уонæн фиста алли мæйæ дæр 1000 фунти.

Еци фермер испаниаг, португалийаг, кенæ англисаг кизги æ хуæзгол искæнунвæндæ ку скодтайдæ, уæд æй ахæстдонæмæ бакодтайуонцæ.

Уæрæсейаг кизгуттæ куд зæгъунцæ, уотемæй сæ айдагъ Англиси нæ, фал иннæ европаг бæстити дæр уотæ сайунцæ. Нигги фуддæр ба ма е æй, æма сæ нæхеуонтæ дæр ке сайунцæ. Нæ сæмæ ес кæрæдзебæл хуæцундзийнадæ.

Нæхе лæхъуæнти хæццæ сæмæ нецихузон рахастдзийнæдтæ ес кизгуттæмæ, уомæн æма сæ нимайунцæ некуцон, æвæрцæбæл. Хуæздæр сæмæ кæсунцæ фæсарæйнæгтæ. Æма цалинмæ басодзунцæ, уæдмæ сæмæ нæ фæгъгъаруй, нæхеуонтæ хуæздæр ке æнцæ...

Таня Лондонмæ æрбатахтæй Уæрæсейæй студенти визæбæл. Дзæвгарæ рæстæг æ къохи не 'фтудæй куст иссерун, цалинмæ е 'мзæнхон Олегбæл не сæмбалдæй, уæдмæ. Олег ин фенхус кодта æ къæхтæ бæл слæуунмæ, минкъий фæстæдæр ба сæ цард баеу кодтонцæ. Олег адтæй Англиси æнхæстбарæ цæрæг, адтæй ин ихо хæдзарæ, уæдта косгæ дæр, есгæ дæр хуарз кодта. Таняй нæ фæндадтæй мадæ исун, нерæнги ма, дан, æригон дæн, мæ фагæ нæма ратезгъо кодтон, зæгъгæ. Олег неци дзурдта, фал фондз анзей фæсте ба æ цард еугур зиндонæ фестадæй. Уæдмæ æ бийнойнаг райста британайнаг паспорт, есгæ дæр хуарз кодта. Фæззиндтæй ин хуæзголтæ, æхцагинтæ. Олег уидта алцидæр, фал нæ лæдæрдтæй еу гъуддаг: æ цардæмбали зæрдæй ку уарзуй, уæд ибæл уотæ сайдæй цæмæн цæуй. Фæстагмæ æ кустæй дæр фæццох æй, æ хæдзари æмбес дæр дæтгæ æрцудæй.

Аленæ Гайнетдинова Лондонмæ æрбатахтæй Уфайæй, студенти визæбæл. Агент имæ не 'рбацудæй æма æрфусун кодта иуазæгуати 80 фунти бафедгæй. Дугкаг бон рацудæй горæти центрмæ кустагор. Уоми фæззонгæй бразилиаг Незой хæццæ. Е ин загъта, 28 анзи ибæл ке цæуй, цæугæ ба ибæл кодта 34. Аленæ бустæги хуарз нæ зудта англисагау, фал ин æрдæгцъæрæмухститæй ба æ уавæр балæдæрун кодта. Фæрразелæ-базелæ кодтонцæ, фал еци бон куст иссерун æ къохи нæ бафтудæй. Уæдмæ æризæр æй. Незо ин

балæдæрун кодта, цæмæй уомæ æрæхсæвеуат кæна, сæумæй бабæй уæдта кустагор рацæудзæнæнцæ. Кизгæ саразн æй, кæд дувæндæ кодта, ома, æнæзонгæ нæлгоймаги хæццæ еу уати куд ниххусдзæй, зæгъгæ.

Незо æй æрæууæндун кодта, ома, куд мæ хуæрæ, уæхæн цæстæй дæмæ кæсун, зæгъгæ. Аленæ ибæл бауувæндтæй.

Се 'хсæн хъурдох раеудагъ æй фæсæмбесæхсæвтæ, бразилиаг ци уати цардæй, уоми. Кизгæ æригъал æй, æ къахбæл кедæр къохæмбæлд банкъаргæй.

- Ду мæ хуæри хузæн дæ, - сум-сум кодта сосæггæй Незо. Æ къох рахаф-бахаф кодта æрдæгфунæй кизги бауæрбæл, æ билтæ ба кизги цæсгоммæ æрхæстæг æнцæ, уотемæй.

- Нæ, - фæгъгъæр кодта Аленæ æма æ зæвæтæй расхуста нæлгоймаги.

– Исарази уо, фатербæл, фæндаггаг, хуæрдæбæл дæ федун нæ гъæудзæй, рагъуди кæнæ... - лигъстæ ин кодта Незо. Уотемæй ин æгас æхсæвæ фæллихстæ кодта.

Аленæ сæуми уæнгæ бабухстæй, уæдта æ дзаумæттæ рамбурд кодта æма рафардæгæй Незой фатерæй.

Хуцау ниддæлæ-уæлæ кодта, æма тæккæ еци бон сæмбалдæй литвайаг кизгæ Симони хæццæ. Æ нæуæг зонгæ ин загъта, кæд дæ фæндуй, уæд мæнмæ цæрунмæ рацо, мæнæн устур уат ес, зæгъгæ. Аленæ исарази æй æма дууæ сахаттей фæсте равзурстæй урух æма райдзаст уати. Аленæ ин ку радзурдта, æхсæвæ ибæл ци цаутæ æрцудæй, уони, уæд ибæл Симонæ хъæбæр бадес кодта.

- Æма æ хæццæ цæрунбæл не 'сарази дæ, - байфарста кизгæ.

- Гъай-гъайдæр нæ. Фæсмæргæ дæр æй нæ кæнун. Уæдта мæнæн Уæрæсей уарзон лæхъуæн ес.

- Гъе, мæнæ æдули, - ниххудтæй Симонæ. - Фæлтæрддзийнадæ дæмæ нæма ес. Кизгуттæ уомæ бæлгæ ку кæнунцæ. Гъæуагæ дæ нецæмæй уагътайдæ. Ами ефстæгтæй уæлдай сæ еугурдæр уотæ цæрунцæ. Сæхецæн лæхъуæнтæ иссерунцæ, етæ сæ хæссунцæ, сæхуæдтæ ке бакосунцæ, еци æхца ба сæхемæ изайуй. Дæ фадуатæй пайда кæнун нæ зонис. Алкæмæн дæр си Уæрæсей ес уарзон. Фал е уобæл дзорæг нæй, æма ами маке хæццæ æмбæлай, ами æцæгæлон бæстихай æй. Берæ цидæртæ нæма лæдæрис.

- Зæгъæн, ци?

- Ами дæ еунæг рауæн дæр кустмæ нæ райсдзæнцæ, хецауи хæццæ хæтунбæл ку не сарази уай, уæд.

- Æз ардæмæ уой туххæн не 'рбатахтæн, æма еске хуæзгол исуон, - фæлмæнæй раниванста Аленæ.

- Кæд дæ базонун фæндуй, уæд мæнæ иннæ уати цæруй еу кизгæ Екатеринбургæй, е дæр студенткæ æй. Цæруй испайнаги хæццæ. Тæккæ фиццаг бон ин исарази æй. Уотемæй ба анзи размæ æрцудæй лæгмæ. Æма ци? Цæруй. Цардæй тъæпп хауй. Е æхе гъуддиги æй. Дæуæн дæр дæ халæ схаудзæй, - æ дзубанди идарддæр кодта Симонæ. - Разиндзæй уæхæн, æма дæ æцæгæйдæр ка бауарза. Паспорт райсдзæнæ, Англиси æнхæстбарæ цæрæг исуодзæнæ. Цæмæй дин лæгъуз æй? Сосæггаг некæмæн æй, Уæрæсейæй ардæмæ ка æрбацæуй, еци кизгуттæ æрмæстдæр уомæ бæллунцæ. Рæхги 'й дæхе цæститæй фæуукндзæнæ.

- Æз Уæрæсе берæ уарзун. Е мæ райгурæн бæстæ æй. Мæ царди хуарзæй цидæриддæр ес, е уой хæццæ баст æй.

- Лæдæрд æй, - æ дзурд ивазæгау ракодта Симона. - Зин дин уодзæнæй. Ами æнæ нæлгоймаги æнхусæй ести бакосун хъæбæр зин æй, уæлдайдæр ба Уæрæсейæй, Белорусийæй, Украинæй ка æрбацæуй, еци туристкитæ æма студенткитæн. Нæлгоймаги хæццæ хуссун ке гъæуй, уоми дессагæй ци ес? Мæлгæ нæ ракæндзæнæ, æртæ сæдæ фунти ба алли мæйæ дæр фæстауæрцæ кæндзæнæ. Уогæ, куд дæ фæндуй, уотæ, дæ барæ дæхе æй. Алкæмæ дæр цардмæ æхе цæстингас ес. Еци фæстаг дзурдтæ ма Аленæ игъуста æрдæгфунæй уогæй, æ устур хуссæнбæл хусгæй.

Дугкаг бон æригъал æй рæфтæмæ хæстæг. Симонæ уати н' адтæй. «Æвæццæгæн, кусти æй», - рагъуди кодта Аленæ.

Æдосæ се 'хсæн ци дзубанди рауадæй, е ин цидæр уæззау фæд ниууагъта æ зæрди. Дзæгъæлбадæгæнæн н' адтæй. Æзинæ Симонæн 200 фунти равардта фатери цæрæггаг мæйæн. Æдеугурæй ма имæ байзадæй сæдæ фунти æма æ гъуддаг ку нæ фæррæстмæ уа, уæд ин фæстæмæ билети фагæ дæр нæ 'нцæ.

Кизгæ æхе барæвдзæ кодта æма ранæхстæр æй куст агорæг. Берæ хæттити æй бауорамиуонцæ лондойнаг лæхъуæнтæ æ хæццæ базонгæ уни рæуонæй.

- Бахатир кæнæ, фал французаг нæ дæ? - бафарста æй еу сауцъарæ французагау. «Нæ», зæгъгæ, ку фегъуста, уæдта ин фенхус кæнунæй зæрдитæ æвæрун фæййагайдта англисагау.

Еци бон Алени дзиппитæ байдзагæнцæ, æ уарзондзийнадæ ин ка гъардта, уæхæн лæхъуæнти нæмттæ æма телефонтæй. Сæ еу италиаг Джакомо ин æцæгæйдæр ирдта куст. Гъудæй æй креветкитæ

дзлгъауиндзи фицун, гæгъæдин баркъети сæ тохун æма сæ уæйæ кæнун. Фæлтæрддзийнадæ ци студенткæмæ н' адтæй, уомæн уæхæн куст æнцон раерæн н' адтæй. Алли бон дæр ин æ къохмæ нимадтайонцæ 50 фунти. Е уотæ минкъий æхца нæй. Фал си косгæ ба Аленæ бакодта æрмæстдæр еунæг бон. Италиаги хæццæ гъуддагон рахастдзийнæдтæ сфедар кæнун æ къохи нæ бафтудæй. Джакомо си фулдæр цидæртæ агурдта. Е ин лигъстæ кодта, цæмæй фæскуст æ хæццæ æхсæйвон клубмæ рандæ адтайдæ, уой фæсте ба æ хæдзарæмæ, фал ин Аленæ не сарази æй… Фал ин уæддæр е 50 фунти ба бафиста.

Дууæ боней фæсте Аленæ иссирдта æндæр куст. Е дæр бабæй базари. Ами ба 'й гъудæй уæледарæс уæйæ кæнун. Дæс æма дууинсæй анздзуд Джон, - базаргæнæн пъалатки хецау адтæй иракkаг, фал хуарз дзурдта уруссагау. Косгæ бонæн ин фиста 20 фунти æма æ уæгъдæ рæстæг ба æрвиста Алени цори. Джон ин радзурдта æ сосæг фæндтæ, ома ма æ зæрди ке ес еума цалдæр пъалатки дæр байгон кæнун, Алени ба директорæй ке сæвæрдзæй, уой туххæн. Фиццаг бакастæй алцидæр хуарз адтæй, æрмæстдæр… Джони фæндадтæй, цæмæй Аленæ æ цæрæнбунат раййивтайдæ Джонмæ æма 'й æнкъард кæнун ма уагътайдæ. Ку нæ ин исарази æй, уæд сæ нæдтæ фæххецæн æнцæ, нæдæр ба имæ телефонæй нæбал æрбадзурдта.

Аленæ агурдта куст идарддæр. Еухатт æ надбæл фæцæй еу минкъий ресторангонд æма имæ бацудæй. Ресторани хецау адтæй албайнаг. Аленæ æ зæрдæмæ фæццудæй - гурведауцæ, хуæрзконд. Загъта ин, кæд æй фæндуй, уæд æй æхемæ кассирæй райсдзæй, кæд еци кустæн Аленæ æппундæр неци лæдæрдтæй, уæддæр.

- Уобæл ма тухсæ, - загъта ин е. - Сæйрагдæр æй дæ кустмæ разæнгарддзийнадæ æма нифс. Иннæ гъуддæгутæбæл ба дæ æз сахур кæндзæнæн. Еу уæхæни ин албайнаг ракодта æ царди кæуйнаг хабар. Куд рабæрæг æй, уотемæй имæ цæруй еу кизгæ Беларусийæй, фал рæхги цæугæ кæнуй, æ визи æмгъуд фæцæй. Е дæр студенткæ æй. Албайнаг ин бакой кодта, цæмæй Аленæ уомæ æрцæра. Рæстæг ин равардта æртæ бони рагъуди кæнунмæ. Цалинмæ Аленæ «гъудитæ» кодта, уæдмæ ин алли кусти сахатæн дæр фиста 15 фунти. Етæ сауæнгæ англисæгтæн сæхецæн дæр хуарз æхцатæ æнцæ. Аленæ нæ рахизтæй е 'фсари сæрти, æ кадæ багъæуай кодта, фал æ кустæй ба фесхъиудтæй.

- Æрæллау уо, - загъта ресторани директорæн. - Дæумæ уотæ

кæсуй æма дæ къапеккитæй еугурей дæр æрсæтдзæнæ, фал да дæ фун фæссайдта. Царди æруайæнти ка æруадæй, етæ хуар зонунцæ, кизгуттæн фиццаг бонти уæхæн æхцатæ цæй туххæн фæффедунцæ, уой. Уой фæсте ба сæ æнæмæтæ цард фæуууй.

Уæдмæ Аленæ уруссаг газеттæмæ равардта игъосункæнуйнæгтæ куст ке агоруй, уой туххæн. Сабургай имæ дзорун райдæдтонцæ алли 'рдигити, фал си зæрдæмæдзæугæ ба неци адтæй. Аленæ нæ лæдæрдтæй, фæсарæйнæгтæ уруссаг газетти ци фæййагорунцæ, уой, фал ин æй Симонæ балæдæрун кодта.

- Дессаг дæмæ ма кæсæд. Еци «бабай»-тæ мах газеттæмæ арæх æркæсунцæ.

- Æма «бабайтæ» ба ка æнцæ?

Ами уруссагау ка дзоруй, етæ уотæ хонунцæ, азиаг бæститæй ка æрбафтудæй, уони. Етæ ба нæ еугурей дæр уруссæгтæ хонунцæ.

- Æма сæхе бæститæй æрбацæуæг кизгутти цæмæннæ есунцæ кустмæ?

- Дæхуæдæг ибæл расагъæс кæнæ, - хийнæйдзаг цæстингасæй имæ бакастæй Симонæ. - Сумах ами тæккæ аслан дæр косæг тухæ айтæ. Уони фæндуй æрмæстдæр уруссаг кизгутти хæццæ косун, уæлдайдæр ба æригæнтти хæццæ. Уруссаг кизгуттæ арази æнцæ сахатмæ дууæ фунтебæл косун дæр. Æма син еци кунауæггаг къапеккитæ федгæй дæр сæмæ æрурдуг унцæ. Беретæ æнæбари дæр сарази унцæ. Сумах фæсевæдæй æбарæдæр уавæри æвæрд ами неке æй. Сæ бон æй æма дин федгæ дæр маци бакæнонцæ, ратæрун, нигъгъæр дæбæл кæнун. Уæддæр кæмæ багъаст кæнай, е нæййес. Лæхъуæнти уавæр дæр хуæздæр нæй. Етæ ба æнхæст кæнунцæ тæккæ аслан дæр æма зингустдæр куститæ.

Нигки ба ма алли рауæн дæр сæ нихмæ лæуунцæ польшæгтæ.

- Æма син Уæрæсе лæгъузæй ци ракодта?

- Нæ зонун, - нигъгъуди кодта Симонæ. - Англиси польшæгтæ милиуантæ æнцæ, уруссæгтæй ба сæ уодхæссæг уинунцæ. Сумах сæмæ адæмбæл нимади н' айтæ, æрмæстдæр син сæ къæбæри хай есетæ.

Алени дзиппидаргæ телефон дзæнгæрæг кодта æнæсцохæй. Фулдæр æй худтонцæ изæйрон клубтæмæ кафунмæ, кенæ ба ескæмæн хæдзари массаж кæнунмæ, кæми ба æррæстæ базонгæ унмæ. Зæгъæн «бабай» кусти туххæн ку æрбадзоридæ, уæд нæдæр мизди кой скæнидæ, нæдæр ба кусти

рæстæги туххæн неци зæгъидæ.

Æма дзæгъæли хумæтæги уотæ нæ уидæ. Бунæттон кустдæтгутæ тингун кодтонцæ уæхæн фарстатæбæл. Уони бал фæндадтæй кизгæн æ гуриконд фæууинун. Æрмæстдæр уой фæсте æмбалдæй идарддæр кусти тухxæн дзубанди кæнун фембæлгæй. Уæхæн хонгутæн Аленæ дзуапп дæр нæ лæвардта.

Еу мароккаг ба ин комкоммæ балæдæрун кодта телефонæй, кустмæ 'й ке райсдзæй, æрмæстдæр хуæрзконд æма æдæмæдзæугæ ку уа, уæд. Еу алжираг ба ма бакаст дæр исаразта. Еци-еу рæстæг æрбахудта 18 уруссаг кизги. Федгæ син кодта сахатмæ 3 фунти. Бæргæ æгадæ адтæй е, фал син æндæр гæнæн н' адтæй, кенæ судæй рамæлдзæнæ, кенæ ба дæ фæстæмæ æдæхун гъудæй Уæрæсемæ.

Еу рацæргæ кипраг æ бæгæнинуазæндонæмæ кустмæ иста æрмæстдæр уруссаг кизгутти. Федгæ ба син кодта къапеккитæ. Æ хуæрæндони адæм уойбæрцæ н'адтæй, æригон, хуæрзконд кизгуттæ си цæйбæрцæ адтæй. Се 'гасебæл дæр хуæрзцубур дæллаггуртæ. Е адтæй сæ косæндарæс. Цума ести дзæнæти маргъ адтæй, уой рацо-бацо кодта æ хуæрæндони æма æ цæстæ дардта, ка си ци куст кæнуй, уомæ. Сæ куст ба сæйрагдæр адтæй уомæн лæггадæ кæнун: рæстæгæй-рæстæгмæ 'й гъæуама фарстайонцæ, къофи æй гъæуй æви нæ, кенæ æндæр ести. Æ уолæфæн уати ку уидæ, уæдта 'й гъæуама еугур кизгуттæ дæр кезугай бæрæг кодтайонцæ, цæмæй æй игъæлдзæг дардтайуонцæ, æ бауæрæн ин массаж кодтайонцæ. Хуæрæндони гъæрæй дзорун не 'мбалдæй, кæрæдзей хæццæ сосо-босогæнæн дæр н' адтæй, адæймаги ном ке хæссис, е ди гъæуама феронх адтайдæ, æрмæстдæр хецауи дзурд æнхæст кæнæ. Ку нæ, уæдта дæ фендæбилæ кодтайдæ. Е 'мбæлттæ имæ ку фæззинниуонцæ, уæдта ма уони дæр гъудæй рæвдаун.

Уæхæн уавæрти косун, ка 'й зонуй, кедæрти зæрдæмæ цудæй, æрмæстдæр Алени зæрдæмæ ба нæ. Сæ дзубанди нæ рауадæй. Ку æркастæй уавæрмæ, уæдта имæ ци домæнтæ æвæрд цæуй, уой ку балæдæрдтæй, уæд æнæдзоргæй рацудæй хецауи кабинетæй, фæстæмæ ба ма имæ æхе рахатгæй исдзурдта:

- Дæуæй куйдæрбæл нæма сæмбалдтæн.

Кустдæттæг некæдма фегъуста уæхæн уайдзæф æ косгутæй æма цавддорау фæцæй, ци сдзурдтайдæ, уой нæ лæдæргæй.

Уой фæсте и кизгуттæй еу Аленæмæ æрбадзурдта телефонæй æма ин загъта, зæгъгæ, дæу фæсте нæ хецау дзæвгарæ рæстæг

æ уасæ нæбæл иссирдта. Æрмæстдæр, дан, ин ду бандиудтай уотæ æргомæй æцæгдзийнадæ зæгъун.

Ци къапеккитæ имæ бамбурд æй, етæ тайгæ цудæнцæ Æвæстеуатæй æй гъудæй ести мадзæлттæ агорун. Лондони иуазæгуæттæмæ 'й æнæ гæгъæдитæй кустмæ нæ истонцæ, уæдта 'й ку райстайонцæ, уæддæр ин фистайонцæ еу номер æфснайæггаг – 1,5 фунти. Кусти мизд ба син федунцæ æрмæстдæр мæйи кæрони. Зæгъæн, адæймаг æ кустæй цæунвæндæ ку скæна, - кæми æ зæрдæмæ нæ цæуй æ куст, кенæ æ мизд минкъий æй, кенæ æндæр куст иссердта, - уæд ци бонтæ бакуста, уонæбæл ин фист нæ 'рцæудзæй. Исдзорæн ба неци адтæй.

Дууæ къуæрей дæргъи фæрразел-базелгæнгæй, æппунфæстаг, Аленæ иссирдта официантки куст. Æ гъуддаг фæррæстмæ 'й. Рамулдта, бафæразта æвзарæн рæстæг. Цалдæремæй уой равзурстонцæ официанткæ æма уæйгæнæги бунатмæ.

Еци минкъий рестрорангонд адтæй дууæ албайнаг æнсувæрей къохи.

Æппунæдзохдæр гъудæй ходæзмолæ кæнун, расуг лæгти дзубандитæмæ игъосун, фæразун, сæ агувзити син ниуазтæ никкæнун, уæгъдæ рæстæг ба ругтæ сæрфун, цъумур тæбæгътæ æхснун, бугътæ æндæмæ хæссун – етæ адтæнцæ æ кусти ихæстæ.

Е адтæй дууæ адæймагей куст, фал албайнæгтæмæ уотæ нæ кастæй. Федгæ ба ин кодтонцæ 3,5 фунти сахатмæ. Ресторани директор Гони, æнсувæрти кæстæр, Аленæн карзæй бафæдзахста, уарзон ин ке ес, уой кой куд некæми кæна, кенæдта сæмæ адæм нæбал цæудзæй, зæгъгæ.

Алени фиццаг косгæ бон раевгъудæй æнæ къулумпийæй, неке имæ æрурдуг æй, уайдзæф дæр ин неке бакодта. Дугкаг бон ба имæ æвналун райдæдтонцæ - директор æхуæдæг дæр уæдта е 'мзæнхонтæ дæр. Гони берæ нæ радардта æ цæсгонбæл æфсаргин лæги агъодæ. Æхе æппæлдтæй Алени цори, ома, дан, мæмæ дæу размæ куста инсæй уруссаг кизги æма се 'гас дæр мæ хæццæ адтæнцæ. Загъта ин, мæ хуæзгол исуо æма дин дæ мизд фæффулдæр кæндзæн, зæгъгæ.

Кизгæ къæппæги бахаудтæй. Æ куст кæд æнцонтæй н' адтæй, уæддæр ма уомæй дæр фæццох уа, е æй нæ фæндадтæй. Берæ фæхъхъурдохæн кодта æ медзæрди, лæдæргæ дæр æй кодта, хецау æй ке нæ ниууадздзæй, уой. Уотемæй сахатæй-сахатмæ æ психологон уавæр итингдæр кодта.

Еци фарстабæл сæмæ дзубанди рауадæй æрмæстдæр ...ртиккаг бон.

- Хъæбæр æдули дæ, - загъта ин Гони. Дæ лæхъуæн уоми 'й, ду ба ами. Æви дæ размæ ка куста ами, уонæй ду хуæздæр дæ.

- Æма дæхе адæмихаттæй еу кизги хæццæ цæмæннæ базонгæ уис, кустмæ 'й цæмæннæ райсис.

- Е идæрддæбæл дзубанди æй, - æ дзубанди цæхгæр фæллух кодта Гони.

Æз ардæмæ дæу хæццæ хуссунмæ не 'рбацудтæн, фал косунмæ. Æз цагъар-хуæзгол нæ дæн.

Гоний зæрдæ рахудтæй еци дзубандитæбæл æма еу цалдæр сахатти æ къабинеттæй нæбал рахизтæй æндæмæ, уæдта рацудæй æма ин еци мæстæлгъæдæй загъта:

- Цо æма тæбæгътæ æма пъолтæ æхснæ, кæд косунмæ æрбацудтæ, уæд.

Дугкаг бон æ маст фæмминкъийдæр æй æма бабæй Аленæ фæстæмæ уæйгæнæгæй слæудтæй.

Фал еунæг усмæ дæр нæ уагъта Гони, цæмæй Алени лæбæзбæл ма бамбæла, рагъавидæ ин æ билтæн раба кæнун дæр.

- Æйдæ, нæма раййивтай дæ зундрахаст, - райфæрсидæ хецау.

Майрæнбон изæрæй фæскуст Аленæ бацудæй хецауи къабинетмæ æма загъта:

- Æз арази дæн дæ хуæзгол унбæл.

- Æхцæуæн мин æй, Аленæ, уæхæн гъуди дæмæ ке æрцудæй, е, æ къæлæтгинæй фестгæй æма байдзулгæй загъта Гони. – Кизгæ мин ес, ду ба уодзæнæ мæ хуæзгол æма е уодзæй нæ еумæйаг сосæггадæ.

- Еу гъуддагæй дæ ес бафæрсун мæ зæрди,Гони.

- Мæ бон цидæриддæр уа.

- Æхца мæ гъæуй, фатер ихуæрсæггаг æма фæндаггагбæл бафедунæн. Ци бакустон, уой мин бафедæ, иннæ къуæрей кæрони ба дæмæ хъæртдзæнцæ.

Гони æ фурцийнæй æ дзиппæй исиста 150 фунти æма сæ цийнæгæнгæ бадардта Аленæмæ.

- Исон фембæлдзинан, - загъта ма Аленæ æма рацудæй.

- Исон, исон, мæ зинаргъ, æрмæст æрæгæмæ ма бакæнæ, - базуртæ ибæл базайгæй сдзурдта Гони.

Фал Алени нæбал фæууидта. Кизгæ кустмæ нæбал рацудæй.

Зинаргъ Гони! Кæд дæхе æсхъæлдард кæнис дæ англисаг

паспортæй, уæддæр англисаг ба нæ дæ. Дæуæн æрмæстдæр гæгъæди лæвæрд æрцудæй куд лигъдонæн, цæмæй дæ бон цæрун æма косун уа, уой туххæн. Æрмæстдæр косунæн, уруссаг кизгуттæбæл гириз кæнунæн нæ.

Аленæ бафеппайдта, Англимæ ка æрбацудæй æма уотемæй «гъуддагилæг» ка иссæй, уонæмæ еци-еумæйаг минеуæг. Куд фæстеизаддæр бæстæй æрбафтуйа ардæмæ нæуæг «амондгун» уотæ æдзæсгондæр, уæлбекъондæр дард кæнуй æхе, сæрмагондæй ба уæрæсейæгти хæццæ. Æхемæ хуцау æма паддзах кæсуй, англисаг паспорт ке райста, уомæй, сумах ба æ цори айтæ неке, фецетæ, къæбæргортæ. Еци нæуæг «кустдæттгутæ», аллихузи аслан хуæрæндæнтти хецаугæнттæ сæхуæттæ рафтудæнцæ, сæхе адæм судæй кæми мæлунцæ, сæ цард фонси цардæй ка æрветуй, уæхæн бæститæй. Уоми мæйæмæ 20 доллæремæй фулдæр бакосæн нæййес. Етæ 'й зонунцæ, Англиси сахатмæ 5,5 фунтемæй минкъийдæр ке нæ федунцæ, уой, æма махонтæн ба сæ кустæн аргъ кæнунцæ сахатмæ 3,2 фунти. Етæ æрбацæуунцæ Англисмæ, ами сæхе закъæнттæ æвæрунцæ, ци адæм сæ исиуазæг кодтонцæ, уони æгъдæуттæ æма культурæбæл ба сæ къæхтæй хæтунцæ. Ами, цума сæхемæ æнцæ, сæхе уотæ æнкъарунцæ, уомæн æма Англис демократон паддзахадæ æй. Неке граждайнаг бартæ дæлдæр кæнуй.

Нæуæг куст агоргæй Аленæ æрбафтудæй Лондони базаргастæу машинттæ æхснæн бунатмæ. Ирайнаг Мэйди æй уайтагъддæр æнæ рафæрс-бафæрсæй кустмæ райста.

Е 'ргом имæ æгæр арæх ке здахта, уобæл Аленæ æппундæр дес нæ кодта.

Еунæг косæги дæр нæ уагъта нæлгоймæгтæй кизги хæццæ дзубанди кæнун. Бартхъерæн кодта кустæй ратæрунæй, кизгæмæ е 'ргом ка раздаха, уонæмæ. Мэйди ин æнхус кодта æ куст хуæздæр базонунæн, рæфтади рæстæги ба 'й ресторанмæ бахонидæ.

Дууæ къуæрей фæсте, лæггадæ кæмæн кодта, уони нимæдзæ фæффулдæр æй. Ардæмæ сæйрагдæр цудæнцæ гъæздуг машинтти хецæуттæ. Еу машинæ нихснæггаг ин лæвардтонцæ 8-20 фунти, кæми ба нигки фулдæр дæр. Уотемæй æ кустмæ бавналдта разæнгардæй. Мэйди имæ некæд æрурдугæй, æхе, куд æмбалдæй, уотæ дардта, æнхус ин кодта æма ибæл Аленæ дæр сабургай æрæууæнккин æй. Е 'фсонæрхæги дæр н' адтæй, ирайнаги зæрди медæгæй ци адтæй, уой рахатун. Аци хатт æй æ

...рди æууæнкæ фæсайдта.

...ухатт, дууемæй еумæ ку райзадæнцæ, уæд ин Мэйди зир-...нагæ гъæлæси уагæй балæдæрун кодта:

- Аленæ, ци бон дæ фæууидтон, еци бонæй ардæмæ ме ...ойдзинадæ фæллигъдæй. Æхсæвæ хусгæ нæбал кæнун, ...мæстдæр дæу хæццæ æнцæ мæ гъудитæ.

Аленæ имæ æнцад фегъуста, уæдта загъта:

- Мэйди, куд адæймаг, уотæ хуарз дæ. Нимайун дæ, фал æз ами ...хъуæнагор нæ дæн, мæ зæрдæ æндæрæн лæвæрд æй.

- Уарзун дæ, Аленæ, бауууæндæ. Нæ мадæн дæр дæ кой ...кодтон. Корун ди æма нæ цард баеу кæнæн.

- Мэйди, мæ бон нæй.

- Ма мæ æнсонæ дæхецæй. Æз дæ ахурмæ бакæндзæн, райсдзæнæ англисаг паспорт, æндæр бунати дæ хецауæй сæвæрдзæнæн, æхца дæр дзæвгарæ есдзæнæ. Еци дзубандитæ ...з некæд некæмæн ма ракодтон.

- Ниххатир кæнæ, фал мæ бон нæй.

- Уæхæн уазал зæрдæ мæмæ цæмæн дарис? – еци дзурдтæ исрæдовгæй æ реуæй, Мэйди дзодздзæги æрбадтæй æма никкудтæй.

Лæхъуæн цалдæр бони нæбал фæззиндтæй æ кустмæ. Аленæ сфæндæ кодта, гъуддаг цæй медæги æй, уой базонун æма имæ телефонæй бадзурдта.

- Зин мин æй дæу фарсмæ ун. Ниххатир мин кæнæ, - загъта Мэйди.

Уæхæн уавæри син еумæ косæн ке нæбал адтæй, уой балæдæрдтæй Аленæ æма ин загъта:

- Исон дæ кустмæ рацо, Мэйди, нæбал мæ фæууиндзæнæ ами.

Уотæ фæххецæн æнцæ ирайнаг лæхъуæн Мэйди æма уруссаг кизгæ Аленæ. Сæ рахастдзийнæдтæ идайгæ дæр нæма ракодтонцæ, уотемæй бахустæнцæ.

Симонæ зудта Алени хабæрттæ еугурæй дæр æма сфæндæ кодта æ хецауи хæццæ радзорун, косæг æй кæд гъæуй, миййаг, зæгъгæ. Еци лæггадæ Симонæн æхецæн фуддæрæрдæмæ æрзилдæй.

Венециаг Алени ку фæууидта, уæд æй уайтæккæ дæр кустмæ райста, æнхæст мизд ин федунæй зæрдæ байвæргæй. Аленæ кустмæ ку рацудæй, Симонæн уæд райдæдтонцæ æ уæззау рæстæгутæ. Алли рауунæй дæр ин уайдзæфтæ кæнун райдæдта

æ хецау. Æ рахаст имæ бунтондæр фендæрхузон æй, е 'ргом сæйрагдæр Аленæмæ раздахта.

Симонæ балæдæрдтæй, æ кусти кæрон ке æрхъæрдтæй, уой æма сфæндæ кодта æ хецауи туххæн цидæриддæр гъуди кæнуй, уони ин комкоммæ æргомæй разæгъун.

- Мæ дууæ къуæрей кусти мизд мин бафедæ, - искудтæй Симонæ.

- Неци ди дарун, мæ ресторани официалон æгъдауæй косæгбæл нимад нæ дæ.

Тæккæ еци бон æй рацох кодта æ кустæй, къапекк дæр ин нæ бафиста дууæ къуæреемæн, уотемæй.

Аленæ фæууидта, Симонæ ресторанæй куд рацæйлигъдæй, уой, фал æ фæсте ба нæ рацудæй.

Ресторани хецау æ медуод ку æрцудæй, уæдта æхе Аленæмæ рахатта æма ин фæлмæн гъæлæси уагæй загъта:

- Гъуди дæр æй ма кæнæ, ма тæрсæ, дæу зæрдихудти нæ бацæудзæнæн.

- Мадта мин ме 'ртæ косгæ бонемæн бафедæ, - загъта Аленæ.

- Гъай-гъайдæр дин бафеддзæн, æрмæстдæр кусти фæсте.

Изæрæй 10 сахаттебæл ресторани хецау дуæрттæ дæгъæлæй ке сæхгæдта, уомæ гæсгæ Аленæн æндæмæ рацæуни фадуат не 'ссæй. Венециаг имæ æхе æрласæ-æрласæ кодта, дзурдта ин, Аленæ уомæй размæ дæсгай хæттити ке фегъуста иннетæй, еци дзубандитæ. Еу рæстæги фæсте æй уæддæр рауагъта æ уатмæ. Зийнадæгæнгæ ин равардта 50 фунти, зæрдæ ба ин байвæрдта 150 фунтемæй.

Аленæ нæбал бацудæй косунмæ еци хецаумæ.

Æ уарзт тухгиндæр разиндтæй æхцатæ æма сайæн дзубандити уацари бахаунæй. Аленæ фæуувæлахез æй цардбæл æма æ рæстдзийнадæ Хуцаумæ фегъустæй, иссердта куст - уоми иста 100-200 фунти бонмæ. Уой уæлæнхасæн ба ма ахур дæр кодта изæригон.

Царди уотæ рауайуй: адæймаги ести гъуддаг исаразун хъæбæр ку бафæндæуа, размæ æ нисанмæ æ къæхти буни цæлхдортæ æнсæндгæй ку цæуа, уæд æнæмæнгæ æ къохи æфтуйгæ дæр бакæндзæнæй.

*Уруссаг æвзагæй Колити Виталий тæлмац*

ЛЕГКОЙТИ Геуæрги



# ХУÆРИ ЗÆРДÆ

*(Æцæг хабари бундорбæл финст)*

1.

Уаруй æма уаруй. Уаргæ ба уотæ, æма мæнæ æрсæх-сæх кодта, дзæвгарæ рауардта, уæдта фæссабур æй æма еу сахатти фæсте ба рæстæг рарохс уй. Хор æрбакæсуй æма æрдзæ алли дони тъинк бæлæсти сифтæртæбæл фиццаг ферттевуй мингай минкъий хортæй, уæдта дони æртæхтæ расор унцæ, листæг тулфæ еу рæстæги зæнхæй иссæуй, 'ма уобæл уаруни кой нæбал фæззиннуй. Фал нури уард ба уæхæн нæй. Айсоми бони рахаст æнкъардгомау адтæй, фал Виталикмæ йе 'рдхуард Таймураз ку æрбадзурдта, афонæй, зæгъгæ, уæд хæдзарæй цæдтæй рацудæй æма коми, гъæдæрдæмæ, фæррастæнцæ. Æзинæ уотæ бадзубанди кодтонцæ, уома исон нæхе æрдзи гъæбеси раерхæфсæн, 'ма нин кæд æнтæса, уæдта цауæн дæр ракæндзинан. Дзæвгарæ исуадæнцæ дууæ æртхуарди, раздæр «Московский» (гъæдæцæдтæ гæнæн Мæскуйаг косæнуат) кæми адтæй, уомæй фæуулæлдæр æнцæ. Уæдмæ бон дзæбæх рарохс æй. Къахнадбæл разæй Таймураз цудæй, Витали ба архайдта, фæстегæй куд нæ изадайдæ, уобæл.

Бон фиццаг ærбарохс æй, нурба талингæ кæнунмæ февналдта, уæдта фиццаг æставд æртæхтæ æрхаудтæй, уой фæсте еу минкъий сах уард ракодта, æрæгиау ба сæлфунæг кæнун райдæдта. Дууæ æрдхуарди хъæбæр æрцъифæ æнцæ, сæ дарæс исуæззау æй, уой хæццæ ба сæ хурдзинтæ, уæдта дууæхстон топпитæ усхъитæбæл æлхъевун райдæдтонцæ. Раздæр Витали цæугæ-цæугæй фæллад нæ зудта, фал аци хатт ба уайтагъддæр бафæлладæй, 'ма Таймуразi уосонгæмæ ку исхъæрдтæнцæ, уæд æхе гъæдин хуссæнбæл æргæлста. Деси бацудæй, - ци кодтон, зæгъгæ. Æвваст цума æ зæнгити дон рацудæй, уотæ уæлдай фезмæлун дæр имæ зин кастæй, æ сæр разелидæ, еуæй-еу хатт ба ин цума уолæфт дæр нæ фагæ кодта. Таймураз уосонги хурфи зæнхи астæу сор листæг согтæй арт искодта æма сæ цъифæ дарæс ниллæмарстонцæ, 'ма сæ сор кæнунмæ æрауигътонцæ. Витали артмæ кастæй æма æ цард æ цæститæбæл рауадæй. Иннæ фæсевæди хузæн скъола каст фæцæй 1979 анзи, иссудæй горæтмæ, æ гæгъæдитæ ахурмæ бацæунмæ балæвардта Мæскуй фæсаууон юридикон институтмæ, равардта фæлварæнтæ, 'ма ин еу бал не 'схъæрдтæй конкурси рацæунмæ. Æрцудæй гъæумæ æма æнхус кодта хæдзари. Уæдта колхози механизаторти бригади трактористи æнхусгæнæгæй куста. Анзи кæрони, æ рæстæг ку æрхъæрдтæй, уæд æй æфсадмæ райстонцæ, бахаудтæй Идард Искæсæни æфсæддон округи уæлдæфон фронтти сæрмагонд хайййадæмæ, фæцæнцæ æртæ анзи, æрбаздагъдæй æма гъæуи авд анзей дæргъци куста кæми трактористæй, кæми комбайнерæй. Еу дууæ анзи ба фæххадтæй фиййауæй Хъæзлари. Еу хатт имæ фæдздзурдтонцæ райкоми комсомолти секретармæ, 'ма ин загътонцæ, уома райком уотæ нимайуй, æма милицæмæ кадртæй фæккæсун гъæуй, æма дæ райком еци кустмæ бæлдатæй æрветунцæ. Витали милици бакуста æртæ анзи, еци рæстæги балæдæрдтæй, цæмæй куст хуарз зонай, уой туххæй ахур кæнун гъæуй, æма рандæй Волгоградмæ, бацудæй милици уæлдæр скъоламæ 'ма си фондз анзи исахур кодта. Уой фæсте куста фæйнæ рауæнеми, къæпхæнгай хизтæй служби асинæбæл. Нуртæгкæ косуй министради управлений хецауи хуæдæйййевæгæй, куст берæ æхсæвæй-бонæй. Берæ гъуддæгти бахаудтæй Витали, хаттæй-хатт æ цард дзигкой халæй нарæгдæр æма тæссагдæр уидæ, фал фæстаг хатт, мæйи разæй Беслæни фидбилиз ку æрцудæй, уæд уоми ци фæууидта, уомæн ба рабарæн нецæбæл ес.

Витали дæр æ адæми хæццæ архайдта, кæд и цъаммартæ æбурæй исарази уиуонцæ адæми исуæгъдæ кæнунбæл. Неке фууæндтæй, адæймаги ном ка хæссуй, етæ уæхæн æбуалгъ миуæ бакæндзæнæнцæ, сувæллæнттæмæ, силгоймæгтæмæ сæ къох исесдзæнæнцæ. Скъолай медæгæ фиццаг рæмугъд ку æрцудæй, уæд уой фæсте ба ка куд æхста, е бæрæг нæбал адтæй. Витали ема е 'мбæлттæ архайдтонцæ, куд фулдæр раервæзун кæнонцæ ахæст адæмæй.

Цæйбæрцæ рацудæй, цал сувæллони, цал цæф адæймаги рахаста æ гъæбеси, уой Витали нæ гъуди кæнуй, нæ ин адтæй рæстæг гъуди кæнунмæ. Архайдта, æ бон цæйбæрцæ адтæй, уомæй æнхус кæнун, тоги кæлæнтæ, сувæллæнтти æма силгоймæгти цъæхахст, топпадзагъд, танкити гуппитæ – етæ нур дæр æ цæститæбæл уайунцæ, æ сæри магъз ба нæ уæгъдæ кæнуй еци фидбилизти уиндæй. Мæйи разæй адтæнцæ еци гъуддæгтæ, фал ма æй нур дæр æхсæвæ хуссæг нæ ахæссуй, бонæ æверхъау миутæ цæститæбæл гъазунцæ. Аци бон дæр кæд еци сагъæстæй, уиндтитæй фæддæр еуварс уинæ, зæгъгæ, аци рацуд æ зæрди æрæфтудæй. Фæстаг къуæре æвваст æ сæр разелидæ, хуæрун имæ нæ цудæй, гъудитæ, æ фæлдзос ци цудæй, уони дзæбæх нæбал уидта. Мæнæ нур артмæ кæсуй, фал уингæ ба неци кæнуй, æ цæститæ ратар унцæ, лæмæгъдзийнадæ æй æ буни искодта, 'ма уотемæй Таймуразмæ дзоруй: «Таймураз, цидæр зин мин æй, лæмæгъдзийнадæ мæ æ буни искодта. Уотæ бакæнæ æма нæ дарæс басор æй, 'ма нæхемæ цæуæн. Мæнæ телефонæй нидздзурдтон, 'ма Радик машийнæй нæ размæ рацæуудзæй, æма цæуæн».

Таймураз уæлдай нецибал загъта, сæхе рарæвдзæ кодтонцæ, 'ма гъæуæрдæмæ рацудæнцæ. Виталиæн зин цæуæн адтæй, фал цудæй. Уарун дæр æрсабур æй, листæг сæлфунæг ма кодта. Уотемæй Хусдони ауазæнмæ ку æрхъæрттæнцæ, уæд сæмæ Радик дæр машийнæй исхъæрттæй. Витали хæдзари неци иской кодта Олгæн. Загъта, уома мæмæ мæ кустæй тагъд дзорунцæ, зæгъгæ, 'ма горæтмæ фæррваст æй. Сæумæ æнæ хуссæгæй раистадæй 'ма къомнæти рацо-бацо ракæнидæ, уæдта исбадидæ, уайтагъддæр рафæллаидæ. Кустафонæ ку иссæй, уæдта машинæбæл исбадтæй æма æ хæстæг дохтур Казбекмæ бацудæй. Казбек лæмбунæг искастæй Виталимæ 'ма æ зæрдæмæ нæ фæццудæй: лæг, æнæуой дæр сау цъарæ, фал нурба бунтон зæнхxуз сау радардта, е цæститæ

фæллад каст кодтонцæ, сæ æрттивд фæххустæй, раздæр си ци царди уарзондзийнадæ рохс кодта, е нæбал зиндтæй. Цæсти нæмуг борхуз радардта, гъæлæсихатт фæсос æй, дзоргæ дæр куддæр æнæбари кодта, æвзагбæл цидæр бæзгин пъæззуй хузæн цъарæ æрбадтæй. Казбек æй цæбæлдæрти рафæрститæ кодта, уома лæгъуз хуæруйнагæй ести бахуардтай, уазал ескæми искодтай æма æндæртæ. Витали æнæбари дзуапп равардта, уома некæми исуазал кодтон, хуæрун ба имæ нур фæстаг къуæре æппундæр ке нæ цæуй, уой. Дзубандитæгæнгæй, Казбеги сæри пълан конд адтæй, ци кæнун гъæуй æма цæмæй райдайун гъæуй.

Лабораторимæ, сæ хецау Заремæмæ, нидздзурдта тагъд тоги анализ искæнун гъæуй, зæгъгæ, 'ма аразий дзуапп ку райста, уæд уордæмæ ниууадæнцæ, 'ма тоги æма донихулуййи анализтæ равардтонцæ. Уордигæй æрбацудæнцæ рентгени хецау Амурханбæл æма рæугутæ æма зæрдæмæ бакастæнцæ. Уой фæсте игæр æма ургтæмæ дæр бакæсун кодтонцæ УЗИ-й. Уæдмæ тоги æма донихулуййи анализтæ цæттæ адтæнцæ. Заремæ æма Казбек анализтæмæ ку æркастæнцæ, уæд бæрæг адтæй, Виталимæ тоги нез ке ес, е, æ лейкæцитти нимæдзæн цæйбæрцæ æнгъезуй, уомæй берæ фулдæр адтæй, æригон, ка нæма исцæттæй, уæхæн уорс тоги чъирæгтæ. Уой хæццæ ба æ трæмбæцитти, тог ка ласун кæнуй, тогиуайун ке фæрци æрлæууй, уони нимæдзæ куд æнгъезуй, уомæй ærтæ хатти минкъийдæр фæцæй. Ультразвукки игæр æма фарсбæлæвзаг минкъий устурдæр адтæнцæ, куд гъæуама уонцæ, уомæй. Витали æнгъæл кастæй, ци зæгъдзæй Казбек. Казбек лæмбунæг бакастæй Виталимæ, æ сæри рауадæй гъудитæ, куд дзоргæй, уобæл гъудитæ кæнгæй.

Ай-ай, аци лæги хæццæ æргом æнæ ести римæхсгæй дзоргæ æй. Витали ци рæстæги рацардæй, уоми æй цард рафунхта, исахур æй алли гъуддаги дæр æхецæн дзуапп дæтгæ ке æй, уобæл. Хулигани, давæги, фидбилизгæнæги къохи тохæндзаумау, кенæ кард, кенæ обрез, кенæ дамбаца, ке ес, уой зонгæй цал хатти бацæуидæ тохи, есге фæсте æхе нæ римахста. Мадта ахури дæр æхецæн тæрегъæд нæ зудта, æнæ киунугæ кæсгæй, кустæй, уæгъдæ уогæй, æ бон нæ адтæй. Казбегæн æноси дæр æхцæуæн уидæ Витали хæццæ дзубанди кæнун, фулдæр хатт æнæ исдзоргæй лæдæрдтæнцæ кæрæдзей, дзоргæ-дзоргæй дзубанди нæма фæеуидæ, уæдмæ ин æ аппæ Витали ралæдæридæ. Еци гъудитæ сæри рауайгæй, Казбек Виталиæн загъта: «Витали, биццеу нæбал

дæр, фал дæ лæги гъæдæ багъудæй. Дæ тоги фæззиндтæй лæгъуз нæ лейкоз, уæззау нез æй, 'ма ин лæгдзийнадæ бавдесун гъæуй, еци тохи фæстæмæ цæуæн нæййес. Раздæр нези нихмæ тохæн нецæмæй адтæй, фал нур ба ес, цæмæй архайонцæ дохтуртæ, е, 'ма дæхе лæгдзийнадæй берæ кæнгæ уодзæй».

Гæгъæдий хæццæ Казбек æма Витали медгъуддæгти министради сæйгæдонæмæ бацудæнцæ, ци гъудæй, уони тагъд ракодтонцæ, 'ма Витали уоми ниххустæй, Казбек ба сæйгæдони хецаумæ бацудæй æма бадзубанди кодтонцæ, сæйгæдони ке ниффинсдзæнцæ медицинон хатдзæг. Уой фæсте Казбек фæццудæй Республики æнæнездзийнади министрадæмæ, цæмæй Виталиæн радтонцæ Мæскумæ тоги наукон-ертасæн институтмæ рарветуни гæгъæди. Æртиккаг бон гъуддæгтæ исрæвдзæ æнцæ, æма Беслæнæй хуæдтæхæги Витали рандæй Мæскумæ. Мæскуй имæ тагъд æнхуси машинæ æнгъæл кастæй æма 'й институти сæйгæдонмæ бахъæртун кодтонцæ.

Витали æваст сæйги бунати равзурстæй. Къуæрей разæй ма цауæни цæунмæ бæзтæй, нур ба имæ дохтуртæ æма медицинон хуæрти ракаст, куд уæззау сæйгæмæ, уотæ адтæй. Куд зундгин лæг, уотæй æхуæдæг дæр лæдæрдтæй еци æнахури, бонæй-бонмæ хъæбæрдæр ка кæнуй, еци лæмæгъдзийнадæ, бауæри зир-зир, уолæфти нæхъæртун тагъд рауайгæй, сæриземун, дзæгъæли ке нæ æнцæ, уой.

Æвеппайди естæбæл ку бакъуæридæ æхе, уæд бауæрбæл фæззиннидæ сауæрхæн. Алли гъуддаги дæр гъæуй лæгдзийнадæ, æнæхъазауатæй кусти къæпхæнтæбæл уæлæмæ хезæн нæййес. Ес, дæ астæу хецаумæ ковунмæ, хъæбæр ку таса, цъухдав ку уай, хецæутти къæхтæ ку æстæрай, кенæ ба дæбæл устур хецау хуæцæг ку уа. Виталиæн ба царди алли æмпъез дæр æ къеухед калгæй кæнгæ æрцудæй. Уомæ гæсгæ е 'мбæлтти æхсæн бæрзонд ивæрд адтæй, уарзтонцæ æй, æ дзурдæн хецау ке адтæй, æргомдзурд, гъуддаги лæг ке адтæй, уой туххæй. Нур устур горæти, цуппар фарсей æхсæн нарæггомау сæйгæдони хуссæнбæл æ гъудити хæццæ ку райзадæй, уæд æ сагъæсти буни фæцæй. Аци нези хабар рагæй зонуй, институти ку ахур кодта, уæддæр син цидæртæ радзориуонцæ, уæдта адæни æхсæн дæр уорс тоги незæй куд тæрсунцæ, уой. 'Ма æй нур мæнæ ами ба нæ уинуй, алли бон дæр ну, кенæ дууæ рамæлуй, Витали сæ къæридори нæсилкитæбæл простинайæй æмбæрзтæй, фæуууинуй.

Витали æ гъудитæй нæ уæгъдæ кодта: цитæ кæндзæнæй æ мадæ, ку базона æ сæйги хабар, куд цæрдзæнæнцæ æ хуæртæ, кæцитæн царди медæгæ æй цæгиндзæ. Сæйрагдæр ба æ цæститæбæл гъазунцæ Марийни фудкудæй рæсугъд цæститæ. Анзи æрдæги размæ адæми æхсæн куд байзадæй, уотæ минæвæрттæ барвиста Марини мадæ æма фидæмæ. Минæвæрттæ еу хатт фæццудæнцæ, еума хатт фæццудæнцæ, фал мадæ æма фидæ загътонцæ, ома, Виталиæн кизгæ нæ дæттæн, зæгъгæ. Уой фæсте еу мæйæ рацудæй, Витали Марини хæццæ кæрæдзей лæдæрдтæнцæ, уотемæй æй Витали раскъафта æма æй æхе хæдзарæмæ фæлласта. Изæрæй æ фæдбæл мадæ е 'нсувæрти хæццæ æрхъæрдтæнцæ, 'ма Марини сæ хæццæ ласгæ кодтонцæ, фалæ Витали уобæл арази н' адтæй.

'Ма ин уæд мади æнсувæр загъта, уома Марини рауадзæ, иннæ бон ба дин æй мæхуæдæг æгъдауæй æрласдзæнæн, зæгъгæ. Витали бауузндтæй, 'ма Марини ласун бауагъта. Æууæндтæй, кизги зæрдихатт зудта, рауæйæ кæнунæй нæ тарстæй. Фæстæдæр мадæ æ кизгæн загъта, уома ду уордæмæ ку рандæуай, уæд мæхе рамардзæн, зæгъгæ. Цалæнмæ дзубандитæ цудæнцæ, уæдмæ ба аци нез райдæдта. 'Ма мæнæ нур пъалати хуссуй. Маринæ куддæр анализтæ фæууидта, уотæ æй ци лæдæрун гъудæй, æхуæдæг дæр дохтур æй, æма сосæггæй, æргомæй цæстисуг æхе нæ урамуй, Виталий рази æхе нихъхъæбæр кæнидæ, фал æй лæг куд нæ уидта. Цæугæ ку кодта Витали, уæд Маринæ дæр цæунмæ гъавта, фал æй Витали нæ рауагъта. Нур сæри алли хузи гъудитæ зелуй, хъан ку уа, уæд си неци уоййасæ ресуй, хуссæг кæми ес уойбæрцæ, 'ма айдагъдæр гъудитæн колдуар байгом кæнæ. Мæгур кизгæ мæн туххæй цæмæн фенамонд æй, цæмæн æй рауагътон æ мадæ æма æ фиди хæццæ? Нур æй зонуй Витали, ести ибæл æрцæуа, ма æрцæуа - Маринæ дугкаг æмбал æхецæн нæбал искæндзæй. Гъудитæ, гъудитæ æнæкæрон.

Аци бон иннæ бæнтти хузæн, сæумæй ин æ галеу къохи вени ниввардтонцæ «бабочка», 'ма ин цидæр хуасæ уадзун райдæдтонцæ тъинкгай, цъари бунмæ, фидмæ арф уколтæ ба нимайгæ дæр нæ кодта. Аци бон имæ пъалатæмæ обходти æрбацудæй академик Савченко Валери Григорийи фурт, еу 45-50 анзи кæбæл цудæй, уæхæн, бæрзондгомау, гурведауцæ, уорс халат æ урух усхъитæбæл адтæй федауцæ, цума æхебæл худ адтæй, уотæ. Цæсгом бæзæрхуг, цъопалæгомау æрфгути бунæй лæмбунæг каст кодтонцæ

устур сау цæститæ. Фæлмæн гъæлæс, фал хъаурæ кæми адтæй, уæхæн гъæлæси хаттæй Виталий бафарста, уома æригон лæхъуæн, куд æй дæ рахаст, зæгъгæ. Дохтури лигъз дзурд, ходæзмолæ цæсгом, зунди арфдзийнадæ кæми зиндтæй, еци цæстити бакаст уотæ арф хизтæнцæ зæрди, æма Виталимæ уотæ фæккастæй, цума еци лæги рагæй æма хуарз зонуй, уотæ, æма ин æ фарстатæн лæмбунæг дзуапп лæвардта. Валери Григорий фурт нези гъæугъæдитæмæ кæсгæй, лæмбунæг фарста царди фарстатæбæл, ци æй гъигæ даруй нуртæгкæ, хуæрун имæ цæуй æви нæ æма ма берæ æндæр фарстатæ. Цæугæ ку кодта, уæд ма фæстагмæ загъта: «Витали Виктори фурт, уотæ дин нæ зæгъун æма дæ нез æнцон æй, æма дæ уайтагъддæр радзæбæх кæндзинан. Архайдзинан, цæмæй æрдзæбæх уай, уобæл. Еци гъуддаги 30% мæнæй кæнгæ уодзæнæй, 70% - дæуæй. Дæуæн фур тæссæй дæ къæхтæ ку фæттасонцæ, тох ку нæ кæнай, уæд дин мах бон неци бауодзæй. Мæнæ дæхуæдæг уинис, тох ка кæнуй, уонæн сæ еу хай æрдзæбæх уй, иннæ хаййæн æ цард фæддаргъдæр кæнæн æнзтæ, фал тох ка нæ фæккæнуй, уонæн ба сæ гъуддаг хуарз нæ фæуууй. Архайæ, æппундæр дæмæ хуæрун ку нæ цæуа, уæддæр хуæргæ, ку исуомай, уæддæр ма си ести райзайдзæй. Сæумæй, бонигон фур лæмæгъæй истун зин æй, фал тухæй дæр истæ æма тезгъо кæнæ, кæдзос уæлдæфæй архайæ уолæфун. Цубур дзурдæй, сæйгæ ма кæнæ, фал цæрæ».

Дохтури ранди фæсте цума æндæр рæстæг райдæдта, уотæ. Уох, куд зин уидæ сæумæй исистун, фал Витали исистидæ, сабургай зарядкæ, æ бон цæйбæрцæ адтæй, уойбæрцæ искæнидæ, сехуар бахуæридæ æнæбари, æ коми фидтæй тог гъардта, гъæлæси цидæр цæхгун гъар адæ дæр фæззиннидæ. Уой фæсте гъар ести æ уæле искæнидæ æма туххæй тезгъо кодта. Даргъ бонтæ кæрæдзей æйййивтонцæ, бустæги ку истухсидæ, уæдта нихъхъан уидæ хуссæни æма æхе нимæр фæстаг нистауæн финста, фал æ цæститæбæл ку рауаидæ Марини сорæт, æ фæстаг дзурдтæ Беслæни хуæдтæхæги исбадуни размæ: «Виталий, адæймагæн Хуцауæй еунæг зæрдæ ес, 'ма е ба мæн æрдиги дæу æй, 'ма 'й дæ хæццæ фæлласис. Нæ дæн боз, хецæнæй нæ ка цæрун кæнуй уонæй, фал æй багъуди кæнæ – æнæ дæуæй мæнæн цард нæййес, еци гъуддаг ди ма феронх уд». Еци дзурдтæ æ зæрдæбæл ку æрбафтуиуонцæ, устур цæститæ цади донæй ку байдзагиуонцæ, уæд туххæй исистидæ, 'ма кенæ хуæргæ ести бакæнидæ, кенæ ба къæридори тезгъо кæнун

райдаидæ.

Рацудæй мæйæ хуæздæр, фиццаг хъæбæр басадæй, æ комтæ ке фехалдæнцæ, уомæй. Уой фæсте ба мæлæтæй туххæй раервазтæй ахсæни простудæй, е 'ндæмæ цуд тоги хæццæ адтæй. Еци бæнтти Валери Григорий фурт алли къуæре дæр Витали пъалати фулдæр фæууидæ, нифситæ ин æвардта, уома нез куд тагъд æрбацæуй, уотæ тагъд нæ рандæуй, зæгъгæ. Еци æрбацудтитæ Виталийæн царди сауæдæнттæ адтæнцæ. Бæнттæ ба сæ цуди кой кодтонцæ, еу бон - иннæ бони хузæн, цума еу кæсæни зиндтæнцæ, уотæ сæумæ сæ пъалати сæйгитæ æзмæлун ку райдаиуонцæ, уæд кæрæдземæн арфæ кодтонцæ, - æгайти ма ма еу бон фæццардæнцæ, зæгъгæ. Витали нимад адтæй рагон цæрæгбæл, еу цалдæремæй рамардæнцæ, дууемæй сæ нези хатт фæрræвдзæдæр æй, 'ма сæ рæстæгмæ рафинстонцæ сæ бунæтти ба син радæмæ гæсгæ, алли 'рдигæй ка цудæй, уæхæн сæйгитæ ниввæриуонцæ. Августи мæйи Валери Григорий фурт загъта: æвæдзи, архайдзинан æ истæгути магъз баййевунбæл, 'ма агорун гъæуй, ка бæзза, уæхæн адæймаг. Витали æ зæрдæ бадардта, æгайти ма мин æнгъезуй истæги магъз æййевун, гъуддаг бунтон исæфт нæй.

2.

Оксанæ бийнонтæн сæ кæстæр адтæй, райгурдæй, æ хостæрбæл авд анзи ку цудæй, уæд. Кæстæр мадæ æма фидæн уæлдай уарзондæр фæууй. Витя æхуæдæг седзæрæй, кæми хуæрдгун, кæми æстонг, уотемæй исирæзтæй.'Ма уотæ зæгъидæ, уома мæ сувæллæнттæ бæгънæг æма æстонг макæд уонцæ, æма куста бонæ дæр æма æхсæвæ дæр. Сæумæй изæрмæ - колхози, кустагъоммæ ба фонси гъуд кодта, дардта еу гъог, дууæ къамбеци, фустæ, 'ма сæмæ хуарз кастæй. Бийнонтæ æхсир, царв, цигъдæй сæ хъури уæнгæ адтæнцæ, хеуонтæ 'ма синхæнттæмæ дæр фæккæсиуонцæ, дарæс гъæуагæ дæр нæ адтæнцæ. Æ бийнойнаг Олгæ дæр кустуарзон силгоймаг адтæй æма ин алли гъуддаги дæр æнсувæреуæг кодта. Сæумæ, цалинмæ Витя фонси гъуд кæнидæ, уæдмæ Олга ба кæркитæн сæ æйкитæ раедзидæ, мæргътæн хуæруйнаг радтидæ, гъог æма къамбецти радоцидæ, уæдта лæг æма сувæллæнттæн хуæруйнаг рацæттæ кæнидæ. Лæг кустмæ ку рандæуидæ, скъоладзаути ку рарветидæ, уæдта дзæхæрамæ бацæуидæ æма татхати гъуддаг кæнун райдаидæ. Уомæ гæсгæ

...дзарæ алцæмæйдæр рæвдзæ адтæй. Иуазæг хæдзарæмæ ку ...рбацæуидæ, уæд стъолæбæл цъæх гъæдзиндзитæ, рагагъон ...олгитæ, цъæхулатæ, цигъд, уайтагъддæр фæззинниуонцæ. Уæдмæ ба кенæ сор фидæй, (уазалгæнæнтæ еци рæстæги æстæн адтæнцæ) ...нæ ба карк равгæрдун кæнидæ сæ синхон Моратæн. Идзаг адтæй Олгæн æ къох. Оксанæ къахбæл ку рауадæй, дзорун ку райдæдта, уæд æ мади хæццæ æмзилд кодта, алцæбæл дæр фæрсгæ, куд ...ьаурæгиндæр гæнгæ цудæй, уотæ ба æнхус кæнун дæр райдæдта: ...омайæн, зæнхитæ расæрфунмæ, арт бакæнунмæ, согтæ ...рбадавунмæ. Виталий æма Зæлинæ скъолайæй ку æрцæуиуонцæ, уæд син сæ мадæ хуæруйнаг радтидæ, уой фæсте ба етæ дæр æнхус кодтонцæ дзæхæрай куститæ, фонси бунæттæ кæдзос кæнунмæ, хъæппæлтæ æхснунмæ, туй ивæрунмæ. Кæрæдзей уарзгæй бийнонтæ цардæнцæ. Оксанæ сувæллонæй дæр минкъий æндæр хузæн адтæй æ хуæрæ æма æнсувæрæй, алли гъуддаги дæр лæмбунæг адтæй. Витали, кенæ Зæлийнæ æмдзæвгæ гъæрæй ку ахур кæниуонцæ, уæд æй уайтагъддæр нигъгъуди кæнидæ, 'ма изæрæй Витя кустæй ку æрбацæуидæ, уæд ин æ гъæбесмæ æхе багæлдзидæ, ра ин ба кæнидæ, уæдта ин æ гъоси бадзоридæ, цидæр ин ке радзордзæй, уой. Витя æхсæвæр ку бахуæридæ, 'ма диванбæл æхе ку æруадзидæ, уæд фиццаг Оксани рафæрсидæ, - æйдæуай ци мин дзорунмæ гъавтай, зæгъгæ. Оксанæ къомнæти астæу ислæууидæ 'ма гъæрæй райдаидæ: «Гино, гино гис, иу гæды нæм ис...». Оксанæ ку фæуидæ, уæдта радугай райдайонцæ сæ урокти кой кæнун Витали æма Зæлинæ. Æрхъæрдтæй Оксани скъоламæ цæуни рæстæг дæр. Сæрди мæйти уарзта Витя æма Виталийи хæццæ цæун. Етæ хуасæ кæрдуни ку уиуонцæ, уæд син Оксанæ ба кæми дон æвгæнидæ къохтæ æхснунмæ, кенæ ба тæнæг къумæл хаста ниуазунмæ. Уолæфуни рæстæги ба æ фиди рафæрсидæ: «Папæ, скъолай райдайунмæ ба ма цæйбæрцæ байзадæй?»

Витя ранимаидæ 'ма ин дзуапп радтидæ – «Байзадæй ма мæйæ æма дæс бони». Оксанæ нимайун зудта æма е 'нгулдзитæй нимайун райдаидæ. Оксанæ берæ уарзта хуасгæрдуни рæстæг. Витя æма Витали сæумæй талингæй будурмæ ку рандæуиуонцæ, цæмæй кæрдун райдайонцæ, цалæнмæ æртæх нæма расорæй, уæдмæ, уæд исистидæ, æхе нихснидæ æма æхе цæттæ дардта уонæн хуæруйнаг фæххæссунмæ. Олга хуæруйнаг искæнидæ, ба сæ тохидæ æма будурмæ рараст уидæ. Будури, къапинай рæбун, Олга сæхъес райтауидæ, хуæруйнæгтæ æривæридæ. Оксанæ еци рæстæги

кæрдæги хурфи раледзæ-баледзæ кодта рæсугъд гæлæботи фæдбæл 'ма уайтагъддæр æ цийни гъæр фæццæуидæ – æрахæстон, зæгъгæ, фал гæлæбо изолдæр фæттæхидæ. Фидæ æма фурт хуæрд ку фæууиуонцæ 'ма сæхе нæуæг хуасæбæл ку рауадзиуонцæ, Витя уолæфунмæ ци къолæсæр уосонгæ искодта, уоми, уæд Оксанæ дæр сæ астæу ниллæсидæ. Уæд æ фиди гъоси бадзоридæ, куд берæ æй уарзуй, уой, 'ма ин раба кæнидæ. Уæд Виталимæ æхе разелидæ 'ма 'й фæрсун райдаидæ, скъолабæл куд ахур кæнунцæ, уобæл. Изæрæй, сæхемæ ку æрбацæуиуонцæ, уæд Зæлинæ 'ма Оксанæ картофтæ ракъахиуонцæ, дони сæ рахсниуонцæ 'ма сæ фицунмæ байвæриуонцæ. Уæдмæ Олга гъог æма къамбецтæ дугъд фæууидæ æма гъар æхсирæй нæлгоймæгтæн дæр æма кизгуттæн дæр баниуазун кæнидæ. Скъолай райдайæнмæ ма къуæре ку байзадæй, уæд Витя æма Олга Оксани дæр сæ хæццæ райстонцæ æма горæтмæ рандæнцæ, уоми устур сувæллæнтти туканмæ бацудæнцæ 'ма къахидарæсæй, уæледарæсæй, киунугути сумкæ, тъетрæдтæ, къарандæстæ, ручкитæ балхæдтонцæ. Оксанæ горæти цидæр уидта, уонæбæл дес кодта, 'ма Витяй рафæрсидæ, е ба ций, е ба куд æй, зæгъгæ. Цубур дзубандиæй, мадæ æма фидæ, бинонти æхсицкæ цидæр гъудæй, уони балхæдтонцæ æма фæстæмæ хæдзарæмæ æрæздахтæнцæ. Зæлийнæ цийнæ кодта нæуæг туфлитæ æма пъолцибæл. Виталий уайтагъддæр æ кæстюм æхебæл искодта æма гъæунгæмæ рандæй, е 'мбæлттæ ибæл нæуæг дарæс куд фæууидтайуонцæ, уотæ. Оксанæ ба æ нæуæг сумкæ æ къохæй уæгъдæ дæр нæ кодта, скъолай дарæси, сумки хæццæ тургъæмæ рацæуидæ, уæдта фæстæмæ æрбаздæхидæ, æ фидæмæ уарзон каст бакæнидæ, 'ма бабæй æндæмæ тезгъогæнгæ рацæуидæ.

Фиццаг сентябри сæумæ Оксанæ раги райгъал æй, æхе нихснадта, е скъолай дарæс искодта æма æнгъæл кастæй, Витя æрбацæудзæй æма рандæ уодзæнæнцæ скъоламæ. Уæдмæ Витя дæр е 'ндæмæ дарæн хъæппæлтæ искодта, Оксани къохбæл ниххуæстæй æма рараст æнцæ скъола 'рдæмæ. Адтæй хор бон, хор берæ нæма исуадæй, фал бæрæг адтæй, тæвдæ бон ке уодзæй, е. Скъола'рдæмæ берæ адæм цудæй. Еуемæй ахурдзаутæ синхгай, къуæрдтæй, игъæлдзæгæй, ходгæй, кæрæдзебæл цийнæ гæнгæй тунстæнцæ сæ хъазар скъоламæ. Кизгуттæ, хъæбæрдæр хестæр къласти ахурдзаутæ, уæздан цуд кодтонцæ. Бæрæг сæбæл адтæй, еу анз хестæр ке фæцæнцæ е, цума 'й лæдæрдтæнцæ сæ кари

биццеутæ сæбæл сæ цæстæ ке æривæриуонцæ, сæ ййиевдзийнадæмæ син ке кастæнцæ, уой. Гъæунгæн æ иннæ фарсти, сатæгдæр кæми адтæй, уоми ба сувæллæнттæ, фиццаг хатт ка цудæй скъоламæ, етæ ка æ мади хæццæ, ка æ фиди юццæ,уотемæй нирраст æнцæ скъола 'рдæмæ. Оксанæ сæрбæрзондæй фæрсæрдæмæ ракæсидæ, цума зæгъунмæ гъавидæ: æрбакæсайтæ, цæхæн рæсугъд фидæ мин ес, ка бандеудзæй мæнæн скъолайæй нæ зæгъун. Скъолай тургъи ахурдзаутæ лæудтæнцæ къласгай, астæуæй фиццаг къласонтæ сæ нæуæг ахургæнæг Фатими хæццæ фæндзгæйдтæй еу рæнгъæ инней фæсте. Уонæй æмрæнгъæ рахезæрдигæй æхсæзæймагæй дæсæймаг къласи уæнгæ, галеу æрдигæй – фæндзæймаг къласæй дугкаг къласи уæнгæ. Алли ахурдзаути къуар дæр лæудтæй сæ къласи хецауи хæццæ. Аст сахаттемæ ма финддæс минутти ку гъудæй, уæд къæпхæнти сæри сурх сгæлладæй æмбæрзт стъоли размæ фæззиндтæнцæ скъолай директор, æ дууæ хуæдæййевæги æма гъæусоветти хецау Хъазбег. Хъазбег размæ рацудæй æма гъæрæй загъта:

«Сувæллæнттæ, гъæусоветти, гъæуи адæми номæй уин арфæ кæнун, нæ нæуæг ахури анз райдайуни туххæй. Мах, хестæр адæм, сæрбæрзонд ан не скъолайæй. Кæдæй косуй скъола, уæдæй фæстæмæ берæ фæсевæдæн равардта урух фæндаг царди устур гъуддæгтæмæ. Скъолай гъомбæлгæнуйнæгтæй беретæ иссæнцæ ахургæндтæ, афицертæ, механизатортæ, инженертæ æма берæ æндæр, царди ка гъæуй, уæхæн косгутæ. Мæнæ абони нæуæг ахури анзи райдайæни сумахæн дæр зæгъæн – мах, уæ маддæлтæ æма фиддæлтæ, косдзинан, цæмæй уæ ахур кæнунмæ маци хъор кæна, уæ губун уодзæй æфсес, къахидарæс æма уæледарæс - уæ фагæ, æрмæстдæр ахур кæнтæ. Ахур кæнун зин æй, фал фæллайгæ куд нæ кæнайтæ, ахури тегъгун бæрзæнттæмæ нифсгунæй куд хелайтæ æма еци гъуддаги уæлахездзаутæ куд уайтæ, уой уин нæ зæрдæ зæгъуй».

Дзæнгæрæг ниццагъта æма скъоладзаутæ сæ ахургæнгути хæццæ фæппурх æнцæ кълæстæбæл.

Скъолай устур зал идзаг адтæй адæмæй: хестæр кълæсти ахурдзаутæ, абони дæс къласи ка фæцæй æма аттестаттæ кæмæн дæтдзæнæнцæ, етæ, уонæн кæмæн æ мадæ, кæмæн æ фидæ кенæ ба сæ дууæ дæр. Музыкæ гъазта, хестæртæ къуæрттæ-къуæрттæй дзубанди кодтонцæ, хестæр къласонтæ ба сценæ цæттæ кодтонцæ,

цæмæй син æмбурди тухæй хехъæппæресадон къуар концерт радтонцæ, уомæ. Æмбурд гъæуама райдæдтайдæ æртæ сахаттебæл, 'ма рæстæг ку æрхъæрдтæй, уæд зали фæззиндтæнцæ ахургæнгутæ, сæ директор Геуæрги сæ разæй, уотемæй. Геуæрги сценæмæ исхизтæй, даргъ, сурх хъумацæй æмбæрзт стъоли рази æрлæудтæй 'ма фæдздзурдта райони ахури хайади косæг Николаймæ, гъæуи хецау Хъазбегмæ, гъæуи ветеранти хецау Сафарбиймæ. Æвзурст адæм президиуми сæ бунæттæ ку ниййахæстонцæ, уæд Геуæрги æмбурд байгон кодта, загъта, кадгин æмбурд, ахур ка фæцæй, уони туххæй ке æй, уой:

- Абони нæ æмбурд æй, нæ дæс анзей куст дзæгъæли ке нæ фæцæй, уой фæдбæл. Махæн, ахурдзаутæн, ахургæнгутæн, ахур ка фæцæй, уони хеуонтæн, гъæубæсти адæмæн æй устур бæрæгбон, дæдтæн царди гулфæнтæмæ уæрæх фæндаг устур къуарæн. Нæ зæрдæ дарæн, нæ коллектив дæс анзей дæргъци ци зонундзийнæдтæ равардта, урух фæндагмæ ке уадзæн, уонæн, етæ дзæгъæли ке нæ фæуyодзæнæнцæ æма пайдагонд æрцæудзæнæнцæ царди алли къабæзти адæми, райгурæн бæсти, паддзахади пайдайæн.

Геуæргий фæсте скъола фæууæг фæсевæдæн зæрдибунæй раарфæ кодтонцæ райони ахури хаййади хецау Таймураз, гъæуи хецау Хъазбег, хестæр адæми номæй Сафарбий. Уой фæсте алли рауагъдонæн дæр оркестри музыки хæццæ лæвæрд æрцудæй астæугкаг ахур фæууни æвдесæн. Æмбурд райдайунæй, раст имæ цалæнмæ аттестат райсунмæ фæдздзурдтонцæ, уæдмæ Оксанæ æ гъудити рандæ æй. Æ зæрдæбæл æрлæудтæй, фиццаг æй аци скъоламæ æ фидæ куд æрбахудта, е. Куд тагъд лигъдæнцæ бæнттæ, къуæретæ, æнзтæ. Фиццаг хатт æ хъурбæл сурх гæлæстуг, пионер исогæй, куд ниббаста, пионерти къуæрттæ гъæуи æнæнхус зæрæндтæн куд æнхус кодтонцæ тургътæ бафснайунмæ, сог ниффадунмæ, туканмæ фæццæунмæ. Уой фæсте фæскомцæдесонти æмбурдти куд тох кодтонцæ, ахур лæмæгъ ка кодта, уони нихмæ. Ахид куд рандæуиyонцæ балций сæ уарзон ахургæнгути хæццæ кæми Къолæрдозæмæ, кæми Æргæсги мæсугмæ, кæми Дзæуæгигъæумæ. Фæстаг рæстæги феппайун байдæдта, æ фæлдзос сæ къласи биццеутæ æ рази фулдæр рæстæг рарветунмæ куд гъавиyонцæ, уой дæр. Фал Оксанæн уæлдай бунат æ царди æзмæлди и биццеутæй неке ахæста. Еци гъуди куд кодта, уотæ æй, æ фарсмæ ци кизгæ бадтæй, е

бакъуæрдта, уома, дæумæ дзорунцæ, зæгъгæ.

Рацудæй, сценæмæ исхизтæй, 'ма ин Геуæрги аттестат æ къохи ку бакодта, 'ма ин æ къох райсгæй, ку раарфæ кодта, гъе уæд æй балæдæрдтæй, æцæгæйдæр скъолай бонтæ ке фæцæнцæ, уой. Æ бунатмæ ку æрæздахтæй, уæд Витямæ æ аттестат балæвардта. Фидæ æ кизги æрбахъури кодта 'ма ин æ росæн раба кодта.

3.

Бацудæй Оксанæ ахур кæнунмæ финансон техникуммæ. Бæргæ 'й фæндадтæй институтмæ бацæун, фал Дзæуæгигъæуи уæхæн устур скъола нæ адтæй, изолмæ цæун ба æхе дæр нæ фæндадтæй, уæдта биййонтæ дæр нæ исарази æнцæ. Ахур кодта хуарз, горæт дæр бауарзта, фал уæддæр къуæрей кæронмæ æнгъæл кастæй, кæд тагъддæр гъæумæ нихъхъæртинæ, кæд тагъддæр мæ мадæ æма мæ фиди фæууининæ, зæгъгæ. Фæстаг рæстæги æ фидæ Витя ахид тухстæй æ ахсæни незæй, æ ахсæни адтæй гъæдгон, уалдзæг æма фæззæг æ рист фæхъхъæбæрдæр уидæ, еуæй-еухатт тог дæр исуомидæ. Æмбурд биййонтæй дæр ин хъæбæр тарстæнцæ. Ресун ку райдаидæ, уæд ин ка рист сабургæнæн хуасæ февæридæ, ка дохтурмæ уаидæ, ка ин фæлмæн месин лæвардта. Оксанæ уæхæн рæстæги арази адтæй æ фиди бæсти ресунбæл, фал уомæн ба гæнæн н' адтæй.

Зæлинæ ахури фæсте сæйгæдони куста 'ма æй еу цалдæр хатти сæйгæдони ниххуссун кæнидæ, 'ма сæйгæдони, уæдта уой фæсте дзæвгарæ рæстæг Витя дзæбæх уидæ. Витали ба Волгоград милици бæрзонддæр скъола фæуунi фæсте бæрнон куститæ кодта алли рауæнти, фал уæддæр ирдта рæстæг, æ фиди рауинунмæ, гъæумæ æруайунмæ. Уидта, æ фидæ куд гъезæмарæ кæнуй, уой, 'ма ин еу хатт загъта: - «Папæ, æйдæ далæ Пятигорски ме 'ртхуарди æнсувæр хуарз хирург æй, æма уомæ фæццæуæн, уадзæ е ба дæ фæууина, 'ма ку гъæуа, уæд дин операци дæр искæнæд».

Уобæл еу мæйæ рацудæй 'ма бабæй Витяйæн æ нез ку искарз æй, уæд Виталимæ фæдздзорун кодта, 'ма ин загъта:

- Витали, аци нез мæ бахуардта, дæ фæндон ма бахуæрæ, æноси тæрсæ, - оххай мæ рист ку фæхъхъæбæрдæр уа. Фæлласæ мæ Пятигорскмæ, кæд еци лæгбæл уотæ æуууæндис, уæд. Искæнæд мин операци, кæд цæргæ, уæд цæргæ, кæд мæлгæ, уæдта мæлгæ.

Иннæ бон сæумæй рæуæг хуæдтолгæбæл рабадтæнцæ æма рараст æнцæ сæ фæндагбæл. Витя колдуарбæл ку рахизтæй, уæд

æхе фæстæмæ разилдта, хæдзарæбæл æ цæстæ рахаста, æма загъта:

- Уо, Уасгерги, фæндараст нæ фæккæнæ, - 'ма уотемæй хуæдтолги рабадтæй. Хуæдтолгæ тагъд цудæй 'ма Нальчикмæ ку бахæстæг æнцæ, уæд еу рауæн Витяйæн æ зæрдæ исхастæй, хуæдтолгæ æрлæуун кодта, 'ма нади билæбæл кæрдæгмæ тог исумдта, уой фæсте æхемæ æрцудæй 'ма загъта, изолдæр цæунмæ рæвдзæ ке æй, уой.

Витали æ зæрдæ бадардта, кæд ин неци уидæ, зæгъгæ, уотитæ 'ма æ фидæмæ уидæ. Сæ над изолдæр кодтонцæ, фал Пятигорскмæ куд хæстæгдæр кодтонцæ, уотæ Витя ивадæй-иваддæр кодта, 'ма раст ци сæйгæдонæмæ цудæнцæ, уой тургъæмæ ку базилдæнцæ, уæдта Зæлини цъæхахст иссудæй:

- Папæ цидæр кæнуй!..

Фæффæдес кодтонцæ, сæйгити есæн бунатмæ æй бадавтонцæ. Уоми сæйгæбæл æрбамбурд æнцæ дохтуртæ, ка ин æ бауæр зарди рази æуурста, ка ин укол кодта, ка ин æ уæледарæс ласта. Уайтагъд сæйги, операци ци æзгъунсти кодтонцæ, уордæмæ баластонцæ. Еу дзæвгарæ рæстæги фæсте Витали зонгæ дохтур рацудæй 'ма Витали æма Олгæйæн загъта, ома, алли хузи дæр архайæн, æма ахсæни гъæдгинæй ци тог цæуй, уой æруорамун нæ уайуй, 'ма ин операци кæнун гъæуй. Фал уин мæ ихæс зæгъун æй – æнæ тоги цуд æрлæуун кæнгæй операци кæнун хъæбæр тæссаг æй. Еуемæй оци нозæй рагæй сæйуй 'ма нури уæнгæ дæр æ дадзинтти тог æнхæст нæ хъæрдтæй, нур ба æгас бони дæргъци ставд тогдадзийнæй тог цæуй, уомгæ ке искæнуй, иннæ ба хурфæмæ, тъæнгтæмæ, цæуй. Сæйгæ раервæзун кæнунбæл гъæуама тох кæнæн æнæ сумах бафæрсгæй дæр, фал æй гъæуама зонайтæ – уæ сæйгæн æ раервæзун дууебæл æй. Тог æма иннæ тогæййевæнтæ берæ уадзæн, фал æй мах уæллæй æвгæнæн, е ба бунæй цæуй. Тоги медæгæ ка æй, уæхæн бауæргъæдтæ исминкъий æнцæ æма операци кæнгæй, лухгонд дадзинтæ æстæвддæ бæддзинан, фал листæгутæй ба уæддæр тог лæдæрсдзæй. Уомæ гæсгæ операци тæссаг æй, æнæ кæнæн ба ин нæййес.

Олга æма Витали исарази æнцæ, хуæздæр гæнæн н' адтæй, уæддæр ма е цидæр нифс лæвардта. Дохтурти къуар райдæдтонцæ операци кæнун, бахъæрдтæнцæ ахсæни уæнгæ, байгом ин кодтонцæ æ хурфæ 'ма фæуууидтонцæ ахсæни гъæнæ тæбæгъи хузæн, æ тæгкæ астæу ба ставдгомау тогдадзийнæй цухцурæгæй уайæгау

уолæй тог. Дохтур дадзийнæ пинцеттæй ралхъивта, æнхусгæнæг ба æй цилле халæй бабаста. Уой фæсте хирург хецæн кæнун райдæдта ахсæн æма тæнæг тъанг, тæнæг тъанги кæрон бахудта. Уой фæсте ахсæни устурдæр хай ралух кодта тогдадзинтæ ралхъевгæй æма бæтгæй, ка ма байзадæй, еци хай ба бахудта тæнæг тъæнгмæ, цæмæй хуæруйнаг ахсæнæй тъæнгтæмæ цудайдæ, уой туххæй. Уой фæсте губуни цъæрдтæ фæд-фæди бахудта, ниууагъта ци бинт æма резийни гæппæлтæ, цæмæй губуни ка æмбурд кæна, еци цъæйæ æндæмæ цæуа. Гъæдгинбæл банихаста бинтти гæбæзтæ, 'ма уобæл операци фæцæй. Операций райдайæнæй кæронмæ рацудæй æртæ сахатти, фал сæйги цардбæл ба изолдæр тох цудæй, венитæмæ тог æма тогæййевæнтæ уагътонцæ, уолæфгæ кодта аппаратæй, 'ма ин æ наркози хуастæ исистонцæ тауæггур ба имæ фулдæр кодтонцæ. Кæд ибæл хъæбæр архайдтонцæ, уæддæр сæйгæ хуæздæр нæ кодта, зæрди куст лæгъузæй-лæгъуздæр кодта, кæд ин алли хузи хуастæ дæр лæвардтонцæ, уæддæр. Сæумæ æхсæз сахаттебæл зæрди куст æрлæудтæй, Витя æхемæ не 'рцæугæй, рамардæй.

Мард исластонцæ гъæумæ 'ма куд фæууй, уотæ 'й гъæубæсти адæм кадæй банигæдтонцæ. Бийнонтæ сæ уарзон бийнойнагбæл хъæбæр фæрристæнцæ. Ка хъæбæрдæр фæрристæй, уомæн равзарæн нæййес, куд фæззæгъунцæ, зæрдæмæ никкæсæн нæййес. Оксанæ анзи дæргъцæ æ уæлебæл рæсугъд дарæс нæбал искодта, æмбæлтти æхсæн гъæр нæбал ниххудтæй. Ахур ба кодта, фидæмæ ци уарзондзийнадæ дардта, е ба минкъийгай Виталимæ æздæхгæ цудæй. Анзи кæндæ ку искодтонцæ, уæд уой фæсте дæр зæрдæмæ рохс некæцæй цудæй. Фæстаг рæстæги Оксанæ сабат кенæ хуцаубони автобуси гъæумæ ку цæуидæ, уæд еу æригон лæхъуæни фæууинидæ. Бæрæг адтæй лæхъуæни хъæбæр ке фæндадтæй æ хæццæ базонгæ ун, фал æй Оксанæ, цума ингæ дæр нæ кодта, уотæ дардта æхе. Фал ибæл минкъийгай исахур æй, лæмбунæгдæр имæ æркастæй: асæй рæстæмбесæй минкъий бæрзонддæр, фæтæн реу, нарæг астæу, æ фанел киртæ хæдонæ ибæл дзæбæх федудта, игон цæсгон, бæрзонд тæрних, бæзгингомау сау æрфгути бунæй устур цæститæй зиндтæй, арф гъудикæнагæ ке адтæй сæ хецау, е. Оксанæ ибæл уотæ исахур æй, 'ма автобусмæ ку бахезидæ, уæд фиццагдæр рагъæуай кæнидæ, еци лæхъуæн ами æй, æви нæ, зæгъгæ. Еу æртæ къуæрей лæхъуæн нæ рæзиндтæй, 'ма ибæл Оксанæ æрхун кæнун райдæдта. Нæбал æнгъæл кастæй,

рамазиндзæй лæхъуæн, уомæ, билет райста автобуси минкъий адæм бадтæй 'ма си уæгъдæ бунæттæ берæ адтæй. Фæстегкæй дууæ бунати бадæнбæл исбадтæй, киунугæ райста 'ма æхе кæсунмæ исцæттæ кодта.

Автобус ранæхстæр уодзæй, зæгъгæ, уотæ æрбахизтæй зонгæ лæхъуæн 'ма æррæстæ бацудæй Оксани размæ 'ма имæ исдзурдта:

- Хуарз кизгæ, дæ рази исбадун æнгъезуй?

- Табуафси, - загъта ин Оксанæ.

Æвæдзи, еци рæстæги Оксани зæрди куст есге ку банимадтайдæ, уæд æй балæдæрдтайдæ, зæрди куст дзæвгарæ ке фæттагъддæр æй, уой, æ тог ба æ цæсгоми рабадтæй. Автобус еу дзæвгарæ рауадæй, уæдта лæхъуæн кизги бафарста, циуавæр киунугæ кæсуй, уобæл. Уой фæсте син дзубанди радаргъ æй, базонгæ æнцæ 'ма лæхъуæн æ ном исхудта Казбек. Казбек радзурдта, ке ахур кæнуй гъæууонхæдзарадон институтти механизатортæ кæми цæттæ кæнунцæ, еци хаййади, фиццаг хатт ку фæууидта Оксани парки сæ гъæуггаг кизгутти хæццæ, уæд сæ лæмбунæг ке бафарста, кæци гъæуæй æй Оксанæ, уобæл, цæбæл ахур кæнуй, кæд фæццæуй сæхемæ. Уони базонгæй, архайдта алли хатт дæр, Оксанæ ци автобуси цæуидæ, уомæ бахаунмæ. Сæ гъæумæ ку ниххæстæг æнцæ, уæд бадзубанди кодтонцæ, горæти кæд фембæлдзæнæнцæ, уобæл, æма Казбек автобусæй рахизтæй.

Уой фæсте рæстæгæй-рæстæгмæ фембæлиуонцæ, тезгъо кæнгæй си рæстæг байронх уидæ, дзубанди уидæ царди алли фарстатæбæл. Сæ еу дæр æма иннæ дæр æхсицгонæй хизта нæуæг фембæлд, парки арфгомау, адæмæй изолдæр рауæн, къелæбæл исбадиуонцæ 'ма сæ дзубандитæ кæрæдземæн кодтонцæ, рохсмæ рацæуни агъоммæ ба Казбек даргъ ба никкæнидæ кизгæн æма 'й æмдзæрæни уæнгæ бахъæртун кæнидæ.

Рæстæг тагъд цудæй æма сæ дууемæн дæр сæ ахури кæрон æрбахæстæг æй 'ма сæ изолдæр царди кой кæнгæй, Казбек Оксанæн уотæ загъта:

- Оксанæ, нур дууæ анзи кæрæдзей зонæн. Некæд дæбæл неци баримахстон, зонис мæ дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр, ци æнцæ мæ бийнонтæ. Кæдæй зонæн кæрæдзей, уæдæй дæ гъæуай кодтон, оххай, есге дæ ку бафхуæра, мæхуæдæг дæр дин тарстæн дæ зæрдихудтæй. Алли хузи дæр архайдтон, мæнæ хъазар авгæй рæсугъд тæбæгъæн æрхаунæй куд тæрсай, уотæ дин тарстæн æнæ рагъуди кæнгæй, æнæрцæф дзурдæй дæ зæрдæ фæрреса,

фæххода, уомæй. Цубур дзурдæй мæ изолдæр цард æнæ дæуæй нæ уинун, уотæ берæ дæ уарзун æма мæ ахид фæффæндуй æхсæвæ дæ къомнæти къæрæзти буни байзайæ æма æнгъæл кæсæ дæ сæуми фæззиннунмæ. Кæд мæ дзубандитæй ести дæ уодбæл бамбалдæй, дæ зæрди къуми мæнæн есгæми бунат ес, уæд дин корун дæ къох æма дæ зæрдæ æма нæ цард баеу кæнæн. Кæд уобæл арази дæ,уæд мин дæ бийнонтæмæ мийнæвар барветуни барæ радтæ.

Оксанæ дзæвгарæ нигъгъос æй, кæд рагæй æнгъæл кастæй аци дзубандимæ, уæддæр сæбæл дзуапп радтунмæ ба уотæ цæттæ н' адтæй. Сæ бийнонтæ, кæд Витяй рамардбæл æртæ анзи рацудæй, уæддæр æ мадæ æ сау сæрбæттæн нæма исиста, Витали ба гъасти æ фæндон нæма бацийнæ кодта. Фал цард цард æй, æма Казбеги ба берæ бауарзта 'ма ин дзуапп дæттун гъудæй.

- Казбек, мæ фиди рамæлæтбæл анз æнхæст нæма исæнхæст æй, уæд дæ бафæсмардтон. Еци рæстæги мин уотæ зин адтæй цард, еуемæй æрхун кодтон бийнонтæбæл, иннемæй ба мин нæ хъæрдтæй мæ фиди табедзæ, зæрдирахаст, бастдзийнадæ, 'ма мин минкъийгай бийнойнаги хузæн исдæ. Фæстæдæр ба дæ еу къуæре ку нæ фæууининæ, уæд мæбæл бæнттæ ниддаргъ уиуонцæ, байлæдæрдтæн, хъæбæр дæ ке бауарзтон, уой. Нæма ми адтæй уæхæн нифс æма есге цардмæ бацо, есге бийнонтæмæ баковæ æма уони фæндон аразæ дæ цард, зæгъгæ. Кæд мæбæл дæ зæрдæ дарис, кæд æууæндис кæрæдзей исамондгин кæндзинан æма дæ бийнонтæн дæр исбæздзæн, уæд арази дæн дæ хæццæ, мæнæй дин барæ ес мийнæвæрттæ æрветунмæ.

Бафедудтонцæ Казбеги æма Оксани бийнонтæ, ахур фæуунi гæгъæдитæ райсуни фæсте искодтонцæ устур киндзæхсæвæр 'ма син радаргъ æй амондгун цард, кæрæдзебæл бухст дæр нæ фæразтонцæ. Бийнонтæ дæр Оксани берæ бауарзтонцæ, Оксанæ Казбеги мадæ æма фидæмæ дзоргæ дæр кодта «папæ» æма «мамæ». Еумæйаг цардæй бийнонтæ еугурæйдæр боз адтæнцæ.

Рацудæй анз, райдæдта дугкаг, æфсийнæ æнгъæл кастæй, фæззиндзæнæй цæуæти цæуæт, фал Оксанæмæ неци лазæ адтæй, 'ма минкъий бахъур-хъур кæнидæ Олгæн, ома син ести ку исæнтæсидæ, зæгъгæ. Еу рæстæги Оксанæн хуæруйнаги уиндæй æ зæрдæ исхæссидæ, хуæрун имæ нæбал цудæй, æ сæтæ æруаидæ. Казбек ин æ хъурдохæн лæдæрдтæй, 'ма ин загъта – дохтурмæ фæццо, зæгъгæ. Оксанæ фæццудæй силгоймæгти

дзæбæхгæнæг дохтурмæ, ра ин кодта æ хабæрттæ 'ма æй Ивета (уотæ хундтæй дохтури ном) рафæрсæ-бафæрсæ кæнун райдæдта, æр имæ кæститæ кодта, уæдта ин загъта:

- Ма тæрсæ, дæ нез тæссаг нез нæй, æнæуодбарæ дæ, нур дæбæл цæуй дууæ мæйи минкъий гъæуаггин.

Оксанæ æ фур цийнæй цума базуртæбæл ратахтæй, уотæ рацудæй дохтурæй, фиццагидæр Казбегæн ракодта æ хабар. Казбек æ фур цийнæй æ хъури æрбакодта æ бийнойнаги 'ма ин хуæрзæнгорæггаг хуарз лæварæй зæрдæ байвардта.

4.

Куд даргъ æй бон сæйгæдони хуссæнбæл! Виталий сæри ци гъуди не 'рцудæй, куд арф æй балæдæрдтæй, æнæнездзийнадæй хъазардæр куд неци ес, уой. Æнæнез уогæй æхе æнамонд ка хонуй, е царди некæд неци бавзурста зинæй. Витали æй нур бæргæ хуарз базудта е 'нæнездзийнадæ æнæ ауæрдгæй ке харз кодта, куд некæд зудта уæззау кустæй фæллад, уодæн тæссаг гъуддаги цæугæй дæр тарстдзийнадæ æ зæрди ке некæд адтæй. Цал æма цал хатти уидæ, тæссагдзийнадæ игон дуарæй ку кæсидæ, фудгæнæг кæд фехсдзæнæй æ фат, кенæ ба кæд ниццæвдзæй кардæй. Витали æдас адтæй, зæгъгæ, зæгъæн нæййес, фал хуарз зудта адæми рази æ ихæс, æ усхъитæбæл ци пъалеттæ адтæй, етæ æй ихæсгун кодтонцæ, ци адæм ин байхæс кодтонцæ гъæуай кæнун, уони гъæуай кæнунбæл архайдта хъазауатонæй, есге фæсонти фæсте æхе некæд римахста. Нур, аци бæнтти, берæ рæстæг ин ку адтæй æ царди къахдзæфтæмæ æркæсунмæ, æма æхецæн фарста ку радтидæ, нур бабæй уæхæн туфули ку бахауидæ, уæд æхе куд даридæ, зæгъгæ. Æма æхецæн федарæй зæгъидæ, уæддæр бабæй æхе æндæр хузи дарун нæ базудтайдæ! Куд, æхе фæттилеф кодтайдæ, Беслæни устур бæллах ку æрцудæй, уæд. Фиццаг бонæй фæстаг бони уæнгæ æхе фæттæй нæ римахста, цал хатти фæццæфтæ æнцæ е 'мкосгутæ, кадæртæ ба си мард дæр фæцæй. Æмпурст ку райдæдта, уæд раззæгти хæццæ адтæй Витали дæр, еу сувæллон рахаста, 'ма 'й дохтуртæмæ равардта, дугкаг хатт балæбурдта æма цæф силгоймаг æ гъæбеси рахаста, æртигкаг хатт бампурста, фал уæдмæ тугур æркалдæй. Уой фæсте ци архайдта, ке хаста, кæмæн æнхус кодта, уой лæдæргæ дæр нæбал кодта. Зудта æй, æзмæлун гъæуй, архайун гъæуй, аци устур фидбилизæй куд фулдæр раервæза, уобæл. Нур дæр æ цæститæбæл ку æрбалæуунцæ

гуваеллаентти цъаехахст, силгоймаегти хъаелаеба, наелгоймаегти тухстдзийнадае – сае бон сае бийнонтае багъаеуай каенун ке нае иссаей, уобаел. Еци аеверхъау хузтае скъолай хурфи, маердтае ка аенае къох, ка аенае къах, аенае саер, фаерстае, пъолтае еугур тог. Уой фаесте сае гораети саейгаедони тургъи еу инней фарсмае раенгъитаей ку ивриваердтонцае, 'ма беретаен сае бон ку нае адтаей хеонтае бафаесмаерун. Цийфаенди домбайзаердае ку уа лаег, уаеддаер уаехаен гъуддаегтае уингаей, аенае рист нае байзайдзаенаей. Витали даер цийфаенди ку архаидае, уаеддаер ае цаеститаебаел уадаенцае еци аенамонд, аеверхъау гъуддаегтае, аехсаеваей хуссаег наебал ахаеста, ае кусти ба аенкъарддзийнадае ае цаесгомаей наебал цудаей.

Рацудаей аертае маейи, фаеммаеллаег даер аей цалдаер килограмми, аенае уой даер сау цъарае адтаей, фал нур ба никкиддаер фаессаудаер аей, бонаей-бонмае лаегъузаей-лаегъуздаер кодта, дохтуртаемае бацудаей, 'ма ин ае тоги баераеггаенаентаемае ку аеркастаенцае, уаед аей еци фаедбаел саейгаедони ниввардтонцае, 'ма маенае нур ба Маескуй тоги наукон-ертасаен институтти саейгаедони хуссуй. Еци фаедбаел ин райдаедтонцае карз хуастаей уколтае каенун, хуаеруйнагаей ин алцидаер хастонцае хеуонтае, аембаелттае, фал каемае цудаей хуаерун, бонаей-бонмае лаемаегъдаергаенгае цудаей, ае коми фиддае нийхалдаенцае, даендаегути аехсаентае хаефае каенун райдаедтонцае. Лаемаегъдзийнадае уотае адтаей, аема Витали ае къох исесунмае даер зийнадае кодта, айдаенаемае ку бакаесидае, уаед аехе наебал базонидае, саер аема аерфгути тъаефилттае ниллаегун аенцае, баездайаентае ницциргъ аенцае, цаеститае маеллаег каст кодтонцае. Уой хузаен ка адтаей, уаехаенттае еу цалдаери простыняй тугъдаей каталки фаелластонцае. Профессор ин ае маетъаелдзийнадае ку фаеууидта, уаед ин загъта:

- Витали, нийгъуди каенае, дохтур мард аегас каенун нае зонуй. Дохтури бон аей саейгае адаеймагаен фенхус каенун, маелун аей нае бауадзун. Фал гъаеуама саейгае даер аехе уотае ма уадза, ма гъуди каена – маенае мае адзал аерцудаей 'ма ибаел исарази уон. Дохтураей каенгае аенцае 30%, 70% ба саейгаен аехецаей каенгае аенцае. Маен хъаебаер фаендуй даеуаен фенхус каенун, 'ма даехебаел фаеххуаецае, туххаей даер бахуаерисае, ку аей исуомай, уаеддаер си ахсаени ести байзайдзаей. Цифаенди зинаей даер исистисае аема пъалати даер, аема бал къаеридори даер тезгъо каенае. Ци дин загътон, уой каенае, аема уаехемае аенаенезаей рандае уодзаенае.

Еци дзубандий фаесте Витали цума аехебаел аерхудтаей, уотае,

æма архайун райдæдта æ рахаст дохтурти кустмæ лæмбунæгдæр кæсун, æ уколти рæстæг ку æрцæуидæ, уæд укол кæнунмæ æхуæдæг фæццæуидæ, хуæруйнаг хæссун пъалатæмæ нæбал æрбауагъта, фал æхуæдæг сæйгити хуæрæндонæмæ фæццæуидæ. Минкъийгай æ хъаурæ фулдæр кæнун райдæдта, æ гъæлæси лæгъуз тæф минкъийдæр кодта, дæндæгути æхсæн фидтæ тог нæбал кодтонцæ, хуæрун дæр имæ хуæздæр цæун райдæдта. Æнгъæл кастæй профессори зилд ку уа, уæд ин е ци зæгъдзæнæй, уомæ.

Профессори æрзилд ку æрбахъæрдтæй, уæд ин е æ анализтæмæ æркастæй, æ цæстæ ибæл радардта, уæдта ин æ къох райста 'ма ин загъта:

- Е дин лæг, изолдæр дæр дæхе уотæ дарæ, 'ма гъуддаг хуарз уодзæй.

Уой фæсте Виталибæл бæнттæ, къуæретæ, мæйтæ тагъддæр цæун райдæдтонцæ.

Рацудæй аст мæйи, ку фæссæйгæй, уой фæсте, фæххуæстæй æхебæл, сæйгæдони тургъи дæр тезгъо кæнунмæ рацæуидæ. Æстæймаг мæйæ æ фæуунтæбæл ку адтæй, уотæ ба Виталимæ фæдздзурдтонцæ профессори къæбинетмæ. Бацудæй Витали къæбинетмæ, профессор æй æ рази исбадун кодта, 'ма ин загъта:

- Нæ хуастæ дин фæййагъаз æнцæ, дæ незихатт федасдæр æй, фал æрдзæбæх дæ, зæгъгæ, уотæ зæгъун ба дин мæ бон нæй. Рæстæгæй-рæстæгмæ дæ нез фæстæмæ æздæхдзæй, 'ма æй уæхæн карз хуастæй дзæбæх кæнун гъæудзæнæй. Еу гъуддаг ма бавзарун мæ зæрди ес, дæ бауæрмæ дин ниссадзун есге истгути магъз, цæмæй дин дæхе истæгути магъз баййевæн. Еци гъуддаг дæр еугуремæн нæ фæррæстмæ уй, фал кæд дæуæн фæббæззидæ. Нуртæгкæ мин рæстæг нæййес, фал мин рæстæг ку фæууа, уæдта радзордзинан, ци æй еци гъуддаг æма 'й куд кæнунцæ, уой.

Еу сабати, рæстæг цазæ адтæй. Минкъий сæлфунæг уарун дæр кодта, уотемæй Витали хуссæни хъанæй газзет кастæй, 'ма имæ медицинон хуæрæ æрбауадæй, ома, профессор дæмæ дзоруй, зæгъгæ. Витали спортивон дарæс æхебæл æрбакодта, дугкаг уæладзугмæ ниххизтæй æма профессори æзгъунсти дуармæ лæмæгъгомау бакъуæр-къуæр кодта, 'ма ку фегъуста «медæмæ» зæгъгæ, уæдта бахизтæй.

- Рацæуай, хæстæгдæр мæ кавказаг æрдхуард, куд æй дæ æнæнездзийнадæ, зæнхæбæл дæ лæуд фæхъхъæбæрдæр æй, æви нæ?

Виталий нифсæрми æй, фал зæгъгæ ба кодта:

- Не 'нгъæл касттæн, атæ ма мæхебæл фæххуæддзæн, уой, - устур арфæ уин кæнун.

Профессор Виталий æ рази исбадун кодта, бафарста, ци ниуаздзæй, цай æви къофе, уобæл. – Хъæбæрдæр ниуæзтæ дин неци зæгъун, уогæ мæмæ алли ниуæзтæ дæр ес, фал мæхуæдæг дæр нæ ниуазун, дæуæн ба ниуазун не 'нгъезуй. Цай рауагъта, 'ма цай цумун ку райдæдтонцæ, уæдта ин Валери Григорийи фурт райдæдта цубурæй дзорун, истæги магъзæн расадзæн куд ес æма цæмæн гъæуй, уой. Дзубанди цудæй дзæвгарæ рæстæг, æртигкаг цайтæ баниуазтонцæ, уæддæр профессор дзурд нæма фæцæй.

- Витали кæсæ, дæхеуонтæй есге кæд исбæзза æма исарази уа, уæд дæ нивæ искуста, на ма ести незти туххæй уонæй райсæн нæ ес, уæдта æндæр мадзал агордзинан, мæ кавказаг æрдхуард.

Витали устур сагъæси хæццæ иссудæй æ пъалатæмæ, дзæвгарæ хуссæнбæл хъанæй фæллæудтæй, фæсарæфтæ ба телефонæй сæхемæ нидздзурдта 'ма син хабар радзурдта. Хæдзари, кæд фæйнæ рауæнеми цардæнцæ, уæддæр си алкедæр бонæ цалдæр хатти дзурдта телефонæй кенæ Виталимæ, кенæ ба æ дохтуртæмæ. Хъæбæрдæр ба тухст ку адтæй, уæд сæ еу, уæд иннæ къуæрегæйдтæй Мæскумæ цудæнцæ æма сæ бон цæмæй адтæй, уомæй сайгæн æнхус кодтонцæ. Адæни ахсæн сæхе гъæддух дардтонцæ, фал си еунæгæй ка райзаидæ, уомæн ба æ цæститæ дони зилдæнцæ, гъæрæй дæр æма сæхе меднимæр дæр Хуцаумæ кувтонцæ Виталий раервæзунбæл. Зæлинæ дæр æма Оксанæ дæр алли сæумæ дæр аргъауæни мудадзи цирагъ сугътонцæ. Нур сæбæл хабар ку исæмбалдæй, Виталийæн истæгути магъз гъæуй, зæгъгæ, уæд мадæ загъта, æнæ ести исдзоргæй, гъæуама е радта æ магъз. Фал Зæлинæ куд медицинон косæг, уотæ син загъта:

- Æрсабур уотæ, ами нæ реутæ нæ хуайдзинан, 'ма кæрæдземæн нæ дзордзинан, Виталий кæмæн хъазардæр æй, уой. Мæнæ анализтæ ратдзинан, 'ма не 'ртæ дæр бæззæн, уæдта фиццаг барæ мæн æй, мамæ, ду каргун дæ, 'ма магъз ку радтай, уæд дæхуæдæг ци уодзæнæ, е бæрæг нæй. Оксанæ æнæуодбарæ æй, 'ма уомæн магъз дæдтун не 'нгъезуй. Мæнæн ба дууæ сувæллони ес, 'ма мин æнгъезуй магъз дæдтун, 'ма уобæл фæцан.

Оксанæ сæхемæ ку ниццудæй, уæд Казбегæн хабар радзурдта, 'ма ин загъта:

- Казбек, мæ губуни ци сувæллон ирæзуй, уой нæ дууæ дæр рагацау берæ бауарзтан. Фал мин арвæй зæнхи æхсæн еунæг æнсувæр ес, 'ма уобæл ести ку æрцæуа, уæд уой фæсте куд цæрдзæнæн, уой нæ зонун. Нур ба ме 'нсувæр уæхæн уавæри æй, æма ин ку нæ фенхус кæнон, уæд адгин цард некæдбал бакæндзæнæн. Хуцауæй корæгау ди корун æма мин барæ радтæ нæ еумæйаг уарзондзийнади бæдолæй мæхе исуæгъдæ кæнон æма ме 'нсувæрæн истæгути магъз радтунбæл баархайон.

Казбек хуарз зудта хуæрæ æма æнсувæри рахаст, кæрæдзей фæлтау цард радтунбæл дæр ке нæ бавгъау кодтайуонцæ, уой. Фал Оксани устур зæрди уæхæн хъаурæ разиндзæй æма сæ уарзондзийнади æвдесæнæй æхе разелдзæй, уой æнгъæл ба н' адтæй. Устур сагъæси бахаудтæй, нури уæнгæ уотæ æнгъæл адтæй, 'ма адæймаги устурдзийнадæ, уарзон адæймаги туххæй уод радтунмæ цæттæундзинадæ, æнцæ финсгути æргъуди. Фал нур æ бийнойнаги ку балæдæрдтæй, æцæгæйдæр е 'нсувæри туххæй, уой раервæзуни фæдбæл æ амонд радтунбæл дæр арази æй, уæд балæдæрдтæй, ци устур амонд имæ æрхаудтæй, уой. Æхемæ æрбалхъивта Оксани, ра ин ба кодта 'ма ин загъта:

- Уотæ хъаурæгин адæймаг дæ, уой æнгъæл ба дин н' адтæн. Æвæдзи нæ фиддæлтæ дзæгъæли нæ зæгъиуонцæ: хуæри зæрдæ æнсувæрмæ, зæгъгæ. Куд дæ фæндуй, уотæ бакæнæ, кæд Хуцауи фæндæуа, уæд ма нин сувæллæнттæ дæр исæнтæсдзæй.

Сæумæ Казбек Оксани горæтмæ дохтуртæмæ фæлласта, дохтуртæн балæдæрун кодта сæ гъуддаг æма Оксанæ æфхæлцæгонд æрцудæй. Уобæл æртæ бони ку рацудæй, уæдта æхе исрæвдзæ кодта Мæскумæ цæунмæ. Æртемæй айдагъдæр уой истæги магъз исбæзтæй æййевунмæ. Зæлинæ загъта уой, æма ку бафарста, уæд ин балæдæрун кодтонцæ истæгути магъз райсун ке æнгъезуй айдагъдæр хуæрæй, кенæ ба æнсувæрæй.

'Ма Оксанæн иской кодта кæугæ-кæугæй æ тоги ке разиндтæй игæри нези вирус, 'ма уомæ гæсгæ уомæй магъз есæн ке нæ ес.

Мæскуй Оксани магъз 99% исбæзтæй, 'ма æй цæттæ кæнун райдæдтонцæ магъз æййевунмæ. Æнцон гъуддаг нæй магъз радтун, 'ма й дохтуртæ разелæ-базелæ фæккодтонцæ, хурфи дзаумæтти куст еугурæй дæр исбæрæг кодтонцæ, ку исбæрæг кодтонцæ, еци операцийæн ниббухсдзæй, зæгъгæ, уæдта си райстонцæ 2000 мл тог æма магъз хæлæмулæй. Фиццаг æркæсгæй е берæ æй, фал æй ку банимайай, уæд е æй æдеугур 2 процентти адæймаги æстæгути

магъзæй. Æнæнез магъз радтæг адæймаг райст магъз исæнхæст кæнуй цуппар къуæреемæ, магъз ист фæццæуй, адæймаг наркози куд уа, уотемæй. Виталий магъз раййевуни агъоммæ раййивтонцæ, тог ци хаййади феййевунцæ, уордæмæ, уоми ин искодтонцæ карз хуастæй дзæбæх кæнуни фагæ, æхе истæгути магъзи сæйгæ кирæгтæ дæр гъæуама исæфт æрцудайуонцæ, цæмæй нæуæг магъзи кирæгтæн бунат адтайдæ, уомæн. Уой фæсте ин минкъий цъæхснаг хæтæл бакодтонцæ æ хъури ставд дадзинæмæ, цæмæй хуастæ æнцон уадзæн адтайуонцæ уой туххæй. Еци рæстæги Витали хъæбæр тухст адтæй, хъæбæр æрлæмæгъ æй, æ зæрдæ хастæй, мæстгун кодта, фал имæ уорс халатгунтæ уотæ лæмбунæг кастæнцæ æма архайдтонцæ, цæмæй ин фенцондæр уа, уобæл, æма Витали æфсæрми кодта æ маст искалунмæ. Æппунфæстаг, æрхъæрдтæй магъз æйййевуни рæстæг. Æхе пъалатæмæ æй æрбаййивтонцæ, 'ма мæнæ тог куд бауадзунцæ венæмæ, уотæ ин уадзун райдæдтонцæ нæуæг тог магъзи хæццæ хæлæмулæй.

Еци рæстæги ин ахид рабариуонцæ æ тæвдæ, райфæрсиуонцæ, уазал нæ кæнис, зæгъгæ, дæ реу нæ ресуй æма æндæртæ. Магъз венæмæ уагъд ку фæцæй, уæдта райдæдтонцæ бæнттæ, къуæретæ æнгъæл кæсунмæ, ниххуæдздзæй нæуæг магъз æви нæ, уомæ. Тæккæ тæссагдæр адтæнцæ фиццаг дууæ къуæрей. Уæззау хуастæ нийхалдтонцæ хе магъз, уой хæццæ ба адæймаги ци мадзæлттæ гъæуай кæнунцæ, уони. Нæуæг чъирæгтæ ба косун нæма райдайунцæ, уомæ гæсгæ ба цийфæндий микъроб дæр нез расайунмæ тæссаг адтæй, уæдта тогведуд кæнунмæ берæ нæ гъудæй. Уомæ гæсгæ ин кодтонцæ микъробти нихмæ хуастæ. Уæдта имæ ахид бауадзиуонцæ тог.

Виталий нивæ искуста, нæуæг магъз хуарз ниххуæстæй, минкъийгай тоги бæрæггæнæнтæ хуæздæр кæнгæ цудæнцæ, 'ма уомæ гæсгæ хуастæ уæдта тогбауадзунтæ минкъийдæр кодтонцæ.

Тоги æвдесæнтæ ку исхуарз æнцæ, уæд æй сæйгæдонæй рафинстонцæ, фал ма цалдæр къуæрей æхе æнæнезбæл банимайун æ бон н' адтæй.

Уотемæй рацудæй анз, еци рæстæги-рæстæггай цудæй æ дохтуртæмæ æма куд гъудæй, уотæ æхе дардта. Фиццах хатт ин барæ ку равардтонцæ хæдзарæмæ иссæунмæ, уæд ци бавзурста, е дзурдтæй зин зæгъæн æй. Поезди цæугæй, вагони хæтгæ рацæуидæ, 'ма æхебæл дес кодта: æ фæлдзос уорс халатгинтæ нæ ес, æ бон æй ке хæццæ æй фæндуй, уони хæццæ дзубанди

кæнун, лæмæгъдзийнадæ æй исуæгъдæ кодта. Еци æхцæуæндзийнадæ ка балæдæрдзæнæй? Хуссæнбæл тухстæй берæгай бæнттæ хъан уогæй, ци гъуди не 'рцæуидæ сæри: ку рамæла, уæд имæ ка æрцæуидзæнæй, цитæ кæндзæнæнцæ æ мадæ, æ дууæ хуæри, ка сæмæ бадардзæй æ усхъæ? Нур Хуцауæй боз, æвæдзи, æцæгæй дæр раервазтæй, æма æвæдзи фиццагидæр хуарз дохтурти фæрци, уæдта æ уарзон хуæрæ Оксани фæрци. Горæти, поездæй ку рахизтæй, уæд æй е 'мкосгутæ сæ къохти рахастонцæ, æртугулæ æнцæ 'ма ибæл цийнæ кодтонцæ, Олгæ имæ бацудæй, æ гъæбеси æй æрбакодта – нæхе амонд уо, зæгъгæ. Зæлинæ зæнхæбæл дæр нæ лæудтæй æ фур цийнæй, еуварс дæр ба Казбек æма Оксанæ æфсæрмхузæй лæудтæнцæ, æнгъæл кастæнцæ, сæ радæ бацийнæ кæнунмæ кæд æрхъæртдзæй, уомæ.

Виталий сæ ку рауидта, уæд е 'мбæлттæй хатир ракурдта 'ма сæмæ бацудæй. Фиццаг Казбеги къох райста, æ цæститæмæ ин бакастæй 'ма ин зæрди бунæй раарфæ кодта. Уой фæсте Оксанæмæ рахъури кæнуни агъоммæ, лæмбунæг æркастæй, 'ма ибæл бæрæг адтæй æнæуодбарæ ке адтæй, е, 'ма æй æ хъури ракодта æма загъта: «Уо Хуцау, æнæ уой дæр ди устур боз адтæн, фал аци силгоймаги губуни нæуæг цард ке бауагътай, уой туххæй ба ма дин еума хатт дæр сæргубурæй арфæ кæнун!»

ДЖЫККАЙТЫ Шамил



# ÆНДЫСНÆГ

*(Радзырд)*

Хъæууон райсомы бирæ змæлд ис. Уæлдайдæр сылгоймæгтæн. Сæ зылдтытæн кæрон нæй. Дыууæ сыхаджы сæ хъуццытæ рæгъаумæ атардтой. Ныр фæстæмæ здæхынц, ныхæстæ кæнынц. Ног хабæрттæй сæхи ирхæфсынц. Ног хабар æвдадзы хос у, зæрдæйыл царвау тайы, хæлмæгтæ фæлмæн кæны. Уæддæр тындзынц сæ хæдзæрттæм, куыст гæдзæ кæнын нæ зоны, æнхъæлмæ кæсы, æрхъæцмæ нæ хъæцы.

Кæсынц устытæ, æмæ Бобырон сæ асинтыл бады. Бады æвдæлонæй, фæлæ уæнтæхъил æмæ сæргуыбырæй. Хæрзконд сылгоймаг зыны æмпылд æмæ æнцъылдтæй. Зæхмæ æрхуымæй кæсы æдзынæг, цыма мæлдзгуытæ нымайы, афтæ. Йæ бæзджын кæлмæрзæн йæ гуырыл æртыхта, цыма сау мигъ сау рындзыл æртыхст, уыйау. Бады, йæ зæрдæмæ хъусы, æрхæндæг хуыз æвдисы.

– Мæ хæдзарыл, Бобырон æвдæлон бадт куыд кæны!- дисы бацыд устытæй иу. – Цыма йыл пъæззы ныббадт, уый хуызæн.

– Бæлвырд, Нифайыл та цыдæр хорз æрцыд, - хатдзæг кæны сылгоймæгтæй карджындæр чи у, уый. – Йæ файнустыл исты хорз куы 'рцæуы, мæрдджыны бадт уæд фæкæны Бобырон.

– Мæ ингæны ныккæс, дæ дзыхæй мæнг ныхас ма схауæд! – бацымыдис кæстæр ус.

– Хуыцау мæ фенæд, кæд рæдийын, уæд.

Баввахс сты Бобыронты дуармæ. Хъыггæнæг ус нæ уыны йæ сыхæгты, йæ сæр хæрдмæ нæ исы. Сылгоймагæн йæ цымыдис йæ разæй цæуы. Хистæр ус бадзуры:

– Тæхудиаг фæуай, Бобырон, ацафон æвдæлонæй чи бады.

Бæгуы æхсызгон нæ уыди сыхаджы ныхас сагъæсгæнæгæн. Уæддæр йæ сæрыл схæцыд. Ракаст сæм мæрддзæстæй, йæ цæсгом æндæрхуызон нæ фæци. Фæлæ йыл зынди, дзурын æм кæй цæуы, уый дæр.

— Æндæр æвдæлон ма уæд, дæ хæраммæ чи бæллы, уый дæр, - бахъынцъым кодта Бобырон.

– Æвзæр хабарæй хызт у, - батыхсти сыхаг дæр.

– Мæгуырæн хорз хабар цы Хуыцау дæтты. Æндыснæг та мæ æрцахста, - хъаст кæны ус.

«Дæ низ æндыснæг нæу, фæлæ æнтъыснæг», - йæхинымæр скарста сыхаг æмæ æфсоны фарст кæны:

– Цавæр æндыснæг у айхуызæн хъарм райсом? Хур уæнгтыл царвау тайы. Арсы сой уæм нæй æви? Уый йын æвдадзы хос у. Дæ файнусттæм ма уа, уый гæнæн нæй.

– Мæ файнусты мæ мæт нæй, мæ хур, нæй! – хъæрзæгау арф ныуулæфыд Бобырон. – Иу бон дæр та лæппу, иннæ бон дæр лæппу…

– Дæ мæрдты стæн, Нифайæн та лæппу райгуырд?

– Æмæ йын фыццаг хатт у! – хатдзæг кæны æндыснæгджын сылгоймаг. – Цыма сæ йæ фæдджийы хæссы, афтæ сæ згъалы æмæ згъалы.

– Гъе, мæ къона, дæуæн дæр нæма бавзонг и. Дæ чызджытæ–хуры тынтæ, къæсса куы "рцæгъдай, уæд сын фæзындзæн æфсымæртæ. Чи быхсы, уымæ æрæджиау хорзæх кæсы. Цæй, Хуыцау дæ æнæниз кæнæд, ноггуырд та цæринаг уæд.

Сыхаг ус йæхи æнæвдæлонхуыз акодта, æмæ йе "мбалимæ сæ хæдзæрттæм атындзыдтой.

Сылгоймаг хæйрæг у, цы нæ зоны, ахæм нæй. Зоны, кæцы нуармæ бавналын хъæуы, уый, зоны аивæй алхыскъ кæнын, хъавгæ

фæцагайын. Ацы сахат кæйдæр мастыл цæхх айзæрста, хус куырисыл зынг баппæрста æмæ афоныл йæхи айста. Йæхи бар æй ныууагъта – уадз æмæ пиллон кала. Æмæ калы.

Мæстылгъæд сылгоймагæн йæ рыст фæкарздæр и. Бамбæрста, сыхаг ус ын мыддоны æфсон хыцъыдон кæй дары, уый. Сæ фæдыл нæ ракаст, афтæмæй йын хинымæр арфæ кæны: «Пуй, палат! Мæ фыдфынтæ – дæ хай».

Æвæццæгæн, фыдæлтæ раст дзырдтой: ис курдиаты сахат. Уæд цы зæгъай, уый æрцæуы æнæмæнг – арфæ дæр æмæ æлгъыст дæр. Сыхаг усы арфæ, фæндыд æй æви йæ нæ фæндыд, уæддæр æрцыди Бобыроныл. Фондз чызджы фæстæ йын райгуырди лæппу. Хур ныккасти мад æмæ фыды зæрдæтæм, хæдзар барухс æмæ фæхъармдæр ис. Бæгуы куывд не скодтой æрæджиау гуырдæн. Мад Сатана фестади, ницæуыл ауæрста, фæстæмæ ницæуыл хæцыд. Цинæй зæрдæ рæдау кæны. Чи зоны, йæ къæбицы дуæрттæ байгом кодта йæ файнусты фыдæнæн, йæ сыхæгты цæстмæ. Чи зоны йæ уырныдта, зæгъгæ, цас куывды фынгтæ дзагдæр уой, уыйас йæ фырты цард уыдзæн дзагдæр æмæ хъæздыгдæр. Хуыцау – йæ зонæг. Зæрдæмæ ныккæсын нæй.

Лæппуйыл ном сæвæрдтой – Хъайтар, фæлæ йæ фырбуцæн хуыдтой Хъайтарбег. Уыди фырыхъулы хуызæн – æнæниз, хæрзхаст æмæ тæлфаг.

Загътон, мады зæрдæмæ хур ныккаст. Фæлæ дзы мигъ арæхдæр бадти. Æхгæд зæрдæ Иры дзыхъхъау мигъбадæн у. Уым сау мигъ къуырф бадт кæны: хур æй нæ сисы, дымгæ йæ нæ хæссы. Бобырон йæ хъæбулы цинæй зæдты фарсмæ бадт, фæлæ йæ уым дæр æндыснæг уæгъд никуы уагъта, арф ахъардта йæ тугдадзинты, æхсыдта йын йæ уды стæг, цъырдта йын йæ сæрымагъз.

Тыхст адæймагмæ низтæ æмæ фыдбылызтæ æмхиц вæййынц. Бобыронæн æнæнхъæлæджы æрбамард йæ мой. Хистæр чызг чындзы ацыд, фæлæ йын цот нæ цæуы. Дыккаг чызг аварийы бахауд æмæ цæнкуылтæй баззад. Хъайтарбег нырма – скъоладзау, æртæ чызджы дæр æфтæ. Хæдзар цуды. Æфтиаг нæй, алцы – стæм æмæ хъазар. Уыйхыгъд йæ файнусты фырттæ рацыдысты нæртон гуырдтæ – куыстхъом æмæ цардхъом. Нæ рох кæнынц идæдз усы дæр, сæ хъус æм дарынц, кæм ын йæ цæхæрадон хуым кæнынц, кæм ын суг ласынц. Уæлдай æнувыдæй йыл ауды астæуккаг æфсымæр Руслан.

Иу зымæджы сын æрласта дурæвзалы. Кæрты йæ

– Æмгарджын лæппу кадджын вæййы. Фæлæ дугъоны тых Къобы хæрды разыны. Æмгары хорзæх дæ уæд, фæлæ хионыл уæлæхох ма у. Æмгар æфсымæры нæ ивы.

Бирæгъæн æмбисæндтæ хаст, уый та хъæдмæ каст.

Хъайтармæ уыди ноджы иу царциаты миниуæг. Петыртæн сæ уынг – уæрæх. Йæ астæуты цæуы фæтæн сосæвæндаг. Кулдуары фæйнæфарс нæуу цъæх-цъæхид дардта, гауызау – сыгъдæг, рæсугъд, цæстрæвдауæн. Хъайтар-иу æнафон искæцæй машинæйыл æрбацыд, зæгъгæ, уæд-иу æй æнæмæнг баскъæрдта цъæх нæуууыл. Цæлхытæ дызгъуынтæ кодтой цъæх нæуу, æмæ дзы, æвæццæгæн, ради йæ зæрдæ. Иуæн рæсугъддзинад аразын у æхсызгон, иннæмæн та йæ халын у æхцон.

Хъайтар хъуыддаг бакодта, горæты йын фатер радтой, цот ын рацыди. Хъæумæ йæ арæх нал æвдæлд. Лæг æмæ ус – фæрæтхъæдæй барст. Йæ ус ахæм хъал уыди, æмæ йæ къахы бын бага нæ саст. Кæрты-иу йæ сабийы хъæр фæцыди, зæгъгæ, уæд-иу хъыгдарæгмæ балкъонæй бартхъирæн кодта:

– Цæуын æмæ дын дæ хурхыуадындзтæ стондзынæн! Кæй лæппуйы схойыс, уый зоныс?!

Амонд мæнгæфсон у. Æхсæв æртæх сындзыл дæр æрбады, фæлæ йæ хур уайтагъд фелвасы. Хъайтар ахæстонмæ бахауди. Сбадти гæртамы тыххæй. Æмæ та Бобыронæн йæ саст арынг йæ разы февзæрди. Уад цы "рхæссы, уый фæстæмæ хæссы.

Петр æмæ Нифайы бинонтæ æнцойбонты æрымбырд вæййынц сæ иумæйаг хæдзармæ, цыма сæм куывд вæййы, афтæ. Ацы хатт дæр та хæдзар цинæй байдзаг и. Сæ фырты фырт институтмæ бахауд, æмæ кувынц сæ царды фарнæн. Æфсымæртæй иу – Сослан – уæлдай хуымæтæг у æмæ иу афон афтæ зæгъы:

– Уæлæ та йæ уыдонæн мачи зæгъæд. Æлгъитдзысты нæ æмæ тæригъæд сты – се "лгъыст та сæхиуыл æрцæудзæн.

Æризæр. Хуры æмбис сырх æврæгъты аныгъуылд, иннæ æмбис зыны æмæ фæлмæн рухс кæны. Фос сæрвæттæй здæхынц. Дуцгæ хъуццытæ уынгты узгæ-узгæ фæздоннæрстæй уæзгæ цыд кæнынц. Бæркад хæссынц æмæ сæхицæн аргъ кæнын зонынц. Сыхы устытæ сæ размæ рацæуынц, цыма сæм цыты уазджытæ æрцæуы, афтæ. Бобырон та бады асинтыл сæргуыбыр æмæ уæнтæхъилæй. Бакæс æм, уæд бынтондæр æрбампылд æмæ нынцъылдтæ и. Сыхаг сылгоймæгтæ ныхас кæнынц:

– Мæгуыр йæ бон Бобыронæн, æндыснæг та йæ æрцахста.

– Цы бон ыл ис, æвæццæгæн та Нифайыл исты хорз æрцыд. Нæ зæронд лæг раст фæзæгъы: искæй хъыгыл хъыг кæнынæн адæймаджы зæрдæ хъæуы, искæй циныл цин кæнынæн – зæды зæрдæ.

*2009 азы 25 апрель*

МАЛИТИ Хасан

# САУ ЛÆГ

*(Радзурдти бæсти)*

1.

Адæймаг, дан, тогмондаг æй. Ка 'й зонуй æма æцæгæй дæр уотæ 'й. Ка'й зонуй æма уотæ дæр нæй.

Цард – цæрæнбони æз еунæг хатт фæууидтон тогниуазæг лæг, фал имæ адæймаги минеугутæй ба неци равзурстон. Уæд Табети Бетъур косæрттагмæ, æвгæрдгæй тефсег бадардта æма ку райдзаг æй, уæдта æ фалæбулаймæ сирди дзагъæлттæ ракодта æма 'й фæддæллæй кодта.

Косартгæнæг лæгтæ ма имæ абони дæр фæрсмæ каст кæнунцæ, мæнæн ба мæ цæститии разæй нæбал хецæн кæнуй еци нивæ. Ци ма уа уомæй æбуалгъдæр нивæ. Тог æдонуг сæттæн нæй. Мадта хуæруйнаг дæр нæй. Бетъур ба уæд уотæ дзурдта: цийнæгæнгæй: «Мæнæн тог хуарз тайуй».

Нæ фиддæлтæ тогæн æ уиндæй дæр тæрсгæ кодтонцæ, æхецæй ба ин ард хуардтонцæ. Æрмæстдæр еунæг хатт фегъустон мæстгун лæгæй уæхæн исзагъд: «Æз ин мæ тоги цъирт æ хорхи рауаддзæнæн». Гъæйдæ-гъа! Уотемæй ба нæ адæм тогæй сæ маст истонцæ. Е, æвæдзи, сæ тарстæй уотæ адтæй, кенæ ба сæ мастæй.

Никки фулдæр ба – æгъдауæй. Еци æгъдаубæл лæгдзийнадæ адтæй æ кæрдбазæ, æз æнккæтей сæр дæн, еци гъуди ба адæймагæн адтæй æ нисан, æ сæрустурдзийнадæ, æ хуæцæнгарз.

Æ тог бустæги хæстмаст кæмæн адтæй, етæ – еу уотæ дзурдтонцæ: тог-тогæй æхснадæуй, æ зæрдæ лæмæгъдæр кæмæн уидæ, етæ ба дзурдтонцæ: тог-тогæй не 'хснадæуй, зæгъгæ. Æма 'й цо, базонæ, ка си растдæр æй, уой? Ци фæууидтан æма ци уинæн, уоми фиддæлти æмбесонд æхе фараствæрцемæй æвдесуй. Фал уæддæр…

Махæй тоги адæ алкедæр зонуй. Минкъий сувæллонæн æ къох уотид минкъий ку фæцъцъæрæмухст уа, уæд æй тæккæ фиццаг æхуæдæг растæруй, уомæн æма е æхе тоги адæ æй.

Еци тог æнадæ куд æй, адгин дæр уотæ 'й. Нæ, уæддæр тог

...дær хуærунæн, нæдæр ба ниуазунæн бæззуй. Фал æй уæддæр ...урæн, уæддæр æй ниуазæн. Уотæ маке бангъæлæд æма дæ ...охи синдзæ фæннæхсгæй, уордигæй ци тоги æртæх сгъаруй, е ...рмæстдæр дæхе æй. Нæ, е не 'гасей тог дæр æй æма 'й цæсти ...гуйау гъæуай кæнун гъæуй.

«Мæнæн тог хуарз тайуй», - дзурдта еци лæг. Нæ, кæд, мийяг, ...гириз кодта, æви нæ кодта? Нæ, мæ хортæ, тоги хуæрд æма тоги ...фхуæрд царди медæгæ некæдма некæмæн батадæй.

2.

Датети гъæуи берæ фæсевæд адтæй æма гъазт кæми исаразтайонцæ, уойбæрцæ бунат Фæйзæти дæлбазур нæ ирдтонцæ. Тугъд сæ къæсæртæмæ рагæй лæборунæрвонг адтæй æма Датети гъæуи цæргутæ дæр тугъдмæ сæхе рагæй цæттæ кодтонцæ. Сæ гъосаргъи син æй ка æрцагъта, уой нæ гъуди кæнунцæ, фал æмбесонд ба сæ зæрдæбæл бадардтонцæ, ома, дан, дæ кæд сабур цард кæнун фæндуй, уæд дæхе тугъдмæ цæттæ кæнæ. Гъæу дууæ дехи фæцæй, - дæллæгтæ æма уæллæгтæбæл. Кедæр ардудæй уæллæгтæ Темури фарс фæцæнцæ, - гъæздуг знаг зæрдæралхæнæн миутæмæ алкæддæр хуæрзарæхст адтæй.

Дæллæгтæй ма ка байзадæй, етæ мæсугмæ бацудæнцæ æма уордигæй тохун райдæдтонцæ. Тугъд раеудагъ æй цалдæр бони. Мæсуги дорамад фæрстæй зинги цæхæртæ схъеуæгау кодтонцæ, фал, мараудзæ, зæгъай. Цуппæрæймаг бон мæсуги бадгутæ лæборгутæбæл дор бунмæ калун райдæдтонцæ. Знагæй дзæвгарæ ку фæццагъди æй, уæд етæ дæр сæ тæрхони æрбадтæнцæ, ома, идард дæр ци кæнæн, зæгъгæ. Адæм сæ райгурæн зæнхæ ку гъæуай кæнонцæ, уæд син басæттæн ке нæййес, уой Темур хуарз лæдæрдтæй æма æ къузуппати æрæмбурд кодта.

- Фондз æма фондзинсæййемæй тохетæ еци мæсуги нихмæ, фал уæ бон ба неци æй.

- Цуппар дуййинсæйемæй уæлдай мах нихмæ ка фæллæууа, уæхæнттæ нæййес, фал уоми ба, æвæдзи, сайтæнттæ бадунцæ.

- Етæ херастгæнæн дзубандитæ æнцæ, сæхецæй син еске райсетæ.

- Уæййаг нæ 'нцæ, паддзæхти паддзах.

- Æхцай нихмæ дæлуймон дæр нæ фæллæудзæй, балхæнетæ сæ.

- Ке балхæнæн, паддзæхти паддзах?

- Нæ нихмæ ка лæууй, уонæй еске. Хуарз æмбесонд сæмæ ес: «Мæсуг æхе дорæй ихæлуй», зæгъгæ.

Æз аци адæми рахаст хуарз зонун. Ес сæмæ æртæ нæхъæртондзийнади: мулк сæмæ зундæй бæрзонддæр бунати æвæрд æй, алкедæр си æхе иннемæй бæрзонддæр æвæруй, сæ еу си иннемæй хуæздæр ку уа, уæд ин е æнæуинон æй. Замманай гæнæнтæ. Сумах ба сæ сайтæнттæ хонетæ.

- Атæ уонæй нæ 'нцæ, нæ паддзах.

- Сугъзæрийни зæлланг еугурей гъостæн дæр æхцæуæндзийнадæ хæссуй, фæнди моладзан уа, фæнди ба будзæу.

Саулæг гъузгæ-гъузгæ схизтæй дорамади сæрмæ æма син сæ æрбунати фæзæмæ бахизтæй. Гъæуайгæс æй уайтæккидæр æруорæдта.

- Æз паддзахæн æхсицгон хабар хæссун æма кæд гæнæн ес, уæд мæ æ фæсдзæуинттæн сæ дæлдæрмæ бауадзæ.

Фондземæй имæ рацудæнцæ.

Саулæг æ дзубанди нæ ниддæргъвæтийнæ кодта.

- Еу мадзал ес, паддзæхти паддзах…

- Е паддзæхти паддзах нæй, е æ фæсдзæуинтти дæлдæртæй æй, гиуаур.

- Мæнæн уæддæр е паддзах æй… Кесенати мæсуг уæ арми некæд бафтуйдзæй, сæ дон син ку нæ ниййауазайтæ, уæд.

- Æма син ду сæ сауæдони игурæн зонис?

- Зонун, æлдар, фал ин атемæй фæууинæн нæййес.

- Дзоргæ кæнæ, куд æмбæлуй, уотæ.

- Хабархæссæгæн федун гъæуй…

- Цæйбæрцæ дæ гъæуй?

- М-мм. Дæс сугъзæрийни. Етæ фагæ уодзæнæнцæ.

Темур исмæстгун æй.

- Амæй фуддæр адæймагбæл нæма исцурæвæрæ дæн, фал ци гæнæн ес?

- Хъадирæн цæнхæ ратдзинан, æртæ бони 'й скъæти фæддардзинан, уæдта 'й рауаддзинан æма дон æхуæдæг иссердзæй, æлдар, хабархæссæг уотæ зæгъуй.

- Æма уой уæхецæй еуей сæр куд не 'рахæста?

- Фудæбони бæстæ æй, паддзæхти паддзах, ка син ци балæдæрдзæнæй.

Æртæ боней фæсте æдонуг хъадир скъæтæй куддæр

фондæдуар æй, уотæ фахсмæ ниццавта æма еу рауæн зæнхæ æ ...фтæгутæй згелун фæййагайдта.

Еу цалдæр усми æма гали сиутæ зæнхæй скалдæнцæ.

- Нæ уин дзурдтон, - бацийнæ кодта Саулæг, дон сæмæ аци сиутæбæл цудæй, нур сæ тухæ басæтдзæнæй æма мæ маст исесдзæн æз дæр Борæбазугæй.

Темури фæсдзæуинттæй еу Саулæгмæ æдзинæг никкастæй, уæдда 'й цидæр æнахур æвзагæй сосæггай бафарста:

- Ауæхæн куст син цæмæ бакодтай? А дæхе бæстæ ку æй?

Фондз боней фæсте Кесенати мæсуги бадгутæ дуар фегон кодтонцæ æма хъазауати тохи бацудæнцæ. Фал уой бæрцæ ...фсадæн цалдæр лæги рамарун цанæбæрæг адтæй. Уой фæсте Темур æ фæсдзæуинттæмæ фæдздзурдта æма син бардзурд равардта, цæмæй имæ и хабархæссæги æрбакæнонцæ.

- Æз ами дæн, æрдæгкъуæзттитæгæнгæ загъта Саулæг æма æ сæр бунмæ æруагъта. – Мæ балæггади туххæн мæмæ ести хуæрзеуæг хаудзæнæй, уой зонун, дæ фæсдзæуинттæ дин æй дзурдтайонцæ.

- О, ду æхцай кой кодтай, хабархæссæг, - загъта Темур, Саулæгмæ цъундæцæститæй кæсгæй. Фал æхцайæн кадæ ес, гадзирахатдзийнадæн ба – нæ. Дæ бийнонтæ кæми æнцæ.

Саулæг рафæлорс æй.

- Уæлæ гъæдæргъæвæни мæ хæдзарæ хонхи фахсбæл.

- Ардæмæ сæ æркæнетæ.

Саулæг зир-зиргæнгæ кастæй, æ бийнонти ин еугæйттæй æсхуститæгæнгæ куд тардтонцæ, уомæ.

- Æхеуонтæ ка уæйæ кæнуй, е махбæл ба бустæги нæ байауæрддзæй. Гагадзагъд сæ никкæнетæ.

- Паддзæхти паддзах, - загъта æ фæсдзæуинттæн сæ зундгиндæр. Хабархæссæги рамарун уа дессаг нæй, фал ин æ кæстæртæн ба никхатир кæнæ.

- Цæмæн, хелагæй хелагæ игуруй.

- Хъæбæр раст. Æз дæр уой туххæй зæгъун... Иннæ хатт бабæй ку æрбацæуæн, уæд нæ сæ сæр багъæудзæй.

Ехх, уогæ ба... Етæ рагон тауæрæгътæ æнцæ, фал цума нур ба рæстæги цудæй ци раййивта?

Аци бунат хуннуй Хонсар. Мадта... Фиддæлтæ сæ цæрæн бунат хори фæлмæн гъæрмæ урзацауæй уомæн исæвзурстонцæ æма си сæхецæн бунат уомæн скодтонцæ. Сауæдонæ сæ хуæдрæбун,

зæйуат идард, думгæй æгъигæдард, нæ сæ багъигæ дардзæй. Гъæу дæр гъæуи хузæн ку уидæ. Алли хæдзари дæр си финддæс-инсæй бийнойнаги. Басгун, цæрнуг хæдзæрттæ, кизгуттæ бæлæсти хузæн, лæхъуæнтæ – къæдзæх ка фезмæлун кæндзæй, уæхæнттæ. Гъæуи ном хуннуй Къулдунтæ.

Раздæр си ка цардæй, уомæн мах неци зонæн, фал си фæстагмæ ба байзадæй дууæ муггаги – Аратæ æма Акатæ.

Фидибæсти устур тугъди агъонмæ Къулдунти гъæуи дæллаг кæрони Акатæй цардæй еу лæг, æ ном Декъо, зæгъгæ, æ бийнойнаг Донай хæццæ. Фонс берæ, хуарæй дæр, мадта, гъæуагæ не 'взурстонцæ. Еузагъдæй, цардæй тъæпп хаудтæнцæ. Дæс анзей размæ Декъо æма Донайæн исæнтæстæй дууæ биццеуи æма кизгæ. Мадæ æма сæбæл  фидæ фурцийнæй мардæнцæ, цард сæмæ æ медбилти идзулдæй. Еу сæумæ Декъой хестæр биццеу Хъараман Арати Уæркъай фурт Сæрæмихъой хæццæ гъазтонцæ æма куд фæууй, уотæ биццеутæ цæбæлдæр рабуцæу æнцæ. Кæрæдзей ратъæппитæ кодтонцæ æма Сæрæмихъойæн æ фиййи тог æркалдæй. Сæрæмихъо сæхемæ исмедæг æй æма æ фидæн кæугæй рагъаст кодта, Хъараман мæ урди над фæккодта, зæгъгæ. Уæркъа хъæбæр истингун æй. Рагæй дæр ин æнæуинон адтæй Декъо. Еуемæй Декъо амалгъондæр адтæй, уæдта 'й адæм дæр фулдæр уарзтонцæ, фал ин ræуyонæ н' адтæй Декъой туххæн æргомæй ести зæгъунæн.

Уотемæй сæ дуармæ бадтæй æма æхецæн гъудитæ кодта. Тæккæ еци æхсæвæ сбадтæй стъоли уæлгъос æма хецæуттæмæ финстæг ниффинста, фал мæнгард куд адтæй, уомæ гæсгæ ба финста галеу къохæй, цæмæй ибæл маке фæггурусхæ адтайдæ, уой туххæн. Финста: «Еу бон æмбурди Акати Декъо хъæбæр карзæй дзурдта власти нихмæ, уæхæнттæн гъæуама бунат ма уа нæхе раст адæми 'хсæн.  Аци хабар уин игъосун кæнуй уæ хуæрзгæнæг».

Уогæ ин Сæрæмæхъой фæннад н' адтæй рæууонæ, фал Декъомæ ци æнæуинондзийнадæ дардта, е. Æма гъенур æ зæрди æригъал æй гадзирахадти сирд.

Бон дæр нæ рацудæй, уотемæй «сау халон» фæззиндтæй æма Декъой уæрикки гæлст бакодтонцæ хуæдтолгæмæ. Е нæ, фал ма ин е 'нсувæр Къотури дæр барæцугътонцæ, нæ пълан нæ æнхæст кæнун гъæуй, зæгъгæ æма дууæ лæги æнай-æнойти дунд-далагъан фæцæнцæ. Æ сæри хецауи фæсте ма Дона æхе бæргæ рагæлста, æ хъæбæр цулухъи гъостæбæл ма ин бæргæ нидздзæгелæ й, бæргæ

ма сæхе мардтонцæ фур кæунæй Декъой кæстæртæ, фал…

3.

Декъо, дан, кæмидæр бутирки бадуй, а, нур æй фехсдзæнцæ иви нæ, уомæ æнгъæлмæ кæсгæй, зæгъгæ, уæхæн дзубандитæ мидхонхмæ байгъустæнцæ, фал Къотурæй ба æгириддæр неци хабар игъустæй. Дона æвæстиатæй Къотури бийнойнаг Дзафæмæ ниууадæй æма ин уотæ зæгъуй:

- Фæстеуатгæнæн нæбал ес. Цæуæн, нæ сæрихецæутти бабæрæг кæнæн, уæдта ма син нæ бон естæмæй фенхус кæнун æй.

- Цæмæй, мæ бундор низзела? – нидздзиназта Дзафæ. – Мæ мæгур зæрдæ 'й лæдæруй, е айфонмæ…

- Нæ, тæрсун нæ гъæуй, нæ хуæрифурт Аликсандр оргæнти косуй æма ма мæ зæрдæ æрмæстдæр уобæл дарун. Кæд ести… Цæуæн, Дзафæ. Кæд? Нæ гъуддæгтæ фæрræстмæ уионцæ…

- Мæ зæрдæ нецæбæл бал æнцойнæ кæнуй, Дона. Куд, ци? Мæхе фæрсун, ка нæ бун кæнуй, зæгъгæ, фал магъа. Мæ бæдæлтти мин ка дардзæнæй, Дона?

- Уотитæ ма дзорæ, Дзафæ, исон… Мæхе зæрдæ дæр хуæздæр уавæри нæй. Исон… Ка 'й зонуй, не 'сон хуæздæр уодзæнæй…

Æма, æцæгæйдæр, иннæ сæумæ уæлдай ирддæр адтæй.

Дона æма Дзафæ Кертибийи галуæрдуни бабадтæнцæ, Мæцутæмæ нихъхъæрдтæнцæ, уоми ба кедæр брички сбадтæнцæ, фал Чиколайæй горæтмæ кутемæй схъæрдтæнцæ, е ба сæрмагонд гъуддаг æй. Æхсæвæ вагзали байзадæнцæ, уой дæр син кадæр байамудта, æндæр ин сæхуæдтæ ци зудтонцæ. Уогæ Дзафæ уой ку зудтайдæ æма вагзали бадæнтæ уотæ хъæбæр æнцæ, зæгъгæ, уæд си æхсæвеуат дæр не 'ркодтайдæ, уомæн æма сæрдигон игуæрдæн уомæй берæ фæлмæндæр фæуул.

Вагзали æхсæвгæс сæ æртиккаг хатт ку райгъал кодта, уæдмæ бон дæр æрбарохсæй æма дууæ силгоймаги фæггæппитæ кодтонцæ. Дона æ кæсæмерæ сæрбæттæн æ сæрбæл уæхæн тугъд æрбакодта æма имæ лекъаг базаргæнæг силгоймæгтæ къехæй кæсгæй байзадæнцæ, - уæхæн рæсугъд ма фæууиндæ уодзæй, зæгъгæ.

Дзафæ сæмæ æ цъæх циргъ цæститæй нидздзагъæлттæ кодта æма етæ дæр сæ бунæтти фæстæмæ æрхустæнцæ, - нерæнги ма раги адтæй…

Дона æма Дзафæн еу æнæхæдзарæ лæг нæхемæ арахъи авгæбæл байамудта ахæстони цормæ фæндаг. Дзафæ ма имæ фæстæмæ дæр фæккастæй, - æгæр хъазарбæл син ниллæудтæй, еци арахъи авгæ горæттаг чекисттæн гæртани еу хай адтæй.

Еу устур гъæунги, ахæстони дæлфæзи цъæх кæрдæгбæл ку æрбадтæнцæ, уæд син цума уæлдæф дæр уолæфунмæ сæ еуемæн дæр нæбал фагæ кодта, уотæ сæмæ фæккастæй.

- Ами мин бæргæ 'й, фал имæ кутемæй бахъæртон, Дона? – цума æ уолæвд нихъуæргæ кодта, уотемæй дзурдта Дзафæ.

Дона зæрдæй федардæр адтæй æма цума Дзафи дзурдтæ игъосгæ дæр нецæмæ æркодта, уоййау кæрдæгбæл æрбадтæй æма æ гъæлæси дзаг нигъгъæр кодта:

- Декъо!

Ехх, æвæдза! Цума ирон силгоймаг æ лæги ном ескæд исдзурдта?! Фал ин нур æндæр гæнæн н' адтæй. Лæг æма уосæ алкæддæр адтæнцæ бæстæн æмбæрзæн, еу си ку фæгъгъæуа, уæд дуйнейæн уазал æй. Цард æнадæ исуй. Цума цард тæгæр ех ниууй. Царди æмбал – арти гъар…

Æ зæрдæ 'й кумæ фескъæфуй, еци дзæнæт. Фиди хæдзарæ – цæгат. Лæги хæдзарæ – хориком. Гъар. Фал нур уодзæй уазал…

- Декъо!

Дзафæ цума еци гъæрмæ фегъал æй.

- Котур!

- Декъо!

- Къотур!

Уæдмæ гъæунги еу фудхуз милиционер æрбацæйцудæй.

Силгоймæгти гъæргæнгæ ку фæууидта, уæд сæмæ хæстæг бацудæй æма сæ рафæрсæ-бафæрсæ кæнун райдæдта. Ами цæбæл хъæлæба кæнетæ, зæгъгæ. Дона имæ рауæлæ æй æма ин æ арми хæдзариконд къусумон фæссагъта, уæдта уотæ бакодта, ома, дæ цъухбæл ку хуæцай, уæд ма дин исон дæр уæхæн къалбас ратдзинан, зæгъгæ.

- Æма сумах ба ка айтæ? – æнæнгъæлти сæ фæлмæн гъæлæси уагæй бафарста милиционер.

- Елхоттæгтæ, мæнæ нæ гогузтæ æма къалбæстæ уæйæмæ сластан. Нур ба не 'мбæлттæмæ æнгъæлмæ кæсæн.

- Хуарз. Æрмæст гъæр ма кæнетæ, уæдта ами ма бадетæ, кæми уæ фæндуй, уоми бадетæ. А мæнæн мæ участок æй, милиционер рандæй, Дона Дзафæмæ бакастæй, æ къусумонтæй ма имæ ци

байзадæй, уони хецæн дзæкъоли райвардта, изæри ма нæ ку багъæуонцæ, зæгъгæ, æма бабæй æ гъæлæсидзаг нигъгъæр кодта:

- Декъо!

Æ хуæдфæсте нийиазæлдæй Дзафи гъæр дæр:

- Къотур!

Фæлабулай адтæй сабур. Тæгæр бæлæсти сифтæрти сæбар-субурмæ адæймаги гъостæ цидæрхузон гув-гув кодтонцæ. Еу афони уæлдæфи æнахур лæмæгъ цæхъалау накæгæнгæ райгъустæй нæлгоймаги дæргъвæтийнæ ристæйдзаг гъæлæс:

- Данæ!.. (æ уоси Декъо уотæ худта). Данæ!

Дона фестъæлфтæй. Е æригъуста æхе Декъой гъæлæс. Кæцæйдæр. Мæрдтæй. Идард кæцæйдæр. Дона нигъгъæр кодта:

- Декъо!

- Æз ами дæн, Данæ!

- Æз дæр ами дæн, Декъо!

- Цæмæн, Данæ?

- Дæумæ иссудтæн, Декъо!

Дона æ исæвгун гурæ æ хаугун сасуги æрбатухта æма никкудтæй. Дзафи цæхæркалгæ цъæх цæститæ зинги къæрттитау ферттивтонцæ æма нигъгъæр кодта:

- Декъо, Къотур дæ хæццæ нæй?

Дзуапп нæ райгъустæй фæстæмæ. Дона æ сæрбæл исхуæстæй. Ахæстони хурфæй райгъустæй цидæр гуппитæ, цидæр æмир зæлтæ, уæдта Декъой уодаист гъæр:

- Данæ, ледзгæ кæнæ уордигæй! Некебал ес! Ледзгæ! сувæллæнттæ... Ей!

Декъойæн ма Аликсандри хæццæ фембæлдмæ байззадæй æдеугурæй дууæ сахатти.

4.

Е дессаг куд нæй – кæцæйдæр игъустæй куройни зугъгъут-зугъгъут. Цума адæймаги стгутæ инсадта.

«Двойкæ» æрбадтæй. Сæ цори Декъо. Дзубанди кодтонцæ æрмæстдæр дууемæй. Декъо – сау нади фæсте, æ къæхтæбæл ма туххæйти лæудтæй, уотемæй, уæдта оргæнти косæг Аликсандр.

Аликсандр. Мæлис æви нæ?

Декъо. Мæ бæдæлттæмæ мæ рауадзæ, Аликсандр. Еумæ ку ирæзтан. Ци мин кæнун кæнис, мæ сæрæн ку неци лæдæрун, уæд?

Аликсандр. Ду берæ цидæртæ зонис. Таубети Дзæрæхмæт

адæми уæйæгæнæг æй æви нæ?

Декъо. Неци ин зонун, дæ кустаг мæ ци скодтай?

Аликсандр. Ду алцидæр зонис. Ду къæлхози фонс ластай æма сæ уонæн уæйæ кодтай.

Декъо. Мæ рæстдзийнадæ дин кутемæй балæдæрун кæнон, нæй зонун. Æз хумæтæги фиййау дæн. Æз еци хабæрттæн неци зонун.

Аликсандр. Дзубанди идæрдтæбæл цæуй. Фал дæу аци бон рагæрах кæндзæнæнцæ. Дæ зæнæгмæ ма ести фæдзæхсис?

Декъо. Гæрах ба ци æй?

Аликсандр. Фæддææхсдзæнæнцæ. Дæ цард фæцæй.

Декъо *(тарстæй)*. Æма мæ сабитæ ба?

Аликсандр. Дæ сабитæмæ кæсæг уодзæнæй. Паддзахадæ.

Декъо *(мæстæлгъæд худт бакæнгæй)*. Паддзахадæ син мæн нæ баййевдзæнæй.

Аликсандр. Баййевдзæнæй. Беретæн баййивта паддзахадæ сæ фиддæлтæ æма мадтæлти.

Декъо *(æ фæлабулаймæ рагъæуæйттæ кодта)*. Æз еунæгæй мæрдтæмæ нæ бацæудзæнæн. Мæлун ба зин нæй.

Аликсандр. О, раст зæгъис, мæлун зин нæй. Æнцон æй.

Декъо. Æма уæд ду цæмæннæ мæлис?

Аликсандр. Мæнæн не 'нгъезуй. Æз паддзахади ихæс æнхæст кæнун. Мæнæн хецауадæ ку зæгъа, дæ мади Сибири амæттаг фæккæнæ, зæгъгæ, уæддæр æз цæттæ дæн.

Декъо. Ду цæттæ нæ дæ, ду фиртон дæ. Уогæ фиртон дæр уотæ нæ бакæндзæнæй.

Аликсандр. Дзорæ, цидæриддæр дæ фæндуй, уой, фал дин æз дæ еци дзубандитæмæ дæ къембуртæ ниссæтдзæнæн.

Декъо. Аликсандр, дæ зæрдæбæл æй дарæ, ду мæн уордæмæ асланæй нæ рарветдзæнæ. *(Цæбæлдæр бабæй листæг расагъæс кодта)*. Уогæ... Аликсандр, мæ гъæуккаг, мæ къабазæ... Еумæ ку ирæзтан... Фæттæрегъæд мин кæнæ. Мæнæн нæ, мæ сабийтæн...

Аликсандр. Уонæбæл мæтæгæнæг уодзæнæй. Дæ бийнойнаг... Зæнæг цал æнцæ?

Декъо (зæрдигъæлдзæгæй). Дууæ биццеуи æма кизгæ. Ра мæ уадзæ, Аликсандр, мæ сабити туххæн дин мæ тогæй кæрдзинтæ фæккæндзæнæн.

Аликсандр. Дæ кæрдзинтæ дæхецæн уадзæ. Дæ зæнæг... Етæ сæхуæдтæ æфсад æнцæ. Етæ сæхуæдтæ сæ гъуддæгтæ

арраздзæнæнцæ. Гæнæн ес æма дæ рæхги феронх кæнонцæ, адæми ниаг ке гъæуй, сæ нæдтæ æхгæд ку уонцæ, уæд естæбæлти сагъæс кæндзæнцæ.

Декъо *(æ фæстаг хъаритæ æрбамбурд кодта)*. Раст мин зæгъай, Аликсандр, уагæри дин ци ракодтон, уойбæрцæбæл мæмæ цæбæл смæстгун дæ?

Аликсандр. Мæ гъæуккаг ке дæ, уæдта мæ мади æрвадæ, уомæ гæсгæ дæбæл æгæр берæ рæстæг исхардз кодтон. Седов! Æндæмæ! Мæ цæстæ дæр æй куд нæбал фæууина, гъе уотæ. Куййæн – куййи мард: æхсгæ! Мæнæ гъе нуртæккæ!

Декъо еци дзурдтæ ку фегъуста, уæд стаййи гæпп фæккодта æма хорхбæл ауиндзæгæй райзадæй.

- Зæнхистæн, еунæгæй ба нæ бацæуудзæнæн мæрдтæмæ!

Салдæттæ фæммедæг æнцæ æма си сæ еу дамбаца Декъобæл ниццавта. Декъой дæндæгтæ Аликсандри хорхæй фæууæгъдæ 'нцæ, æ маргутæмæ ма еухатт радзагъолæ кодта æма рахъан æй.

Аликсандр æ хъурбæл хуæцгæй, сабургай систадæй.

- Ауæхæн æнамонд адæм ма си фæууиндæ уодзæнæй. Хуарз син кæнæ, уæддæр æй фуддæрæрдæмæ лæдæрунцæ. Нур ций фæндуй дæр кæнæд, инней ракæнайтæ, атæ ихæс ци æй, уой нæ лæдæрунцæ.

Зæрдæсаст Дона æма Дзафæ цалинмæ горæтæй гъæумæ цудæнцæ, уæдмæ къулдуми гъæуи лæгтæ, мæнæ лискъæфтæ халæбæл куд рацæвай, уотæ еу инней фæдбæл сæумон мегъау исæфун райдæдтонцæ. Аратæ æма Акатæ кæрæдзей буни æндзарун райдæдтонцæ æви син сæ бундорбæл еу лæг æндзарста, уой нæ зудтонцæ. Уæркъа ба æ уодæй арт цагъта, æ хахуртæ финсæн пъеро сурхзинг фестадæй. Мæнæ ма имæ гъæусовети секретари бунат ку æрхаудтæй, уæдта бустæги нифсгун иссæй. Сæ гъæубæсти хуæздæртæ исæвди къахбæл ке бафтудæнцæ, уобæл цийнæй мардæй. Хор-еу нæма рафтудæй, уотемæй-еу «сау халон» ку Аратæй, ку Акатæй лæг фæлласта. Уотемæй фондз бонемæ Аратæй фæгъгъудæй æхсæз лæги, Аккатæй ба – аст. Сæ лæгтæй цох кæнун ку райдæдтонцæ гъæуи силгоймæгтæ, уæд балæдæрдтæнцæ, се сæвд ке æрцудæй, уой.

Гъæуи бунæй ма-еу цъæхснаг гъæлæсæй бæргæ нигъгъарæнгæ кæниуонцæ, зæнхæ дæндагæй бæргæ æхсидтонцæ, фал... Æрмæстдæр-еу сæмæ цалдæргай æнзти фæсте гъарун райдайидæ, хехуартæ ке æнцæ, е. Цал æма цал хатти райгъусидæ

Уæллаг гъæуи: «Габран», кенæ «Хасанбег», «Заур!» Раевгъудæнцæ. Сæ уостити гъæр ма абони дæр азæлуй Къулдунти нарæг гъæунгти. Азæлуй сæ гъæлæс, сæ бæдæлттæ нерæнги дæр ма сæ уаси нæма иссердтонцæ седзæр дзæбодури бæдæлттау, сæ кеми нæма æрцудæнцæ æнæ сæ фиддæлти рæвдудæй, фал уæддæр цæрунцæ, æрмæст еци рæстæгутæ ба нæ иронх кæнунцæ. Уæдта син иронхгæнæн дæр нæййес, æрмæст Донай зæнæг цидæр хъæбæр нифсгун æнцæ. Еци рæстæгути туххæн Донай кæстæр фурт ести ку фæдздзоруй, уæд æй æ цæстисугтæ фæрсгæ дæр нæбал бакæнунцæ. Ехх, уогæ ба…

Еу къуæре рацудайдæ, уæдта Къулдунти гъæумæ горæтæй æрцудæй оргæнти косæг Аликсандр æма гъæуи цæргути клубмæ æрæмбурд кодта.

- Аци гъæуи цæргутæй цуртдзастдæр неке æй, зæгъгæ, дзурдта Аликсандр, æппæлунтæ сæ исиста, адæми знæгти дзæбæх кунæг кæнетæ æма уин уой туххæн уæлдæр хецауадæй уæлдай устурдæр арфитæ æрхастон, зæгъгæ, дзурдта.

Къотури бийнойнаг Дзафæ имæ æфсæрмигæнгæ æхе ку бакъолæ кодта, дæ мади æрвадæ Къотури ести хузи ку раервæзун кæнисæ, зæгъгæ, уæд ин Аликсандр æ цъæх цæститæмæ лæмбунæг никкастæй, æ зæрдæ имæ багъазта, уæдта сабургай сдзурдта:

- Къотур, зæгъис?! Раст зæгъун гъæуй, еци гъуддаг æз нæ лух кодтон, фал мин куддæр гæнæн фæууа, уотæ ести…

Уогæ куд фегъустон, уотемæй, дан, Къотур адæми знæгтæн сæ налатдæртæй еу адтæй, сабур дони сайтан бадуй, абæргутæн къæлхози фонс еугай-дугай уæйæ кодта. Ести ма си рауайа, нæ зонун…

- Мах лæгмæ дæр ма дæ цæстæ æрдарæ, æ ном Къала хуннуй, - Акатæй, Дзафий рансонгæй сдзурдта Манизæ.

- Æрмæстдæр дæуæй боз уодзинан, Мисирбий хуннуй мах лæг ба, нидæнæй курдта иннæ силгоймаг.

Дона бадтæй фæстаг рæнгъи тæккæ кæронккаг къелабæл æма лæмбунæг игъуста силгоймæгтæмæ.

Цалдæр гæгъæдий гæбази бабæй фæхъхъæрттæнцæ Аликсандири стъолмæ. Е сæмæ æркæсидæ æма æ медбилти байдзулидæ, уæдта сæ æ реуи дзиппи ниввæридæ. Ци си финст уидæ, уой Дона нæ зудта. Æппунæдзохдæр æ гъостæбæл азæлдæй Декъой гъæр: «Ледзгæ!» æма æ мæгур зæрдæй лæдæрдтæй æ

[illegible]ги ке некæдбал фæууиндзæй, уой. Æ кæсæмерæ сасуги е' уæнгтæ æрбатухта æма сабургай рацудæй клуббæй. Идард кæцæйдæр имæ игъустæй куройни фидти дзæгъал-мугъул æма æ [illegible]рдæ баризтæй. Тоги куройнæ идарддæр инсадта æ тогæйдзаг инсуйнаг. Гадзирахатти сирд идарддæр зилдæй хуæнхбæсти фæхстæбæл æма агурдта æ амæттаги.

5.

Дзафæ æ сувæллæнтти цидæр дивилти æрниурста, æ мæгур царди сагъæстæбæл бафтудæй, фал лæгбæл хуссæг уæлахез кæми нæ фæууй æма рафунæй æй.

Еци рæстæг райгъустæй дуари æмир гупп-гупп.

- Кæци дæ, е? Дзаффæ æ хуссæнæй фесхъиуттæй æма дуари цормæ балæудтæй. – Ами неке ес.

- Дуар байгон кæнæ, - райгъустæй нæлгоймаги гъæлæс.

- Къотур ами нæй.

- Æнæбайрайгæ си скæнæ, - байгон кæнæ дуар.

Дзаффи финдзихъæлтæ ратуппуртæ æнцæ. Е, æнæмæнгæ Аликсандр æй. Ци æй гъæуй? Сæ хуæрифурт, уæдта ма Къотурæн... Ести æнхус.

Дзафæ дуар урух байгон кодта.

- Медæмæ. Мах уæхæн кадгин иуазæги агкаг н' адтан. Нуртæккæ... Еунæгæй цæмæ дæ?

- Æз мæ амæттагмæ алкæддæр еунæгæй фæццæун. Мæнæй уæлдай имæ гъæуама маке бавнала.

Дзафæ рафæлорс æй:

- Етæ ба дин ци дзубандитæ æнцæ, Аликсандр. Нæ хуæрифурт ку дæ.

- Адтæн уæ хуæрифурт, фал нур ба æз ци зæгъон, е уодзæнæй. Сувæллæнттæ фунæй æнцæ?

- Нæ 'нцæ, - сдзурдта Дзафæ. - Ци дæ гъæуй?

- Ду, дæ цъæх цæститæ.

- Хуарз, - Дзафи сæримагъзи цидæр гъуди фæззиндтæй. Къотур ци фæцæй?

- Ха-ха-ха! Е 'носон фæндагбæл раевгъудæй. Гæдзирахатт лæг. Адæми знаг. Æ кой ба ма ин куд кæнис?

Дзафæ нур ма нур æрлæдæрдтæй, Аликсандр ниуазтгун ке æй, уой.

- Нийхъудти уадзæ дæ лæги, æз дин нуртæккæ...

- Еци тæрхон ин ду рахастай?

- Мæнæ мæхуæдæг.

Дзафæ фестæлфтæй, балæдæрдтæй, Къотури марæг ка адтæй, уой. Аликсандр æй æ хъури ракæнунмæ гъавта, æ пъолций кæронбæл ин фæххуæст æй æма 'й æхемæ æрбалхъивта. Дзафи сæри магъзи тог рабадтæй, æ реуи рæбунæй фелваста, æ мади мадæ Гагудза ин ци æвзестæ хъæма ниууагъта уой, æма уазал æндон циргъаг лæги нард губуни æ фестони уæнгæ бафардæг æй...

6.

- Аци адæмæй некæд неци рауайдзæнæй – районæй æрвист лæги цæстæмæ дзурдта Уæркъа, Къотури хæдзарæмæ амонгæй, Дзафи ку фæлластонцæ, уой фæсте. Æд цъелæ, æд мелæ сæ фесафун гъæуй. Хелагæй – хелагæ игуруй.

- Уæркъа, уотæ ма зæгъæ, сувæллæнттæ ба си ци фудгин æнцæ? – æ цъухæй схаудтæнцæ æнæнгъæлти еци дзурдтæ Тотразæн, фал сæбæл уайтæкки дæр фæффæсмон кодта.

Дзафи бæдæлттæ, цума цъеусорæй тарстæнцæ, уотæ Моси тегъæбæл сæхе кæрæдземæ нилхъивтонцæ æма æнгъæлмæ кастæнцæ, идарддæр син ци тæрхон рахæсдзæнцæ, уомæ. Кизгутти хестæр Зæринæ æмбаргæдæр адтæй æма 'й лæдæрдтæй, цæрæнбонти сæ мадæ æма фиди табедзæй æнæхай ке фæцæнцæ, уой, æма æхецæн хæкъурцц куд кодта. Уой фæсте ба æ цæститæ нифси æрттивд фæккодтонцæ, æ цæнгтæ кæрæдзебæл æрбатухта æма сдзурдта:

- Ма нæмæ бавналетæ, мах неци фудгин ан.

Уæркъа тургъи кæрон лæдзæгбæл æрæнцойнæ кодта æма цума хъæбæр мæтæ кодта, уотæ загъта:

- Исафуйнаг дзилагæн тæрхон кæнун дæр нæ гъæуй. Хелагæ æ уиндæй дæр бæрæг æй. Мах паддзахади туххæн фудæбон кæнæн æма уомæн куд хуæздæр уа, уотæ гъæуама кæнæн.

Районæй æрвист лæг галбоз фæцæй Уæркъай еци дзурдтæй æма æхсицгонæй сарази æй Уæркъай хæдзарæмæ къæбæр, цæнхæ бахуæрунбæл æрмæст ма загъта:

- Аци сувæллæнттæ тæккæ абони горæтмæ ласгæ æнцæ æма син уоми мах сæ бунат иссерун кæндзинан. Закъон, мæ хортæ, æ куст кæнуй, мах паддзахади седзæртæ уа, уомæн уæвæн нæййес.

Дона æхе хæстæг æрбайста æма Дзафи сабити æ дæларм æрбакæнгæй, сдзурдта:

- Аци сабитæмæ ка бавнала, уомæн мæ тоги цъирт æ хорхи гъæлгъæлаги рауадздзæнæн.

- Ду ба син ка дæ, - нидæн фарст равардта районæй æрвист лæг.

- Сæ мадæ, æндæр ка!

Районæй æрвист лæг адæмбæл æ цæстæ рахаста, фал дзоргæ ба нецибал скодта.

Уæркъа бабæй æ дзурд багæлста:

- Е сæ фиди æнсувæри уосæ æй, абони нæ нæ евдæлуй, исонмæ сæ уадзæн, кума нин ервæзунцæ.

Еци рæстæг Донай цæститæ уæхæн цæхæртæ ракалдтонцæ æма сæмæ Уæркъа ку фенгаст æй, уæд æхе еуварс райста.

Дона Дзафи сувæллæнтти къохтæбæл рахуæстæй, кæстæр Азамати æ гъæбесмæ исиста æма сабургай рацудæнцæ сæ хæдзарæмæ. Донайæн æхе æртæ сабиййебæл ма нигкидæр бафтудæй æртæ.

Дона дзæвгарæ усмæ фæббадтæй, æ хъисмæти фæззелæнтæ берæ фæррабарæ-бабарæ кодта, уæдта сфæндæ кодта...

Кæстæр ку скудтæй, уæд Дона сувæллони æ гъæбесмæ исиста, æ реу байгон кодта æма 'й Азамати гъæлæси рацавта. Сабий уайтæккæдæр фæгъгъос æй.

Цард мæлун нæ комуй. Дона исарази æй æ тузмæг хъисмæтбæл.

Уæркъа аци бони хабæрттæбæл уотæ цийнæ кодта æма си сауæнгæ æ фун дæр ма фæллигъдæй. Цидæр гæгъæдитæ рафæлдахæ-бафæлдахæ кодта, æ били буни цидæртæ радзæгъ-дзæгъ кæнидæ æма æхецæн байдзулидæ.

Æртемæй ма ин байзадæнцæ æ амæттæгтæ: къæлхози сæрдар Хадзибатæр, парторг Мæхæмæт æма гъæусоветти сæрдар Бекирбий. Етæ ин нур сæрмагонд кири æвæрд æнцæ, фал хецæутти туххæн никки тухгиндæр финсун гъæуй. Тæккæ фиццагидæр гъæуама Бекирбиййæй райдайа, æ бунатмæ ин рагæй гъавуй, фал ин нерæнги уордæмæ баервæзуни фадат нæма фæцæй.

Бекирбий райони фæлтæрдгин разамонæгбæл нимад цæуй, адæм си боззаг æнцæ, тæккæ фиццагдæр хъиамæтгун лæги фарс фæууй. А-аа!... Уогæ ба сау æма æнæхæдзарæ, дзæгъæлхæтагæ адæми фарс æй? Уогæ ба 'й мæгурти паддзахадæ аразун фæндуй? Æхе сæрмагонд хецаудзинадæ æрæвæрун: Анархи? Æма нуртæккæ хецауадæ Къулдунти гъæуи æндæр гъуддæгтæбæл ку косуй? Нæ,

неци дин си рауайдзæй Бекирбий!

Уæркъа чернелдонæ æхемæ хæстæгдæр æрбаласта, гæгъæди æррæвдзæ кодта æма куддæр «Уæ хуарзæнхæй финсуй уæмæ уæ хуæрзгæнæг», зæгъгæ, ниффинста, уотæ дуари гупп-гупп райгъустæй. Уæркъа фестъæлфтæй, аци афони ба ка гъæуама уа, зæгъгæ, æма дуар байгон кодта.

Æртæ лæги… Сæ еу си Уæркъамæ цидæр гæгъæди февдиста æма ин æ цæнгтæбæл фæххуæстæнцæ. Минкъий уоддæр лæудтæй сау машинæ. Теменæ ма бæргæ рауадæй хъæлæбамæ, фал æ лæги уингæ дæр нæбал фæккодта, «сау халон» уайтагъддæр Кертибиййети дзæхæрай фæсте тари æрбайсавдæй. Гъавæгæй лæборæгæй ка фæрраздæр æй, уой Уæркъа лæдæргæ дæр нæбал бакодта.

7.

Рæстæг æ цуди кой кæнуй, цард æхеуонтæ домуй. Сурхирай гъæу кæми 'й, уой алкедæр зонуй. Уоми гъæугæронмæ хæстæг ферми цори Самаратæй цардæй еу лæхъуæн. Гермæн, зæгъгæ, æ ном. Кæмидæр гъазгæй фехæсгин æй æма æ зæронд мадæй æхца æрагурдта. Мæгур зæронд уосæмæ ци адтæй, уони ин равардта, фал етæ Гермæнмæ фагæ нæ фæккастæнцæ æма ма ниггидæр агурдта. Мерет ци гъæуама равардтайдæ æ фуртæн.

Гермæн тургъæмæ рацудæй æма гъудити ранигъулдæй. Æ цæстингас рахаста, æ фидæй ин ка байзадæй, еци бæстихæйттæбæл. хæдзарæ рæстæмбес, сара, тургъæ, дзæхæрадонæ. Æртиккаг бон сæмæ æлхæнгутæ фæззиндтæнцæ – Мерет нæ лæдæрдтæй, æнæзонгæ адæм ин æ хæдзарæмæ уотæ лæмбунæг цæмæ кæсунцæ, уой. Цалдæр сахаттей фæсте Гермæн рæбунггаг уати хуссæнбæл æхцатæ æркалдта æма сæ нимайунбæл схуæстæй.

Мерет æ сæргъæмæ бацудæй.

- Уæд дин етæ циуавæр æхцатæ æнцæ, биццеу?

- Хæдзари æхцатæ, исонæй фæстæмæ ами нæбал уодзинан.

- Куд нæбал уодзинан ами ба, - ниссæххæтт кодта Мерети зæрдæ.

- Хæдзарæ рауæйæ кодтон.

- Куд æй рауæйæ кодтай, нæхуæдтæ ба кæми цæрдзинан?

- Ду зæрæндти хæдзари, сæ хæццæ бадзубанди кодтон. Мæн æхца гъæуй. Мæнæ гъе нуртæккæ. Æз син фæууинун кæндзæнæн.

Гермæн æхцатæ рамбурд кодта æма æндæдуар фæцæй.

Цард, дан, æ цоди кой кæнуй, зæгъгæ, ку загъетон. Алкæд, гъулæггагæн, уотæ нæ фæууй. Мерети дугкаг бон æ синхæгтæ бæндæнæй æристонцæ æма 'й байвардтонцæ. Горæти гъазæндæнттæй еуеми Гермæн е 'хцатæ фæххуæрд æй, æ масти фæдбæл дамбаца куд фелваста, уотæ 'й гъæуайгæстæй еу уæхæн æнахур цæф никкодта æма лæг æрхаудтæй.

Æ мадæ уазал сигитбæл ке бафтудæй, уой дæр нæбал базудта.

Цард бабæй идарддæр цæуй æхе фæтгæбæл. Гадзирахатт бабæй æлдареуæг кæнуй идарддæр.

ХУЫГАТЫ Сергей



# РАДЗЫРДТÆ

## БОЦМÆН

*(Эммæйы радзырд)*

Куы-иу æрлæууыд, уæд-иу йæ сæр иуæрдæм æркъул кодта, цыма йæм уыцы 'рдыгæй исчи ахсджиаг цыдæр æрбадзуринаг у, æмæ йæм куы 'рбадзура, æмæ йæ куы нæ фехъуса, уымæй тарст.

Лæугæ-иу бирæ нæ акодта, афтæ дзырды бæрц, стæй-иу фæцæуыныл. Куы-иу фæцæйцыди, уæд та афтæ зынд – фæцæуы æмæ фæстæмæ никуыуал раздæхдзæн. Æмæ йе 'рлæуд дæр æнкъард уыди, фæлæ йæ фæцæйцыд та бынтон æнкъард уыди.

Йæ фæрсты хъуын ма ранæй-рæтты лæгъз дардта сæрвасæнæй фасты хуызæн, æмæ-иу хурвæрсты куы фæцæйцыди, уæд-иу бурбын тæмæнтæ калдта йæ хъуыны лæгъз.

Дæле, вагзалæй гыццыл дæлдæр иу цæхгæрмæ уынджы дыуузæ лæджы сис амадтой. Сихоpафон-иу куы æрцæйхæццæ кодта, уæд-иу уырдæм æрбацыд, – кæцæй-иу æрбацыд, уый нæ зыдтой

дыууæ лæджы. Æрбацыди-иу, æмæ, лæгтæ чъырызмæст цы æфсæйнаг тæгæнайы дардтой, уый дæле-иу уыцы фæзы æрбадт æмæ-иу, лæгтæ куыд змæлыдысты, уымæ каст. Стæй-иу иуафон лæгтæ сæ къухтæ ныхсадтой æмæ сын уым, сисы рæбын уæлæмæ хизынæн агуыри дуртыл цы фæйнæг æвæрд уыд, ууыл сбадтысты æмæ-иу сихор хæрын райдыдтой. Уымæн дæр-иу авæрдтой истытæ сæ сихорæй. Æппаргæ-иу ын сæ нæ бакодтой йæ размæ, куыдзы размæ куыд баппарынц исты, афтæ, – æнæуи-иу ын сæ æрæвæрдтой йæ разы. Стæй-иу æм кæнæ сæ иу сдзырдта, кæнæ иннæ:

– Ахæр, Бури!

Бури йæ, йæ фарсыл ма цы лæгъз хъуынтæ уыди ранæй-рæтты, уыдон бурæрттывд кæй кодтой, уый тыххæй схуыдтой уыцы дыууæ лæджы. Æмæ-иу иуæй-иу куыдз куыд ныкъкъæпп кæны, цы йын аппарынц, уымæ, уый къæпп нæ ныккодта. Йæ цуры уал-иу æрлæууыд, йæ даргъ къуди-иу аратил-батил кодта, цыма йæм бавнала-ма бавнала, ууыл хъуыды кодта, стæй-иу æм иуæрдыгæй дæр бакаст хæринагмæ, иннæрдыгæй дæр æмæ-иу райдыдта хæрын.

Лæгтæ-иу æм кастысты, хордтой-иу æмæ-иу ныхæстæ кодтой. Æвдæлон ныхæстæ-иу кодтой, хордтой-иу афтæмæй. Уыцы иугъуызон ныхæстæ-иу кодтой алыбон дæр.

– Ай дын мæ Хуыцауы къух, – ай уынджы чи схъомыл, ахæм куыдз нæу. Дæ хъус ма йæм дар, кæддæра иуæй-иу лæгæй уæздандæр нæ вæййы йе 'рбацыд дæр æмæ йе 'рбадт дæр.

– Уогъ, хæдзарон куыдзы каст кæны. Уымæй дæр дзæбæх цæрæг чи уыди, ахæм хæдзары куыдзы каст.

– Уæдæ! Æмæ йыл цымæ цы 'намонды хабар сæмбæлд, йæ фæстаг уынгмæ цæмæ æрхауди, цымæ?

– Чи йын цы базондзæн! Мæнгард у цард. Ахæм дæлæ-уæлæтæ кæнын зоны а цард чи у уый, æмæ – гъей, лæппу! Чи зоны, исты хæрæн бынаты куыста йæ хицау, чи зоны йын æгæр хæрд фæци – кæй къухтæ лæууынц ацы хæринаг фæллоймæ! Æмæ йæ ахæстоны бамидæг кодтой.

– Гæр æмæ йын бинонтæ нæ уыдаид. Уыдон та йыл куыд суæлæхох уыдаиккой æмæ йыл уынгмæ куыд рахæцыдаиккой?!

– Бинонты ма уый мæт уыдаид! Сæ дарæг-сæ уромæгæй ма сæ уымæ æвдæлдаид!

Алыбон дæр уыцы иугъуызон ныхæстæ, алыбон дæр-иу сихорыл куы 'рбадтысты, уæд. Алыбон дæр æвдæлонгъуызæй. Уый-

иу хордтаид æмæ та-иу рæстæгæй-рæстæгмæ йæ къуди батылдта, цыма лæгты ныхасмæ уый дæр цыдæр сдзурынмæ хъавыд, фæлæ, цæмæй райдыдтаид, уый нæ зыдта 'мæ ууыл хъуыды кодта.

Стæй фæци сæ сисамад дыууæ лæгæн æмæ ацыдысты. Уый ма-иу уæддæр æрбацыд. Афтæ-иу иу цыд не 'рбакодта, фæлæ-иу æрлæуу-æрлæугæнгæ æрбацыд. Бадгæ дæр-иу акодта. Уартæ сын тæгæна кæм æвæрд уыд, уый дæле-иу абадти. Дыууæ лæджы-иу ын сæ сихорæй истытæ кæм æрæвæрдтой, уыцы ран. Бирæ нæ, гыццыл-иу абадт æмæ-иу ацыд. Уалæ-иу вагзалы 'рдæм ацыд – уыцы 'рдæм фылдæр цæуджытæ уыд æмæ-иу уый дæр уыцы 'рдæм ацыд.

Вагзалæй гыццыл уæлдæр æрæджы дардыл æрæхгæдтой. Стыр къæйтæ æрбаластой, цыппæрдигъон чъыр-дур къæйтæ æмæ сæ уым схъил кодтой. Къæйтæй даргъ къул рауади, даргъ æмæ бæрзонд къул. Вагзалы раз цы фæз и, уырдæм кæм æрхæццæ къул, уым уыцы къæйтæй иу ныллæгдæр разынд, бирæ ныллæгдæр, иннæтæн сæ астæутæй гыццыл уæлдæр æххæсти, æндæр нæ. Къулы мидæгæй кусджытæ куы фæзынд, се змæлды уынæр куы райхъуысти æддæмæ, уæд мидæмæ бацæуын сфæнд кодта – кусджытæ сихор ма хæрой, уый гæнæн куыд и! Æмæ сæ уæд исчи афтæ куыд нæ зæгъдзæн истæмæй – гъа-ма! Æмæ-иу йæ фæстæгтыл сбадти уыцы ныллæгдæр къæйы акомкоммæ вагзалы фæзы æмæ-иу æнкъардæй касти къæймæ: æвæццæгæн-иу рабар-бабар кодта – сгæпп кæнид уыцы къæймæ æмæ куы нæ схауа. Стæй ацыди къул-къул æмæ, далæ кæройнаг къæй йæ ных, вагзалæй уæлæмæ цы къуырма къул радаргъ, уымæ кæм бахаста, уым æм æххæст куы нæ баххæссид къæй, æмæ дзы заманайы дзæбæх зыхъхъыр куы рауаид! Æмæ-иу уыцы зыхъхъырыл бахызт мидæмæ дæр, ууылты-иу рахызти æддæмæ дæр. Ныр ничиуал вæййы æхгæд къулы мидæг, æвæццæгæн, схæцыдысты кусджытыл æмæ сæ æндæр кæдæмдæр аппæрстой. Уæдæ цы хъуамæ фæуыдаиккой æндæр уыйæппæт кусæг! Уый-иу уæддæр бацыд мидæмæ – цы цæуын æй хъуыд уыцы дзæбæх зыхъхъырыл! Бацыд-иу, аразил-базил-иу кодта уыцы чъыркæлдтытæ 'мæ дуркæлдтыты алывæрсты æмæ-иу фæстæмæ раздæхт.

Уыцы бон гыццыл рауарыд, стæй банцади йæ уарын. Æмæ Сæнайы хохы сынæгæй уартæ Арвыкомы 'рдæм уыцы аивтастæй йæхи айтыгъта арвæрдын. Йæ авд тæлмæй авд рухсы ивылди æмæ сæ кæркæ-мæркæ змæлдмæ цæстытæ дзæбæх кæсын нæ фæрæзтой.

Вагзалы фæзы дæллаг кæрон иу тымбыл æлвыд сабулæты бын хибарæй цы дыууæ лæджы лæууыди, уыдон кæрæдзимæ къухауууæтты кастысты. Лæгтæн сæ иу уыд бæрзонд æмæ коса. Стæй ноджы къæсхуыр æмæ чысыл гуыбырдзæф. Сабулæты сыфтæртæй-иу йæ сæрыл æртах куы æрхауди, уæд-иу æй йæ тъæпæн армæй æрсæрфта, стæй-иу æриста йæ арм æмæ-иу æм æркасти. Йæ тæнæг къандзолгонды фæрстыл цы дзыппытæ уыд, уыдонæн сæ дыууæйы дæр уыди æвгтæ. Æвгтæн дзыппытæ се'рдджытæм дæр не 'ххæстысты, æмæ æвгтæ сæ уæхсчыты онг хъадджын кæй уыдысты, уый дзæбæх зынди.

Æмæ уый, коса чи уыд æмæ йæ дыууæ дзыппы æвгтæ кæмæн уыд, уый дзырдта иннæмæн:

– Кастæн, уыцы тахынæг цæхгæрмæ куыд лыг кодта æмæ йæ афтæ цæхгæрмæ лыгæй тæразыл куыд æвæрдта, уымæ, æмæ мæ комыкъулты дон леуахи фестад. Уыцы дзæбæх сырхбын тахынæджы цæхгæрмæ лыджы – уыцы урс цæстытæ-цæстытæ. Æмæ йæм цал хатты бакъул кодтон мæхи. Гыццыл, зæгъын, гыццыл, дыууæйæ, зæгъын, фæйнæ конды цы акæнæм нæ дзыхты, æндæр нæ, зæгъын. Ницы мæм дзырдта, ницы мæм дзырдта æмæ афтæ 'нхъæлдтон – фæнд кæны, авæрдзæни мын дзы. Стæй дын мыл йæ къæхтæ ма сцæгъда. Гъеныр уый хæсгæ мард ма фæуа!

Иннæ лæг ныллæгдæр уыди, тъæпæнцæсгом æмæ хъуынджын сæр. Сæрыхъуынтыл иу дæргъæй-дæргъмæ хъæмпыхал ныххæцыд, æрзæбул и галиу хъусы 'рдæм æмæ-иу лæг исты куы дзырдта, уæд-иу базмæлыд хъæмпыхал, цыма лæджы ныхæсты æппындæр гæдыйæ кæй ницы и, уый бафидар кæнынмæ хъавыд.

– Иу карст нæ дзы куы уыдаид, уæд æй йæ тæккæ астæуыл алыг кодтаиккам, дзулы кæрстытыл сæ æрæвæрдтаиккам, – райдыдта зæрдæбынæй пыхцылсæр, цыма аргъау кодта, уый хуызæн, æмæ та хъæмпыхал дæр базмæлыд. – Стæй, куыддæр фæйнæ анызтаиккам, афтæ сæ ахордтаиккам æмæ нæ зæрдæтæ хурварс абадтаиккой.

– Бæргæ абадтаиккой æмæ – гъа!

Уыцы ныхас куыд кодтой, афтæ сæ фале тигъæй æрбазылди уый дæр, дыууæ сисамайæджы Бури кæй хуыдтой, уый, æрбацыд, æрбацыд йе 'нкъард цыдæй. Дыууæ лæджы куы федта, уæд сæм иу æдзынæг каст бакодта, æвæццæгæн йæ зæрдыл уыдон æрлæууыдысты, далæ дæлдæр хæдзары къул чи амадта, уыцы

дыууæ лæджы, сæ сихорæй-иу ын истытæ чи авæрдта æмæ-иу стæй æвдæлон ныхас чи кодта, уыдон. Алæууыди афтæ йе 'нкъард лæудæй, стæй æрбадти, сисамайджыты чъырызмæнтæн тæгæнайы дæле-иу куыд æрбадти, афтæ.

– Скъæфгæ дзы ракæнид лæг иу карст æмæ дзы куыд раскъæфа! – йæ цæнгтæ æвæрæз лæджы æппæрст æркодта йæ фæрстыл коса. – Бæргæ, рады балæууин, бацæуин, бацæуин, фæлæ мæ уайтагъд базондзæн æмæ бæстæ йæ ай-уйы бын фæкæндзæн. Æмæ уый æппæтæй ме 'рдæм куы фæуой тахынæгæлхæнæгæй-æндæрæй!

Уыдон ныхæстæ кодтой, дыууæ лæджы, коса лæг æмæ пыхцылсæр лæг. Уый та бадгæ кодта, Бури кæй хуыдтой сисамайджытæ, уый. Бадти æмæ йæ цæстытыл уади тахынæг. Тахынæг уарзта, фæлæ уый ничи зоны ам. Уыцы дыууæ лæджы дæр æй нæ базыдтой. Уым та йæ зыдтой. Уым æй иууылдæр зыдтой. Æмæ-иу, сæ уынджы кæрон цы фæз и, уырдæм хъазынмæ куы рацыди семæ, уæд-иу ын чи йæ армыдзыхъхъы рахаста тахынæджы карст, чи-иу ын æй йæ дзыппæй фелвæста, стыр кæрстытæ-иу нæ уыдысты, гыццыл кæрстытæ-иу уыдысты, æмæ-иу сæ, æхсызгон хъыллистытæ кодта, афтæмæй ахордта æиæ-иу йæ былтæ асдæрдта. Фæлæ, тахынæг афтæ кæй уарзы, уый уымæй хуыздæр чи зыдта! Иннæ лæппутæ дæр æй уымæ гæсгæ куы базыдтой. Æмæ-иу искуы иу стæм бон ма уыдаид, уыййеддæмæ йын йæ разы тахынæджы карст ма авæрдтаид, уый гæнæн нæ уыд. Мады сусæгæй дæр-иу ын амбæхста йæ хайæ. Уый йыл тынг æнувыд уыд. Æмæ-иу йæхицæн дæр йæ цины хъуыргъуындæг йæ былалгъæй нал хызт, уынджы кæрон цы фæз уыд, уырдæм-иу куы фæцæйцыдысты дыууæйæ, уæд.

Стæй ацыди уый. Ардыгæй ацыди. Ам ын йæ сæр йæ хъæбысы ныккодта, стæй ацыд. Уый ам баззад.

Ныр тахынæг уади йæ цæстыл. Хатт-иу æм афтæ 'рбахæстæг æмæ-иу йæ хæрздæф йе 'мбудæнтыл сæмбæлди. Йæ фындз-иу базмæлыд, йæ дзых фæхæлиу кæна, уымæ-иу æй бирæ нал бахъуыд. Стæй та-иу æм адард и. Афтæ-иу æм адард и, æмæ-иу æй уынгæ дæр нал кодта, йæ хæрздæф дæр-иу ын нал ахста. Æмæ-иу уæд ныззæмбыдта.

– Ус у æви лæг? – бафарста косайы иннæ, пыхцылсæр æмæ та йæ сæрыл уыцы хъæмпыхал базмæлыд.

– Уæйгæнæгæй мæ фæрсыс?

– Уæйгæнæгæй дæ фæрсын, уæдæ дæ рæгъгæнæгæй фæрсын!

– Сылыстæг у.

– Æрыгон у?

– Афтæ æрыгон нал у, фæлæ афтæ зæронд дæр нæма у.

– Æмæ æнæуй йæ фезмæлд та куыд у?

Коса йæ тъæпæн арм систа, æвæццæгæн та сабулæты къалиуæй æртах æрхауди йæ сæрыл, фæлæ не 'рсæрфта йæ сæр, исдуг ауыгъдау аззади йæ къух, стæй йæ пыхцылсæрмæ бадардта.

– Ей, Габели, курынвæнд æй ма скæнай!

Æмæ йæм уæд йе 'ргом базылдта, Габели чи хуынди, уый. Уæззау æм базылда, уæззау йе 'ргом..

– Мæнмæ хъазын нæ цæуы, Гуыттырман. Æз знон сихорæй нырмæ къæбæры хъæстæ нæ фæдæн, уый зоныс?!

Æмæ йæм уый дæр фæпыхцыл кодта йæхи, Гуыттырман дæр.

– Æмæ æз цæлы фынгтыл бадын зноны сихорæй нырмæ?!

– Æмæ дын афтæ чи зæгъы – цæлы фынгтыл бадыс?! Фæлæ мын мæ мастыл дæр цæхх ма кæн. Мæ хъалæй нæ бафарстон. Уымæн дæ бафарстон, – цымæ мæ куы расура, уæд мæ раййафдзæн? Уымæн дæ бафарстон, гъе! Ды та – курынвæнд, дам.

Косайæн йæ цæстытæ бацырд сты уыцы ныхæстæм.

– Æййафгæ, ома? Æндæр фыд дын куы нæ фенин, уый дæуæн дæ дымгæ дæр цы нæ раййафа! Ды дзæбæх куы ныссæпп кæнай, уæд дæ, дугъон бæх куы нæ аййафдзæн!

– Уæдæ цæуын, цы уа, уый уæд. Уым уал рады балæудзынæн афтæмæй бацæудзынæн, бацæудзынæн æмæ йæм куы бахæццæ уон, уæд æм бадзурдзынæн тæразы сæрты:

– Дæ хорзæхæй, килæйы 'рдæг! – стæй аздæхти косамæ. – Фылдæр куы зæгъон, уæд мæм йæ зæрдæ куы фехсайа, нæ?

– Уогъ! Килæйы 'рдæгæй фылдæр куы зæгъай, уæд дæм уайтагъд фæкъæпп кæндзæн йæ зæрдæ, ома, амæ та уыйбæрц æхца кæцæй æрцыдаид?! Фæлæ килæйы 'рдæгæй фылдæр мацæй тыххæй зæгъ.

– Уый дзы æрлыг кæндзæн килæйы 'рдæг, тæразыл æй авæрдзæн æмæ йæ куыддæр авæра тæразыл æмæ йæ къух айса, афтæ йыл мæхи ныццæвдзынæн æмæ…

– Æмæ-иу, адæм фылдæр кæм уа, уыцы 'рдæм ратт лыгъд. Адæмы 'хсæн куыд амбæхсай.

Æмæ уæд сыстади уый дæр, сисамайджытæ Бури кæй

хуыдтой, уый. Сыстади æмæ лæгтæй чысыл фæсте зад, афтæмæй цыди йæ æнкъард цыдæй. Цыди æмæ та йын тахынæджы тæф сагайдта йе 'мбудæнтæ æмæ, йæ сæр куы разила, уымæй старсти. Цыди æмæ та-иу фæцудыдта. Æмæ цыди уыцы цудтыгæнгæ, афтæмæй ауади йæ цæстыл: кæд нæ фæцæйскъæфта тахынæг, æнæхъæн тахынæг, йæ астæуыл ын ныххæцыд йæ дæндÆгтæй, йæ кæрæттæ фæйнæрдæм фæцыдысты тахынæджы тымбылæн, афтæмæй фæтæхы уыцы ивылд уынджы. Адæмæй чи иуварс агæпп кæны, чи сæ йæ къухтæ йæ рустыл авæры, ома, мæнæ Хуыцауы диссаг! Фæлæ уый уыдæттæм цы хъуыддаг и! Уый фæтæхы тахынæг йæ дзыхы, афтæмæй. Йæ арыды тæф ын хæстæгæй хæстæгмæ æхсызгон хъыдзы кæны йе 'мбудæнтæ, йæ тыхыл ын тых æфтауы. Æмæ гæпп-дугъ кæны.

Лæгтæ цыдысты, уый дæр цыди. Мæнæ вагзалы фæзмæ схæццæ сты. Уартæ вагзалы агъуыст. Уартæ йæ фарсмæ, бæлццæттæ дыууæрдæм кæуыл фæцæуынц, уыцы стыр дуæрттæ. Сæ иу бынтон гом у, иннæ – æрдæггом. Уалæ, йæ мидæг хæдзар кæмæн аразынц, уыцы къæйкъул, йæхи аивæзта фæйнæрдæм. Уалæ, иннæтæй цыбырдæр чи рауад, уыцы къæй дæр. Иннæтæн сæ астæуæй гыццыл уæлдæр у, æндæр нæ. Уартæ уым та, кæройнаг къæй къуырма къулмæ æххæст кæм нæ бахæццæ, афтæмæй дыууæйы 'хсæн цы зыхъхъыр баззад, уый. Ууылты-иу куы бацыд, хæдзар кæм аразынц, уырдæм, стæй-иу фæстæмæ дæр ууылты куы рацыд. Æцæг уæд ууылты нæ рацыд фæстæмæ. Уæд гæпп ракодта, уартæ ныллæгдæр чи рауад иннæ къæйты 'хсæн, уыцы къæйыл рагæпп кодта уæд. Нал фæцарæхст, зыхъхъырмæ ма балидза, уымæ. Нал æй бауагъта уыцы налат лæппу.

Уæддæр афтæ 'рбацыди, уыцы бон дæр. Æппын нæма райдыдтой кусын уыцы хæдзарараздзжытæ?! Æрбацыд æмæ кусджытæн сæ кой дæр нæ. Фæлæ, уартæ уынджы 'рдыгæй цы къул и, уый рæбын лæууынц дыууæйæ – чызг æмæ лæппу. Æвæццæгæн уыдон дæр ууылты 'рбацыдысты уартæ, къæйы ных къулмæ кæм нæ бахæццæ, æмæ се 'хсæн зыхъхъыр кæм баззади, ууылты. Уæдæ къулыл уыдон не схызтаиккой, дуарыл та сæ уадзгæ чи 'рбакодтаид, машинæтæ дур æмæ змис кæуылты ластой, уыцы дуарыл.

Æмæ уый йæ зæрдæмæ нæ фæцыд – уыдон дæр ууылты кæй æрбацыдысты, уыцы чызг æмæ лæппу дæр, уый. Лæууыдысты уым къулрæбын, ныхæстæ кодтой, куы-иу сæ иу загъта исты, куы – се 'ннæ. Стæй йын лæппу йæ кофтæйы æгънæгмæ бавнæлдта чызгæн,

...вæццæгæн ын æфтауынмæ хъавыд йæ кофтæйы æгънæг. Чызг ...ый нæ уагъта йæ кофтæйы æгънæг æфтауын. Йæ къухыл та-иу ын иуварс ахæцыд. Уæд æм лæппу февнæлдта, йæ хъæбысмæ йæ фелвæста æмæ йæ, уартæ рæбынæй талынг кæм дардта, уыцырдæм куы фæцæйхæссид. Чызг ныцъæхахст кодта. Уымæн хъыг уыди, чызджы кæй фелвæста йæ хъæбысмæ, уый, чызг кæй ныцъæхахст кодта, уый та йын къуыргæ бакодта йæ зæрдæ. Йæхи сыл бауагъта фæсте æмæ лæппуйæн йæ хæлафы 'рбадæнтæм фæхæпп кодта. Лæппу фæтарсти æнæнхъæлæджы хæппæй. Размæ ацæппидтыртæ кодта, йæ бырынчъытæ зæхмæ ахæсса, уымæ йæ бирæ нал бахъуыд. Чызг феуæгъд æмæ лидзынмæ фæци. Уæд лæппу ныззылди. Зæххæй агуыридуры 'рдæг фелвæста æмæ йыл æй раскъæрдта. Дур æм комкоммæ æрбацæйцыд сæрбихъуырæйттæгæнгæ. Уый йæхи иуварс аппæрста. Фæлæ та уæд лæппу ногæй фæгуыбыр кодта зæхмæ, ома та фелвасон дур æмæ йыл æй баскъæрон, ома. Уæдæ мын, мæ хæлафы 'рбадæнтæм цæмæн фæхæпп кодта, ома! Стæй, ома, чызг мæ хъæбысæй цæмæн агæпп кодта, ома, уый хуызæн фæлмæн чызг! Æмæ уæд уый дæр йæ тых-йæ бонæй йæхи фехста, уартæ ныллæгдæр чи рауад иннæтæй, уыцы къæймæ æмæ йæ сæрыл абадт уыцы тымбылцъæгæй, стæй уырдыгæй зæхмæ агæпп кодта. Æрцардта йæ, уыцы къæй ныллæгдæр кæй уыд, уый.

Уый раджы уыд, ныр ыл иу мæйæ фылдæр цы цæуы, æндæр ыл къаддæр нæ цæуы.

Уæйгæнæг сылгоймаг лæууыди йæ парахат лæудæй. Йæ фæзылд дæр – парахат, йæ февнæлд дæр. Йæ разы къаннæггомау цыппæрдигъон стъол. Стъолæн йæ астæу – тæраз. Йæ фарсмæ гæххæттын асыччытæ кæрæдзийыл амад. Чи сæ равдæлон вæййы, уый иуварс уæгъдæппæрст акæны сылгоймаг. Афтæ йæ парахат æппæрст акæны.

Лæг цыди гаккæй цæуæгау – уæдæ рады мидæг санчъехтæ кодтаид! Уымæй дæр, тахынæгмæ цы рады лæууыдысты, уым. Цыди 'мæ йæ былтæ змæлыдысты. Æвæццæгæн, уæйгæнæг сылгоймагæн цы зæгъинаг уыди, ома, иу килæйы 'рдæг, дæ хорзæхæй, уый дзырдта йæхимидæг. Куы бахæццæ уа, уæд æй æнæкъæрццæй куыд зæгъа, æмæ йыл сылгоймаг куыд нæ фæдызæрдыг уа, афтæ.

Уый рады не слæууыди, дыууæ сисамайæджы Бури кæй хуыдтой, уый – куыд слæууыдаид рады уый та! Уый иннæуылты бацыди, тахынæджы тымбылтæ асыччыты мидæг кæрæдзийы уæлæ

амад кæм уыдысты, уырдæм баввахс æмæ æнцад слæууыд. Сылгоймаг змæлыд йæ парахат змæлдæй. Мæнæ фæзылд асыкмæ, æрмæрины дæргъæн тахынæджы тымбыл фелвæста – иу-цалдæр раны тымбыл бæттæнæй дæргъæрдæм æмæ уæрхæрдæм цы бæстытæ уыд, уыдон счъеппытæ кодта йæ фæтæн кардæй æмæ йæ, тæразæн уыцы фарс цы сырхбыл сылгоймаг лæууыд, уымæ фæхъил кодта, цыма йын дзы йæ сæры фахс æрсæрфынмæ хъавыд, уый хуызæн. Стæй йæ афарста:

– Ай хорз уыдзæн?

Ус йæ цæстытæ 'рхаста тахынæгыл, стæй, фыццаг йæ къубал баивæзтытæ кодта асыкмæ, уый фæстæ та йæм йæ цонг бадаргъ кодта.

– Уæртæ, уæртæ, кæй систай, уый фарсмæ чи ис, уый, гъе!

Уæйгæнæг, æвдисгæ кæй ракодта, уый уым авæрдта, уæле, асыччы чъилыл, иннæ фелвæста, æмæ раст уæд æлхæнæг сылгоймаджы ахуырст былтæ фæцъупп сты, стæй фесхъиудтой кæрæдзийæ, æмæ йæ хъæр фæцыд сылгоймагæн:

– Куыдз!

Уæйгæнæгæн кард йæ къухы андзыг, йæ цæстытæ сылгоймагмæ фæцарæзта.

– Куыдз фæхæссы тахынæг! – нæуæгæй та фесхъиудтой кæрæдзийæ уыцы дардыл ахуырст сырх былтæ.

Лæг ныззылди æмæ та хъæмпыхал дæр фестъæлфыд лæджы пыхцыл сæрыл. Чи йæм фæкомкоммæ уыдаид, уый загътаид – æнæ ахаугæ йын нæй уыцы хъæмпыхалæн, йед куы феста, уæддæр. Фæлæ нæ ахауди. Уый нæ ахауди, фæлæ йын йæхимæ йæ зæрдæ афтæ сдзырдта кæцæйдæр: уыдонæн æй аскъæфта! Уымæн æмæ далæ йæ коса æмбалæн, йæ иуцъарыг къандзолгондæн йæ дыууæ фарсы дзыппыты дæр хъадджын æвгтæ тъыст кæмæн и, уымæн, гъе! Се 'вæрæз сын бамбæрста, рацыди, рацыди 'мæ йæ аскъæфта. Уыдонæн æй аскъæфта. Æндæр дзы ницы и. Æмæ асæррæтт ласта, рады чи лæууыд, уыдоны 'хсæнæй. Уæйгæнæг ус йæхæдæг дæр иу гæпп акодта, йæ фæтæнком кард йæ къухы, афтæмæй. Фæлæ уайтагъд фæстæмæ ныззылди – куыйты расур-басурмæ йæ 'вдæлди! Стæй ма æнæуый дæр кæй хъуыди, куыдз йæ фæдыл кæй фæралас-балас кæна, уыцы тахынæг! Æмæ ма лæджы фæстæ дæр ахъæр кодта, пыхцылсæр лæджы фæстæ:

– Ауадз æй! Емынæйы цæф ын фестæд!

Фæлæ ус исты хъæр кодта, ницы хъæр кодта, уыдæтты мæт

нал уыд пыхцылсæр лæджы. Уынгæ ма кодта: дæлæ куыдз тахынæг фескъæфы, хъусгæ та – йæ уæззау цырыхъытæ дурастæрдыл куыд гыбар-гыбур кодтой, уый. Рады лæуджытæй дзæбæх куы адард и, уæд йæ тъæпæн къухтæ йæ дзыхы дыууæ кæрон авæрдта æмæ йæ тых-йæ бонæй ныхъхъæр кодта згъоргæ-згъорын:

- Фæхæссы йæ, уо Гуыттырман! Куыдз æй фæхæссы! Де 'дде нæ цуры цы куыдз æрбадти, уый фæхæссы тахынæг!

Коса йæхæдæг дæр уыдта – уæлæ æрыскъæфы куыдз тахынæджы æнæхъæн тымбыл. Фæлæ йæ куыдз цæмæн æрæскъæфы, уый йæ йæхæдæг цæуылнæ æрыскъæфы, Габели?! Афтæ дзырдæй куы ацыди! Æцæг уый æнæхъæн тахынæг скъæфынмæ нæ хъавыд, уый, килæйы 'рдæджы бæрц куыд уыдаид, уыйас карст хъавыди скъæфынмæ. Хъуамæ йын æй куы сбарстаид, уæд ыл тæразмæ ныццавтаид йæхи æмæ йæ раскъæфтаид. Ныр исчи акæсæд адоны митæм! Уый, йæ нæ раскъæфта, Габели, фæлæ уый – уым сæ бафале куы 'рбадти йæ фæстæгтыл, уыдон дыууæйæ тахынæджы карст скъæфынвæнд куы кодтой, уæд! Стæй йæхи куы фæцæуæг кодта уым уæлæмæ семæ!

Уæдмæ уæртæ 'рхæццæ кæны. Тахынæджы тымбылæн йæ бæстастæу хæцы, æмæ хатт афтæ фæкæсы Гуыттырманмæ: уый тахынæг нæй йæ дзыхы, уый йæ рихитæ фæцыдысты фæйнæрдæм уыцы раст, уыцы тымбыл ыздыхтæй. Æмæ та уæдмæ фæдисы хъæрау рацыди уым уæле:

– Фæхæссы йæ, уо Гуыттырман!

Гуыттырман йæхи размæ аппæрста, æвгтæ йын йæ дзыппытæй йæ сины къуыбыртæ хостой, фæлæ йæ уыдæттæ-йедтæ нал æндæвтой. Мæнæ цалдæр къахдзæфы фæстæ сæмбæлдзысты ныхæй-ныхмæ æмæ уæд сбæрæг уыдзæн – уыдонæн æй раскъæфта, кæмæн æй раскъæфта, уый. Æмæ лæугæйæ баззад уынджы астæу. Йæ цæстытæ ныдджыгъгъытт сты тахынæгмæ – куыдзы уынгæ дæр нал кодта. Цыма йæм йæхæдæг æрбацæйтахти уыцы дæргъæй-дæргъмæ тахынæг. Стæй йæ фæрсты атахтысты куыдзæй дæр æмæ тахынæгæй дæр. Йæ цæнгтæ ма бæргæ фæхъил кодта, йæ дзых дæр ма ахъаззаджы хæлиу бæргæ фæци, фæлæ ма йын уыдæттæ цы ахъаз фæуыдаиккой!

Ныр, дыууæ сисамайæджы Бури кæй схуыдтой, уый йæ ных сарæзта вагзалы стыр дуармæ, æвæццæгæн, ома, æз уым фæмидæг уыдзынæн, стæй, ам чи баззайа, дуарæн æдде, уыдон мын цæхх кæнæд мæ фæдыл, ома. Фæлæ ма йæ цалдæр гæппы

куы хъуыди уыцы гом дуармæ, уæд цæхгæр ныззылд æмæ, уалæ ног хæдзар кæм байдыдтой аразын, стæй кæм фæлæууыдысты сæ аразынæй, уыцы ’рдæм сарæзта йæ ных. Æмæ уæд, Габели чи уыд, уымæн йæ зæрдæ къултыл йæхи ныххоста – нæй, уыдонæн æй нæ раскъæфта, йæхицæн æй раскъæфта!

Ныр æй баййафын хъæуы, цы фæнды куы феста, уæддæр. Хъуамæ сæм уыцы тахынæгæй иу карст бафта, иу дзæбæх карст, йæ астæуыл æй куыд алыг кæной, стæй уыцы лыгтæ сæ дзулы кæрстытыл куыд æрæвæрой æмæ, куыддæр фæйнæ аназой, афтæ сæ куыд ахæрой. Æмæ уæд хылæмхæццæ ныхъæр кодта:

– Йæ размæ! Уо Гуыттырман! Фезмæл, дæ сыдзыл къæхтæ нæй, рачындæуа дын уыцы дыуумæ къахы!

Æмæ згъоргæ-згъорын йæ хъуыр-хъуыр ссыди уымæн дæр:

– Мæ сыдзыл нал и къæхтæ – уогъ, фæлæ Габелийы сыдзыл æрзади! Уæдæ ма уыцы зæгæлы финдз ма сзындаид мæ цырыхъы уафсæй æмæ мын мæ хистæр æнгуылдзы зæрдæ ма бахордтаид. Фæлæ сзынди уыцы быңдары зæгæл æмæ!

Ныр Бури кæй хуыдтой уыцы дыуумæ лæджы, уый йæ ных сарæзта, уалæ зыхъыр кæм уыди, уырдæм. Йæ зын – уыцы зыхъырмæ схæццæ уа, стæй фæмидæг уыдзæн зыхъыры æмæ иугæр куы фæмидæг уа зыхъыры, уæд-иу æй ссарæд! Æмæ мæнæ схæцц и, мæнæ дзы хъуамæ фæмидæг уа. Мæнæ! Æмæ адæргæй йæ тахынæг йæ дзыхæй æрхауди: Чидæр бамидæг и æмæ зыхъыр цæй фæтæнæн æмæ цæй бæрзæндæн уыд, уый фæтæнæн æмæ дзы уый бæрзæндæн фæйнæг ракъуырдта мидæгæй, æмæ зыхъырæн йæ кой дæр никуыуал фæзынди. Йæ тахынæг куы ’рхауд, уæд ныхъист-хъист кодта. Иу каст йæ иу фæрсты фæкодта фæстæмæ, иу каст йе ’ннæ фæрсты. Æмæ уæртæ косасæр æмæ пыхцылсæр уыцы цапуалæй æрбадугъ кæнынц. Раззаг чи у, коса нæ фæлæ иннæ, уый йæ пинджакы тæрттыл ахæцыд, хъуамæ йæ фелваса йæ уæхсчытæй, æвæццæгæн – ома, йыл æй баппарон. Стæй йыл æй, ома, иугæр куы баппарон æмæ йæ быны куы фæуа къандзолгондæн, уæд, йæхæдæг дæр мæ къухы и æмæ йæ тахынæг дæр. Æмæ та уæд фæлæбурдта тахынæгмæ, йæ урс дæндæгтæ йын фæсагъта йæ бæстастæу æмæ йæхи ауагъта ног арæзт къæйкъулы рæбынты, уартæ стыр уынджы трамвай, йæ сæрыл пихылæйттæ хæсгæ кæм æрбацæйзилы вагзалмæ, уыцырдæм. Вагзалы фæзы автобустæм цы адæм æнхъæлмæ каст уыдон сæм се ’ргом аздæхтой – Бури кæй хуыдтой дыуумæ сисамайæджы, уымæ,

стæй ноджы коса лæг æмæ пыхцылсæр лæгмæ. Чи-иу сæ худгæ бакодта адæмæй, чи-иу сæ йæ сæр ныттылдта. Æвæццæгæн афтæ 'нхæъылдтой: уыцы дыууæ мæгуыр лæджы тахынæг балхæдтой æмæ уыдон нуазынил куыд фесты, афтæ сын уыцы фыдбылызы куыдз сæ тахынæг аскъæфта.

Уæдмæ къулы къæйтæй ныллæгдæр чи уыд, уымæ фæцæйхæццæ кодтой: разæй – сисамайæг дыууæ лæджы Бури кæй хуыдтой, уый, фæсте – кæрæдзийы Гуыттырман æмæ Габели чи хуыдта, уыдон. Æмæ загътой, æвæццæгæн, Гуыттырман æмæ Габели – ам ма йæ куы нæ баййафæм, уæд аирвæзт. Æмæ сæ уæззау цырыхъхъыты тъæпп-тъæпп бæстæ йæ сæрыл хаста.

Уыцы цырыхъхъыты тъæпп-тъæпп æй цыдæргъуызон разæнгард кодта згъорынмæ дæр гæпп кæнынмæ дæр, цыма йын тых æфтыдта йæ уæнгтыл æмæ йын ныфс уагъта йæ зæрдæмæ. Тахынæджы тымбыл чи уыди, уыцы дæргъæй-дæргъмæ тымбыл, уый йыл цыма бындзы уæз дæр нал кодта. Афтæмæй фæцæйхæццæ кодта уыцы къæймæ, иннæ къæйтæй бирæ ныллæгдæр чи уыд, уымæ, гъе. Æмæ ма йæм иуцалдæр гæппы куы баззад, уæд æм уыцы уайгæ-уайын йæхи куы фехсид хæрдмæ. Æмæ фæцæйтахти, фæцæйтахти æмæ афтæ зынди – уый тахынæджы тымбыл нæй йæ дзыхы, нæ, уый йæ рихитæ фæцыдысты фæйнæрдæм уыцы раст æмæ уыцы хæрзыздыхтæй. Æмæ йæм адæм кæсгæйæ баззадысты. Раджы заманты-иу, иу хохæй иннæ хохмæ зæд фæцæйтæхгæ чи федта, уыдон дæр ма-иу æм, æвæццæгæн, афтæ баззадысты кæсгæйæ. Уæдмæ уый къæйысæр абадт. Уыдонæн сæ улæфт улæфты сырдта, афтæмæй йæ быны æрлæууыдысты æмæ йæм уæлæмæ кастысты.

Уыцы рæстæджы вагзалы дуарæй рагуылф кодта дунейы лæппу, кæмæн сæ йæ фæндаггон хызын йе 'фцæгыл ауыгъд, кæмæн йæ фæсонтæм тæбæкк баст. Лæппутæ уыцы гуылфгæнгæ куы ассæндиккой къæйкулы 'рдæм, сæ цины хъæртæй сæхимæ куы 'ркæсын кæниккой адæмы.

– Уæлæ-ма – Боцмæн!

– Уæлæ кæм бады!

– Гъæ боцмæнтæ фæкæнай, кæд нырмæ кæм уыдтæ?!

Лæппуты хъæлæбамæ сонт зылд ныккодта йæ бынаты. Куы сæ ауыдта, уæд йæ фæстаг къæхтыл алæууыд, йæ раззаг къæхтæ ныттылдта лæппутæм, цыма йе 'фцæгыл дайра ауыгъд уыд æмæ уый хоста. Фæлæ уыцы тахынæг ныццæхгæрмæ æмæ йæ дзæбæх

тилын нæ уагъта йæ къæхтæ. Уæд ма иу зылд æркодта йæ бынаты, стæй йæ раппæрста, æмæ ратахти хъентæ-ментæгæнгæ тахынæг æмæ Гуыттырманæй Габелийы 'хсæн зæххыл йæ тъæпп фæцыд.

Лæппутæ къулы рæбын батымбыл сты, сæ цинæйдзаг цæсгæмттæ йæм ныддардтой уæлæмæ, сæ цæнгтæ йæм ныййвæзтой, æмæ йæм фæйнæ-фæйнæ дзырды кодтой, ныхас кæрæдзийы дзыхæй скъæфтой, афтæмæй.

– Ардæм, Боцмæн!

– Рагæпп кæ!

– Цом нæхимæ!

Æмæ рагæпп кодта æмæ ныззылди лæппуты астæу, кæмæн сæ йæ раззаг къæхтæ йæ риуыл авæры, кæмæн сæ йæ къух асдæры. Йæ цины хъыллистæй нал æмæ нал æнцад. Йæ даргъ, йæ лæгъз къуди-иу ахæм тылд бакодта æмæ лæг загътаид – ныртæккæ макæмæ мацы сдзура ацы лæппутæй, уый гæнæн нæй.

Уæдмæ Гуыттырман чи уыд, уый йæ дзыппæй иу æфсæйнагхъæд хæрынкъа систа, стæй ныгуыбыр кодта тахынæгмæ, карк чи фергæвды, уый куыд ныгуыбыр кæны каркмæ, уый хуызæн. Уым хæрынкъайы фæлахс æвзаг цæхгæрмæ авæрдта тахынæгыл æмæ сдзырдта уæлæмæ:

– Афтæ хорз уыдзæн?

Æмæ йæм уæле æрдзырдта пыхцылсæр:

– Гыццыл æй фæудджындæр кæн.

Æмæ хæрынкъайы 'взаг тахынæгыл фæбырыд астæуы 'рдæм.

– Афтæ та?

– Афтæ хорз уыдзæн. Йæхицæн дæр ма дзы исты куыд аззайа. Гуыбынтæ æфсымæртæ сты.

Стæй, йæ къухы уылынджы дæргъæн тахынæджы карст, афтæмæй раст лæууыди коса æмæ хъæрæй дзырдта:

– Ацы лæппутæ куы нæ уыдаиккой, уæд дын цин фенон, махæн абондæргъы æххормагæй нæ зæрдæйы дон куыд фæкалдаид. – Уым лæппутæн се стырдæртæй иуы уæхскмæ бавнæлдта. – Æмæ йæ сымах цæмæй зонут?

– Боцмæны? – йе 'ргом æм азылдта лæппу, стæй йæ хъæлдзæг æнгас фæсасти, афтæмæй рахабар кодта: – Йæ хицау не 'мбал уыд. Иууылдæр-иу иумæ хъазыдыстæм. Нæ уынджы кæрон иу фæз и, уырдæм-иу рацыдыстæм. Стæй йæ мад амард не 'мбалæн, æмæ йæ йæ мады хо уалæ Ленинградмæ акодта. Уым цæры 'мæ уырдæм акодта уый дæр.

Коса лæг æмæ пыхцылсæр кæрæдзимæ бакастысты, стæй сæ

цæсгæмттæ тахынæджы карстмæ сарæзтой.

– Æмæ æнæхицауæй баззади, нæ? – уый коса нæ, фæлæ иннæ бафарста, пыхцылсæр.

– Семæ рацыди, куы цыдысты, уæд æмæ фæстæмæ нал баздæхт. Мах скъолайы уыдыстæм, семæ нæ рацыдыстæм мах, æндæра йæ фæстæмæ акодтаиккам. – Стæй лæппу косайы хæрынкъа райста, тахынæгæй иу тæнæг карст ралыг кодта. – Гъа-ма, Боцмæн, ахæр. Тахынæг бирæ куы уарзтай.

Уый йæ къуди ныттылдта, цыдæр æхсызгон тылд ныккодта йæ къуди, йæ фæстаг къæхтыл алæууыди æмæ лæппуйы уæларм асдæрдта. Тахынæгмæ нæ бавнæлдта.

– Нæ хæры, – загъта коса. – Дисссаг нæу – куыд нæ хæры?!

Боцмæн лæууыди. Йæ дæндæгтæ цины зыхъырæй баззадысты, цыма худгæ кодта, уый хуызæн. Йæ лæгъз къæдзил астæуæй дæлæмæ иуæрдæм къæдзæй баззади, афтæмæй йæ тылдта 'мæ тылдта.

*Август, 2008*

## УЫЦЫ ФАРНЫХЪÆУККАГ ЛÆГ

*(Георы радзырд)*

Габа тагъд кодта – афонмæ 'мбырд кæнын байдыдтой нывгæнджытæ æмæ развæлгъау куы 'ркастаиккой уыцы нывтæм, цалынмæ æмбырд нæ райдыдта, уæдмæ. Алкæмæн сæ йæ хъуыды сбæрæг уыдаид. Дзæбæх сæм æркæсын хъæуы. Скъолайы чиныг куы нæ уаид, уæддæр ма цы нæ вæййы! Фæлæ гыццылты чиныг у, афтæмæй дзы лæг лæджы хуызæн нæу, уыцы нывтæй, сырд – сырды хуызæн. Цыдæр æнахуыр стырсæртæ 'мæ лыстæг къæхтæ! Æмæ, дам, уый ме 'рмдзæф у, æмæ, дам, хъуамæ нывгæнæгæн йæхи æрмдзæф уа, æмæ, дам, ын макæй æрмдзæфимæ хæццæ кæна. Бындз абадын нæ уагъта йæ нывтыл Мысалби. Цыма йын исчи афтæ дзырдта, æмæ ма уа йæхи æрмдзæф нывгæнæгæн! Уа йын хъуамæ, уа йæхи æрмдзæф, фæлæ йын хъуамæ адæмы нывыл уа йе 'рмдзæф. Зæрдæ дзы хъуамæ мæгуыр ма кæна уыцы æрмдзæфæй, фæлæ дзы хъуамæ æхсызгон улæфт кæна зæрдæ.

Автобустæ цыдысты. Куыд нæ цыдысты! Фæлæ - се 'дзаг. Сæ гыццылтæ чи сты, мæнæ йын, кæм ацамонай, уым чи фæлæууы, уыдон сæ дуæрттæ уыцы æмырæхгæдæй скъæфтой, афтæмæй сыффытт ластой йæ рæзты Габайæн. Стыртæ чи сты, сæ фæрстыл дыгай дуæрттæ кæмæн ис, уыдонæн сæ раззаг дуæрттыл дæр æмæ сæ фæстаг дуæрттыл дæр цалдæргæйттæй æрцауындзæг вæййынц,

фылдæр лæппутæ 'мæ чызджытæ, кæрæдзийы 'рбадæлæрмттæ кæнынц, куыд ничи сæ ахауа, афтæ, æмæ уыцы уæззау нæтгæ 'мæ улæфгæ сцæйцæуынц. Габа ма сын тæригъæд дæр бакæны. Гыццыл машинæйы дæр Бæргæ абадид, фæлæ сæ цыма фæдзæхсгæ бачынди – æрлæууынвæнд сæ куыд ничи скæна, афтæ – атæхынц йæ рæзты. Габайæн йæ къух хъилæй аззайы.

Æрлæууæны адæм фылдæрæй-фылдæр кодтой. Куы-иу иуæрдæм ассæстой афтобусы фæдыл, куы – иннæрдæм. Габа-иу куы се 'хсæн фæци, куы-иу хибарæй аззад. Æмæ-иу хибарæй куы аззад, уæд-иу йæ пинджакы дысыл бахæцыд æмæ-иу йæ сахатмæ кæсыныл фæци.

Уæд дын дæлæ иу автобус суайы – нæ дæр сæ гыццылтæй уыди, нæ дæр се стыртæй. Суайы, суайы йæ цыд сындæгдæргæнгæ, стæй йæ тæккæ раз куы фæлæууид Габайæн. Габа йæм йæ цæстытæ фæцарæзта. Уæртæ раззаг авджы рæбын ставд дамгъæтæй фыст «Фарныхъæу». Уæдæ уымæн фæлæууыди, уымæн, горæтаг автобус нæу æмæ уымæн фæлæууыд. Ам бадæн нæй – уый зыдта Габа. Фæлæ йын гæнæн нæ уыд, æмæ, куыддæр автобусы дуар фегом, æмæ дзы дыууæ лæджы æрхызти хъæууон райст-бавæрд дарæсы, афтæ фæмидæг и автобусы – горæты астæумæ уал сирвæза, стæй исты амал уыдзæн. Шофыр æм ницы сдзырдта, æмæ сулæфыд Габа. Бадæнтæ дзы разынд, æмæ йæм сæ хæстæгдæр чи уыди, уым йæхи æруагъта. Кæй фарсмæ бадт фæци, уымæ бакаст. Кæсын æм, чи зоны, нæ хъуыд афтæ сонтæй, фæлæ йæ тыхст нæма 'рцыди, æмæ йæм уымæн бакаст, æвæццæгæн. Фыццаг ын йæ майдан ауыдта, йæ дзыгъуыр хæдоны дзыппы сæрыл ауыгъдæй лæууыди цъæхбын майдан æмæ йыл сырхбын дамгъæтæй æнцонæмбарæн фыст «Ветеран труда». Майдан хæнтæрттывд нæ кодта, фæлæ-иу уæддæр ферттывта, афтæ бонзонгæ æрттывд-иу фæкодта – куыд æм бакæсой, куыд æй феной, уый фаг-иу ферттывта. Габа-иу æм бакаст йæ цæсты кæронæй æмæ-иу æм афтæ фæзынд, цыма йæм майдан йæхæдæг дæр æрбакæс-æрбакæс кодта. Æмæ дзы æфсæрмы кодта цæмæйдæр Габа.

Уæд лæг йæхæдæг дæр æркасти йæ майдамнæ, стæй аздæхти Габамæ.

– Ай мын радтой æмæ йæ мæ риуыл дарын. Уæдæ йæ цы фæкæнон! Бирæ мын куы радтаиккой, уæд сæ, чи зоны, нæ дарин – бирæ уаиккой 'мæ. Фæлæ мын ай у æмæ…

Æмæ Габайы хъуыды ацахста: бирæ йын кæй нæ радтой, уый фыдисæнæн дары ацы майдан, йæ иунæг майдан – æмæ ма афтæ дæр искуы 'рцыди!

– Раздæр æй нæ дардтон. Фæлæ мæ, дæ фарн бирæ, не 'фсин нал ныууагъта. Давгæ, дам, æй нæ ракодтай, дæ уæззау куысты тыххæй, дам, дын æй радтой, æмæ, дам, къуымты цæмæн рахау-бахау кæна, риу, дам, дын и æмæ, дам, æй дæ риуыл дар. Уадз æмæ, дам, дын æй адæм уыной. Æмæ йæ æз дæр дарын. – Лæг фæлæууыд йæ ныхасæй, Габамæ бакаст йæ цæстытæ йыл æрхаста, цыма йæхи фæрсынмæ хъавыд – мæ ныхæстæ фæлгъуыды нæ кæнынц, хъусæг мын сæм ис? Æмæ йыл, æвæццæгæн, йæ зæрдæ фæдардта. – Ныр нал дæттынц майдантæ, – дзурын та райдыдта лæг. – Уæд лæвæрдтой. Уæд пайда ницы уыдысты, уæд сæ кады тыххæй лæвæрдтой. Ныр кад никæйуал хъæуы. Ныр йæ пайдайы цæсты кæсынц алцæмæн дæр. Æмæ сбирæ сты ветерантæ. Фæлæ сын майдантæ нæй. Уыйæппæты фаг майдантæ кæм и! Афтæтæ, гъе, ме 'мбал. – Æмæ та бакасти Габамæ æмæ йæ цыдæр хъавгæ фарстæй бафарста: – Ды ам цæрыс, æвæццæгæн, горæты, нæ?

– Гъо, – цыбыр дзуапп радта Габа. Уæдæ дард ныхæстыл схæцыдаид уыцы æнæвдæлонæй!

– Дзæбæхæй дзы цæр, дзæбæхæй - базмæлыди та лæг, цыма йын æхсызгон уыди, Габа хъæуы кæй нæ цæры, фæлæ горæты кæй цæры, уый. – Æз та хъæуы цæрын. Далæ Фарныхъæуы. Уæдæ. – Стæй йæ цыма, хъæуы кæй цæры, уый куы нæ бауырна Габайы, уымæй тарст, уыйау йæ сæр банкъуыста уæле бынмæ. – Уым, Фарныхъæуы. Хъæу стæм æмæ нæхицæн хъæууон цардæй цæрæм. Уæдæ цы ми бакæнæм?

Æмæ та Габа дæр бакасти лæгмæ. Ацы хатт æм дзæбæхдæр бакасти Габа дæр. Лæг бадти сабыр, цыма искуы иу фæззыгон хуры хъæрммæ 'рбадти, цыма йын хур йæ фæсонтæм æрæндæвта, æмæ уыцы хъармæй куы фæиппæрд уа, уымæй тарсти. Йæ уадултыл – бæрæг уыд – нæ дæр абон æруагъта сæрдасæн нæ дæр знон, æмæ цæсгомы хил йæхиуыл рахæцыд, кæрддзых куыд схæцы йæхиуыл, афтæ. Цыма сæ бындзæфхæдтæ дæр разындысты хилтæн æмæ цыма семæ цыдæр рухс рахастой. Æмæ йын уæд та йæ цæстытæм бакаст Габа æмæ сæм кæсгæйæ баззад: йæ цæстытæ уыдысты æрвгъуыз цъæх. Æрттивгæ нæ кодтой уыцы цъæхæй, фæлæ сæ цыдæр фæлмæн рухс ивылд, цъæхбын рухс. Æмæ ныр та афтæ фæзынди Габамæ – уадулты уæлæ цы урсхил рахæцыд, уый

цæстыты рухсæй рухс дардта. Æмæ йæм æрдузы хуызæн фæзынд лæджы цæсгом Габамæ, бæрз бæлæсты астæу цы æрдуз уа, уыма бонивайæнты рухс куыд бакæса, уый хуызæн. Æмæ батæхуды кодта Габа – ныр йæ ныв ма скæн ацы лæгæн! Уыцы сабыр æмæ рухс цæсгоммæ уыцы æрвгъуыз цæстыты рухс куыд ивылы, уый равдис! Дзæбæх æй равдис. Куыд ивылы, афтæ йæ равдис.

Фæстаг бадæнтыл кæмдæр чидæр базарыд. Хъæрæй базарыд, цыма хъæууон клубы сценæйæ разарыд, афтæ. Йæ хъæлæсмæ гæсгæ нырма лæппу уыд. Заргæ та мæнæ уыцы рагон зарæг бакодта:

*«Колхозон рæсугъд чызг, дæуыл у мæ зарæг,*

*Тæхуды дæуимæ цæрынæй бафсæд».*

Фæстаг ныхæстæ зард нæма фæци лæппу, афтæ йæм чидæр фæлæбурдта сылгоймæгтæй, уым æм хæстæг чи бадт, стæй йыл æнæуи дæр йæ бар кæмæн цыд, ахæм чидæр – афтæ фæзынд Габамæ. Æмæ йыл хъæрæй бабустæ кодта сылгоймаг:

– Æнæбайрайгæ фæу дæ колхозон чызгæй, куы ма йæ ныууадзай, уæд. Уый дын колхозон чызг æмæ совхозон чызг.

Æвæццæгæн ма-иу уым уæлæмæ дæр базæрдтытæ кодта лæппу æмæ-иу ыл уым дæр бабустæ кодта сылгоймаг дæр, – афтæ ахъуыды кодта Габа. Æмæ йæ æрфæндыди – фæстæмæ сæм куы акæсид! Уыцы лæппумæ дæр бакæс, уыцы сылгоймагмæ дæр бакæс. Фæлæ дæ бадæны азил цæугæ автобусы æмæ кæйдæр адæммæ ныккæс, уый æгъдау нæ уыди, æмæ куыд акастаид! Æмæ та уæд лæгмæ бакасти, афтæ йæм бакасти, æнæуй, искуыдæм æй кæсын хъуыд æмæ уымæ бакасти. Бакасти йæм æмæ федта: лæг йæ æрдузы хуызæн цæсгом разылдта уымæ, Габамæ æмæ йæм уыцы дзæбæх аудгæ каст кодта. Бæрæг уыди, цыдæр бадзурынмæ йæм хъавы, фæнды йæ, куы йæм бадзурид, уый, фæлæ йæм дзæбæх нæ хъæцы йæ цæсгом. Æмæ гуырысхойыл бафтыди – бадзура йæм æви йæм ма бадзура? Æмæ йæм ныр куы бакасти Габа, уæд цыдæр æрбаци йæ гуырысхо.

– Иу хъуыддагæй дæм баулæфынмæ хъавын, фæлæ мæ, бахъыг дæ дарон, уый дæр нæ фæнды. Афтæмæй йæ зонгæ кæны мæ зæрдæ – дæуæй хуыздæр мын ничи баххуыс кæндзæни.

– Уагæры цавæр хъуыддаг у? – комкоммæ йæм касти Габа æмæ йæ фæрсгæ дæр комкоммæ бакодта.

– Цæвиттон, мæнæ зæронд адæм чи сты, уыдонæн гæххæттытæ куы дæттынц, цæмæй сæ фæндæгтыл æхца фидын ма хъæуа. Гъемæ, кæмдæр ивынц уыцы гæххæттытæ. Зæрæдтæ

исынц æмæ нæуджытæ дæттынц. Æмæ мын, кæм сæ ивынц, уый куы бацамонис – галы бузныг дæ фæуаин.

Габайæн æхсызгон уыди, лæг галы бузныг кæй загъта, уый. Рагæй нал фехъуыста уыцы ныхас, афтæмæй йæ уым куыд арæх хъуыста! Уым, сæхимæ, Арыхъы хъæуы! Ам æй никуы фехъусы, горæты, æмæ ма йæ кæм фехъуса, иронау дзургæ куы ничиуал кæны, уæд!

– Бацамондзынæн дын æй. Куыд нæ дын æй бацамондзынæн! – йæ ныхас лæджы ныхасыл куыд бада, афтæ йæм хъавыд Габа. – Уалæ чызджытыфæз кæм и, уый нæ зоныс?

– Чызджыты фæз зонын. Чызджыты фæз та куыд нæ зонын!

– Гъемæ уым æрхиздзынæ æмæ, мæнæ, гыццыл автобустæ чи сты, уыдонæй дæсæмыл сбаддзынæ æмæ дæ уыцы хæдзары размæ бахæццæ кæндзæн. Зилгæ дæр уым ракæны, уыцы хæдзары раз дæсæм автобус.

Лæг исдуг йæ къæхтыбынмæ ныккасти, стæй чъызгæ бафарста:

– Гыццыл автобустæй зæгъыс, мæнæ, алкæмæн дæр йæхицæн хицау кæмæн ис, уыдонæй зæгъыс?

– Гъо, гъо, уыдонæй, уыцы гыццыл автобустæй.

– Æмæ паддзахады автобустæ нæ цæуынц ууылты?

– Цæуынц, куыд нæ цæуынц. Фæлæ стæм сты паддзахады автобустæ æмæ дæ бирæ лæууын куы бахъæуа.

– Фæлæудзынæн. Цы бон мæ и. Уæдæ, ды кæмæй зæгъыс, уыцы автобусты хицæуттæй дæ хъуг йæ дуармæ кæмæн бабæттай, уый дæр дæ йæ машинæмæ хизын нæ бауадздзæн, цалынмæ йын æхца бафидай, уæдмæ. Зыд æмæ кæрæф бафтыди бæрджытыл, бафсис сын ницæмæйуал и. Æмæ уый ацы дуг æрхаста йемæ, бæрджытыл зыд æмæ кæрæф кæй бафтыди, уый. Æндæр уыцы дуджы ахæмæй ницы уыди, мах дуджы, – йæ тъæпæн арм фæйнæрдæм батылдта лæг. – Нæ, уый ацы дуджы æрхæссæггаг у, мæнæ рацарæзты дуг кæй схуыдтой, уый. Уæд æндæр куы нæ рацарæзиккой сæ хæдзæрттæ, уым рацарæзтæй куыд ницы и! Диссаг нæу – бæстæ ныффалгæрон кодтой, йæ адæмты йын кæрæдзийы кæрдтыл бафтыдтой æмæ, дам, рацарæзт! Уæд бæстæ фесæфтай æмæ йæ бæстысæфт схон, æндæр цæй рацарæзт æмæ цæй цыдæр!

Æмæ та базарыди лæппу кæмдæр автобусы фæстаг бадæнтыл:

*Кæнын дын æз сомы, хæрын дын æз ард дæр,*
*Дæуæй мын зынаргъдæр кæй нæ у мæ цард дæр.*

Ацы хатт тынг дзæбæх рауад йæ зард, сылгоймаг дæр æй нæ

бахъыгдардта ацы хатт. Ӕмӕ уӕд лæгтæй чидæр дзуры сылгоймагмæ, фæстаг бадæнтыл чи бадт, уыцы нæлгоймæгтæй:

– Уадз-ма йæ, æмæ зара! Ӕгайтма йæм зарын цæуы.

Ӕмæ хъæрæй ныххудти сылгоймаг.

– Йæхæдæг куы зарид, уæд æй чи нæ уадзы! Фæлæ уый арахъ зары.

– Арахъ нæ, фæлæ кæд къуымæл зары, уæддæр.

Ӕмæ уæд та иннæ лæгтæй загъта чидæр, уый дæр уым фæсте чи бадти, уыдонæй:

– Ацы зарæг-иу колхозы станы зарыдысты хæсты фæстæ уыцы азты – уæртæ Гатыккоты Хъуыдæ, уалæ Папуаты Лыгган, дæлæ Долапиты Керым. Афтæ-иу æй зарыдысты 'мæ загътаис, мæ удыбонтæй сымахмæ хъусынæй куы бафсæдин.

– Цавæр удыбонтæ сты! – бабустæ кодта лæгыл чидæр йæ цуры бадджытæй.

– Ӕгонгæй, Черыхъо! Мах сыхы лæппутæ дæр-иу æй зарыдысты, уартæ уынджы кæрон акъацийы бын, æмæ-иу æгас сыхбæсты йæ дуар ничиуал бахгæдта, цалынмæ-иу зард фесты, уæдмæ. Рудзгуыты кой нал кæнын. Фæлæ йын уæд хицау нæ уыди. Уæд æй адæмон зарæг хуыдтой. Ныр, рацæй-рабон, æмæ, дам, кæйдæр абадæг чызг афтæ, æз, дам, æй ныффыстон. Гæр æмæ, уымæй абадгæдæр маудал уæд, уæддæр æй куыд уый ныффыста – уартæ йæ кæд æмæ кæд зарыдысты! Уый уæд гуырд дæр куы нæма уыдаид, уыцы абадгæ чызг.

Ӕмæ йæм чидæр бадзырдта иннæ лæгтæй:

– Царды фæстæ баззадтæ, Дзабекка, уæдæ 'мæ, æндæр ай рацарæзты дуг у, уый нæ зоныс – хæлæф æмæ хæпылойы дуг! Уыцы мæгуыр чызг, æвæццæгæн, йæ къабæзтæ фæрадав-бадав кодта æмæ йæм æндæр куы ницы бафтыд, уæд ацы зарæгыл ныццавта йæхи.

– Уоуу, мæнæ мæ Хуыцау федта! Гæр æмæ зарæг ахæм дзаума у, æмæ дæхи кæуыл ныццæвай! Зарæг нæргæ кæны, æмæ йын басусæггæнæн нæй.

– Мах дæр-иу æй зарыдыстæм. Уым-иу æй зарыдыстæм мах та, уалæ сæрдыгон хизæнты, – дзуры йæ ныллæг хъæлæсæй лæг, цыма йæ Габайы йеддæмæ исчи куы фехъуса, уымæй тарсти. – Ӕмæ куыд нæ зарыдаид лæг! Дæ фос – æнæзнаггад, дæ гуыбын – æфсæст, дæ зæрдæ – рухс! Дæ халагъуды дуармæ бадыс æмæ уартæ мæй рагъ-рагъ ратулы, цыма дæ тæккæ рæзты ратулынмæ

хъавы, – уыцы урс-урсид тымбыл мæй. Ацу 'мæ ма ныззар! Стæй æнæуый дæр уæд зæрдæ зарын агуырдта. Уæд аразгæ кодтам, алцы арæзтам уæд, æмæ аразгæ чи кæны, уымæн зарын агуры йæ зæрдæ. - Лæг йæ дзурынæй фæлæууыд, былмæ чи бахæццæ уа æмæ уырдыджы ныууайынмæ йæ ныфс чи нæ бахæсса, уый куыд фæлæууа, афтæ. Абадти уыцы æнæдзургæйæ, абадти, стæй йæ сæр батылдта фæйнæрдæм. – Цардыстæм нæхицæн, фидæнхуыздæр кодтам. Цас нæ кодтам фидæнхуыздæр, уыйас та нæ ныфс уыди. Æмæ ныфс ды цы хоныс! Ныфс аразæг у. Æмæ ныфс мах паддзахадмæ цас уыди, уый бæрц иннæ паддзахæдтæн се 'ппæтмæ нæ уыди. Ныр нæм нал и ныфс. Уый тынг æвзæр у. Лæгмæ ныфс куы нæуал уа, уæд æм ницуал и, æмæ уый зæгъай! – Уым лæг Габайы цонгмæ бавнæлдта. – Бахатыр кæн, ныхасы бын дæ фæкодтон, фæлæ цы бакæнон! Лæг йе стонгæн бафæраздзæн, фæлæ дæм ныхас кæнын æрцыди – нæ йын бафæраздзынæ. Æмæ фæныхас кæнæм мах. Уым Тотыккаты даргъ хъæдыл фæбадæм æмæ фæныхæстæ кæнæм. Фæсахсæвæртæм дæр баззайæм. Стæй ацæуæм. Æз цин фæкæнын – мæнæ та изæр æрцæуыдзæн æмæ та фæныхæстæ кæндзыстæм. Фидауы ныхас хъæуы, хъæууон уынджы, стæй цыма æнæуи дæр хъæу ныхасгæнæн бынат у! Горæт æндæр хъуыддаг у, горæты ахæм ныхас не сфидаудзæн – куыд дзы сфидауа, кæм дзы сфидауа! Горæт змæлæн бынат у æмæ уыцы змæлды мидæг ахæм сабыр ныхас не сфидаудзæн.

Габа йæм хъусгæйæ баззад, стæй йæ дыууæ фарсты бакодта фæд-фæдыл:

– Æмæ зымæг дæр Тотыккаты хъæдыл фæбадут? Æмæ уын уазал нæ вæййы зымæг Тотыккаты хъæдыл?

Æмæ йын уайтагъд дзуапп дæттынмæ фæци:

– Цæмæн фæбадæм, цæ, зымæг Тотыккаты хъæдыл? Хæдзæрттæ нын нæй? Бамбырдтæ вæййæм цалдæргæйттæй æмæ куы иутæм бауайæм, куы иннæтæм. Уæдæ цы ми бакæнæм æндæр! – Уым цæхгæр фездæхта йæ ныхас: – Æмæ ды рагæй цæрыс горæты?

– Афтæ рагæй дзы нæ цæрын, фæлæ дзы уæддæр цæрын. Ахуырæй куы 'рцыдтæн, уæд ам баззадтæн.

– Æмæ уагæры цы куыстыл ахуыр кодтай?

– Нывгæнæджы куыстыл.

Æмæ йæм йæ цæсгом баввахсдæр кодта, афтæмæй йæм бадзырдта:

– Фæлæуу, дæ дзæбæх мæрдтыстæн, æмæ хъæуы нæй ныв кæнæн?

– Ныв кæнæн дзы бæргæ и, фæлæ дзы нывгæнæджы куыст нæй.

– Æвæццæгæн, æвæццæгæн. Æмæ мын мæ хынцфарст ныххатыр кæ, фæлæ ахуыр кæм кодтай?

– Ахуыр – Мæскуыйы.

– Мæскуыйы, йа? – Лæгæн йæ цæстытæ базмæлыдысты, йæ сæр, æрхъæцмæ чи нал фæхъæцы, уый куыд батилы, афтæ батылдта фæйнæрдæм, йæ цæсгом барухс и. – Тæхудиаг нæ дæ – Мæскуыйы фæцахуыр кæн! Уым цы даргъ уынгтæ и, уым цы бæрзонд хæдзæрттæ ис, уым цы рухс фæзтæ ис!

Габа йæм бакасти, фæрсæджы касты хуызæн уыди йæ каст æмæ йæ уый бафиппайдта.

– Уыдтæн дзы æз, уыдтæн, ма тæрс. Уæдæ куыд æнхъæл дæ! – Лæг цыдæр разæнгард змæлд бакодта, æвæццæгæн, автобусы куы нæ бадтаид, уæд æнæ сыстгæ нæ фæуыдаид. – Мах кæнгæ акодтой. Уым иу равдыст куы уыди, стыр равдыст, алы диссæгтæ дзы куы 'вдыстой.

– Хъæууон хæдзарады равдыст?

– Гъо, гъо! – бынтон бацырд и лæг. – Иу-дæс æмæ ссæдзæй уыдыстæм ардыгæй. Уым нæ кæдæм нæ фæкодтой, уым нын цы нæ фенын кодтой! Уым махыл куыд узæлыдысты. Лæг йæ цыты уазджытыл афтæ нæ баузæлдзæни, уыдон махыл куыд узæлыдысты. Уæдæ ма цы хуыздæр ахæрæм, уæдæ ма кæм хуыздæр баулæфæм! – Дзургæ-дзурын лæг йæ майданмæ æркасти. – Уым дæр мын радтой майдан. Дзæбæх майдан у, тынг дзæбæх, фæлæ йын риуыл дарæн нæй. Ныр, дам, нал и уыцы равдыст – кæцæй кæдæм уыди, æмæ, дам, æй фехæлдтой. Гъеныр уый чи фехæлдта, ууыл йæ дыууæ къухы ма бахуыскъ уой! Уæдæ йæ кæдæм халыс?! Æнæуи дæр цыдæр халæн дуг скодта – иууыл халгæ 'мæ халгæ! Аразыны кой нæй, æрмæст – халгæ! – Лæг æрæнкъард и: куыддæр багуыбыр и, цыма йын цас æмбæлди, уымæй фылдæр багуыбыр и, афтæ фæзынд Габамæ. Йæ цæстыты уæлтъыфæлттæ æруагъта йæ цæстытыл, йæ къуырф армытъæпæнтæ йæ уæрджыты къоппатыл æрæвæрдта, æмæ Габамæ афтæ фæзынд, цыма æнкъард лæг цы хуызæн хъуамæ бада, уый йын æвдисынмæ хъавыд. Æмæ бафиппайдта Габа: Лæг йæхи ныхæстæм куы æрæнкъард уа, уæд уый ахъаззагдæр æнкъард у.

Автобус æрлæууыд.

– Ам рахизæм, – фестади Габа.

Адæм базмæлыдысты. Лæг дæр схæцыд йæхиуыл. Стгæстын Габайы цонгмæ бавнæлдта.

– Ды ам хизинаг нæ уыдтæ, цыма. Æмæ мæн тыххæй куы рахизай, уæд мæ фарсыл нæ бахæцдзæни дæ лæггад.

Габа йæм сдзурын нæ бафæрæзта æмæ иумæ æрхызтысты. Æмæ зæххыл куы 'рлæууыдысты фæрсæй-фæрстæм, уæд загъта:

– Гъеныр ам банхъæлмæ кæсæм.

– Æнхъæлмæ бакæсдзыстæм, куыд нæ бакæсдзыстæм æнхъæлмæ! Фæлæ, кæд уæ хæдзарæй хъуыддаджы фæдыл рацыдтæ æмæ мæн тыххæй ныууагътай дæ хъуыддаг, ууыл тыхсын, гъе. Уыййеддæмæ æнхъæлмæ куыд нæ бакæсдзыстæм. Лæг цæргæ-цæрæнбонты дæр æнхъæлмæ нæ кæсы!

Афонмæ æнхъæлмæ кæсынц уый æппæт нывгæнæгæй, – ацахста йæ хъуыды Габайæн. – Сæ иутæ бадынц Самбеджы парахат уаты рæбинаг бандæттыл, сæ иннæтæ цыма сæ фырæнæвдæлонæй бадын дæр нæ фæразынц, уый ралæуу-балæуу кæнынц. Æмæ сæ Самбег ныхæстыл дары.

– Гыццыл ма фæлæуут, хæрз ныццыл, æндæр нæ. Ацы тæккæ ам ма 'рбалæууа, уый гæнæн нæй. Æвæццæгæн та йын уыцы автобус нæ баурæдта, йе 'дзагæй та цыди 'мæ. Уыййеддæмæ, мæн тыххæй цы фæнды кæнæд, фæлæ æрæджытæ кæныны лæг у! – Афтæтæ-йедтæ дзурдзæн. Ахуыр ыл у Габа. Йæхиуыл дæр ын ахуыр у æмæ йæ ныхæстыл дæр.

– Мæн Цомахъ хонынц, – фехъуыст Габамæ æнæнхъæлæджы æмæ кæмдæр аззадысты нывгæнджытæ дæр. Самбег йæхæдæг дæр.

– Мæн та – Габа, – загъта Габа дæр æмæ Цомахъмæ бакаст.

– Хуыцау дæ саразæд. Дзæбæх ном дын и хæрз дзæбæх ном æмæ мын æхсызгон уыд: Га-ба. Хуыздæр ма цы фæуа!

Гыццыл автобустæ дыууæрдæм кодтой, стыр нæ зынди. Габа та-иу Цомахъмæ бакаст. Уый лæууыди гыццыл гуыбырæй, гыццыл æнæвдæлонгъуызæй, афтæмæй йæ цыма æвдæлгæ дæр кодта. Æмæ йæм хъавгæ бадзырдта:

– Ныр мын хатырæй фæуæд Цомахъ, фæлæ, кæд æхцайæ арæзт нæ дæ æмæ уый тыххæй нæ бадыс гыццыл автобусы, уæд мæнмæ ис æхца æмæ æз афиддзынæн дæ бæсты.

Уыцы ныхасмæ Цомахъ, йæ майдан цы дзыппы сæр ауыгъд

уыд, уыцы дзыппыл йæ тъæпæн арм бафæлдæхта æмæ аздæхт Габамæ.

– Хуыцау дын бирæ раттæд, фæлæ мын дæ ныхас гыццыл хъыгтомау уыди, цы дын æй æмбæхсон. Хъыгтомау мын уымæн уыди, æмæ мын цыма мæ цыбыркъух мæ цæстмæ дарæгау кæныс, афтæ мæм зыны æмæ ныр цал цыбыркъухы ис, уалæн йæ цæстмæ куы дарæм йæ цыбыркъух, уæд нæ сæр куы бахъуыди! – Уым фæурæдта йæ ныхас, Габамæ бакасти, йæ сæр батылдта фæйнæрдæм æмæ ма уæд бафтыдта йæ ныхасмæ: – Фидæгæн æнцон у бæсты фидын, фæлæ, кæй бæсты фидай, уымæн афтæ æнцон нæу. Иу-цасдæр ницуал сдзырдта, стæй йæхицæн дзурæгау райдыдта ныллæгдæр хъæлæсæй: – Æмæ мæ цы Хуыцау федта, гыццыл фылдæр цæмæннæ рахастон! Фæлæ йæ цæмæй зыдта лæг, æмæ нæ паддзахады автобустæ дæр нал и! Æндæра загътаин æфсинæн, паддзахады автобустæ скадавар сты, иннæ автобусы абадын мæ куы бахъæуа, уымæй тас у, æмæ мæм уый хардз дæр радт. Æмæ мæм радтаид, йæ тæригъæд мæ нæ хъæуы. Йæ къухтæм æмхасæнтæ кæны, фæлæ мæм æнæ ратгæ нæ фæуыдаид. Уæдæ мæ ам горæты уынгты фистæгæй сæпп-сæпп кæнын кодтаид!

Габа фæкъæмдзæстыг, фæсмон дæр æм æрцыд, афтæ кæй загъта, ома, æз афиддзынæн дæ бæсты, ууыл. Æмæ та-иу уыцы къæмдзæстыгæй йæ цæстытæ базылдта Цомахъмæ, æмæ уыдта – чысыл раздæр уыцы рухс æрдузы хуызæн цы цæсгом уыд, уымæн йæ рухс мынæгæй-мынæгдæр кодта, цыма, цы æрдузы хуызæн уыд, уый сæрты змæст мигъы тымбылтæ фæцæйтылди кæдæмдæр.

- Уыцы пенсийы капеччтыæ, уас мæ куыдзы туг куы ныккæлид уыдоныл дæр. Мæгуыр лæджы уæлæфтауæй уæлдай нæ иуæрдæм æххæссынц, нæ - иннæрдæм. Сæхæдæг сæ хъæр æмæ сæ хъихъыриййæ нал фенцайынц – гъæтт, фидар фæлæуут, æфтауæм та уын уæ пенсимæ, стæй рацæй-рабон æмæ, хæйрæджыты 'хсæвмæ иу сау карк цæмæй балхæнай, уый фаг нæ разыны, цы йæм бафтауынц, уый. Йæ хъахъа – бирæ, йæ айк – гыццыл. Уæд уал æм бафтау, стæй дæ, кæд фæнды, ололи фест. Æвæццæгæн сæм бирæ кæсынц нæ хицауадмæ – минтæ сты 'мæ. Фæлæ афтид кæй сты, хæппуд, уый кой сæм нæй. – Цомахъ фæлæууыд йæ ныхасæй, Габамæ та бакаст. Æмæ йæ бакастыл бæрæг уыд, цыдæр дзуринаг ма йæм и, фæлæ гуырысхо кæны – дзура йæ? Уæддæр æй райдыдта: – Ибонты телевизоры иу дзæбæх лæг ныхас кодта æмæ афтæ радзырдта уыцы дзæбæх лæг. Раздæр,

дам, дæ пенсийæ далæ Мæскуымæ ныццыдаис, уым, дам, уазæгдоны фæцардаис иу къуыри, стæй, дам, фæстæмæ ссыдаис дæ хæдзармæ, уый фаг, дам, кодта, раздæр астæуккаг пенси чи иста, уымæн йæ пенси.. Ныр, дам, цæмæй Мæскуымæ ныццæуай, æмæ дзы иу къури фæцæрай, уымæн, дам, иу хъæуы пенситæ дæр не сфаг уыдзысты.

Уыцы ныхæстæ куыддæр загъта Цомахъ, афтæ йæ сæр ныттылдта, æвæрæз лæджы тылд ныккодта йæ сæр æмæ ныуунæргъыдта:

– Цы паддзахады хицау уыдыстæм æмæ дзы афтидæй куыд аззадыстæм! Куыд нын æй фехæлдтой нæ цæстыты раз, æмæ сын æй куыд бауагътам халын?! Нæ къухтæ сын сæ хъæлæсты куыд нæ атъыстам. Уым алцы нымад куыд уыди, уыцы паддзахады къухбæттæн хæцъилы онг, ахæм диссаг макуы 'рцæуæд. Хъæуæн – колхоз, горæтæн – завод. Хъæуæн дæр – куыст, горæтæн дæр – куыст. Колхоз нæм уыд æмæ нæ фæллой ассон-ассон кодтам. Уæ дунедарæг стыр Хуыцау, цымæ ма мах хуызæн дудгæбон ныккодта дæ быны искæуыл?! – Цомахъ йæ тъæпæн æрмттæ фæйнæрдæм фæхаста, лæг загътаид, ныртæккæ сæ æнæ ныкъæрццгæнгæ нæ фæуыдзæн кæрæдзийыл. Фæлæ сæ нæ ныкъæрцц кодта, исдуг сыл афтæ хæцыди, стæй сæ Габамæ бадардта. – Науæд ма кæм баззади колхоз! Фермертæ, дам! Мæнæ дæ ахъаззаджы хæдзар куыд фехалай æмæ йын йæ дуртæ 'мæ йæ фæйнæджытæй хуыдæттæ 'мæ кæркдæттæ куыд фæцаразай, афтæ! Ныр, дам, схæцæм хъæууон хæдзарадыл, сисæм, дам, æй – æндæр ныхас нал и нæ хицауадмæ. Гъа, сисут æй, мæ уд. Фæлæ ма йæ цæмæй сисынмæ хъавут, къуди дæр ын куы нæ уал ис. – Уым та фæлæууыди йæ ныхасæй, йæ алыварс акæстытæ кодта æмæ цыма æфсæрмы кодта, уыйау ныллæгдæр хъæлæсæй загъта: – Хъуг ныххауын зоны – йе мæллæг ахæссы, йе йæ уæнгуытæ æгæр фæрасур-басур кæнынц, æмæ ныххауы, ыста ма, уый йæ бон нал вæййы. Æмæ йæ сисынц, йæ къудийыл ын схæцынц, стæй йын йæ быны хъилтæ акæнынц æмæ йæ сисынц. Афтæ къудийæ исинаг фæци нæ хъæууон хæдзарад. – Цомахъ йæ къæхтыбынмæ æркасти æмæ дзы йæ цæст куы ницæуыл фæхæст, уæд фæстæмæ базылдта Габамæ йæ цæстытæ. – Æмæ уый дæр алчи нæ зоны, нæ, къудийæ исын. Æнарæхст хæстытæ йыл куы скæнай, уæд йæ бон у æмæ скъуыйгæ дæр скæна къуди.

Къудийы коймæ та йæ куысты балæууыд Габа: кæй дæргъæн

къудитæ ныццарæзта уыцы маймулитæн Мысалби! Цыма маймулмтæн даргъ къудитæ скæндзæн, уымæй диссагæн дзуринаг фæуыдзæн йе 'рмдзæф!

Афонмæ базмæлыдысты. Сæ хъуыр-хъуыр цæуы фæйнæрдыгæй афонмæ. Самбег та сæ фæстæ рацыдаид асины онг. Афтæ рацæуы чиныгуадзæны кусджытæй искæимæ чи фæхъауґъа вæййы, уыцы фысджытæ æмæ нывгæнджыты фæдыл. Фæраст кæны сæ кусджыты. Æмæ раст кæндзæн Габайы, ома фыдбылызы макуы бахауæд æмæ дзæбæх уæд, уыййеддæмæ та сымах æрбамбырд уыдзыстут. Æрæджытæ-йедтæ гæнаг нæу, ома æмæ йæм зæрдæ æхсайы, ома. Афтæтæ-йедтæ дзурдзæн, раст кæндзæн Габайы.

– Æмæ мæм цыдæр капеччытæ ис – йæ хъæлæс æрхауд, афтæмæй та райдыдта Цомахъ, æмæ Габа бадис кодта, йæ хъæлæс кæй æрхауд, ууыл. – Ис мæм цыдæр капеччытæ, радта мæм сæ æфсин, фæлæ нæ цыдæр æхсызгон алхæнинæгтæ ис æмæ сæм куыд бавналон! Хъуамæ памидорты æвзартæ алхæнон иу-æртиссæдз быны бæрц. Сæ бынат афтидæй дзыназы уым цæхæрадоны кæрон. Уырдыгæй ацу 'мæ мæ цъæххос алхæнын дæр хъæуы, нæ бæлæстæ ныр куы нæ бапырх кæнон, уæд скæлмхæрд уыдзысты æмæ цъæхæй зæххы абаддзысты сæ гагатæ. Фæлæ сæм куы бавналон – уыцы капеччытæй зæгъын, – уæд мын нал иуыл аххæсдзысты, нал – иннæуыл. Нымадæй мæм сæ радта. Æмæ ма йæм цы цæсгом равдисдзынæн стæй! – Лæг æрлæууыд йæ ныхасæй, афтæ зынд – бафæллад дзурынæй æмæ уымæн æрлæууыд, фæлæ гыццыл фæстæдæр æхсызгон змæлд бакодтой йæ былтæ. – Уый ма мæм, мæгуыр, æхцамæ дæр фæкæсы æнхъæлмæ. Афтæ ахуыр у. Йе 'лхæнинæгтæ йын балхæнын, æхцайыл фæстæмæ фæхæц-фæхæц фæкæнын, афтæмæй, цæмæй ма йын дзы исты капеччытæ сфæстауæрц кæнон. Стæй йæм сæ изæры куы авæрын, уæд сыл цинæй амæлы. Йæ мидбылхудт нал æмæ нал фæсысы йæ цæсгомыл, æмæ сæ ныр фæндæгтыл куы бахардз кæнон, уæд ма сæ цы æлхæнгæ бакæндзынæн, цы ма йæм дзы фæстæмæ ныххæсдзынæн. Æмæ мæ уый тæригъæд цæмæн хъæуы! Бæргæ, ацы тадзгæ-баргæ цардæй куы фæрвæзид лæг. Горæтмæ цæуыс, уæд сихоры къæбæр цæмæй бахæрай, уый фаг дæр куыд уа, автобусты цы бафидай, уый фаг дæр, иу зонгæйыл куы амбæлай, уæд фæйнæ бæгæныйы къусы цæмæй баназат, уый фаг дæр – уый бæрц æхца авæр дæ дзыппы. Фæлæ уыцы цард аивгъуыдта. Уæд

адæмы тæригъæд куы баззаид, махæн уыцы цард чи фехæлдта, уыдонæн.

– Бахатыр кæн, фæлæ ныр колхозы цы куыст кодтай? – уыцы æнкъард ныхасæй йыл иуварс куы ахæцид, ахæм фæнд фæзынди Габамæ.

– Фосы куыст, фосы. Стурвосы куыст, уæдæ! – уыцы дзæбæх фездæхти æхцайы койæ фосы коймæ Цомахъ æмæ Габа бацин кодта. – Хуыскъаг фосы куыст кодтам иу бригадæй. Сæрд-иу сæ уалæ хæхтæм аскъæрдтам æмæ-иу сæ уым хызтам – Куырттаты комы уыцы рæгътыл. Афтæ-иу ныннард сты æмæ-иу сæ цæрмтты нал цыдысты. Зымæг та-иу сæм бынаты зылдыстæм, нæхимæ.

– Æмæ уын хæхты хæдзæрттæ æмæ скъæттæ уыди? – Афарста Габа, афтæмæй йæхæдæг дæр хорз зыдта – цæй хæдзæрттæ 'мæ цæй скъæттæ вæййы уым хæхты?!

Цомахъ йæ æрмттæ фæхъил кодта, цыма æрæмдзæгъд кæнынмæ хъавыди.

– Æмæ хæхты цæй хæдзæрттæ 'мæ цæй скъæттæ хъæуы! Нæхицæн-иу халагъуд сарæзтам. Стуртæ-иу уыцы уæлвæз рæтты хуыссыдысты уыцы 'фсæстæй æмæ-иу сæ тæнтæй улæфыдысты.

Лæгæн цыма йæ цæсгом гыццылгай рухс кæнын байдыдта, афтæ фæкасти Габамæ æмæ йын æхсызгон уыди. Бакасти йæм, йæхæдæг дæр бахъæлдзæг æмæ та йæ бафарста:

– Къæвда-иу куы уыди, уæд та?

– Цы, уæд та?

– Уæддæр-иу æдде хуыссыдысты?

– Уæдæ-иу кæм хуыссыдысты! Æмæ уым йæ къæвда бирæ нæ хæссы, нæ. Уыцы дзæбæх хъарм къæвда-иу сын сæ рыг æрæхсадта æмæ-иу тæмæнтæ калдта сæ хъуын.

– Хæринаг уын хъæуæй ластой? – хæхты коймæ æцæг бацыбæл и Габа.

– Хъæуæй дæр нын ластой, уæдæ нын цы кодтой хъæуæй дæр! Макъаронтæ-йедтæ, пырындзытæ-йедтæ нын ластой. Памидорафон уыдаид, йе джитъриафон – цух сæ никуы уыдыстæм. Нæхæдæг иу кусарт акодтам – уыцы цъитийы хуызæн фыдызгъæл! Хъæумæ-иу дзы арвыстам быдыры куыстгæнæг бригæдтæн. Нæхицæн-иу кæй ныууагътам, уый-иу сцæхджын кодтам æмæ æмбисонд цæхджын фыд у! Дуцгæ хъуццытæ дæр-иу нæм иу-цалдæр уыди – æхсырхъуаг дæр нæ уыдыстæм æмæ цыхтхъуаг дæр.

– Æмæ-иу цыхт уæхæдæг ахстат?

– Нæхæдæг, нæхæдæг! Уæдæ цыхтахсæг агургæ кодтаиккам уым хохы цъуппыл! Немæ-иу ахæм лæг уыди, цыхтахсын дæр чи зыдтаид æмæ хæринаг кæнын дæр. Уæдæ куыд æнхъæл дæ! Уæдмæ-иу фæззæг æрцыд æмæ-иу уарын байдыдта нæ колхоз. Гъæ, дæ арты бындар фæуай, дæ арты быдар дæр фæдæ фæлæ! Уый-иу цы нæ байуæрста! Цыхт-иу байуæрста, мыд-иу байуæрста. Къуымбил-иу байуæрста – æмæ-иу цы нæ байуæрста! Æхсынæнты зети уæрста, памидор уæрста. Джитъритæ уæрста. Æрмæст маргъы 'хсыр никуы байуæрста, уыййеддæмæ, уый цы нæ байуæрстаид, ахæмæй ницы баззадаид зæххыл. Мæнæу æмæ нартхорæн сæ кой дæр ма скæн! Загъдмæ-иу æрцыдыстæм – мауал нæм сæ ласут, бынат нæм нал и. Фæлæ дæм чи хъуыста! Сфæлдæхтаиккой дын дæ кæрты астæу нартхоры къорыпп æмæ йæ уым ныууагътаиккой кæрийæ. Ныр гæдыйыдымæг ахъазыд нæ быдырты. Лæджы цæст сæм акæсын нал уарзы. Æмæ сын колхоз нал бæззы. Уæдæ дын æз зæгъын, колхозон цардæй хуыздæр хъæууон лæгæн, дыккаг хатт чи райгуыра, уый дæр не 'рхъуыды кæндзæн. – Уым цæхгæр ныззилæгау кодта Цомахъ Габамæ. – Æмæ махæн уартæ нæ фыдæлтæ дæр колхозон цардæй куы цардысты! Хæдзары дæс-дыууадæс хосдзауы куы уа, иу-цалдæр цæды дзы галтæ куы уа, уæд уый колхоз нæу, уæдæ цы у! Æмæ фæтджыгъæдæн нæ цардысты афтæ иумæты, нæ. Афтæ сын æнцондæр уыд æмæ уымæн афтæ цардысты. Иумæйаг куысты куыд æнтысы лæгæн, афтæ йын иунæгæй не 'нтысы, нæ. Иумæйаг куыст зиу у, зиу! Æмæ йæ дæ зæрдыл бадар, мæхи æфсымæр, адæмы фæстæмæ уыцы цардмæ хъæуы. Цас фæнды ма фæхæрой сæ хъиутæ – фæстæмæ ма 'рыздæхой уыцы цардмæ, уый гæнæн нæй. Уымæн æмæ уый æцæг цард уыди, мæнæ ныр цы цæрдтытæ кæнæм, уыдон джидзæггаджы цæрдтытæ сты.

Уыцы ныхас куыд кодта, афтæ йæ цæсгом быньондæр барухс Цомахъæн æмæ та йын Габамæ æрдузы хуызæн зынын байдыдта, цыма кæмдæр иу дзæбæх уæлвæзы бæрзыты астæу цы æрдуз и, уымæ райсомы рухс бакасти. Æмæ бацин кодта Габа – ныр æй кæд афтæмæй йæ зæрдыл бадарид æмæ йын стæй йæ нывкæнын куы сфæнд кæна, уæд ын хуыздæр рауаид. Бæргæ, йæхимæ йын кæс æмæ йын афтæмæй кæн йæ ныв! Фæлæ йын куыд кæсдзынæ йæхимæ? Кæм æм кæсдзынæ?!

Уыцы хъуыдытæ куыд кодта Габа, афтæ автобус уæззау-уæззау æрбазынд тигъыл æмæ сæ тæккæ раз æрлæууыд, цыма йæ

комкоммæ уыдонмæ æрбарвыстой кæцæйдæр.

Габайæн æхсызгон нæ уыд, автобус тигъыл кæй æрбазынд æмæ сæ разы кæй æрлæууыд, уый. Ныхæстæ кæнын æм цыд нырма Цомахъимæ. Бирæ ныхæстæ кæнын. Ныхæстæ уый куыд кодтаид, Цомахъ, Габа та йæ афтæ афæрс-афæрс куы кодтаид. Фæлæ уæдмæ йæ къух бадардта автобусмæ Цомахъ.

– Бæззы мын ацы автобус?

– Бæззы дын, бæззы, – æнæбары базмæлыди Габа дæр.

– Уæдæ мын гъеныр хорзæй баззай. Искуы Фарныхъæуы куы сæмбæлай, уæд-иу мæ æнæ бацагургæ ма фæу. Фысым дын уыдзынæн. – Куыддæр схызти автобусмæ, афтæ йæ дыуурæ дуары уæззау рахæцыдысты сæхиуыл автобусæн æмæ сæ резин былтæ кæрæдзийыл банцадысты. Стæй фенкъуысти автобус. Габа иунæгæй аззад æмæ, куы аззад иунæгæй, уæд йæ цæнгтæ фæхъил кодта – уый куыд нæ абадти автобусы? Уый куыд нæ ацыди? Куыд ауагъта иунæгæй кæйдæр лæджы?!

Лæууыд æмæ фæрсæджы каст кодта автобусы фæстæ. Нал æм зынди автобус, уæддæр ма лæууыди æмæ ма касти уæддæр. Стæй сындæггай разылд æмæ араст и йæ куыстмæ. Тагъд нал кодта – афонмæ нывгæнджытæй алчи йе 'рмадзы балæууыди. Ныр та сæм ногæй дзур уыдонмæ дæр! Иугай-иугай сæм дзур, иугай-иугай ныхас кæн семæ! Ныр уыдæтты бæсты иу дзæбæх рухс ран сбадын кæн Цомахъы æмæ йын йæ ныв кæн æмæ кæн! Дæ цъылынæг-иу атул ахорæны æмæ-иу ын æй йæ æрдузы хуызæн цæсгоммæ фæцæйхæсс! Æмæ уыцы хъуыдыты æхсызгонæй лæугæйæ аззд Габа. Алæууыд, алæууыд уыцы æдзæм лæудæй æмæ йæ сæр ныттылдта – куыд æй ауагъта иунæгæй, цæмæн æй ауагъта?! Ныр, уæд та, уыцы гæххæттытæ чи ивы, уый уым нæй, уæд цы ми хъуамæ кæна! Хъуамæ уым тыргъы кæрон сбада æмæ бада иунæгæй. Æндæр цы йæ бон у! Æмæ, стæй сихорафон куы суа æмæ йæм хæрын куы 'рцæуа, уæд кæм хъуамæ бахæра сихор, уым æввахс хæрæндон дæр куы никуы ис. Æмæ дзы æниу куы уа искуы хæрæндон, уæд цæмæй хъуамæ бацæуа хæрæндонмæ?! Уый дын йæ нымад æхцамæ æвналы! Æмæ йын сæ йæ къухы дзыхъмæ нымайгæ куы бакодта йæ бинойнаг. Цы сæ балхæндзæн æмæ цас балхæндзæн, уый уым куы банымадтой сæхимæ, сæ хæдзары. Нæ, уыцы æхца дзуары мысайнаг æхцайæ уæлдай не сты Цомахъæн, æмæ сæм куыд бавналдзæн! Æмæ уæдæ æххормагæй баддзæн æмæ æххормагæй æнхъæлмæ кæсдзæн?! Стæй уæд та æппындæр

не 'рцыди, уыцы гæххæттытæ чи ивы, уый йæ куыстмæ – афтæ гæнæн дæр и. Æмæ цы гæнæн нæй ацы æнæхицау царды?! Æмæ уæд цы фæуыдзæн Цомахъ? – куы нæуал базармæ бафта, куы нæуал автобус ныййафа! Æмæ фæфæнд кодта – ацæуа йæ фæстæ, мæнæ дæсæм автобусыл абада æмæ ацæуа! Фæлæ йæм цы бадзурдзæн, куы йæм бацæуа, уæд? Æмæ йæм хъыг куы фæкæса! Æрдæбон ын, дæ бæсты афидон куы загъта, уæд æм куыд хъыг фæкаст! Æмæ нал ацыд йæ фæстæ.

Нывгæнджытæй ма иу-цалдæр аззади – æвваxсдæр чи уыди Габамæ, уыдон. Иутæ лæугæ кодтой тилифоны уæлхъус, иннæтæ – бадгæ. Куы йæ федтой, уæд æм кæсыныл фесты – чи йыл уæлæ дæлæмæ хаста йæ цæстытæ, чи дæле уæлæмæ. Æмæ сæм йæхæдæг дæр кæсыныл фæци.

Уæд базмæлыд Самбег. Фыццаг æм йæ тъæпæн арм батылдта йæ фæтæн стъолы сæрты, – æртхъирæнгæнæджы тылд нæ – афтæ хионы тылд. Стæй та йæм дзургæ ракодта:

– Дæ мæрдты хатыр дæр бакæн æмæ дæ удыгæсты хатыр дæр, фæлæ дæ искуы ахсгæ 'рчынди?! Нæ сæртæ куы разылдысты дæу агурынæй?!

– Ныххатыр мын кæнут, афтæ рауади. Мæхæдæг дæр æй нæ базыдтон, афтæ куыд рауади, уый.

– Афтæ рауади, уфтæ рауади! – бахъуыр-хъуыр кодта Самбег. – Уыйæппæт нывгæнæг æрæмбырд сты, сæхи фæраиваз-баиваз кодтой æмæ фæцыдысты фæйнæрдæм. Иу халон, дам, зиу ракодта йæхæдæг кауымихыл сбадти.

– Ницы сбадтæн кауымихыл, цæй кауымихыл сбадтæн! Автобустæ надæй цыдысты, сæ дуæрттæй дæр зæу-зæу кодтой адæм, машинæтæ нæ урæдтой. Стæй уыцы фарныхъæуккаг автобусы абадтæн æмæ.

– Фарныхъæуккаг рæсугъдимæ дзы ма фемдзаст уай æмæ йæ фæдыл ма адзæгъæл уай! – йæ ныхас ын аскъæфта тагъддзураг Темыз, уартæ йæ æрмадзы бæрæгъы æрдæггом чызджы ныв чи равæрдта, уыцы Темыз. Равæрдта уыцы чызджы ныв – ныр йæ даргъ хъуыр иу ивæзт скодта уæлæмæ, цыдæр ракæнон ивæзт, йæ фæлахс цæвæджы хуызæн æрфгуытæ айтыгъта фæйнæрдæм, йæ риуагъудтæ размæ рахастой сæхи, скастæ уыцы дыккаг уæладзыгмæ, уæд зæгъдзынæ – ныртæккæ кæнæ сæ бæттæнтæ ныпъпъæртт кæндзысты уыцы гом уæхсчыты уæлæ, кæнæ сæхæдæг ратондзысты размæ агъудтæ. Уæдæй нырмæ уыцы

зылды нæлгоймæгтæ зæрондæй-ногæй рацу-бацуйæн бахъуыдысты уыцы уынджы. Сæхи афтæ æвдисынц, цыма сæ хъуыддæгты фæдыл цæуынц, фæлæ цæй хъуыддаг æмæ цæй æндæр! Сæ цæстытæ нывмæ ныццæвынц æмæ сæ къæхтæ кæм дзыхъхъы фæтъыссынц, кæм сæ къуыппыл бакъуырынц уыцы къуыппытæ-дзыхъытæ уынджы.

– Чызгимæ дзы нæ фемдзаст дæн, фæлæ дзы иу лæджы федтон, – Габа йæ ныхасæй æрлæууыд æмæ йæ сæр тилын байдыдта. Æмæ йæм нывгæнджытæ иугай-дыгай сæ цæсгæмттæ аздæхтой. Æмæ йæм кастысты. Йæ сæр нал тылдта, уæддæр æм кастысты.

– Уагæры цавæр лæг уыди? – нæ та фæлæууыди Темыз.

– Йæ зæрдæ – гом, йæ ныхас – æргом, йæ хъуыды — раст: дзæнгæлтæ кæны йæ хъуыды, афтæ раст у, гъе! Уымæ бавдæл æмæ йæ хицауæй сæвæр, стыр хицауæй. Ахуыр лæг нæу, фосы куыст кодта, уымæ йын æппындæр ма фæкæс!

Æмæ кастысты нывгæнджытæ Габамæ.

– Йæ цæсгом та – бæрзыты 'хсæн цы æрдуз уа, уырдæм райсом хур куыд сцæйкæса!

Æмæ йæм хъуыстой.

– Стæй цы фæци? – æрæджиау бафарста Самбег йæхæдæг.

– Ацыди, цыдæр хъуыддæгтæ йæ уыди æмæ ацыди йæ хъуыддæгты фæдыл.

Æмæ та Темыз дæр нæ фæлæууыди:

– Демæ йæ ракодтаис æмæ йæ мах дæр федтаиккам.

Æмæ уæд Габамæ баздæхт йæ хæлар Изæдбег, фыццаг æм бахудти, стæй йæм бадзырдта:

– Уый фæндараст фæуæд, уыцы фарныхъæуккаг лæг, фæлæ ды Хъазанджеритæм ныдздзур, уæхи Хъазанджеритæм далæ, æмæ дын кæд, дæ дуар сæттынмæ нæма абырста йæ фырттимæ, уæд куыд нæуал абырса. Фæлæ дын афонмæ цыма гуымс кæнынц йе 'ртæ фыртимæ сæ джидæ фæрæттæй дæ дуары тæрвазтæ. Хуымæтæджы тарст дын фæкодта, куы сæм ныдздзырдтам, уæд.

– Гъомæ сæм кæдæм дзырдтат, уоу мæнæ! – йæ цæнгтæ фæхъил кодта Габа.

– Ныдздзур сæм, æмæ дæм сæ зæрдæ ма 'хсайа, – ныхасыл йæхимæ ахæцыд Самбег, стæй фæбæрнджындæр кодта йæ ныхас: – Ам чи и, уыдонмæ дæ дзурын нал хъæуы, фæлæ иннæтæм фæдзур æмæ райсом бамбырд ут. Кæд не сбаддзысты уыцы нывтæ

уыцы чиныджы, уæд æй иу-цалдæрæн бабар кæн. Иу æмæ дыууæйæн нал фæуыдзæн арæзт æмæ ныкъуылымпы уыдзæни нæ чиныджы рауагъд.

Уæд Даламбег чи у, уартæ ирон фæндагмæ фездæхæны Уастырджийы ныв чи скодта къæдзæхы фарсыл, уыцы Даламбег, базмæлыди йæ бандоныл æмæ бадзырдта Самбегмæ:

– Нывтæ дымды фæуæд Мисалбийы къудиджын нывтæ. Æгайтма нын Габа дзæбæх у. Марадз-ма, дæ рæбыны ницы и. Мах Хуыцаумæ бакувæм.

– Уæдæ æрæджытæ-йедтæ гæнаг куы уаид, уæд æм зæрдæ афтæ æхсайдтаид! – загъта Самбег, стæй йæ цонг йæ тæккæ рæбынмæ атъыста йе стъолы бинаг æвæрæны æмæ дзы иу уырыссаг арахъы авг райста.

Арахъы авгæй бакуывдтытæ кодтой æмæ базмæлыдысты.

Асинтыл Изæдбеджы фæрсты фæцæуæг кодта йæхи Габа.

– Машинæйыл нæ дæ?

– Мæ дин-мæ иманыстæн – машинæйыл! – бахудти Изæдбег. Æвæццæгæн, афтæ кæй загъта, ууыл бахудти.

– Уæдæ ма цом иу ранмæ бауайæм.

– Бауайæм. Æцæг кæцырдæм уайын хъæуы, уый мын æнæ схъæргæнгæ ма фæу.

Æмæ ныр та Габа бахудти. Изæдбег афтæ кæй загъта, ууыл бахудти.

– Уыцы лæг, уыцы фарныхъæуккаг лæг уартæ фæндæгты хицауады хæдзармæ ацыди, æмæ йæм мæ зæрдæ æхсайы.

– Цæмæй йæм æхсайы дæ зæрдæ?

– Æмæ гъа! Фæндæгтæ дæр нæ зоны дзæбæх, æхцайæ дæр – кадаваргомау, йе йын йæ гæххæтт афоныл куы нæ баивой, æмæ æвæгæсæгæй куы бада уым искуы.

– Уый дын фарныхъæуккаг лæг! – загъта Изæдбег æмæ машинæйы бабадтысты.

Цомахъ раст лæууыд агъуысты рахизæны æмæ йæ армы тъæпæнмæ æдзынæг касти. Габа æмæ Изæдбег йæ разы æрлæууыдысты æмæ йæм Изæдбег бадзырдта:

– Дæ бонтæ хорз!

Цомахъ бакасти лæппутæм æмæ сæ цыма цæмæйдæр æфсæрмы фæци, уый змæлд бакодта, гыццыл фæстæдæр дæр фæлæууыди. Изæдбегыл йæ цæстытæ æрхаста.

– Кæй бонтæ сты, уый хорзæх дæ уæд, мæ хур.

Æмæ йæ бафарста Габа:

– Баивтой дын дæ гæххæтт?

Цомахъ йæ армытъæпæнæй систа гæххæтт æмæ йæ бавдыста Габамæ.

– Баивтой мын æй, – загъта Цомахъ. – Ивгæ мын æй бакодтой, фæлæ мын мæхион нал радтой æмæ мын хъыг уыди. Бахатыдтæн сæм загъын, уый дæр мын мæхицæн уадз, æмæ, дам, дæ ницæмæн хъæуы. Йæхæдæг æй, йæ къæхты бын цы къалати уыди, уым ныммидæг кодта. Уæд мын æй уадз мæхицæн æмæ уа, кæдæм æй æппарыс къалатимæ!

– Æмæ ма дæ цæмæн хъуыди?

– Хъæугæ мæ уыйас ницæмæнуал кодта, уый раст у. Фæлæ мæм йе 'ппарын æвгъау касти. Сахуыр ыл дæн, – Цомахъ дзургæ-дзурын гæххæтт, майдан цы дзыппы сæр ауыгъд уыд, уыцы дзыппы нывæрдта, йе 'гъæг ын бафтыдта стæй аздæхт Габамæ. – Фæлæуу, æмæ ма ды та кæцæй фæдæ?

– Мæнæ мæ ацырдыгæй цыдæр гыццыл хъуыддаг уыд, – афсон кодта Габа - æмæ мæ мæнæ Изæдбег æрбадавта йæ хæдтулгæйыл. Мæ хорз æмбал у Изæдбег, – Изæдбеджы уæхскыл йæ къух æрæвæрдта Габа.

– Йæ амонд хорз уæд, – загъта Габайы ныхасмæ Цомахъ æмæ йæ тъæпæн арм йæ хæдоны тæрттыл æруагъта.

– Дæлæ уый та йæ хæдтулгæ у, - бахудти Габа æмæ йæ къух адардта машинæмæ.

Цомахъ къухаууонæй акасти машинæмæ æмæ загъта æнæмæт лæджы хъæлæсæй.

– Дзæбæх машинæйы каст кæны. Дзæбæхæй йыл фæцæуæд.

– Дзæбæх машинæйы каст æнæуй фæкæны. Фæлæ искæй куы фæцæйскъæфы искуыдæм уæд ахæм хорз машинæйы каст фæкæны, ахæм! – бахудти Изæдбег.

Цомахъ Изæдбегмæ бакаст, – хъазгæ кæны æви цытæ дзуры?

– Ныр дæр та фæндтæ кæны, худы Изæдбег, – хъуамæ та дзæбæх машинæйы каст ракæна. Уый тыххæй дзы хъуамæ æртæйæ бабадæм, æмæ нæ ам дæлæмæ сыхсыхгæнгæ фæцæйскъæфа.

Æмæ цыма раздæр дзырд уыдысты, уыйау уым фæлæууыд Изæдбег æмæ йын Габа йæ ныхас айста:

– Базары дæ цы хъæуы, уыдон куы балхæнай, стæй, базары бын иу дзæбæх цæлгæнæн ис, æмæ мах уырдæм куы бацæуæм, уый та æдде куы лæууа, дзæбæх машинæйы каст уæд кæндзæн!.

– Цæлгæнæнæй дзæбæх хъæлдзæгæй куы рацæуæм æмæ, далæ, уæ автобус кæцæй цæуы, уырдæм куы сараза йæ ных, уæд уымæй хуыздæр машинæ æппындæр нал уыдзæн..

Цомахъ лæуууыди йæ гуыбыргомау лæудæй. Афтæ зынди, цыма æнæвдæлон у, афтæмæй йæ цыма æвдæлгæ дæр кодта. Йæ къухтыл схæцыд, сæ иу Габайы уæхскыл æрæвæрдта, се 'ннæ Изæдбеджы уæхскыл, исдуг дзурын не сфæрæзта, цыма йæ цин йæ хъуыры абадт, уый хуызæн. Уый фæстæ загъта:

– Ӕгайтма уæ бон у хорзы бацæуын, хорзы бацæуынæй хуыздæр цы и! Фæлæ хорзы бацæуæгæн хорзы бацæуын хъæуы. Ӕмæ уын æз та цы хорзы бацæудзынæн?! Цæмæй уын бафиддзынæн уæ бирæ лæггад? Кæд уын æй бафиддзынæн?! Ӕмæ хъуамæ цæрæнбонты хæсджынæй цæрон?!

– Ууыл та цы тыхсыс?! – йæхи фæхъæлдзæг кодта Изæдбег.

– Афтæ ма уæд æмæ, иу изæр уæ уасæг йæ фырхъихъырийæ фæсус куы кæна, уæд уын цыппар тымбыл къухы уæ кулдуар ма ныххойой æмæ йæ гыбар-гыбур ма ссæуа уæ кулдуарæн.

Цомахъ бахудти. Ӕвдæлон лæджы худт бакодта. Габа йын кæсгæйæ бахззад йæ цæсгоммæ – бынтондæр æрдузы хуызæн уыд йæ цæсгом, бæрз бæлæсты астæу цы сабыр æрдуз уа, ууыл хурыскасты размæ цы рухс вæййы, уый куыд сæмбæла.

*Июль, 2008.*

*(Кæрон иннæ номери)*

ДАУРАТИ Александр
ЦОРИОНТИ-ТАУИТТИ Эммæ

# МАЛИТИ ГЕУÆРГИ ЛÆГМАРТИ ТÆРХОНИ

Уæ фуд цæфтæй гъæрзуй мæ реу,
Хуæрунцæ 'й маст æма æргъеу.
Уинун мæ цардæн æ кæрон,
Нæ дæн къæхтæбæл лæуунгъон.
Бухсун, лæуун, о, тухфæразæй,
Уæддæр не 'рхаудзæнæн уæ рази
Мæ уæргутæбæл, уой зонетæ.
Ке дæн æвуд, уой дæр уинетæ.
Уодзæй, æркæндзæй федæнбон, -
Хæсдзæй сумахæн дæр тæрхон.
Рæстбæл дзоргутæ хе хонетæ,
Растæн æ цард ба æскъунетæ.
Хеонтæй æз ке дæн изоли,
Ци æй мæлæт уомæн æ цори?
Стур æй Дигорæмæ мæ уарзт,
Нæййес уомæн тогæй нимбарзт.

Тæрхон адтæй тузмæг, цубур -
Сибир, Сибир æма Сибир!
Кæнгæй идардмæ фудираст,
Скодта ма хонхмæ фæстаг каст.
Æ зар - Дзирасгæ - рохс, рæсог,
Итинг кæнуй лæгæн æ тог.
Уогæй зæнхон, адтæй изæд,
Æма нæййес уомæн мæлæт!

Уруссаг æвзагæй Колити В. тæлмац

МАЛИТИ Леска

# ÆЦÆГ ХАБÆРТТÆ

1.

Цардæй лæг æма уосæ. Исæнтæстæй син дууæ фазон биццеуи. Рацудæй сæбæл æстгай мæйтæ. Сæ фидæ Ахмет куста милици хайади сæргълæуууæгæй, æ цардæмбал ба куста горæнхæсткоми сæргълæуууæги секретарæй. Еу кæми адтæй, уоми Ахмети рарвистонцæ командировки æ кусти фæдбæл.

Еу дууæ боней фæсте ба сæхецæй телеграммæ райста: «Тагъд рацо, нæ фурт Гасан фæззиан æй», зæгъгæ.

Ахмет еци фæдбæл фæстæмæ тел ниццавта: «Æнæ мæн мæ биццеуи ма байвæретæ», - зæгъгæ.

Æрбахъæрдтæй æ хæдзарæмæ æма дæ фудгол уæхæн нивæ бауина – тургъæ адæмæй е`дзаг, сувæллон ба гебени тугъд. Лæгтæ лæудтæнцæ, мард уæлмæрдтæмæ хæссунæрвонг.

Ахмет адæмбæл æ цæстæ рахаста, уæдта сдзурдта: «Æз мæ сувæллони цæсгон нæ фæууингæй, уой нигæнун нæ бауадздзæн», - зæгъгæ.

Зæронд лæгтæ æ нихмæ еци карзæй фæллæудтæнцæ, - гебена байгон кæнун ке нæбал æнгъезуй, фал сæмæ фидæ нæ байгъуста. Ци сæ бон адтæй милици хайади сæргълæуууæгæн.

Ахмет байгон кодта сувæллони цæсгон æма имæ исдзурдта: «Гасанчик», зæгъгæ, æма дин имæ и сувæллон ку байдзулидæ.

- А ба ци дессаг æй, мæ сувæллон ба мин уодæгасæй куд æрвететæ мæрдтæмæ?

Фæдздзурдта æ бийнойнагмæ дæр,`ма и уосæ дæр загъта: - дохтур, дан, имæ ку æрбацудæй, уæд е загъта, сувæллон рацох æй, зæгъгæ, æма ин, мадта, ци кодтайанæ?

Е ба, æвæдзи, реанимаций фæсте æй гебени ку батухтонцæ, уæд и гъармæ фæстæмæ æрæскъиттæй.

Уотемæй минкъий Гасан æ фиди фæрци фæййервазтæй мæлæтæй.

Æз Махачкалай ку цардтæн, уæд еци бийнонти хæццæ цардан

хъæбæр хæларæй, арæх цудан кæрæдземæ иуазæгуати.

Еу уæхæн бон бабæй сæмæ иуазæгуати бацæугæй, фæууидтон Гасани, пластилинæй танкитæ æма салдæттæ аразта. Æз мæ медбилти бахудтæн æмæ ин æ фидæмæ дзорун, - куд кæсун, уотемæй, аци биццеу æфсæддон уодзæнæй, зæгъгæ. Æма мин Ахмед гъе уæд ракодта, минкъийтæбæл Гасани уодæгасæй куд фæццæйнигæдтонцæ, еци хабар. Æз сæмæ ку адтæн, уæдмæ сæбæл исæнхæст æй æртиндæсгай æнзтæ. Гасан уæлдай æновуддæр адтæй æ фидæбæл – кумæ фæндуй ку цæуидæ, уæддæр кинау зилдæй æ фалдзостæ.

2.

Еума уæхæн хабар ба ма æрцудæй Таджикистани. Советон хецауади рæстæги Дигорайаг бийнонтæ Тауастæ рафтудæнцæ Таджикистанмæ. Сæ кизгæ Светæ ку райрæзтæй, уæд лæгмæ æрцудæй таджикаг лæхъуæнмæ. Райгурдæй син дууæ кизги. Кæстæр кизгæбæл ном сæвардтонцæ – Мæдинæ. Мæдинæбæл фондз анзи ку рацудæй, уæд æвваст æрбасæйгæй æма клиникон мард ракодта.

Æ фиди мадæ фонси дохтур адтæй, фонс незтæй бæргæ ервæзун кодта, фал Мæдинæ ба адæймаг адтæй, уомæн ба æ бон неци адтæй.

Мæдини æ фидæ байвæрунмæ гъавта, фал æй Светæ нæ бауагъта, телефонæй фæдздзурдта æ хуæрæ Эльвирæмæ æма ин е ба загъта:

- Цалинмæ`й дохтуртæ фæууинонцæ æма зæгъонцæ, рамардæй, зæгъгæ, уæдмæ`й нигæнун ма бауадзæ.

Фæдздзурдтонцæ дохтуртæмæ æма имæ ку æркастæнцæ, уæд æй реанимаций сæвардтонцæ.

Уотемæй Мæдинæ æгас мæйæ фæххустæй, сæйгæдони клиникон мæлæт ке хонунцæ, уæхæн уавæри æнæ æхемæ æрцæугæй.

Мæйи фæсте ба кизгæ æхемæ æрцудæй æма еу цалдæр боней фæсте ба æ хæдзарæмæ æнæнез æма сæрæгасæй æрбаздахтæй.

Уой фæсте Светæ нæбал бакумдта æ лæги хæццæ цæрун, мæ кизги мин уодæгасæй нигæдтай, зæгъгæ, æма рахецæн æй. Мадæ æ дууæ кизгей хæццæ фæстæмæ æрбаздахтæнцæ Дигорамæ сæхемæ.

Мæдинæ исгъомбæл æй, æй хъæбæр рæсугъд, æнæнез,

нуртæккæ ибæл цæуй инсæй анзи, ахур кæнуй нæхе ЦИПУ-й факультеттæй еуеми фæсауyонмæ, косуй фабрики.

Гъе, уæхæн гъуддæгутæ дæр æрцæуй царди медæги.

3.

Цардæй лæг æма уосæ. Исæнтæстæй син дууæ кæстæри – биццеу æма кизгæ. Биццеубæл цудæй æвддæс анзи, кизгæбæл ба - æхсæз. Лæг куста кæсæлгитæ гъæуайгæнæг инспекторæй, силгоймаг ба æнхæст кодта хæдзари куститæ. Ахмеди æ кустмæ гæсгæ арæх багъæуидæ æхсæвгæйттæ байзайун дæр æ кусти.

Уотемæй сæ царди радæ кодтонцæ, фал ибилис фудхæссæг кæд æма кæми н' адтæй.

Еу кæми адтæй, уоми Ахмети бийнойнаг фæззонгæй еу таксисти хæццæ, `ма хъæбæр фæллимæн æнцæ.

Райдæдтонцæ сосæггай æмбæлун таксисти хæдзари. Уогæ таксистæн æхецæн дæр бийнойнаг адтæй, фал æ хуæзгол силгоймаг æ зæрдæмæ уотæ хъæбæр цæун райдæдта,`ма æхе уоси ести рауyæнттæй рарветидæ æ цæгатмæ гъæумæ. Æ уарзон силгоймаги лæг Ахмед кустмæ рандæй, зæгъгæ, уой ку базонидæ, уæд æ рæуæг хуæдтолгæбæл бамедæг уидæ Ахмеди хæдзарæмæ æма ин æ уоси сæхемæ фæлласидæ. Уотемæй рæстæг цудæй, хуæзголтæ дæр сæ хабæрттæ кодтонцæ сосæггай.

Фал, куд фæззæгъунцæ, - туасæн голлаги римæхсæн нæййес, уæдта синхæнтти цъухтæбæл цъотта не`сæвæрдзæнæ. Таксисти уосæ æрлæдæрдтæй, æ лæг æй аллихатт æ цæгатмæ цæмæ ферветуй, уой.

Еу уæхæни бабæй æй æ лæг гъæумæ ку æрвиста, уæд дæгъæлтæ райста æма æрбацудæй Ахмеди хæдзарæмæ`ма ин загъта:

- Ду кусти ку фæууис, уæд дæ бийнойнаг ба махмæ æрбацæуй æма мæ лæги хæццæ хæтуй. Еци рæстæг мæн ба мæ лæг гъæумæ мæ цæгатмæ рарветуй, цæмæй сæ ма гъигæ дарон. Мæнæ дин нæ хæдзари дæгъæлтæ,`ма дæ кæд фæууинун фæндуй, кæд мæбæл не`уyæндис, уæд фæццæудзæнæ æма дæхе цæстæй фæууиндзæнæ. Æз бабæй нуртæккæ цæун мæ цæгатмæ.

Аци бон бабæй Ахмед гъæуама æ кустмæ рандæуа æхсæвеуатæй... Уæдмæ æ уосæ базарæй фæззиндтæй`ма имæ Ахмед дзоруй:

- Уосай, мæ дзаумæттæ мин рарæвдзæ кæнæ, кустмæ мæ цæун

гъуй, зæгъгæ.

Уосæ дæр сæ цийнæгæнгæ рарæвдзæ кодта, æма Ахмед рандæй æ цумæдани хæццæ.

Изæрæрдæмæ фæстæмæ æрбаздахтæй, æма æ уоси сæхемæ ку не`рбаййафта, уæд æ кизги фæрсуй:

- Кизгæ, дæ мамæ бабæй кæми æй?

- Папæ, мæнæ нæмæ «Волгæ» машини ци лæг фæццæуй, е бабæй имæ æрбацудæй æма уой хæццæ рандæй.

Ахмед æ фуртмæ фæдздзурдта æма ин уотæ зæгъуй: «Биццеу, æз цæун æма ка` й зонуй, ести ку æрцæуа, ци нæ фæууй, уæд дæ хуæри еунæгæй ма ниууадзæ, фæймæкæсдзæнæ».

Уотемæй исцудæй таксисти хæдзарæмæ. Дуар бахуаста æма имæ таксист айдагъ медæггаги ракастæй. Таксист уой хуæдразмæ сæ синхонти биццеуи туканмæ ниуæзтæ æлхæнунмæ рарвиста æма уой æрбаздæхун æнгъæл адтæй æма дуар еци бæгънæгæй уомæн фегон кодта, фал Ахмеди ку рауидта, уæд хуарзау нæбал фæцæй. Фæттарстæй 'ма къæразгæмæ балигъдæй. Фегон æй кодта æма рагæпп кæнунмæ куд гъавта, уотæ`й Ахмед дамбацайæй багæрах кодта. Æма къæразгæбæл дудагъæй байзадæй. Уæдта уатмæ бацудæй æма æ уоси хуссæнбæл бæгънæгæй ку фæууидта, уæд уой дæр ниггæрах кодта. Уой фæсте милицæмæ бадзурдта æма син фегъосун кодта:

- Æрбацотæ, мæнæ дууæ хуæзголей рамардтон. Уæ хæццæ æрбахонетæ слестгæнæг æма хузесæги дæр. Уони хæццæ ку не`рбацæуайтæ, уæд уæ медæмæ не`рбауаддзæн, уæхе дæр уин рамардзæн.

Милицæ æрбацудæнцæ, Ахмед куд курдта, уотемæй, æма дæ балгъетæг уæхæн нивæмæ æркæсæд.

Хузтæ исистонцæ, и лæг æма уосæ кæмити æма ци хузи адтæнцæ, уой.

Ахмеди нийййахæстонцæ æма ин фондз анзи истæрхон кодтонцæ. Ахæсти фæцæй дууæ анзи, уæдта уæгъдæгонд æрцудæй.

Гъе, уотæ мард æрцудæнцæ дууæ хуæзголи.

ЗОЛОЙТИ Казбек

# ХЪАНАМАТ ÆМА ХЪАЗАУАТ

Еу гъæуи цардæй дууæ фазон æнсувæри - Хъазауат æма Хъанамат. Æма син адтæй еунæг рæсугъд хуæрæ Фатъимæт. Ци гъæуи цардæнцæ, уома æрцудæй фудцау, фудгинбæл ба нимад æрцудæнцæ Хъанамат æма Хъазауат. Гæнæн син нæбал адтæй æма сæ сæ цæрæнбунат æййевун багъудæй æндæр бæстихаймæ, уомæн æма еци рæстæги хъоди кæбæл бакæниуонцæ, уонæн æндæр гæнæн нæбал уидæ. Сæ еунæг хуæрæ Фатъиймæти дæр сæ хæеццæ ракодтонцæ.

Дууæ æнсувæри сæхе дардтонцæ цауæни фæрци. Сæ хуæрæ ба айдагъ хæдзари кустмæ н' арæхстæй, фал ма адтæй дæсни фæндурдзæгъдæг дæр.

Æнсувæртæ балцийæй ку æрцæуиуонцæ, уæд сæбæл бацийнæ кæнидæ, сæ фæллад син фæссоридæ æ дессаги фæндурдзагъдæй.

Комуадзæни бæрæгбонмæ дууæ æнсувæри исфæндæ кодтонцæ сæ еунæг хуæри зæрдæ естæмæй балхæнун æма ин загътонцæ:

- Мæнæ дин æхца æма дæлæ сомехаги тукани дæхецæн дууæ къалоси балхæнæ, зæгъгæ.

- Нæ мæ фæндуй еци туканмæ цæун, и гиаурæн мæмæ æ зæрдæ æхсайуй, - зæгъгæ, загъта Фатъиймæт.

- Æппундæр мацæбæл тухсæ, - зæрдæ ин байвардтонцæ æнсувæртæ, - мах дин цалинмæ æгас ан, уæдмæ дæмæ неке бандеудзæй.

Дугкаг бон æнсувæртæ цауæни рандæнцæ, Фатъиймæт ба еци туканмæ ниццудæй къалостæ æлхæнунмæ æма тукангæсæн уотæ зæгъуй: бæрæгбонмæ мин дзæбæх дууæ къалоси рауæйæ кæнæ, зæгъгæ. Тукангæс имæ ралæвардта дууæ къалоси.

- Атæ еу къахи къалостæ æнцæ, ани бæсти мин æндæртæ радæдтæ, загъта ин Фатъиймæт.

- Кæд дæ гъæуй, уæд дæхуæдæг дæхецæн равзарæ.

Тукангæс ин барæ ку равардта æхецæн медæмæ бацæунмæ, уæд бараст æй æма къалостæ æвзарун райдæдта. Æхе ку æргубур кодта Фатъиймæт, уæд и сомехаг æхе нæбал бауорæдта æма ин æнаккаг миуæ бакодта, æ кизгон кæдзосдзийнадæ ин райста.

Сæ хæдзарæмæ æрæздахтæй сæргубур æма кудвæлладæй.

Дууæ æнсувæри цауæнæй ку æрæздахтæнцæ, уæд æнгъæл адтæнцæ, нуртæккæ сæмæ сæ хуæрæ цийнæгæнгæ рауайдзæй, зæгъгæ.

Медæмæ бацудæнцæ æма сæ хуæри æрфарстонцæ: - иннæ хæттитæй игъаугидæр, аци хатт дæ фæндурдзагъд ку нæ игъусуй, ци хабар æй, уой нин зæгъгæ кæнай.

- Ци ма зæгъон, и гиаур сомехаг мин батухæ кодта, мæ кизгон цард мин райста.

Дууæ æнсувæрей цæститæ сæ фур мæстæй цæхæртæ ракалдтонцæ, фал сæхебæл фæххуæцгæй загътонцæ: - цæй, ци æрцудæй, уомæн гæнæн нецибал ес, фал ма ин æхе фæрсгæ бакæнæн еци сомехаги.

Хъанамат дзоруй Хъазауатмæ: - Æз цæун бæрæггæнæг еци æнаггагмæ.

Туканмæ ку бахизтæй, уæд тукангæсæн салам равардта, уæдта имæ дзоруй: кæд æнгъезуй, уæд мин Нальчикки болкъонмæ финстæг ниффинсæ.

Тукангæс еци фæдбæл гæгъæди райста финсунмæ. Æма æхе куддæр æргубур кодта, уотæ ин Хъанамат циргъ Хъæмайæй æ сæр рахаун кодта. Сæхемæ ку 'ссудæй, уæд е 'нсувæрæн балæдæрун кодта, сомехаги ке рамардта, уой. Сæ хуæри ниууагътонцæ, сæхуæдтæ ба абæрегæй фæллигъдæнцæ сау гъæдæмæ. Уотемæй дууадæс анзей дæргъци фæццардæнцæ гъæди къумти рахаубахаугæнгæй. Сæ еци зиндзийнадæ фæууингæй бацудæнцæ мæрдтæмæ.

Ци зинтæ бавзурстонцæ, уой фæдбæл сæбæл адæм скодтонцæ зар. Уотемæй еци хабар адæми 'хсæн рахæлеу æй зари фæрци. Гъулæггагæн 'ма ин æ дзурдтæ еугай хестæртæ зонунцæ.

ТАХЪАЗТЫ Харум



# «Ирон фæндыр»-ы хицæн рауагъдты лексикон æмæ грамматикон хицæндзинæдтæ

Къостайы «Ирон фæндыр»-æн кæд наукон, академион рауагъдтæ дæр уыди (1939 азы, 1951 азы, 1959-1961 азты, 1999 азы), уæдддæр ын, хъыгагæн, нырма нæй иухуызон, куыд фæзæгъынц, канонон текст. «Ирон фæндыр», нæ литературæйы иннæ чингуытимæ абаргæйæ, дзæвгар арæхдæр уагъд æрцæуы, æмæ алы ног рауагъды дæр вæййы , раздæры рауагъдтимæ абаргæйæ, канд орфографион æмæ пунктуацион хицæндзинæдтæ нæ (уыдоны нымæц сæдæтæм хæццæ кæны), фæлæ ма дзæвгар алыхуызон лексикон æмæ грамматикон хицæндзинæдтæ дæр (хъыгагæн, уыдон дæр, дæлдæр куыд фендзыстæм, сæдæйæ уæлдæр хизынц). Уый дзурæг у ууыл, æмæ нæ чингуыты чиныгыл, Къостайы «Ирон фæндыр»-ыл нырма хъæугæ текстологион куыст кæй нæма бакодтам æмæ нæ æнæмæнг кæй хъæуы уыцы куыст бакæнын.

Ацы хъуыды æнæбындур кæй нæу æмæ æцæгæй дæр Къостайы «Ирон фæндыр» æнæмæнг текстологион куыст хъуаг кæй у, уый равдисынæн, стæй фидæнмæ уыцы текстологион куыстæн феххуыс кæныны тыххæй дæлдæр дæттæм «Ирон фæндыр»-ы хицæн рауагъдты æмбæлгæ алыхуызон лексикон æмæ грамматикон хицæндзинæдты раиртæст.

Нæ раиртæст аразæм «Ирон фæндыр»-ы фæстагдæр фондз рауагъды бындурыл æмæ бæрæг кæнæм, уыцы фæстаг фондз рауагъды цы бирæ алыхуызон хицæндзинæдтæ æмбæлы (тынгдæр лексикон æмæ грамматикон), уыдон хицæн цæджындзтæй æмæ сæ барæм Къостайæн йæхи къухфыстимæ. Къостайы къухфыст-факсимиле ист у Гæбулты Мелитоны бацæттæгонд «Ирон фæндыр»-ы рауагъдæй (Цхинвал, 1989) æмæ хуыйны «Ирон фæндыр. Зæрдæйы сагъæстæ, зарджытæ, кадджытæ æмæ æмбисæндтæ, 1898 аз». (Рауагъдты æмбæлгæ хицæндзинæдтæ амынд цы цæджындзты нæ цæуынц, уым уыдон сты сæ размæ уыцы цæджындзты хуызæн. Фæстаг цæджындзы дæр текст, факсимилейæн йæхи хуызæн кæм хъуамæ уа, уым фæлхатгонд нал цæуы).



Къостай къохфинст

«Ирон фæндыр»-ы хицæн рауагъдты лексикон æмæ грамматикон алыхуызондзинæдтæ

| № № | Уацмысы ном | № № | № № | Цæллагты В. бацæттæгонд рауагъды (1984) | Хæдарцаты А. бацæттæгонд рауагъды (1989) | Габулты М. (редактор Джусойты Нафи) бацæттæгонд рауагъды (1989) | Хæдарцаты А. (редактор Джыккайты Шамил) бацæттæгонд рауагъды (1999) | Гуыцматы Хъ. бацæттæгонд рауагъды (1999) | «Ирон фæндыр»-ы факсимилейы (дзырдтæ æмæ контекстæй (1898) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 1 | «Ныстуан» | 1 | 1 | Кæуæгау фæзына, мийаг... | Кæуæгау фæзæса, мийаг... | | Кæуæгау фæзына, мыйаг... | Кæуæгау фæзæса, мыйаг... | фæзына |
| 2 | «Азар» | 1 | 2 | Байстой нын нæ зæхх | | Байстай нын нæ зæхх | | | Байстой нын нæ зæхх |
| | | 2 | 3 | Нал дæ бахъæудзæни рувын | Нал дæ бахъæудзæн нын рувын | | | | Нал дæ бахъæудзæни рувын |
| | | 3 | 4 | О, мæ хуры хай, ма фæтилæ тæргай! | Ма фæлидз тæргай, о мæ хуры хай!.. | | Ма фæлидз тæргай, о мæ хуры хай | Ма фæлидз тæргай, о мæ хуры хай!.. | Ма фæлидз тæргай, о, мæ хуры хай! |
| 3 | «Фесæф» | 1 | 5 | Йе-йæ æрæхст зард!.. | Йе-йæ цæгъдгæ зард!.. | | | | Йе-йæ æрæхст зард!.. |
| | | 2 | 6 | Уæд дæ хæрдгæхуыд | Уæд дæ хæрдгæ хуыд | | | Уæд дæ хæрдгæхуыд | Уæд дæ хæрдгæ хуг |
| 4 | «Тæхуды» | 1 | 7 | Тæхуды, йæ сывæллонæй йæ хъæлæн, йæ цины бонтæй | Тæхуанæг, буц хъæбулæй йæ уалдзæджы цæрды хурæй | | Тæхуды йæ сывæллонæй. Йæ хъазæн – йæ цины бонтæй | Тæхуднаг, буц хъæбулæй йæ уалдзæджы цæрды хурæй | Тæхуды, йæ сывæллонæй йæ хъазæн, йæ цины бонтæй |
| | | 2 | 8 | Йæ уæрзон æмгæрты рæгъыл | | Йæ уарзон æмгæртты рæгъыл | Йæ уарзон æмгæрты рæгъыл | | Йæ уарзон æмгæрты рæгъыл |
| | | 3 | 9 | Кæмæн хъуысы куывды йæ зарæг! | Кæмæн хъуысы дардмæ йæ зарæг | | Кæмæн хъуысы куывды йæ зарæг! | Кæмæн хъуысы дардмæ йæ зарæг | Кæмæн хъуысы куывды йæ зарæг! |
| 5 | «Хæрзбон» | 1 | 10 | Ис ма цылæртæ мæ кæрцы къæрмтæй | Ис ма цылæртæ мæ кæрцы фæдджинтæй | | | | Ис ма цылæртæ мæ кæрцы къæрмтæй |
| | | 2 | 11 | Ма-иу фæтæрс, мæ хур | Ма-иу фæтæрс, чызгæй | | | | Ма-иу фæтæрс, мæ хур |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 3 | 12 | Афтæ нæу – балцæн йæ фæстаг кæрон | Тагъдадæр мæ балцæн йæ фæстаг кæрон | | | | Афтæ нæу – балцæ<br>йæ фæсдаг кæрон |
| | | 4 | 13 | Тагъдадæр кæд ссарин мæ амондæн йемæ... | Уый офицерстæй» кæд ссарин æз йемæ... | | | | Тагъдадæр кæд ссар<br>мæ амондæн йемæ. |
| | | 5 | 14 | Мауал мын хъыг кæн!<br>Хæрзбон у, хæрзбон!.. | Ма фæфæсмон кæн!<br>Хæрзбон у, хæрзбон!.. | | | Ма фæфæсмонкæ!..<br>Хæрзбон у, хæрзбон!.. | Мауал мын хъыг к<br>хæрзбон у, хæрзбо |
| 6 | «Мæгуыры зарæг» | 1 | 15 | Уазал лæгæтты кæуынц | Уазал лæгæты кæуынц | | | | Уазал лæгæты кæуынц |
| | | 2 | 16 | Махæн та хæлынбыттыртæ | Махмæ та хæлынбыттыртæ | Махæн та хæлынбыттыртæ | Махмæ та хæлынбыттыртæ | | Махмæ та хæлынбыттыртæ |
| 7 | «А-ло-лай» | 1 | 17 | Хохаг сау куыстæй... | Сау хæххон куыстæй | | | | Хохаг сау куыстæй |
| | | 2 | 18 | Ма çæ суæлдай кæ нæ фæстæ, ма çæ бафæллай!.. | | | | Ма цæ суæлдай кæ нæ фæстæ, ма цæ бафæллай!.. | Ма çæ суæлдай кæ<br>фæсдæ, ма çæ бафæллай!.. |
| 8 | «Ракæс» | 1 | 19 | Кæдæмдæр ма хилæм куырмæй... | | Кæмдæрты ма хилæм куырмæй | Кæдæмдæр ма хилæм куырмæй... | | Кæдæмдæр ма хила<br>куырмæй... |
| | | 2 | 20 | Гъе, Уастырджи | Гъе Уастырджи | Гъе Уастырджы | Гъе Уасджырджы | Гъе Уастырджи | Гъе, Уасджырджы |
| 9 | «Æнæ фиййау» | 1 | 21 | Гъæй-джиди! Искуы дæ фиййау куы разарид | | Æй-джиди! Искуы дæ фиййау куы разынид | Гъæй, джиди! Искуы дæ фыййау куы разарид | | Гъæй, джиди... |
| 10 | «Салдат» | 1 | 22 | Нæй куплет | Цардæн йæ куыстмæ бæллыдтæн зæрдиагæй.<br>Уарзтон нæ хæхты фыдтон<br>'Фæздон ма куы уыдаин...<br>Фæдæ та фыййагæй<br>Чи мæрзы искæй бæхдон!.. | Нæй куплет | Нæй куплет | Нæй куплет | Факсимилейы нæй куплет |

Уæлдæр æрхаст раиртæстытæй*, цыбыræй зæгъгæйæ, гуыры зæрдæрисгæ фарст: ау, алы хатт нæ бирæ конференциты, раныхæсты, докладты нын, «Ирон фæндыр»-ы, Къостайы тыххæй дзургæйæ, æвастхъæртæ куы нал фæфаг кæны, «Ирон фæндыр»-ы тыххæй цас статьятæ, куыстытæ фыссæм, алы аз та 15 октябры дыууæ Ирыстоны адæм, Къостайы чи зоны æмæ æцæгæйдæр чи нымайы, уыдон дæр æмæ йын йæ иу æмдзæвгæ дæр чи нæ хъуыды кæны, уыдон дæр зæрдæйы дзæбæхæн куы ныххæррæтт ласынц стыр бæрæгбонмæ дард Нармæ, уæд цымæ уыдæттæй æнæмæнг хъæугæдæр, хъуыддагæн та пайдадæр нæ уаид – бавдæл, æмæ кæдæй-уæдæй, зæгъæм, сараз республикæйы хицауады раз сæрмагонд компетентон редакцион къамис æмæ йын бахæс кæн «Ирон фæндыр»-æн, æппын фæстаг, бацæттæ кæнын æмæ рауадзын текстологион наукæйы домæнтæм гæсгæ алцæмæй дæр æххæст æцæг академион рауагъд? Ау, гъе уыцы æнæмæнг хъæугæ хъуыддаг ма Къостайæн йæ кæцы сæдæ азы юбилеймæ æргъæвæм?!

---

***Редакцийæй.** *Профессор Тахъазти Харум бакодта устур куст. Лæг деси бацæуй, гæр, уойбæрцæбæл хецæн хузти мухургонд цæмæн цæунцæ Къостай уадзимисти хецæн дзурдтæ æма рæнгъитæ? Махæн нæ фадуат нæ амонуй Харуми арæзт æгас таблицитæ (æдеугурæй 15 æнцæ) ниммухур кæнун, журналкæсæги размæ си рахастан æрмæстдæр 2, æма уой туххæн ба хатир корæн авторæй.*

ТЪЕХТЫ Зæринæ



# НÆ ФЫЦЦАГ ПОЭТИКОН КОМЕДИ «ÆДУЛИ»

Къоста æмæ Секъайы рæстæджы ирон дзырдаивадыл зæрдиагæй чи куыста, уыдонæй иу уыдис сæ кæстæр æмдугон Гуырджибеты Блашка.

Блашкайы сфæлдыстады æппæтæй ахадгæдæр у рифмæгонд стихтæй фыст дыууæмион комеди «Æдули». Ацы уацмысы тох цæуы хорздзинад æмæ лæгуарзондзинадыл, цæуы рæстдзинад æмæ зылындзинады æхсæн, ныхæй – ныхмæ æвæрд цæуынц хъæздыгдзинад æмæ мæгуырдзинад. «Хъæздыджы бон алцыдæр у, мæгуыр алцæмæндæр фæразы», – ацы рагон æмбисонды арф мидис æнæхъæнæй æрынцад æмæ æрцард Блашкайы уацмысы. Парахатæй дзы разындысты бар æмæ æнæбар социалон уидæгтæ.»

Комеди дзуры ахсджиаг хъуыддæгтыл, актуалон проблемæтыл, фыст у цыргъ æвзагæй, йæ сюжет – дæсны нывæст. «Æдули» - йæн йæ композицион æмæ сюжетон сконд сты хæрз хуымæтæг æмæ бæлвырд. Комеди у дыууæ хæйæ конд: иу нывы Цæругты бинонтæ, сæ сагъæстæ, сæ хъуыдытæ, сæ фæндиæгтимæ, иннæ нывы – Борхаты бинонтæ, уыдон дæр сæхи сагъæссаг царды хабæрттимæ. Ницы сæ иу кæны, кæрæдзийыл æмбæлгæ дæр нæ кæнынц

уацмысы мидæг. Æрмæст иу хæдзарæй иннæмæ, дзырдхæссæгау рауай-бауай кæны Уолмес.

Дыууæ нывы сты тынг симметрион арæзт. Иу хæдзары дæр – æртæ адæймаджы (фыд, мад, лæппу), иннæйы дæр (фыд, мад, чызг). Сценæ бахъæлдзæг кæныны тыххæй иутæм дæр æмæ иннæтæм дæр фæзыны худæджы хал – Уолмес. Цæругтæ сты хъæздыг æмæ се`дылы лæппуйæн (æрдзæй рацыд сæрхъæн) курынц ус; Борхатæ сты «уæздан» æмæ мæгуыр, сæ царды материалон уавæр фæхуыздæр кæныны охыл дæттынц сæ иунæг чызджы стыр ирæдыл. Сæ иутæн дæр уæлдай нæу: кæй ракурдзысты чындзæн, кæнæ кæмæн ратдзысты сæ чызджы. Хъæздыг бинонтæ се`дылы лæппуйæн цыфæнды хорз чызджы дæр балхæндзысты; мæгуыртæ сæ чызджы стыр ирæдыл кæмæнфæнды дæр ауæй кæндзысты.

Уацмыс комеди дæр, худæджы хабар дæр уымæн у, æмæ дзы адæймаджы хъысмæтыл нæ цæуы ныхас,персонажты куыст у базар кæнын, æлхæнын, уæй кæнын. Цæругтæ се`дылыйæн ус курынц. Фæлæ, æдылыйæ мой кæнын æнамонддзинад кæй у, адæймагæн трагеди кæй у, уый рæстмæ æмбаргæ дæр нæ кæнынц. Ахæм сты Борхаты «уæздан» бинонтæ дæр: сæ иунæг чызджы иу æдылыйы разæй хъуамæ скæной æхцайыл, æмæ уыцы хабар стыр æнамонддзинад кæй у сæ чызгæн, уый сæ фæсонæрхæджы дæр нæй. Афтæмæй, канд сæнтдзæф дамдумгæнаг ус Уолмес æмæ æрдзæй æдылы Æхснырф не сты комедион фæлгонцтæ, худæджы персонажтæ, ахæм уавæры сты иннæтæ дæр, уымæн æмæ дзы иу дæр нæ зоны адæймаджы æцæг аргъ, йе стыр номы нысаниуæг.

Уацмысы ахадгæ фæрæз у ремаркæ. Уæлæнгай æркæсгæйæ гæзæмæ зыны йæ ахадындзинад, æмæ йæм рæстмæ йæ хъус ничи дары. Фæлæ йæ нысаниуæг ахъаззаг кæй у, уый гуырысхойаг нæу. Иугæр ис, уæд æвваæццæгæн, хъæуы æмæ у иртасинаг.[1]

Автор ремаркæйы фæрцы æвдисы комедийы алы персонажы дæр. Ремаркæ у францусаг дзырд, йæ мидис у «фиппаинаг», «амынд». Уацмысы уымæн вæййы бирæ функцитæ. Фыссæг уый фæрцы фæбæрæг кæны архайды бынат, архайджытæн сæ æддаг хуыз æмæ сæ уаг: сæ ацыд, се` рбацыд, сæ азмæлæнтæ æмæ сæ митæ, сæ уæнгты змæлд, сæ ныхасы суагъд (интонацитæ). Хатгай ремаркæтæ бæлвырд кæнынц персонажты æууæлтæ: сæ кар, сæ характеры миниуджытæ, сæ царды цаутæ.

Блашка йæ персонажтæй алкæмæн дæр дæтты комкоммæ характеристикæ. Зæгъæм, æвдисджыты номхыгъды ремаркæ

амоны архайджыты хицæн миниуджытæ:

***Цæрай Цæругти*** *– рацæргæ лæг, муггагæй косæг.* ***Тезадæ*** *– Цæрайи усæ, Тæгæрти номбæл уоси кизгæ, æппæлагæ æхе муггагёй.* ***Æхснирф*** *– сæ еунæг фурт (æдули).*[2]

Уыдон сты иу бинонтæ. Цæрай у хуымæтæг кусæг лæг, хъæздыг дæр, æвæццæгæн, йæхи куыстæй сси. Буржуазон дунейы фæрæзджын лæгæн уый фадат уыд. Йæ ус Тезадæ дæр æххæст «уæздæттæй» нæу, кæвдæсард у, номыл усы чызг. Фæлæ йæ фыды мыггаг «уæздан» кæм уыд, уым йæ сæр бæрзæндты хæссы. Ацы уацмыс кæсгæйæ нæ зæрдыл æрлæууы Фонвизины комеди « Недоросль». Сæ сюжетты ис бирæ æмхуызон цаутæ æмæ персонажтæ. Цæрай æмæ Простаков, Тезадæ æмæ Простакова, Митрофан æмæ Æхснырф – уыдон кæрæдзийæ дард нæ лæууынц, цы сæ удыхъæдæй, цы сæ митæй. Дыууæ бинонтæ дæр сты хъæздыг, æмæ сæ мæт у æрмæст се` дылы лæппутæн «уæздан» бинонты чызг æрхæссын. Уыдон афтæ æнхъæл сты, æмæ сын æхцайы руаджы алчи дæр сразы уыдзæн, сæ миты комизм сæ иу дæр не`мбары, сæ лæппутæ æдылытæ сты , уый зонынц, афтæмæй. Чиныгкæсæг сын сæ митæ раст кæны æрмæст иу хъуыддагмæ гæсгæ: уыдон тынг уарзынц сæ фыртты, уыдонæй уæлдай сын æндæр цот нæй. Кæд æхцайыл тынг зыд сты, уæддæр сæ цоты хорздзинадæн цæттæ сты цыфæнды æхцатæ фидынмæ дæр. Уæдæ лæппутæй та сæ иу дæр – æдылы, иннæ дæр, фæлæ сæ алкæцы дæр йæхи удæн хорз у. Хæдзары хицæуттæ дæр бирæ рæтты иу цардæй цæрынц: Цæрайы зондæй раджы дæр æмæ ныр дæр «уæздæттæ» ницы уыдысты: хин, фæлывд, гуымиры, мæнгард. Лæгдзинад æмæ уарзондзинад уыдис æрмæст кусæг адæммæ. Зоны Цæрай уый дæр, æмæ Хангуассæ тæригъæд кæй у, стыр тæригъæд. Зоны уый дæр, æмæ дуг кæй раивта, фыдæлты æгъдæуттæй кæй нал цæрынц адæм, алы чызгæн дæр бар кæй ис уды хай равзарынæн. Фæлæ фæзæронд, æмæ йæ бон нал у йæ усы фæндоны ныхмæ цæуын. Йæхи ма раст кæны йæ цæссыгтæй, йæ ныхæстæй зыны йæ кæуинаг уавæр:

*Чи жин æй, чи, шили хæццæ дзорун,*
*Ку уа дзурдтæбæл æнæ сæтгæ!*
*Æ фæрчи, кизгау кæун,*
*Кæун нæ уогæй мин фæткæ,*

*О, Тæгæрон, Тæгæрон,*
*Фæттæрсæ тæрегъæдæй йеу хатт!*

Цæрай бæргæ æмбары, цы стыр фыдракæнд аразы йæ ус, уый, фæлæ йын йæ бон ницы у, æдых у йæ хъал бинойнаджы раз. Ирон фольклор æмæ литературæйы ахæм персонаж нæма уыди, йæ фæлгонц у поэты æнтыст.

Ахæм хуызы æвдыст цæуы Борхаты хистæр Бадзай дæр. Ремаркæйы руаджы нæ цæстытыл уайтагъд ауайынц Борхаты бинонтæ, сæ хицæн æууæлтæ:

***Бадзай Борхати** – рацæргæ лæг, муггагæй – ездон, зундæй – æнхæст. **Губадтæ** – Бадзайи уосæ, ездон Хъæсболати кизгæ, æппæлагæ æхе муггагæй. **Хангуассæ** – Бадзай æма Губадти еунæг рæсугъд кизгæ, киунугæй еу мингий зонуй.*

Ам бинонты æхсæн быцæу иннæрдæм у: фыды фæнды чызджы Цæругты æдылыйæн раттын, мады нæ фæнды. Дыууæ хæдзары бинонтæн ис абарæн, кæд уагæй æмхуызон не сты, иу социалон уавæрæй нæ равзæрдысты, уæддæр. Бæлвырд уынæм социалон дихдзинад:иуæрдыгæй – мæгуыр, фæлæ уæздан мыггагæй равзæрд бинонтæ, иннæрдыгæй – хъæздыг, фæлæ «зноны кусджытæ». Куыд рабæрæг вæййы, афтæмæй, уæздан мад дæр йæ чызджы удыл нæ тыхсы, йæ фæндиæгты бындур иу ран дæр нæу адæймагæн аргъ кæнын.

Бадзайы фæнды йæ чызджы раттын, Цæругтæ хъæздыг кæй сты, уый тыххæй:

*Æнцæ Цæругтæ алцæмæй гъæздуг,*
*Тухæй шин уорамуй сæ дзогтæ будур,*
*Æд аргъ цæуй алкæми сæ дзурд;*
*Махау нæ цæрунцæ мæгур…*

Йе`фсин Гуыбадтæйы нæ фæнды йæ чызджы раттын æрмæстдæр уый тыххæй, æмæ Цæругтæ уæздан мыггаг не сты, хуымæтæг адæмæй сты, Гуыбадтæйы фидисæй – «дзыккафсæст хуытæ»:

*Æжиниггон косгутæн нæ йеунæги*
*Æз не`скæндзæнæн аккаг!*

Фælæ Бадзай йе`фсины ныхас æнцонæй бамæнг кодта. Иуæй, Бадзай хорз зоны, йæ каисты фыдæлтæ раджы дæр кæй ницы уыдысты, лæгдзинад æмæ сæм æцæг уæздандзинад кæй нæ уыд. Уый ам разы у Цæраимæ. Иннæмæй та дуг раивта, мыггаджы уæздандзинад ницыуал кæрды, алчи мулчы фæдыл цæуы:

*Зонæ, нæ догæ муггаг нæ фæрсуй,*
*Фал бонмæ алцæмæй кæсуй!...*

Басаст уыцы ныхæстæй мад дæр, сразы сæ иунæджы ауæй кæныныл. Æмæ та ам дæр Бадзайæн ис йæхи растгæнæн хос: хъæбулы алчидæр уарзы, фæлæ цы кæна лæг йæ фырмæгуырæй? Кæд гæзæмæ æмбары йæ фыдракæнд, уæддæр йæ сæрмæ æндæр хъуыды нæ цæуы. Кæд æй, йæ сывæллон хорз цæра æмæ адæймагыл нымад уа иннæты`хсæн, уый фæнды, уæддæр йæхи мæт дæр куыннæ кæны. Бæргæ, уыйбæрц лæгдзинад æм нæй, цæмæй мæгуырæй дæр адæймаджы рæсугъд ном нæ худинаг кæна Ахæм хъару йæм нæй, æмæ зæгъы йæ чызгæн:

*Дæ равард дин Цæругтæн*
*Кæнун нæхецæн мадзал...(Кæугæй).*
*Кæд ма райсæн къæссатæ*
*Цæунмæ корæг...*
*(Æ цæстисугтæ сæрфуй).*

Раст ма кæны йæхи цæссыгтæй дæр:

*О, мæ бони хай, мæ ходуйнаг!*
*Ме`взонг кизги аргъ барвæндæй*
*Ку`сцæй мæ зæруи мæ хуæруйнаг!*
*(Рандæуй кæугæй).*

Æппæт уыцы «рæстгæнæн» уавæртæ иу цасдæр къаддæр кæнынц Бадзайы азым. Фæлæ Бадзай хиуарзон у æмæ не`мбары чызджы уды трагеди, æрмæст йæхицæн кæны тæригъæд, афтæмæй тæригъæддаг æмæ мæтаг та йæ чызг Хангуассæ у.

Хангуассæйы фæлгонц комедийы бæстон нæ раргом. Уый æмбары йæ бартæ дæр, йæ фидæны трагеди дæр, фæлæ йæм фаг тых нæй йæ мад æмæ йæ фыды бархъомысы ныхмæ

рацæуынæн. Нæ литературæйы ис æндæр сылгоймæгты фæлгонцтæ, Хангуассæимæ æнгæс дæр, чи у æмæ ныхмæвæрд дæр ахæмтæ: Хетæгкаты Къостайы - Фатимæ, Гæдиаты Секъайы - Азау, Айссæ æмæ æндæртæ. Уыдонæн дæр сæ увавæр хуыздæр нæ уыд, фæлæ сæм разынд ахæм тых, æмæ сдзырдтой сæ бартыл. Кæд бынтон хорз нæ рауад сæ хъысмæт, уæддæр сæ уæй ничи акодта æмæ сæ уды фæнд сæххæст кодтой.

Цыдæртæ сдзырдта Хангуассæ дæр, фæлæ йын йæ ныхасмæ хъусæг нæ уыд:

*Мæ фидæ, раттæ мæ уой бæсти,*
*Æнцондарæн, цæй,*
*Кæугæй, йескæмæ ихуæрсти, -*
*Ихуæрст æгадæ нæ`й!*

Чызджы ныхас фидар нæу, уæлдæр цы персонажты кой скодтон, уыдоны ныхæстау, æмæ хъаргæ дæр уымæн никæмæ кæны.

Удхарæй байдзаг Хангуассæйы æрыгон зæрдæ. Йæ удыхъæд æмæ йæ миддуне сыстадысты, æвæндонæй йæ æрхæндæг æмæ мылазон царды фæндагмæ цы адæм æмæ увавæртæ æппæрстой, уыдоны ныхмæ. Фæлæ сын йæ бон ницы у. Æрмæст кæуын æмæ цæссыгтæй архайы йæ рыст æмæ йæ хъизæмар фенцондæр кæныныл. Хъарæггæнæгау зæгъы: « О, æдули, æдули, гъæздуг æдули!», æмæ йæм æдылымæ чындзы ацæуыны бæсты хуыздæр кæсы сау ингæн.[3]

Хангуассæ разы кæны йæ бинонты фæндоныл æмæ уымæй у комедион персонаж. Хангуассæ æмæ йæ мадмæ сæ ми, чи не`рцæуа, ахæм хъуыддаг каст: ау, æнаипп чызг куыд хъуамæ смой кæна сæрхъæнæй? Фæлæ минуты фæстæ сæ дыууæ дæр сразы сты Бадзай æмæ Тезадæйы зондыл. Цы ма уа уымæй худæгдæр! Хангуассæ зæгъы йæ фыдæн:

*Хуарз, кæнун мæхе æз хъалон,*
*Басæттæд нур мæ цард,*
*Хæссæд мæ хуæрунмæ халон,*
*Уо мин ду уæддæр æнцад.*

Хангуассæ, автор куыд ныв кæны, афтæмæй у йæ рæстæджы раззагдæр, фæллойуарзаг æмæ зонындзинæдтæм тырнæг чызг. Фæлæ йын бар æмæ фадат нæй уыцы бæллиццаг миниуджытæ

райтынг кæнынæн, йæхи сæрмагонд хъысмæтæн хицау уæвынæн. Уый дæр Хансиат æмæ Асиаты хуызæн зоны чиныг кæсын, фæлæ дард лæууы уыдоны зондахастæй, нæ фæхæсти ног идейæтыл.

Блашка йæ комеди хоны æмбисонд. Уацмысы дæлсæры фыст ис: «Гъæздуг æма хуымæтæги Цæругтæ сæ æдулийæн ездон, фал мæгур Борхати еунæг рæсугъд кизгæ Хан-Гуасси куд курдтонцæ, уой æмбесонд нæ догæй». Дзырд « æмбисонд», ирон адæмæн у <u>*цау, хабар, хъысмæт*</u>. – ацы хуызы æвæрд у Блашкамæ дæр. Ома, æрцыд æмбисонд, æнамонд хабар æмбисондаг фæци Хангуассæйы хъысмæт.

Уацмысы ма æмбисондæй цы ис, уый баст у дыууæ мады хъуыддæгтыл.

Тезадæйы фæнды, иугæр йæ сæрхъæн лæппу ус куры, уæд хъуамæ «йе`мбисонд айхъуыса». Уый никæй маст ис, нæ кæны Æхснырфы мæт дæр. Уый фæнды æрмæст йæ хъæздыгдзинады тых искæуыл бавзарын, æхцайæн алцы дæр йæ бон кæй у буржуазон æхсæнады, уый равдисын исты æмбисондаг хуызы. Ахæм <u>*æмбисонд*</u> уыдзæн æдылы лæппуйæн иууыл уæздандæр мыггагæй иууыл æнæ аиппдæр æмæ рæсугъддæр чызджы ракурын!

Æгъдау æмæ худинаг цы сты, уымæн Тезадæ ницы зоны. Уый йæхæдæг дæр тынг зондджынтæй нæу, фæлæ хорз зоны мулчы тых æмæ æхцайы ныфсæй архайы къæйных æмæ æнæфсармæй. Йæ лæг Цæрай йын дзуры, зæгъгæ, сæ лæппуйæн ус æрхæссыны кой бæргæ бакæнид:

*Фал нин нæ фæндон, нæ чийнæ,*
*Ихалуй нæ фуртæн æ зунд!*
*Хуцау ин æ уæлдай райста –*
*Ка имæ æркæндзæнæй хицæ?*

Уыцы ныхасæн йæ ныхмæ ницы ис зæгъæн. Фæлæ Тезадæ, ныхасæй чи басæтта, ахæм нæу. Уый дзуапп дætты:

*Неке, фал догæмæ кæсæ…*
*Зунд ма нур ка фæрсуй,*
*Кай ин мæлуй, Хуцауи туххæн, æ мæти?*

Æхснырфы ус нæ хъæуы, бынтон зондцух у, Хангуассæ та тæригъæд у, уыдæттæ Цæрай æмбары, æмæ йæ нæ фæнды уыцы

тæригъæды бацæуын. Фæлæ ус, тæригъæд цы у, уый нæ зоны æмæ йæхи дзырд тæры размæ:

*Дзæгъун дин рагагъонмæ,*
*Куд æй неке бафæрсдзæнæй зунд æма муггагæй,*
*Фал нин кæсдзæнæнцæ нæ бонмæ,*
*Кæнгæй хæлæф гъуддагæй!*

Тезадæйы къæйных митæ æмæ æнæфсарм хъуыдытæ æвзæрынц æхцайы тыхæй у:

*Гъæуама нæ алке дæр æ сæрмæ хæсса!*
*Нур бæрзонд ку хæссуй æ шиуæ,*
*Кæмæ йес сугъзæрийнæй къæсса.*
*Æрцæудзæнæн дæ хæццæ хæснæмæ,*
*Куд ан и дуйней хуæдæлдар,*
*Уомæй нæ рахатдзæнæнцæ Борхатæ*
*Илгъæй махæй сæхе, –*
*Æма сæмæ бахатæ…*

Йæ тых уæздан Борхатыл кæй æвзары, уый равзæрд æндæр нысанæй дæр: фæнды йæ Гуыбадтæйы басæттын, цæмæй йæ уæздандзинадæй йæ сæр бæрзæндты ма хæсса… Фыдæнæн кæны Тезадæ Гуыбадтæйæн: æз – уæздан мыггаджы кæвдæсард чызг – смой кодтон хуымæтæг мыггаджы лæппуйæ, уæд уый йæ чызджы куыд нæ хъуамæ ратта мæ лæппуйæн, кæд мын æдылы у, уæддæр. Йæ сусæг мастисæн фæнд æвдисы ахæм хуызы:

*Æз ку `рхастон мæ сæрмæ*
*Бæхæй хæрæгмæ æрхезун,*
*Уæд цæмæ кæнонцæ æфсæрмæ*
*Борхатæ…*

Ахæм у цыбырзонд Тезадæйы мастисæн. Сылгоймаджы ныхас тыхджындæр кæнынæн автор арæхсгæ пайда кæны адæмон æмбисондæй: «Бæхæй хæрæгмæ æрхезун». Ахæм дæнцæгтæ уацмысы бирæ ис, уыдоны руаджы комедийы цыргъдæр персонажты диалогтæ: «Нæ йеруй некæд æлхæдæн æ уаг», «Сау халон уæрццæ нæ ахæссуй», «Æ кардбадзи ди мæ кард», «Æфсæрми нæбал

фæккæнуй цæгæр, ку байгон уа æ сæр» æмæ æндæртæ.

Цæмæй хъал у Тезадæ? Йæ мой кæд раздæр мæгуыр уыд, уæддæр æвзæр бинонтæй нæ уыдаид: уый йæхи фæллойæ бакуыста хъæздыгдзинад. Фæлæ нæ фыдæлты ныхас æрлæууы зæрдыл: «Мæгуырæй чи схъал æмæ схъæздыг уа – уымæй тæрс». Ацы æцæгдзинадæн бæлвырд æвдисæн у Тезадæйы фæлгонц. Тезадæйы хуызæтты махæй алчидæр уыны ныры царды дæр: исбоны цæстæй кæсынц сæ алыварс, æрмæст сæм бонджынтæ сты нымад, мæгуыр адæм сæм фыст никуы сты, царды зилдухæны «сызгъæрин къæссайæ» уæлдай сæ цæст ницы уыны, удварн сæм нæй æппындæр, æрмæст сæм æхца у реалон тых.

«Уæздæттæ» дæр æхцайы æрттывдмæ сæ «уæздан» ферох кæнынил уайтагъд разы кæнынц, æмæ уыцы уавæр дæр æвдыст цæуы комедийы Гуыбадтæйы бæллицтæй:

*Кæд нин ратдзæнæнцæ æрмæги*
*Федауæггаг дæс соми,*
*Уой фæште ба фондз мини æруæди,*
*Уæд дин кæнун æз соми*
*Куд дæдтун шин мæ кижги,*
*Феронх уогæй мæ фиди!*

Гуыбадтæйы фæндон иууылдæр æхцайыл баст кæй у, - Тезадæйы фæндиагау, – уый хорз зоны йæ чызг Хангуассæ дæр. Уый йæ фæстаг монолоджы зæгъы:

*Гъей, йе мæ муггаггин мадæн æ кадæ,*
*Мæ зæронд фидæн ба – æ уарзт!...*
*Уогæ мæ фиди лæдæрун:*
*Кæнуй æй дзорун æ мæгур,*
*Фал æй мæ мадæн æ фæндуй*
*Гъæздугæй æз зæруни бацæрун…*
*О, мæ Хуцау, кæми дæ?*
*Мæ уод дæбæл фæдзæхсун!*

Фыссæг хорз спайда кодта поэтикон абарстытæй, метафорæтæй, эпитеттæй, гиперболæтæй, литотæтæй æмæ æнд. Зæгъæм: «мæ дор-хонх», «æй мин де`ригъал сауæхшедт», «мæ зæрди тад ижди», «райстон думги æмбалæн», «балий нæмгутау –

æ цæститæ» æмæ æнд. Афтæмæй, кæд комедийы персонажтæ иуулдæр худæг сты, уæддæр, автор йæ персонажтæй мæстыдæр худт фæкодта Тезадæ æмæ Гуыбадтæйыл. Уыдон сты сатирикон фæлгонцтæ, зонд æмæ зæрдæйæ – афтид адæймæгтæ. Сæ дыууæ дæр æхцайы цæстæй кæсынц дунемæ, цардмæ, адæммæ. Æрмæст сæ иумæ уыцы æхцатæ сты æрмæджы æмæ сæ йæ сæр бæрзонд хæссы, иннæмæ ницы ис, æмæ уал йæхи архæфсы йæ феодалон «фæллойæ» – йæ мыггаджы «уæздандзинадæй». Фæлæ зоны, уыцы «хæзна» ног дуджы кæй ницы лыг кæны, æмæ йын, куыддæр фадат фæцис, афтæ йæ ивы ног дуджы мулкæй – æхцайæ. Адæймаджы бæрзонд ном, намыс, æфсарм – æппæт уыдæттæ ацы дыууæ персонажæн не сты сæ удыхъæды.

Сæххæст Тезадæйы фыдвæнд: кæддæры уæздан Борхаты чызджы ракуырдта йæ сæрхъæн лæппуйæн. Зæронд дуджы уæздæттæ æмæ ног дуджы уæлдæртæ (хъæздгуытæ) бафидыдтой æгады хъуыддагыл, равдыстой сæхи æнæзонд, æнæуæздан æмæ æнæзæрдæ адæмæй. Нæ зонынц адæймагæн аргъ кæнын, мулчы фæдыл уæй кæнынц сæ сабиты æмæ сæхи: сты уæййаг æмæ худæджы амæттаг. Сæ трагикон уавæрты дæр сты æрмæст фæхудыны аккаг, æмæ сыл Блашка рыст зæрдæйæ фæхудти йæ мидисджын æмæ аив комедийы.

Комеди «Æдули» йæ асмæ гæсгæ хæрз чысыл у, фæлæ, куыд федтам, афтæмæй йæ архайджытæй алкæмæндæр ис индивидуалон, характерон æууæлтæй конд фæлгонц.

Блашкайы комеди у аивдзинадæй бæрзонд, архайд цæуы рæвдз, диалогтæ, куыд æмбæлы, афтæ бæрцыл арæзт. Автор арæхстджынæй спайда кодта адæмон æвзагæй, архайджыты æвзаджыхъæд у хигъæдон. Уацмыс абон дæр у актуалон: хорз аивад зæронд нæ кæны. «Æдули» йæ авторы ном хæссы фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

[1] Джыккайты Зæринæ. Ирон драмæйы зæрингуырд. – Дзæуджыхъæу: чиныгуадзæн «Ир», 2004, 117 ф.

[2] Гурджибети Блашка. Уаджимисти æмбурдгонд. – Орджоникидзе, 1966, 178 ф.

[3]Малиты Васо. Гуырджибеты Блашка. «Мах дуг». – 1968, №3.

# АДТÆЙ ДИГОРИ УÆХÆН ЛÆГ...



*Историй гургъахъ фæндæгтæбæл рæстæгæй рæстæгмæ дзиллити 'хсæн райгуруй лæг, æ цард адæми алфæн ка 'снивонд кæнуй æма син сæ развæндаг æ зæрдæ цирагъæн ка исасодзуй. Адæймаг берæгъбалтæй идзаг тар гъæди хурфи ку фæццæуй, уæд ин сæумон хори скаст бæлæсти цъонггити бæзгин сифтæрти æхсæнти æ над исрохс кæнгæй æ зæрди нифс куд бауадзуй, уотæ рохситауæг лæг дæр, адæмæн сæ царди зин уавæртæй фæййервæзунæн цирагъдарæй ниллæугæй, хатгай æвецуг игуæрдæни лæтæрæн гæнгæй, адæми нифс исуй.*

*Тайсаути Сослæнбек дæр адтæй еци зингзæрдæ нæртон лæгтæй. А дуйнебæл ци минкъий рацардæй, еци усми æндæргъци цирагъдарæй ниллæудтæй æ адæмæн.*

*Тайсаути Беслæни фурт Сослæнбек райгурдæй кæсгон гъæу Азнаурти (нури Анзорети, æрæги уæнгæ – Зæронд Лескен) 1885 (еуæй-еу бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ ба 1886) анзи. Æ фидæ, Беслæн, мæгур зæнхкосæг, кустагор Азнауртæмæ рафтудæй Дигоргомæй, Лезгори гъæуæй. Æ мадæ ба адтæй балхъайраг. Сослæнбеккæн æ фидæ ку рамардæй, уæд æ мадæ дуккаг хатт æрцудæй Гуæздæртæмæ. Сослæнбек ба æ хестæр æнсувæр Бесой хæццæ гъомбæл кодта Амотæмæ, æ мади мадæ Шилæмæ.*

*Азнаурти еци рæстæги адтæй пусулмон скъола, медресе. Сувæллæнтти уордæмæ уайгæй ку фæууинидæ Сослæнбек, уæд сæмæ бæргæ хицæ кодта, фал ин медресей дуæрттæ æхгæд адтæнцæ: æ бон ахурбæл бафедун нæ адтæй. Æма уæд Сослæнбек æхуæдæг райдæдта кæсун ахур кæнун. Араббагау ка зудта, уони фæрсгæ-фæрсгæй базудта Хъурани кæсун, фал си ци финст адтæй, уой ба ин неке бон адтæй балæдæрун кæнун. Гъæуи моллотæ дæр кæсун зудтонцæ, фал араббагау ба нæ лæдæрдтæнцæ. Зæрдæргъæвд æма цæмæдес биццеуи бафеппайдта æ гъæуккаг Осмæнти Духъо. Уæди рæстæги Духъо адтæй ахургонд. Зудта цалдæр æвзаги. Кæд дини косæг нæ адтæй, уæддæр хуарз зудта араббагау. Е райдæдта ахур кæнун Сослæнбекки. Духъой фæрци Сослæнбек тагъд рæстæги араббагау исахур кодта.*

*Гъæуи моллоти зæрдæмæ нæ цудæй Сослæнбекки айнæтдзийнадæ ахурбæл æма 'й архайдтонцæ динмæ хæстæг нæ уадзун. Æ цæстæмæ ин бадариуонцæ, хуæдахур ке æй, уой, æма ин уомæ гæсгæ ба дини куст кæнæн ке нæййес.*

*Фал Сослæнбекки молло исун нæ фæндадтæй. Фæндадтæй æй адæмæн Хъурани гъуддæгтæ дзорун. Уотæ æнгъалдта, æма Хъурани ци финст ес, уой ку лæдæронцæ адæм, уæд сæ царди уагæ дæр фæххуæздæр уодзæнæй.*

*Уæхæн хатдзæгмæ æригон лæхъуæн хумæтæги не 'рцудæй. Ахурадæ Сослæнбеккæн байгон æй Хъуран базонгæй æма араббаг æвзаг райдайгæй лæдæрун. Уомæ гæсгæ ба Сослæнбек æновудæй райдæдта пусулмон дини гъуддæгтæ тæлмац кæнун. Фал еци гъуддаг дæр моллоти зæрдæмæ нæ фæццудæй. Куд минкъийдæр лæдæрдтайуонцæ адæм Хъурани финститæ, уотæ моллотæн пайдадæр адтæй, æма син æригон тæлмацгæнæг сæ пайда сæ*

*нихтæй иста. Уомæ гæсгæ зелун райдæдтонцæ Тайсауи-фуртæн ести мадзал иссерун æма 'й гъæуæй райеуварс кæнун. Тагъд рæстæги син уæхæн рæуонæ дæр фæззиндтæй. Сæ гъæуи кедæр тукан никъкъагъдæй, æма 'й моллотæ Сослæнбекки фуд фæккодтонцæ. Æвудæй ин тæрхонгонд æрцудæй æма 'й 1909 анзи Сибирмæ рарвистнцæ.*

*Сибир Сослæнбеккæн иссæй æ дуккаг скъола. Ами исахур кодта уруссаг æвзаг. Æ хæццæ бадтæй берæ революционертæ. Етæ ин æ зонундзийнæдтæ дзæвгарæ рауæрæх кодтонцæ. Берæ гъуддæгтæмæ æндæр цæстæнгасæй кæсун райдæдта, никки ба ма берæ гъуддæгтæ базудта. Фал еци æнзти Сослæнбек революционер кæд не 'ссæй, уæддæр, æ райгурæн бæстæмæ ку иссæуа, уæд ци архайдзæнæй, уой, æнæмæнгæ, зудта.*

*Æ райгурæн гъæу Азнауртæмæ ку исæздахтæй 1912 анзи, уæд æй фæндадтæй медресей ахургæнæгæй ниллæуун æма æгас сувæллæнтти дæр ахур кæнун. Уой тухæй æ хæццæ исласта, æхуæдæг ке бацæттæ кодта æма æхе харзæй ке рауагъта, уæхæн киунугутæ.*

*Сослæнбек дигорон æма уруссаг æвзæгтæй æндæр ма хуарз зудта ирон, балхъайраг æма кæсгон æвзæгтæ. Е 1912 анзи исаразта 4 учебникки дигорон, тæгиатаг (ирон), кæсгон æма хъæрæсейаг æвзæгтæбæл. Дигорон æма ирон нимадта хецæн æвзæгтæбæл. Цуппар киунуги дæр æхе харзæй рауагъта Темирхан-Шурай (нури Буйнакс, Дагестайнаг горæт).*

*Киунугутæ финст æнцæ араббаг графикæбæл. Алли 'взагæн дæр араббаг графики бундорбæл Сослæнбек исаразта хецæн алфавиттæ. Уруссаг æвзаг хуарз зонгæй, араббаг графикæ ке равзурста, е, ке зæгъун æй гъæуй, адтайдæ æ фиццаг «ахургæнæг» Хъуран ке адтæй, уой тæвагæ. Уæдта, Сослæнбек куд гъуди кодта, уомæ гæсгæ пусулмон адæми уæддæр Хъуран ахур кæнун гъæуй, æма араббаг алфавит ку зононцæ, уæд син еци гъуддагæй æнцондæр уодзæнæй. Æнæмæнгæ, пусулмон дин æ зæрди ку н' адтайдæ æма Хуцаубæл зæрдиагæй ку не 'уæндтайдæ, уæд, кайзонуй, араббаг графикæ нæ равзурстайдæ.*

*Фал еци гъуддаг гъæуи моллоти зæрдæмæ æгириддæр нæ фæццудæй. Уонæмæ гæсгæ, араббаг æвзагбæл æрмæст дини киунугутæ финсæн ес. Тайсауи-фурт ци гъуддаг бакодта, уой ба банимадтонцæ гиаурдзийнадæбæл. Уомæ гæсгæ ба 'й медресемæ хæстæгдæр нæ бауагътонцæ.*

*Еци рæстæг Лескени гъæуи байгон æй скъола. Еу рæстæг си Сослæнбек дæр ахургæнæгæй ракуста. Азнауртæй Лескенмæ идард адтæй фестæгæй цæунмæ. Æма сфæндæ кодта Азнаурти æхе харзæй скъола байгон кæнун. Æ гъæуккæгтæй дæр имæ беретæ фæккастæнцæ æма Азнауртæ 'ма 2-аг Лескени астæу донгæрон гъæдæрмæгæй исаразтонцæ хæдзарæ. Фæйнæгутæй си даргъ стъолтæ искодтонцæ пъарти бæсти. Уоми Сослæнбек райдæдта сувæллæнтти ахур кæнун æхе арæзт киунугутæбæл: дигорæнтти – дигоронау, кæсгæнтти – кæсгонау, балхъайрæгти – балхъайрагау, ирæнтти – иронау. Ахур сæ кодта æрмæст кæсун æма финсунбæл нæ, фал ма æрдзæ 'ма дуйней зонундзийнæдтæбæл, устур бунати ивæрд имæ адтæй гъомбæладон куст дæр. Еци æнзти æ педагогон ацъагъуæ ирдæй рабæрæг æй. Хуæдахур уогæй, Сослæнбек æ кусти пайда кодта уæди рæстæги разагъддæр педагогон ахургæндти фæткитæбæл.*

*Тагъд рæстæги е скъола байдзаг æй сувæллæнттæй. Цудæнцæ имæ Азнауртæй, 2-аг Лескенæй, Хъабантæй (нури Ерохъи еу синх донуордæг).*

*Не 'ронх кодта æ зонундзийнæдтæ фæууæрæх кæнунбæл дæр. Уой туххæй арæх рандæ уидæ Владикавказмæ. Еци рæстæги Владикавкази берæ революционертæ адтæй. Сослæнбек дæр си берети хæццæ базонгæ 'й. Æ идарддæри цард æма кусти медæгæ еци фембæлдтитæ арф фæд ниууагътонцæ Сослæнбеккæн æ зунди рахастбæл.*

*Горæтæй ку 'риздæхидæ, уæд Сослæнбек никки хъазауатæйдæр бавналидæ скъолай кустмæ, уомæн æма æнæдузæрдуг адтæй: ахурдзийнадæ адæни зунд раййевдзæнæй, сæ цæститæ син байгон кæндзæнæй æма сæ цард фæххуæздæр уодзæнæй.*

*Сослæнбек, ахургæнæги куст кæнгæй, не 'ронх кодта тæлмац кæнуни куст дæр. Арабба́г æвзагæй дини киунугутæ тæлмац кодта дигоронау, иронау, кæсгонау, балхъайрагау. Куд æ ахургæнæги куст, уотæ æ тæлмацгæнуни куст дæр моллоти зæрдæмæ нæ цудæй æма ин æ нихмæ адæми авинстонцæ. Никки ба ма сæ масти æфтудта, берæ сувæллæнттæ медресей бæсти Сослæнбекки скъоламæ ке цудæнцæ, еци гъуддаг дæр. Æ нихмæ ин ардудтонцæ Нальчикки округи ахуради инспекциЙ дæр. Фал, æ кусти гъæдæмæ къох бакæнæн ке нæ уидæ, уомæ гæсгæ инспекторти бон дæр неци адтæй. Уой уæлæнхас ба ма, скъолай косгутæн сæ миздæ федун ке нæ гъудæй, е дæр хуæрзæрдæмæ фæббедтæй.*

*Сослæнбек, мулкгин нæ уогæй, æнæ цийййес, æнæ зæнхи*

*гæппæл имæ нæ уогæй, куд фæразта æнæ миздæй уæхæн устур уаргъ хæссун, е устур дессаг æй.*

*Гъе, уæхæн уавæрти Сослæнбек æртæ гъæуей сувæллæнттæ фæййахур кодта 3 анзи. Фал, 1916 анз, уалдзæги сах уарунти фæсте Лескени дон райвулдæй æма Сослæнбекки арæзт скъола фæлласта. И скъола нæуæгæй райаразун Сослæнбекки бон нæбал бацæй.*

*Фал Тайсауи-фурт æ къохтæ не 'руагъта. Еци рæстæг революцион куст иситинг æй. Сослæнбекки дæр царди нæуæг улæнтæ раскъафтонцæ, æма революци ку ралæудтæй, уæд Лескени коми нæуæг цард аразгути æмрæнгъæ уорсгвардионти нихмæ тох кæнун райдæдта.*

*Уорсгвардионтæ Цæгат Кавказ ку байахæстонцæ, уæд Лескени партизанти къуари хæццæ сæ нихмæ тох кодта Иристони, Кæсæги, Стъараполи. Уорсгвардионтæ сæ къуари нихмæ рарвистонцæ устур æфсад. Лескени гъæдтæй еу рауæн уорсгвардионти æфсад æртумугъ æй Лескени партизанти къуарбæл. Карз тох райеудагъ æй. Еу 6 сахаттей фæсте партизанти хъаурæ сæттун райдæдта. Еци тохи партизантæй беретæ фæммардæнцæ, ка си райервазтæй, етæ ба сæхе хонхæрдæмæ райстонцæ.*

*Сослæнбек æхе баримахста Лескени, Тайсаути Хъасболати хæдзари, фал тæссаг ке адтæй (Тайсаути дæр æд бийнонтæ фесафтайуонцæ уорсгвардионтæ), уомæ гæсгæ Сослæнбек дæр исфæндæ кодта Дигоргоммæ фæлледзун. Тайсаути Минций, Мæхæмæт, æма Мухай Лескени Кæсæнæй фæуузæлбилæ кодтонцæ, æма Сослæнбек æхе хонхæрдæмæ райста. Лезгори æхе байуазæг кодта Тайсаути Гега æма Гасаймæ. Гъæуи медæгæ æхе дæр не 'вдиста, уомæн æма цъух хæсгутæ берæ адтæй. Сослæнбекки ка зудта, етæ куд дзурдтонцæ, уомæ гæсгæ е хуæрзконд лæхъуæн адтæй, æма ци дарæс дардта, етæ ибæл федаугæ дæр хуарз кодтонцæ, уæдта рæсугъд хъæппæлтæ дæр, дан, берæ уарзта. Хуарз кæрцæ ибæл адтæй, æма ин æ кæрцæ Тайсаутæй кадæр скодта, уотемæй гъæунгæмæ рацудæй. И кæрцæмæ гæсгæ цъуххæсгутæ базудтонцæ, Сослæнбек гъæуи ке æй. Тагъд рæстæги уорсгвардионти æфсæддон къуар Лезгори балæудтæй æма деголæ кæнун райдæдтонцæ. Гъæуи нийахæстонцæ керменонти къуари, сæ хæццæ зундгонд революционер Кочкионти Тазе дæр. Сослæнбекки ку нæ ирдтонцæ, уæд лезгойрæгтæмæ бартхъерæн кодтонцæ: Сослæнбекки ку нæ раттонцæ, уæд гъæубæл, зæгъгæ, бандзардзинан. Сослæнбек уой*

*ку фегъуста, уæд сæмæ æхе къахæй æрбацудæй, цæмæй уой туххæй Тайсаутæй маке бафхуæронцæ.*

*Сослæнбекки Кочкионти Тазе æма иннæ партизанти хæццæ ракодтонцæ æма син коми думæги, Æхсинтти хеди рази ауиндзæн исаразтонцæ. Сослæнбекки ауиндзæни размæ ку бакодтонцæ, уæд имæ уорсгвардион дæлболкъон бацудæй. Е адтæй Сослæнбеккæн æ гъæуккаг æлдар, Анзорети Мудар. Æлдар ин, уайдзæфти фæсте, уотæ бакодта: «Цийфæнди адтæй, уæддæр гъæуккæгтæ ан, æма дæ фæстаг фæндон зæгъæ, кæд дæмæ ести курдиадæ ес, уæд дин æй исæнхæст кæндзæнæн». Сослæнбек райамудта æ уаргъмæ, æма ин уотæ: «Кæд уотæ, уæд уæртæ еци голлаги киунугутæ ес æма сæ ме 'нсувæр Бесойæн раттæ. Сувæллæнтти багъæудзæнæнцæ ахур кæнунмæ.»*

*Сослæнбек мæлæти къахбæл лæугæй дæр æхе сагъæс нæ кодта, фал ахур кæнун ци сувæллæнтти гъæудзæнæй, уони туххæй гъуди кодта.*

*Кочкионти Тазе æма Сослæнбекки ку ниййауигътонцæ, уæд Сослæнбекки бæттæн æртудта. Уæхæн уавæри дуккаг хатт некæд некæми бал неке ауигътонцæ, фал Сослæнбеккæн дуккаг хатт æ хъурбæл бæттæн багæлстонцæ.*

*Уотемæй, 1919 анзи зуймон бони Дигори цирагъдари зингзæрдæ бахустæй.*

*Тайсаути Сослæнбекки куститæй абони уæнгæ берæ нæбал æрхъæрттæй: сæ фулдæр син уорсгвардионтæ басугътонцæ. Фал ма си уæддæр абони уæнгæ цалдæр кусти æрхъæрттæй. Ке зæгъун æй гъæуй, абони цæстæнгасæй и куститæ кæд ахсгиаг нæбал æнцæ, уæддæр син устур аргъ кæнун гъæуй. Еуæй, етæ æнцæ дигорон æвзаги ирæзти циртдзæвæн. Иннемæй, Сослæнбекæй раздæр ахургæнæн киунугæ Иристони некæд адтæй маддæлон æвзагбæл, уомæ гæсгæ ба и киунугутæ æнцæ национ æвзагбæл ахуради фæззинди æвдесæн. Æртиккагæй ба, адæмæн цирагъдарæй ниллæуунæн æ цард ка исуæлдай кодта, уомæн æ киунуги рауагъдæ циртдзæвæн ниссадзæгау æй, æма абони аци киунугæ дуйне нæуæгæй ке фæууидта, е уой нисан æй, æма Сослæнбеккæн æ хъиамæттæ адæми зæрди цæрунцæ.*

*Киунугæ «Табу Хуцауæн» еске уадзимис, кенæ Хъуранæй тæлмацгонд нæй, фал Тайсаути Сослæнбеккæн æхе куст æй. Аци æрмæг исхонæн ес наукон куст дæр, кенæ пусулмон дини туххæй лæдæрунгæнæн, тæфсертæ. Сослæнбек пайда кæнуй куд*

*Хъуранæй, уотæ суннитæй дæр æма хадистæй дæр. Æрмæгæй бæрæг æй, Сослæнбек Хъуран æрмæст хуарз ке нæ зудта, фал ма 'й лæдæргæ дæр хуарз ке кодта. Æ тæфсертæ ин æвзаргæй зæгъæн ес, æма еунæг рауæн дæр Сослæнбекки æртасæн куст гурусхагнæй, автор æхуæдæг хъæбæр ке æуухæндтæй Хуцаубæл дæр æма Хъуранбæл дæр, уæдта хуæздæр цард ке ралæудзæнæй, уоци гъуддæгтæбæл.*

*Сослæнбек лæмбунæгæй æвзаруй намази æгъдæуттæ. Куд лæмбунæгæй дæттуй намази фæткитæ, уомæ гæсгæ æнгъезуй уæхæн хатдзæг скæнæн, æма Сослæнбек е 'цæгæй архайдта, цæмæй адæм раст намаз кæнонцæ. Æма е æдæуагæ 'й, æ зæрдихатт ин зонгæй. Аци киунугæ дæр ма нин никкидæр æвдесуй, куд хъæбæр фæндадтæй Сослæнбекки адæми амондгундæрæй фæууинун.*

*Берети цæмæдеси бафтаудзæнæй, киунуги паддзахи туххæй ци рауæн дзоруй, е. Фал нин е æй, куд æ зундирахасти хуаллаг уотæ æ рæстæги тæвагæ дæр.*

*Сослæнбек, æнæмæнгæ, лæдæрдтæй, æнæ паддзахадæй адæймагæн никки зиндæр уодзæнæнцæ æ уавæртæ. Уомæ гæсгæ ба паддзахади сæргъи ка лæууй, уой коммæгæсæг ку нæ уа, уæд и паддзахадæ дæр ихæлгæ кæнуй. Фал, паддзахи фарс дзоргæй, Сослæнбек, е 'дарддæри цард куд бавдиста, уомæ гæсгæ æ нихмæ дæр рацудæй. Æма киунугæ кæсæги еци гъуддаг, æвæдзи, фæйдих кæндзæнæй. Фал зæрдæбæл дарун гъæуй уой, æма Сослæнбек ци рæстæг цардæй, уæдта ци уавæрти ирæзтæй æ зундирахаст æма ци уавæрти гъомбæл кодта, еци гъуддаг.*

*Аци киунугæ къохмæ райсгæй нæййес уотæ зæгъæн: айæ Сослæнбеккæн æрмæст кадæ скæнуни туххæй æвдесæн æй. Гъо, уотæ дæр æй, фал е нæуæгæй уагъд ке 'рцудæй, æрмæст еци 'гъдауæй. Фал имæ лæмбунæгдæр ка 'ркæса, е ба си æхецæн дæр берæ райсдзæнæй, уæдта Сослæнбекки уодигъæдæ дæр хуæздæр балæдæрдзæнæй. Æма Сослæнбек æхуæдæг кæд цæрунгъонæй, адæми федæнбæл тухсгæй, рандæ 'й æносон дуйнемæ, уæддæр аци киунугæ ба ма рохс кæндзæнæй адæми зæрдитæ æма берæ фæлтæртæн байзайдзæнæй имисæн циртдзæвæнæн се 'носон цирагъдарæн.*

***Тахъазти Федар,***

ТАЙСАУТИ Сослæнбег

# ТАБУ ХУЦАУÆН

Аци киунугæ не скæнæг еунæг Хуцауи номæй райдайгæ киунугæ æй. Уой дæр, циуавæр Хуцау æй, ку зæгъай, уæд æ коммæ кæсæг адæмæн хъиамæти бони дзенет ка дæтдзæнæй, Æ коммæ нæ бакæсгæй æхе фæндæнттæ ка фæккодта, уонæн ба, лæгъуздзийнадæй ци бакодтонцæ, уони син сæ размæ æрæвæргæй, уонæмæ гæсгæ уонæн зиндонæ ка дæтдзæнæй, еци бæрзонд кадгин Хуцауи номæй аци киунугæ райдæдтон.

Аци киунугæ æз, Тайсаути Беслæни фурт Сослæнбек, дигорон æвзагбæл рауагътон, пусулмон дини гъуддæгтæ балæдæруни туххæй. Абони уæнгæ, нæ ирон адæм, дини гъуддæгтæн неци лæдæрæн. Абонæй фæстæмæ балæдæрун ке фæндуй пусулмон дин, уомæн уодзæнæй аци киунуги бæлвурд гъуддæгтæ, уæдта æцæг гъуддæгтæ.

Еунæг бæрзонд кадгин Хуцау, тухгин гъуддæгтæ кæмæн æрдзорунцæ, уæдта еци æрдзорундзийнади медæгæ еци дзурдтæ æ зæрдæмæ ка райсдзæнæй, уонæн æмбал Хуцау аци киунугæмæ æркæсæг адæми скæнæд. Амменæ.

Авд арви æма авд зæнхи ка скодта, еци бæрзонд кадгин Хуцауи тухгиндзийнадæ ка лæдæруй æма уомæ гæсгæ алли лæгъуз, цъумурдзийнæдтæй æхе ка гъæуай кæнуй, уонæн æмбал Хуцау аци киунугæмæ æркæсæг адæми скæнæд. Амменæ.

Хуцау! Дæ дзурд хъурани æрцудæй: «Коретæ мæнæй, æз сумахæн дзуапп дæтдзæнæн», - зæгъгæ. Уомæ гæсгæ æз Дæуæй корун, дæ тухгиндзийнадæ æма дæ кадгиндзийнадæ æ зæрди кæмæн бацудæй, уонæн æмбал аци киунугæмæ æркæсæг адæми скæнæ, Хуцау! Амменæ.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм æрсагъæс кæнетæ, гъуддаг балæдæретæ, аци мæнгæ дуйне нæуогæй уогæ иссæй, е нæуогæй уогæ ка скодта, е Хуцау æй, уæдта аци мæнгæ дуйне нæуоги хузæн исафгæ дæр фæккæндзæнæй.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм

расагъæс кæнетæ, æркæсетæ, раст æма зулун равзаретæ, мæрдтæмæ хъæрæуæй ма цæуетæ.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæмтæ, мах дзамани рæстæг хъæбæр лæгъуз рæстæг æй, цæмæн лæгъуз рæстæг æй, ку зæгъай, уæд алли адæймаг дæр амал ергæй, æхе зундæй æндæр зундмæ байгъосуйнаг нæй, æма лæгъуз рæстæг уой туххæй æй.

Хуцау адæмæн æнхузæн зунд нæ равардта, уомæ гæсгæ ба минкъийдæр зунди хецауæн ихæс æй зундгиндæрмæ байгъосун, уæдта зундгиндæри фæдбæл рацæун.

Зундгиндæртæ ка 'нцæ, ку зæгъай, уæд Хуцауæй дæлæмæ пахампартæ 'нцæ, Пахампартæй дæлæмæ ци адæмтæ ес, етæ ба æнæзунддæр æнцæ. Хуцаумæ байгъосун пахампарти ихæс æй, Пахампартæмæ байгъосун ба, Пахампартæй дæлæмæ ци адæмтæ ес, уонæн сæ ихæс æй.

Пахампартæй дæлæмæ ци адæмтæ ес, уонæн дæр сæ кæрæдземæ байгъосун син ихæс æй. Пахампартæй дæлæмæ ци адæмтæ ес, етæ дæр зундæй æнхузæн нæ 'нцæ.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм æрсагъæс кæнетæ, гъуддаг балæдæретæ, Хуцау æвзарæгау адæми фæлдесуй, ци кæндзæнæнцæ, зæгъгæ, уæдта сæ фæстæмæ дæр ракæнуй.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæмтæ! Хуцауи адæми фæлдесгæ дæр ке кæнуй, уæдта маргæ дæр сæ ке кæнуй, уой зундгин дæр æма æнæзунд дæр зонуй, фал ци нæ зонæн, е ци 'й, ку зæгъæн, уæд, ку рамæлæн, уæд нæ уодтæ ци фæуыодзæнæнцæ, е æй.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм æрсагъæс кæнетæ, дзурд балæдæретæ: Хуцау еунæг æй, æмбал ин нæййес, райдайæн Ин нæййес, кæрон дæр Ин нæййес, некæмæйдæр райгурдæй, некедæр Ин райгурдæй, некедæр Æй райгурдæй, некедæр Ин райгурдзæнæй, неке хузæн дæр æй, Æ хузæн дæр неке æй, неке 'Й исфæлдиста, æнккæтей исфæлдесæг æй, некæмæй гъæуагæдæр æй, æнккæт дæр Уомæй гъæуагæдæр æнцæ, алли рауæн уæвæг æй, алци фæразагæ æй.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæмтæ æрсагъæс кæнетæ, уæдта æрбайгъосетæ, не скæнæг кадгин Хуцау хъурани куд æрдзурдта, уомæ гæсгæ æз сумахæн балæдæрун

кæнон нæ гъуддæгтæ ци 'нцæ, уой.

Хуцау дуйней искæнунмæ ку сфæндæ кодта, уæд авд арви æма авд зæнхи асæ налхъут-налмаз исфæлдиста, уæдта Хуцау Æ хузæ еци налхъут-налмазмæ равдиста æма налхъут-налмаз дон фестадæй. Еци дон, ирайгæ, дони хузæн, ирайун райдæдта, еци донæн æ тулфæй арв исфæлдиста, æ финкæй ба ин зæнхæ исфæлдиста. Зæнхæ фиццагидæр Меккæй разиндтæй.

Табу Хуцауæн! Хуцау æхсæз бонемæ дуйней сцæттæ кодта, уæдта Хуцау изæдти искодта, уæдта дзинти скодта. Изæдтæ Хуцауæн æхе рохсæй конд æнцæ, дзинтæ артæй конд æнцæ. Уæдта изæдтæн Хуцау дзурд равардта, арвæрдигæй Хуцауæн косæгдзийнадæ куд кæнонцæ, уотæ. Дзинтæн ба дзурд равардта Хуцауæн зæнхи косæгдзийнадæ куд кæнонцæ, уотæ.

Сайтан дзинтæй адтæй, Хуцауæй дæлæмæ дзинтæн сæ хецау сайтан адтæй. Еци æгъдауæй дзинтæ дуйнебæл авд мин анзи бæрцæ фæццардæнцæ, уæдта æнхузæнæй исгиаур æнцæ, Хуцаубæл исфæлхæдтæнцæ, Хуцау си нæбал æруагæс кодта, сайтанмæ дæр нæбал игъустонцæ, уæдта Еунæхуцау сæбæл арт рауагъта æма син сæ муггаг фæмминкъийдæр кодта. Ка ма си фæййервазтæй, уонæн дæр лæгъуз рауæнтæй æндæр рауæн нæбал равардта: хуæнхти федæртти, уæдта денгизи сакъадæхти, уæдта бæласи бунти, уæдта зæронд гъæууæтти куд цæронцæ, уæхæн дзурд син равардта.

Уæдта уой фæсте ба сайтани изæдти хæццæ бафтудта æма сайтан ба изæдти хæццæ Хуцауæн косæгдзийнадæ кодта.

Сайтан дзинтæн хецау куд адтæй, изæдтæн дæр уотæ хецау иссæй. Изæдтæ арви дæр адтæнцæ, зæнхи дæр адтæнцæ, сайтан сæ хецау уогæй. Уæдта сайтанæн æ зæрди лæгъуздзийнæдтæ æрæфтудæй, æ сæр устур хæссун райдæдта, «цæмæн» ку зæгъай, уæд Хуцау сайтанæн устур хъаурæ равардта, цæветтонгæ, цæстифæнникъулди бæрцæмæ зæнхæй авд уæларвмæ исхъæртидæ, æма уоййасæ хъаурæ ин ке равардта, уой туххæй æ сæр стур хæссун райдæдта. Цæветтон, æ зæрди бафтудæй: Хуцау ми цæмæй игъаугидæр æй, зæгъгæ, цæветтон, æз дæр Хуцау дæн, зæгъгæ, зæгъунмæ 'й берæ нæбал гъудæй. Уæдта сайтани гиаурдзийнадæ исæргом кæнуни туххæй Хуцау адæми исфæлдесун исфæндæ кодта, уæдта изæдтæн Хуцау загъта: «Сикъитæй зæнхон паддзах исфæлдесуйнаг дæн, æма е æхуæдæг ба сумахæй

зундгиндæр уодзæнæй», - зæгъгæ. Уæдта Еунæхуцау Джабраил-изæдæн загъта: «Дуйнемæ фæццо æма алли сикъит исхæссæ», - зæгъгæ. Уæдта Джабраил æрцудæй æма зæнхæмæ ку бавналдта, уæд зæнхæ Хуцауи дзурдæй сдзурдта: «Хуцауи хатир фæуууинæ æма ма кæнæ, мæнæй ма хæссæ», - зæгъгæ. Уæдта Микаил-изæди рарвиста, уомæй дæр уой хузæн ракурдта Уæдта Исрафил-изæди рарвиста, уомæй дæр уони хузæн ракурдта. Еци æртæ ревæдæй раздæхдтитæ кодтонцæ, уæдта Израил-изæди рарвиста. Израилæй дæр уони хузæн ракурдта, уæдта Израил загъта: «Хуцауи загъд мин æнæбакæнгæ хуасæ нæййес», - зæгъгæ. Æма зæнхæн аллимуггаг сикъитæй дæр сикъит фæххаста, уæдта Хуцау Израил-изæди бафарста, зæнхи хатир цæмæннæ фæууидтай, зæгъгæ, æма Израил загъта: «Хуцау, дæуæй фæттæрсгæй, зæнхи хатир нæ фæууидтон», - зæгъгæ.

Уæдта и сикъит ниффæлдадтонцæ æма фæлдадæй 40 анзи фæллæудтæй. Уæдта ‘й исæзманстонцæ. Æзмæнстæй дæр 40 анзи фæллæудтæй, уæдта ‘й адæймаги хузæн искодтонцæ æма уотемæй дæр 100 анзи фæллæудтæй.

Сайтан изæдти хæццæ адæми уинунмæ рандæ ‘й, æма ‘й ку фæууидта, уæд сайтан адæмбæл балистухъ кодта. Адæймаги наффæ, сайтани листухъ кæми исæмбалдæй, е æй. Сайтани листухъ адæми хурфи берæ дзаманти байзадæй, уæдта ‘й Хуцауи дзурдæй Джабраил-изæд зæнхæмæ рагæлста æма куй фестадæй. Æма уой фæсте еунæг бæрзонд кадгин Хуцау Æхе уодæй адæми хурфи уод бауагъта, æма уод адæмæн се ‘гас иуæнгти дæр ку бацудæй, уæд бауæртæ фестадæнцæ.

Уæдта Хуцауи дзурдæй изæдтæ адæми, æршуррæхман ке хонунцæ, уордæмæ фæххастонцæ æма сæ уоми æрлæуун кодтонцæ. Уæдта Хуцау изæдтæн загъта: «Адæмæн баковетæ», - зæгъгæ. Æма, сайтанæй уæлдай, изæдтæ еугурæй дæр бакувтонцæ. Сайтæнттæ ковгути хæццæ ковун нæ бакумдтонцæ. Æма Хуцау сайтанæн загъта: «Цæмæннæ баковис адæмæн?», - зæгъгæ. Уæд сайтан загъта: «Мæнæн адæмæн баковун аккаг нæй», - зæгъгæ. Æма Хуцау загъта: «Цæй туххæй?», - зæгъгæ. Уæд сайтан загъта: «Æз артæй конд дæн, е ба сикъитæй конд æй, æма æз уомæн куд баковон», - зæгъгæ. Æма Хуцау загъта сайтанæн: «Мæ бæллах дæбæл æвæрун: кæддæриддæр зиндонæ дæ бунат», - зæгъгæ. Уæдта ‘й изæдти хузæй рахецæн кодта, æма ‘й æндæр лæгъуз хузи бацæун кодта. Еци рауæн Хуцау сайтани ралгъиста.

Еунæхуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæмтæ, а сайтани гъуддаг дзæбæх балæдæретæ.

Цæветтонгæ, Хуцау изæдтæн загъта: «Сикъитæй адæймаг искæнуйнаг дæн, уæдта еци адæймаги хурфи мæхе уодæй уод ку исивæрон, уæд сумах уомæн баковдзинайтæ», - зæгъгæ. Уæдта Хуцау куддæриддæр загъта, уотæ адæми сцæттæ кодта, уæдта изæдтæн загъта, адæмæн баковетæ Æ кадгиндзийнади туххæй, зæгъгæ. Æма изæдтæ се 'гас дæр бакувтонцæ, сайтанæй фæстæмæ. Сайтан ба æхе уæлдæр кодта, адæмæн баковун æ сæрмæ не 'рхаста. Аци рауæн, сайтан адæмæн нæ баковуни бæллахæй исгиаур æй, зиндойнаг иссæй. Уæдта Хуцау сайтанæн загъта: «Рахъуæтти уо, рандæ уо ардигæй, абонæй фæстæмæ мæ хатирдзийнадæ дæуæй рахецæн æй, абонæй фæстæмæ кæддæриддæр Мæ налат – дæ уæле, дæ бунат – зиндонæ», - зæгъгæ 'й фудæлгъист ракодта. Уæдта сайтан, æцæгæй Хуцауæй ке рахецæн æй, уой ку базудта, уæд загъта: «Мæ Хуцау, Дæуæй корун, хъиамæти бонмæ мин æнгъуд раттæ», - зæгъгæ. Æма Хуцау загъта: «Исрæфил-изæд 2 хатти уадиндзæй думдзæнæй. Фиццаг думди дуйне ихæлдзæнæй, уодгоймæгтæ дæр рамæлдзæнцæ. Фæстаг думди ба дуйне æ бунати ралæудзæнæй, мæрдтæ дæр æригас уодзæнæнцæ. Æма фиццаг думди уалæнгæ – де 'мгъуд», - зæгъгæ. Хуцау сайтанæн дзурд равардта. Цæветтонгæ, æмгъуд зæгъгæ уомæй зæгъуй, æма зиндони 'й нæ багæлдзгæй, хъиамæти бонмæ æгас куд байзадайдæ, уой курдта. Уæдта сайтан загъта: «Хъиамæти бонмæ мин æмгъуд кæми равардтай, уоми адæми муггагæй æз мæхецæн зиндонæмæ æмбæлттæ иссердзæнæн», - зæгъгæ. Æма Хуцау загъта: «Рæстдзийнадæ бавдесун Мæнæй уодзæнæй, уæдта раст нихас дæр зæгъдзæнæн, уæдта мæн раст дзубандитæ æма мæн раст унаффитæмæ нæ байгъосгæй, дæу надбæл ка рацæуа, уонæй дæр æма дæуæй дæр зиндонæ ке байдзаг кæндзæнæн», - зæгъгæ, Хуцау Æхе номæй басоми кодта. Нур Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм, расагъæс кæнетæ, балæдæретæ, сайтан дуйнебæл æй дунги хузæн æма æ тæф адæймаги хурфи 'й, зæрди медæгæ цæуй æма адæймагæн алли лæгъуздзийнæдтæ æ зæрди æфтауй. Уомæ гæсгæ адæймагæн æмбæлуй, уæдта ихæс æй, зæрди ци лæгъуздзийнадæ æрæфтуйуй, еци лæгъуздзийнади фæдбæл нæ рацæуун.

Цæветтонгæ, Хуцауи дзурд Хъурани æрцудæй: «Уæй, Адами

цæуæт, сайтан сумахæн æзнаг æй æма уæхе гъæуай кæнетæ, зæгъгæ, уомæ гæсгæ сайтани фæдбæл ка нæ рацæуа, уомæн дзенет цæттæ 'й».

Еунæхуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæмтæ, расагъæс кæнетæ, гъуддаг балæдæретæ, сайтан Хуцауи знаг иссæй, Хуцауæн æнæуарзон иссæй. Нур, цæветтонгæ, мах куд лæдæрæн, уотемæй Хуцау Е знаги махæн æзнагæн равардта æма Хуцауи знагæн æзнаггадæ кæнун ка бафæраза, уомæн – дзенет, Хуцауи знагæн æзнаггадæ кæнун ка нæ бафæраза, уомæн ба – зиндонæ.

Еунæг Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм, сайтани хæццæ дæ æзнагдзийнадæ ку фæндæ уа, уæд фиццагидæр ди Хуцау баруагæс уæд, уæдта ди изæдтæ баруагæс уæнтæ, уæдта Хуцауæй ци китабтæ æрцудæнцæ, уонæбæл бауæндæ, уæдта ди Пахампартæ баруагæс уæнтæ, уæдта ди Хъиамæт баруагæс уæд, уæдта ди, ку рамæлæн, уæд фæстæмæ ке æригас уодзинан, е ди баруагæс уæд. Уæдта Хуцау «кæнетæ» кæмæй загъта, уони кæнæ, «ма кæнетæ» кæмæй загъта, уони ба ма кæнæ. Нур Хуцау ци загъта ку зæгъай, уæд бонæ 5 хатти намаз кæнетæ, уæдта уæ фонсæй, уæ тиллæгæй сегит дæттетæ, уæдта афæй еу мæйæ ком даротæ, уæ рæстæг ку уа, уæдта хадзи скæнетæ, уæдта æз уæ Хуцау – мæнæй тæрсетæ, пахампартæмæ игъосетæ, уæ паддзæхти хæццæ федауетæ, хуарздзийнæдтæ кæнетæ, лæгъуздзийнæдтæ ма кæнетæ.

Еунæг Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм, Хуцау «ма кæнетæ» ке загъта, етæ цитæ 'нцæ, ку зæгъай, уæд: æнæфудгин адæймаг ма рамаретæ, уæдта маке фонс даветæ, уæдта маке уоси хæццæ схуссæ, уæдта маке бафауæ, уæдта æвзаг макæмæ бахæссæ, уæдта макæми басодзæггаг кæнæ, уæдта фудзæрдæ макæмæ бадарæ, уæдта зунд фæлевæг ма баниуазетæ.

Еунæг Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм, нур æркæсетæ, сайтани тæф ци адæймаги зæрди нæ уа, еци адæймагæн лæгъуздзийнадæ æ зæрди неци æгъдауæй æрæфтуйдзæй, фал сайтани тæф ке зæрди нæййес, уæхæн адæймаг Хуцау Пахампартæй дæлæмæ неке скодта. Хуцауæн Æ бон адтæй сайтани тæф адæми зæрди нæбацæуун кæнун, фал æркæсайтæ: Е знаг нин æзнагæн равардта, æма Хуцауи æзнагæн æзнагдзийнадæ бакæнун гъæуй. Хуцауи гъуддагбæл уæлæнхуг маке кæнæд. Хуцауи гъуддагбæл уæлæнхуггæнæг хъиамæти Бони бæргæ уодзæнæй зиндони къодах.

Еунæ Хуцау мах багъæуай кæнæд хъиамæти Бони уæхæн бæлахæй.

Адам дзенети бафунæй æй æма æ фуни æ уоси фæууидта. Цæветтонгæ, æ уосæ ба конд нæма адтæй. Æма Еунæ Хуцауи дзурдæй Адамæн æ галеу агъдæй Адамæн æ уоси скодта, цалинмæ æригъал æй, уалинмæ. Уæдта Адам ку райгъал æй æма силгоймаг ку фæууидта, уæд Адам загъта: «Айæ цæй дессаг æй, мæ фуни ци фæууидтон, е ку æй», - зæгъгæ.

Уæдта Еунæхуцау Адам æма Евæн (Хауæйæн) загъта: «Дзенети цæретæ, дзенети рæзæй хуæретæ, фал аци бæласæмæ хæстæг ма бацотæ», - зæгъгæ, син мæнæ еу бæласæ байамудта.

Уæд еци хабар сайтан фегъуста, æма катай кæнун райдæдта. Уæд, Еунæхуцау зонгæ, е дзенетмæ бацудæй æма мæнæ и бæласи размæ бацудæй æма еци рауæн кæун райдæдта. Æ гъæрмæ ин Адам æма Хауæ æрхъæрттæнцæ æма сайтан æй, уой нæ зудтонцæ, фал æй бафарстонцæ, циавæр дæ, ци дæ, цæмæн кæуис, зæгъгæ. Уæдта сайтан загъта: «Æз кæун сумахбæл, цæй туххæй ку зæгъайтæ, уæд сумах абони дзенети бæргæ айтæ, фал исон ба уæ аци хуарз рауæнæй лæгъуздæр рауæнмæ кæнуйнаг æнцæ. Нур сумах аци бæласæй бахуæретæ æма кенæ изæдтæ исуодзинайтæ, кенæ ба кæддæриддæр дзенети байзайдзинайтæ», - зæгъгæ, сайтан Хуцауи номæй ард бахуардта, æз сумахæн хуарздзийнадæ куд зæгъун, уæдта уин æцæгдæр куд зæгъун, зæгъгæ. Уæд уонæй баруагæс æй æма мæнæуæ бахуардтонцæ. Мæнæуæ куддæр бахуардтонцæ, уотæ сæ дзенети дарæс сæ уæлейæй фæттахтæнцæ, сайтан дæр æрбайсавдæй. Æма Адам корун райдæдта Хуцауæй. Уæдта Хуцау Адамæн загъта: «Нæ дин загътон, сайтан дин æзнагдзийнадæ кæндзæнæй», - зæгъгæ. «Кенæ ба дин нæ загътон, еци бæласæй ма бахуæрæ», - зæгъгæ. Уæдта Адамæн Хуцау загъта: «Аци рауæн сумахæн бунат нæбал ес, фал тæрегъæдгунти бунат дуйней æй æма дуйнемæ цотæ», - зæгъгæ. Уæдта Еунæхуцауи дзурдæй изæдтæ Адам æма Хауи дуйнемæ ракодтонцæ, сæ кæрæдземæй сæ фæххецæн кодтонцæ: Адам Хинди хонхбæл æрæнцадæй, хауæ ба Дæиддай хонхбæл æрæнцадæй. Берæ дзаманти сæ кæрæдзей не ссирдтонцæ, уæдта Хуцауи дзурдæй сæ зæрбатуг сæ кæрæдземæ исаразта æма сæ кæрæдзей иссирдтонцæ. Уæдта Еунæхуцауи дзурдæй син Дæабраил цæрæн гъуддæгтæ байамудта. Адам хъæбæр устур лæг адтæй, мин анзи фæццардæй. Æ уосæ 20 хатти ниййердта, алли ердæн дæр биццеу æма кизгæ райгуридæ. Раззаг биццеуæн фæстаг кизгæ уосæн

лævардта, фæстаг биццеуæн ба раззаг кизги лævардта – æндæр амал си еци сахат нæ адтæй. Хуцауæй киунугæ кæмæ æрцудæй, етæ 28 æнцæ, уонæй: 1.Адам, 2.Идрис, 3.Нох, 4.Худ, 5.Сæлих, 6.Ибрæгим, 7. Исмæил, 8.Исхахъ, 9.Йахъуб, 10.Йусуф, 11.Лут, 12.Муса, 13.Харун, 14.Шугъайб, 15.Закариа, 16.Ехиа, 17.Иса, 18.Дауит, 19.Сулеман, 20.Илас, 21.Алесагъ, 22.Зулкифли, 23.Айуб, 24.Йунус, 25.Зулкарней, 26.Узейп, 27.Лухъман, 28.Мæхæмæт.

Аци аст æма инсæй Пахампаремæй Муса, Иса æма Мæхæмæт, уæдта Дауит фæстагдæр рантæстæнцæ, уонæй дæр Муса-пахампар раздæр адтæй, уæдта Дауит, уæдта Иса, уæдта Мæхæмæт. Хуцау Пахампартæн 104 китабби æрæрвиста. Уонæй 100 китабби минкъий китабтæ 'нцæ, 4 китабби ба устур китабтæ 'нцæ. 100 китаббемæй 10 китабби Адам-пахампармæ æрцудæй, 50 китабби ба Шис-пахампармæ. æрцудæй, 30 китабби ба Идрис-пахампармæ æрцудæй, 10 китабби ба Ибрæгим-пахампармæ æрцудæй. Фондзинсæй китаббей хæццæ ма ци 4 китабби адтæй, уонæй 1-аг æй Тæврат, 2-аг – Забур, 3-аг – Инджил (Евангели), 4-аг – Хъуран. Аци цуппарæй ба Тæврат Мусамæ æрцудæй, Забур ба Дауит-пахампармæ æрцудæй. Нур аци цуппарæй Муса-пахампари киунугæ – Тæврат – мæрмæр дортæбæл финст уогæй изæдтæ арвæй Муса-пахампармæ æрхастонцæ. Зæбур, Инджил æма Хъурани ба Джабраил-изæд Хуцауи дзурдтæ пахампартæмæ æрхаста æма еци æртæ киунуги уотемæй æрцудæнцæ.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæмтæ, нигъгъуди кæнтæ: Хуцау еунæг æй, Пахампартæ Хуцауи минæвæрттæ 'нцæ, Хуцау киунуги муггагæй Пахампартæн цидæриддæр æрæрвиста, уони хабæрттæ Хъурани Мæхæмæт-пахампармæ æрæрвиста.

Мах, Хъурани куд лæдæрæн, уомæ гæсгæ еунæг Хуцауæй æндæр Хуцау дæр нæййес, уæдта еунæг динæй æндæр дин дæр нæййес.

Цæмæн, ку зæгъай, алли Пахампар дæр загъта: намаз кæнетæ, сегит дæттетæ, уæдта ком даретæ; уæдта загътонцæ: кæрæдзей ма маретæ, кæрæдзей фонс ма даветæ, зиан ма кæнетæ, алли лæгъуздзийнадæй уæхе гъæуай кæнетæ, зæгъгæ, се 'гасæйдæр загътонцæ.

Еу Пахампарæн хæран ци адтæй, иннæ Пахампарæн дæр е хæран адтæй, уæдта еу пахампарæн хæлар ка адтæй, е иннæ Пахампарæн дæр хæлар адтæй. Еу Пахампар иннæ Пахампари дин

фаугæ нæ кодта, уæдта фауæн дæр ин нæ адтæй. Цæмæн, ку зæгъай, уæд алли Пахампармæ дæр Хуцау еу дзурдæй дзурдта, алли киунуги дæр сæнæ хæран æй, уæдта алли киунуги дæр хуййи фид хæран æй, зиан бакæнун хæран æй, лæг рамарун тæрегъæд æй, давун хæран æй. Æцæгдзийнадæй Пахампартæ кезугай адтæнцæ æма фæстагдæр ци Пахампар фæууидæ, адæм уомæ игъустонцæ. Цæветтонгæ, еу паддзах ку нæбал уа, уæд иннæ паддзахмæ игъосун куд гъæуй, уой хузæн.

Адæймагæй Пахампартæ се 'гас дæр æруагæсгонд гъæуама уонцæ, уой туххæй, æма се 'гас дæр Пахампартæ адтæнцæ, æцæг адтæнцæ, Хуцауæй адæми астæу минæвæрттæ адтæнцæ. Пахампарти пахампардзийнадæ кæмæй не 'руагæс кæнуй, уомæн дæр Хуцау Æхуæдæг стæрхон кæндзæнæй, фал «æз пусулмон дæн», зæгъгæ, ка зæгъуй, уомæй æнккæт пахампартæ дæр баруагæс уæнтæ.

Амондгун ка 'й, ку зæгъай, уæд æ мæлæти бон æ зæрди даргæй, Хуцауæн зæрдиагæй намаз ка кæнуй, уæдта Хуцауи тасæй ниуæзтæ ка нæ ниуазуй, зиан ка нæ кæнуй, фудзæрдæ ка нæ даруй, фаугæ ка нæ кæнуй, æ уоди фæллойнæй сегит ка дæттуй, комдарæни мæйи кæдзосæй ком ка даруй, силгоймаги хæццæ исæмбæлгæй æхе ка ниртайуй, еу загъдæй, Хуцау ци баунаффæ кодта, уони ка æнхæст кæнуй. Етæ амондгун цæмæ 'нцæ, ку зæгъай, уæд, кæмæй зæгъун, етæ мæрдтæмæ хуаллаг æнцæ, дуйне ба байзайдзæнæй.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæмтæ, æркæсетæ, расагъæс кæнетæ, дзурд балæдæретæ: дуйне цубур æй, хъиамæти Бон  ба даргъ æй, уæхецæй аразгæ 'й, фесинмæ зунди фæдбæл ма цотæ, фал Хуцауи минæвар пахампартæ ци загътонцæ, уой кæнетæ. Пахампартæ Хуцауи æвастæй неци кодтонцæ, уæдта неци загътонцæ.

Хуцауæй боз, мах ирон адæм тухст рауæн нæ ан: æхецæн хæлаф, хæдонæ ка нæ еруй, уæхæн нæмæ нæййес. Никки ба ма нæ паддзах – хуарз паддзах – æнæгъдауæй неке тухсун кæнуй, адæмтæн дин сæ барæ искодта, кæци дин дæ фæндуй, еци дин кæнæ. Нæ паддзахи рæстдзийнадæмæ гæсгæ махæн æмбæлуй кæддæриддæр Хуцаумæ дуа кæнун.

Цæмæн, ку зæгъай, уæд паддзах мæгур адæми гъæуай кæнуй, цæмæй сæ гъæуай кæнуй – тухæ кæнун син нæ уадзуй. Паддзах ку нæ уайдæ, уæд тухæгæнгутæ мæгур адæмæн сæ тог

баниуазиуонцæ, фал тухæгæнгутæн паддзах ци кæнуй, уомæ ма æркæсайтæ: уомæ гæсгæ махæн æмбæлуй ракорун Хуцауæй нæ паддзахи туххæй нæ намазлæхъи сæрбæл. Мах, пусулмон адæммæ, æнæзундæй æнæзунд дзубандитæ фæууй, куд, ку зæгъай, уæд киристон адæймаги туххæй Хуцауæй ракорун не 'нгъезуй, зæгъгæ. Æцæгдзийнадæй гиаури туххæй ракорун не 'нгъезуй æма махæн нæ паддзах гиаур нæй.

Хуцау кæмæй æруагæс кæнуй, уæдта Пахампартæ кæмæй æруагæс кæнунцæ, еци адæймаг гиаур нæй. Махæн нæ паддзахæн Хуцау хуарз ракæнæд: Хуцау дæр æй æруагæс кæнуй, Пахампартæ дæр æй æруагæс кæнунцæ. Æркæсайтæ, махæн нæ паддзахæй Хуцау ку не 'руагæс кæнидæ, уæдта 'й пахампартæ ку не 'руагæс кæниуонцæ, уæд махмæ не 'рветидæ: Хуцауæй мин ракоретæ, зæгъгæ. Кæд æй лæдæрæн, уæд махæн нæ паддзах хъæбæр хуарз паддзах æй, æнæзунд адæм коммæ ке нæ кæсунцæ, æндæр нæ паддзахи барвæндæй ба адæмтæ еугурæй дæр сихтæ фестиуонцæ.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм боз уотæ нæ паддзахæй, уæдта раст зæрдæ даретæ нæ паддзахмæ. Цæмæн, ку зæгъай, уæд мах уинæн китабби, рагон дзамани паддзæхтæ ци кодтонцæ, уой, рагон дзамани залун паддзæхтæ адæмæн цитæ кодтонцæ, уони мах уинæн. Уомæ гæсгæ нæ паддзахмæ раст зæрдæ даретæ, уæдта Мæхæмæт-пахампар дæр загъта, алке дæр æ паддзахи хæццæ федауæд, зæгъгæ.

Еунæ Хуцауæй дæр, æма пахампартæй дæр, æма паддзæхтæй дæр æнæ зæрдихудтæй мæрдтæмæ ка бацæуудзæнæй, уонæн æмбал Хуцау аци киунугæмæ æркæсæг адæми скæнæд, уæдта еугур ирон адæми дæр скæнæд! Амменæ!

Гъе, нæ ирон сугъзæрийнæ фæсевæд, Хуцауи салан сумахбæл исæмбæлæд. Сугъзæрийнæ фæсевæд, сумах æркæсетæ, мæрдтæмæ уæхе ма бауагътæ хъæрæуæй, бакæнетæ уæхе Хуцаумæ хæстæг – ратдзæнæй Хуцау сумахæн дзенет. Хуцауи гъуддагмæ зийнадæ ма кæнетæ, зийнадæ кæнунæй пайда ку нæ ес. Æркæсетæ, æркæсетæ, рохс сувæллæнттæ, дзурд фегъосгæй ходгæ ма кæнетæ. Æркæсетæ, æркæсетæ, рохс сувæллæнттæ, сумах баковетæ еунæг Хуцаумæ. Не скæнæг Хуцау мах багъæуай кæндзæнæй хъиамæти Бони зиндони тæвдæй. Æркæсетæ, æркæсетæ, рохс сувæллæнттæ, уæ мæлæти бон уæ зæрди даретæ.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм, аци рауæнæй дæлæмæ дин æма ислам исбæрæг кæндзинан.

Æстуддзийнадæ не скæнæг бæрзонд, кадгин Хуцауи æй, æма циуавæр Хуцау, ку зæгъай, уæд авд арви æма авд зæнхи скæнгæй ци Хуцау гъæуай кæнуй, еци Хуцауи студдзийнадæ.

Уомæй фæстæмæ, пусулмон уогæй, нæлгоймаг дæр уæд, силгоймаг дæр уæд, 15 анзи кæбæл рацæуа, уомæн 32 фæрæзни æнæбазонгæ амал нæй.

Еци 32 фæрæзнемæн сæ фиццагдæр имани фæрæзнитæ 'нцæ, сæхуæдтæ ба 6 æнцæ. Еци 32 фæрæзнемæй дуккаг Ислами фæрæзнитæ 'нцæ, етæ дæр 5 æнцæ. Еци 32 фæрæзнемæй æртиккаг æвдадзи фæрæзнитæ 'нцæ, етæ дæр 4 æнцæ. Еци 32 фæрæзнемæй цуппæрæймаг хе 'хснуни фæрæзнæ 'нцæ, етæ дæр æртæ 'нцæ. Еци 32 фæрæзнемæй фæндзæймаг ба темеми фæрæзнитæ 'нцæ, етæ ба дууæ 'нцæ. Еци 32 фæрæзнемæй æхсæзæймаг ба намази фæрæзнæ æнцæ, етæ дæр 12 æнцæ. Се 'гасей дæр ку исеумæ кæнæн, уæд 32 æнцæ.

Имани 6 фæрæзнитæ цитæ 'нцæ, зæгъгæ, дæ ку бафарстæ уа, уæд ду уомæн зæгъæ: 1-аг - еунæг Хуцау ди баруагæсдзийнадæ, 2-аг - еунæг Хуцауи мæлектæбæл бауæндундзийнадæ, 3-аг - еунæг Хуцауи кадгин китаббитæбæл бауæндундзийнадæ, 4-аг - еунæг Хуцауи пахампартæбæл бауæндундзийнадæ, 5-аг хъиамæти Бонбæл бауæндундзийнадæ, 6-аг еунæг Хуцауи лухгонд гъуддæгтæбæл бауæндун.

Еунæ Хуцау ди ци гъуддагæй æруагæс кæнуй, зæгъгæ дæ еске ку бафæрса, уæд ду зæгъæ: Хуцау еунæг æй, æмбал ин нæййес. Хуцау æхуæдæг æгас æй, æ райгасæн райдайæн дæр нæййес, Хуцауæн фæууæн дæр нæййес, уæдта Хуцау бæрæг бунати æй, зæгъгæ, зæгъунмæ дæр не 'мбæлуй, кенæ арвæрдигæй æй, кенæ зæнхæрдигæй æй, кенæ нæ рахес æрдигæй æй, кенæ на галеу æрдигæй æй, зæгъгæ, зæгъунмæ не 'мбæлуй. Хуцау аллирауæн дæр æй.

Хуцау кæмидæрдæр цæттæ 'й. Хуцау мæнæй аци гъуддагæй баруагæс æй, зæгъгæ, зæгъдзæнæ.

2-аг. Мадта мæлектæ ди куд æгъдауæй æруагæс кæнунцæ, зæгъгæ, ку бафарстæ уа, уæд уомæн дæр зæгъæ: мæлектæ Хуцауи косгутæ 'нцæ, еу цæсти никъулди бæрцæ дæр лæгъуздзийнадæ нæ кæнунцæ, хуæргæ дæр, ниуазгæ дæр нæ кæнунцæ, уосæ мæ гъæуй, кенæ ба мæ лæг гъæуй, зæгъгæ, уæхæн мæтæ дæр сæмæ нæййес. Хуцау син ци дзурд раттуй, еци дзурдæй зелунцæ. Еци мæлектæн сæ еу къуар Хуцауæн косæгдзийнадæ кæнгæй уæларв

æнцæ, иннæ къуар зæнхæрдигæй æнцæ, иннæ къуар тæрегъæддзийнадæ æма уодибæстæ финсуни туххæй адæми хæццæ 'нцæ, сæ иннæ къуар ба, адæймаг ку рамæлуй, уæд марди бафæрсунмæ циртмæ цæунцæ. Марди ба куд фæрсунцæ, ку зæгъай, уæд: дæ Хуцау ка 'й, уæдта дæ Пахампар ка адтæй, уæдта дæ дин ци адтæй, дæ хъибиллæ кæцирдæмæ адтæй, дæ иман ци адтæй, зæгъгæ, аци 5 гъуддагæй бафæрсунмæ циртмæ бацæунцæ мæлектæ. Берæ 'нцæ, сæ нимæдзæ син Хуцауæй æндæр неке зонуй, сæ кадгиндæртæ Джабраил, Микаил, Исрафил – Хуцауи салан мæлекти фæууæд – аци гъуддагæй мæлектæ мæнæй баруагæс æнцæ, зæгъгæ, зæгъдзæнæ.

Аци рауæн ба китаббити хабар. Мадта китаббитæ ди ци 'гъдауæй æруагæс кæнунцæ, зæгъгæ, дæ ку бафарстæ уа, уæд ду зæгъæ: китаббитæ æцæг æнцæ, бæрзонд кадгин Хуцау Æ пахампартæн 104 китабби æрæрвиста. 100 китабби минкъийдæртæ 'нцæ, 4 китабби ба стуртæ 'нцæ.

100 китаббемæй 10 китабби Адам-пахампармæ æрвист адтæнцæ. 100 китаббемæй 50 китабби ба Шис-пахампармæ æрвист адтæнцæ. 100 китаббемæй 30 китабби ба Идрис-пахампармæ æрвист адтæнцæ. 100 китаббемæй 10 китабби ба Ибрæгим-пахампармæ æрвист адтæнцæ. 100 китабби фæцæнцæ, фал уони хæццæ ци 4 китабби адтæнцæ, уонæй 1-аг – Таурат, 2-аг – Зæбур, 3-аг – Инджил, 4-аг – Хъуран. Нур уонæй Таурат Муса-пахампармæ æрвист адтæй, Зæбур ба Дауит-пахампармæ æрвист адтæй, Инджил ба – Иса-пахампармæ æрвист адтæй, Хъуран ба Мæхæмæт-пахампармæ æрвист адтæй. Китаббитæ дæр мæ аци æгъдауæй æруагæс кæнунцæ, зæгъгæ, зæгъдзæнæ.

4-аг. Аци рауæн ба пахампарти хабар. Мадта пахампартæ ди ци 'гъдауæй æруагæс кæнунцæ, зæгъгæ, дæ ку бафарстæ уа, уæд зæгъæ: Хуцау пахампарти адæмæн раст фæндаг байамонуни туххæй скодта. Пахампартæн сæ фиццагдæр Адам адтæй, сæ фæстагдæр ба Мæхæмæт адтæй. Иннæ пахампартæ ба Адам æма Мæхæмæти астæу исæнтæстæнцæ. Пахампартæ берæ 'нцæ, æма еци пахампартæй æ ном Хъурани кæмæн æрцудæй, етæ дæр, æ ном Хъурани кæмæн не 'рцудæй, етæ дæр пахампартæ 'нцæ, æцæг æнцæ, фал æ ном Хъурани кæмæн æрцудæй, етæ 28 æнцæ. Етæ дæр кæцитæ 'нцæ, ку зæгъай, уæд: 1-аг Адам, 2-аг Идрис, 3-аг Нох, 4-аг Худ, 5-аг Сæлих, 6-аг Ибрæгим, 7-аг Исмæил, 8-аг Исхахъ, 9-аг Ехъуб, 10-аг Йусуф, 11-аг Лутъ, 12-аг Муса, 13-аг Харум, 14-аг

Шугъаиб, 15-аг Закарие, 16-аг Ехиа, 17-аг Иса, 18-аг Даунт, 19-аг Сулеман, 20-аг Илас, 21-аг Алесæгъ, 22-аг Зулкифли, 23-аг Аййуб, 24-аг Йунус, 25-аг Зулкарней, 26-аг Гузер, 27-аг Лухъман, 28-аг мæхæмæт. Пахампартæ дæр ми аци гъуддагæй æруагæс кæнунцæ, зæгъгæ, зæгъдзæнæ.

5-аг. Аци рауæн ба хъиамæти Бони хабар. Мадта хъиамæти Бон ди ци 'гъдауæй æруагæс кæнуй, зæгъгæ, дæ ку бафарстæ уа, уæд ду зæгъæ: Хъиамæти Бони Хуцауи дзурдæй Исрæфил-мæлекк дуйне ихалæн уадиндзæй ниддумдзæнæй, уæдта Еунæхуцауи дзурдæй дуйне фехæлдзæнæй, арв дæр, зæнхæ дæр фехæлдзæнæнцæ. Дунгæ дуйне бæмпæги цагъди хузæн радавæ-бадавæ кæндзæнæй. Еци ихæлдæй 40 анзи фæуыодзæнæй, уæдта еунæг Хуцауи дзурдæй Исрæфил-мæлекк æригас уодзæнæй, уæдта никкидæр Хуцауи дзурдæй Исрæфил-мæлекк уадиндзæй ниддумдзæнæй æма еунæг Хуцауи дзурдæй мæрдтæ æригас уодзæнæнцæ. Еунæ Хуцау адæмæн тæрхон кæми кæндзæнæй, еци рауæнмæ æринбурд уодзæнæнцæ бæгънæгутæй. Цæй туххæй æринбурд уодзæнæнцæ, ку зæгъай, уæд адæмтæ тæрегъæдæй æма уодибæстæй ци фæккодтонцæ, уони барунмæ. Еци рауæн æ тæрегъæдтæй æ уодибæстæ фулдæр кæмæн разиннонцæ, еци адæймаг дзенетмæ бацæудзæнæй. Æ уодибæстæй æ тæрегъæдтæ фулдæр кæмæн разиннонцæ, еци адæймаг ба зиндонæмæ бацæудзæнæй. Еунæг Хуцау, зиндонæмæ бацæунæй мах багъæуай кæнæд. Еци зиндонæн æ еу кæронæй иннæ кæронмæ æ сæрти хед æррæстæ ес. Адæмтæ еци хедбæл бацæуни æгъдауæй хецæнтæ уодзæнæнцæ, ку зæгъай, уæд еу къуар арви æрттивди хузæн бацæудзæнæнцæ, иннæ къуар тагъд дунги хузæн бацæудзæнæнцæ, иннæ къуар – цæуагæ бæхи хузæн, иннæ къуар – сæ цуппæртæбæл бургæ, иннæ къуарæн бацæун сæ бон не 'суогæй, ниххаудзæнæнцæ гиаурти хузæн. Уæдта мунæфихъти хузæн гиауртæ æма мунæфихътæ ниххаудзæнæнцæ æнæнгъудæй. Гиаур æма мунæфихъ нæ уогæй, æрмæст тæрегъæдгунтæ ба, æнгъуд син уогæй, ниххаудзæнæнцæ. Е дæр циавæр æнгъуд æй, ку зæгъай, уæд еунæг Хуцауи зæрдæ цалинмæ банцайа, уалинмæ – се ‘нгъуд, уæдта тæрегъæдгунтæ рацæудзæнæнцæ, гиауртæ æма мунæфихътæ ба æности байзайдзæнæнцæ зиндони. Хъиамæти Бон дæр ми аци гъуддагæй æруагæс кæнуй, зæгъгæ, зæгъдзæнæ.

6-аг. Аци рауæн ба хъадари гъуддаг. Хъадари гъуддæгтæ ци ‘гъдауæй æруагæс цæунцæ, зæгъгæ, дæ ку бафарстæ уа, уæд ду

зæгъæ: абони уæнгæ дуйнетæбæл дæр æма ахæрæти дæр ци 'рцудæй æма никкидæр ци 'рцæудзæнæй, еци хуарздзийнадæй дæр æма лæгъуздзийнадæй дæр еунæг Хуцауи лухгонд гъуддæгтæ 'нцæ, уæдта Хуцауæн Æхе разæй цæунцæ. Пусулмони пусулмондзийнадæ дæр, Хуцауи коммæгæсæн, Æ коммæгæсдзийнадæ дæр Хуцауæн Æхецæй цæунцæ. Уонæй арази дæр æй, уони берæ дæр уарзуй. Гиаури гиаурдзийнадæ, Хуцауи æнæкоммæгæсæн, æнæкоммæгæсдзийнадæ дæр Хуцауæн Æхецæй цæунцæ. Кæд цæунцæ, уæддæр уонæй арази дæр нæй. Уони берæ дæр нæ уарзуй. Хъадар дæр ми аци гъуддæгтæй æруагæс кæнуй, зæгъгæ, зæгъдзæнæ.

Аци рауæнтæ Ислами 5 фæрæзни.

1-аг бонæ 5 намази кæнун;

2-аг - дæ фонсæй, дæ тиллæгæй сегит раттун;

3-аг - Рамазани мæйи ком бадарун;

4-аг - дæ бон æма дæ хъаурæ ку уа, уæд, Каабæмæ фæццæугæй, хадзи скæнун;

5-аг - Иман шахадат банимайун.

Аци рауæн ба авдези 4 фæрæзни:

1-аг - дæ цæсгон нихснун;

2-аг - дæ рæмбуйникъæдзти уæнгæ дæ къохтæ нихснун;

3-аг - дæ сæри цуппæрæймаг хай цъифæ къохтæй æрсæрфун;

4-аг - дæ фадигъолти уæнгæ дæ къæхтæ нихснун.

Аци рауæн ба хе æртайуни 3 фæрæзни:

1-аг - дæ коми дон бакæнун;

2-аг - дæ фиййи дон бакæнун;

3-аг - де 'гас бауæр дæр донæй фегъæстæ кæнун.

Аци рауæн ба темеми 2 фæрæзни:

1-аг - дæ дууæ къохи дæр зæнхæбæл ниццæвдзæнæ æма дæ цæсгон дæ къохтæй æрсæрфдзæнæ;

2-аг - еу ма хатт дæр дæ къохтæй зæнхæ ниццæвдзæнæ, æма дæ рæмбуйникъæдзти уæнгæ дæ къохтæ расæрфдзæнæ.

Аци рауæн ба намази 12 фæрæзни. Аци дууадæсемæй 6, намазбæл нæма æрлæугæй, кæнгæ 'нцæ. Иннæ 6 ба, намазбæл ку ниллæууай, уæд кæнгæ 'нцæ.

Намазбæл æнæ ниллæугæй, раздæр ци 6 ес, уонæй, мах ку зæгъæн, уæд 1-аг - æнæ авдездзийнадæй дæ бауæр никкæдзос кæндзæнæ; 2-аг - еци æнавдез лæгъуз цъумурдзийнæдтæ дæ дзаумæуттæбæл дæр ку уонцæ, уæдта намаз кæми кæндзæнæ,

еци рауæн ку уонцæ, уæддæр сæ никкæдзос кæндзæнæ; 3-аг - дæ сосæгкæнуйнаг баримæхсдзæнæ: нæлгоймагæн æ уæраги сæртæй наффæмæ римæхсуйнаг æй, силгоймагæн æ цæсгон æма æ къохтæ æма æ къæхтæй фæстæмæ е 'гас бауæр дæр римæхсуйнаг æй. Косæг уосæн ба, нæлгоймаги хузæн, римæхсуйнаг æй æ губун æма æ рагъæй фæстæмæ. 4-аг намазæн бæлвурд æ афонæ базондзæнæ. 5-аг - хъибиллæ 'рдæмæ де 'ргом раздахдзæнæ. 6-аг - намаз скæнунмæ нет скæндзæнæ. Намазбæл ниллæугæй ци 6 фæрæзни кæнгæ 'нцæ, етæ ба 1-аг - Аллах-акбар зæгъдзæнæ, 2-аг - раст слæудзæнæ, 3-аг - Хъуранæй ести банимайдзæнæ, 4-аг - рукугъмæ рацæудзæнæ, 5-аг - садæтæмæ рацæудзæнæ, 6-аг - фæстаг бадти аттæхиййат банимайуни бæрцæ фæббаддзæнæ.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм, иман ислам кæмæй зæгъунцæ, е фæцæй, фал аци рауæнæй дæлæмæ æндæр китаб райдайдзинан.

Еунæ Хуцауи салан кæбæл исæмбæлдзæнæй, еци адæм, аци рауæнæй дæлæмæ, æ ном дæр Шурутъу ссæлат, зæгъгæ, уæхæн китаб райдайдзинан. Гъей, адæмтæ, намазæн шариаттæ ес, уæдта æркантæ ес, уæдта уæдæибтæ ес, уæдта сунæттæ ес, уæдта мустæ-хæбта, зæгъгæ, си ес, уæдта карихат, зæгъгæ, си ес, уæдта фæсад, зæгъгæ, си ес.

1. Шариат загътан, æма етæ æнцæ 8.

2. Æркантæ загътан, етæ дæр 6 æнцæ.

3. Уадæибтæ загътан, етæ дæр 7 æнцæ.

4. Сунæттæ загътан, етæ дæр 14 æнцæ.

5. Мустæхæбтæ загътан, етæ дæр 25 æнцæ.

6. Карихадтæ загътан, етæ дæр 10 æнцæ.

7. Фæсадтæ загътан, етæ дæр 14 æнцæ.

Нур атæ цитæ 'нцæ, уой исбæрæг кæндзинан.

1-аг. Намази шариаттæ 8 æнцæ, загътан, æма уонæй:

1. кæдзос донæй авдез исесун, кенæ ба дон кæми нæ уа, уоми сигитæй авдез исесун. Темеми фæрæзнитæ 2 æнцæ, зæгъгæ, уомæй загътан æма авдез исесунмæ дон ку не 'ссерай, уæд сикъитæй авдез есгæй.

2. Дæ хъæппæлтæ никкæдзос кæнæ.

3. Намаз кæми кæнай, уой никкæдзос кæнун.

4. Адæймагæй ци цъумуртæ цæунцæ, етæ, уæдта æндæр цъумуртæ дæр ескæми дæ уæле ку уонцæ, уæд сæ рандæ кæнæ.

5. Дæ сосæгкæнуйнаг баримæхсæ.

6. Намазæн æ афонæ базондзæнæ.

7. Хъибиллæрдæмæ де 'ргом разелдзæнæ. 8. Намаз кæнунмæ нет скæндзæнæ. Адæймаг анæй, зонгæй дæр, æнæзонгæй дæр ести ку ниууадза, уæд æ намаз намазæн ке нæ бæззуй, уой балæдæрæд.

2-аг. Намази æркантæ 6 æнцæ, загътан. Уонæй дæр:

1. Аллаху-акбар зæгъдзæнæ.

2. Раст слæудзæнæ.

3. Хъуранæй ести банимайдзæнæ.

4. Рукугъмæ рацæудзæнæ.

5. Садæтмæ рацæудзæнæ.

6. Фæстаг бадти æттæхиййат банимайуни бæрцæ фæббаддзæнæ. Аци æхсæзæй ести ка ниууадза, уомæн дæр æ намаз исæфгæ ке кæнуй, уой балæдæретæ.

3-аг. Намази уадæибтæ 7 æнцæ, загътан. Уонæй дæр:

1. Фиццаг 2 бадти кæнунбæл æргомæй «алхам» бакæсдзæнæ.

2. Фиццаг бадти фæсте дуккаг бадти цæйбæрцæ æмбæлуй, уойбæрцæ минкъий бабаддзæнæ.

3. Фæстаг бадти æттæхиййат бакæссæнæ.

4. Æргомæй кæсун кæми æмбæлуй, уоми æргомæй бакæссæнæ.

5. Сосæггæй кæсун кæми æмбæлуй, уоми сосæггæй бакæссæнæ.

6. Æхсæвæри намаз кæнунбæл фæстаг бадти гъостæмæ ку исæвналунцæ, уой фæсте æ ном дæр «хъунут», зæгъгæ, уæхæн дууæ ес æма еци дууей бакæсун гъæуй.

7. Намази æркантæ кæмæй загътан, уони æнæфæррæдуйгæй рæвдзæ скæндзæнæ.

Аци авдæй æнæргъудийæй ести ку байзайа, æма æ зæрди еци сахат ку 'рбалæууа, уæд садæт сæхе искæндзæнæй, æма уæд намаз бунати цæуй, фал аци авдæй зонгæй ку фæууадзай, уæдта садæт сахе ку скæнай, уæддæр ин неци агъаз æй, æ намаз ба æрдæг намазæй æндæр бунати нæ цæуй.

4-аг. Намази сунæттæ 14 æнцæ, загътан. Уонæй дæр:

1. Æллаху-æкбари хæццæ дæ дууæ къохи исесун, дæ 2 хестæр æнгулдзи дæ гъоси фæлмæнтæмæ раст куд иссæуонцæ, уотæ.

2. Дæ рахес къох дæ галеу къохбæл æрæвæрдзæнæ дæ наффæй уæлдæр.

3. Хуцауæн кадæ ратдзæнæ «Субханакæ Ляхуммæ уа хампикя, уæ табараке исмукя, уа та аля дæалдлукя, уа ля илляха гъейрукя»[1],

зæгъгæ. 4. Хуцаубæл дæхе бафæдзæхссæнæ «агъузу биллахи минашшей тъæниррадæим», зæгъгæ.

6. «Æлхæм» бакæсуни фæсте «амменæ» зæгъдзæнæ.

7. «Самиæллаху» зæгъдзæнæ.

8. «Лимæн хæми дæ» зæгъдзæнæ.

9. «Рукугъмæ» ку рацæуай, уæд «субханæ раббил а зим» зæгъгæ, зæгъдзæнæ.

10. «Садæдам» ку рацæуай, уæд «субханæ раббийал æгъла» зæгъгæ, зæгъдзæнæ.

11. Фиццаг бадти æттæхиййат бакæссæнæ.

12. Фæстаг 2 бадти кæнунбæл «æлхам» бакæссæнæ.

13. Фиццагдæр намазбæл ниллæугæй ци æллаху æкбар фæззæгъунцæ, уомæй æндæр æллаху æкбартæ æнцæ.

14. Дæ рахесæрдæмæ дæр æма дæ галеуæрдæмæ дæр салан ратдзæнæ аци цуппæрдæсæй, зонгæй дæр, æнæзонгæй дæр. Ести ку байзайа, уæд уой туххæй намаз ихæлгæ дæр нæ кæнуй, æрдæг дæр нæ кæнуй. Садæда сæху скæнун дæр ин ихæс нæй. Æ намаз бунати цæуй, фал æхуæдæг ба тæрегъæдгун кæнуй, цæмæн ку зæгъай, уæд пахампари сунæттæ ке ниууагъта, уой туххæй.

5-аг. Намази мустахабтæ 25 æнцæ, загътан. Уонæй дæр:

1. Намазбæл ку ниллæууай, уæд зæнхæмæ дæ къæбот æвæрунмæ кæссæнæ.

2. Рукугъмæ ку рацæуай, уæд дæ къæхтæмæ кæссæнæ.

3. Дæ къæбот зæнхæбæл ку исивæрай, уæд дæ фиййи фæрстæмæ урдугмæ кæссæнæ.

5. Алхамай фæстæмæ 3 айатти банимайдзæнæ.

6. Намазгæнæг сосæггай «Æллаху æкбар» зæгъдзæнæй. 7. Рукугъмæ рацæугæй уæд къохтæ уæргути сæртæбæл исивæрун гъæуй.

8. Рукугъмæ рацæугæй уæд дæ усхъитæ рахæлеудæр кæнун гъæуй.

9. Рукугъмæ рацæугæй уæд дæ сæр æма дæ бæрзæй æррæстæ ракæнун гъæуй.

10. Рукугъæй дæ сæр фæстæмæ исессæнæ.

11. Садæдамæ цæунбæл дæ уæраги сæртæ зæнхæбæл дæ къохтæй раздæр исивæрдзæнæ, уæдта уой фæсте дæ къохтæ исивæрдзæнæ зæнхæбæл.

12. Дæ тæрних зæнхæбæл исивæрдзæнæ, дæ къохти æхсæн садæда дæр искæндзæнæ.

13. Дæ фий дæ тæрнихæй раздæр зæнхæбæл исивæрдзæнæ.

14. Дæ фий ку исивæрай, уой фæсте дæ тæрних исараздзæнæ.

15. Намаз гæнгæй, кæмидæриддæр дæ цæнгтæ дæ фæрстæй идард дардзæнæ.

16. Дæ губун медæгмæ æлвæст дардзæнæ.

17. Садæда гæнæни æртæ хатти тæспих скæндзæнæ «субханæ ræббил агълæ», зæгъгæ.

18. Садæда гæнæнæй дæ сæр æллаху æкбар зæгъгæ исессæнæ.

19. Дæ сæри фæсте дæ къохтæ исессæнæ.

20. Дæ къохти фæсте дæ уæраги сæртæ исессæнæ æма фестдзæнæ.

21. Дуккаг бадти садæда гæнæнæй дæ сæр ку исесай, уой фæсте дæ галеу къах дæ буни бакæндзæнæ æма ʻйбæл исбаддзæнæ

22. Дæ рахес къах ниссæтдзæнæ.

23. Дæ къахи æнгулдзитæбæл хъибиллæрдæмæ раздахдзæнæ.

24. Дæ къохтæ дæ уæргутæбæл ниввæрдзæнæ, де ʻнгулдзитæ хæлеуæй.

25. Дæ дууердæмæ дæр салан ратдзæнæ.

Уæдта анæй æндæр нур ке зæгъуйнаг ан, етæ ба æгъдæуттæ ʻнцæ. Салани фæсте дæ къохтæ дæ цæсгонбæл ниссæрфун дæр æгъдау æй, уæдта намази фæсте ци дуатæ фæккæсунцæ, етæ дæр æгъдæуттæ ʻнцæ. Бон нимайæнтæ нимайун дæр æгъдæуттæй æнцæ. Анæй ести ка ниууадза, уомæн æ намаз ихалгæ дæр нæ кæнуй, æрдæг дæр нæ кæнуй. «Садæда саху» кæнун дæр æй нæ гъæуй, тæрегъæд дæр нæ кæнуй. Æ фал намазгæнгæй ани ка кæнуй, уомæн Хуцау ардигæй уодибæстæ берæ уодзæнæй, ани кæнундзийнадæ кадгиндзийнадæ ʻй, рæсугъддзийнадæ ʻй.

6-аг. Намази кæрихæдтæ 10 æнцæ, загътан. Уонæй дæр: 1. Дæ къæхтæ дзиуарæвæрд скæнгæй ку сбадай. 2. Дуатæ де ʻнгулдзитæй ку нимайай. 3. Садæда кæнунбæл дæ цæнгтæ зæнхæбæл æндзæр ку æривæрай. 4. Дæ цæститæй ракæсæ-бакæсæ ку кæнай. 5. Æнæгъæуаги намазгæнгæй дæ цæститæ ку ницъцъундæ кæнай. 6. Æнæ салан ратгæй æнæгъæуаги естæмæ бавналгæй ку ʻргæлдзай. 7. Намазгæнгæй ку нибберindзай. 8. Намазгæнгæй де ʻуæнгтæ райвазæ-байвазæ ку кæнай. 9. Дæ дзаумæутти хæццæ ку гъазай, кенæ ба де ʻвзаги хæццæ, кенæ ба дæ сæри гъунти хæццæ.

10. Адæми хæццæ мæзгити уогæй еунæгæй ку 'рлæууай.

Атæ се 'гас дæр кæрихæт æнцæ. Намазгæнæгæн аккаг æй анæй æхе идард дарун. Кæрихæт, зæгъгæ, е æнæгъдау æй, загъдæ уй.

7-аг. Намази фæсад ка кæнуй, загътан. Æма етæ дæр 14 æнцæ: 1. Æнæгъæуаги ку ниххуфай. 2. Æрæхснирсæг адæймагæн дзуапп ку раттай, «йархæмукæ æллæх», зæгъгæ. 3. Намазгæнгæй, моллойæй æндæр адæймаг фæррæдуйгæй, уомæн æ рæдуд ку зæгъай. 4. Намазгæнгæй ку сдзорай. 5. Дæ римæхсуйнæгтæ ку зиннонцæ. 6. Намазгæнгæй ести æнкъарддзийнади туххæй ку скæуай. Фал дзенет æма зиндонæ дæ зæрди æрифтуйгæй ку скæуай, уæдта намаз не 'хæлуй. 7. Намазгæнгæй ескæмæн салан ку раттай, дæ къохтæй дæр, кенæ де 'взагæй дæр. 8. Евгъуд намаз дæ зæрдæбæл ку 'рбалæууа, цæветтонгæ, евгъуд намазтæ федгæ ку кæнай æма федтуйнаг намаз дæ зæрди ку æрæфтуййа, уæд ци намаз кодтай, уой ниууадзæ æма дæ федтуйнаг намаз скæнæ, уæдта ци намаз кодтай, уой ба уой фæсте скæнæ. 9. Æнæгъæуаги намазбæл берæ ку фæстеуат кæнай. 10. «Ла илахæ ил-лæллæх» зæгъгæ, намазгæнгæй адæймагмæ ку сдзорай. 11. Ку рахуæрай, кенæ ку раниуазай. 12. Намазгæнгæй ку нæтай. 13. Намазгæнгæй ку нихходай. 14. Намазгæнгæй ку фæссор уай.

Аци цуппæрдæсемæй се 'гасемæй дæр намаз ихæлуй. Намазгæнæг адæймагæн ихæс æй фæстæмæ раздæхгæй намаз скæнун, анæй ести ку бакæна, уæд.

Аци рауæн ба авдези сунæттæ. Авдези сунæттæ 10 æнцæ. Етæ дæр цитæ 'нцæ, ку зæгъай, уæд: 1. Фиццагидæр Хуцауи номæй райдайдзæнæ «бисмиллахи-рахмани-ррахим», зæгъгæ. 2. Къосæй авдез есгæй, уæд къоси хурфи дæ къохтæ нæма ниттолгæй, раздæр бал дæ къохтæ нихснæ. 3. Ком рангъæвзгæй дæ ком никкæдзос кæндзæнæ. 4. Дæ коми дон бакæндзæнæ. 5. Дæ фиййи дон скалдзæнæ. 6. Дæ сæри цуппæрæн хайбæл мæсх ци донæй кæнай, еци донæй дæ гъости цъæсгитæ дæр æрсæрфдзæнæ. 7. Дæ рехæ де 'нгулдзитæй рахæлеутæ кæндзæнæ. 8. Авдез есундзийнади æгъдæуттæ искæндзæнæ. 9. Дон кæми иссерай, уоми дæхе никкæдзос кæндзæнæ. 10. Дæхе никкæдзос кæнунмæ дин дон ку нæ уа, уæд дæхе никкæдзос кæндзæнæ дорæй, кенæ сикъитæй, кенæ æндæр уæхæн естæмæйти.

Аци рауæн ба авдези мустахабтæ. Авдези мустахабтæ 6 æнцæ: 1. Авдез исесуни туххæй нет скæндзæнæ: «нæуайати ан атауæзза-а лирæфгъил-хадаси уа истибæ хатиссалат», зæгъгæ. 2. Авдез

есундзийнадæ кæрæдзей фæдбæл рацæун кæндзæнæ. 3. Дæ рахес иуæнгтæ раздæр исæхснæндзæнæ. 4. Кæрæдзей фæдбæл де ‘уæнгтæ æхснундзийнадæ гъæуай кæнун гъæуй. 5. Дæ сæри цуппæрæн хаййæн мæсх кæнунбæл дæ еугур сæр дæр æмсæрфт æрбакæнун гъæуй. 6. Авдез есундзийнадæ Хуцауæй райдайетæ, зæгъгæ, кæцæйти загъта, уордигæйти райдайун гъæуй.

Аци рауæн ба авдези адабтæ. Авдези адабтæ. 3 æнцæ: 1. авдез есгæй ци дуатæ фæккæсунцæ, еци дуатæй æндæр дзубандитæ ма скæнæ. 2. Дæ цъухи дæр æма дæ фиййи дæр дæ рахес къохæй дон скæнæ. 3. Дæ фиййи дæ галеу къохæй æрсæрфæ.

Аци рауæн ба авдези нафулатæ. Авдези нафулатæ 4 æнцæ:

1. Дæ бæрзæй дæ къохтæй æрсæрфдзæнæ. 2. Дæ къохи æнгулдзити астæутæ æма дæ къахи æнгулдзити астæутæ рахæлеутæ кæнгæй нихснæ. 3. Авдез есунбæл ци дуатæ фæккæсунцæ, уони бакæссæнæ. 4. Авдези фæсте дæ хæлафбæл дон бапурф кæндзæнæ.

Аци рауæн ба авдези кæрихæдтæ. Авдези кæрихæдтæ 3 æнцæ: 1. Дæ цæсгон тухгин цæф ку никкæнай. 2. Дæ рахес къохæй дæ фий ку ниссæрфай. 3. Дæ галеу къохæй дæ цъухи æма дæ фиййи дон ку скæнай.

Аци рауæн ба авдези еугур ихæлд ка кæнуй, етæ. Авдези еугур ихæлд ка кæнуй, етæ 6 æнцæ: 1. Дууæ надебæл ка цæуй, етæ. 2. Дæ гъæлæсидзаг ку исомай. 3. Ку бафунæй уай. 4. Намазгæнгæй ку нихходай. 5. Ку фæссор уай. 6. Ку исгиаур уай. Ку исгиаур уай, уомæй зæгъуй æма намазгæнгæй дæ зæрди ку æрæфтуййа, дин мæнгæттæ ‘й, зæгъгæ, уæд еци адæймаг исгиаур уй æма адæймаг ку исгиаур уа, уæдта авдез ихæлгæ кæнуй еци сахат. Исгиаур уогæй фæстæмæ ку испусулмон уа, еци нæуæг авдез æнæ исесгæй æ намаз намазæн нæ бæззуй. Аци рауæн ба хе æртайуни сунæттæ. Хе ‘ртайуни сунæттæ 6 æнцæ: 1. Раздæр дæ къохтæ нихснæндзæнæ. 2. Дæ римæхсуйнаг нихснæ. 3. Дæ бауæрбæл адæймагæй цæугæ бæзгин тог ку уа, уæд уой рандæ кæнæ. 4. Намази авдези хузæн авдез исессæнæ. 5. Дæ еугур иуæнгтæ нихснуни фæсте дæ къæхтæ нихснæ. 6. Дæхебæл æртæ хатти дон æрæвгæндзæнæ.

Хе æртайуни гъуддæгтæ 2 æнцæ. Сæ еу æцæг гъуддаг æй, хусгæй дæр, æнæхусгæй дæр мугæ ку ракæла, уæд е бæлвурд гъуддаг æй, æма адæймагæн æхе æнæ ниртайæн нæййес, фал дуккаг ба, адæймаг, нихxусгæй æ фуни дæр неци фæууингæй ку райгъал уа æма æ уæле мугæ ку иссера, уæд дæр адæймаги æхе æртайун гъæуй.

Аци рауæн ба Пахампарæй байзайгæ Абу-ханифæйæн æхе æртайуни сунæттæ кæми сбæрæг æнцæ, етæ.



*Тайсаути Беслæни фурт Сослæнбек*

Пахампарæй байзайгæ Абу-ханифæйæн хе æртайуни сунæттæ кæми сбæрæг æнцæ, етæ 4 æнцæ: 1. Майрæнбони æртайгæй. 2.Комуадзæни æма Хъурманти æртайгæй. 3. Хадзимæ рандæ уогæй уæд Арафай лæууæни æртайгæй. 4. Хадзимæ рандæ уогæй, уæд Ихрами бацæуæни æртайгæй.

Еунæ Хуцауи салан кæбæлисæмбæлдзæнæй, ецидæм, ацирауæнæй дæлæмæ намазти бадтити бæлвурддзийнадæ исбæрæг кæндзинан.

Еунæ Хуцауи дзурдæй пусулмон адæмæн суткæ 5 хатти намаз кæнунцæ Хуцауæн: еу хатт – хор нæма скæсгæй намаз кæнгæ ‘й, дуккаг хатт – æмбесбони кæнгæ ‘й, æртиккаг хатт ба – хор нигулæнмæ ма 2 сахатти уодзæнæй, уотемæй кæнгæ ‘й, цуппæрæймаг хатт ба – хор куддæр ранигула, уотемæй кæнгæ ‘й, фæндзæймаг хатт ба – хуссун афони кæнгæ ‘й.

Нур уонæй, хор нæма скæсгæй, 2 бадти кæнун гъæуй. Еци 2 фæрæзни æнцæ. Æмбесбони дæр 4 бадти кæнун гъæуй. Етæ дæр фæрæзнитæ ‘нцæ. Хор нигулуни размæ дæр 4 бадти кæнун гъæуй. Етæ дæр фæрæзнитæ ‘нцæ. Хуссун афони дæр 4 бадти æма 3 бадти кæнун гъæуй. Уонæй дæр 4 бадти фæрæзнитæ ‘нцæ. 3 бадти ба салатил-уйтра æнцæ.

Хор нæма скæсгæй ци 2 фæрæзни кæнгæ ‘й, уомæй раздæр никкидæр ма 2 бадти кæнун гъæуй. Етæ ба сунæттæ ‘нцæ.

Сехуари намазбæл дæр раздæр сунæти 4 бадти кæнун гъæуй, уæдта фæрæзни 4 бадти кæнун гъæуй, уæдта ахæр сунæти 2 бадти кæнун гъæуй. Сунæти 4 бадти æма фæрæзни 4 бадти æма ахæр сунæти 2 бадти – æдейугурæй 10 бадти ‘нцæ.

Хор нигулæни размæ намази дæр, фæрæзни намази, 4 бадти: раздæр сунæти 4 бадти ку фæккæнунцæ, ку нæ фæккæнунцæ.

Хор ку ранигулуй, уæд 3 фæрæзни бадти никкæндзæнæй, уæдта уой фæсте ба сунæти 2 бадти никкæндзæнæй.

Хуцау адæмæн ихæс ке скодта, уомæй фæрæзнæ, зæгъгæ, зæгъунцæ. Еци фæрæзнæбæл Пахампармæ ке бафтудæй, уомæй ба сунæт, зæгъгæ, зæгъунцæ.

Майрæнбони намазмæ сунæти 4 бадти никкæнун гъæуй, уæдта ефæнди Хутмæ бакæссæнæй æма уой фæсте адæм ба еугурæй дæр ефæндий хæццæ 2 бадти никкæндзæнæнцæ, уæдта уой фæсте æмбесбони намаз ба алкедæр æхуæдæг скæндзæнæй.

Комуадзæни намази дæр æма Хъурманти намази дæр æрмæст дугай бадтитæ ес.

*(Кæрон иннæ номери.)*

# ДÆ УÆЗÆ СБАРÆ!

| Асæ - , бæрзæн-дæ: см. | Карæ (æнзтæ) | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 20-29 | | 30-39 | | 40-49 | | 50-59 | | 60-69 | |
| | Нæлгоймаг, силгоймаг | | | | | | | | | |
| | Н | С | Н | С | Н | С | Н | С | Н | С |
| 150 | 51.3 | 48.9 | 56.7 | 53.9 | 58.1 | 58.5 | 58.0 | 55.7 | 57.3 | 54.8 |
| 152 | 53.1 | 51.0 | 58.7 | 55.0 | 61.5 | 59.5 | 61.0 | 57.6 | 60.3 | 55.9 |
| 154 | 55.3 | 53.0 | 61.6 | 59.1 | 64.5 | 62.4 | 63.8 | 60.2 | 61.9 | 59.0 |
| 156 | 58.5 | 55.8 | 64.4 | 61.5 | 67.3 | 66.0 | 65.8 | 62.4 | 63.7 | 60.9 |
| 158 | 61.2 | 58.1 | 67.3 | 64.1 | 70.4 | 67.9 | 68.0 | 64.5 | 67.0 | 62.4 |
| 160 | 62.9 | 59.8 | 69.4 | 65.8 | 72.3 | 69.9 | 69.7 | 65.8 | 68.2 | 64.6 |
| 162 | 64.6 | 61.6 | 71.0 | 68.5 | 74.4 | 72.2 | 72.7 | 68.7 | 69.1 | 66.5 |
| 164 | 67.3 | 63.6 | 73.9 | 70.8 | 77.2 | 74.0 | 75.6 | 72.0 | 72.2 | 70.7 |
| 166 | 68.8 | 65.2 | 74.5 | 71.8 | 78.0 | 76.6 | 76.3 | 73.8 | 74.3 | 71.4 |
| 168 | 70.8 | 68.5 | 76.2 | 73.7 | 79.6 | 78.2 | 79.5 | 74.8 | 76.0 | 73.3 |
| 170 | 72.7 | 69.2 | 77.7 | 75.8 | 81.0 | 79.8 | 79.9 | 76.8 | 76.9 | 75.0 |
| 172 | 74.1 | 72.8 | 79.3 | 77.0 | 82.8 | 81.7 | 81.1 | 77.7 | 78.3 | 76.3 |
| 174 | 77.5 | 74.3 | 80.8 | 79.0 | 84.4 | 83.7 | 82.5 | 79.4 | 79.3 | 78.0 |
| 176 | 80.8 | 76.8 | 83.3 | 79.9 | 86.0 | 84.6 | 84.1 | 80.5 | 81.9 | 79.1 |
| 178 | 83.0 | 78.2 | 85.6 | 82.4 | 88.0 | 86.1 | 86.5 | 82.4 | 82.8 | 80.9 |
| 180 | 85.1 | 80.9 | 88.0 | 83.9 | 89.9 | 88.1 | 87.5 | 84.1 | 84.4 | 81.6 |
| 182 | 87.2 | 83.3 | 90.6 | 87.7 | 91.4 | 89.3 | 89.5 | 86.5 | 85.4 | 82.9 |
| 184 | 89.1 | 85.5 | 92.0 | 89.4 | 92.9 | 90.9 | 91.6 | 87.4 | 88.0 | 85.8 |
| 186 | 93.1 | 89.2 | 95.0 | 91.0 | 96.6 | 92.9 | 92.8 | 89.6 | 89.0 | 87.3 |
| 188 | 95.8 | 91.8 | 97.0 | 94.4 | 98.0 | 95.8 | 95.0 | 91.5 | 91.5 | 88.8 |
| 190 | 97.1 | 92.3 | 99.5 | 95.8 | 100.7 | 97.4 | 99.4 | 95.6 | 94.8 | 92.9 |

# АДÆМИ ИСТОРИЙ ТÆККÆ УСТУРДÆР 100 ЦАУИ

***Редакцийæй.*** *Нæ дзубанди кæнæн идарддæр. Мах цалдæр анзей дæргъци журналкæсгути зонгæ кодтан дуйней 100 тæккæ номдзуддæр адæймæгти цард æма сфæлдистади, уæдта дуйней дессаг хабæрттæ æма цаути хæццæ. Уой фæдбæл нæмæ ци финстæгутæ æрбацудæй, уонæй, уæдта æнæуой дзухи дзурдæй дæр бæрæг адтæй, журналкæсгутæ ни арази ке адтæнцæ. Æма, æцæгæйдæр, ке нæ фæндуй зонун, тæккæ устурдæр адæймæгтæбæл нимад ка цæуй, уони биографитæ, сæ царди æнахур хабæрттæ, ци саразтонцæ политики, науки, культури, тугъдон æма дини гъуддæгти, нæ цивилизаци цæмæй фæгъгъæздугдæр кодтонцæ, адæм адæм цæмæй уонцæ, уой туххæн ци æмбесонди зунд æма хъаурæ равдистонцæ.*

*Адæми айдагъ литературон уадзимистæ кæсун нæ фæндуй. Мах зонун фæндуй, дуйне ци æй, æма ибæл цитæ цæуй, адæймаг ку фæззиндтæй уæдæй нурмæ, уонити зонун дæр. Адæймаги цæмæдесæн кæрæнттæ нæййес, дун-дуйнейæн кæрæнттæ куд нæййес, уотæ.*

*2005-аг анзæй фæстæмæ журналæн æ фадуат куд амонуй, уотæ цубурæй дзорæн. адæми историй тæккæ устурдæр 100 цауи туххæн дæр.*

*Пайда кæнæн киунугæ «Кæд, кæми, куд æма цæмæн æрцудæй е?» («Рауагъдади хæдзарæ Ридерз Дайджест». Лондон. Нью-Йорк. Сидней. Кейптаун. Монреаль.), энциклопедитæ, интернет æма æндæр æрмæгутæй.*

# АТОМОН ТОХÆНГАРЗИ ÆНОСИ РАЙДАЙÆН

**1945-аг анз 6 август. Атомон бомбитæ æркалдтонцæ япойнаг горæттæ Хиросимæ æма Нагасакибæл.** Адæми историй фиццаг хатт пайдагонд æрцудæй тугъдон ядерон тохæнгарзæй. Еци æверхъау фудмиуæ исаразтонцæ Америки Еугонд Штатти тугъдон тухтæ Дуккаг дуйнеон тугъди тæккæ фæуунтæбæл.

Герман саст ку æрцудæй, уæд æмцæдесон паддзахæдтæ Америки Еугонд Штаттæ, Англис æма Китайæй Япони райста карз ультиматум: дæ тохæнгæрæзтæ æнæ хъип-сунæй ку нæ æргæлдзай, уæд дæмæ æнгъæлмæ кæсуй бунти-буни исæфт - дæ горæттæ, дæ гъæутæ æд цъелæ-æд мелæ цубур рæстæгмæ бунтон пурхгонд æма дæрæнгонд æрцæудзæнæнцæ.

Аци домæн Япони илгъæгæнæгау æхецæй еуварс фехста, уомæн æма е ' фсæддонти нимæдзæ хъæрттæй дууæ милиуанемæ, адтæй сæмæ 9000 тугъдон хуæдтæхæги. Фал æмцæдесонтæ дæр сæ нифс нæ бахастонцæ Японимæ бампурсунмæ: экспертти нимадмæ гæсгæ америкаг æфсадæй 500 минемæй минкъийдæр нæ фæммардайдæ, япойнæгтæй ба бабун адтайдæ, æфсæддонтæ æма граждайнаг адæми нимайгæй, берæ милиуантæ. Уомæ гæсгæ Америки президент Трумэн бардзурд равардта: япойнаг горæттæбæл гæлст æрцæуæд атомон бомбитæ.

6 августи сæумигон америкаг бомбардировщик В-29 «Энола Гэй» ( хуæдтæхæгбæл исивардтонцæ экипажи командир болкъон Пол Тиббетси мади ном «Enola Gay») æргæлста Хиросимæбæл атомон бомбæ «Little Boy» («Минкъий»). Æртæ боней фæсте ба атомон бомбæ «Fat Man» («Ставд») æргæлста пилот Чарльз Суин горæт Нагасакибæл.

Атомон бомбитæ цæйбæрцæ адæми бабун кодтонцæ, е бæстонбæрæг нимад ке нæ æрцудæй, уомæн ес æртæ анхосаги: еуемæй, горттæ æверхъау арти ку сугъдæнцæ, се стæгдартæй уæлдай си зæнхæбæл ку нецибал райзадæй, уæд зианти нимæдзæ ка сбæрæг кодтайдæ? Иннемæй, мæйи фæсте, анзи фæсте, уæдда идарддæр

ræстæгути ка мардæй ядерон тунти незæй, уони дæр дзæбæх неке банимадта. Æртиккаг бæллæх ба уоми 'й, æма Япони дæр, Америкæ дæр сæхердигонау нимадтонцæ адæми зианти нимæдзæ.

Америки оккупацион æфсади штаб 1946-аг анзи феврали фегъосун кодта мæнæ ауæхæн бæрæггæнæнтæ: 140000 адæймаги рамардæй Хиросими бомби рæмугъд æма æ фæстеугутæй, Нагасакий ба - 74000. Аци нимæдзтæбæл æвуаæнкæ нæййес, уомæн æма уой фæсте дæр дзæвгарæ рæстæгути, саунгæ нури уæнгæ дæр, хъæбæр берæ адæм рамардæй ядерон тунти незæй.

1945-аг анзи августи мæйæмæ 60 япойнаг горæти фунук фестун кодтонцæ Америки уæлдæфон тухтæ - калдтонцæ сæбæл æнауæрдонæй содзгæ бомбитæ.

Япониий федарæй уотæ нимайунцæ, æма ядерон бомбитæ æркалунæн æппундæр неци рæуагæ адтæй, уомæн æма Япойнаг граждайнаг хецауадæ сосæггæй архайдта тугъдæн кæрон искæнунбæл. Америки ба ес уæхæн гъуди: тугъд, дан, идарддæр ку рахастайдæ, уæд берæ фулдæр адæм фæммардайдæ дууердигæй дæр.


1945-аг анз, 9-аг август.
Горæт Нагасакий сæрмæ ядерон зокъо.

Советон Цæдес æма, æ барæ кæбæл цудæй, еци паддзахæдтæ федарæй дзурдтонцæ, атомон бомитæ не скодтонцæ тугъдæн кæрон, Америкæ, дан, атомон бомбитæ уой туххæн æркалдта, цæмæй си дуйне тæрса, æма имæ маке æндеуа.

Америки Еугонд Штаттæ æртæ анзи æма æрдæг архайдтонцæ Дуккаг дуйнеон тугъди, се 'фсæддонтæй еци рæстæг æдеугурæй фæммардæй 400 000 бæрцæ, уонæн ба се

'нбес Японий нихмæ тугъди. Япойнæгтæй Дуккаг дуйнеон тугъди бабунæй 4 милиуаней бæрцæ.

2007-аг анзи июни Японий æфсæддон министр Фумио Кюма, æхуæдæг Нагасакий ка райгурдæй, е, радзурдта, атомон бомбардировкæ, дан, æнæмæнæгæ гъудæй, цæмæй Дуккаг дуйнеон тугъд банцадайдæ, уой туххæн, уæдта, дан, нæ е багъæуай кодта Советон Цæдеси оккупацийæй. Е япойнаг æхсæнади устур маст бауагъта, дзиллæ министри нихмæ базмалдæй, æма уомæн дæр æ кустæй цæугæ æрцудæй.



...Уой размæ сабур, амондгун провинциалон горæт к'адтæй, е зиндонæ фестадæй. Мæнæ æ хузæ 1945-аг анзи 6-аг августи.

Цæфтæ æма мæрдти нимæдзæ минутæй-минутмæ фулдæр кæнуй. Мингай сугъд адæм хъæнттæй лæуунцæ, силгоймæгти нæлгоймæгтæй равзарæн нæбал ес. Сабитæ сæ мæлæти катаййи раледзæ-баледзæ кæнунцæ цъæхахстгæнгæ: «Содзун! Содзун!» Уæдта æрхауиуонцæ мæрдтæй. Сæ мард ниййергути реутæбæл мæлгæ-мæлун кудтæнцæ дзедзедай сувæллæнттæ....



Атомон бомбити исрæмугъдтити ка бабунæй, уонæй уæлдай ма 1945-аг анзи декабрьмæ горæттæ Хиросима æма Нагасакий рамардæй мингай адæймæгтæ. Статистикæ куд нимайуй, уомæ гæсгæ радиаций бæлахæй 1950-аг анзæй 1990-аг анзмæ Японий рамардæй цалдæр сæдæ мин адæймаги.



Аци адæймаг къæпхæнтæбæл куд фæццæйхизтæй, уотæ 'й райахæста ядерон цирен, лæг ратадæй, хъæзелæ дæр си нæбал райзадæй, хузи ци уинетæ, е ба æй æ аууон.

# КЕ ХОНУНЦÆ «ХИБАКУСЯ»?

«Хибакуся» æй япойнаг дзурд, - уотæ хонунцæ, атомон бомбити æверхъау цирен ке басугъта, уони. Раздæр куд загътан, уотæ, еци æнамонд адæми нимæдзæ нимайгæ æй сæдæгай минтæй. Ядерон радиацийæй бомбити æркалди дууæ мæйей фæсте ка раервазтæй, етæ мардæнцæ аллихузон незтæй - фулдæр рак æма лейкемийæй.

«Хибакуся» æнæбари устур лæггадæ бакодтонцæ адæми дзилагæн: уони дзæбæхгæнгæй наукæ исбæрæг кодта, ядерон радиацийæй хе куд хуæздæр багъæуайгæнæн ес, рентгени тунти лазæ куд фæмминкъийдæргæнæн ес, уонити, уæдта берæ æндæр гъуддæгтæ дæр хуæздæр лæдæрд цудæнцæ.




«Хибакуся» ке хонунцæ, уонæй еу. Фарæ дæр ма æгас адтæй, нур ма цæруй, уой редакци нæ зонуй. Æхе хонуй амондгун, ес ин бинойнаг. Æ еу цæсти гагу ин фæййервзун кодтонцæ дохтуртæ.



ХУЗТИ:
ХИРОСИМА ÆМА НАГАСАКИБÆЛ КЕ ÆРГÆЛСТОНЦÆ, ЕЦИ АТОМОН БОМБИТÆ ИСАРАЗГУТÆ...

Оппенгеймер Роберт



Бор Нильс Хенрик Давид




Энрико Ферми



Эдвард Теллер



2008-аг анзи 1-аг ноябри рамардæй Пол Тиббетс - 1945-аг анзи 6-аг августи Хиросимæбæл атомон бомбæ ка æргæлста, еци бомбардировщик В-29 «Энола Гэй»-и пилот æма командир,

Тиббетс рамардæй æхе хæдзари горæт Колумбуси (штат Огайо), цудæй ибæл 92 анзи.

Æ мæлæти размæ Тиббетс ниффæдзахста, цæмæй ин марди æгъдæуттæ ма скæнонцæ, уæдта æ ингæнбæл циртдзæвæн æвæрд ма 'рцæуа, - тарстæй, е знæгтæ уордæмæ ку æмбурд кæнонцæ, æма 'й ку 'лгъетонцæ, уомæй. Пол Тиббетс æхуæдæг некæд æрфæсмон кодта, ци бакодта, уобæл, æз, дан, æнхæст кодтон ме 'хæс райгурæн бæсти цори. «Сумах гъæуама лæдæрайтæ уæди уавæртæ, - дзоридæ е, - тугъди алли фæрæзнæ æма гæнæнтæ дæр хуарз æнцæ. Æз хуссун æнцад æнцойнæй.»



Мах бон Тиббетси бафудгин кæнун нæй. Фал мæнæ аци сувæллони хузæн сахъатгинæй ци мингай сувæллæнттæ райгурдæй, етæ ба?..

1948-АГ АНЗ - МАХАТМА ГАНДИЙ РАМАРДТОНЦÆ

# ДЗИЛЛÆ - МИЛИУАНТÆ - КÆУНЦÆ МАХАТМАБÆЛ



**ХУÆДБАРÆ ИНДИЙ ИМОНАУ ЛИДЕР, Æ ЦАРД ТУХЕУÆГИ НИХМÆ ТОХÆН КА СНИВОНД КОДТА, Е ÆХУÆДÆГ ФÆЦÆЙ ТУХЕУÆГИ АМÆТТАГ - РАМАРДТОНЦÆ 'Й...**

Еухат Махатма Ганди æрæги кодта ковгути æмбурдмæ - æмбурд ба адтæй, Ганди Нью-Делий ци хæдзари æрфусун кодта, уой рæзбуни. Æнæгъæнæ сахат медгъуддæгти министр Сардар Патели хæццæ пъолбæл бадгæй дзурдта Индий политикон уавæри туххæн.

Дзоргæ-дзорун сехуар дæр кодта. Æ фингæбæл ба адтæй сæгъи æхсир, апельсинтæ, хом æма фунх халсартæ, имбири уедагæ æма сойнæ алоэй хæццæ. Е адтæй æ фæстаг сехуар.

Е 'нхусгæнæг,Гандий уоси хуæри кизгæ Абха Ганди ин балæдæрун кæнидæ, æрæгæмæ ке кæнуй. уой.

1948-аг анзи 30-аг январи изæри 5 сахатебæл Мохандас Карамчанд Ганди (е 'цæг ном уотæ 'й), фудхуз, æнæбон 78-анздзуд пацифистти фæтæг ранæхстæр æй, æнгъæлмæ имæ ка кастæй, еци ковæг адæммæ. Цудæй, Абха Ганди æма ин æ иннæ хæстæг кизгæ Ману Ганди æнхус кодтонцæ, уотемæй. Махатма гириз кодта: «Сумах мæ лæдзгутæ айтæ...»

Фал кæд Махатма Ганди æхе игъæлдзæг дардта, уæддæр æ уод æнкъардта, еци бон ибæл цидæр æверхъау бæллæх ке æрцæудзæнæй.

Уомæй 10 бони раздæр Махатма Гандий марунмæ гъавтонцæ: кæми кувта, уордæмæ æрбагæлстонцæ хеконд гранат, фал ин уæд неци адтæй.

Рæстæуууæнкæ индус Махатма Ганди е 'гас хъауритæй, æ арф зунд, е стур фарнæй архайдта цæмæй Индий исæфт æрцæуа, индуисттæ æма пусулмæнтти æхсæн æности дæргъи ци карз гегæ æма знаггадæ ес, е. Нур кувдгæнгутæмæ ранæхстæри размæ ба ма е байагурдта, адæмæй имæ ци финстæгутæ æрбацудæй еци бон, уони. Загъта: «Дзуапп син радтун гъæуй, мæнбæл, æвæдзи, исон нæбал æркæндзæнæй». 17 сахати 'ма 10 минутебæл бахъæрттæй ковгутæмæ, индуисттæ куд фæккæнунцæ, уотæ æ арми тъæпæнтæ кæрæдземæ баеу кодта, æ сæрæй ниллæг ракувта. Æнгъæлмæ имæ кастæнцæ 500 адæймаги. Сæ ахургæнæги фæуууингæй ковгутæ базмалдæнцæ, арфи дзурдтæ райгъустæй æмбурдæй, над ин равардтонцæ се 'хсæнти, сæ сæртæй ниллæг ковгæй.

Æвеппайди еу нæлгоймаг, адæми фæйнердæмæ схуайгæй, æхецæн фæндаг кодта Махатма Гандимæ, æ размæ ку бахъæрттæй, уæд е дæр æ арми тъæпæнтæ кæрæдземæ балхъивта индуистти арфи нисанæн, æ сæр ковæгау бунмæ æруагъта. Ману æй ездонæй раеуварс кæнунмæ гъавта, фал æй нæлгоймаг гурумухъ æсхуст ракодта, æ къуртки дзиппæй фелваста минкъий автаматикон дамбаца æма Махатма Гандий æртæ хатти фехста. Фиццаг фат бауадæй æ губуни, дуккаг фæрскъити рапурх кодта, æртиккаг ба æ тæккæ реуи бауадæй.

Тог цихцилæгтæй калдæй Махатма Гандий цæфтæй, æ уорс дарæс сурх фестадæй, мæлгæ-мæлун ма сдзурдта: «Хей, Рама...» («О, Хуцау...») Адæми æхсæнæй райгъустæй цъæхахст æма кæун, беретæ фур тæссæй ледзæги фæцæнцæ фæйнердæмæ, иннетæ цавд дортау сæ бунæтти ниндзуг æнцæ, æртиккæгтæ ба марæги - 35-анздзуд журналист, индуистаг экстремист Натхурма Годзий райхæстонцæ, рампурстонцæ 'й, зæнхæмæ 'й нилхъивтонцæ.

Гандий æхе уати пъолбæл æривардтонцæ. Æ цæститæ адтæнцæ æрдæгæхгæд, æма адæммæ уотæ кастæй, цума ма æгас æй. Министр Патель æ уæраги сæртæбæл æхе æруагъта æ рази æма ин сгарста æ пульс.

10 минутей фæсте æрбахæццæй хирург Д. П. Бхаргава, æркастæй Гандимæ æма балæдæрдæтæй: Гандийæн некебал банхус кæндзæнæй. «Рамардæй. Дæс минутемæй минкъийдæр нæ цæуй, æ уод ку исиста, уæдæй...»


Джавахарлал Неру

Фæстаг хуæрзбон зæгъунмæ Махатма Гандимæ æрцудæй хъæбæр берæ адæм, етæ лæудтæнцæ сæ уæргутæбæл, зардтонцæ псалмитæ, кувдтонцæ.

Уæдмæ фæззиндтæй Индий премьер-министр Джавахарлал Неру. Гандий тогæйдзаг реубæл ниддæл - гоммæй æма богъ-богъæй кудтæй сувæллонау...

Дуккаг бон Неру индийаг адæмæн радиойæй фегъосун кодта: «... рохс рандæй нæ цардæй æма саугурмæ талингæ æхе æруагъта алли рауæн дæр... Рохс рахустæй, зæгъгæ загътон, фал е раст нæй... Мин анзей фæсте дæр е рохс кæндзæй махæн... Уомæн æма еци рохс æй... цард, æносон фарнæ æма рæстдзинадæ, æма нин нæ

зæрдæбæл лæуун кæндзæнæй, нæ рæдудтитæй нæ ка фæййервзæун кодта, нæ рагон бæстæ нин сæребарæмæ ка ракодта, еци фæндаг...»

## КА РАМАРДТА ГАНДИЙ?

Махатма Гандий рамардта Натхурам Виньяк Годзи, индуистаг журнали редактор. Тæрхон ин кодтонцæ 1948-аг анзи майи мæйи. Е тæхондони æргом радзурдта, Гандий цæй туххæн рамардта, уой: Махатма Ганди, дан, Индийæй æхе ка хецæн кæнуй æма пусулмæнттæ кумæ фæллигъдæнцæ, еци Пакистанæн устур финансон æнхус ке кодта, ковгути æмбурди Хъуранæй дæр æмдзæвгитæ ке кастæй, е, дан, индуистти зæрдæмæ нæ цудæй, æз дæр æй мæхецæн æфхуæрдæбæл нимадтон.

Махатма Гандий рамарун Годзи нимадта Хуцауæй лæвæрд ихæсбæл. Е тæрхони лæгти рази загъта: «Куд адæймаг, уотæ мин æнæуинон н' адтæй, маргæ 'й ку кодтон, уæд ин мæ сæрæй ниллæг ракувтон».

Годзийæн е 'мбæлтти дæр æрахæстонцæ. Тæрхони гъуддаг радаргъ æй 6 мæйей уæнгæ.

Годзи æма æ сæйраг æнхусгæнæгæн хаст æрцудæй æрауиндзуни тæрхон. Иннетæй фондземæн рахастонцæ ахæстдони сæ рамæлæтмæ фæббадуни тæрхон, еуей фуд нæ раргом æй, æма растгонд æрцудæй, слестгæнæг оргæнтæн æнхус кæнунбæл ка исарази æй, уой дæр исуæгъдæ кодтонцæ.



Натхурам Виньяк Годзи

Махатма Ганди æ уодæй уод кодта, цæмæй индуисттæ æма пусулмæнттæ кæрæдзей мабал цæгъдонцæ, лимæнæй цæронцæ. Фал ин фанатиктæ дуййердигæй дæр уой нæ хатир кодтонцæ...

# ЦИ БАНТÆСТÆЙ ГАНДИЙÆН?

Мохандас Карамчанд Ганди адтæй Индий национ сæребарæбæл тохгæнгути лидертæй еу. Райгурдæй 1869-аг анзи 2-аг октябри Порбандари (Нигулæн Инди) цæрунгъон дингæнгути хæдзари. Фулдæр индийæгти хузæн е бинонти гъуддаг бакодта хъæбæр раги - 13 анздзудæй. Райгурдæй син цуппар фурти. 1888-аг анзи рандæй Лондонмæ, ахур кодта юристбæл. Ахури фæсте раздахтæй Индимæ, Бомбейи байгон кодта адвокатон къантор, уой фæсте ба 'й æ царди фæндаг исаразта Хонсар Африкæмæ. Уоми 1893-аг анзи тох кодта нимæдзæй минкъийдæр адæмти бартæбæл. Е уорс адæми зæрдæмæ нæ цудæй, еууæхæни æй британайнаг колони Натальи гъæунги уорсцъарæ адæмæй устур къуар райахæстонцæ, марунмæ 'й гъавтонцæ, фал куддæртæй раервазтæй. Уой зæгъун æмбæлуй, æма Гандий марунмæ гъавтонцæ цалдæр хатти - кæми индуистаг, кæми ба пусулмон фанатиктæ.



Дзиллитæ кæунцæ Гандибæл

1914-аг анзи раздахтæй Индимæ. Ганди разæнгард кодта индийæгти, цæмæй етæ службæ кæнонцæ салдæттæй Британаг индиаг æфсади. Фал еци-еу рæстæг тох кодта, англисаг колониалон политики нихмæ, карзæй дзурдта, цæмæй индиаг салдæттæ æнæ фуд ракæнгæй æфхуæрд мабал цæуонцæ.

1919-аг анзи Махатма Ганди рапарахат кодта æгасиндийаг кампани сатьяграха - «рæстдзинади федар лæууæн». Хонсар Африки ку адтæй, уæддæр æ еци ахурадæ парахат кодта адæми æхсæн - карз дзурдта цийфæнди тухеуæги нихмæ дæр. Æ ахуради бундор лæууй мæнæ ахуæн тактикæбæл: «пассивон æгоммæгæсдзинадæ». Зæгъæн, полицæйаг дæ нæмуй хъуæлæй, уæд ин нихкъуæрд ма дæдтæ, полици хайадæмæ дæ ку ласа, уæддæр уо коммæгæс.

Фал сабур демонстрацитæ дæр æнæ ести тухеуæгæй нæ цудæнцæ. 1919-аг анзи 13-аг апрели горæт Амритсари британаг æфсæдтæ, сæ сæргъи бригадон инæлар Реджинальд Дайер, уотемæй, сабур демонстраций адæмбæл топпадзагъд никкалдтонцæ. 400 адæймаги фæммардæй, 1200 ба цæфтæ фæцæнцæ. Сабур демонстраций архайгутæй ба хъæбæр берети æнæхатирæй надтонцæ гъæунгти. Индий æвæрд æрцудæй тугъдон уавæр.



Ганди фæссидтæй æ адæммæ, цæмæй англисаг хъумæцтæ мабал æлхæнонцæ. Æхуæдæг косун райдæдта хъумацуафæн станокбæл.

Еци бонæй фæстæмæ Ганди е 'гас цард дæр снивонд кодта, æ бæстæ британаг æфсойнæй исуæгъдæ кæнуни гъуддагæн.

Британайнаг колониалон политики нихмæ тох кодта аллихузон мадзæлттæй, æрмæст тухеуæг кæнун нæ уагъта, æ фæдбæл ка цудæй, уони.

Ганди фæссидтæй, денгизгæрæнтти ци адæм цардæй, уонæмæ, цæмæй цæнхи туххæн британайнаг хецауадæн уæззау хъалон мабал федонцæ, фал сæхуæдтæ цæнхи куст æма æ уæйæ кæнун сæхе къохтæмæ райсонцæ. Еци гъуддаг ихалдта британайнаг монополий бундортæ, æма цæнхикустгæнгутæй 60 000 адæймаги багæлстонцæ ахæстдонмæ. Фал индийаг адæм нæ фæттарстæнцæ, цудæнцæ Гандий фæдбæл сæ сæребарæмæ. 17 анзей фæсте, Инди англисаг дзæмбутæй ку исуæгъдæй, уæд æййивд æрцудæй цæнхи хъалон дæр.

Ганди ахæстдæнтти фæббадтæй æхсæз анзи æма æрæдæг. Фал æ кой дуйнебæл райгъустæй, нимайун æй райдæдтонцæ уаз адæймагбæл. Номдзуд ахургонд, Нобели премий лауреат Альберт Эйнштейн си загъта: «Зæнхæбæл уæхæн дессаг сугъдæг рæстуод адæймаг хаттæй, уобæл, æвæдзи, исуйнаг фæлтæртæ нæ бауужнддзæнæнцæ».

## ИНДИ ХУÆДБАРÆ КУТЕМÆЙ ИССÆЙ?

Хуæдбари бундорæн æ фиццаг дор адтæй, 1947-аг анзи Англиси лейбористон хецауадæ, æ сæргъи Клемент Эттли, уотемæй ци закъон сфедар кодта, е. Еци закъонмæ гæсгæ Индий импери дехгонд æрцудæй дууæ хуæдбарæ паддзахадебæл: Инди æма Пакистан. Индий цæргути дзæвгарæ фулдæр хай адтæнцæ индуисттæ, Пакистани цæргутæ ба - пусулмæнттæ. Пакистани паддзахадæ адтæй дууæ хецæн территорийæй - Нигулæн Пакистан æма Скæсæн Пакистан. Уони дех кодта Индий територи - е ахæста 1600 километремæй фулдæр зæнхитæ.

Индустæ æма пусулмæнтти æхсæн цудæй тогкалæн буцæутæ. 8 милиуан адæймаги Индийæй фæллигъдæнцæ Пакистанмæ, Пакистанæй дæр Индимæ минкъийдæр адæм нæ ралигъдæй.

Еу паддзахадæй иннемæ ка лигъдæй, уонæй фæммардæй 200 000 адæймаги. Ганди æ уодæй уод кодта, цæмæй дуйне æрсабур уа, Инди æма Пакистан кæрæдземæ топпи кæсæнæй ма кæсонцæ. Гъе, уой туххæн адтæй æнæуинон экстремисттæн, куд Пакистани, уотæ Индий дæр... Æма 'й рамардтонцæ...



**Радж Гат - Махатма Гандий** кремаций бунат



**Махатма Гандий** циртдзæвæн Индий

# ИЗРАИЛЬ: РАЙГУРДÆЙ, ЦÆМÆЙ ТОХА

**Дзиуиттæгтæ, Палестинæмæ ке раздахтæнцæ, уой фæдбæл устур бæрæгбон ку саразтонцæ, уæд араббæгтæ тугъд райдæдтонцæ. Дууетæ дæр Палестинæбæл тох нимадтонцæ сæ царди еунæг фæрæзнæбæл.**

Палестини тæккæ устурдæр горæт Тель-Авиви дзуиттæгтæ сах цибæлæй æнгъæлмæ кастæнцæ алæмæти хабар фегъосунмæ: се 'носон бæлдæ, дууæ мин анзи кæбæл тох кодтонцæ, еци гъуддаг æппунфæстаг исæнхæстæй!

Палестини ма фæстагмæ ка байзадæй, еци британаг æфсæдтæ дæр рандæнцæ, бæстæ исуæгъдæй фæсарæйнаг тухтæй. Дзиуиттæгтæ æмбурдтæ кодтонцæ радиоприемникти цормæ, æма æнгъæлмæ кастæнцæ, нæуæг раддзахади райгурди туххæн син кæд фегъосун кæндзæнæнцæ, уомæ.

Бони 4 сахатебæл дзиуиттаг лидер Давид Бен-Гурион, сионистон змæлди бундорæвæрæг Теодор Херцли портрети бунмæ лæугæй, бакастæй израилаг Хуæдбари Декларации. Уоми финст адтæй «... дзиуиттаг адæми æрдзон барæмæ гæсгæ, уæдта Еугонд Нацити Организаций резолюцимæ гæсгæ мах игъосун кæнæн Уаз зæнхæбæл дзиуиттаг паддзахадæ ке райгурдæй, нæ паддзахадæн ардигæй фæстæмæ æ ном уодзæй Паддзахадæ Израиль...»

Аци хабар æрцудæй 1948-аг анзи 14-аг майи - еци бон дзиуиттæгтæ, кæмидæриддæр цæронцæ, некæд феронх кæндзæнæнцæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

Англис Палестини хеуауеуæг кодта 1918-аг анзæй фæстæмæ - уæд Осмайнаг импери ниппурхæй, æма æ бон нæбал адтæй æндæр бæститæ æ дзæмбути буни дарун.

Дзиуиттæгти фулдæр хай арази адтæнцæ, Еугонд Нацити Организаций пълани хæццæ: гъома Палестинæ дехгонд æрцæуæд дзиуиттæгтæ æма араббæгти æхсæн. Фал араббæгтæ еци пълан банимадтонцæ фудракæндæбæл, неци хузи, дан, бауадздзинан хуæдбарæ дзиуиттаг паддзахадæ исаразун,

Хуцауæй нин лæвæрд ка 'й, еци зæнхæбæл.

15-аг майи Бен-Гуриони райгъал кодтонцæ æма ин фегъосун кодтонцæ дессаги цини хабар: Америки Еугонд Штаттæ раст гъуддагбæл банимадтонцæ паддзахадæ Израили равзурд. Рæхги Советон Цæдесæй дæр æрбацудæй телеграммæ, Израили паддзахадæ ке райгурдæй, уой хæццæ арази ке 'й, уой фæдбæл.

Еци сæумæ араббаг æфсад æмпурсун райдæдтонцæ, Израиль æхе ке рахудта, еци зæнхæмæ. «Не 'фсæдтæ æнæсæттон æнцæ, сæ тугъдон фæрæзтæ парахат æнцæ, æма нин цубур рæстæгмæ цалдæр дзиуиттаги ниццæгъдун цанæбæрæг зин уодзæнæй?» - уотæ дзурдта уæд Сирий президент.

Фал араббæгтæ фагæ аргъ не скодтонцæ, дзиуиттаг наци æхе паддзахадæ исаразуни фæдбæл ци егъау тугъдон тухтæ æмбурд кодта, уонæн. Сæ гъос не 'рдардтонцæ уæхæн устур агъаззаг гъуддагмæ дæр, æма æгас дуйней дзиуиттæгтæ Израилæн ке æнхус кодтонцæ. Зæгъун æмбæлуй уой дæр, æма дуйней гъæздугдзинæдтæй дзиуиттæгтæмæ хъæбæр устур хай ке хаудтæй. Зæгъæн, Америки банкиртæн сæ 80% адтæнцæ дзиуиттæгтæ.

Нæуæг паддзахадæ Израили фиццаг премьер-министр иссæй Давид Бен-Гурион - куста еци бунати 1948-аг анзæй 1963-аг анзмæ.

Дзиуиттæгæти цинæ берæ нæ рахаста. Æхсæз араббаг бæсти - Египет, Сири, Саудоваг Арави, Трансиордан, Ливан æма Ирак се 'фсæдтæ æривардтонцæ Израили арæнтæмæ хæстæг æма цæттæ адтæнцæ æмпурсунмæ. Сæ нисан адтæй Палестини цæрæг араббæгти багъæуай кæнун, - етæ дæр дзиуиттæгти хузæн сæ рагон фидибæстæбæл нимадтонцæ Палестини, æма тугъд райдæдта дзиуидтæгтæ æма араббæгти æхсæн.

Египетаг æфсæдтæ æмпурстонцæ хонсарæй, гъавтонцæ Тель-Авив æма Иерусалими байахæссунмæ, тугъдон хуæрзевтонг трансиордайнаг æфсад ба гъæуама байахæстайдæ цæугæдон Иордани билгæрæнтти районтæ. Цæгатæрдигæй æмпурстонцæ ливайнаг, сирийаг, иракаг æфсæдтæ, етæ гъæуама байахæстайуонцæ Галилеи, уой фæсте ба сæ них исаразтайуонцæ Тель-Авивмæ. Утемæй æгас Израильбæл дæр араббаг паддзахæдти æфсæдт æртеголæнцæ.

Израилаг æфсад, æ бон куд адтæй, уотæ гъæуай кодта, æ нæуæг паддзахади зæнхæ. Фиццаг тохæнгарзæй уотæ ефтонг н'адтæй, фал сæмæ денгизбæл наутæ ластонцæ аллихузон нуриккон тохæнгæрзтæ.

Египетаг æфсад, æдзæрæг зæнхæ Негевбæл бахезгæй, дзиуиттаг минкъий гъæу Нириммæ ку бахæстæгæй, уæд ибæл сæмбалдæй ставд ехау топпадзагъд - дзиуиттæгтæ æхстонцæ аллихузон хуæцæнгæрзтæй. Египетаг æфсадæн гæнæн нæбал адтæй æма еци гъæуæй æхе еуварс райста, æ них саразтпа Иерусалиммæ. Цæгати трансиордайнаг æфсад ратардта дзиуиттаг æфсæддонти Иерусалими араббаг хаййæй æма æртеголæй Нæуæг Иерусалимбæл.

Еугон Нацити Организаци рахаста унафæ, цæмæй Иерусалим, пусулмæнттæ дæр, иудейтæ дæр, киристæнттæ дæр æй ковæн уаз бунатбæл ке нимайунцæ, уомæ гæсгæ исуа æгасдуйнеон юрисдикций евгед. Фал еци унафæбæл не саразі æй Израиль, е гъæвта Иерусалими æхе бакæнунмæ куд дзиуиттæгти паддзахади столицæ.

Араббæгтæ бомбитæ гæлстонцæ, дзиуиттæгтæ кæми æрфедар æнцæ, уоми, фал уæддæр Нæуæг Иерусалим дзиуиттæгтæ нæ равардтонцæ. 1948-аг анзи 11-аг июни израилæгтæмæ аллихузон тохæнгæрзтæ æма æфсæддон гъуддæгти дæсни архайгути хæццæ æрбахæццæй фиццаг конвой. 24 боней дæргъци араббæгтæ теголæй лæудтæнцæ, дзиуиттæгтæ сæхе ке рахудтонцæ, еци зæнхитæбæл, уæдта сæхе райстонцæ.

Шведаг граф Бернадоти æнхусæй нихмæлæууæг æфсæдти æхсæн федаргонд æрцудæй, æмгъудæй мæйæ ка рахастайдæ, уæхæн сабурдзинади бадзурд.

Еци мæйи дæргъи дзиуиттæгтæ сæхе тугъдон æгъдауæй хъæбæр бацæттæ кодтонцæ, фæсарæнтæй тохæнгæрзтæ, æхца æма æндæр фæрæзтæ истонцæ, æма байахæстонцæ уаз горæт Иерусалим. Араббæгтæ сæдæгайминтæй лигъдæнцæ сæ райгурæн бæстæй.

Израили тухтæбæл бауæндгæй, тугъдон уæлахезтæй разæнгард уогæй, сионистон террористтæ (худтонцæ сæ Штерни къуар) рамардтонцæ граф Бернадоти, æма федудæн æ кой дæр некебал кодта. Дзиуиддæгтæ1948-аг анзи байахæстонцæ раздæри Нигулæн Палестини 3/4 хайи - Еугонд Нацити Организаций пъланмæ гæсгæ имæ ка хаудтæй, уомæй дзæвгарæ фулдæр зæнхитæ. Фал уобæл дæр не 'рлæудтæнцæ дзиуиттæгтæ - араббæгтæн цæрунмæ ци территори лæврд цудæй, уомæн дæр байахæстонцæ æ раст æмбес.

Ци зæнхи хæйттæ ма си байзадæй, уонæми ба бареуæг кодтонцæ Египет æма Трансиордан. Уоми райгурдæй 1950-аг анзи королевство Иордан.

# ДЗИУИТТÆГТÆ ПАЛЕСТИНÆЙ ТАРД КÆД ÆРЦУДÆНЦÆ?

3000 анзей размæ дзиуиттæгтæ цардæнцæ дууæ паддзахадемæй Цæгат Зæнхиастæу денгизи билгонтæбæл: еу - Израилаг паддзахадæ, е столицæ Самари, иннæ ба - Иудея, е столицæ - уаз горæт Иерусалим.

Нæ эри размæ сæмæ 721-аг анзи балæбурдтонцæ ассирийæгтæ, 597-аг анзи ба - вавилойнæгтæ. Æндагон тухгæнгути тæссæй дзиуиттæгтæ фæстаги уæнгæ фæллигъдæнцæ сæ зæнхæй, мæрдтæй си берæ байзадæй. Недзаманти 539-аг анзи персайнæгтæ байстонцæ Вавилон æма дзиуиттæгтæн барæ равардтонцæ сæ зæнхæмæ фæстæмæ раздæхунмæ.

Дзиуиттæгтæ сæ райгурæн зæнхæмæ фæстæмæ ку раздахтæнцæ, уæд нæуæгæй исаразтонцæ устур ковæндонæ Иерусалими. Фиццаг рæстæги цардæнцæ Перси дæлбарæ, уой фæсте ба 2 грекъаг династий дæлбарæ.

Нæ эри размæ 167-аг анзи дзиуиттæгтæ, сæ сæргъи Иуда Маккавей, уотемæй, исистадæнцæ æндагон тухгæнгути нихмæ æма сæ фæссурдтонцæ сæ зæнхæй. 70 анзи дæргъи Маккавейти династийæй рацæуæг дингæнгутæ-къниæзтæ хецауеуæг кодтонцæ хуæдбарæ дзиуиттаг паддзахади. Уой фæсте израилæгти басастонцæ римæгтæ.

Нæ эри размæ 66-аг æнзти цалдæр хатти исистадæнцæ дзиуиттæгтæ римæгти нихмæ, фал пурхгонд æма дæрæнгонд æрцæуионцæ. 70-аг анзи Римæгти легионтæ бампурстонцæ Иерусалиммæ æма ин æ ковæндонæ ниппурх кодтонцæ, сæ бæстæн ба син равардтонцæ нæуæг ном «Палестина» - аци ном баст æй, нæ эри размæ 1200-аг æнзти Палестини хонсар-нигулæни ка цардæй, еци адæмихатт филистимлянти хæццæ.

Римæгти дзиуиттæгти бæстæ ку байстонцæ, уæд æ цæргутæ милиуантæй фæххæлеуæнцæ æгас дуйнебæл, уотемæй равзурстæй «егъау диаспора». Ка ма си байзадæй, уонæбæл ба бареуæг кодтонцæ римæгтæ, византийæгтæ, араббæгтæ, дзиуарæхæсгутæ æма туркæгтæ.

1517-аг анзи Палестинæ иссæй Осмайнаг империй еу хай.

Дзиуиттæгтæ некæд иронх кодтонцæ, тард кæцæй æрцудæнцæ, еци бæстæ - Палестини, æма ма си сæ адæми ахилæй уоми цæргæ ка байзадæй, уони хæццæ æности дæргъи федар бастдзинадæ дардтонцæ тогихатт æма динæй.

XIX-аг æноси райгурдæй дзиуиттæгти æгасдуйнеон змæлд сæ райгурæн зæнхæмæ раздæхуни фæдбæл. Еци змæлд хуннуй «сионизм», равзурстæй Иерусалим кæми æрбунат кодта, еци хонх Сиони номæй.

Туркæгтæ Фиццаг дуйнеон тугъди саст ку æрцудæнцæ, уæд Палестини æхсæнадон æма политикон цардæвæрд арæзт цудæй британнаг юрисдикцимæ гæсгæ. Фал Хаим Вейцман (райгурдæй Уæрæсей) тох кодта, цæмæй Англис сионистон идея растбæл банимайа. Е æ къохи бафтудæй, æма сионистон идея федаргонд æрцудæй 1917-аг анзи, Бальфури Деклараци ка хундтæй, уоми. Еци Декларацийдзурд цудæй, цæмæй дзиуиттæгтæ æппундæр ма хъор кæнонцæ уоми цæрæг æндæр адæмихæттити, сæ граждайнаг æма дини бартæ гъигæдард макæд мацæмæй æрцæуонцæ дзиуиттæгти æрдигæй. Фал араббæгтæ федарæй зæгъунцæ, Декларацийеци уагæвæрд, дан, дзиуиттæгтæ нецæмæ æрдардтонцæ, фехалдтонцæ 'й, зæгъгæ.

Бальфури Деклараци федаргонд ку æрцудæй, уæд дзиуиттæгтæ дуйней алли кæрæнттæй сæдæгай минтæй лигъдæнцæ Палестинæмæ.

Палестини дзиуиттаг организаци «Иргун цвей Леуми» британнаг æфсæддонти нихмæ исамадта тогкалæн террор.

1947-аг анзи Еугонд Нацити Организаций унаффæмæ гæсгæ Палестинæ дехгонд æрцудæй хуæдбарæ дууæ паддзахадебæл: еу - дзиуиттæгти, иннæ ба - араббæгти. Араббæгтæ уобæл не саразиæнцæ, а, дан, мах зæнхæ æй, æма си æндæр паддзахадæн бунат нæйййес, зæгъгæ. Æма райдæдта граждайнаг тугъд. Æрмæст 1948-аг анзи 600 000 араббаги ледзæги фæцæнцæ сæ райгурæн бæстæй.

Кæд араббæгтæ фæйнердæмæ лигъдæнцæ сæ фиддæлти уæзæгæй, уæд дзиуиттæгтæ ба уордæмæ лигъдæнцæ дуйней алли кæрæнттæй. Еци рæстæгути æрмæст Советон Цæдесæй Палестинæмæ ка рандæй, еци дзиуиттæгти нимæдзæ хæццæ кодта 180 000 адæймагемæ. Куд загътан, уотæ, дуйней алли бæститæй дæр дзиуиттæгтæ лигъдæнцæ, сæ рагон фидибæстæбæл ке нимадтонцæ, еци зæнхæмæ.

## 1972-аг анзи мюнхенаг Олимпиади æверхъау тогниккалд.

5 сентябри сæуми 4 сахати æма 10 минутебæл Радикалон палестинаг организаций иуæнгтæ, тохæнгæрзтæй евтонг террористти къуар «Сау сентябрь» балæбурдтонцæ Олимпийаг гъæуи Израили делегаций резиденцимæ, æвеппайди фехстонцæ дууæ спортсмени, æрахæстонцæ æма уацари дардтонцæ израилаг олимпийаг команди 11 иуонги (4 тренери, еристи 5 архайæги æма дууæ тæрхонгæнæги), уæдта еу немуцаг полицаги.

Террористтæ фегъосун кодтонцæ сæ тæрхон: еци бони 9 сахатемæ гъæуама уæгъдæгонд æрцæуонцæ израилаг ахæстдæнттæй 232 адæймаги - Палестини сæребарæбæл тохгæнæг Организаций иуæнгтæ æма 2 немуцаг террористи, уæдта Нигулæн Европи ахæстдæнтти ка бадуй, еци 16 террористи.

Израили хецауадæ цæхгæр ниллух кодта: мах террористти фæндон некæд исæнхæст кæндзинан!

Райдæдта уацайрæгти исуæгъди операции. Террористтæн сæхе æма ке æрахæстонцæ, уони автобуси раластонцæ Олимпийаг гъæуæй, уæдта сæ вертолетæй бахъæртун кодтонцæ æфсæддон аэродром Фюрстенфельдбрукмæ, уоми сæ хизта, Каирмæ ка тахтæй, уæхæн хуæдтæхæг Boeing-737. Террористти командир Сади е мбæлттæй еуей хæццæ схизтæнцæ хуæдтæхæгмæ. Уацайрæгти исуæгъдæ кæнуни фæдбæл ци штаб куста, уой фæндæмæ гæсгæ, террористтæмæ хуæдтæхæги гъæуама æнгъæлмæ кастайуонцæ полицæгтæ граждайнаг уæледарæси. Фал хуæдтæхæг террористтæ ку срæмодзонцæ, уомæй тæрсгæй сæ фæндæ рáййивтонцæ. Хуæдтæхæги террористтæ ку неке фæууидтонцæ, уæд фæттарстæнцæ æма æхсун райдæдтонцæ. Тугъд цудæй сахат æма æрдæги бæрцæ.Уалинмæ нæуæг тухтæ æрбакалдтонцæ полицæгтæ. Æма уæд террористтæ рамардтонцæ уацайрæгти - сегасей дæр.

Уотемæй мард æрцудæнцæ 11 уацайраги (уонæй 2 – Олимпийаг гъæуи иуазæгуати), 5 террористти æма еу полицаг. Æртæ террористти ба æрахæстонцæ.

# «ÆХСÆЗ БОНЕЙ ТУГЪД»

Араббаг паддзахæдтæ растбæл нæ банимадтонцæ Израили барæ паддзахадæ исуни фæдбæл.

Египет донбакæлæн Акабай блокади ке дардта, æма денгизон наутæн израилаг порт Эйлатмæ бацæуæн ке нæ адтæй, уæдта Израили хонсармæ ке лæбурдта, уой фæдбæл Израиль бампурста Египетмæ. Израиль байста Газа æма Синайи, фал Еугонд Нацити Организаци фарста цæхгæр æривардта, цæмæй дзиуиттæгтæ сæхе райсонцæ, оккупаци ке скодтонцæ, еци территоритæй. Израиль дууæ нæбал загъта, æма е 'фсæдти ракодта Египети зæнхитæй.

1967-аг анзи бабæй райдæдта нæуæг тугъд. «Æхсæз боней тугъди» Израиль фæуухæлахезæй, байста æма æхе зæнхитæбæл бафтудта Синайи, Гази, Иордани Нигулæн билгæрон, Скæсæн Иерусалим æма сирийаг Голани бæрзæндтæ.

1973-аг анзи октябри, дзиуиттæгти тæккæ нимайуйнагдæр уаз бæрæгбони (Йом Киппур) Египет æма Сири балæбурдтонцæ Израилмæ.

1979-аг анзи федуди бадзурдмæ гæсгæ Израиль рандæй Синайæй, Египет ба цæуни барæ равардта дзиуиттаг наутæн Суэци къанаубæл.

Æбуалгъ нихмæлæуди анхосæй сæ райгурæн хæдзæрттæй ка фæллигъдæй, еци араббæгтæн - сæдæгай минтæ - Изрил фæстæмæ раздæхуни барæ нæ дæттуй. Уомæ гæсгæ фæззиндтæй Палестини сæребари организаци. Е тох кодта араббæгти бартæбæл, Израили нихмæ аразта террористон актæ. Изрил балæбурдта Ливанмæ, фæссурдта Палестини сæребари организаци, байста бæстæн е 'ртиккаг хай, æнæвгъауæй никкалдта араббæгти тог - мард æрцудæнцæ 460 палестинаги.

1985-аг анзи израилаг æфсæдтæ сæхе райстонцæ Ливанæй.

1987-аг анз Израил нихæй-нихмæ сæмбалдæй нæуæг «интифади» хæццæ - палестинаг араббæгтæ исистадæнцæ.

1993-аг анзи Вашингтони Уорс хæдзари цори зæлдæбæл Израил бафинста федуди бадзурд, Газа æма Иордани цæугæдони Нигулæн билгæрон ка цæруй, еци палестинаг араббæгтæн хуæдбарæ, хефæндæй цæруни барæ лæвæрд ке цæуй, уой туххæн.

Фал рæстæг цæуй, федудæн ба æ кой дæр нæййес.

## ЖУРНАЛИ ЕС:

ТЕТЦОЙТИ Таймураз. Æмдзæвгитæ....................................................3

САБАЙТИ Сулейман. Радзурдтæ..................................................10

ХЪОДЗАТЫ Æхсар. Æмдзæвгæтæ.............................................. .33

ИКЪАТИ Авдул. Радзурдтæ.................................................. 46

ХИДИРТИ Рамазан. Имисуйнæгтæ.................................... ......92

СКЪОДТАТИ ЭЛЬБРУС – 50 АНЗИ.................................. 112

МАЛИТИ Геуæрги. Патриоткæ. (Документалон радзурд).......127

ЛЕГКОЙТИ Геуæрги. Хуæри зæрдæ. (Æцæг хабар)................... 147

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Æндыснæг. *(Радзырд)*................................171

МАЛИТИ Хасан. Радзурдтæ................................................. 178

ХУЫГАТЫ Сергей. Радзырдтæ................................................ 194

ДАУРАТИ Александр, ЦОРИОНТИ-ТАУИТТИ Эммæ.
Малити Геуæрги лæгмарти тæрхони.......... 227

МАЛИТИ Леска. Æцæг хабæрттæ...............................................228

ЗОЛОЙТИ Казбек. Хъанамат æма Хъазауат................................. 222

ТАХЪАЗТЫ Харум. «Ирон фæндыр»-ы хицæн рауагъдты
лексикон æмæ грамматикон хицæндзинæдтæ.... .234

ТЪЕХТЫ Зæринæ. Нæ фыццаг поэтикон комеди «Æдули»........ 239

АДТÆЙ ДИГОРИ УÆХÆН ЛÆГ.......................................249

ДÆ УÆЗÆ СБАРÆ!..................................................278

АДÆМИ ИСТОРИЙ ТÆККÆ УСТУРДÆР100 ЦАУИ....................... 279